**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ
МИНИСТРЛИГИ**

# Миллий ғәрезсизлик идеясы:
тийкарғы түсиник ҳәм принциплер



**(лекция текстлери )**

А.Бердимуратова

**Нөкис** -2015

## Кирисиў

***«…жәмийеттиң идеологиясы, адамлар ортасындағы өз-ара мүнәсебетлердиң мәни-мазмунын белгилеп береди.***

***Ендиги ең актуаль ўазыйпамыз-бул процесслердиң илимий-теориялық тийкарларын, олардың жаңа-жаңа қырларын терең ашып бериў, оқыўшыларымыз, талабаларымызға, кең жәмийетшиликке әпиўайы, қысқа қылып түсиндирип бериў ҳәм оларды жаңа турмыс, заман талапларына жуўап беретуғын жәмийет қурылысының актив ҳәм талантлы қатнасыўшыларына айналдырыўдан ибарат.***

***Буның ушын биринши гезекте раўажланыўымыздың ҳәр бир жөнелиси-жәмийетимиздеги сиясый, социаллық-экономикалық, мәнеўий мүнәсебетлердиң раўажланыўы ҳаққында арнаўлы сабақлықлар, қолланбалар, көпшилик әдебиятлар жаратыў зәрүр.»***

**Ислам Каримов**

Ҳәр бир адам өзи жасап атырған жәмийет яки мәмлекеттиң тарийхый мақсетин сәўлелендиретуғын бас идеяларды билиўи, анық көз алдына келтире алыўы керек. Сонда бул мақсетлер сәўлелениўи болған идеялар оның санасы ҳәм қәлбинен орын алады. Исеним-инанымсыз инсан жолын, мақсет ҳәм мәплерин терең аңлап жетпейди. Инаным (эътиқод) беккем болса, инсан идея, жақсылық мақсет жолынан шегинбей адымлайды. Миллий идея адамлардың өз-ара бирге ислесиўи ушын тийкар болады. Күшли мәнеўий-руўҳый факторға айналып, раўажланыўға хызмет қылады. Ерте орта әсир уллы ойшылларының бири Абу Наср Фарабий мәнеўий азатлық, инсан такомили, әдалатлы жәмийет қурыўдың бирден-бир шәрти адамларды жақсылыққа шақырыў, идеялық таманнан жетилдириў деп билген ҳәм бул ҳаққында былай деп жазған. «Инсан бахыт-саадат не екенлигин түсинген болса да оған ерисиўди мақсет қылып алмаса, идея ҳәм қәлеўине айналдырмаған болса, оған байланыслы азғана болса да, ойын ҳәм заўық сезбесе, тилек ҳәм усынысларын, күш ҳәм қуўатын басқа нәрселерге сарыпласа, бул қылғанлары жаман ҳәм орынсыз…»[1]

Ҳақыйқатында миллий ғәрезсизлик идеясы Өзбекстанға әне сондай жақсылық мақсет жолында хызмет қылтауғын яки соған шақыратуғын, бағдарлайтуғын күшке ийе болған идеялар, мақсетлерди өзинде жәмлеген руўҳый күш-қуўат дереги. Миллий ғәрезсизлик идеясы миллий-мәнеўий ҳәм улыўмаинсаный негизге ийе болып, оннан азықланады. Ол әўеле миллий-мәнеўий қубылыс сыпатында ҳәр бир халық, миллеттиң мәнеўий-руўҳый, тарийхый, мәдений, социаллық-экономикалық, сиясый турмысындағы өзгешеликлери менен байланыслы болған мәнеўий қубылыс. Өзбекстанның миллий ғәрезсизлик идеясы өзбек халқының өзине тән өзгешеликлери, мақсет ҳәм мәплерин сәўлелендиреди. Миллий ғәрезсизлик идеясы ата-бабаларымыздың миллий-мәнеўий мийрасына таянған ҳалда мәмлекетимизде жасайтуғын түрли халықлар мәплериниң өз-ара бирлигин тәминлеўди өз алдына мақсет қылып қояды. Өзбекстан пухараларын мәмлекет алдында турған мақсетлер жолында бирлестиреди.

Миллий ғәрезсизлик идеясы, биринштиден, ғәрезсизликти қолға киргизиў жолында халықты, миллетти бағдарлаўға қәдир, ғәрезсизлик, еркинлик ҳәм демократия қарар табыўы ушын улыўма халықтың күш-ғайратын бирлестириўши, жақсылыққа тийкарланған идеялар бирлиги сыпатында пайда болады. Усы жолда халықтың, миллеттиң арзыў-тилеклери социаллық-мәнеўий турмыс салаларындағы өзине тән өзгешеликлерди сәўлелендиретуғын мақсетлер жәми сыпатында өз мазмунына ийе; екиншиден, миллий ғәрезсизлик идеясы ғәрезсизликти беккемлеў менен байланыслы. Буның ушын хызмет қылатуғын идея ҳәм мақсетлер жәми сыпатында пухаралардың исеними ҳәм инанымын асырып, жәмийетти түрли қәўип-қәтерлерден қорғаў, бирден-бир халық болып бирлесе алыў, социаллық организм сыпатында өзин-өзи сақлап қалыў, асырап абайлаў өзине тән ҳәм сәйкес демократиялық жәмийетти қурыўға жәрдем береди; ушиншиден, ғәрезсизликти және де раўажландырыўға бағдарланған концептуал идея сыпатында да пайда болады. Бул тектен-тек емес, әлбетте. Себеби, өз абырайы, қәдир-қымбатын, ар-намысын бийганалардың қорлаўынан қорғаўды қәлеген ҳәр қандай халық келешек әўлад алдындағы муқаддес ўазыйпасын, яғный өзинен кейин де абат Ўатан қалдырыўды парыз сыпатында орынлаўы шәрт.

---

[1] Қараңыз` Абу Наср Фаробий Фозил одамлар шаҳри-Т` Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриети, 1993 188-б

Бүгинги Өзбекстанда да миллий ғәрезсизлик идеясы әне сондай уллы, жақсы мақсетлер менен бирлестириўши идеялар екенин сезиў қыйын емес. Кимдур буны анық аңлап жетпей атыр. Бирақ арамызда оны сезбей атырған, өзин халқынан, миллетинен шетте көрип атырған нийети қалыс емес, ғәрезсизлик талаплары менен сәйкес болмаған айырым «адамлар», «топарларға» да дус келмектемиз.

Миллий ғәрезсизлик идеологиясы пикирди пикирден, идеяны идеядан, мәрипеттиң наданлықтан парқын көриўге, жақсы пикир, идея ҳәм әмеллер менен бирге жаўыз пикир, идеялар барлығынан да хабардар етеди. Оларда жаўыз ҳәм зулым идеяның ҳәр қандай көринисине қарай идеялық иммунитетти беккемлейди. Жақсылық дөретиўши идеялар менен жасаўға өз искерлигин еркин, параўан турмысқа бағдарлаўға шақырады.

Миллий ғәрезсизлик идеясы Өзбекстан халқының тарийхый мақсетлерин аңлаўға жәрдем беретуғын, еркин ҳәм параўан турмысқа ерисиў жолларын ҳәм шәрт-шараятларын көрсетип беретуғын, әне сондай жақсылық мақсетлер жолында халқымыздың күш-ғайратын бағдарлайтуғын күшли фактор. Соның ушын да оны үйрениў, билиў үлкен әҳмийетке ийе.

Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениў арқалы Өзбекстан халқының идеяларының мәденияты, тарийхы, миллий өзине хаслығын, мәнеўий-мәдений мийрасын, бүгинги күндеги мақсетин аңлаў мүмкин. Бул өз пухаралық ўазыйпасын терең аңлап жеткен, ўатанпарўарлық туйғысын қәлбинде мудамы сақлап жүрген, миллий ғәрезсизлигимизди раўажландырыўға шын кеўилден бел байлаған ҳәр бир пуқараның тарийхый ўазыйпасы.

Авторлар жәмәәтине ҳәм өзлериниң пикир усыныслары менен қатнасқан алым ҳәм қәнигелерге миннетдаршылығымызды билдирген ҳалда сабақлық туўралы жаңа тилек ҳәм усынысларды күтип қаламыз. Бул сабақлықтың және де сапалы болыўына жәрдем бериўи, гумансыз.

# 1 Бөлим
# Жәмийет раўажланыўының идеялық тийкарлары ҳәм ҳәзирги заман
## 1-Тема. “Миллий ғәрезсизлик идеясы” пәниниң предмети, мақсет ҳәм ўазыйпалары.

**Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўдиң объектив зәрүрлиги.** Инсаният тарийхый раўажланыўының цивилизацияласқан дәўири тәжирийбеси қандайда бир жәмийеттиң жақсы идеялар ҳәм идеологияларсыз раўажлана алмайтуғынлығын көрсетип турыпты. Ғәрезсизликке ерискен мәмлекетимиз басшысының басламасы менен өзбек халқы да өз алдына азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм раўажланған турмыс тәрзин қурыў сыяқлы уллы мақсетлерди қойды. Әне усы жақсы нийетлерди әмелге асырыў, мәмлекетимизде демократиялық принциплерге тийкарланған жәмийетти қурыў зәрүрияты бизге жат болған идея ҳүжимлерине қарсы тура алатуғын, ҳәр тәреплеме раўажланған инсанларды камалға келтириў, идеологиялық бослық болыўына жол қоймаў ҳәмде елимиздиң раўажланыўын тәмийинлеў - миллий ғәрезсизлик идеологиясын қәлиплестириўди талап етпекте.

Ғәрезсизлик себепли Өзбекстан халқы өзин миллий-руўхый жаңаланыўда миллий ғәрезсизлик идеясына сүйениўге айырықша итибар берди. Совет дүзими дәўиринде әмел қылып келинген, халқымыздың миллий-ғәрезсизлик руўхыятына тиккелей қарама-қарсы болған «коммунистлик идея»дан ўаз кешилди. Өзбекстан халқы өз миллий идеясы тийкарларына сүйенген ҳалда раўажланыў жолын таңлады. Оның өзине тән себеплери бар. Булар төмендегилерден ибарат:

Биринshиден, ғәрезсизлик себепли мәмлекетимиз халқы өзине тән ҳәм сәйкес болған раўажланыў жолын таңлаў ҳуқықына ийе болды. Бул болса халқымыздың тарийхый қәлиплескен миллий-мәдений мийрасларын қайта тиклеген ҳалда өз келешегин көриў ҳәм қурыў мүмкиншилигин берди.

Екиншиден, совет-тоталитар дүзим дәўиринде жәмийет қурылысының идеялогиялық тийкары болған коммунистлик идеология тәрепдарлары ҳәм жақлаўшылары мәмлекетимиз халқлары, атап айтқанда, өзбек халқы турмыс тәризи, дүньяқарасы, тарийхы, үрп-әдетлери, дәстүрлери ҳәм миллий өзгешеликлерин есапқа алмастан бизге жат болған қәдриятларды, мақсетлерди сиңдириўге урынып келген. Буның тәсирлеринен қутылыўға қаратылған руўхый зәрүрлик бар.

Үшиншиден, бизге мәлим ҳәр қандай мәмлекет ямаса жәмийет мақсетлерсиз жасай алмайды. Ол раўажланыў ушын руўхый тийкарларды белгилеп алады. Тарийхый мақсет халықтың миллий-руўхый идеяларында өз сәўлелениўин табады. Усы мәнисте өзиниң ғәрезсиз раўажланыў жолын таңлап алған Өзбекстанда миллий идеяны үйрениўге болған зәрүрият деп қаралыўы тийис.

Төртиншиден, жәмийет қурылысы тарийхында ҳар қыйлы идеялар үстемлиги болған. Идеологиялық мақсетлер себепли жәмийет турмысында ҳәр қыйлы ўақыялар жүз берген, буның нәтийжесинде ҳәр қыйлы ақыбетлерди келтирип шығарған. Демек, идея менен идеяның, мақсет пенен мақсеттиң, пикир менен пикирдиң өзгешелигин билиў ҳәм аңлаў ушын да миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениў зәрүр.

Бесиншиден, идеялар жәмийеттеги түрли инсанлар, социал топарлар, қатламлар, халықлар, миллетлер мақсети, арзыў-әрманлар, турмысты аңлаў, көнликпе ҳәм тәжирийбелери, минез-қулық көринислери, қәдриятлары, мәплери менен тығыз байланыста болады. Ол яки бул идея қайсы мәпти қандай принциплерге тийкарланған ҳалда сәўлелендириўине қарап бир-биринен парық қылады, оның қандай мақсет яки идея екенлигине баҳа бериледи.

Алтыншыдан, идеялар тәсир шеңбери менен де бир-биринен парықланады. Айрым идея тәрепдарлары абсолют ҳақыйқатты жақлап даўа етиўлери мүмкин. Олар өз мақсетлерин басқа халықлардың миллий өзгешеликлерин есапқа алмастан, қандай жол менен болмасын сиңдириўге ҳәрекет қылады. Демек, бул барада ҳәр биримизден қырағы болыў талап етиледи. Перзентлеримиз өз халқы, мәмлекетиниң тарийхын, миллий-мәдений мийрасын, қәдриятларының аяқ асты етилмеслигин, өзине тәнликти жойытпаўы ушын да миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўи, билиўи керек болады.

Жетиншиден, миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўдиң зәрүрлиги бүгүнги күнде идеологиялық гүрестиң даўам етип атырғанлығы менен де байланыслы. Инсанлар санасы ҳәм қәлбин ийелеў, оған тәсир көрсетип, өз мақсетлерин бир тәреплеме әмелге асырыўға урыныўлар тоқтамай атырғанлығынан да келип шығып атыр. Миллий ғәрезсизлик идеясы Өзбекстан халқының тарийхый мақсетлерин әмелге асырыў ушын руўхый күш-қуўат дереги есапланады, демократиялық, пуқаралық жәмийетти қурыў ушын милий-теориялық тийкар болып хызмет қылады. Ғәрезсизликти беккемлеў ушын халқымызды бирлестиретуғын, оның әсирлер даўамындағы мақсетлери болған «Келешеги уллы мәмлекет»ти қурыў, ҳәр бир шахстың турмыс мәплерин өзине қамтыйтуғын миллий идеологияны жаратыў социал-сиясий ҳәм руўхый раўажланыўдың зәрүрли шәртине айланып бармақта. Миллий ғәрезсизлик идеясын пән сыпатында үйрениўдиң себеплерин мәмлекетимиз Президенти Ислам Каримов төмендегише атап көрсеткен: «Алдымызға қойған прогрессив мақсетлеримизге ерисиў, ески идеологиялық тәсирлерден биратала қутылыў, идеологиялық бослық пайда болыўына жол қоймаў, жат идеялар ҳүжиминен қорғаныў, бундай ҳүжимлерге қарсы тура алатуғын ҳәр тәреплеме жетик

инсанларды камалға келтириў зәрүрияты халқымыз ҳәм жәмийетимиз мәплерине сай жаңа идеологияны шөлкемлестириўди талап етпекте»[2]

Әне усы турмыстағы зәрүрлик миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиник ҳәм принциплерин пән сыпатында үйрениўди талап етеди.

**Пәнниң предмети, объекти, мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Миллий ғәрезсизлик идеясы мазмун-мәниси, мақсет ҳәм ўазыйпалары Ислам Каримов шығармаларында тийкарланған тәлимат. Оның мазмуны төмендегилерден ибарат:

- тарийхый қәдриятларды оятыў, өтмиштен сабақ алыў ҳәм де өзликти аңлаў;
- халқымыздың түп мақсетлериниң сәўлелениўи ҳәм де жәмийет ағзаларын бирлестириўши идеологиялық ўазыйпаны өтеў;
- миллет, халық ҳәм жәмийетти бирлестириўши күш, уллы исеним-итибардың дереги болыў;
- Өзбекстанда жасап атырған халық, миллет, елат, қатлам ҳәм оның ўәкиллерине бирдей тийисли болыў;
- миллетимиз халқы санасы ҳәм қәлбинде «Өзбекстан бирден-бир Ўатаным» деген сезимди жоқары дәрежеде қәлиплестириўге хызмет қылыў;
- түрли миллет, қатлам, оның ўәкиллери, сиясий партия ҳәм социаллық топарлар идеологиясынан үстем туратуғын жоқары феномен - социаллық қубылыс мазмунына ийе болыў;
- бирден бир дүньяқарасты абсолютлестирмеў яки бирден-бир күш, партия яки топар қолында сиясий қуралға айланбаў;
- субъективизм, волюнтаризм сыяқлы иллетлерден жат болған ҳәм жәмийетимиздиң қалыс пикирине таянып ис көретуғын объектив идеология болыў;
- сөз бенен исти, теория менен турмысты бирлестире алыў;
- дәўир өзгерислерине қарап, өзи сәўлелендиретуғын идея, мәп, мақсетлерин әмелге асырыўдың жаңа-жаңа усылларын усына алыў, яғный жаңа жағдайларға тез масласа алатуғын дөретиўши болыў ҳәм басқалар.

Миллий ғәрезсизлик идеясы әне усы атап өтилген сыпатларға ийе болған тәғдирде ғана жәмийет турмысында жетекши руўхый-ағартыўшылық факторға айланыўы ҳәм күтилип атырған зәрүр ўазыйпаларды атқара алыўы мүмкин. Бирақ, миллий ғәрезсизлик идеясы өз-өзинен инсанның санасына, ой-пикирине сиңип, исенимине айланып қалмайды.

Буған хәр бир инсан өз өмири барысында ерисип барады. «Ҳәр қандай пәнниң - деп жазады, - мәмлекетимиздиң философ алымы, миллий ғәрезсизлик идеясын студентлер санасына сиңдириўдиң жанкүйери болған профессор Қ.Назаров - анық билимлер дүзиўи сыпатындағы өзине тән темалар түсиниклери, нызам ҳәм категориялары болады. Олардың барлығы пән үйренетуғын тараў, яғный предметтиң өзине тән қәсийетлери менен байланыслы. Биз үйрениўге кирисип атырған «Миллий ғәрезсизлик идеясы» пәниде буннан тысқары емес. Оның да өз предмети, нызам ҳәм категориялары, мақсет ҳәм ўазыйпалары бар. «Идея» ҳәм «идеология» түсиниклери, олардың халықлар ҳәм мәмлекетлер тәғдирине тәсири, ҳәзирги замандағы идеологиялық процесс, миллий ғәрезсизлик идеясының мазмуны-мәнисиниң түсиниклери, қәлиплесиў нызамшылықлары, сәўлелениў қәсийетлери, оны халқымыз қәлбине сиңиў жоллары ҳәм усыллары усы пәнниң мазмун-мәнисин белгилеп береди. Оның түсиник ҳәм категориялары бир пүтин система сыпатында сәўлеленеди. Миллий идеяның адамлардың исенимине айланыўы турмыс, өмиринен жай алыўы бир қатар факторларға байланыслы. Демек, бунда да конкрет нызамшылық әмел қылады. Миллий

---

[2] Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. о-жилд. Т.Ўзбекистон, 2003, 220-б.

ғәрезсизлик идеясының пән сыпатында белгилениўи оның өзине тән предмети, объекти, мақсет ҳәм ўазыйпалары бар екенлигин аңлатады.

Биринширден, басқа социал-гуманитар пәнлер қатары «Миллий ғәрезсизлик идеясы» пәниниң де конкрет билимлер дизими, яғный өзине тән темалары, түсиниклери, нызам ҳәм категориялары бар.

Екиншиден, оның ҳәмме басқа пәнлер қатары өз предмети, объекти, мақсет ҳәм де ўазыйпалары бар. Дәслеп ҳәр пән алдына қойылатуғын улыўма талаплар миллий ғәрезсизлик идеясына да тиккелей байланыслы. Ҳәзирги ўақытта миллий идеяның жәмийет, миллий мәденият негизлери тийкарында қәлиплесиўи, халықтың исенимине айланыўы менен байланыслы өзине тән қәсийетлери бар екенлигин де есапқа алыў тийис. Бунда ҳәр бир инсан ямаса шахстың индивидуал қәсийетлерин, оның өзине тән дүньяқарасын, соған сай ой-пикир ҳәм өмир тәрзи, миллий сана, өзлигин аңлағанлығы дәрежеси айырықша әҳмийетке ийе. Миллий дәстүрлерге, тарийхы, ана тили, мәдениятына болған қатнасықларда қәлиплескен ҳәм де беккемлескен, қәлбиндеги руўхыяты, исеними, садықлығы менен ўатансүйиўшилик ҳәм де миллетсүйиўшилик сезимлери өзиниң ҳәм де миллеттиң абройы, қәдир-қымбатын ҳүрмет етиўде көринеди, сондай-ақ, ҳәр бир инсанда улыўма инсаний қәдрият лар, басқа халықлар ҳәм миллетлердиң мәдений ерискенликлерине өз-ара мәпдарлық ҳәм де миллий раўажланыўында оны беккемлеў көз-қарасынан қараў, баҳалаў көнликпелери, ҳәрекетлери арқалы өз көринисин табады.

Усы пәнниң предметин миллий-мәдений мийрас ҳәм улыўма инсанийлық қәдриятлардың өз-ара қатнасы, миллий ғәрезсизлик бас идеясының халықтың исенимине айланыўы, «Идея» ҳәм «Идеология» тусиниклери, олардың халықлар, миллет ҳәм мәмлекетлер тәғдирине тәсирин үйрениў қурайды. Миллий ғәрезсизлик идеясы пәниниң предметин тек ғана «идея ҳәм идеология» түсиниклеринен ибарат деб қабыл етиў усы пәнди тар шеңберде түсиниўге алып келеди. Бул пәнниң предметин ҳәзирги замандағы идеологиялық процесслер, оның мазмун-мәнисиндеги өзине тән қәсийетлери, тәсир етиў нызамшылықлары, мәлим бир мәканда ҳәм дәўирде сәўлелениў қәсийетлери, оның көп миллетли мәмлекетимиз пуқараларының санасына ҳәм қәлбине сиңдириў жолларын ҳәм усылларын анықлаў қурайды.

Бул процесс, биринширден, миллий идеяның пән талаплары тийкарында, анық өлшем, тәртип ҳәм қағыйдаларға, билим ҳәм тәжирийбе дизимине тиккелей сәйкес келебермеслиги менен де ажыралып турады. Оның әне усындай қәсийетке ийе болыўы миллий ғәрезсизлик идеясы адамлардың сана ҳәм ой-пикири, көзқарасы, мақсет ҳәм ўазыйпалары, миллий-руўхый мийрасына қатнасының жәмийет турмысында сәўлелениў қәсийетлери менен байланыслы; Екиншиден, миллий ғәрезсизлик идеясының қәлиплесиўи адамлар (халық, миллет, әўладлар) әмелий искерлигинде ҳәмде өз-ара қарым-қатнасларында исенимге айланыўдың сәўлелениўи «бир сызықлы», жеке тәртип, нормаларға аңсатлық пенен түсе бермейди. Ҳәзирги ўақытта пуқаралар, түрли социаллық топарлар ямаса қатламлар, миллет ҳәм елатларды өз-ара пикирлес идеялар бирлестирип турмаса, олар ортасында өз-ара татыўлық та болмайды. Соның ушын да миллий ғәрезсизлик идеясының предмети, миллий ғәрезсизлик идеясының қәлиплесиўи, кең жәмәәтшиликтиң исенимине айланыўы, оның мәдений негизлериниң социал турмыс, мийнет искерлигинде сәўлелениў шәрт-шәраятлары, факторлары, нызамшылықларының илмий-теориялық тийкарларын үйрениўден ибарат.

Миллий ғәрезсизлик идеясы - ғәрезсизликти қолға киргизиў, оны беккемлеў ҳәм раўажландырыў, Өзбекстанның пүткил дүнья жәмәәтшилигинде өзине тән атақ-абыройға ийе болыўы ушын мүмкиншилик жарататуғын халықты, миллетти бирлестирип туратуғын мақсетлер, мәплер жыйнағы болып табылады. Илмий әдебиятларда «идея», «идеология» түсиниклери көп ислетилип атыр. Идея

ҳәм идеология көбирек Батыс еллеринде ҳәм рус тилиндеги әдебиятларда ушырасады. Идея сөзи грек тилиндеги «Idea» сөзинен алынған болып, ол идеология сөзиниң өзеги болып табылады ҳәм түсиник ямаса пикир мәнисин аңлатады.

Миллий ғәрезсизлик идеясы объекти сыпатында Өзбекстанның өзине тән тәбиийий, социал-экономикалық, сиясий, миллий-мәдений раўажланыў қәсийетлерин, қәдириятларын көрсетип өтиў мумкин. Сондай-ақ, халықтың мәденияты, миллий-мәдений мийрасын, адамлардың социаллық мүнәсебетлерине қарар таптырыў менен байланыслы мақсетлериниң жәмийет турмысында сәўлелениўи де әҳмийетли. Сондай-ақ, пәнниң объекти -Өзбекстан таңлаған раўажланыў жолы ҳәм социаллық раўажланыўдың миллий-руўхый негизлери, улыўма адамзатлық принциплерди пайда етеди.

Миллий ғәрезсизлик идеясы социаллық раўажланыў тараўындағы дүнья халықлары тәжрийбеси ҳәм жетискенликлерин есапқа алған ҳалда қәлиплескен болып, Өзбекстан миллий раўажланыўының жаңа бағдары моделиниң миллий-теориялық негизи болып есапланады. Себеби, Өзбекстан халқының өзине тән сондай миллий-мәдений мийрасы ҳәм қәдриятлары бар, олар мәмлекетте жасап атырған ҳәр бир пуқара, шаңарақ, халық ҳәм миллет турмысының барлық тараўларында кең орын алған. Олар арқалы усы халық, миллеттиң «өзлигин», «барлығын» басқа халықлар яки миллетлер уқсаслығы (улыўмалығы) ҳәм өзгешелигин (парқы) аңлап алыў мумкин. Усы қәсийетлер сақлап қалынса, Өзбекстан өзине тән раўажланыў жолынан раўажланыўы мумкин. Бунның ушын миллий идеяның жәмийет турмысы тараўлары менен өз-ара бирлесиўи жүдә әҳмийетке ийе. Сондай исеним, миллий мақтаныш, өзлигин көрсетиў ҳәм қәдирлеў туйғылары миллий ғәрезсизлик идеясын халықтың исенимине айланғанлығын көрсетиўши әҳмийетли категория болып табылады.

Демек, миллий ғәрезсизлик идеясының мақсети ҳәм ўазыйпалары улыўма инсаныйлық қәдириятлар үстинлигине анық сәйкес келиўи, демократиялық еркинлилер ҳәм инсан ҳуқуқларын сақлаўға қаратылған халықаралық өлшемлерге сәйкеслиги менен де адамзат тарийхындағы көпшилик миллий идеялардан ажыралып турады.

Дурыс, миллий қәдриятларға сүйенбестен де «раўажланыўға» ерисиў мүмкин. Яки «биз қәдриятларға көбирек байланып қалмақтамыз, қәдриятларымыз болса бизиң раўажланыўымызға айырым жағдайларда жалғаў бериўдиң орнына кесент бермекте», дейтуғынлар да табылады. «Бундай көз-қараслар қайсы тәрепи менен дурыс келмейди яки оны қабыл етиў қыйын», деген сораўлар барлық ўақытта бар болады.

Раўажланыўдың ҳәр қыйлы жоллары бар. Айтып өтилгениндей, «қандай да бир қәлипти» қабыл етип те халық яки миллет өз раўажланыўын оған сәйкеслендириўи мүмкин. Бирақ халық яки миллеттиң миллий раўажланыў жолы тарийхый дәстүрлери ҳәм мийрасларына дурыс келместен, басқа халықтың тарийхый раўажланыў тәжирийбесин артық көрсе, оның өзлиги қай жерде қалады?

Миллий раўажланыўында ҳәр бир халық тили, мәденият қәсийетлерин есапқа алмастан, қәдриятларға парықсыз қараса ҳәм қәлеген «турмыс тәрзи», үрип-әдет, қәдриятларды өзи ушын қабыл ете берсе, өз раўажланыў жолын жойытады. Буған тоталитар совет дәўири анық мысал бола алады. Соның ушын да ҳәр қандай раўажланыў қәлибин, өлшемин емес, өзине тән ҳәм сай раўажланыў жолын таңлаў миллий ғәрезсизлик идеясына сәйкес келеди. Усы мәнисте, миллий ғәрезсизлик идеясын халқымыздың жаңаша жәмийет қурыў барысындағы ҳәрекет дәстүри деп атаўға болады.

Миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы мақсети пуқараларды, кең жәмәәтшиликти тийкарғы идеялары, мақсет ҳәм бағдарлары менен Өзбекстанның

раўажланыў жолының мазмуны, миллий-мәдений негизлери, қәсийетлерин есапқа алған ҳалда, оларда исеним оятыў, оларды әдил, демократиялық-пуқаралық жәмийет қурылысы мақсетлерин әмелге асырыўға бирлестириўде руўхый қошаметлеўде сәўлеленеди. Миллий ғәрезсизлик идеясы пуқараларды идеологиялық жақтан тәрбиялайды. Идея менен идеяның, пикир менен пикирдиң, наданлықтан ағартыўшылықтың парқын аңлаўға, ағартыўшылыққа исенимди беккемлеўге хызмет қылады. Пуқараларда миллий ғәрезсизлик идеясына қарама-қарсы болған жат, зәлелли идеялардан сақланыўға, оған пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, наданлыққа қарсы ағартыўшылық пенен жуўап бериў, оған барлық ўақыт таяр бола алыў иммунитетин қәлиплестиреди. Миллий ғәрезсизлик идеясы мәмлекет алдында турған уллы, жаратыўшылық ислери, оннан гөзленген тийкарғы мақсет инсанлардың еркин ҳәм пәраўан турмысқа ерисиўи, азат ҳәм абат Ўатан қурыў жолында ҳәр бир адам ушын ҳәрекет бағдары болыўға қаратылған. Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳеш қашан адамлардың санасы ҳәм көзқарасын басқарыўды, оларды және қандайда бир «қәлипке», «жеке моделге» салыўға қаратылған емес. Ол пикирлер, идеялар ҳәр қыйлылығына тийкарланады. Еркин пикирди оятыў ҳәм пикир еркинлигин кепиллеп бериў, өзгелер пикирин тыңлаў, еситиў ҳәм айтыўға мүмкиншилик жаратады. Демек, миллий ғәрезсизлик идеясы «үстем идея»ға умтылыўдан улыўма жат болғанлығы менен де басқа идеялардан парық қылады. Миллий ғәрезсизлик идеясы ўақыя-ҳәдийселерди билиў, анализлеў, оларға баҳа бериўге мүмкиншилик жаратып, бир қанша илимий, тәрбиялық ҳәм әмелий ўазыйпаларды да атқарады. «Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер» атлы монографияда қысқа ҳәм анық тәризде баян етилген.

Олардан ең зәрүр деб табылғанларын атап өтпекшимиз:

- адамларымызда ғәрезсиз көз-қарас ҳәм еркин пикирлеўди қәлиплестириў;
- миллий татыўлық, инақлықты, раўажланыўымыз жолындағы ең үлкен идеялардан есапланыўы сағлам болмаған мәҳеллешилик, урыў-аймақшылық деп аталатуғын иллетлерден қорғаў;
- өмирге енди адым таслап атырған жас әўладтың көзқарасына жаңаша мазмун бағышлаў арқалы онда актив өмирлик позицияны, миллий идеяға исенимди қәлиплестириў;
- жәмийетимизде сағлам социаллық атмосфераны жаратыў, адамлар санасына Ўатан тәғдири ушын жуўапкершилик, жеке Ўатан сезимин беккемлеў;
- тоталитар дәўири тәсирлери, қуллық сезимлериниң санамызда, ой-пикиримизде сақланып қалып атырғанлығы себеплерин анализлеў, оларды сапластырыў жолларын табыў зәрүрияты менен байланыслы ўазыйпаларды шешиўден ибарат болып табылады. Демек, жаңаша пикир жүргизетуғын, қуллық сезиминен узақ болған, өзлигин аңлаған әўлад ҳәм ата-бабаларын, мәдений мийрасларды жақсы билген руўхый камалға жеткен әўладты тәрбиялаў ғәрезсизлик идеясының зәрүр ўазыйпасы болып есапланады.

**Миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиниклери.** Миллий ғәрезсизлик идеясы анық түсиниклерге тийкарланады. Олар ҳәр қыйлы болып, жәмийетте қәлиплескен ҳәм бар болған пикирлер көплиги менен адамлардың өз-ара социал қатнасықлары тийкарында әмелий ҳәрекетлери арқалы сәўлеленеди.

«Миллий идея ҳәм ғәрезсизлик идеологиясы ҳаққында сөз барар екен, - деп атап өтеди елимиз басшысы, - биз жүдә кең шеңберли, қурамалы, көп қырлы, адамзат тарийхында анық ҳәм пүтин белгилениўи, толық үлгиси елеге шекем жаратылмаған түсиниклерди өзимизге сәўлелендириўимиз керек, деп ойлайман. Бул түсиниклер Ўатан раўажланыўы, ел тынышлығы, халық пәраўанлығы сияқлы уллы идеялардың мазмуны-мәнисин терең аңлап жетиўге хызмет қылады».

Себеби миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиниклери салыстырмалы қәсийетке ийе болып табылады.

Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўде төмендеги түсиниклерди есапқа алыў тийис:

- ҳәр қыйлы жәмийетлер, халықлар турмысы, миллий-мәдений қәдриятлары, мақсетлери менен байланыслы болған ҳәр қыйлы мазмунға ийе улыўма түсиниклер: «идея», «идеология», «идеяның ҳәр қыйлы көринислери», «жаратыўшы идеялар» ҳәм «жаўыз, ҳүжим қылыўшы идеялар», «миллий идеялар» ҳәм «улыўма инсанийлық идеялар»;

- жәмийеттиң сиясий турмысы, ҳәр қыйлы жәмийетлик бирлеспелер искерлиги менен байланыслы мақсет ҳәм умтылыўларды сәўлелендиретуғын ҳәр қыйлы сиясий идеологиялар көринислери;

- Өзбекстан халқының турмысы менен байланыслы болған, оны өзинде сәўлелендиретуғын ҳәм оған хызмет қылатуғын «миллий ғәрезсизлик идеясы», «миллий ғәрезсизлик идеясының руўхый тийкарлары», «миллий раўажланыў идеясы», «миллий ғәрезсизлик идеологиясы», «миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы идеялары», «миллий ғәрезсизлик идеясының бас идеясы», «миллий ғәрезсизлик идеясының улыўма инсанийлық принциплери» ҳәм басқа түсиниклер.

Миллий ғәрезсизлик идеясы менен байланыслы түсинклердиң өзине тән қәсийети соннан ибарат болып, ол тийкарынан Өзбекстан халқының социал, турмыс тараўларының раўажланыўы менен, оның миллий-мәдений мийрасы, үрп-әдетлери, қәдриятлары, тили, мәденияты, тарийхы, философиясы, диний руўхыяты менен тығыз байланыслы. Миллий ғәрезсизлик идеясы миллийликти, миллий раўажланыў қәсийетлерин сәўлелендиреди ҳәм оған ҳүрмет пенен қарайды. Миллий ғәрезсизлик идеясы «класслық», «партиялық» принциплерине тийкарланбайды. Басқа мәмлекет халықларының турмысына өз идеяларын сиңдириўди даўа қылмайды. Бул менен ол «коммунистлик идеядан» түптен парық қылады. Миллий ғәрезсизлик идеясы Өзбекстан Республикасы атын алған өзбек халқы, миллетиниң миллий-мәдений мийрасына сүйенген ҳалда басқа халықлар мәденияты, мақсет ҳәм умтылыўлары менен өз-ара байланыслы тәризде мәмлекет раўажланыўының руўхый, философиялық факторы сыпатында хызмет қылады.

Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўди талап ететуғын улыўма ҳәм өзине тән нызамшылықлар бар. Улыўма нызамшылықлар түрли халықлар, мәмлекетлер, жәмийетлер турмысында әмел қылатуғын улыўма тийкарға ийе болған ишки зәрүрий қатнасықлар болып, ол жәмийет ҳәм идеологиялар (идеялар)дың бир-бирлери менен тығыз байланыслылығы нызамлы болып есапланады. Жәмийет идеологиясыз, мақсетсиз жасай алмайды. Демек, биринщиден, идеология ҳәр қандай жәмийет турмысында зәрүр. Идеология болмаса, адам, жәмийет, мәмлекет өз жолын жойытыўы анық. Екинщиден, қай жерде идеологиялық бослық жүзеге келсе, сол жерде жат идея тийкарында болған идеологиялар тәсири ушын шәраят жүзеге келеди. Буның дәлили ушын ямаса тарийхтан яки өз заманымыздан көплеп мысаллар келтириў қыйын емес. Ол жәмийет алдындағы мақсетлер, оны әмелге асырыў усыллары болып есапланады.

Миллий ғәрезсизлик идеясының түсиниклери менен бир қатарда оның сәўлелениў нызамшылықлары да бар. Булар:

- түрли халықлар, түрли жәмийетлер бар. Олардың мақсетлери де, раўажланыў жоллары да ҳәр қыйлы. Яғный раўажланыўдың, социал раўажланыўдың ҳәр қыйлылығы нызамы арқалы көринеди;

- дүньяның идеологиялық көриниси түрли мақсетлер, түрли мәплер, көзқараслар менен байланыслы болған ҳалда сәўлеленген ҳәм сәўлеленбекте. Бул жаратыўшы идеялар менен бирге жаўыз идеялардың да жасаў қәбилети, «дүньяда идеология тараўында гүрестиң» даўам етип атырғанлығының тийкарында жатқан өзине тән қәсийети болып табылады.

Бирақ ҳәр бир халықтың өзине тән руўхыяты, мийрасы, қәдриятлары менен байланыслы идеясы да бар болады. Оны бийкарлап болмайды. Оны аңламаў ол менен байланыслы болған турмыс тәризин, мәдениятындағы өзгешеликлерди, тарийхын, тилин, миллий-мәдений раўажланыўнызамшылықларын тән алмаўға алып келеди. Бул ақыр-ақыбетте усы халықтың ямаса мәмлекеттиң «өзлигин» тән алмаслығына себеп болатуғын жол болып есапланады.

- Глобалласыў процессиниң миллий идеяға тәсир етиўи де өзине тән улыўма нызамшылық. Бул процесс түрли мәмлекетлер, халықлар турмысында олардың бир-бирине байланыслы екенлигин, өз-ара тәсирин асырады. Руўхый, идеялық турмыста сәўлеленбестен қалмайды.

Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳаққында сөз жүриткенде, оның өзбек халқы турмысы, турмыс тәризи, тарийхы, мәденияты, миллий-мәдений мийрасы ҳәм қәдриятлары менен байланыслы болған ҳәм миллий идеясында көринисин табатуғын өзине тән нызамшылықлары да бар. Бул нызамшылық миллий ғәрезсизлик идеясының мазмуны, мақсети ҳәм қәсийети көзқарасынан қарағанда айырықша, үлкен әҳмийетке ийе. Себеби бул нызамшылықты есапқа алыў өзбек халқының, миллеттиң келешеги менен өзлигин сақлап қалыў ҳәм өз негизинде раўажланыўын, дүньяда өзине тийисли орынға ийе болыўын тән алыў менен байланыслы. Тарийхый көз-қарастан алып қарайтуғын болсақ, бул тараўда «түрли идеялар», «идеологиялар» әне усы зәрүр нызамшылықларға карама-қарсы болған жағдайлардың да ушырасатуғынлығын көрсетеди. Өзбек халқын тилинен, мәдениятынан, тарийхынан ажыратып қойыўға болған ҳәрекетлер буған мысал бола алады. Себеби жат болған идеялар халықтың түрмыс тәрзи, миллий-мәдений қәдриятларынан ажыратып қойыў арқалы оны күшсизлендириўге ҳәм өзине бойсындырыўға ҳәрекет қылған. Жат идеялар айрым халықлардың миллет сыпатында раўажланыўына өзиниң кери тәсирин тийгизген. Соның ушын да миллий ғәрезсизлик идеясына сүйениў ҳәм оған әмел қылыў Өзбекстан халқының өзлигин сақлап қалыў ҳәм өзине тән ҳәм сай раўажланыў зәрүрияты сыпатында сәўлеленеди. Демек, миллий ғәрезсизлик идеясының нызамлықлары ҳәр бир халық ушын миллий өзине тәнлигин, заман жетискенликлери менен байланыстырыўдың тек кепили ғана емес, ал раўажланыў стратегиясы да болып табылады.

**Миллий ғәрезсизлик идеясының негизлери ҳәм тийкарғы принциплери.** Миллий ғәрезсизлик идеясының әмел қылыў принциплериниң өзине тән тәризде сәўлелениўи жәмийеттиң ҳәмме тараўларында иске асырылып атырған реформалардың идеялық тәреплерин белгилеў менен байланыслы. Сол көз қарастан миллий ғәрезсизлик идеясының принциплери бир-бири менен тығыз диалектикалық байланыста деп айтыўға болады. Олар өз нәўбетинде миллий ҳәм улыўма инсанийлық қәдриятлар бирлиги талапларына сай келиўи менен тығыз байланыслы.

а) миллий ғәрезсизлик идеясы адамгершилик, инсан қәдир-қымбаты, атақ-абыройы, ҳақ-ҳуқықлары ҳәм де мәплериниң үстемлиги принципине сүйенеди. Онда инсан өмири уллы қәдрият болып табылады. Бул принцип өткинши характерге ийе болмай, ал Өзбекстанның демократиялық раўажланыў перспективасын өзине қамтыйды. Бунда миллий идеяның адамгершилик ҳәм демократиялық принциплери инсан ҳәм де жәмийет мәплери бирлигин белгилеп бериўши таяныш точка ҳәм де байланыстырыўшы фактор ўазыйпасын атқарады. Демек, миллий ғәрезсизлик идеясы еки зәрүрли, бир-бири менен байланыслы негизге сүйенеди. Бул бир тәрептен, Өзбекстан халқының тарийхы, түрмыс тәрзи, үрип-әдет, дәстүрлери, мәденияты менен байланыслы миллий-мәдений мийрасы болып, бул оның тийкары, бас негизи, таянышы есапланады. Екиншиси, дүнья халықлары әмел қылып, тек ғана жақсылыққа, жаратыўшылық ислерине, өз-ара

татыўлыққа хызмет қылып киятырған улыўма инсанийлық принциплер болып табылады. Усы мәнисте миллий ғәрезсизлик идеясы улыўма инсаний қәдриятларды тән алады.

б) миллий қәдриятларға садықлық - миллий идеяның таяныш негизлеринен бири. Бул принцип Өзбекстан аймағында жасап атырған ҳәр бир пуқараның өз миллий қәдриятларын асырап абайлаў, келешек әўладларға жеткерип бериўи ушын толық мүмкиншилик жаратып берилиўин тәмийинлейди. Өтмиштен қалған уллы мәдений байлықларымыз, классик қәдриятларымызды ҳүрмет етиў, оларды дөретиўшилик жақтан үйрениў - бул принциптиң тийкарғы белгиси. Бирақ бул нәрсени улыўма нызамшылық сыпатында есапқа алыў тийис, себеби улыўма инсанийлық қәдриятлар, ең дәслеп, миллий-руўхый тийкарларда қәлиплеседи. Халық, миллеттиң руўхыяты оның миллий-мәдений мийрасы арқалы оның турмысында, мақсетлеринде, жәмийет қурылысында өзиниң анық көринисин табады. Социал раўажланыў нәтийжесинде ол ямаса бул халықларға тән болған миллий-руўхый қәдриятлардың улыўма инсанийлық мазмуны дүнья халықларының раўажланыўы ушын улыўма инсанийлық қәдрият сыпатында хызмет етеди. Олар бир-бирин байытады, сол менен бир ўақытта өз-ара бирликке, байланысқа ийе екенлиги менен де ажыралып турады.

**Миллий ғәрезсизлик идеясының ҳәр қыйлы пикир, идеяларға қатнасы, жәмийетли-руўхый өмирде сәўлелениўи.** Миллий ғәрезсизлик идеясының түрли пикир, идеяларға мүнәсебети, оның социал-руўхый турмыста сәўлелениў усылларын аңлаў ушын ең дәслеп, түрли формадағы идея ҳәм идеология түсиниклериниң мазмун-мәнисин үйрениў тийис. Бизге мәлим болғанындай, ҳәр қандай түсиник, пикир ҳәм көзқарас миллий идея бола бермейди. Себеби жеке пикир - өзине тән көз қарас, жәмийетшилик пикир болса ўақыт-ҳәдийселерге байланыслы өзгериў ҳәм ҳәрекетти талап ететуғын актив мүнәсебетти билдиреди. Идея әне усы қатнасларды ҳәрекетке, процесске, зәрүрият туўылғанда болса, пүткил бир дәўир тарийхына айландырады. Жәмийет турмысында ҳәр қыйлы пикир ҳәм идеялардың орны да әҳмийетке ийе. Бирақ анық бир пикир абсолютликке умтылса ямаса жеке ҳүкимранлық қылса, ол жәмийет раўажланыўына кери тәсир көрсетеди. Айтпақшы болғанымыздай, еки адам бир көринисте пикир жүргизбегенлиги сияқлы, мәмлекетлер де бир-бирине уқсаўы, яғный бир қыйлы тарийхқа, мәдениятқа ийе болыўы, қәдриятларды асырап-абайлаўы, улыўма мақсетти гөзлеп социал раўажланыў жолын қәлип сыпатында алыўы ҳәм тек оған сүйениўи мүмкин емес.

Миллий ғәрезсизлик идеясының өзине тән қәсийети сонда, ол пикирлер ҳәм идеялар ҳәр қыйлылығын тән алады. Жәмийеттиң жеке идеологиясы сыпатында тек ғана бир пикир, идеяны сәўлелендирмейди. Еркинлик, атап айтқанда, пикир еркинлиги ҳәм ҳәр қыйлылығы принциплерине әмел қылыў миллий ғәрезсизлик идеясы ушын оғада зәрүр. Пикир еркинлиги ҳәм идеялар ҳәр қыйлылығына тийкарланыў раўажланыўды тәмийинлеп турыўшы инсан раўажланыўын асырыўшы мүмкиншилик болып табылады.

Дүнья тәжирийбеси соны көрсетеди, өз мәмлекетшилигин қолға киргизиў, миллий ҳәм социал еркинликке ерисиў ҳеш жерде жеңил ҳәм де аңсатлық пенен болмаған. Ғәрезсизликке ерискен ҳәр бир мәмлекет өз раўажланыў жолын излейди. Жаңа жәмийет қурыўда өз қәлибин, өлшемин ислеп шығыўға умтылады. Социал-экономикалық ҳәм сиясий жағдай адамлар ортасында пайда болған қатнасықлар, олардың көз қарасы, атап айтқанда, диний исеними, руўхыяты ҳәм әдеп-икрамлылық нормалары да соны талап етеди. Мәселен, дүньяда социал раўажланыў жолының түрли вариантлары бар. Туркия, Қубла Корея, Швеция моделлери ҳәм басқалар буған мысал бола алады. Бир қанша мусылман мәмлекетлери ҳәм жаңа индустриал мәмлекетлердиң тәжирийбеси де соны көрсетеди. Екинши дүнья жүзлик урыстан соң Европа

мәмлекетлери ҳәм Япония халық хожалығын қайта тиклеў режеси де бунық әмелий үлгиси болды. Өзбекстан басқа мәмлекетлер раўажланыўы процессинде топланған ҳәм республика шәраятына еңгизсе болатуғын барлық қолайлы тәжирийбелерден өз орнында пайдаланады. Бирде-бир модельди, ол жақсы нәтийжелерди берген тәғдирде де туўрыдан-туўры көширип алыў дурыс емес. Керисинше, анық усыллар қайсы мәмлекет ушын арналған болса, усы мәмлекеттиң өзине тән шәраятта ғана жақсы нәтийжелерди береди.

Дүнья халықлары ҳәм өзимиздиң әмелиятымыздан алынған барлық унамлы тәжрийбелерди бийкар етпеген ҳалда өз социал-экономикалық ҳәм сиясий-ҳуқықый раўажланыў жолымызды таңлап алыў республикамыздың қатаң позициясы болып табылады. Бул өтмиш жылларының қәтелерин, мәмлекет дүзилисиниң форма ҳәм усылларына болған көз қарасларды аңлаў нәтийжеси болып есапланады. Бул қәлиплескен социал ҳәдийселерге берилген реал баҳа. Бул - Өзбекстан халқының социал раўажланыўына, мүнәсип өмир шәраятына умтылыў болып табылады.

Соны да айырықша атап өтиў керек, жасалма революциялық секириўлерсиз, жаман ақыбетлерсиз ҳәм күшли социал ләрзелерсиз, эволюциялық жол менен нормал, мәдениятлы раўажланыўға умтылыў - таңлап алынған жолдың тийкарғы мазмуны болып есапланады. Адамлардың санасы ҳәм өмирине узақ жыллар даўамында, көбинесе зорлық жолы менен сиңдирилген нәрселерди аз ўақыттың ишинде өзгертиў мүмкин емес. Буның ушын социал топарлар ортасындағы қатнасықлардың кескинлесиўине ҳәм оларды бир-бирине қарама-қарсы қойыўға шек қойыў менен бирге жәмийетти жаңалаў ҳәм өзгертиў зәрүрлигине адамлардың өзин исендириў, ҳәрекетке келтириўши күшлерди ҳәм мийнеттиң хошаметлеўши факторларын өзгертиў мүмкин. Әмелдеги социал-экономикалық машқалалардың кескинлиги, олардың өзине тән қәсийети бул машқалаларды шешиўге айырықша қатнаста болыўды талап етеди. Турмыс шәраяты ҳәм тәризиниң миллий өзгешеликлери, Шығыс мәдениятына тийислилик те соны талап етеди.

Өзбекстанның ҳақыйқый ғәрезсизлигине ерисиўден ибарат өз жолы республиканы раўажландырыўдың миллий раўажланыў идеясына негизленген төмендеги тийкарғы өзине тән өзгешеликлерин ҳәм шәрт-шәраятларын ҳәр тәреплеме есапқа алыўға тийкарланады.

Ең дәслеп ол халықтың миллий-тарийхый турмыс ҳәм ой-пикир тәризинен, халық дәстүрлери ҳәм үрип-әдетлеринен келип шығады. Терең негизи өтмиштеги жәмәәт турмыс тәризи Өзбекстан халқына тарийхый жақтан сәйкес. Үлкенлерди ҳүрметлеў, семья ҳәм перзентлерге ғамхорлық етиў, ашық кеўиллилик, миллети қандай болыўына қарамастан адамларға жақсы мүнәсебетте болыў, өзгелердиң қайғысына шерик болыў ҳәм өз-ара жәрдем бериў сезимлери адамлар ортасындағы қатнасықлардың нормасы болып табылады. Өзбеклер елине, өз Ўатанына мийрим-шәпәәт, мийнетсүйгиш, билимге, устазларға, данышпанларға болған айырықша ҳүрмет - Өзбекстан халқына тән болған қәсийет. Адамлардың турмыс тәризинде, руўхыятында, руўхый қәдриятларды қәлиплестриўде, ислам динине сыйыныўшы халықлар менен жақынласыў нийетинде де усы фактор сәўлеленеди.

Усы аймақтың әййемги тарийхы ҳәм мәденияты, бунда жасап өткен Шығыс ойшыллары ҳәм философларының дүнья мәдениятына қосқан уллы үлеслери де бул жерде жасап атырған адамлар турмысының барлық тәреплерине өзиниң сезилерли тәсирин көрсеткен. Өтмиштеги бабаларымыздың теңи-тайы жоқ мийрасы қаншадан-қанша әўладлардың руўхый санасын ҳәм турмыс тәрзин қәлиплестирген еди. Ол ҳәзирде тәсир көрсетип киятыр.

Республикада өзине тән демографик жағдай - оғада зәрүр қәсийетлерден бири. Республикамызда халық ҳәм мийнет ресурслары жедел өсип бармақта.

Халқымыздың ярымынан асламы аўыллық жерлерде жасайды ҳәм тийкарынан дийқаншылық пенен шуғылланады. Халқымыздың 60 проценттен асламын балалар, өспиримлер, 25 жасқа шекемги болған жигит-қызлар қурайды.

Өз ата-бабалары қәдимнен жасап киятырған мәканға байланғанлық, көшип жүриўге нийеттиң жоқлығы республика халқына тән қәсийет болып есапланады.

Республиканың және бир қәсийети - халық миллий қурамының өзине тәнлиги. Этник қурамда жергиликли халық үлкен салмаққа ийе. Соның менен бир ўақытта, республика аймағында өз мәденияты ҳәм дәстүрлерине ийе болған жүзден аслам миллет ўәкиллери жасап атыр. Өзбекстанның миллий-мәдений жақтан ҳәр қыйлылығы миллий өзликти аңлаў ҳәм руўхый қайта тиклениўдиң күшеўип барыўы менен тығыз бирликте жәмийетти жаңалаў, оны ашық жәмийетке айландырыў жолында қүдиретли күш болып табылады ҳәм бул республиканың жәҳан жәмәәтшилигине қосылыўы ушын қолайлы шәраятларды жүзеге келтиреди.

Соңғы он жыллықлар даўамында мәлим қәдриятларға ийе болған адамлардың қандай да бир анық санасы қәлиплескенлигин итибарға алмаў мүмкин емес. Бир тәрептен бул социал теңликке, кепилленген мийнет етиў ҳуқықына, улыўма бийпул билим бериў ҳәм медицина хызметине қатаң тәрепдарлыққа умтылыўында көзге тасланбақта. Екинши тәрептен болса, жеке ҳүкимранлықтан ибарат административ-буйрықпазлық системасы келтирип шығарған адамның мүликке ийелик қылыў ҳәм хожайынлық сезиминен махрум етип қалдырғанлығы, тайынға тайынлық руўхыятын жүзеге келтиргенлигинде көринеди. Жаңаланыў ҳәм социал раўажланыўдың өзимиз таңлаған жолы - қурамалы процесс болып, республика социал турмысының экономикалық, сиясий, социал, руўхый-мәдений ҳәм де барлық тараўларын қамтыйды.

Халық мәмлекет ҳәкимиятының дереги. Оның тилек-нийетлери мәмлекет сиясатын белгилеп береди. Бул сиясат адам ҳәм жәмийеттиң пәраўанлығын, Өзбекстан пукараларының жақсы турмыс кешириўин тәмийинлеўге қаратылған.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Олий Мәжилис нызамшылық палатасы ҳәм сенатының қоспа мәжилисиндеги (2005 жыл 28 январь) докладында: «Мәмлекетимизди раўажландырыў стратегиясы ҳаққында айтып өткенде, соны айырықша атап өтиўди қәлер едим, «басқарылатуғын экономика», «басқарылатуғын демократия» деп аталған моделлер бизге улыўма дурыс келмейди. Усы мәнисте ғәрезсизликти беккемлеў, жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў биз ушын ҳәмме ўақыт биринши дәрежели уллы мақсет ҳәм ўазыйпа болып қала береди. Тек ғана усы тийкарда, усы негизде мәмлекеттеги кәмбағаллық ҳәм қалақлық машқалаларын шешиў мүмкин ҳәм зәрүр. Бийкарлап болмайтуғын усы ҳақыйқат усы муқәддес елимизде жасайтуғын ҳәр бир адамның қанына, қәлбине сиңип кетиўин қәлер едим» деп атап өтеди. Ҳақыйқатында да, жаңаланған жәмийеттиң сиясий ҳәм мәмлекетлик дүзилиси адамға оның сиясий, экономикалық ҳәм социал турмыс тәрзин еркин таңлап алыўын кепиллеп бергенлиги менен характерленеди.

Бул сиясий тараўда төмендегилерди аңлатады:

- халықтың турмыс тәжирийбесине, республика халқының миллий ҳәм мәдений дәстүрлерине, барлық социал топарлары ҳәм қатламларының мәплерине сай келетуғын ҳақыйқый демократиялық принциплерди қарар таптырыў. Халық ҳәм тиккелей, ҳәм өз ўәкиллери арқалы мәмлекетлик ҳәкимиятын әмелге асырыўда қатнасыў мүмкиншилигине ийе болыўы керек екенлиги;

- нызам шығарыўшы, атқарыў ҳәм суд ҳәкимияты ўәкилликлерин ажыратыў тийкарында миллий мәмлекетшиликти қурыў. Жәмийеттиң сиясий системасын, мәмлекет органларының дүзилмесин түптен жақсылаў, республика ҳәкимияты менен жергиликли ҳәкимияттың ўәкилликлери ҳәм ўазыйпаларын

анық белгилеп қойыў, әдил ҳәм адамгершиликли нызамшылықты жүзеге келтириў зәрүр болады.

Күшли атқарыў ҳәкимияты болмаса, ең демократиялық жол менен қабыл етилген қарарлар да орынланбай қалыўы мүмкин. Бул болса нызамлы қарарлардың әмелге асырылыўын, пуқараларыдың ҳуқық ҳәм еркинликлери қорғалыўын, сиясий ҳәм экономикалық реформалар турмысқа енгизилиўин тәмийинлейтуғын президентлик ҳәкимиятын беккемлеў ҳәм раўажландырыўды талап етеди;

- барлық пуқаралардың нызам алдында ҳуқықый теңлигин ҳәм нызамның үстемлигин, жәмийет мәплери қорғалыўы ҳәм халықтың қәўипсизлигин кепиллейтуғын ҳуқықый мәмлекетти қурыў. Нызамлылық ҳәм ҳуқық-тәртип жеңиске ериспесе, шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлери, қатаң тәртип, ишки бирлик ҳәм жуўапкершилик үстем болмаса, нызамлар ҳәм дәстүрлер ҳүрмет етилмесе, ҳуқықый мәмлекетти қурып болмайды;

- Өзбекстанда туўылған, оның аймағында жасап атырған ҳәм мийнет етип атырған ҳәр бир адам, миллетинин кимлигине, исенимине қарамай, республикамыздың тең ҳуқықлы пуқарасы болыўға ылайық, деген адамгершилик ҳәм ўатанасүйиўшилик қағыйдасын әмелге асырыў. Әўладлары, ата-бабалары яки өзлери өтмиштеги қайғылы ўақыялар себепли шет елге кетип қалыўға мәжбүр болған өзбеклер де ҳеш қандай шеклеўлерсиз республиканың пуқарасы болыўлары тийис. Өзбекстан аймағы өзбеклердиң миллий мәмлекетшилиги болған бирден-бир аймақ екенлигин итибарға алып, республика өзбеклер қай жерде жасамасын, олардың ҳәммеси ушын мәдений ҳәм руўхый орай болып қалыўы тийис;

- азшылықтан ибарат миллетлердиң мәплери ҳәм ҳуқықларын қорғаў, олардың мәденияты, тили, миллий үрип-әдетлери ҳәм дәстүрлери сақланыўы ҳәм де раўажланыўын кепилликли тәмийинлеў, мәмлекет дүзилмелериниң искерлигинде ҳәм жәмәәт турмысында акив қатнасыў;

- бир идеологияның, бир көз қарастың жеке ҳәкимлигинен қатаң ўаз кешиў, сиясий шөлкемлер, идеологиялар ҳәм пикирлер ҳәр қыйлылығын тән алыў. Бирде-бир идеология абсолют ҳақыйқатлыққа даўа қылыўы мүмкин емес. Руўхыйлық ҳәм адамгершилик, республика аймағында жасап атырған барлық халықлардың дәстүлери ҳәм үрип-әдетлерин, дини, тили ҳәм мәдениятын ҳүрмет қылыў қағыйдаларына үстемлик берилиўи;

- шын мәнистеги демократияның зәрүр ҳәм нызамлы қурамы сыпатында көппартиялылықты әмелде қәлиплестириў. Соның менен бир ўақытта, ҳәкимиятты зорлық пенен өзгерттириўди мақсет етип қойған, республиканың мәмлекет ғәрезсизлигине, аймақлық бөлинбеслиги ҳәм қәўипсизлигине қарсы шығатуғын, миллий ҳәм диний келиспеўшиликлерди ҳәўиж алдыратуғын, конституциялық дүзимге, халықтың демократиялық еркинликлери ҳәм руўхый тийкарларына қәўип салатуғын партиялар ҳәм жәмәәт ҳәрекетлери нызамнан тысқары болыўы кереклиги.

Социал ҳәм руўхый тараўларда:

- адамгершилик идеяларына садықлық. Бул идеялардың уллы мақсети инсан, оның өмири ҳәм жеке қол қатылмаслығы, еркинлиги, атақ-абыройы ҳәм қәдир-қымбаты, жасаў орнын таңлаў ҳуқықы. Өзбекстанның күнделикли турмысында инсан ҳуқықларының улыўма декларациясында беккемленген нормаларды избе из пенен қарар таптырыў;

- руўхыят ҳәм әдеп-икрамлылықты қайта тиклеў. Халықлардың мәдений мийрасына ықтыярлы қатнаста болыў. Тарийхый естеликлерди сақлаў ҳәм қайта ислеў. Өзбек халқы жаратқан ҳәм миллий байлық болған көркем шығармаларды излеп табыў ҳәм Өзбекстанға қайтарыў;

- әййемги ҳәм заманагөй мәдений байлықларды, әдебият ҳәм көркем өнерди билиў ҳәм де көбейттириў. Халықтың миллий мәденияты ҳәм өзине тәнлигин көрсетиўши усыллардан болған өзбек тилин раўажландырыў, бул тилдиң мәмлекетлик статусын изшил ҳәм толық әмелге асырыў, республика аймағында жасап атырған халықлардың миллий мәдениятлары ҳәм тиллерине өз-ара ҳүрмет пенен қатнаста болыў;

- еркин пикир жүргизе алыў, ҳүждан ҳәм дин еркинлиги қағыйдаларын қарар таптырыў. Бир көз қарастың жеке ҳүкимранлығы жаңаланған жәмийетке жат болады. Ҳәр бир инсан өз исенимине ийе болыў, өзиниң диний мерекелерин еркин атқара алыў ҳуқықына ийе. Бүгинги күнде дин барлық жалған ҳәм жаман иллетлерден пәклениўге, уллы әдеп-икрамлылық тийкарлар ҳәм руўхый пазыйлетлерди қайта тиклеўге жәрдемлеспекте. Ислам - ата-бабаларымыздың дини, мусылманлардың санасы, отырыс-турмысының мазмуны, өмириниң өзи. Мәмлекет ҳәр бир мусылман ушын мүқаддес болған Маккаға ҳаж қылыўда зәрүр жәрдем береди;

- социал әдиллик қағыйдаларын әмелге асырыў, халықтың ең төмен қатламлары - ғаррылар, инвалидлер, жетимлер, көп балалы шаңарақлар, оқыўшы жаслардың мәмлекет тәрепинен социал қорғалыўына болған кепилликли ҳуқықларын тәмийинлеў. Ең раўажланған мәмлекетлерде адамды социал қорғаў системасы кең қолланылады, буған айтарлықтай үлкен итибар бериледи. Бизиң шәраятымызда болса, бул - пуқаралар татыўлығын сақлап қалыў кепиллиги болып табылады;

- ҳәмме ушын мақул болатуғын сапалы медициналық хызметти тәмийинлеў, ана ҳәм балалықты қорғаў, балалар өлимин азайтыў, адамлар өмирин узайтыў бойынша пайдалы илажларды әмелге асырыў. Халыққа жоқары қәнийгели медициналық жәрдем алыў формаларын еркин таңлаў имканиятларын жаратыў;

- улыўма тәлим алыў, кәсип-өнерди ҳәм тийисли арнаўлы таярлықтан өтиўди еркин таңлаўда ҳәммеге тең ҳуқық бериў. Жаңа демократиялық билим бериў концепциясын ислеп шығыў ҳәм еңгизиў лазым болады. Бунда өзбек халқының ҳәм республика аймағында жасаўшы басқа халықлардың миллий, тарийхый ҳәм мәдений дәстүрлери, руўхый тәжирийбеси тәлим ҳәм тәрбия системамызға үзликсиз рәўиште енгизилиўи зәрүр;

- дөретиўшиликтиң барлық түрлерин раўажландырыў, адамлардың талант ҳәм қәбилетлерин көрсете алыўлары ушын шәрт-шәраятларды жаратыў, руўхый мүликти қорғаў. Адамлар соны анық аңлап жетиўи тийис, руўхый потенциалды жедел раўажландырмай турып, республиканың шын мәнистеги ғәрезсизлигин ҳәм раўажланыўын тәмийинлеп болмайды.

Пуқаралар тынышлығы миллетлер аралық татыўлықты тәмийинлеў, нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти қарар таптырыў әне усындай сиясий ҳәм конституциялық дүзимге ерисиўдиң жолы болып табылады.

Шаңарақ - жәмийеттиң негизи. Бизиң мәмлекетимизди үлкен шаңарақ деп түсиниў мүмкин. Бунда өз-ара ҳүрмет ҳәм қатты тәртип болмаса, шаңарақтың барлық ағзалары өз миннетлерин орынламаса, бир-бирине мийрим-шәпәәт көрсетпесе, жақсы жасаў мүмкин емес. Шаңарақ турмыс ҳәм ҳүждан нызамлары тийкарында қурылады, өзиниң көп әсирлик беккем ҳәм руўхый таянышларына ийе болады, шаңарақта демократиялық негизлерге тийкар салынады, адамлардың талаплары, қәдриятлари ҳәм мүтәжликлери қәлиплеседи. Өзбеклердиң көпшилиги өзиниң жеке пәраўанлығы ҳаққында емес, ал шаңарағының, ағайын-туўғанлары ҳәм жақын адамларының, қоңсылардың аман-есенлиги ҳаққында ғамхорлық қылыўды биринши орынға қояды. Бул болса ең жоқары дәрежедеги руўхый қәдрият, инсан қәлбиниң гәўҳары болып есапланады.

Ғәрезсиз өзбек мәмлекети - халқымыздың тарийхый жетискенлиги болып табылады. Өз мәмлекети менен мақтаныш етиў ҳәм пуқаралардың ўатансүйиўшилиги дүньядағы көп мәмлекетлердиң алдағы мәррелерине шығып алыўына жәрдем берген. Мәмлекетимиз топырағында жасап турған ҳәм өзин ўатан перзенти деп есаплаған ҳәр бир адам оның бир пүтинлиги ҳәм бирлигин асырап-абайлаўы шәрт.

Ҳәр бир адамның, атап айтқанда, енди ғана өмирге қәдем таслап атырған жаслардың санасына сондай пикирди сиңдириў керек, олар ортаға қойған мақсетлерге ерисиў өзлерине байланыслы екенлигин, яғный бул нәрсе олардың қайратына, күшине, толық пидәкарлығына ҳәм шексиз мийнетсүйгишлигине байланыслы екенлигин аңлап жетиўлери керек. Әне усы нәрсе мәмлекетимиз ҳәм халқымыз раўажланыўының тийкарғы шәрти болып есапланады.

Халқы жүз жыллар даўамында азатлықты арман еткен Өзбекстан шын мәнистеги ғәрезсизликти қолға киритип, гүллеп-жаснаўы ҳәм пәраўанлыққа ерисиўи, раўажланған демократиялық мәмлекетлер қатарында халық аралық жәмәәтшиликте өзиниң мүнәсип орнын ийелеў - биз гөзлеп атырған уллы мақсет. Буған ғәрезсиз Өзбекстанның Конституциясы ҳуқықый кепил болып хызмет қылады.

**Миллий ғәрезсизлик идеясы пәниниң басқа пәнлер менен байланысы ҳәм оны үйрениўдиң әҳмийети.** Миллий ғәрезсизлик идеясын тек усы пәнди үйрениў тийкарында ғана ийелеў мүмкин деп қараў бир тәреплеме ҳәм надурыс түсиник.

Керисинше, миллий ғәрезсизлик идеясы менен барлық пәнлер, атап айтқанда, философия, социал экономика, социал-сиясий пәнлер тығыз байланыслы. Бул пәнлердиң қандай идеяға негизлениўи, оларды оқытыў тийкарында жаслар санасы ҳәм исенимине, қәлбине қандай идеялар сиңдирилиўи ҳәр қандай жәмийет ушын әҳмийетли. Әсиресе, тоталитар дүзим дәўиринде бул пәнлерди оғада идеологияластырып, халықлар, мәмлекетлер ҳәм миллетлер тәғдирине, оның раўажланыў жолы, миллий-мәдений мийрасына, қәдриятларына да «класслық» мәплер «коммунистлик идея» талапларынан келип шығып үйренилгенин есапқа алыў тийис. Нәтийжеде, Өзбекстан халқы турмысы, тарийхы, «өзге халықлар тарийхы»н үйрениўден ибарат болып қалған еди. Миллий мәдeният, қәдриятлар орнында жалған интернационал, мазмунына көре миллийликти жақламайтуғын, миллий қәдриятлардан жат, көриниси бойынша миллий, мазмунына көре социалистлик болған принципке бойсындырылған еди. Пүткил тәлим ҳәм тәрбия, пән ҳәм илимий орайлар, мәдений-руўхый ислер, әдебият ҳәм көркем өнер, дөретиўшилик ушын «социалистлик реализм» зәрүр критерийге айланған, анығын айтқанда айландырылған еди. Усыған жуўап бериў ҳәм әмел қылыў шәрт еди. Бул барлық социал-гуманитар пәнлердиң бир қыйлы қәлипке салыныўына, жеке коммунистлик идея ҳәм идеологияның жақлаўшысы болыўына алып келди. Ақыбетте, социал-сиясий пәнлердиң раўажланыўы тоқтады. Пәнлердиң еркин раўажланбаўы ақыбетинде олардың әҳмийети кескин пәсейип барғанлығы мәлим.

Бүгин миллий ғәрезсизлик идеясының басқа пәнлер менен мүнәсибети ҳаққында пикир жүргизилгенде, дәслеп, оның коммунистлик идея принциплеринен түп айырмашылыққа ийе екенлигин есапқа алыў зәрүр әҳмийетке ийе. Соның менен бир ўақытта, пикирлер, идеялар ҳәр қыйлылығы принципине тийкарланыў, халықтың миллий-мәдений мийрасы ҳәм қәдриятларына сүйениўи ҳәм де улыўма инсанийлық принциплерди тән алыў қағыйдасы пәнлердиң раўажланыўы ушын кең мүмкиншиликлер береди. Екиншиден, ҳәр бир пән бағдарлары (тараўлары) арқалы миллий ғәрезсизлик идеясы негизлерин билип алыў мүмкин. Мәселен, миллий ғәрезсизлик идеясының тарийхый негизлерин - тарийх арқалы, философиялық тәреплерин - философия,

экономикалық тийкарларын - экономика, диний тийкарларын - динтаныў, әдебият ҳәм көркем өнер менен байланыслы тәреплерин үйрениў арқалы миллий ғәрезсизлик идеясы адамлардың исенимине айланып барады. Басқа пәнлер де өз предмети, мақсет ҳәм ўазыйпалары менен усы уллы мақсетке хызмет қылады. Миллий ғәрезсизлик идеясын айырықша пән сыпатында үйрениў болса, оның өзине тән өзгешеликлерин, исенимине айланыў менен байланыслы нызамшылықларының бар екенлигин билдиреди. Оны айырықша үйрениў жоқарыда атап өтилген пәнлердиң тиккелей ўазыйпасына кирмейди. Сол мәнисте, миллий ғәрезсизлик идеясы менен байланыслы болған нызамшылықларды үйрениў, оның өзине тән қәсийетлерин билиў Өзбекстан халықлары турмысында зәрүр әҳмийетке ийе. Ол төмендеги бағдарларда өзиниң анық сәўлелениўин табады:

- Миллий ғәрезсизлик идеясы Өзбекстанның ҳәр бир пуқарасын, Өзбекстан халықлары, өзбек халқы турмысы, руўхый, мәдений мийрасы, миллий-руўхый қәдриятлары менен жақыннан таныстырады, оның мазмун-мәнисин аңлаўға үндейди. Бул идея оларда миллий-руўхый негизлерге сүйенген ҳалда раўажланыў, оны қәдирлеў сезимлерин қәлиплстиреди ҳәм беккемлейди;

- Миллий ғәрезсизлик идеясы принциплериниң ҳәр бир пуқараның исенимине айланыўы, адамлардың ҳәрекетлери ҳәм искерлиги арқалы мәмлекет алдында турған мақсетлерди биргеликте әмелге асырыў ушын оларды уллы мақсетлер әтирапында бирлестиреди, руўхый күш-қуўат береди;

- Жат, зиянлы идеялардың тәсиринен сақлайды, идеологиялық иммунитетти асырады. Президентимиз айтқанындай, «пикирге қарсы пикир менен, идеяға қарсы идея менен, наданлыққа қарсы тек ғана ағартыўшылық пенен» гүресиўди талап етеди. Себеби өзиниң ғәрезсиз пикири, идеясы болмаған адам жат, жаўыз идеяларға қарсы гүресе алмайды;

- Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениў арқалы инсан түрли идеялық тәсирлердиң мақсетлерин бир-биринен ажырата алады. Пуқараларда, атап айтқанда, жаслардың тарийхый яды, миллий өзлигин аңлаўы, миллий-руўхый қәдриятларға болған сағлам шәраятты қәлиплестиреди ҳәм оны ҳүрмет қылыў руўхында тәрбиялайды;

- Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениў, миллий мақтаныш, ата-бабаларға мүнәсип мийрасхор болыў, олар менен мақтаныш етиў ҳәм оларға уқсап өз Ўатанының раўажланыўына мүнәсип үлесин қосыў менен байланыслы. Ҳәзирги заман илиминиң жетискенликлерин ийелеў, илим ҳәм технологияларды өзлестириўге шақырады. Ўатансүйиўшилик сезимлерин асырады, өз халқына ҳәм миллетине болған садықлығын беккемлейди. Келешек әўладлар алдындағы жуўапкершиликти асырады. Өзбекстанның азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмысқа ийе болған ғәрезсиз мәмлекет сыпатында дүнья жәмәәтшилигинде өзине тән орынға ҳәм абырайға ийе болыўы ушын пидайылық пенен мийнет қылыўға хызмет қылады.

Мәмлекетте пуқаралық жәмийет қурылыўында оның әҳмийети барлық ўақыт асып барады. Себеби дүньяда түрли идеялар, түрли мақсетлер бар екен, миллий ғәрезсизлик идеясы система сыпатында әмел қылыўы керек. Сонда Өзбекстан өзиниң эволюциялық раўажланыўына ийе болады. Миллий идея турмыс өзгерислери менен байланыслы болған ҳалда барлық ўақыт жаңа-жаңа машқалаларға дус келиўи мүмкин. Ҳәр бир дәўир, заман ҳәм мәкан өзгерислери, оған болған исеним зәрүриятын бәрқулла сақлап қалады. Тек оны жаңа шәраятта жаңаша қабыл етиў жаңаша технологияларды еңгизиў тийкарында ғана адамлар санасы ҳәм ой-пикири, исеними менен байланыслы руўхый дүньясының негизи болған миллий ғәрезсизлик идеясы үзликсиз рәўиште турақлылықты сақлап қалыўға ҳәм раўажландырыўға шәрт-шәраят жаратады.

Демек, Президент И.А.Каримов атап өткениндей, «Ендиги ўазыйпамыз усыннан ибарат, миллий ғәрезсизлик идеясы түсиниклери тийкарында кең жәмәәтшилик, илим, мәденият жетекшилери, дәслеп, руўхый-ағартыўшылық тараўлары хызметкерлери миллий идеологияны жетилистириў ҳәм де оның тийкарғы принциплерин адамлар санасы ҳәм қәлбине сиңдириўге қаратылған жумысларды жаңа басқышқа көтериўи зәрүр».

## 2-тема
## Жәмийет раўажланыўының идея ҳәм идеология менен өз-ара байланыслылығы

**Идея түсиниги ҳәм оның социаллық мазмуны** Ийгиликли, жаратыўшы идея ҳәм идеология барлық инсанлардың өмири мазмунын, арзыў-нийетлерин билдиреди. Ҳәр бир инсан, жәмийет өз алдына анық мақсет қояды ҳәм оған ерисиў ушын ҳәрекет қылады. Инсан мақсетлери жәмийет мәплерине сай келиўи, раўажланыў жолын ҳәм келешегин белгилеп беретуғын белгили бир ийгиликли идея ҳәм идеологиясында көринисин табыўы жүдә әҳмийетли. Өз еркин пикири ҳәм беккем ийман-исенимине ийе емеслик болса ертенги күнине исенимсиз адамлардың пайда болыўына алып келеди. Өз исенимине ийе болмаған, келешегин анық көз алдына келтирип, анық ийгиликли мақсетке қарай изшил ҳәрекет қылмайтуғын инсанлар жасайтуғын жәмийетте өз-ара исеним, тынышлық ҳәм турақлылыққа ҳәр түрли қәўиплер болыўы тәбийий. Ҳәр түрли күшлер өз мәплерин гөзлеп жат ҳәм жаўыз идеяларды бул жерде жасайтуғын адамлар өмирине, турмысына, санасы ҳәм қәлбине түрли жоллар менен сиңдириўге, адамларға руўхый тәсир өткизиўге ҳәрекет қылады.

Ҳақыйқатында, инсан ҳәм жәмийет өмири белгили бир пикирлер, идеялар менен тығыз байланыслы идеология инсан ҳәм жәмийет раўажланыўында әҳмийетли роль ойнайды ҳәм үзликсиз қурамаласып, раўажланып, ўақыт өтиўи менен өзгерип барады. Сол себепли, инсан, жәмийет раўажланыўында идея ҳәм идеологияның орны ҳәмде тәсирин үйрениў барлық ўақытта үлкен әҳмийетке ийе.

Инсан ҳәм жәмийет өмиринде әҳмийетли өзгерислерди әмелге асырылыўында белгили бир идеялар айрықша орын тутады. Жәмийет раўажланыўының белгили бир дәўирлерде тезлетиўши яки пәсейтиўши, жәмийет өмиринде унамлы яки унамсыз жағдайлардың жүз бериўи жәмийетте қандай идеялар ҳүкимранлық қылыўы, олар қандай күшлерди ҳәрекетке келтириўи, кимлердиң, яғный қандай да социаллық қатламның мәплерине хызмет қылыўына ҳәр тәреплеме байланыслы.

Идея түсинигиниң мазмуны неден ибарат?

Инсан өзиниң санасы, ақыл-закаўаты, ийман-исеними ҳәм дөретиўши мийнети менен басқа тири жанзатлардан парық қылады.

Инсан санасы ҳақыйқатлықты аңлаў барысында түрли пикирлер, қараслар, идеялар ҳәм тәлийматлар жаратады. Демек, биринщиден, идея инсан ойлаўының жемиси.

Екинщиден, идея алдын болмаған, өзинде жаңалықларды тасыўшы пикир.

Үшинщиден, дәслеп идея пайда болады, оннан кейин идея тийкарында идеология, идеология тийкарында болса система, сиясат пайда болады.

Илимий-философиялық әдебиятларда «идея», «идеология», «ғоя», «мафкура» түсиниклери ислетилмекте. Идея ҳәм идеология көбирек Батыс мәмлекетлеринде ҳәмде рус тилиндеги дереклерде ушырасады. «Идея» сөзи грек тилиндеги «IDEA» сөзинен алынған болып, «идеология» сөзи ушын тийкар болып есапланады ҳәм түсиник бир пүтин пикир мәнисин аңлатады. Идеология (IDEA-

идея, LOGOS-тәлиймат) атамасы болса идеялар ҳаққындағы тәлимат дегенди аңлатады ҳәм еки түрли мәнидеислетиледи:

- идеялардың мазмуны, қәлиплесиўи, әҳмийети ҳаққындағы билимлерди аңлатады ҳәм илимий тараў есапланады;

- белгили бир идеяны әмелге асырыў, мақсетке жетиў усыллары, қураллары, фактлери системасын аңлатады.

Саламат ҳәм саламат емес, ийгиликли ҳәм жаўыз, жаратыўшы ҳәм бузыўшы идеялар болыўы мүмкин. Идеялардың әпиўайы пикирлерден парқы сонда, булар санада пайда болсада, кең жәмийетшиликтиң мақсетлерин аңлатады. Олардың исенимине айланып, белгиленгенлигин билдиреди, инсан (ҳәм жәмийет) руўхыйлығына, ҳәтте түпкиликли қатламларына да сиңип барады. Идея сондай қуўатқа ийе, ол адамлардың ишки дүньясына кирип барып оны ҳәрекетке келтириўши, мақсетке қарай жетелеўши руўхый-ақлый күшке айланады. Оларды анық мақсетке бағдарлайды. Оларды бирлестиреди, бирлик ҳәм бирге ислесиўге шақырады.

**Идеяның социаллық мазмуны.** Ҳәр қандай идея социаллық характерге ийе. Белгили бир идеялар, әдетте қандайда бир шахс санасында қәлиплеседи. Белгили бир мүддеттен кейин болса жәмийеттиң түрли қатламларына тарқалады, түрли елатлар ҳәм миллетлер арасында тарқалады. Ғәрезсиз өмирге қәдем қойып атырған жаңа әўлад жәмийетте бар болған идеялар тәсиринде тәрбияланады. Қандайда бир көз-қараслар ҳәм идеяларды өзине сиңдиреди, өз нәўбетинде жаңа идеяларды жаратады ҳәм таратады.

Идеяның ең тийкарғы қәсийети - инсанды ҳәм жәмийетти мақсетке қарай жетеклейтуғын, оларды ҳәрекетке келтиретуғын, бағдарлаўшы күш екени.

Инсан ойлаўының жемиси сыпатында идея миллий-руўхый өмири, қоршаған әлемди үйрениў, билиў процессинде жүзеге келеди. Дөретиўши сананың барлық формалары илим-пән, философия, дин, көркем-өнер ҳәм көркем әдебият, мораль, сиясат ҳәм ҳуқық - белгили бир идеяларды жаратады, оларға сүйенеди ҳәм оларды раўажландырады. Мазмуны ҳәм көриниў формасына қарап, идеяларды бир неше түрлерге ажыратыў мүмкин:

- Илмий идеялар: философиялық идеялар, диний идеялар, көркем идеялар, социаллық-сиясий идеялар, миллий идеялар, улыўмаинсаний идеялар ҳ.т.б.

1. Илмий идеялар - пән раўажланыўының нәтийжеси, илимий ашылыўлардың нәтийжеси сыпатында пайда болатуғын, түрли пән тараўларының тийкарғы принциплери, үстинликке ийе қағыйдаларды қәлиплестиретуғын илмий пикирлер.

Пән раўажланыўы үзликсиз ҳәм шексиз. Бул процессте әмелиятта тастыйықланбаған, ескирген көз-қараслар жаңа илмий идеялар менен орын алмаса береди.

2. Философиялық идеялар ҳәр бир филоосфиялық тәлиматтың тийкарын қурайтуғын, әлем ҳәм адам ҳаққындағы ең улыўмалық түсиник ҳәм көз-қараслар. Олар бизди қоршап турған дүньяны билиў процессинде адамзат жәмийетиниң раўажланыўы барысында топланған билимлерди улыўмаластырыў, инсан өмириниң мәни-мазмуны, оның бахты сыяқлы мәселелер үстинде пикир жүритиў тийкарында қәлиплеседи[3].

Инсаният тарийхында түрли халықлардың ақыл-сана ийелери, дана философ ҳәм диндарлары ҳәр түрли идеялар жаратқан.

3. Диний идеялар деп, ҳәр бир диний тәлимат ҳәм ағымның тийкарын, диний ийман-исенимниң негизин қураўшы ақидаларға айтылады. Алғашқы динлер ҳәр бир нәрсениң жанлы екени, жанның мәңгилиги, бут ҳәм сәнемлердиң,

---

[3] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. -Т. Янги аср авлоди. 2001, 27-29-б

тәбийғый дене ҳәм ҳәдийселердиң иләҳий қуўатқа ийе екенлиги ҳаққындағы көз-қарасларға тийкарланған еди. Мәселен, ҳиндлердиң диний түсиниклери бойынша жан көшип жүреди, бул өмирде инсанда болса, кейинги өмирде басқа жанзатқа өтиўи мүмкин. Қудайлардың көплиги ҳаққындағы пикирге тийкарланатуғын политеизм динлери ўақты келип, монотеистлик - жеке қудайлық идеясы тийкарындағы динлерге өз орнын босатып берген.

Жеке қудайлық идеясы миллий динлерде (мәселен, иудаизмде), әсиресе, жәҳән динлер - христианлық ҳәм исламда өз көринисин тапқан. Соның ишинде, ислам дининде Алланың жеккелиги идеясы тийкарында оның барлық нормалары, парызлары, талап ҳәм миннетлемелери қәлиплескен.

4. Көркем идеялар - әдебият ҳәм көркем-өнер шығармаларының мәни-мазмунын қурайтуғын, оннан гөзленген мақсетлерге хызмет қылатуғын жетекши пикирлер. Олар турмыстан алынады, көркем талқынлар тийкарында баян етиледи, оқыўшыда белгили бир сезим оятады. «Қаҳарман» ларды сүйиў, оларға ерисиў жағдайлары да усы тийкарында жүз береди.

5. Социаллық-сиясий идеялар ҳәр бир халық ҳәм улыўма адамзаттың арзыў-үмитлери, мурат-мақсетлерин билдиреди, еркин турмыс ҳәм әдалатлы дүзимди жырлайды.

Миллий идея - инсан ҳәм жәмийет өмирине мәни-мазмун беретуғын, оны ийгиликли мақсетке қарай жетелейтуғын пикирлер, идеялар жыйындысы. Азатлық ҳәм ғәрезсизлик, әдалат ҳәм ҳақыйқат, тынышлық сүйиўшилик ҳәм инсан сүйиўшилик идеялары солар топарынан болып табылады. Әсирлер даўамында бундай уллы, өлмес идеялар халықларға күш-қуўат ҳәм илҳам бағышлап, оларды өз ерки ушын гүреске ийтермелеп келген.

Президент Ислам Кәримов көрсетип өткениндей, миллет раўажланыўына, оның жоқарылаўына хызмет қылатуғын, халықларды бирлестирип, жоқары мақсетлерге қарай бағдарлайтуғын идеялар жоқары идеялар. Адамлар арасына ала-аўызлық, халықлар арасына келиспеўшилик келтирип шығаратуғын, адамларды түрли тәреплерге ажыратып, жек-көриўшилик қозғайтуғын жарамас бузыўшы идеяларға мысал болады. Шынында, бундай жаўыз нийет ҳәм қәлбеки уранларды шәртли түрде идеялар деп атаймыз. Қандайда бир социаллық бирлик яки қатлам арасында тарқалған, қандай адамлар топарлары яки елат-миллетлерди ҳәрекетке келтирип атырғанына қарап ҳәм идеяларды түрлерге ажыратыў мүмкин.

Идеяны материалластырыўшы, әмелиятқа айландырыўшы күш ким екенине қарап, класслық идея, миллий идея, улыўма халық идеясы, улыўма инсаный идеялар да бар болыўы мүмкин. Әлбетте, белгили бир халық жыйындысын белгили бир тарийхый шариятта ийгиликли ҳәрекетке ийтермелейтуғын идея мазмуны жағынан улыўма инсаный болыўы да яки тар мәплерди гөзлейтуғын класслық идея жәмийет ҳәм инсан мәплерине қарсы, душпанлар болыўы да мүмкин.

Ийгиликли идея - инсан санасында жүзеге келетуғын, белгили бир пикирлердиң социаллық характерге ийе болған, руўхыйлыққа күшли тәсир өткерип, жәмийет ҳәм адамларды ҳәрекетке келтиретуғын, тийкарғы мақсетке қарай жетеклейтуғын уллы пикир.

**Мафкура (идеология) түсиниги ҳәм оның мазмуны.** «Мафкура» түсиниги арабшадағы «муфаккир», «муфаккиратун» сөзлеринен алынған болып, терең мәнили, терең мазмунлы пикир дегенди аңлатады. Идеология түсинигин тәрийплеўде философиялық әдебиятлар ҳәм сөзликлерде бир қанша пикирлер

берилген. Идеология түсинигине философ алымлар тәрепинен берилген анықламалар форма ҳәм мазмун жағынан ҳәр түрли[4].

Идеологияға жәмийеттеги белгили бир сиясий, ҳуқықый, мораллық, диний, көркем, философиялық, илмий көз-караслар, пикирлер ҳәм идеялар жыйындысы - деп анықлама бериледи. Олардың барлығыда жәмийеттеги белгили бир сиясий, философиялық, ҳуқықый, мораллық, диний, көркем, илимий көз-караслар, пикирлер, идеялар жыйнағы сыпатында дәлийллеп бериледи. Демек идеология - белгили бир социаллық топар ямаса қатламның, миллет яки мәмлекеттиң, жәмийеттиң талапларын, мақсет ҳәм умтылыўларын, социаллық-руўхый раўажланыў принциплерин белгилейтуғын идеялар, оларды әмелге асырыў усыл ҳәм қураллары системасы болып табылады. Онда мәплери белгиленген социаллық күшлер ҳәм қатламлардың өтмиши, бүгинги күни ҳәм келешеги өз көринисин табады.

Ҳәр қандай теория яки тәлимат бир системаға салынған идеялар жыйнағынан ибарат болады. Сол себепли дүньяға көз-карастың негизин ҳәм белгили исениминиң тийкарын да идеялар пайда етеди.

Адамлар, социаллық класс ҳәм қатламлардың миллет ҳәм мәмлекетлердиң мәплери ҳәм мақсетлери де идеяларда көрсетиледи. Өз алдына қойған мақсети, қандай мәмлекет қурамақшы екенлиги, оған қандай жоллар менен ериспекшилиги ҳаққындағы идеялар системасы ҳәр бир миллет, халық ҳәм жәмийеттиң миллий идеологиясының негизин қурайды[5].

«Идея» ҳәм «идеология» бир бирине жақын болса да, оларды шатастырмаў керек. Не ушын?

Бириншиден, идеология идеяға салыстырғанда мазмуны жағынан кеңирек түсиник.

Екиншиден, ҳәр қандай идеологияда социаллық ҳақыйқатлықты сақлап қалыў яки өзгертиўге қаратылғанлық, яғный мақсетлер жетик емес, бәлким дереклик қурамда бар болыўы ҳәм идеологияның өзегин қәлиплестириўин айтып өтиў лазым.

Үшиншиден, ҳәр қандай социаллық идея тек ғана белгили бир идеологиялық гүреслер шеңберинде ғана өзиниң шөлкемлестириўшилик ҳәм бағдарлаўшылық қүдиретин, өзине тартарлық күшин көрсете алыўы мүмкин.

Өзбекстан халқының миллий ғәрезсизлик идеологиясы жәмийетти бирлестириўге, уллы келешек жолында биргеликте жәмлескен ҳалда ҳәрекет қылыўға, қурылып атырған еркин пуқаралық жәмийетинде ҳәр бир ўатанласымыздың өзине тән орны болыўына ерисиўге бағдарлайды.

Президент Ислам Кәримов жәмийет идеологиясына төмендегише тәрийип берген: «Адамлардың мың жыллар даўамында қәлиплескен дүнья карасы ҳәм менталитетине тйкарланған, ўақтында усы халық, усы миллеттиң келешегин гөзлеген ҳәм оның дүньядағы орнын анық-рәўшан белгилеп бериўге хызмет қылатуғын, кешеги ҳәм ертеңги күн ортасында өзине тән көпир болыўға қәдир идеяны мен жәмийет идеологиясы деп билемен»[6]. Демек, миллий идеология ҳәр қанай халықты - халық, миллетти - миллет қылатуғын, оның жолы ҳәм мақсетлерин анық-рәўшан жақтыландырыўшы маяк.

---

[4] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойнлар. -Т. Янги аср авлоди. 2001,6-13-б

[5] . Миллий истиқлол ғояси : асосий тушунча ва тамойлар.-Т.: Янги аср авлоди. 2001-йил 31-б.

[6] Каримов .А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. 7-жилд. – Т.Узбекистон,1999, 89-б

Инсаният тарийхында түрли формадағы жүдә көплеп идеологиялар жаратылған, ҳәр түрли социаллық-сиясий күшлер, өз идеялары ҳәм тәлиматлары арқалы, мақсет ҳәм нийетлерине жетисиў ушын умтылған. Идеологиялық мазмунына қарай философиялық, дүньялық, диний ҳ.т.б. түрли тәлийматлар негизинде таратылады.

Ҳәр түрли социаллық-сиясий күшлер өз идеологияларын жаратыўда сиясий идеялар менен бирликте, диний ағымлар ҳәм илим-пән жетискенликлерине сүйенеди, олардан теориялық тийкар сыпатында пайдаланыўы мүмкин.

Идеологияның философиялық тамырлары дегенде, оның философия илими жуўмақларына тийкарланыўы нәзерде тутылады. Бунда ҳәр бир халықтың өзине тән философиялық мийрасы, көз-қараслары, идеялары олардың мақсетлеринде өзиниң көринисин табады. Шығыс ҳәм Батыс философиясы буған айқын мысал. Мәселен, бул идеологиялар Рим империясы бөлшекленгеннен кейин өз мәмлекетшилигине ийе болған халықлардың өзине тән қадриятлары ҳәм менталитети негизинде жүзеге келген миллий философиялар тийкарында қәлиплести. Сонлықтанда, сол дәўирдеги итальян, англичан, француз, немис философиясы өзи ағза болған жәмийетти бирлестириўге хызмет етти. Соның менен бирге бул миллий мектеплер негизинде жүзеге келген философиялық тәлийматлар, ағартыўшылық көз-қараслар инсаният мәденияты ғәзийнесине салмақлы үлес болып қосылды. Мысалы, ҳақыйқый миллий өзгешеликлерге ийе болған Гегель философиясы Австро-Венгрия империясынан ажыралып, ғәрезсиз жолды тутқан Пруссия монархиясының мәмлекет идеологиясы дәрежесине көтерилген еди.

Идеологияның дүньялық тамырлары руўхый дүньяға тән сиясий, экономикалық, социаллық, мәдений қатнаслар жыйнағынан ибарат. Улыўма тән алынған принциплер ҳәм нызам үстинлиги, сиясий плюрализм, миллетлер аралық татыўлық, динлер аралық баўырыкеңлик сыяқлы идеялар дүньялық жәмийеттиң тийкарын қурайды. Бундай жәмийетте инсанның ҳуқықлары ҳәм еркинликлери, соның ишинде, ҳүждан еркинлиги де нызам менен қорғалады. Мысалы, Өзбекстанда ғәрезсизлик жылларында диннен жәмийетти руўхый жаңалаўда, жаслардың руўхый-мораллық тәрбиясында пайдаланыўға айрықша итибар берилмекте. Диний қәдриятлар тикленди - Авесто ана тилимизде басып шығарылды, ислам дининиң муқаддес китабы Қуран, Ҳадислер, Имам Термизий, Имам Бухарий, Бахоуддин Нақшбанд, Имам Мотрудий, Бурҳониддин Марғилоний, Абдулхолиқ Ғиждивоний, Хожа Ахрор Валий юбилейлери өткерилип, естелик ансамбллери тикленди, бай руўхый мийрас үйренилип, олардан жәмийетимиз раўажланыўы жолында кең пайдаланылмақта. Бул қайырлы ислер мәмлекетимизде диний мийрас ҳәм бахалықлардан ақылға сай пайдаланылмақта. Дүньялық дегени, большевиклер ҳәм фундаменталистлер айтқанындай, динди бийкар етиў яки «басшылыққа алыў» деген емес, бәлким ондағы мораллық ҳәм философиялық тәлиматлардағы ийгиликли идеялардан, баҳалықлардан орынлы пайдаланыў ушын кең имканият жаратыў.

Бул ҳаққында Президент И.А. Каримов көрсетип өткениндей, «дүньялық», айрым фундаменталист кимселердиң даўаларынан парқы, ҳеш қандай атеизм (динсизлик) емес. Биз бундай қәте ҳәм ғәрезли талқылаўларға пүткиллей қарсымыз»[7].

Ҳақыйқатында да, жақын өтмишимизде - динсизлик сиясаты ҳүкимранлық қылған, диний көз-қараслар кулофат деп аталған. Диний

---

[7] Каримов И.А. Миллий истиқлол мафкураси - ҳалқ этиқоди ва буюк келажакка ишончдир. – Т.:Узбекистон, 2000, 26-б

фундаменталистлер болса дүньялық илимлерди атеистлик, қудайсызлық деп инсанды исениминен айырыўға урынды.

Идеологияның диний тамырлары - инсан санасы ҳәм руўхыйлығы менен тығыз байланыслы екенлиги ҳәм сонлықтанда оның идеялық тамырлары диний тәлиматларға барып тақалыўы түсиниледи. Яғный көп ғана идеологияларда Авесто, Веда ҳәм Упанишадилар, Инжил ҳәм Қуран сыяқлы китапларда сөз етилген ийгиликли идеялар белгили дәрежеде өз көринисин тапқанлығын көремиз.

Дүньялық ҳәм диний баҳалықлар бир-бирин байытып барған шараятта раўажланыў жоқары басқышқа көтериледи. Буған адамзат тарийхында өшпес из қалдырған Имам Бухарий ҳәм Мусо Хоразмий, Имам Мотрудий ҳәм Абу Райхан Беруний, Имам Ғаззалий ҳәм Абу Наср Фарабий сыяқлы уллы ақыл ийелери жанма жан жасап, мийнет еткен дәўир анық мысал бола алады. Илимий ашылыўлар бүгинги күнде де идеология раўажланыўына үлкен тәсир тийгизеди. Заманагой илим-пән жетискенликлери, мысалы, космонавтика, бионика, биофизика, кибернетика, информацияластырыў тараўындағы дүнья жүзлик жаңалықлар, клонластырыў, инсанның ген-нәсил картасын анықлаў сыяқлы уллы ашылыўлар адамлар санасын кескин өзгертирмекте.

Сонлықтанда, илим-пән ҳәм мәдeният тараўындағы жетискенликлерден ақылға сай пайдаланыў ушын да жәмийетке күшли идея, күшли идеология керек.

**Инсан ҳәм жәмийет өмириниң белгили бир пикирлер, идеялар, идеологиялар менен байланыслылығы.** Ҳәр қандай жәмийет өзине тән раўажланыў жолын таңлар екен, алдына белгили бир мақсет ҳәм ўазыйпаларды қояды. Себеби, бул ўазыйпалар, жәмийет, мәмлекет, халық ҳәм миллет раўажланыўы социаллық-экономикалық, сиясий-руўхый, тәлим-тәрбия ҳәм идеологиялық процесслердиң тығыз бирлиги тийкарында әмелге асырылады.

Инсан ҳеш қашан сыртқы дүньядан, өзин қоршап турған әлемдеги өзгерислер, жүз берип атырған ҳәдийселер, ўақыя процесслерден ажыралып қалған, оларды сезбеген ҳалда, олардың тәсирисиз жасай алмайды. Халықлар, миллетлер, социаллық-сиясий күшлер искерлиги себепли жүз берген түрли ҳәдийсе ҳәм процесслер адамлар санасы, ойы ҳәм дүнья қарасына тәсир етеди.

Өмирде мақсети, жоқары идеясы, ийгиликли арзыў-нийетлери болмаған инсан ҳәм жәмийет ағзалары тәбийий мүтәжликлер шеңбери менен шекленип, руўхый жетискенликке ерисиў қыйын. Айырым жаўыз күшлер тәсир өткериўи арқалы өз жаўыз нийетлерине жетиў мақсетинде пайдаланыўлары мүмкин. Сол себепли барлық дәўирлерде инсан ҳәм жәмийет өз мурат мақсетлерин билдиретуғын мәпине қарсы болған зиянлы ҳәм жат идеяларға қарсы турады. Ҳәр бир халық, миллет ҳәм жәмийет өз мәпине хызмет етип, оның раўажланыўын тәмийнлеўге жәрдем беретуғын белгили бир идеяға мүтәжлик сезеди.

Сонлықтанда, идея белгили бир миллет ҳәм халықтың мурат-мақсетлери, мәплери негизинде қәлиплеседи ҳәм қурамаласып барады. Миллий ғәрезсизлик идеясы да миллет мәплерин халықтың арзыў-нийетлерин өзинде жәмлейди. Ол өзиниң өмир бағышлаўшы идеялары, уллы мақсетлери менен өз күш-ғайраты, ақыл-закаўаты ҳәм ҳәтте өмирин уллы идеялар жолында бериўге таяр кәмил инсанларды тәрбиялаўға хызмет қылады.

Инсанийат тарийхынан белгили болғанындай, жер жүзинде дәслепки адамзат пайда болып, оның урыў, қәўим, жәмәәт яки халық сыпатында қәлиплесиўи жүз берген дәслепки дәўирлерде-ақ оларды бирлестирип туратуғын улыўмалық идея ҳәм идеологияға талап туўылған. Президент И.А.Каримов көрсетип өткениндей: «...себеби, идеология - жәмийетте жасайтуғын адамлардың өмири, мазмуны, олардың талапларын өзинде жәмлейди». Ҳақыйқатында да, барлық дәўирлерде ҳәр бир мәмлекет, халық, жәмийеттиң өзине тән идеясы ҳәм идеологиясы болған. Себеби, жәмийеттиң, халықтың өз алдына қойған анық

мақсети оны әмелге асырыўда жәмийет ағзаларын бирлестиретуғын, белгили бир бағдарға жөнелтиретуғын идеясы ҳәм идеологиясы болмаса, ол әлбетте катастрофаға ушырайды.

Идея, идеология жәмийеттиң өз алдына қойған мақсети болып, бунысыз жәмийет өз жолын жойтады. «Мақсет деген, -деп жазған еди Президент И.А. Каримов, -халықты, миллетти бирлестириўши, жолға баслаўшы мисли бир байрақ. Бул байрақ пүткил Өзбекстан халқының руўхын, ар-намысын, мақтанышын, керек болса қүдиретин, арзыў-нийетлерин өзинде жәмлейтуғын уллы күш, мәмлекетимиздиң, халқымыздың, ел-журтымыздың мақсети, өзиниң уллылығы, жасаўшанлығы ҳәм ҳақыйқатшылығы менен ҳәммемизди өзине қарататуғын болмағы лазым. Бул мақсет халықты-халық, миллетти-миллет қыла билсин, қолымызда жеңилмес бир күшке айлансын»[8].

Идеологияның ***өмиршеңлиги*** адамлардың, миллеттиң, жәмийеттиң миллий мәплерин, арзыў-нийетлерин қай дәрежеде сәўлелендире алатуғын бас ҳәм тийкарғы идеялар, бул идеялар олардың турмыс тәризи, дүньяға көз-қарасы, тәбиятына қаншелли мас болыўы менен белгиленеди. Өмир сынаўларына шыдам беретуғын, адамлардың ийгиликли мурат-мақсетлерин билдиретуғын, оларға руўхый қуўат беретуғын идеологияны көпшилик қабыл етеди. Тек ғана усындай жағдайда ғана ол күшли руўхый қүдиретке ийе болады. Сол себепли де, идеология барлық дәўирлерде жәмийетти жоқары ҳәм жаратыўшы мақсетлер жолында бирлестирип, жәмийет ағзалары ортасында сағлам қатнасларды қәлиплестирген, ҳәмде ийгиликли әрманлар, мурат-мақсетлерге ерисиўде руўхый күш-қуўат беретуғын фактор ўазыйпасын атқарып келген. Соның ушын да идея ҳәм идеология барлық инсанлар, халықлар, жәмийет ҳәм мәмлекет алдында турған әҳмийетли ўазыйпаларды әмелге асырыўда жәрдем беретуғын, түрли тараўда мийнет ететуғын жәмийет ағзаларын бирлестирип, оларды улыўмалық мақсетке қарай мобилизациялайтуғын уллы күш.

Сонлықтанда инсанлар, халықлар жәмийет турмысында идеология әҳмийетли роль ойнайды. Идеологияның күши, биринши нәўбетте, инсанның жәмийеттеги орны ҳәм әҳмийетин қандай түсиниўи және оны қандай социаллық статуста түсиниўине байланыслы. Себеби, инсанды социаллық ҳәрекет ҳәм искерликке баслаў ҳәм усылай етип гөзленген анық мақсет-ўазыйпаларға ерисиў дүньядағы барлық ийгиликли идеологиялардың мәни-мазмунын қурайды.

Сонлықтанда миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиник ҳәм принциплери системасында инсанның жәмийеттеги орны жаратыўшы күш сыпатында белгиленген. Ғәрезсизликтиң бас идеясы да, тийкарғы идея ҳәм түсиниклери де жаратыўшылық философиясы менен азықланған. Себеби жаратыўшылық - халқымыздың ең жоқарғы пазыйлети. Президентимиз сөзи менен айтқанда, өзбек шын мәнисинде жаратыўшы, топпысына суў тасып болса да терек көгертеди. Ҳақыйқатында да, ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде экономикалық, социаллық, сиясий-мәдeният, руўхый тараўларда әмелге асырылып атырған реформалар, еркинлестириў процесслери жаратыўшылық ислерине айқын мысал болады.

**Идеологияның жеке ҳәкимшилиги түсиниги ҳәм оның мазмуны.** Бул белгили бир мәмлекет, жәмийетте жалғыз идеологияның толық ҳүкимранлығын, оған тән принциплердиң өзгермес нормалар формасында жәмийет өмиринде қатаң ҳәм толық түрде орнатылыўын билдиреди. Бул идеология жеке ҳәкимлигиниң мазмуны төмендегише, бунда қандайда бир идеологиялық система жалғыз илимий жақтан тийкарланған ең әдалатлы, жәмийеттеги белгили бир

---

8 Каримов И.А. Миллий истиқлол мафкураси - ҳалқ этиқоди ва буюк келажакка ишончдир. – Т.:Узбекистон, 2000, 6-б

қатлам мәплерин билдириўши идеология деп дағазаланады. Өзиниң мазмуны яки қандайда бир тәрепи менен оннан парық қылыўшы идеялар, көз-караслар, идеологиялар жат ҳәм душпан идеологиялар сыпатында қаралады. Пикирлер, идеялар көп түрлилиги бийкар етиледи. Ақыбетинде, миллионлаған адамларда жалғыз пикирге ийкемлесиў, қуллық, бийпарықлық, өзи боладылық, өзге идеяларға қорқыныш пенен қараў сана-сезими қәлиплеседи. Жәмийеттиң руўхыйлық раўажланыўына илим-пән гүллениўине үлкен зыян жеткизиледи. Ҳақыйқатында, бундай жалғыз идеология жеке ҳәкимлиги жаўыз нйиетлерде әмелге асырылады, мәмлекет идеологиясына айланады. Социаллық өмирдиң раўажланыўына унамсыз тәсир көрсетеди ҳәм жәмийет өмирин, пикирлер еркинлигин буўады.

**Идея ҳәм идеологияны абсолютлестириўдиң ғайры-инсанийлығы**

Тарийхтан мәлим болған тоталитар дүзимди салыстырмалы анализ етиў олар әмел қылған идеологиялардың төмендеги улыўмалық өзгешеликлерин ҳәм бул идеяны әмелге асырыў менен байланыслы болған бир қатар унамсыз ақыбетлерин анықлаўға имканият береди. Дәслеп, тоталитарлық идеологиялар өз мәмлекетлеринде жәмийетлик ҳәм жеке өмирдиң барлық тараўларын толық қамрап алыўға, жалғыз дүньяға көз-қарас системасы ҳүкимранлығын орнатыўға умтылады. Бул идеологиялар уллы ҳәм жарқын өтмишти бийкар етеди. Олар жәмийетти революциялық жол менен пүткиллей қайта дүзиў зәрүр ҳәм оны әмелге асырыў мүмкин, деп есаплайды. Өзлерине шеkem болған миллий-мәдений мийрас ҳәм баҳалықлардың барлығын ямаса көпшилигин бийкар етип, оларды тек ғана өз принциплери менен алмастырады.

Тоталитар мәмлекетлердиң өзине тән басқа характерли өзгешеликлери жәмийеттиң әскерийлестирилиўи, «қамал қылынған қорған» дағыдай идеялық-психологиялық жағдайды жүзеге келтириўден ибарат. Бунда мәмлекет ишинде әскерий фанатизм жағдайы күшейтирилип ғана қалмастан, соның менен бирге, агрессив сыртқы сиясатта әмелге асырылады.

Бул сиясат әскерий-территориялық ҳәм идеологиялық басқыншылық қылыўға, оның тоталитарлық тәртиплери кең көлемде қарар таптырыўға қаратылады. Лекин тарийхый ҳақыйқат соннан ибарат; тоталитар идеологиялардың түрли үлгилери ҳәм олардың жобалары тийкарында жаратылған, демократияға қарсы дүзимлердиң ақыры қыйралыўға ушыраўы сөзсиз. Сол себепли жеке ҳәкимликке умтылған, абсолют социаллықты билдириўге даўа қылатуғын идеологияның келешеги жоқ. Себеби ол жеке ҳәкимлик орнатыў барысында өзин байытып баратуғын дерек - пикирлер көп түрлилиги ҳәм көз-қараслар рәңбе-рәңлигинен үзилип қалады. Белгили топар яки партия идеялары ҳүкимран идеологияға айланса, еркин пикирлеў, ҳүждан еркинлиги ҳәм көз-қараслар рәңбе-рәңлиги шекленеди. Абсолют шынлыққа ийелик даўасы тоталитарлық принциплерин күшейтеди.

Мәселен, бурынғы Аўқам дәўиринде коммунистлик идеология әне сондай халға түскен еди. оның тийкарғы идеялары бурынғы советлер ҳәкимияты басшылығында зорлық пенен әмелге асырылды. Нәтийжеде, бул идеология жеке ҳүкимран болып қалған еди. ол XX әсирдиң 80-жылларында қыйралыўына жол тута баслады. 1991-жылда бурынғы Аўқам тарқалып кетиўи менен үзил кесил кризиске ушрады. Буның себеплери нелерден ибарат?

Бириншиден, ол өзин инсанийат ойы ерискен ең жоқары шың, абсолют шынлық көриниси деп есаплап, басқа идеологияларды тән алмас, олар бизге жат деген норма тийкарында келисимге келмей ис тутар еди.

Екиншиден, бул идеология таратыўшылары зорлық принципи - «мәжбүр қыламыз» кейпиятында ис тутып, усы идеялар ҳәмме жерде, ҳәмме ўақыт ҳеш қандай артықмашылықсыз ҳәм тоқтаўсыз пропаганда қылынып, халықтың еркин жасаўы ҳәм пикир жүритиўине жол қойылмас еди. Кимде ким бул идеяға қарсы

шықса, аяўсыз жазаланар, пүткил мәмлекет механизми сол жазаны түрли формаларда әмелге асырыўға қаратылған еди.

Үшиншиден, бул идеология көзабаға ғана жәмийетлик топарлар идеологиясы еди. Шынында бурынғы Аўқам дәўиринде зиялылар, дийханлар, хызметкерлер, қала берсе, «жетекши класс» болған рабочийлердиң арасында да идеологиядан наразы болғанлар бар еди. Лекин беккем идеологиялық дийўал артынан олардың даўысы шықпас еди.

Төртиншиден, бул идеология ҳеш кимге ҳүждан еркинлиги, өз пикирин ашық баян етиў, мысалы сырт ел пуқаралары менен ҳалыс түрде сәўбетлесиўге де жол қойылмайтуғын еди. Егерде кимде ким бундай исти ислеўге ҳәрекет етсе «халық душпаны», «буржуазия малайы» на айланар еди.

Бесиншиден, ол миллийликтен пүткиллей жат еди. Онда абстракт интернационаллық барынша улығланар еди. Кимде ким миллий бахалықлар ҳаққында гәп ашса дәрҳал «миллетши»ге айландырылар еди. Миллий сана-сезимге ийе болған шахс, қәнийге, зыялы, алым, басқалар «қалақ», «қәўипли киси» есапланар еди.

Алтыншыдан, бул дәўирде миллий тарийх, соның ишинде, Өзбекстан тарийхы пүткиллей тән алынбас еди. Олар көбинесе тек ғана улыўма түрде айтылып өтилер еди.

Жетиншиден, халықлардың динине, миллий мийрасына, миллий бахалықларына пүткиллей натуўры мүнәсебетте болған еди. Мысалы, хылқымыздың уллы ойшыллары Имам Бухарий, Бахаўаддин Нақшбанд, Махмуд Замахшарий, Имам Мотрудий, Суўпы Аллаяр сыяқлы данышпанлардың бай илимий мийрасларын үйрениў, олардан пайдаланыў қадаған етилген еди.

Булардың барлығы большевистлик - бирден-бир коммунистлик идеологияның раўажланыў талапларына пүткиллей жат екенлигин анық көрсетип берди. Сонлықтанда ол жаңа заман талапларына шыдам бере алмай өз мәмлекети менен бирге тарийхқа айланды.

Бирден-бир идеология ҳүкимранлығы даўа қылып, узақ өтмишке қайтыўға шақырыўшы ислам фундаментализми буннан жырақтай сезиледи. Бирақ шынында бунда да сол қәлип сақланып қалынған. Яғный ислам фундаментализими тарийх дөнгелегин орта әсир жабайылығы дәўирине қайтарыў нықабы астында, бирдейлестирилген тоталитар «келешек»тиң өзине тән қәлибин усынып, онда инсан пуқаралық ҳуқықлардан толық айырылады, хақыйқаттың диний фундаментализм террорына душар етиледи.

Жалғыз идеология ҳүкимранлығының жәмийет өмириндеги зиянлы ақыбетлери:

Шахс еркинлиги ҳәм пикирлер рәңбе-реңлигине келисимсизлик, миллеттиң өзлигин бийкарлаў, миллий ҳәм диний бахалықларды бийкарлаў, миллийликти шеклеў, абсолют шынлықты бийкарлаў, миллийликти шеклеў, абсолют шынлықты билиўликке даўа қылыў, зорлыққа тийкарланғанлығы, қуллық, баққымандалық, бийпарўалық, ***миллий шеклениўшилик***, сиясий тараўда басламасызлық, өзге идеяларға жат қарас, жәмийеттиң руўхый кризиси, тарийхый ядсызлық, ана тилине менсинбеўшилик пенен қараўда анық көринеди.

Ғәрезсизлик шарапаты менен қойылған уллы мақсетлеримизге жетисиў, ески идеологиялық қалдықлардан пүткиллей азат болыў, идеялық бослық пайда болыўына жол қоймаслық, жат идеялардың топылысынан қорғаныў, бундай қәўиплерге қарсы тура алатуғын, ҳәр тәреплеме жетилискен инсанларды тәрбиялап шығарыў зәрүрлиги халқымыз ҳәм жәмийетимиз мәплерине сай миллий ғәрезсизлик идеясын қәлиплестириў ҳәм беккемлеўди талап етеди.

Биз өз миллий өзгешелигимиз ҳәм мың жыллық дәстүрлеримизге, үрп-әдетлеримизге жат болған жалған коммунистлик идеялардан ўаз кештик. Лекин идеология дүньясында бослыққа жол қойып болмаслығы, сондай ҳал жүз берген

жағдайда бос қалған идеология майданынан бизге бийгана, арзыў-нийетлеримизге улыўма жат идеялар орын ийелеўге урыныўы сөзсиз. Тәбиятта бослық (вакуум) болмағанындай жәмийетте де бослық болмайды. Белгили бир дәўирде алдыңғы пикир өзгериўи менен орнын жаңа пикир ийелейди, идеяның орнын жаңа идея ийелейди, сол себепли жәмийетте де бослық болмайды.

Ҳәзирги күнде жүз берип атырған айрым унамсыз жағдайлар, қәте ис-ҳәрекетлер, жаўыз ислер, биринши нәўбетте идеологиялық бослықтың жүзеге келиўи ушын жол қойылған кемшилик ҳәм итибарсызлық себепли жүз бермекте. Идеялық бослықтың жүзеге келиўи биринши нәўбетте, терең жәмийетлик-сиясий, руўхый-психологиялық машқала ҳәм процесслер менен байланыслы. Әдетте, жаңа идеялар ҳәр түрли тәсир күшине ийе болады. Айрым топарлар оларды, тез қабыл етеди, базы бир инсанлардың алдыңғы идеологиялық нормалардан жүз бериўи ҳәм жаңа идеяларды қабыл етилиўи қыйын кешеди. Идеялық бослықтың пайда болыўының және бир дереги - жәмийетте бул тараўдағы тәрбияның жетерли емеслиги, идеологиялық процесслердиң өз ҳалынша таслап қойылғанлығы да мүмкин. Егер мәмлекет яки миллет жәмийетлик топар ямаса қатлам өз мәплерине, мақсетлерин анық-рәўшан билдире алатуғын өз идеяларын идеология жәрдеминде инсанлар, әсиресе, жас әўлад санасына турақлы түрде сиңдирмесе, идеялық бослық пайда болыўы мүмкин. Бундай шараятта исеним пәсейип, идеологиялық қәўиплер күшейеди. Өзиниң беккем идеясы жоқ, исеними бос адамлар болса, тәсирге тез берилиўшең болады, өз жолын жойтып қояды, бундай ҳал жәмийетке жүдә үлкен зиян жеткизеди.

Бурынғы тоталитар дүзим орнына жаңа ғәрезсиз мәмлекетлер қәлиплести. Ҳүкимран бирден-бир идеология жоқ болғаннан кейин, оның аймағында белгили бир ўақыт идеялық бослық (вакуум) жағдайы жүзеге келди. Өмирин өтеп болған идея, раўажланыў көз-қарасынан бийкар етилген екен, жәмийетте жаңа бир идея, алдынғы бир пикирдиң қәлиплесиўине талап сезиледи. Бул талап терең аңлап жетилмеген ҳалда болса идеялық вакуум - бослық жүзеге келеди. лекин идеология тараўында бослыққа жол қойып болмайды.

Шынында бослық дегенимиз не? Идеялық бослық - бул ески тоталитар дүзимнен жаңа дүзимге өтиў процессинде алдын ҳүкимранлық қылып келген идеология өз әҳмийетин жоғалтқаннан кейин, раўажланыў талапларына сай рәўиште оның орнын басатуғын жетекши идеялық системаның еле толық қәлиплеспеген жағдайы. Бундай шараятта ҳәр түрли идеялар усы аймақты өз тәсир шеңберине өткериўге урынады.

1990-жыллардың басларында бундай идеологиялық бослық Өзбекстан аймағында да көзге тасланған еди. оның өзине тән өзгешеликлери төмендегилерден ибарат:

- ҳүкимран, коммунистлик идеология кризиске ушырады ҳәм оның орны босап қалды;

- Өзбекстан ғәрезсиз мәмлекет сыпатында пайда болған, ғәрезсизлик идеологиясы идеялары мәмлекетимиз пуқараларының санасы ҳәм дүнья қарасында белгили дәрежеде сәўлелене баслаған болса да бирақ ол еле ғәрезсиз дүнья қарасына, беккем исенимине айланбаған еди;

- өтиў дәўиринде жәмийетлик турмыстың түрли тараўларында пикирлер ҳәм идеологиялар көп түрлилиги кең көрине баслады. Миллий мәдений мийрас ҳәм баҳалықларға, миллий ғәрезсизлик идеясына деген исенимниң пайда болыўы жағдайда әҳмийетли бурылыс жасады. Өтиў дәўиринде жаңаша көз-қараслар адамлардың беккем исенимине айланып үлгермеген ўақытта сыртқы идея тәсирлерининиң жақсы ямаса жаман, пайдалы ямаса зыянлы екенлигин ҳәмме парықлай алалмады. Өзбекстандағы идеология майданына бийгана, халқымыздың арзыў-нийетлерине пүткиллей жат идеялардың ҳүжими әне сол менен байланыслы геосиясий, идеологиялық мақсетлер менен де дәлийлленеди.

Мәселен, ғәрезсиз мәмлекетимиз тыныш жасап атырған бир пайытта Афганистан ҳәм басқа жақын аймақлардағы турақсыз жағдайдан пайдаланып, олардың аймақларында уя қурып алған базы бир экстремистлик күшлер, террористлик топарлар өз жеке мақсетлерин әмелге асырыўға, Орайлық Азия регионын идеологиялық гүреслер майданына айландырыўға урына баслаған еди.

- Идеялық бослық мәмлекет қәўипсизлиги ҳәм пуқаралар тынышлығына үлкен қәўип салады. Себеби идеялық бослық, идеялық күшсизликке, идеялық ыдыраўшылыққа алып келеди. Идеялық бирликке, мәмлекет қүдиретине зыян келтиреди. Нәтийжеде мәмлекетлер ҳәм халықлар ғәрезсизликке экономикалық ҳәм идеологиялық қысымға түсип қалады, **түскинлик ҳәм кризиске** жолығады. Мәселен Шынғысхан елимизге басып келгенде Мухаммед Хорезмшах басшылығындағы мәмлекет қүдирети ҳәм ләшкерлериниң саны жағынан Шыңғысханнан бир неше есе үстин еди. Лекин идеялық ыдыраўшылық себепли мәмлекет халқы апатшылыққа ушырады. Әне сондай, Патша Россиясы басқыны дәўиринде де кем санлы рус әскерлерине қарсы Бухара Әмирлиги, Хийўа ҳәм Қоқан ханлықларының бир-бири менен келиспеўшиликлери улыўмалық душпанға қарсы күшлерди бирлестириў идеясы орнына, керисинше, өзлеринше бөлинип қарсы турыўлары, бирикпегенлиги ақыбетинде халықты бирлестирип, гүреске мобилизацияламағаны үлкемиздиң қарамлыққа түсип қалыўына себеп болды. Жәмийетимиздеги барлық қатлам ҳәм топарларды бирден-бир күш сыпатында улыўма мақсетлер ҳәм түпкиликли мәплер жолында бирлестиретуғын жәмийет идеологиясы ғана идеялық ыдыраўшылыққа шек қойды. Сонлықтанда өз келешегин ойлаған ҳәр бир мәмлекет ҳәм жәмийет идеялық бослық ҳәм идеологиялық ыдыраўшылыққа жол қоймаў, ескирген ақидалар ҳәм жат көз-қарасларды бийкарлаў менен бирге, алдыңғы пикирлер, уллы мақсет ҳәм ийгиликли идеяларды адамлар санасы ҳәм қәлбине сиңдириўге ҳәрекет қылады.

- **Инсан ҳәм жәмийет өмиринде идея ҳәм идеологиялардың орны. Идеологиялық плюрализм.** Идеологиялық плюрализм (латынша PLURALIS - ҳәр түрлилик, рәңбе-реңлик) - жәмийетлик-сиясий өмирде түрли қатлам, партия, топарлар мәплерин билдириўши идеялық рәңбе-реңликти, көз-қараслар ҳәм пикирлер көп түрлилигин билдиреди.

Инсан ҳәм жәмийет өмиринде идеялар ҳәм идеологиялар көп-түрлилигиниң болыўы жәмийетлик-руўхый талап көриниси болып табылады.

Жәмийетте идея ҳәм идеологиялар көп-түрлилигиниң көриниўи инсанлардың тәбият-жәмийет ҳәдийселери, әлем ҳәм адам ҳаққындағы пикирлери ҳәр түрлилиги менен түсиндириледи. Улыўмалық идеяға исениў себепли ҳәр қыйлы социаллық топарлар қәлиплеседи. Олардың мақсетлери, арзыў-нийетлери, мәплери бир-биринен парықланыўы мүмкин.

Социаллық топарлардың мақсет ҳәм мәплерин сәўлелендиретуғын, оларға руўхый күш бағышлайтуғын идеяларды әмелге асырыў жоллары да ҳәр түрли болады.

**Ийгиликли, жаратыўшылық, бирге ислесиў, азатлық, еркинликти орнатыўға қаратылған пикирлер мәмлекетте тынышлық, халықлар ортасында татыўлық, турақлылыққа хызмет қылады. Олар мәмлекет раўажланыўында әҳмийетли орын тутады. Ийгилик ҳәм жаратыўшылықты нәсиятлаўшы пикирлер ийгиликли ҳәм жаратыўшылық идеялардың пайда болыўына себеп болады. Әмир Темурдың тарқалып кеткен халықты бирлестириў ҳәм оның тийкарында орайласқан мәмлекет дүзиў ҳаққындағы пикирлери негизинде мәмлекет абатлығы, халық тынышлығын тәмийнлеўге қаратылған жаратыўшылық идеялары пайда болды. Бузғыншылыққа баслаўшы жаўыз пикирлер жаўызлықты тарқатып урысты нәсиятлайды. Бузғыншы пикирлер жәмийеттеги белгили бир**

**топарлар, қатламлардың санасына сиңип оның жаўыз мәплерин аңлатыўшы идеяға айланыўы мүмкин. Бундай жағдайда жәмийетте турақсызлық жағдайы жүзеге келип, адамлар басына үлкен ғам-қайғылар жаўылыўы мүмкин.**

**Жәмийетте пикирлер көп түрли болыўы ҳәм бир-биринен парық қылғанындай, идеялар да ҳәр түрли болып, мазмунына, өз алдына қойған мақсети ҳәм қайсы социаллық группалардың мәплерине хызмет қылыўына қарап бир-биринен парық қылады. Идея менен идеяның бир-бирине уқсамаўын ҳәм олар ортасында парық болыўын тәбийий процесс деп қараў керек. Қайсы жәмийетлик қатламның мақсетин аңлатыўы ҳәм кимлердиң мәплерине хызмет қылыўына, қандай бағдарға ийелигине қарай да идеялар ҳәр түрли болыўы мүмкин. Лекин идея ҳәм идеологиялардың көп түрлилиги ҳәм бир-биринен парық қылыўы тәбийий процесс сыпатында қаралыў менен бирге, олардың бир-бирине жақын улыўмалық тәреплери соның менен бирге бир-бирине улыўма туўры келмейтуғын тәреплери де болады.**

Сөзсиз, белгили бир идея ҳәм идеологияны жәмийет ағзалары санасына мәжбүрий сиңдириў ҳәм оған әмел қылыўды ҳәммеден талап етиў - қәте. Не ушын? Себеби, мәселен, бурынғы «Аўқам дәўири»нде коммунизм идеясын идеология жәрдеминде жәмийеттиң барлық ағзалары қайсы социаллық топар, қайсы миллетке ҳәм қайсы динге ылайықлығы ҳәм мақсетлери итибарға алынбастан, олар ушын мәжбүрий қылып, атеизмди үгитледи ҳәм ақыбетинде бул идеяның өмир сүриўлигине адамларда қәўетер ҳәм исенимсизлик артып барды.

Идеология белгили бир социаллық топардың, миллеттиң, халықтың, жәмийеттиң мәплерин өзинде жәмлестирген көз-караслар, идеялар системасы. Бул система өзиниң философиялық, сиясий, ҳуқықый, мораллық, диний, көркем негизлерине ийе. Демек, идеология өз мазмуны ҳәм ўазыйпасы жағынан жүдә рәңбе-рең болыўы тәбийий. Жәмийет өмири түрли қатламлар, бағдарлар ҳәм дәрежелерге ийе болғанындай, идеологияда ҳәр түрли болыўы мүмкин.

Жер жүзиндеги барлық инсанлар өз ой-пикирлерине ийе болып әмелий ис жүритеди. Сол себепли грек философы Аристотель еки инсан толық бир түрде пикирлемейди, олардың әлем ҳаққындағы түсиниклери, пикирлери ҳәр түрли дегенде, ҳақ еди. Ҳақыйқаттан да, дүньядағы халықлар, миллетлер, мәмлекетлер де бир-биринен парық қылады. Олардың диний исеними, миллий мәденияты, демек менталитети, мақсетлери ҳәм раўажланыў жоллары да көп түрли. Олардың арзыў-нийетлери, өмирлик идеаллары, мақсетлерин сәўлелендиретуғын идеялар ҳәм оларды әмелге асырыўда руўхый күш бағышлаўшы идеологиясы да ҳәр түрли болыўы тәбийий. Ҳақыйқаттан да, дүньядағы ҳәр бир мәмлекет, халық ҳәм миллет, жәмийеттиң мақсет ҳәм мәплерин билдиретуғын өзине тән идеясы ҳәм идеологиясы бар.

Мәмлекетте алдыңғы идеялар, идеологиялар қанша көп болса, яғный идеологиялық плюрализм ҳүкимран болса, раўажланыўдың қолайлы жолын таңлап алыў ушын имканият соншелли кең болады. Пикирлер еркинлиги ҳәм көп түрлилиги идеологиялардың мазмун жағынан байыўына, бир-бирин толтырыўға хызмет қылады.

Ғәрезсиз Өзбекстан идеология жеке ҳәкимлигинен ўаз кешти ҳәм миллий раўажланыўы ушын кең жол ашты. Мәмлекетимизде идеологиялар ҳәм пикирлер ҳәр түрлилиги жәмийетлик раўажланыўға хызмет қылатуғын жаңадан-жаңа идеялардың пайда болыўына түрли халықлар, елатлар, миллетлер ҳәм сиясий институтлардың мәплерин улыўма түрде әмелге асырыўға имканият жаратты. Сондай-ақ, ол мәмлекетимизде көп партиялық системасына да шараят жаратылды. Сиясий партиялар болса өзлери ағза болған қатламлар, сиясий топарлардың мәплери, умтылыўлары, арзыў-үмитлерин улыўмаластырған ҳалда өз ҳәрекет дәстүрлери арқалы көрсетеди.

Соның менен бир қатарда, тарийхый раўажланыўдың жуўапкершиликли дәўирлеринде жәмийеттеги барлық социаллық топарлар, миллет яки сиясий бағдарларды өзинде жәмлеген, жәмийеттиң тийкарғы мәплерин өзинде бирлестиретуғын идеологиялар да болыўы мүмкин. Мәселен, миллий азатлық гүреси идеологиясы, миллий ғәрезсизлик идеологиясы ҳ.т.б. Улыўма миллий идея жәмийет ағзаларының, халықтың түпкиликли мәплерин ҳәм көңлиндеги арзыў-әрманларын аңлатқаны, миллетлердиң бирлиги, жәмийеттиң қүдиретиниң беккемлениўи, пуқаралар ортасында баўры кеңлик қатнасықларын аңлатқаны себепли адамларды үлкен мақсетлер жолында бирлестиретуғын күшке ийе болды. Бундай идея жәмийетте турақлылықты тәмийинлейди. Пикирди еркин билдире алатуғын шахс, топар яки жәмийетлик қатлам, биринши нәўбетте, өзиниң анық рәўшан, тийкарлы көз карасларға ийе болыўы, өз көз-қарасы ақыбети ушын жуўапкершиликти өз мойнына алыўы, бәсеке сөйлесиў мәденияты талапларына әмел қылыўы лазым. Яғный, пикирлер рәңбәреңлиги ҳәм көз-қараслар көп түрлилиги белгили бир жәмийеттиң миллий мәплерине, улыўма инсаный баҳалықларға, ҳәзирги нызамшылық нормаларына, мораллық принциплерге қарсы болмаўы лазым. Сол себепли жәмийетте жаратыўшылық идеяларын алға сүриўши ҳәм турмысқа қоллаўшы күшлер жәмийет ағзалары ортасында өз идеяларын сиңдириўге урынса, көпшилик санасына унамлы тәсир көрсетип, жәмийетте турақлылық, тынышлық ҳәм жаратыўшылық ислерине өз тәсирин көрсетеди. Мәселен, бул ерте орта әсирлерде мәмлекетимиз аймағында илим-пән, мәденият, әдебият, өнерментшилик раўажланыўы себепли экономикалық, социаллық, мәдений-руўхый тараўларында ояныў жүз берип, көплеген жетик данышпанлардың жетилисип шығыўына алып келди. Олар өз тәлийматларында уллы идеялар жаратып, жәмийет раўажланыўына унамлы тәсир көрсетти. Ҳақыйқаттан да, жаратыўшы идеялар инсанды улығлайды, оған руўхый қанат бағышлайды.

Жәмийетте ийгиликли идеялар барлық дәўирлерде инсанды үлкен әрманлар менен жасаўға, уллы мақсетлер жолында исеним менен гүресиўге үйретеди. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанда әмелге асырылып атырған барлық тараўлардағы жаратыўшылық ислери буған анық мысал бола алады. Инсан ҳәм жәмийет бар екен ийгиликли идеялардың қарама-қарсысы болған зорлық, жаўызлық жаңадан-жаңа формаларда ушыраўы да мүмкин. Лекин олар имканияттың әдиллик, теңлик, тынышлық, туўысқанлық, раўажланыў ҳәм пәраўанлық идеяларына сүйенип, уллы мақсетлерге қарай умтылыўларын тоқтата алмайды. Ийгиликли ҳәм уллы идеялар адамларды ҳәмме ўақыт қайырлы мақсетлерге қарай жетеклей береди. Жаратыўшылық идеялары журтты аббат, халық өмирин пәраўан қылыўдай қайырлы мақсетлери менен ажыралып турады. Олар инсаният раўажланыўға ерискен дәўирлерден берли жәмийет өмириниң ең ийгиликли идеялары сыпатында жасап келмекте.

## Жаратыўшы идеялар ҳәм идеологиялардың жәмийет өмириндеги унамлы тәсири

Жаратыўшы идея - инсанды улығлайтуғын, оның күш-ғайраты ҳәм қүдиретин асырып, халқы, Ўатаны, барлық инсаният ушын пайдалы ислер қылыўға мобилизациялайтуғын, өзинде раўажланыў руўхыйлық, дослық, тынышлық, әдиллик, ҳадаллық, пәклик сыяқлы ийгиликли сезимлерди өзинде жәмлейтуғын идея.

Инсаният тарийхы ҳәр түрли идея ҳәм идеологиялардың жүзеге келиўи, бир-бири менен қатнасынан ибарат үзликсиз процесс. Бул процессте ҳәр түрли идеялар қандайда бир күшлерге хызмет қылыўы, өзине исенген инсанларды қандай мақсетлерге қарай жетелеўине қарап бир-биринен парықланады.

Жәҳән тәжирийбесине нәзер тасласақ, пүткил дүнья раўажланыўына үлкен тәсир көрсеткен теориялық тәлиймат ҳәм идеологияларды таратыў ушын

инсаният тарийхының түрли дәўирлеринде үлкен ақыл-зейин, талант ҳәм терең ой ийелери аянбай мийнет еткенлигин көремиз. Сократ ҳәм Платон, Конфуций ҳәм Зардушт, Амир Темур, Алишер Наўайы, Махатма Ганди сыяқлы уллы ойшыллардың искерлиги буның айқын мысалы бола алады.

Олардың ҳәр бири өз дәўиринде өз халқын бирлестирген әҳмийетке ылайық идеяларды жаратқан. Бул идеяларға сүйенип жаратыўшылық жолында, ийгиликли мақсетлерге ерисиў ушын ҳармай-талмай мийнет еткен. Бул ҳаққында инсаниятқа ийгиликли идеяларды нәсиятлаған Зардуштта, «Өзин аңламақ уллы саодат (жетискенлик)» екенлигин айтқан Сократта, «халықты бир тилге бириктирдим» деп инсанпәрўарлық, әдиллик идеяларын жырлаған Наўайыда, Орайласқан мәмлекет дүзип, халықты бирлестирип, оның әдиллик күшине исенимин беккемлеген Әмир Темурда, Ҳиндистан азатлығы жолына өмирин бағышлаған, ағартыўшылық жолы менен жеңип шыққан Махатма Ганди бүгинги әўладлар ушын өрнек үлгиси болған уллы инсанлар. Жәмийетте ийгиликли мақсетлерге хызмет қылатуғын идеологияларға жаратыўшы идеялар тийкар болды.

Жаратыўшылық ақыл-закаўат, қәлби дөретиўшилигине айланғанда шын мәнисинде қәдир-қымбат пайда етеди. Мәселен, бурынғы совет дәўиринде инсанлар қәлбиндеги жаратыўшылық сезимин сөндирген дүзим өзинше көп ислерди, үлкен режелерди әмелге асырыў ушын урынып көрди. Лекин қәлб жаратыўшылығына айланбағанлығы ушын ислеген жумысларда берекет ҳәм нәтийже болмады. Қәлб жаратыўшылығы болса исеним менен, пәк нийет пенен тек ғана бүгин ҳәм ертеңди емес, бәлким алыс келешекти ойлап жаратыў. Адамзатқа әзелден ақыл-зақаўат пенен қәлб жаратыўшылығы тән қәсийет. Оның қәлби менен қолы бирдей ислесе, ҳақыйқый әжайыбатлар жаратылады. Неше әсирлерден берли дүньяны таң қалдырып киятырған Мысыр Пирамидалары, Шахрисабздеги Ақсарай, Самарқандтағы Бийбиханым, Регистан майданларындағы медреселер ансамбльлери, Таджмахал естелиги, Эйфель минарасы, қаншадан-қанша көркем-өнер ҳәм мәдeният дүрданалары - барлығы әне сондай жаратыўшылық үлгиси боылп табылады. Бундай әжайыбатлар бизиң мәдений мийрасымызда, Хийўа, Бухарадағы тәкирарланбас естеликлеримизде, классикалық көркем шығармаларында жоқары әдеп-икрамлылыққа тийкарланған үрип-әдет ҳәм дәстүрлеримизде өз сәўлелениўин тапқан.

Уллы данышпан бабамыз Бахауаддин Нақшбанд «Жүрегиң - Аллада, қолың - мийнетте болсын» деп жаратыўшылыққа шақырғанларында, ҳәр қандай исти ақыл ҳәм исеним менен әмелге асырыўды нәзерде тутқан. Бул шақырықта инсан жүрегинде Аллаға исеним қойып, өзи ҳадал мийнети менен тиришилик өткериў ҳәм илим-өнер үйренип Ўатанды абат қылыўға шақырады. Диний ислерди дүньялық ислер менен байланыста алып барыў, дүньялық ҳәм диний исенимниң бирлиги арқалы жәмийетте турақлылық, тынышлық ҳәм пәраўанлыққа ерисиў мүмкиншилиги идеясы нәсиятланады. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекстанда, Ислам дининиң ийгиликли идеялары миллий бахалықларымыз ҳәм турмыс тәризимизге терең сиңип бармақта. Улыўма, исенимди искерликке, искерликти болса исенимге айландырыў халқымызға тән. Мәселен, жақсылықты, яғный әпиўайы инсаний искерликти исеним дәрежесине көтергенимиз яки Аллаға болған исенимимизди тек ғана ийгилик жолында хызмет қылдырыўды дәстүрге айландырамыз (яғный, динди нықап қылып ақыйдапарастлыққа, жаўызлыққа, бузғыншылыққа берилмегенимиз) буның дәлили.

Жаратыўшылық идеялар менен қуралланған адамлар пәрәўан турмыс, еркин жәмийет қурыў ушын гүрес алып барғанлығы тарийхтан мәлим. Бундай процесс унамлы идеялардың туўрылығына, олар болса, өз нәўбетинде, еллер, халықлар ийгилик, мийнетсүйгишлик сыяқлы дөретиўши идеяларды тарқатқан

инсан, пайғамбар Зардушт жаратқан «АВЕСТО» китабындағы жоқары идеялар уллы ўатанласымыз Зардушттың өлмейтуғын идеологиясы еди.

Дерлик үш мың жыл алдын ағартыўшылық қуранын жаўызлық бултлары қаплап алған дәўирде уллы ўатанласымыз Зардушт жеке қудайлық ҳәм ийгиликли идеяларды нәсиятлай баслаған еди. Зардушт тәлиматында инсанды ийгиликке баслаўшы идеялар орайлық орынды ийелейди.

Ийгилик ҳәм жаўызлық күшлери ортасындағы идеялық гүрес зардуштийлик дининиң мухаддес китабы «АВЕСТО»да көрсетип өтилген. Онда әскерий соқлығысыўлар, басқыншылық урыслары, хайўанларды азаплаў, адамларға әдилсизлик, өтирик сөйлеў, ўәдеге опасызлық, сатқынлық қылыў идеялары қараланып, отырықшы өмир кешириўге, мийнетке, дийханшылық, шарўашылық пенен шуғылланыўға шақырыўшы идеялар улығланады. Зардуштийлик双 нинде жер, суў, таза ҳаўа, ана тәбият әлпешленеди, қурғақ жер ашып, оны бағ-бақшаларға айландырған адам қудайдың шарапатына ериседи, керисинше, бағлар, егислик жерлер, суўғарыў қурылмаларын бузғанлар үлкен гүнаға қалады. Зардушттың ийгиликли идеялары инсанларды тыныш-татыў жасаўға, ҳадал мийнет етип Ўатанды абат етиўге шақырады.

«АВЕСТО»да Ўатан сүйиўшилик идеясы улығланып, адамларды баркамол болыўға шақырған. «Маған баркамал ҳәм диншил, ўатанды сүйиўши ҳәм жәмийетлик бирге ислесиўши, татыў, жақсы әдепли, қараңғылықтан, қыйыншылықтан қутқарыўшы перзентлер бер. Олар мәнзил, қала, үлке ҳәм оның аты және даңқын көтерсин»[9] делинеди. Сондай-ақ, шығармада ана жерди әзизлеў, оны абат етиў идеялары нәсиятланады. Мәселен, «АВЕСТО»да жазылыўынша, жерди ҳәммеден көбирек бахтияр қылған шахс, ҳәммеден көп бийдай, шөп ҳәм мийўелы тереклер еккен адам болып табылады. Ол қурғақ жерлерге суў шығарған ҳәм суўлы жерлерди шүдигар қылған инсан..., - делинеди.

Узақ ўақыт егилмеген ҳәм гүнде тиймеген жер бахытсыз. Кимде-ким жерди шеп ҳәм оң қол менен, оң қол ҳәм шеп қол менен шүдигарласа, жер оған параўанлық инам етеди... Жер де мол мийўаларды инам етеди.

Жердиң шүдигар қылынып, сайланды дәнлер себилиўи, бийдай өсимлигиниң өнип шығыўы сол жердеги жаўыз күшлер, дәўлердиң бул жерлерден кетиўи ҳаққындағы идея Авестоның Вандидат тараўына бағышланған бөлиминде төмендегие берилген:

«Қашан атызларда дән жетилсе, дәўлер орынларынан көшеди.

Қашан бийдай гүркиреп көгерсе, дәўлер қорқыныштан дир-дир қалтырай баслайды.

Қашан бийдай ун болса, дәўлер қапа боладылар. Қашан бийдай қырманға үйилсе, дәўлер набыт болады. Қайсы бир үйде бийдай бас шығарса, дәўлер ол үйден узақласады. Қайсы бир үйде бийдай амбары болса, мисли қыздырылған темир дәўлер мойынын шырмап таслайды». («АВЕСТО», 115-бет).

«Авесто»да сәўлеленген Зардушттың «Жақсы нийет жақсы сөз ҳәм жақсы ис-ҳәрекетти алғыслайман» Нийет, сөз ҳәм ислер ишинен мен жақсы нийет, жақсы сөз ҳәм жақсы исти таңлайман. Мен барлық жаман әндийше, жаман сөз ҳәм жаман истен жүз бураман»[10], деген ҳикметли сөзлери бүгинги күнде де үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Бул өлмес идеялар кейиншелик пайда болған динлер, тийкарынан, христианлық ҳәм ислам тәрепинен де қабыл етилди. Демек, бул китап өз дәўиринде қәлиплескен идеялар системасынан ибарат болған жәмийет идеологиясы еди.

---

[9] Авесто. Тарихий-адабий едгорлик. А.Махкам таржимаси. – Т., Шарқ, 2001,90,111-бет

[10] Авесто. Тарихий-адабий едгорлик. А.Махкам таржимаси. – Т., Шарқ, 2001,90,111-бет

Ҳиндистанда пайда болған буддизм дини әсте-ақырын Қубла, Шығыс Азияда жасайтуғын көпшилик халықтың идеологиясына айланды. Эрамыздың биринши әсиринде Рим империясында қәлиплескен христианлық дини жәҳәнниң көпшилик халықлары ҳәм миллетлери тәрепинен қабыл етилди, олардың руўхый өмири, турмыс тәризи ҳәм мәдениятының раўажланыўына унамлы тәсир көрсетеди.

Қытай ҳәм Ҳинд ойшылларының жәмийет раўажланыўы ҳаққындағы караслары ҳәм жаратыўшылық идеялары да Азияның «шығысша» руўхыйлығын да өзине тән орын тутады. Соның ишинде Уллы Қытай ойшылы Конфуцийдиң (б.э.ш. 551-479) идеялары ҳәзирги күнге шекем Қытай халқы идеологиясында жетекшилик қылып келмекте.

Конфуцийдиң философиялық ҳәм мораллық идеялары орайында инсан, оның ақлый ҳәм руўхый көриниси, әлемдеги ҳәм жәмийеттеги орны, ўазыйпасы машқалалары турады. Бул идеяның тийкары жәмийетти ҳәр қандай жәмийетлик қәўиплерден асырып қалыў ҳәм инсанлар мәплерин жоқары қойыўға қаратылған. Ойшылдың мақсети халықты өмир сүрип турған тәртип-қағыйдаларды ҳүрмет қылыў руўхында тәрбиялаў болған. Бул идея бойынша инсанлар жәмийеттиң тәбийий раўажланыўына қарсы шықпаслығы, яғный революциялық жолды таңламаўы керек. Конфуций инсанийат ҳаққында пикир жүритер екен, адамлар социаллық келип шығыўы яки жәмийеттеги статусы арқалы емес, бәлким инсаныйлық, әдилликти сүйиўшилик, ҳақыйқатгөйлик, ашық кеўиллик, перзентлик иззет-ҳүрмет сыяқлы жоқары руўхый пазыйлетлерге ерисиў арқалы кәмилликке жетиўи мүмкин деп, есаплайды.

Өмирдиң, болмыстың мазмунын аңлаў ҳаққындағы буддизм désininиң тийкарын салыўшысы Сидхарта Гаутама көз-караслары әҳмийетли орын тутады. Ҳәр қандай инсаний сезим, сезиў, елес ҳәм қәлеў азап-ақыретлерди тереңлестиреди. Өмирдиң мазмуны туўылыў, жақсы көриў, өлим, азаптан ибарат. «Барлық гирдабы»нан шығып алыў ушын уйқыдан ояныў, дүньяның мазмунын аңлаў, өмирди сүйиўден, кеўил хошлықларға, ләззетлерге, ҳәкимиятқа, байлыққа умтылыўлардан ўаз кешиў лазым деп айтылады. Бул мораллық талапқа гөре, ҳәр бир инсан жаманлық қылыўдан, жалған сөйлеўден, урлық қылыўдан, сезимлерге артықша берилиўден, ишкиликлерден өзин тыйыўы лазым.

Сидхарта Гаутама инсанды өмирдеги азаплардан қутқарыўдың жолларын табыў ҳаққындағы тәлийматында, оның шешими инсанның өзине байланыслы екенлигин тийкарлаўға урынып, инсан тек ғана өз күшине сүйенген ҳалда «қутылыўдың инсаныйлық төмендеги сегизлик жолынан» саналы ҳәрекет ҳәм шаққан қәдемлиги менен өз мақсетине ерисиўи мүмкин, деген идеяны алға сүреди. Буның ушын:

1. Исеним туўры қәлиплескен болыўы,
2. Мақсетке қарай қатаң ҳәрекет етиўи,
3. Дурыс ойлаў ҳәм сөйлеў,
4. Дурыс характер болыўы,
5. Дурыс турмыс тәризи болыўы,
6. Күш-ғайраттың дурыс мақсетке қаратылған болыўы,
7. Пикир, мақсеттиң дурыс бағдарланған болыўы,
8. Дыққат-итибарды дурыс арзыў-нийет қылыўға қаратыў кереклиги айтып өтиледи[11].

Инсан өзиниң өмири даўамында бул қағыйдаларға әмел қылса, дүньяның мазмунын тереңирек аңлап барады, мурат-мақсетине ерисип, ақыр-ақыбетте жоқары кәмилликке ҳәм тынышлыққа ериседи. Гаутама тәлийматында, тийкарынан, шешенликтиң жоллары ҳәм талаплары ҳаққында пикир жүритиледи. Усы тәлийматта алға сүрилген унамлы әдеп-икрамлық талаплар, инсанды өзин

[11]Жўраев У. Дунье динлари тарихи. – Т.Шарқ, 1998, 77-бет.

басқара алыўға шақырыўшы туўры пикир жүритиў, жүрис-турысы туўры болыўы, нийетти туўры мақсетке қаратыў ҳаққындағы идеялар инсанларды өзине тартқан ҳәм адамлар усы тәлийматты қабыл етип оның талапларын орынлаған.

Инсанperiyat ҳәмме ўақыт жақсылықты жақлап, жаманлыққа қарсы гүреседи, жаратыўшылық оған тән болған уллы пазыйлет болып табылады. Шығыс халықларының уллы дөретиўшилиги, жаратыўшылығы ҳәм баҳалықлары түрли дәўирлер тәсиринде Батысқа, соның ишинде, антикалық Грек-Рим мәдениятына да күшли тәсир көрсетти. Мәселен, А.Македонскийдиң устазы, жәҳәнгир шәкирти Азияны ийелегеннен кейин, оған жиберилген «АВЕСТО» китабын терең үйренген әййемги грек философы ҳәм энциклопедист алымы Аристотель (б.э.ш. 384-322 ж.ж.) өз идеяларын байытады ҳәм оған әҳмийетли өзгерислер киритти. Ол жәмийетте жүз берип атырған барлық ўақыялар тәбиятқа тән деп биледи. Бул арқалы жәмийетти түпкиликли өзгертиў идеяларына қарсы шығады ҳәм жәмийет раўажланыўы тәбийий процесслер тәризинде өтиўи керек, деп есаплайды.

Платон (б.э.ш. 427-347 ж.ж.) болса идеялар улыўмалық түсиниклер сыпатында адам ақылына байланыслы емес, олар иләҳий қәсийетке ийе түсиниклер, деп айтқан еди. Оның тийкарғы идеясы - жақсылық ҳәм жеккелик. Бул философтың устазы болған Сократ (б.э.ш. 470-399 ж.ж.) болса диалог арқалы, яғный белгили бир мәселелерди ортаға қойыў мүмкин, деп билген. Ол жақсылық ҳәм билим данышпанлық, жақсылық мазмунын туўры аңлаған инсан ғана жақсылық қылады деп түсиндиреди. Сократ әдилликке қарсы болған мәмлекет басқарыўының ҳәмме формаларын критикалайды, тек ғана әдил демократиялық мәмлекет басқарыў формасын жақлап шығады.

**Абу Насыр Фарабий (873-950)**

«Шығыс Аристотели» атын алған энциклопедист алым. 160 тан артық шығарма жаратқан. «Логикаға кирисиў китабы», «Дәлийла китабы», «Философияға түсиндирмелер», «Музыка ҳаққында үлкен китап», «Инсан ағзалары ҳаққында китап», «Сөзликлер ҳаққында китап», «Қаланы басқарыў», «Пазыйлетли қылықлар» сыяқлы шығармалары менен жәҳән мәденияты раўажланыўына теңи-тайы жоқ үлес қосқан.

«Ең әўели анаңа, және анаңа ҳәм және анаңа, соң атаңа жақсылық қыл», «Сизлердиң жақсыларыңыз әдеби жағымлы болғанларыңыздур», «Егиў нийетинде қолыңызда нәл турған пайытта билқәстан қыямет қайым болып қалыўы анық болғанда да үлгерсеңиз оны егип қояберiң»[12], деген шақырықларда жақсылық ҳәм инсанпәрўарлық идеялары жәмлескен. Шығыста, яғный Туран топрағында болса жәмийет раўажланыўы ҳәм жаратыўшылық идеялары ҳаққында Абу Наср Фарабий, Ибн Сино, Алишер Наўайы көз-қараслары өзине тән орын тутады. «Ал-муаллим ас-Соний» («Екинши муғаллим»), Шығыс Аристотели деген ат алған Абу Наср Фарабий (873-990 ж.ж.) өзиниң «Пазыл адамлар қаласы», «Пуқаралық сиясаты», «Бахыт саадатқа ерисиў ҳаққында» сыяқлы шығармаларда жақсы жәмийет, әдил дүзим ҳаққындағы өз ой-пикирлерин баян етип, өз дәўири ушын изшил тәлиймат жаратты. Ол ҳәр тәреплеме жетик, барлық халықты бахыт-

[12] Имом Бухорий. Ал-Адаб, Ал-муфрад. – Т.Ўзбекистон, 1990,46,90,93,116-бетлер

саадатқа, илим-ағартыўшылыққа алып барыўшы жоқары әдепке ийе идеал жәмийет ҳаққындағы идеяларды алға сүреди.

Абу Наср Фарабий: «Инсанның мазмуны ҳақыйқый бахыт-саадатқа ерисиў екен, инсан бул мақсетти өзиниң ең жоқарғы идеясы ҳәм қәлеўине айландырып, бул жаңа барлық имканиятлардан пайдаланса, ол бахыт-саадатқа ериседи» деп айрықша көрсетип өтеди. Сол дәўирдиң уллы ойшыллары Абу Райхан Беруний ҳәм Абу Алий Ибн Синоның бул тараўдағы көз қараслары да өзине тән.

Олар ҳәр бир нәрсени гүзетиў ҳәм тәжрийбе тийкарында үйрениўге, кейин жуўмақ шығарыўға умтылған, барлық жаратыўшылық инсанның мийнетине байланыслығы айтылады. Уллы өзбек шайыры, ойшылы ҳәм мәмлекетлик ғайраткери Алишер Наўайы болса өз шығармалары менен жәмийет раўажланыўының заманына тән пазыйлетлерди жаратыўға ҳәрекет еткен. Ол қосықлары ҳәм дәстанларында турақсызлыққа, урыс жәнжеллерге, билимсизлик, жаўызлыққа қарсы гүрес идеяларын улығлайды. Инсанларды мийнетке, жаратыўшылыққа, әдилликке шақырады. Ағартыўға тийкарланған жәмийет жаратыўды әрман етеди. Оның бул әрманлары «Фарҳад ҳәм Шийрин», «Садди Искандарий» сыяқлы дәстанларында өз көринисин тапқан. Шайырдың тиккелей өзи де жаратыўшылық ислерине бас-қас болған.

**Абу Али Ибн Сино**
**(980-1037)**

Орта Азия халықлары мәдениятын пүткил дүньяға таныткан атақлы ҳәким, бир қатар тәбийий пәнлер билимданы, Европада Авиценна аты менен танылған уллы энциклопедист ойшыл. Ол адам жаратқан 450 ден артық шығармаларынан «Тиб нызамлары», «Данышнама», «Үмит китабы», «Турар жайдың дүзилиси», «Инсан китабы», «Медициналық көрсетпелер ҳаққында» сыяқлы 160 қа жақын шығармалар бизге шекем жетип келген.

Уллы мутассаввуфлер Хожа Юсуп Хамаданий, Ахмед Яссаўий, Абдухолиқ Ғиждивоний, Бахауддин Нақшбанд Термизийлердиң тәлиматларында сәўлеленген кәмил инсан идеялары, әдиллик ҳаққындағы көз-қараслары жәмийеттиң саламат руўхый-мораллық руўхын сақлаў ҳәм беккемлеўге хызмет етти. Бул идеялар Ўатан ҳәм халық мәпи жолында пидайылық ҳәм инсанпарўарлықты улығлайды.

Ийгиликли идеялар Махмуд Қашқарий, Юсуп Хос Хожиб, Ахмед Югнакий, Лутфий, Абдурахмон Жомий, Алишер Наўайы, Жалалоддин Румий, Мирзо Абдулқодир Бедиллер дөретиўшилигинде терең орын ийелейди ҳәм өзбек мәмлекетиниң раўажланыўында да әҳмийетли фактор болып хызмет етти. Билим ҳәм ақыл арқалы ийгилики ислер қылыў ҳаққында Юсуп Хос Хожибтиң төмендеги

**Мирзо Улуғбек**
**(1394-1445)**

Уллы астроном, мәмлекет әрбабы, илим-пән ҳәм мәдeният ҳомийси өз дәўиринде Самарқандта обсерватория қурдырып, астрономиялық мектеп жаратқан алым. Илмий мийрастың гултажы “Зижи жадиди Кўрогоний” шығармасы болып, “Бир дәреже синусты анықлаў

пикирлери итибарға ылайық: «Тәбият кимге зейин, ақыл, билим берсе, ол ийгиликли ислер қылыўға қол урады», деп жазған еди, («Кутадғу билиг» (XI) атлы шығармасында. Әмир Темурдың «Темур тузуклери», Низомулмулктиң «Сиясатнама» китабында мәмлекет басқарыўы ҳәм пуқараларға қатнаста әдиллик, инсан, диянат, ел-журт тынышлығы ҳәм абатлығы бас идея сыпатында алға сүриледи.

Бул идеялар Темурийлер мәмлекети идеялық принциплериниң алдыңғы бағдары еди. Әмир Темурдың жаратыўшылық идеялары ҳәм әмелий искерлиги үлкен әҳмийетке ийе болып, оның тийкарғы мақсети жаратыўшылық еди. Соның ишинде, ол «Темур тузуклери»нде: «Егер пуқарадан бириниң үй имараты бузылып, дүзетиўге шамасы жетпесе, керекли үскенелер жеткерип берип, оған жәрдем берилсин», деп көрсетпе береди. Усы орында, Журт басшымыздың Әмир Темур өз мәмлекетин ақыл-зейин ҳәм ҳуқықый тийкар менен басқарған десек әдил болады, деген пикирлери жүдә орынлы. Себеби, Сахыпқыран өз жаратыўшылық мақсетине ерисиў ушын сабыр-тақаатлық пенен ҳәрекет еткен. Соның ишинде, бул ҳаққында «Темур тузуклери»нде жазылғанындай «Бир исти орынлаўды ойласам пүткил ақыл-есим, денем менен байланып, питкермегенше оннан қолымды тартпадым»,-деген сөзлери бүгинги күнде сабақ бола алады.

Оның Мавераннахр, Хорасан ҳәм басқа да жерлерде қурылған имаратлары, Темурийлер династиясы дәўириндеги мәденият, илим ҳәм әдебият тараўындағы жетискенликлер буған мысал бола алады. Барлық дәўирлерде ҳәм түрли халықлар тарийхында миллий идея ҳәм идеология өзинде гуманизм талапларын, халықтың күшин ҳәм бағдарларын сәўлелендирген жағдайда жәмийетти бирлестирип, оның қүдирети ҳәм имканиятларын толық жүзеге шығарыўда теңи жоқ фактор болады.

Ҳинд халқының уллы перзенти Махатма Ганди (1869-1948) өз руўхыйлығы, идеялары ҳәм алдыңғы көз-қараслары менен XX әсирдиң уллы шахсларының бирине айланды. Ол колонизаторларға қарсы гүрестиң тымсалы еди. Ол ҳиндлер менен мусылманлардың өз-ара дослығын беккемлеўге умтылды.

Ганди дин менен сиясатты бир-бирине байлаўға ҳәрекет етти. Пидайылық ҳәм ўатан сүйиўшилик үлгилерин көрсетти. Мен үйим төрт тәрептен дийўал менен оралып, айналарым қатты бекитип қойылыўын қәлемеймен. Барлық мәмлекетлер мәдениятын үйиме еркин кирип келиўин қәлеймен, бирақ оның аяғымнан шалып жығылыўын ҳәм қәлемеймен, деген еди. Ҳақыйқаттан да, Махатма Ганди ҳинд халқының пидайы перзенти болып, ол басқа халықлар руўхыйлығы тәсиринде өз халқы мәденияты ҳәм алға илгерлеўиниң жәнеде тез пәт пенен раўажланыўын қәлер еди.

Мәслен, XX әсирде дүнья жүзи халықлары тәрепинен тән алынған японша раўажланыў моделин алайық. Япон миллий идеологиясы ««миллий мәмлекетшилик системасы» (кокутай), «пуқаралық миннет», «япон руўхы», «Исбилерменлик», «улыўма-миллийлик», «пидайылық», «ўатан сүйиўшилик», «патернализм», «жәмәәге садықлық», «модернизация» сықлы идея ҳәм түсиниклерге тийкарланып, мәмлекет ерискен жоқары нәтийжелерге фундамент болды.

Сондай жаратыўшы идеялардан бири Қубла Корея мәмлекети раўажланыўына үлкен

**Алишер Наўайы**
**(1441-1501)**

Өзбек классик әдебиятының тийкарын салыўшысы, уллы ойшыл ҳәм мәмлекетлик ғайраткер. Өзбек тили сулыўлығын өз «Хамса»сы менен пүткил әлемге көрсеткен уллы сөз шебериниң «Бадойи ул-бидоя», «Наводир ул-нихоя», «Зубдат ут-таворих», «Чор китап», «Мажолис ун-нафоис», «Махбуб ул-қулуб»,

үлес қосқан пидайы инсан Ионг Ки Кимниң жоқары идеяларға тийкарланған ўатан сүйиўшилик мийнетлери ҳәм жаратыўшылық ислери дыққатқа ылайық.

Өткен әсирдиң 30-жылларында «12 шаңарақ-аўылда» деген ҳәрекетти баслап, шөп ҳәм көгермеген тасланды дөңликти сатып алып, абат қылыўға киристи. Кейин ала фермерлер таярлайтуғын «Канаан» ды (имканиятлар мектеби) ашады. Ол ҳәмме ўақыт тек ғана тасланды, шөп өсиўи қыйын болған жерлерди алып, абат қылып, адамларды өз басламасы, идеясы менен артынан ертип мәмлекет раўажланыўы ҳәм абаданшылығына өз үлесин қосты. Бүгинги күнде «Канаан» билим орайының бас мақсети-тыңлаўшыларда инсаный исеним сезимлерин қәлиплестириў, оларға инсаный пазыйлетлер-кәмиллик, өз-ара теңлик, бирадарлық, ўатан сүйиўшилик сезимлерин сиңдириў болып табылады. Ўатан ҳәм миллет раўажланыўы жолында пидәкерлерше мийнет етиў, тууылып өскен Ўатанды жанынан артық сүйиўшилик шәрт екенлиги идеясы ҳәр бир тыңлаўшыға сиңдириледи. Бир пидайы, ўатанын сүйиўши инсанның жоқары идеяларға тийкарланған ислери бүгинги күнде кең тарқалып Қубла Кореяның абат болыўына үлкен үлес болып қосылмақта.

> **Захриддин Мухаммед Бобур**
> **(1483-1530)**
>
> Шығыс мәденияты, әдебияты ҳәм поэзиясында мүнәсип орын ийелеген жазыўшы, шайыр, алым, көрнекли мәмлекет ғайраткери ҳәм саркарда. Оның жәҳән халықларына атақлы болған тийкарғы шығармасы «Бабурнама»дан тысқары, «Мубайин», «Хатти Бабурий», «Ҳарб иси» сыяқлы шығармалары ҳәм гөззал поэзиясы даңқ таратқан.

Азатлық, ғәрезсизлик, тынышлық, әдиллик, теңлик, бирге ислесиў, дослық, бирадарлық, еркин пикирлилик, ағартыўшылық, баўыры кеңлик, халық парўарлық, ўатанды сүйиўшилик, инсанды сүйиўшилик, баслама көтериўшилик, мийнетти сүйиў, кеўилшеңлик, турақлылық, исбилерменлик, хадаллық, пәклик ҳ.т.б. жаратыўшылық идеяларының көринислери болса, келешекке исеним, әдиллик, ҳақыйқатты тән алыў, талапшаң болыў, батыл қәдемлик, меҳир-мириўбет, сахаўатшылық, интернационаллық, миллетлер аралық дослық ҳәм бирадарлық, пидайылық, елге садықлылық, прогресивлилик, ийман-исенимлилик, ҳүждан еркинлиги, шөлкемлестириў, мобилизациялаў, пәраўанлық, басламалылық, жақсылық, жаратыўшылық, пикир еркинлиги ҳәм идеялар көп-түрлилигин тән алыў, баўры кеңлик-жаратыўшы идеяларға тән қәсийет.

**Бузыўшы, жат идея ҳәм идеологиялардың жәмийет өмирине унамсыз тәсири.** Бузыўшы идеялар - жәмийет, халық ҳәм мәмлекетлердиң кризисине себеп болады, ғайры инсаный мақсетлерге хызмет етеди.

Инсаният тарийхында жақсылық ҳәм жаратыўшылық идеялары менен жаўызлық ҳәм бузыўшы идеялары ортасында ҳәмме ўақыт гүрес болғанлығы тарийхтан мәлим. Жаўызлық идеялары тарийхта ҳәмме ўақыт унамсыз ҳәм жаўыз күшлер искерлиги ҳәм ҳүкимранлығын көрсетеди. Крест атланысларға түртки болған идеяларға, расизм, фашизм, терроризм, колониялықты нәсиятлаўшы идеялар мысал болады.

Инсанията, соның ишинде Өзбекстанның бир неше жүз жыллық тарийхында да түрли басқыншылықлар ақыбетинде зулым, зорлық, апат дәнешелерин себиўге ҳәм қан төгилиўине себеп болған бузғыншы идеялар ҳәм идеологиялардың унамсыз тәсири менен байланыслы ўақыялар көп болған. Бул

идеялар өзлеринде тоталитарлық умтылыўларын гейде жасырын, гейде әшкара көрсеткен ҳалда әмелге асырған.

Соның ишинде, большевизм менен бир қатарда, XX әсирдиң басында тоталитар идея ҳәм идеологияның бас формасы - фашизм пайда болды.

Фашизм (итал. Fasismmo – байлам, бирлеспе) - Батыс мәмлекетлеринде XX әсир басларындағы аўыр экономикалық, сиясий ҳәм руўхый аўдарыспақлар дәўиринде жүзеге келген жүдә қорқынышлы ҳәм ўайранлаўшы идеялар тийкарында қәлиплескен инсаниятқа қарсы теория ҳәм әмелият. Ол жәмийетте жүдә реакцион ҳәм жаўынгер топарларының дүньяқарасы ҳәм мәпин билдирген халда, ашықтан-ашық террористлик диктатураға, зорлық идеясына сүйенеди. Фашизмниң әҳмийетли қәсийети - ашықтан – ашық шовинизм ҳәм расизм болып, оның мазмуны жәмийеттиң барлық раўажланыўды сүйиўши қатламлары, алдыңғы пикирли ағзаларына қарсы күш ислетиўдиң ең аўыр ҳәм зыянлы формаларын қоллаў процессинде анық көринеди. Фашизм өз жынаятларын жасырыў ҳәм беккемлеў ушын сиясий тили майлылық, жалған ҳәм жалалардан усталық пенен пайдаланады.

Фашизмниң сыртқы сиясаты, басқыншылықтан ҳәм халық аралық терроризмнен ибарат болып, бундай сиясий режимлер XX әсирдиң 30-жылларында Италияда, Германияда, Португалияда, Испанияда ҳәм Шығыс Европаның басқа бир қанша мәмлекетлеринде орнатылған еди. Фашистлер Германиясы милитаристлик Япония менен аўқам дүзип, 1939-1945-жыллардағы Екинши жәҳән урысын баслаған. Бул урыс инсаниятқа шеги жоқ апат ҳәм қыйыншылықлар келтирди, 50 миллионнан артық адам набыт болды, жүзлеп қала ҳәм аўыллар ўайран қылынды.

Өткен әсирдиң 70-жылларына келип, Португалия, Греция, Испанияда фашистлик тәртиплер қәлиплести. Бирақ бүгинги күнде базы мәмлекетлерде (Австрия, Германия ҳ.т.б.) фашистлик элементлердиң белгили бир дәрежеде активлесиўи гүзетилмекте. Жаңа фашизм идеясы инсаният ушын зыянлы екенлигин ҳәр бир инсан аңлаўы лазым.

Большевизм идеологиясы болған коммунистлик тәлиймат халықлардың миллий-этник өзине тәнлигин жоғалтыў, «пролетар интернационаллығы» ураны менен майданға шыққан болса, фашизм бир ҳүкимран миллеттиң «расалық - этник тазалығын» абсолютлестириўди насиятлайды. Ол расизмниң қәўендери есапланады.

«Расизм» сөзи «раса» атамасынан келип шыққан. Бул атама XVII әсирден баслап Европада «инсаният әўлады»н түрли расалық топарлар, соның ишинде «ақ» ҳәм «сары» расаға ажыратыў ушын қоллана баслады.

Расизм - адамлар ортасындағы социаллық теңсизлик, басқыншылық, зорлық ҳәм урысларды инсанлардың ҳәр түрли расаларға тийисли екенлиги менен аңлаўға хызмет қылыўшы миллийликке қарсы тәлиймат.

Расизм тәлийматы «ақ денели» лердиң артықмашылығы, олардың әзелден «жоқары раса» етип таңланғаны, басқа расалар болса «ақ»ларға қарағанда жетик емес жаратылғанлығы ҳәм ҳәмме ўақыт раўажланыўдың төменги басқышларында турыўын «тйикарлап» береди. Оның тийкарғы идеясы өзиниң «иләҳий» тәбиятына гөре «ақ» расаларды «төменги» расалар үстинен ҳүкимранлық етиўге шақырыўға қаратылған еди. Расизм қайсы миллетке тийислилиги ҳәм терисиниң реңине қарай парықланып турыўшы кисилерге қысым өткериў, оларды кемситиў, урыў ҳәм өлтириў сыяқлы ҳәрекет-ҳәдийселерде анық көринеди. Ол уллы мәмлекетшилик, аса кеткен шовинизм, «сайланды» халықлардың миллий артықмашылығы идеялары менен тығыз байланып кетеди.

Расизм тәлийматы басқа халықларға қарағанда басқыншылық, талаўшылық әмелияты менен жақыннан байланыслы. Расизм тәлийматы менен қуралланған

фашистлер Германиясы «арийлер расасы» ҳүкимранлығын орнатыў мақсетинде дүнья жүзлик урысын баслағаны буған анық мысал бола алады.

Ҳәзирги күнде де реакцион идеологияға тийкарланған кейпияттағы айрым топарлар, олардың теорияшылары расизм идеяларын нәсиятлап, «қалақ» халықлардың ғәрезсиз раўажланыўға руўхый таяр емеслигин даўа қылмақта. Дүньяның ҳәр түрли регионындағы бундай көз-караслар ҳәм ҳәрекетлерди халықлар азатлығын буўыўға, олар үстинен ҳүкимранлық орнатыўға умтылыў деп түсиниў мүмкин. Бурынғы аўқам бөлшекленип кеткеннен кейин базы бир империяша пикирлеўши айрым сиясатшылар ҳәм олардың теорияшылары көз-карасларында да расизм көз-карасларының пайда болғанлығын байқаў мүмкин. Бундай көз-карaслардың тйикарсыз екенлигин өмир көрсетпекте. Белгили болғанындай, расалар адамлардың екинши дәрежели сыртқы нәсиллик өзгешеликлери (дененин реңи жүз-бас дүзилиси сыяқлы белгилери) бир формада болған, тарийхый дәўирде қәлиплескен топарлар болып табылады. Дүньяда европалы, монгол ҳәм қара денели белгилерине қарап ажыратылатуғын үш тийкарғы раса бар. Инсанның физикалық дүзилис формалары (сүйек, мүше, мий ҳәм дененин басқа ағзалары) барлық расаға тийисли адамларда бирдей. Пүткил инсаният бирден-бир биологиялық түрге - «HOMO SAPIENS»ке тийисли тарийхый раўажланыў даўамында расалардың араласыўы - расалық белгилериниң өзгериўи жүз берип келген ҳәм ол ҳәзир де даўам етпекте. Барлық расалар мәдений раўажланыўға бирдей қәбилетли. Расизм инсаниятқа қарсы идея. Өзбекстан Республикасы Конституциясында барлық расалар ҳәм миллетлердиң тең ҳуқықлығы белгилеп қойылған. Бул қағыйда жәҳән аўқамының халық-аралық ҳуқық нормаларына жуўап береди.

Бүгинги күнде инсаниятқа үлкен қәўип салып атырған жәнe бир ең жаўыз идеялардың бири-терроризм болып табылады.

Терроризм (лат. TERROR - қорқыў, қорқыныш) - белгили бир жаўыз мақсет жолында күш қолланып, адамларды физикалық жоқ қылыўдан ибарат болған идеяға тийкарланған зорлық усылы. Қорқытыў ҳәм қорқынышқа салыў арқалы өз ҳүкимин өткизиўге урыныў терроризмге тән. Ол экономикалық сиясат, диний, идеялық, расалық, миллий, топарлық, индивидуал формаларда көриниўи мүмкин. Жәмийетке барқулла қорқыныш, тил бириктириў, жасырын зыян келтириў жағдайын жүзеге келтириў, зорлық жолы менен жәмийет турақлылығын бузыў, гүнәсыз инсанлар, соның ишинде, балалардың өлимине алып келетуғын сиясий мақсеттеги өлтириў ҳәм партлаўлар бул жаўыз идеяның тийкарғы мазмунын қурайды.

Терроризм ҳәрекетлери инсаният тарийхында жаңалық емес. Ол инсаният өмирине тынышсызлық ҳәм қәўип туўдырып, түрли ғәрезли мақсетлердиң, идеялар ҳәм қәлеўши тилеклердиң тымсалы сыпатында жасайды. Терроризм белгили бир топардың жеке мәплери, өз арзыў-үмитлери ҳәм ғайры-инсаний ис-ҳәрекетлердиң жыйнағы болып табылады. Сондай-ақ, ол әке сол мақсетлердиң әмелге асыўы ушын ҳәр қандай жаўызлықлардан, жынаятлар ҳәм зулымнан қайтпайды.

Терроризм ис-ҳәрекетлердиң мазмуны ҳәм әҳмийети тиккелей зорлық, инсан өмирине қәўип ҳәм оның ҳуқықларын аяқ асты етиў менен байланыслы болған. Ол пүткил мәмлекетти ўайран етиўге алып келген халық, миллет ҳәм мәмлекет тағдийрин пүткиллей басқа бағдарға бурып жиберип, өз мақсети ҳәм идеяларының әмелге асыўы ушын ҳеш нәрседен қайтпастан ҳәкимиятқа ерисиў даўасы есапланады. Сондай-ақ, ол ҳәр қандай пикирлеў, ақыл-ес шеңберинде ис жүритиўден аўлақ болған жаўызлық, аса-кеткен қанхорлық, ашыў ҳәм қорқытыў менен жаўыз нийетти әмелге асыратуғын бир топар адамлар мийнети.

Терроризм түрли мәмлекетлерде ҳәр қыйлы формаларда ҳәм түрли-түрли мақсетлер тийкарында дүньяға келеди. Белгили бир мәмлекет халықларының

дүнья қарасы руўхый көриниси, анығырағы, талабы, турмыс тәризи тиккелей әне сондай процесслердиң формасын, көринисин, мазмуны ҳәм раўажланыў процесслерин, басқаша айтқанда, эволюциясын белгилейди.

Өзлериниң жаўыз нийетлерге ерисиў ушын ҳәкимиятты қолға киргизиўди гөзлеўши күшлердиң зорлығы ҳәм қопаллығы сиясий террорға мысал болады. Сиясий терроризм тек жынаятшы топарлар ғана емес, ҳәтте базы бир реакцион агрессив рәсмий сиясий күшлер тәрепинен шөлкемлестирилиўи ҳәм қолланылыўы да мүмкин.

Патша Россиясының колониялық ҳәм шовинистлик сиясаты, совет империясының идеялық қатағанлары халқымызға қарсы өзине тән террор еди. Бүгинги күнде де ғәрезсиз раўажланыў жолынан баратырған мәмлекетимизге қарай жаман нийет пенен қараўшы «жаўыз» күшлер террористлик жол менен раўажланыў жолымыздан шалғытыўға, бизди қуллыққа, қыйыншылықларға ушыратыўға урынбақта. Олар ўатан сатқынларынан да, терроризмди «кәсип» етип алған, «буйыртпа» бойынша қопарыўшылық ҳәм басқыншылық пенен шуғылланыўшы жалланба халқ-аралық террорист, жынаятшы топарлардан да пайдаланбақта. 1999-жылғы февраль ўақыялары, Америка Қурама Штатларында 2001-жыл 11-сентябрде жүз берген ўақыялар, дүньяның көплеген мәмлекетлеринде әмелге асырылып атырған жаўызлықлар террористлер өз мақсетлери жолында ҳеш нәрседен қайтпайтуғынлығын көрсетип турады.

Мәмлекетимиз Президенти И.А. Каримов «Независимая газета» (Москва) ның корреспонденти Виктория Панфиловаға (2005-жыл 14-январь) берген интервьюсинде «Халық аралық терроризм» түсиниги 2001-жылдың 11-сентябрь күнинен кейин әсиресе көп қолланыла баслады. Бирақ буннан бираз алдын да Италияда «Қызыл бригадалар» ҳәм Германияда «Басдер-майн хоф» бир ўақытлары тынышлықты талап етиўши шөлкем сыпатында баспа сөзге шыққан, бүгинги күнге келип болса ең аса кеткен террористлер, жынаятшылар ҳәм зораўанлықларды жеткизип беретуғын шөлкемге айланған «Хизбут-тахрир» ды мысал етип келтириў мүмкин. Сол себепли де бизиң исенимимиз кәмил, биринши нәўбетте, террористлер тәрепинен жасларымыздың санасына сиңдирип, оларды алдап жаман ислерге тартатуғын жаўыз идеологияға қарсы кескин гүрес алып барыў керек. «Террорщылыққа қарсы гүресте бизиң принципимиз, көз-қарасымыз өзгергени жоқ»[13]-деп айтып өтеди.

Ҳақыйқатында да, терроризм қандай байрақ көтерип шықпасын, қандай шақырықлар менен нықапланбасын, оның реакцион, жынаяткерлик мазмунын парықлап алыў, жаўыз нийетин ашып таслаў саналы, еркин пикирли инсанның, ҳәр бир ўатанды сүйиўши пұқараның миннети болып табылады.

Жаўыз идеялардан және бири уллы мәмлекетшилик шовинизм ҳәм агрессив миллетшилик.

Уллы мәмлекетшилик шовинизм – бир мәмлекеттиң басқа мәмлекет яки мәмлекетлер үстинен сиясий, идеологиялық, экономикалық ҳәм әскерий ҳүкимранлығын орнатыўға қаратылған теория ҳәм әмелият.

XIX әсир ақырынан баслап Россия империясының ҳүкимран топарлары басқа халықларға, соның ишинде, Орта Азия халықларына қарата әне сондай сиясат алып барған. Екинши дүнья жүзлик урысынан кейинги дәўирлерде де бир қанша мәмлекетлер уллы мәмлекетшилик сиясатын ҳәртүрли көринисте алып барды.

Президент И.А. Каримов өзиниң «Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке кәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери» шығармасында уллы мәмлекетшилик шовинизм ҳәм агрессив миллетшилик қәўипсизлигимизге қәўип салып атырған машқалалардың бири екенлиги айрықша

---

[13] Ислом Каримов. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб ҳисоблар эди. Халқ сўзи, 2005 йил 19-январь. «Независимая газета»нинг (Москва) 2005-йил 14-январь сонидан таржима қилип олинган.

көрсетип өткен: «Өткен ғәрезсиз раўажланыў жыллары мәмлекетимиздиң суверенитети ҳәм турақлылығына қәўип сақланып қалынбақта, деп айтыў ушын тийкар бола алады. Бул қәўип уллы мәмлекетшилик шовинизм ҳәм агрессив миллетшилик руўхындағы уранларда, билдирип атырған пикирлерде, шолыўларда ҳәм белгили бир ис ҳәрекетлерде көринбекте»[14].

Уллы мәмлекетшилик шовинизми ғайрыинсаный өзгешеликке ийе болып, басқа халықларды қул етиў, экономикалық, сиясий, мәдений өмирде оларды кемситиўдиң өзине тән формасы.

Шовинизмниң тарийхан қыйралыўшы екенлигине себеп сонда, ҳәдден тысқары күшейип кеткен ҳәм әсиресе, өз миллий айырықшалылығына исениўге тийкарланған уллы мәмлекетшилик зорлық тийкарына қурылғанлығында. Бул болса, өз нәўбетинде, уллы мәмлекетшилик шовинизм ҳәм агрессив миллетшиликти жақлаўшы мәмлекетимиздиң өзинде көплеген қурбанлар ҳәм жоғалтыўларға алып келеди.

Сонлықтанда, шовинизм, ақырында мәмлекеттиң өзине соққы береди, оның фундаментин күшсизлендиреди, ишки қарама-қарсылықларды күшейтеди. Ол жәмийетти бөлшеклеп жибериўге ҳәм оның ушын аўыр болған ақыбетлерди келтирип шығара алады. Тарийхый дәўирлери ҳәм шәрт-шараятлары ҳәр түрли болса да Рим, Осман, Германия және Россия ҳәм Совет империяларының тарийхынан буған көплеп мысаллар табыў мүмкин.

Шовинистлик күшлер бүгинги күнде, бириншиден, мәмлекет халқына информация арқалы идеологиялық жол менен тәсир көрсетиў, екиншиден, регион мәмлекетлери ишинде конфликтлерди жүзеге келтириў, үшиншиден, дүнья жүзи жәмийетшилигинде Өзбекстан хаққында жалған ойды қәлиплестириўге ҳәрекет етпекте. Бул жолда олар түрли-түрли усыл ҳәм қураллардан пайдаланбақта.

Уллы мәмлекетшилик шовинизм да жаўызлықтың бир көриниси. Оған қарсы тек ғана ағартыўшылық жолы менен гүресиў мүмкин. Бунда, әсиресе, халық-аралық жәмийетшилик соның ишинде оның тең ҳуқықлы ағзасы болған ҳәр бир мәмлекет менен өз-ара тең байланыслар орнатыў жақсы фактор болып хызмет етеди. Әне сонда ғана регионымыз ҳеш қашан цивилизациялар соқлығыспайтуғын, бәлки олар бир-бирине унамлы тәсир етип, бир-бирин байытатуғын мәканға айланады.

Диний фундаментализм болса-сиясий мақсетлер жолында бар болған социаллық машқалаларды дәслепки, яғный бул дин пайда болған ўақыттағы қағыйдалар (арконлар) тийкарында шешиў нийетиндеги ҳәрекет ҳәм көз-қараслардан ибарат.

Фундаменталистлер диний исеним қәлиплесиўиниң басланғыш дәўиринде белгиленген, сол дәўирдеги сиясий-социаллық ҳәм экономикалық шәраятларға сәйкес болған барлық жол жорықлардың қатаң ҳәм бирдей бежерилиўин талап қылады ҳәм усылайынша диний ағымларды белгилеўде қолланатуғын реформа формасын шәрт қылып қояды.

Ислам нормаларын нықап қылып алған фундаменталистлердиң тийкарғы идеясы – «таза ислам» принциплерине қайтыў, мақсети болса исламий мәмлекет дүзиўден ибарат. Фундаменталист топарлар ҳақыйқатты түсиндириў, исендириў сыяқлы усыллар арқалы нәсиятлаўды тән алмайды. Олар өз идеялары ғайрыинсаний болыўына қарамастан, жүдә жаўыз ҳәм басқаларға қарай келисимсиз мүнәсебетте болады. Өзин сөзсиз жоқ деп билиў, ҳақыйқатты тек ғана мен билемен, деген көз-қарасқа тийкарланған менменлик болса жаўызлықты жүзеге келтиреди. Яғный фундаменталистлик экстремизмниң пайда болыўына тийкар жаратады.

---

[14]Каримов И.А. Хафсизлик ва барқарор тараққиет йўлида. у-жилд. – Т.`Ўзбекистон, 1998,й 7-бет.

Өзбекстанда диний экстремизм ҳәм фундаментализмниң ислам дини ныҡабындағы экстремизми ҳәм фундаментализми формасы бар ҳәм мине сол фактор миллий ҳәүипсизлигимизге ҳәүип.

Фундаменталистлердиң идеялары жүдә зыянлы болып, олардың пикиринше, биз миллетимизди жәҳәнге танытҡан ойшылларымыз Хорезмий, Беруний, Фарабий, Ибн Сино, Наўайы, Улуғбек ҳәм тарийхымыздағы барлыҡ уллы бабаларымыздан ўаз кешиўимиз керек. Себеби фундаменталистлер көз ҡарасы бойынша ҡай жерде суфизм болса, кәмил инсан идеясы болса, булардың барлығы исламға ҳәм бизге жат ҳәм бийгәна емиш. Олар кәмил инсанды куфр деп биледи. Олардың пикиринше, инсан кәмил болыўы мүмкин емес. Имам Термизий, Нәжмиддин Ҡубра, Абдулҳалыҡ Ғиждивоний, Бахаўиддин Наҳшбанд, Ахмед Яссаўий сияҡлы уллы инсанлар, сондай-аҡ, ата-бабаларымыз ҡәбирлерин ҳәм муҡаддес жерлерди зыярат ҡылмаўымыз керек емиш. Булардың барлығы бизиң турмыс тәризимиз, миллий өзгешелигимиз, дәстүрлеримиз ғана емес, ҳалҡымыздың өзине тән психологиясын да бузыўға ҡаратылған. Суфизмниң кәмил инсан идеясында инсанның ерки ҳәм раўажланыўы көрсетилгенлиги диний фундаменталистлер ғәзебин оятады. Фундаментализм - жаўызлыҡтан басҡа нәрсе емес. Ол инсанды бир ҡарам, ҡул, тәғдийрдиң ойыншығы деп ҡарайды, инсан ҡәлби, руўхый талаплары менен пүткиллей есапласпайды.

Фундаменталистлер болса суфизм тәсиринде ҡәлиплескен әдебият, философия, көркем-өнерден ўаз кешиў, улыўма аҡыл ҳәм сезим менен жаратылған барлыҡ нәрселерди жоҡ етиўди талап етеди.

Фундаментализмниң көриниўин дүньяның базы бир мәмлекетлеринде бүгинги күнде өмир сүрип турған ҳүкимран диннен басҡа динди насиятлағанлар жазаланғанлығын, басҡа дин ҳәм олардың естеликлерине келисимсиз ҡатнаста болып, оларды жоҡ ҡылыўға урыныўларында көриўимиз мүмкин. Мәселен, Афганистан аймағындағы буддизм динине тийисли 15 әсир бурын ҡурылған Бамиан ҡаласындағы мәдений естеликлердиң де жоҡ етилиўине пәтўа берилип, дүньядағы ең ири ҳәм әжайып будда ҳәйкеллери оҡҡа тутылып, бузып тасланды. Бул жаўызларша ис-ҳәрекетлер ислам дини ҳәм суфизм тәлиматының өзге динлерге баўры кеңликке тийкарланған ҡатнасҡа пүткиллей жат болғанлығы ушын да бүгин дүнья мусылманлары ҳәм барлыҡ раўажландырыўшы күшлер тәрепинен ҡараланады.

Ислам дининиң суфизм тәлиматы исениўшилери басҡа өмирге ҳәм инсан мәселелерине кең ҡараған. Бул шын мәнисинде инсанпәрўарлыҡ тәлимат болып табылады. Себеби суфистлер, шын мусылман сыпатында даңҡҡа ерисип, ислам дини ушын гүрескен болса да, лекин ҳеш ҡашан өзге динлерди кемситпеген. Сол себепли суфизм диний баўры кеңлик тәлиматы, инсан кәмилликке жол излеген ҳәм жаўызлыҡҡа ҡарсы гүресип келген ағартыўшылыҡ тәлимат болып табылады.

Фундаментализмге ҡарсы туратуғын күш - бул, илим-ағартыўшылыҡ. Әсиримиз басында да жадидлер жаңа мектеплер ашып, жасларға дүньялыҡ билим берип, фудаментализмге ҡарсы гүрескен еди. Фундаменталистлер «динди тазалаў», «таза динге ҡайтыў» ныҡабы астында үгитлеў алып барып, адамларды ҡорҡынышҡа салыў, ҡанлы жынаятлар ислеў, жәмийетти ҡәўип астына ҡойыўға урынбаҡта. Олардың бул ис-ҳәрекетлери жас ғәрезсиз мәмлекетимизге ашыҡтан-ашыҡ топылыстан басҡа нәрсе емес. Ол миллий ғәрезсизлигимизге де үлкен ҡәўип.

Диний экстремизм - белгили бир сиясий мәҡсетлер жолында ҳәм дин ныҡабы астында мутаассиблер яки олардың күш-ғайратына ҡарай ис алып барыўшы ҳәдден тыс ҳәрекетлер ҳәм көз ҡараслар жыйнағын аңлатады.

Басҡаша айтҡанда, диний экстремизм - белгили бир диний бағдар ҳәм шөлкемлердеги ҳәдден тыс радикал элементлер сиясий искерлиги идеологиясы. Бул пикирдиң дәлийли сыпатында «мусылман бирадарлары» ҳәм оннан

ажыралып шыққан көплеген диний экстремистлик руўхтағы топар ҳәм шөлкемлер сүйенетуғын тийкарғы идеяларды еслеп өтиўимиз мүмкин.

«Мусылман бирадарлары» ҳеш қандай ҳәкимшилик-географиялық шегараларды тән алмайды ҳәм тийкарғы мақсети жер жүзиндеги барлық мәмлекетлерде бирден-бир мусылманлар бирлиги ҳәм олардағы диний, дүньялық ҳәкимиятты өзине жәмлейтуғын «халифа» басшылығындағы бирден-бир мусылман мәмлекетин қурыўды нәзерде тутады. Бул шәртти орынлаў, нийетке жетиў ушын ҳәр қандай жаўызлыққа ҳәм урысқа фатийа бериледи.

Диний экстремизм көринисине қарай аймақлық, региналлық ҳәм халқ-аралық формаларға бөлинеди. Бундай көз қараслар жүдә әййемги тамырларға ийе болып, ҳеш қашан шегара билмеген, миллий аймақты тән алмаған, диний экстремизм барлық динлер ишинде раўажланған. Диний экстремистлер қай жерде ҳәм қайсы дин байрағы астында ис алып бармасын, тийкарғы мақсети диний мәмлекетти дүзиў болып, бул мақсетке өз-ара келиспеўшиликлер, ала аўызлықлар, қураллы соқлығысыўлар арқалы, яғный қан төгиў ҳәм зорлық пенен ерисиўди көзде тутады.

**Бул болса ғәрезсизликке де, раўажланыўға да үлкен тосқынлық болады. Экстремистлик топарлардың тийкарғы мақсети ҳәкимиятты қолға алыў болып, бул жолда олар ең жаўыз усылларды қолланыўдан да қайтпайды. Бүгинги күнге келип экстремизм тек ғана ислам дүньясында емес, ал басқа динлер тарқалған аймақларда айқын көринис берип атыр.**

Дүньяда инсан ҳуқықлары ҳәм демократиялық принциплер үстин болып баратырған, нызам ҳәм халық-аралық ҳуқық нормалары мәмлекетлер, халықлар, арасындағы мүнәсибетлердиң тийкарғы факторына айланып баратырған ҳәзирги дәўирде диний экстремизмге орын қалмайды. Бирақ, бул оған қарсы гүреспеў керек, сақлықты асырмаў керек дегенди билдирмейди. Бул тараўда да Президентимиз көрсетип өткениндей, сақлық, ийгиликли идеялар жолында гүрес алып барыў өмиримиздиң тийкарғы факторы болып қалмақта.

Диний экстремизмди келтирип шығарыўшы себеплер:

- диннен пайдаланып, динге байланыслы болмаған сиясий ҳәм басқа топылыслар ҳәм мақсетлерди әмелге асырыў ушын умтылыў.
- Динди нықап, түрли сиясий келиспеўшиликлер, конфликтлерди келтирип шығарыўға урыныў;
- Инсан, миллетлердиң өз тәғдийрин өзи белгилеў хуқықын емес, ал динниң жасаўға болған хуқықын билдириў.
- Динди дүньяға көз қарас, ойлаўдың тийкарғы қуралы деп есаплаў.

Өз-өзинен көринип турғанындай, бул ҳәдийселер Өзбекстанның ғәрезсизлигин беккемлеў, оның қәўипсизлигин тәмийнлеў зәрүрлиги көз қарасынан қарағанда пүткиллей зыянлы идея.

Ҳәзирги күнде бизиң турмыс тәризимизге, руўхыятымызға қарай исленип атырған руўхый-ағартыўшылық басламалардың ҳәр түрли усыллары барған сайын нәзиклесип бармақта. Зыянлы идеяларды ҳәр түрли кинофильмлер, телевидение көрсетиўлери ҳәм радио еситтириўлери формасында, газета-журналлар, Интернет тармағы ҳәм басқа да бағдарларда үзиликсиз түрде тығып, бизиң миллий бахалықларымызды жоқ етиўге, идеологялық иммунитетимизди ҳәлсизлетиўге, жасларды жалған идеялардың тәсирине алыўға тынбай ҳәрекет етилмекте. Жат, зыянлы идеялардың мәмлекетимизге кирип келиўи халықтың миллий идеясын (мақсет ҳәм бағдарларын), раўажланыў жолын өзине тән ҳәм сай болмаған бағдарға бурып жибериў, мәмлекетимиздиң социаллық, руўхый, сиясий, өмирин өзгертирип жибериўи мүмкин. Жат идеялардың мәмлекетке кирип келиўи ҳәм пухаралар арасында тарқалыўы үлкен қәўип, унамыз ақыбетлерди келтирип шығарыўы мүмкинлигин итибарға алып, Абу Наср Фарабий, өз ўақтында жат идеялардың зыяны ҳаққында «Өзге, жат идеялар кирип келип халықтың турмыс

тәризи, үрп-әдетлери, дәстүрлерин түптен өзгертип жибериўи мүмкин»[15] деп жазған еди.

Бурынғы Аўқам дәўиринде жат идеялар кирип келди. Жат жәмийетлик, экономикалық, руўхый, сиясий өмир қәлиплести. Турмыс тәризимизден жат үрип-әдет, дәстүрлер орын алды.

Бундай идеялар инсан тәбиятына қарсы болып, оны унамсыз тәрепке өзгертеди, онда надурыс турмыс тәризин қәлиплестиреди, пикирлер ҳәр түрлилигин шеклейди, бойсыныўшылық, қуллық жағдайын пайда етеди. Миллий ойлаў тәризин өз негизлеринен жатластырады, жат үрип-әдет, дәстүрлерди тарқатады, олардың кирип келиўине жағдай жаратады, халқты өз миллий дәстүрлеринен, ақыр-ақыбет өз раўажланыў жолынан адастырады, жәмийетте халықлар ҳәм миллетлер аралық татыўлық, динлер аралық баўры кеңликке зыян келтирип, ишки келиспеўшиликлер, бөлшекрениўге алып келеди.

Шаңарақта жасларға дурыс тәрбия бериў, пухаралардың ийман-исенимин беккемлеў, миллий мақтаныш пенен жасаўға ерисиў, ҳәр тәреплеме жетик жаслар етип тәрбиялаў, идеологиялық иммунитетти күшейттириў, пухаралар санасында Миллий Ғәрезсизлик Идеясын қәлиплестириў арқалы оның алдын алыў мүмкин.

Миллий Ғәрезсизлик Идеясына жат унамсыз жағдайлар:

Бийпарықлық, мақтаншақлық, хошеметгөйлик, көре алмаўшылық, менменлик, ҳақыйқатты тән алмаў, таныс-билислик, жерлеслик, мәпдарлық. Оларды жоқ қылыў ушын жәмийетте еркин пикир ҳәм пикирлеўлер, идеялар көп түрлилиги, сын ҳәм өз-өзин критикалаў атмосферасын жаратыў, демократия ҳәм әшкаралық жағдайын күшейттириў, саламат ҳәм еркин бәсеке жағдайын жүзеге келтирип, жәмийетте илим-ағартыўшылықтың дәрежесин және де арттырыў зәрүр.

**Пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея, жаўызлыққа қарсы ағартыўшылық пенен гүресиў зәрүрлиги.** Коммунистлик идеология қысымынан азат болғанымыздан кейин ҳәр түрли идеялар өмиримизге өз тәсирин өткериўге ҳәрекет етпекте. Ата-бабаларымыздан қалған уллы мийрасты қайта тиклей баслаған бир ўақытта оның барлығын жоқ етиўге қаратылған зыянлы идеяларға қарсы туратуғын күш - Миллий идея. Миллий идея бүгинги күнде халқымыз, жәмийетимиз ушын зәрүрлилик, мәмлекетимизге пухаралар татыўлығы ҳәм бирлигин тәмийинлейтуғын, раўажланыўымызға кепиллик беретуғын, инсанларға ийгиликли мақсетлерге ерисиўге жәрдем беретуғын руўхый күш болып табылады. Миллий идея ийгиликли мақсет жолында жәмийет ағзаларын бирлестиреди, оларға руўхый күш-қуўат береди, ҳәр қандай көринистеги зыянлы иллетлерди жоқ етеди. Пикирге қарсы пикир, идеяға қарсы идея менен, жаўызлыққа қарсы ағартыўшылық пенен гүресиўге шақырады. Жәмийетте тынышлық, өз-ара исеним, турақлылық жағдайын жаратыўға хызмет етеди. Сол себепли, Миллий Ғәрезсизлик идеясы мәмлекетимиздиң уллы келешеги фундаментин жаратыўда әҳмийетли қурал, инсанның санасы ҳәм қәлбин ийелеўге қаратылған ҳәр қандай зыянлы, жат идеяларға қарсы туратуғын фактор.

Ўатанымыз ғәрезсизлигине қәўип салыўшы, пухараларымыз санасын ҳәм қәлбин ийелеўге қаратылған зыянлы идеялардың қәўпи ядро майданындағы қәўиптен де артық. Сонлықтанда «ҳәзирги замандағы ең үлкен қәўип - инсанлардың қәлби ҳәм санасын ийелеў ушын үзликсиз даўам етип атырған идеологиялық гүрес. Бүгинги күнде ядро майданларында емес, идеология майданларында болып атырған гүреслер көп нәрсени шешеди»[16].

---

[15] Абу Наср Форобий. Фозил одамлар шаҳри – Тошкент. Ғ.Ғулом номидаги Адабиет ва саньат нашриети 1993.

[16] Каримов И.А. Миллий истиқлол ғояси - ҳалқ этиқоди ва буюк келажагига ишончидир - Т.Узбекистон. 2000, 6-7-бет

Бүгинги күнде қурал-жарақ күши менен зорлық етиў менен емес, ал халықларды, мәмлекетлерди, дүньяны ийелеў ушын жүдә үлкен идеологиялық қүдиретке, идеялық тийкарға ийе болыў кереклигин өмир көрсетпекте. XX әсир цивилизациясы дүньяны ақыл-ой менен жаўлап алыў принципин келтирип шығарды. Сонлықтанда бүгинги күнде мәмлекетлер қүдирети ядролық полигонлар менен емес, ал идеялық, идеологиялық полигонлардағы ҳәрекети менен өлшенеди. Бул ҳаққында Президентимиз Ислом Каримов: «ҳәзирги ўақытта қүдиретли мәмлекетлер ҳәм белгили бир сиясий орайлар өз мақсетлерине ерисиў ушын, дәслеп, ийелемекши, өз тәсир шеңберине алмақшы болған мәмлекетлердиң халқы санасын өзине бойсындырыўға умтылады»[17]- көрсетип өтеди.

Шынында-да, жәҳан сиясатында идеологиялық тәсир өткериў арқалы халықларды, мәмлекетлерди ийелеў принципи күшеймекте. Идеялық басымның формалары жүдә көп.

Журтбасымыздың «Бүгинги күнде идеяны тыйым салыў менен, ҳәкимшилик шаралар менен жеңип болмайды. Идеяға қарсы тек ғана идея, пикирге қарсы тек ғана пикир, жаўызлыққа қарсы ағартыўшылық пенен бәсекеге кирисиў, гүресиў мүмкин»[18], деген пикирлери ҳәр бир ўатанласымыз ушын әмел қылыўы шәрт болған дәстүр.

Бүгинги күни миллий ояныў руўхы, миллий идея өмиримизге барған сайын тереңирек кирип бармақта. Соның менен бирге, базы-бир сырт ел мәмлекетлеринде түрли идея ҳәм көз қараслар нықабы астында бизиң миллий қәдриятларымызға, улыўма, барлық миллет ўәкиллери ҳүрметететуғын улыўма инсаний принциплерге пүткиллей туўры келмейтуғын унамсыз ҳәрекетлер телевидение арқалы тез-тез көзге тасланып турыпты. Ҳақыйқатында да, бундай ғайры инсаный ҳәрекетлерди көргенде, инсан ықтиярсыз түрде ойланып қалады: шынында, демократиядан мақсет инсанның қәдир-қымбатын орнына қойыў емес пе? Күпә күндиз күни қып-жалаңаш көшеге шығып ҳәр түрли демонстрациялар өткерип, кимлердиңдур ҳуқуқын талап етпекши болып атырған кимселер шынында адамзаттың ең уллы байлығы болған жоқары сезимлерди аяқ асты етип атырған жоқ па, ақыл-зейин ҳәм пикирлеў, ар-намыс ийеси болған инсанның қәдир-қымбатын түсирип атырған жоқ па? Инсаныйлықты ҳәр нәрседен қәдирли билген халқымыз бундай «демократия», бундай «еркинлик»ти ҳеш қашан қабыл қыла алмайды. Сол себепли де бундай жат ҳәм зыянлы идея ҳәм де ҳәрекетлердиң турмыс тәризимизге кирип, жасларымыздың қәлбин ийелеўи, үрип-әдет, қадриятларымызды қәдирсизлендириўге қарсы болыў ҳәр бир тәрбиялы инсанның ўатанпарўарлық миннети.

Айрым күшлер тәрепинен «демократияны тарқатыў» формасында әмелге асырылып атырған ислер туўрыдан-туўры Батыс турмыс тәризиниң зорлық пенен «жалған демократия» формасында енгизиўге айланып кетип атыр. Бир ўақытлары, «жәҳан пролетариат революциясы» қандай экспорт қылынған болса, бул бузықлық, уятсызлық, рейимсизлик ҳәм зорлық сыяқлы саламат инсан тәбиятына жат ҳаллар сондай экспорт қылынбақта. Бундай идеялар зыянлы. Оған қарсы күшли иммунитет зәрүр. Сонлықтанда «Ҳәр қандай кеселликтиң алдын алыў ушын, дәслеп, Адам организиминде оған қарсы иммунитет жаратылады. Биз де перзентлеримиз жүрегинде ана Ўатанға, бай тарийхымызға, ата-бабаларымыздың муқәддес динине туўры мүнәсебетти қәлиплестириўимиз, ҳәттеки, олардың

---

[17] Каримов И.А. Миллий истиқлол ғояси - ҳалқ этиқоди ва буюк келажагига ишончидир - Т.Узбекистон. 2000, 6-7-бет

[18] Каримов И.А. Жамиятимиз мафкураси ҳалқни ҳалқ - миллатни миллат қилишга ҳизмат қилсин.Т.Узбекистон. 1998.10-бет

идеологиялық иммунитетин күшейтириўимиз зәрүр»[19]. Усы ўазыйпаны миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәр қандай көринистеги зыянлы иллетлерди, зорлықты, әдепсизликти, исенимсизликти, билимсизликти, бузыўшы пикирлерди ҳәм жаўыз идеяларды бийкарлайды, жаслар күш-жигериниң беккем болыўына, оларда саламат пикир ҳәм оның тийкарында ийман-исенимниң беккемлениўине, Ўатанды бай тарийхы, үрип-әдет, дәстүрлерине, динине ҳүрмет пенен қатнаста болыўға үйретеди. Оларды өз ғәрезсиз пикирине ийе болған, жаўызлықтың ҳәр қандай көринисине илим-ағартыўшылықты қарсы қоятуғын, миллий ар-намыс, мақтаныш пенен жасаўға шақырады.

Шынында да, миллий ғәрезсизлик идеясы мәмлекетимизде қандай да бир идеологияның абсолютлесиўи, бирден бир нормаға айланыўына жол қоймайды. Ол пикирлер көп түрлилигине сүйенген ҳалда, жәмийеттиң нәтийжели раўажланыўын тәмийнлеўге хызмет етеди.

Ҳәр түрли, бир-биринен парық қылатуғын көз қараслар, сиясий, миллий, диний ағымлар, секталар ортасындағы пикир таласыўлары базыда бәсеке шеңберинен шығып қанлы соқлығысыўлар, қырғынларға себеп болмақта, түрли мәмлекетлерде көплеген апатшылықларды келтирип шығармақта. Усы факторлардың миллетимизге, ғәрезсизлигимизге, руўхыйлығымызға зыянлы болғанлығын айтып, журтбасымыз «миллетти асыраў керек», деген идеяны алға сүрди.

Миллетти асыраў – өзлигимизди, әдеп-икрамлылықты, мийрасымыз, бахалықларымыз ҳәм милий руўхымызды зыянлы идеялар ҳәм идеологиялық тәсиринен асырап-абайлаў, оларға қарсы пухараларымыз ҳәм жасларымыз қәлбинде идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў деген мәнини аңлатады.

Халқымызды түрли идеялық ҳәм идеологиялық қәўиплерден асыраў, жәмийетте идеологиялық иммунитет пайда етиў ушын оны, дәслеп, раўажланыў нызамлықларын өзинде терең сәўлелендиретуғын саламат, инсанпәрўар идея ҳәм идеология менен қуралландырыў керек. Миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы ўазыйпасы болса халқымызда миллий исеним ҳәм дүньяға көз-қарас тийкарларын қәлиплестириўден ибарат.

Миллий ғәрезсизлик идеясына исеними болған ҳәр бир адам жаман пикирге – жақсы пикир менен жуўап береди. Өзиниң пикирине ийе болады. Өзиниң еркин пикирине ийе болмаса, жуўап бере алмайды.

Мине сондай жаўыз идеяға – ийгиликли идея менен, жаўызлыққа ағартыўшылық пенен жуўап береди. Бүгинги идеология тараўында болатуғын түрли көринистеги гүреслерде әне сондай жол менен жеңип, миллий өзликти сақлап қалыў мүмкин.

## 3-Тема. Глобалласыў процесслеринде миллий идеяға зәрүрликтиң артып барыўы.

**Глобалласыў түсиниги ҳәм оның мазмуны.** XXI әсир басларына келип дүнья мәмлекетлери ортасында өз-ара тәсир сондай дәрежеде күшейип кетти, бул процесстен толығы менен шетте қалған бирде-бир мәмлекет жоқ. Халық аралық шөлкемлерден узағырақ турыўға умтылып атырған, оларға ағза болыўды қәлемей атырған мәмлекетлер де бул процесстен шетте қалмады. Глобалласыў сондай процесс, оннан шетте тураман деген мәмлекет, оның тәсирине көбирек ушырап қалыўы мүмкин. Бундай тәсир көбинесе унамсыз ақыбетлерге алып келип атыр.

[19] Каримов И.А. Жамиятимиз мафкураси ҳалқни ҳалқ - миллатни миллат қилишга ҳизмат қилсин.Т.Узбекистон. 1998.10-бет

Глобалласыўдың түрли мәмлекетлерге өткерип атырған тәсири де түрлише. Бул жағдай дүнья мәмлекетлериниң экономикалық, информация, руўхый потенциалының ҳәм сиясаты қандай екенлиги менен байланыслы. Дүньяда жүз берип атырған процесслердиң ҳәр бир мәмлекетке өткерип атырған унамсыз тәсирин кемейтиў ҳәм де унамлы тәсирлерин күшейтиў ушын усы ҳәдийсениң мазмунын тереңирек аңлаў, оның қәсийетлерин үйрениў лазым. Бул ҳәдийсени тереңирек үйренбей турып оған масласыў, зәрүр болғанда, оның бағдарларын тийисли тәризде өзгертиў мүмкин емес. Глобалласыў және усындай процесс, оны терең үйренбеў, оннан пайдаланыў стратегиясы, тактикасы ҳәм технологиясын ислеп шықпаў мәмлекет экономикасы ҳәм мәдениятын, руўхыятын таўдан түсип атырған күшли дәрья ағысына қайықты басқарыўсыз тапсырып қойыў менен барабар.

Ғәрезсизлик дәўиринде мәмлекетимиз илимпазлары өткерген ҳәм де өткерилип атырған изертлеўлер анализи бул тараўдағы жумыслар енди басланып атырғанлығынан гуўалық береди. Глобалласыў миллий руўхыятқа да тәсир көрсетеди. Ҳәр қандай сиясат, атап айтқанда, экономикалық сиясат ҳәм руўхыят тараўындағы сиясат та илимий тийкарға ийе болғанда ғана унамлы нәтийже келтириўин қәлесек, глобалласыўдың мазмуны, бағдарлары, қәсийетлерин тереңирек изертлеў ҳәм анализлеў зәрүр. Тек усы процессти терең анализлеў арқалы сиясатшылар дурыс жол таңлаўы ҳәм қарарлар қабыл етиўи ушын мүмкиншилик жаратыў мүмкин.

Глобалласыў - түрли мәмлекетлер экономикасы, мәденияты, руўхыяты, адамлар ортасындағы өз-ара тәсир ҳәм байланыстың күшейиўи болып табылады.

Глобалласыўға берилген сыпатламалар оғада көп. Бирақ оның қәсийетлерин толық қамтып алғаны, бизиң пикиримизше, француз изертлеўшиси, Б.Банди берген сыпатлама болып табылады. Онда глобалласыў процессиниң үш өлшемли екенлигине айырықша итибар бериледи:

- глобалласыў - бәрқулла даўам етип киятырған тарийхый процесс;
- глобалласыў - дүньяның гомогенлесиўи ҳәм универсалласыў процесси;
- глобалласыў - миллий шегаралардың жуўылып кетиў процесси.

Б.Банди келтирип өткен глобалласыў өлшемлериниң ҳәр бирине де базы бир қарсылықлар билдириў мүмкин. Бирақ дүньяда жүз берип атырған процесслерди гүзетсек, олардың ҳәр үшеўи де онда бар екенлигин көремиз.

Глобалласыўдың мәмлекетлер экономикалық сиясаты ҳәм руўхыятына өткериўи мүмкин болған унамлы ҳәм унамсыз тәсири Индияның уллы мәмлекет ғайраткери Махатма Гандидиң төмендеги сөзлеринде жақсы тәрийпленген: «Мен үйимниң дәрўаза ҳәм есиклерин бәрқулла жаўып отыра алмайман, себеби үйиме таза ҳаўа кирип турыўы керек. Усының менен бирге, ашылған есик ҳәм дәрўазалардан кирип атырған ҳаўа даўыл болып үйимди астан-кестен қылып таслаўын, өзимди болса жығып жибериўин қәлемеймен».

Соның ушын да миллий ғәрезсизлик идеясы бүгинги глобалласыў процессинде үйимизди, турмысымызды таза ҳаўа менен тәмийинлеп, бир ўақыттың өзинде «даўыллар»дан сақлаў факторы екенлигин аңлаў оғада зәрүр.

**Глобализм ҳәм антиглобализм.** Ҳәзирги заман глобалласыў процесси оғада қурамалы процесс. Оның түрли мәмлекетлер экономикасы, сиясаты ҳәм руўхыятына өткерип атырған тәсири және де қурамалы болғанлығы себепли оған да дүньяда бәсекилес болған еки топар: глобалистлер ҳәм антиглобалистлер топарлары жүзеге келди.

Глобалласыў тәрепдарлары глоблистлер деп аталады. Олар арасында мәмлекет ғайраткерлери, сиясатшылар, санаатшы ҳәм бизнесменлер көп ушырасады. Глобалласыў процессине қарсы болған топар антиглобалистлер деп аталып, олар арасында оппозицион күшлер, кәсиплик аўқамлары ҳәм де жаслар

шөлкеминиң ўәкиллери бар. ҒМДА аймағында антиглобалистлер Россия Федерациясы аймағында жумыс алып бармақта. Бул жерде олар түрли конференциялар, семнарлар өткериў ушын жыйналысып турады.

XX әсир орталарында глобалласыўдың институтционалласыўы, яғный шөлкемлестирилиўи күшейгеннен соң бул процесстиң өзи де жеделлести ҳәм кескин түс алды. Институтционалласыўдың күшейгенлигин Дүньяжүзлик саўда шөлкеми, Халық аралық Валюта фонды, Жәҳән банки, Европа раўажланыўы ҳәм тиклениў банки шөлкемлериниң жүзеге келгенлиги мысалында да көриўимиз мүмкин.

Глобалласыўдың жеделлесиўи ҳәм күшейиўине жуўап ретинде антиглобалистлердиң активлиги де күшейип барды. Олар глобалласыўдың тек ғана унамсыз ақыбетлерине емес, улыўма оның өзине қарсы шыға баслады. Мәселен, россиялық философ ҳәм жазыўшы А.Зиновьев «Антиглобализм векторлары» атындағы әнжуманда шығып сөйлеген сөзинде: «Глобалласыў бул жәҳән урысы. Ол жаңа типтеги жәҳән урысы. Бул урыста тири қалыў ушын қарсылық көрсетиўден басқа жолын көрмей турыппан. Тек қарсылық» - деген еди.

«Антиглобализм векторлары» әнжуманындағы және бир шығып сөйлеген А.Паршев болса глобалласыўға төмендегише сыпат берген: «Ҳаслында, глобалласыўдың тийкарғы мазмуны басқа мәмлекетлерде ислеп шығарылған өнимниң қосымша баҳасын, дүньядағы тийкарғы запасларды өзлестириўден ибарат».

Әлбетте, бул пикирге түрлише мүнәсибет билдириў мүмкин. «Глобалласыў»ды тек унамсыз ҳәдийсе сыпатында баҳалаў ҳәм оған қарсы турыў социал турмыстағы түрли тәбийий, социал байланысларды бийкар етиўге алып келиўи мүмкин. Глобалласыў процесси «идеологияластырыў»дан, оның мақсетлеринен узақ болыўы керек.

Анализлер соны көрсетеди, глобализм тәрепдарлары да, қарсыласлары да тийкарғы итибарын экономика тараўына қаратады. Глобалласыўдың руўхыятқа тәсири ҳәм руўхыяттың глобалласыў мәселелери социология, философия, мәдений антропология пәнлеринде өзиниң жетерли сәўлелениўин табыўы керек.

**Глобалласыў ҳәм миллий руўхыйлық.** Әлбетте, глобалласыўдың тийкарғы белгилери ҳәм бағдарларын толығы менен қамтып алыў қыйын. Соның ушын усы бөлимде глобалласыўдың миллий руўхыятқа өткерип атырған ҳәм өткериўи мүмкин болған тәсири ҳаққында сөз жүритемиз.

Руўхыятты да бир үйге топланған байлық деп есапласақ, сырттан кирип атырған самал үй ишиндеги нәрселерди астан-кестен қылып таслаўын ҳеш бир үй ийеси қәлемейди. Тап усындай биз де жат идеялар, ағымлар ҳәм идеологиялар руўхыятымызға бузыўшы тәсир көрсетиўине қарсы қорғаныў илажларын көриўимиз керек. Шеттен келип атырған идеологияға қарсы қорғаныў илажларын көриўден алдын қандай тәсирлерди мақуллаў керек, қандайларын бийкар етиў керек екенлигин анықлап алыў тийис. Ҳәзирги күнде бирде-бир руўхыят басқа халықлар руўхыятынан толығы менен қорғалған емес. Ҳәттеки, Австралия тоғайлықларында, Африка саванналары ҳәм Қубла Америка джунглилеринде жасап атырған қәўимлер де қоңсы қәўимлер ҳәм заманагөй турмыс тәсирин сезип турады. Қалаберсе, тарийхый анализ қылыў басқа халықлар руўхыятынан тәсирленген халықлар руўхыяты жоқары дәрежеге көтерилгенлигинен гуўалық береди.

Орайлық Азия халықлары мәденияты ҳәм руўхыяты да Шығыс пенен Батысты тутастырған кәрўан жолларында жайласқанлығы себепли де, ҳәм Шығыс, ҳәм Батыс мәдениятынан жемис алып, оларға жақынласып жоқары дәрежеге көтерилди. Бул пикирдиң дәлилин руўхыяттың қурамында болған илимий билимлер, диний исеним, көркем өнер тараўында да көриў мүмкин. Тек Ўатанымыз емес, пүткил дүнья мәденияты тарийхынан беккем орын ийелеген ата-

бабаларымыздың мийнетлери де усы пикирди тастыйықлайды. Мәселен, әне усындай ата-бабаларымыздан бири Абу Райхан Беруний Қытай, Ҳиндистан, Греция ҳәм рим философиясын, тәбийғый пәнлерин терең өзлестирген еди. Ҳиндистанда болған ўақтында сол жердиң илимин ҳәм мәдениятын үйренер екен, әййемги дереклерди үйрениў ушын қәдимги тил - санскрит тилин билиў керек екенлигин аңлайды. Ол санскритти үйрениўге кириседи ҳәм қысқа ўақытта оны терең өзлестирип, әййемги ҳинд мәдениятын ҳәм илимин әййемги дереклерден үйрене баслайды. Ол, сондай-ақ, грек ҳәм рим мәденияты ҳәм илимин үйрениў ушын грек, латын ҳәм де әййемги яҳудийлер тиллерин өзлестирген еди.

Дүнья мәденияты тарийхында үлкен из қалдырған Абу Насыр Фарабий де онлаған тиллерди билген ҳәм онлаған халықлар мәденияты ҳәм руўхыятын үйренген. Бундай мысалларды көп келтириў мүмкин. Ең зәрүр тәрепи сонда, усы уллы ата-бабаларымыз дүнья халықлары руўхыятын үйренип ғана қоймай, оларды терең анализ қылды, тийисли жерлерин раўажландырды, уллы жаңалықларды ашты.

Ата-бабаларымыз тарийхы дүнья халықлары руўхыятына ҳүрмет пенен қараў, керекли жерлерин үйренип, оны раўажландырыў арқалы ғана жоқары руўхыят дәрежесине ерисиў мүмкинлигинен гуўалық береди. Бизге тәсир өткерип атырған ямаса тәсир етпекши болып атырған идеялардың қайсы бирин қабыл етиў ямаса бийкарлаў кереклигин анықлаў ушын терең анализ керек. Әне усы анализди өткериў ушын базы да еriншеклигимиз, базы да уқыпсызлығымыз кесент бермекте. Бунның ақыбетинде болса қабыл етиў лазым болған идеяларды бийкарлаў ҳәм бийкарлаў керек болған идеяларды қабыл етиў жағдайлары ушырасып турыпты.

Сондай идеялар бар, олар ашық жүз бенен есигимизди қағып кирип келеди. Сондай идеялар бар, олар «уры» сияқлы киретуғын жер излейди.

Есик қағып кирип келетуғын идеялар миллий руўхыятымызды байытыўға, раўажландырыўға хызмет қылады. Бул улыўма инсанийлық жақсы мақсетти гөзлеген идеялар болып табылады. Себеби миллий руўхыятлар өз-ара тәсир процессинде раўажланады. Ҳәр қандай халық руўхыятының раўажланыўына көз тасласақ, оның басқа халықлар дәстүрлерин, үрип-әдетлерин қәншелли өзлестирип ҳәм раўажландырып барғанлығын көриў мүмкин.

Өзбек миллий руўхыяты да узақ ҳәм жақындағы халықлардың алдағы дәстүрлерин өзлестириў нәтийжесинде байып барды. Руўхыятымыздың раўажланыў тарийхын гүзетсек, буған және бир мәрте исеним пайда етиўимиз мүмкин. XX әсир басларында өзбек мәденияты ҳәм руўхыяты ҳәм де оның әсир ақырындағы ҳалаты ортасында әдеўир парық бар. Бул парықты әдебият, көркем өнер, илим ҳәттеки жүрис-турыс, кийим-кеншек ҳәм турмыс тараўларында да гүзетиў мүмкин.

XX әсир басларында өзбек әдебиятында драматургия жанры еле қәлиплеспеген еди. Демек, миллий театр ҳаққында сөз жүритиў де мүмкин емес еди. Мунаввар қори Абдурашидхонов, Маҳмудхўжа Беҳбудий, Фитрат сыяқлы ағартыўшылардың ҳадал-ҳәрекетлери себепли драматургия раўажлана баслады ҳәм соңынан театр қәлиплести. Усы ўақытларда театр өнерин өзбек миллети ушын жат деп жәриялағанлар да аз емес еди. Драматургия ҳәм театрды бийкарлаў тек критика менен шегараланып қоймаған. Көркем өнердиң бул түрин Өзбекстанға алып кириўге ҳәрекет қылып атырған инсанларды масқаралаў, ҳәттеки сазайын бериў, өзлерин мәдeнияt қорғаўшылары деп атағанлар тәрепинен әмелге асырылған еди. Ҳәмме нәрсе ушын әдил судья есапланған ўақыт болса, театр өнери  миллий руўхыйятымыз ҳәм мәдениятымызға жат, дегенлердиң өзлери миллий  руўхыяттың раўажланыў жолына тосық болғанлығын көрсетти. Ҳәзирги күнде ҳәр бир миллион адамға есаплағанда театрлар саны бойынша

Өзбекстан дүньядағы алдағы орынлардан бирин ийелейди ҳәм театр миллий руўхыйлығымыздың ажыралмас бөлегине айланған.

Миллий кийим-кеншеклер де миллий қәдриятлардан бири есапланады. ХХ әсир даўамында әне усы қәдриятларымыздың да раўаўжланыўын гүзетсек, әжайып ҳәдийселердиң гуўасы боламыз. Өткен әсир басларында жергиликли ер адамлардың қысқы кийими телпек ямаса етиктен ибарат еди. Жазғы кийим болса топпы, көйлек ямаса жеңсиз, ақ лазым ҳәм геўиштен ибарат еди.

Спорт тараўындағы атамаларды глобалласыў процессине еңгизетуғын болсақ, бузыўшы идеялардан қорғаныўдың ең жақсы усылы бул оларға қарсы ҳүжимге өтиў болып есапаланады. Яғный, биз өзимизге жат болған идеялардан қорғаныў менен ғана шекленип қалмастан, өз идеяларымыз, дәстүрлеримиз, турмыс тәризимизди дүньяға жайыў ушын да ҳәрекет қылыўымыз керек.

Тарийхымыз илим, дин, исскуство тараўында елимизде жетисип шыққан илимпазлар пүткил дүньяға аты шыққанлығынан, пүткил дүнья руўхыятына үлкен тәсир көрсеткенинен гуўалық береди. Абу Наср Фарабий жәҳән философиясы раўажланыўына сезилерли үлес қосқан болса, Абу Райхан Беруний, Абу Али Ибн Сино, Замахшарий, Хоразмий, Мырза Улуғбеклер дүнья илимин жоқары дәрежеге көтериуге үлес қосты. Исмайыл Бухарий, ат-Термизий, Мотрудий, Абдухолиқ Ғиждуваний, Баҳаўаддин Нақшбанд, Аҳмет Яссаўийлер болса ҳәдис, калом, фикҳ илимлери ҳәм де суфизмде парлаған жулдызлар есапланады. Әмир Темур ҳәм Мирза Бабурдың әскерий стратегиясы уллылығын пүткил дүнья тән алады.

Советлер дәўиринде миллий қәдриятларымызды дүньяға жайыў ол жақта турсын, өз елимизде қәдирлеў ушын да жол берилмеди, көпшилик қәдриятларымыз болса аяқ асты етилди. Ғәрезсизликке ерсикенимизден кейин усы аяқ асты етилген қәдриятларымызды тиклеў, миллий қәдриятларымызды тарқатыў мүмкиншилигине ийе болдық. Өзбек миллий гүресин дүньяға жайыў бойынша алып барылған жумыслар, көпшилик еллерде өзбек гүреси бойынша федерациялардың дүзилиўи буның айқын дәлили бола алады. Дүнья бүгин Өзбекстанды миллий-мәдений мийрасы, бай тарийхы, тили, мәденияты, үрип-әдет ҳәм дәстүрлериниң улыўма инсанийлық пазыйлетлер менен бирлигин, искусство ҳәм архитектура, илим ҳәм мәденият тараўында ерисип атырған жетискенликлери арқалы да тән алып атыр. Демек, биз глобалласыў процессинде пассив қабыл етиўши тәреп ғана болмай, актив жақлаўшыларға да айланыўымыз мүмкин.

**Глобалласыў ҳәм миллий идеяға зәрүрлик.** Миллий руўхыятымызды ҳәм руўхый өзлигимизди ҳүжимлерден қорғаў ушын миллий ғәрезсизлик идеясынан басқа тәсирли ҳәм күшлирек усыл жоқ. Усы мәселеде миллий ғәрезсизлик идеясының оғада зәрүр функциясы, яғный миллий ҳәм руўхый өзликти қорғаў сыяқлы функциясы көзге тасланады. Миллий ғәрезсизлик идеясы әне усы функцияны атқарыў ушын жаслар ҳәм халық санасында билим, қыял сыпатында емес, исеним сыпатында қәлиплесиў керек.

Миллий ғәрезсизлик идеясының қәлиплестирилиўи ҳәм оның оқыўшылар, студентлер, кең халық тәрепинен үйрениўге кирисилиўи мәмлекетимиз руўхый раўажланыўында айрықша басқышты қурайды. Ҳаслында, миллий ғәрезсизлик идеясының негизлери оғада терең. Ол халқымыздың миллий мәдений мийрасларынан, қалыс нийетлеринен азықланады. Бирақ бул идеяны жаслар ҳәм халық санасына сиңдириў ушын қандай да бир тийкар, фундамент керек еди. Яғный, дәслеп миллий қәдриятларды, миллий руўхыятты тиклеў, миллий мақтанышты оятыў, бир сөз бенен айтқанда, миллий ғәрезсизлик идеясы тамыр таслаўы ҳәм гүркиреп раўажланыўы ушын тийкар таярлаў лазым еди. Ғәрезсизлик қолға киритилгеннен берли өткен дәўир ишинде руўхыят тараўында үлкен теориялық, руўхый-ағартыўшылық ҳәм әмелий жумыслар иске асырылды. Ағартыўшылық ҳәм руўхый кеңеслер дүзилди, жүзлеп мақала ҳәм брошюралар баспадан шықты, изертлеўлер өткерилди, тәлим туўралы миллий дәстүр қабыл

етилди. Бир сөз бенен айтқанда, миллий ғәрезсизлик идеясын кең жайыў ушын тийкар жаратылды.

Миллий ғәрезсизлик идеясын жайыўда, оны тарқатыўда, бизиңше, базы биреўлер бир тәреплемеликке жол қойып атыр. Бул идеяны пропаганда қылыўда қатнасып атырған устаз ҳәм муғаллимлер, изертлеўшилердиң шығып сөйлегенлеринде, мақала ҳәм брошюраларда ағартыўшылық пенен шеклениў көзге тасланып атыр. Бирақ руўхыятты раўажландырыўда тийкарғы усыл ағартыўшылық тәрептен болса да, миллий ғәрезсизлик идеясын пропаганда қылыўда бул усыл менен шекленип болмайды. Бул жағдай миллий ғәрезсизлик идеясының өзгешеликлери менен байланыслы.

Миллий идея жәмийетти бирлестириўши, оны социал раўажланыў жолындағы алдымызға қойып атырған мәселелерди шешиўге, сырттан болып атырған идеялық, руўхый ҳүжимлерден қорғаныўға қаратылған күш болып табылады. Дүньядағы глобалласыў процесслери әне усы идеяға болған мүтәжликти оғада күшейтирип жиберди. Тийкарынан , глобалласыў процеси болмағанда, миллий идеяға зәрүрият та артып бармас еди. Себеби глобалласыў болмағанда ҳәр бир халық ҳәм миллеттиң руўхыяты өзинше бар(пайда) болар ҳәм имканият дәрежесинде раўажланар еди. Сыртқы тәсир ҳәм ҳүжимниң жоқлығы болса, миллий идеяға зәрүрлиги де актуал болмас еди.

Миллий ғәрезсизлик идеясының мазмуны сонда, ол адамлар санасында, ядында идеялығынша қалмай, әмелиятқа, турмысқа айланған жағдайда ғана ҳақыйқый миллий ҳәм ҳақыйқый ғәрезсизлик идеясы болыўы мүмкин. Сонда ғана глобалласыў шәраятында миллий руўхыятты ҳәм руўхый өзликти сыртқы бузғыншылық идеялық ҳүжимлерден қорғаўшы күшке айланады.

**Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм жеке зәрүрлик.** Миллий ғәрезсизлик идеясының турмысымызға сиңип кетиўин тәмийинлеў ушын идеялар әмелий ҳәрекетлерге айланыў процессин терең үйрениў лазым. Буның ушын, дәслеп, идея тиккелей әмелиятқа, әмелият дәстүрине айланыўы мүмкин бе? Егер мүмкин болса, бул процесс қандай жүз береди? деген сораўларға жуўап излеў керек.

Заманагөй психология, социал психология ҳәм социал-гуманитар пәнлер көз қарасынан бул сораўға «айланбайды» деп жуўап бериў керек. Себеби инсан санасында, мийинде онлап, жүзлеп, ҳәттеки мыңлап идеялар болады. Олардың барлығы да әмелиятқа айлана бермейди. Себеби бир инсан санасында бир ўақыттың өзинде онлаған түрли, атап айтқанда, диний, әдеп-икрамлылық, сиясий, илимий, көркем ҳәм басқа идеялар болыўы турған гәп. Нәтийжеде, шахс бул идеялардан ең әҳмийетлилерин ҳәм ең дурыс деп санағанларын ажыратып турмысқа еңгизеди ямаса оған әмел қылады. Әне усы таңлаўды ғный идеяның әмелиятқа өтиўиндеги зәрүр басқышты толық ҳәм тереңирек аңлаў ушын усы таңлаў критерияларын анықлап алыў зәрүр.

Идеяларды таңлаўда шахс пайдаланып атырған өлшемлердиң ең зәрүрлеринен бири, бул таңлап алынып атырған идеяның ямаса мақсеттиң шахс, миллет, халық ямаса жәмийет мәплерине, мүтәжликлерине, қурылмаларына, исенимине сай келиўи  болып табылады. Бул ҳәдийселер, яғный мәплер, зәрүриятлар, исенимлер ҳәм олардың идеялар менен өз-ара қатнасы қурамалы есапланады. Буның үстине бул машқала дүнья илиминде аз үйренилген. Мәмлекетимиз психолог илимпазлары бул машқала үстинде енди жумыс алып бара баслады.

Машқаланың қурамалылығын есапқа алып биз оның тек бир тәрепи, яғный идеялар менен исеним байланыслары ҳаққында пикир жүритпекшимиз. Исеним шахс санасында оғада зәрүр орынды ийелейди, шахстың өмир бағдары, тәрзи, умтылыўлары оның жеке исеними менен белгиленеди.

Инсан санасына жол таўып атырған идеялар әне усы исеним шығырығынан өткериледи. Исенимге сәйкес келмейтуғын идеялар бийкар етиледи. Бирақ идея

ҳәм исенимниң өз-ара байланысы тек бир тәреплеме ҳәдийсе емес. Олардың байланысы тек ғана исенимниң қадағалаўшылығы, идеяларды електен өткериўи менен шекленбейди. Сондай жағдайлар болады, инсан санасына кирип киятырған идея ондағы исенимди беккемлейди ямаса босастырады, базы пайытларда усы идеяның өзи исенимге айланады.

Ғәрезсизлик қолға киритилгеннен соң, мәмлекетимизде кең масштаблы социал-экономикалық реформалар басланды. Бул реформалар барысында мүликти мәмлекет басқарыўынан шығарыў, меншиклестириў, социал-сиясий турмысты еркинлестириў сыяқлы көплеген илажларды әмелге асырыўға кирисилди. Реформа социал руўхыят тараўында да әмелге асырыла басланды. Бул тараўдағы ең баслы ўазыйпа адамларды ғәрезсиз пикирлеўге үйретиў еди. Буның ушын оларды совет дүзими дәўириндеги қәлиплескен арқайыншылық, өзи боларшылық сезиминен, жат идеялардан қутқарыў керек еди. Бул бағдарда анық жумыслар әмелге асырылды. Бирақ бул процесс мәмлекетимизде миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиник ҳәм принциплери қәлиплесиўи менен өзиниң соңғы пәллесине кирди. Себеби тәбиятта болмаған сыяқлы адам санасында абсолют бослық болмайды. Бурынғы совет дүзими сарқытларын адам санасынан өширип таслаў ушын руўхый қурал керек. Бундай қурал ўазыйпасын тек миллий ғәрезсизлик идеясы атқарыўы мүмкин. Себеби жаңа өмир беретуғын идеялар менен қуралланбай турып, ески сарқытлардан қутылыў мүмкин емес. Сонысы да бар, миллий ғәрезсизлик идеясынан жәмийет ағзаларының көпшилиги хабардар болыўы ески дүзим сарқытларын жоқ етиў ушын жетерли болмайды, әлбетте. Миллий ғәрезсизлик идеясы исенимге айланғанда ғана ескилик сарқытларынан қутылыў мүмкин.

Жәмийетте идеяның исенимге айланыўы оның әмелиятқа өтиўиндеги зәрүрли басқышы болып табылады. Шахс исенимине айланған идеяны әмелге асырыў ушын ҳәрекет қыла баслайды. Исеним қәншелли күшли болса, оны әмелге асырыў ушын шахс соншелли қызығыўшылық пенен ҳәрекет қылады. Күшли исеним жолында шахс билимин, күшин, байлықларын, ҳәттеки өмирин де аямайды. Тарийхтан буған көплеп мысллар келтириў мүмкин. АҚШ Президентлеринен бири Т.Жефферсон «Азатлық сондай терек, ол базы да адам қаны менен суўғарып турыўды талап етеди» дегенде, тап усындай исенимли адамлардың азатлықты қорғаў жолында олар өз жанынан да ўаз кешиўге таяр турыўларын нәзерде тутқан еди. Елимиз тарийхында азатлық терегин өз қаны менен суўғарған ямаса суўғарыўға таяр турған қаҳарманалар оғада көп болған. Огузхан, Шырақ, Тумарис, Жалаладдин Мангуберди, Әмир Темур, Бабур Мырза сыяқлы шахслар солар қатарынан. Олар исенимлери себепли азатлық, ел ғәрезсизлиги жолында пүткил күш-қуўатларын, зәрүр болғанда жанларын да аямады.

Ғәрезсизликти де азатлыққа уқсатыў мүмкин. Олар екеўи - егиз. Ғәрезсизликсиз азатлық болмайды ҳәм керисинше азатлықсыз ғәрезсизликке ерисип болмайды. Ғәрезсизликти қорғаў ушын жан пидә қылыўға таяр азаматлар керек. Ғәрезсизлик тереги гүллеп-жаснаўы ушын көбирек тер төгиў керек. Ўатан ул-қызлары қәншелли көп мийнет етип тер төксе, ғәрезсизлик тереги, оның тамырлары, тамырлары арасындағы оқ тамыр - миллий ғәрезсизлик идеясы соншелли раўажланады. Бирақ тек ғана ағартыўшылық пенен қанаатланса, узақ барғанда ғәрезсизлик идеясын түсиндирип бериў мүмкин, түсиндириў менен адамлардың тек ғана пикирине, ядына тәсир етсе болады. Миллий ғәрезсизлик идеясын жақсы түсинип алған студент ямаса оқыўша имтиханда «жүдә жақсы» ямаса «жақсы» баҳаларын алыўы мүмкин, бирақ онда бул идеяға исеним қәлиплеспеген болса, ол бул билимди тез умытады. Исеним қәлиплесиўи ушын тек билимниң өзи жетерли болмайды. Исеним, атап айтқанда идеялық билим ҳәм сезимлердиң мийўеси болып табылады.

Идеялық исенимниң атасы билим болса, анасы сезимлер болып есапланады. Олардан бири болмаса, идеялық исеним де болмайды. Сол қәсийети менен идеялық исеним исенимниң басқа түрлеринен, мәселен, диний исенимнен парық қылады. Диний исеним болыўы ушын дин ҳаққында терең билимге ийе болыў шәрт емес. Диншиллердиң көпшилигинде терең диний билим жоқ, бирақ олардың көпшилигиндеги исеним билимли уламалардың исениминен күшлирек болыўы мүмкин.

Буның себеби сонда, диний исеним билимди бийкар етпейди, бирақ онда қумар үстемлик етеди. Дин бойынша көп билимге ийе болған адамның исеними күшсиз, ал аз билимге ийе болған адам күшли исенимге ийе болыўы мүмкин. Соның ушын илим ҳәм ағартыўшылық менен бирге оған әмел қылыў зәрүр. Ол исенимди беккемлейди.

Илмига амал қилмаган мулладан бешак,
Афзалдир устига китоб ортилган эшак,

Илимине әмел қылмас молладан бий шек ,(гумансыз)
Абзалдур үстине китап артылған ешек,

дегенде Шайх Саъдий билимли, бирақ исеними болмаған моллаларды нәзерде тутқан еди.

Миллий ғәрезсизлик идеясының мазмунына сәйкес түрде оны жаслар ҳәм халық санасына сиңдириў бойынша алып барылып атырған жумыслар ағартыўшылық пенен шекленбей, исенимди қәлиплестириў ушын әмелиятқа бағдарланыўы оғада зәрүр. Буның ушын болса исенимниң өзине тән қәсийетлери, оның қәлиплесиўиндеги басқышлар, машқалаларды бәрқулла есте сақлаған мақул.

Президентимиз И.А.Каримов атап өткениндей, «Өз миллий идеясына таянбаған жәмийет кризиске дуўшар болыўы, өз жолын жойтып қойыўы сөзсизлигин умытпаўымыз керек.

Бул мәселениң және бир тәрепи сонда, сананы, ой-пикирди өзгертпей турып биз гөзлеген уллы мақсет - азат ҳәм абат жәмийетти қурып болмайды. Миллет өзлигин аңлаған жағдайда ғана уллы өзгерислер қыла алады».

Ҳақыйқатында да, миллий ғәрезсизлик идеясы да исенимди ҳәм де оған әмел қылып жақынласа баслаған адамлар искерлигинде унамлы нәтийже береди. Исенимниң беккемлиги адамлардың миллий ҳәм улыўма инсанийлық қәдриятларға, мәдений мийрасы, үрп-әдетлери, дәстүрлери, тили, тарийхын ҳүрмет қылыўы, оған болған исеними ҳәм садықлығы арқалы көзге тасланады. Сонда ол миллетти глобалласыў процеси менен байланыслы болған айырым унамсыз ақыбетлерден сақлайды.

# 4 тема: Идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў- қәўипсизлик ҳәм турақлылық критериялары

**Идеологиялық иммунитет қәўипсизликтиң руўхый тийкары.** Ғәрезсизликти беккемлеўдиң әҳмийетли шәртлеринен бири бул идеологиялық тәрбияны күшейтиўден ибарат. Бул барыста халқымызда жат ҳәм зиянлы идеяларға қарсы гүресиў ушын идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў зәрүр. Әлбетте, идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў адамлар санасына бир түрдеги идеяны зорлық пенен сиңдириў емес, бәлким адамлар санасында ақ-қараны ажыратыў, зиянлы идеяларға қарсы қырағы ҳәм абайлы қатнаста болыў өзгешеликлерин тәрбиялаў дегенди аңлатады. 1999 - жылы февраль, 2004-жылдың март айындағы Бухара ҳәм Ташкент қалаларындағы болған террористлик ўақыялардан туўры нәтийже шығарыў жүдә әҳмийетли. Ҳәр бир мәмлекет, жәмийеттиң қүдирети оның ишки қәўипсизлиги ҳәм турақлылығына таянады.

Яғный жәмийет, миллет өз идеясында беккем турса, екиленбесе, ҳәр қандай душпан қолланыўы мүмкин болған идеологиялық қәўиплерден қорықпаса, бундай миллетти жеңиў мүмкин емес. Керисинше, жәмийет ишинде идеологиялық турақсызлық, бөлиниўлер болса (буған тарийхта мысаллар көп) душпанларға, олардың жат идеологияларына жол ашып береди. Бундай мәмлекетти жеңиў, бойсындырыў аңсат кешеди(буған да тарийхта мысаллар көп). Бул ҳаққында А.Орипов:

Түркистанның уллары, мақтаўыма қулақ аспаң,
Өкпелесем шыдам бериң, лекин сөзлерим умытпаң,
Жалынласын қара күнлер- биреўлерге қул болдыңыз,
Шығыс Батыс ортасында аяқ асты жол болдыңыз.

деген еди. Сондай екен, турақлылық ҳәм қәўипсизлик - жәмийеттиң саналылығына, саналылық пенен аңланған туўры түсиник ҳәм билимлерге искерлик пенен әмел қылыныўына, пикирлердиң, идеялық бирлигине, булар болса қәўипсизлик маьрифатына таянады.

Мәмлекетимиздиң қәўипсизлиги, турақлы раўажланыўы ҳеш бир ўатанласымызды бийпарық қалдырмаўы керек. Себеби олар өз Ўатанының қандай машақатлы, азаплы әсирлерин өткерип, ғәрезсизликке ерискенлигин жақсы биледи. Солай екен, ҳәр бир Өзбекстанлы миллетине, динине, туўылған жерине, кәсибине ҳәм жасына қарамастан Ўатан қорғаўшысы болыўы лазым. Демек, мәмлекетимиз қәўипсизлигиниң ең биринши кепиллиги- ўатанласларымыздың миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында бирлесиўидур. Усы тәризде миллий идея бизиң өтмишимиз, ҳәзирги турмысымыз ҳәм келешегимиз бенен байланыстырып турады. Сол себепли Өзбекстан халқының миллий ғәрезсизлик идеясына тийкарланған иммунитети - Ўатан қәўипсизлиги дәрежесиниң әҳмийетли көрсеткишлериниң бирине айланады.

Миллий ғәрезсизлик идеясы халық пәраўанлығы, журт тынышлығы, Ўатан абаданлығы, жәмийетлик бирге ислесиў, миллетлер аралық татыўлық, динлер ара баўрыкеңлик, кәмилликке таянар екен, әне усы идеяларға қарсы қаратылған ҳәрекетлер сыртқы ҳәм ишки қәўиплердиң алдын алады. Сыртқы қәўиплер- Өзбекстанның мәмлекет шегарасынан кирип келиўши, ишки қәўиплер болса Өзбекстан мәмлекети, мәмлекеттиң ишинде пайда болып атырған қәўиплер. Биз көп әсирлер әне усы ишки қәўиплер себепли ғәрезли болып жасадық.

Ишки қәўиплер- өз Ўатанына, ўатанласларына зиян жеткериўге қаратылған идея, пикир, ҳәрекетлер болып саналады. Ағайиншилик, басқаларды менсинбеўшилик, ўатанласларының ҳақына қиянет қылыў, «маьнаўий эмиграция» (өз бахытын ўатанынан емес, басқа жерлерден излеў), адамларды бай кәмбағалға бөлип қатнас жасаў, парахорлық, коррупция, қопаллық, қатаң миллетшилик, меркантилизм, артықша байлыққа нәпис қойыў, бийпарықлық, өзлигин аңламаў сыяқлы ҳәм басқа да иллетлер ишки иллетлер ўазыйпасын атқарады. Олар қанша кең тарқалса, өзбекстанлылардың идеялық бирлигине соншелли көп зиян жеткереди, аўызбиршиликти қашырады, бирлик болмайды. Идеялық бирлиги морт миллеттиң мәмлекет қәўипсизлиги де морт болады.

Барлық заман ҳәм мәканларда маьнауияты күшли, исеним ҳәм ерки беккем миллет бир жан ҳәм бир тән болып, машқалаларды тез ҳәм сапалы шешкен, раўажланған. Идеологиялық бирлиги иштен яки сырттан бузылған миллетлер болса жеңилип, ғәрезлиликке түскен. Буның тарийхый мысалын Билге ҳақанның түрк халқына буннан 1266 жыл алдын тасқа ойып жазған мүражатында да көремиз. Бул битик идеологиясызлықтың аянышлы ақыбетлерин сүўретлейди. Билге ҳақан түрк елиниң алжасыўы нәтийжесинде халық басынан қаншелли азапларды кеширгенлигин күйинип айтады. «Табғач халқы шийрин сөзи, нәзик

жипеклери менен алдап, жырақ халықты сондай жақынластырар екен... Жақын болғанынан соң жаўыз илимин сол жерде көрсетер екен... шийрин сөзине, нәзик жипеклигине алданып, көп түрк халқы өлдиң. Эй, түрк халқы өлдиң...»

Усы тарийхый мысал «идеология болмаса адам, жәмийет, мәмлекет өз жолын жоғалтыўы сөзсиз» екенлигин көрсетип турады.

**Идеологиялық иммунитет.** «Идеологиялық иммунитет-философия: қомусий сөзлигинде- маьнауий жетик, ерки беккем, ийманы пүтин шахсты тәрбиялаўда, хәр қандай реакцион, бузғыншы характердеги идеялық умтылыўларға шыдам бере алатуғын жасларды тәрбиялаўда қолайлы»[20] делинеди.

Гөдек дүньяға келген соң, ыссыдан, суўықтан, сыртқы механикалық тәсирлерден өзин қәўипсиз услаў, қорғаўды билмейди. Өзин-өзи қорғаўдың шәртли рефлекслери әсте-ақырын ержетиў даўамында пайда болады.

Адамның маьнауиятына зиянлы ҳәр қыйлы қәўиплер ҳәм олардан өзин аңлы рәўиште қорғаў көнликпелери тәлим-тәрбия, ата-ана үгит-нәсиятлары, жақсылық ҳәм жаманлықларды көриўи ҳәм билиўи процессинде қәлиплесип барады. Балаға нәрестелигинен баслап не жақсы, не жаман, оларға қандай мүнәсебет билдириў керек, деген сораўларға тийкарланған бақша, мектеп тәрбиясы, оннан кейинги жәмийетлик тәрбия жолға қойылса ғана ҳәр бир миллет саламат, исенимли, беккем иммунитетке ийе болады. Иммунитет өз гезегинде, адамды туўры жолдан «азыў»дан, түрли жолларға адасып, кейин пушайман болыўынан, бахытсызлықтан, миллетти болса-апатшылықлардан, бөлинип кетиўлерден, қатламлық, жерлеслик яки басқа бөлиниўлерден сақлайды. Демек, идеологиялық иммунитет- мәмлекет ҳәм миллеттиң маьнаўий бирлигин, маьнаўий саламатлығын қорғаўшы идеялық қалқан ўазыйпасын атқарады. Соның ушын да Президент Ислам Каримов «Перзентлеримиз жүрегинде ана Ўатанға, бай тарийхымызға, ата-бабаларымыздың муқәддес динине саламат мүнәсебетти қарар таптырыўымыз ҳәм керек болса олардың идеологиялық иммунитетин күшейтиўимиз зәрүр»лиги ҳаққында пикирди айрықша атап өткен еди.

«Иммунитет» сөзиниң мәниси Өзбекстан миллий энциклопедиясында төмендегише берилген: (лат.-қандайда бир нәрседен еркин, азат болыў, қутылыў)- организмниң мудамы ишки турақлылығын сақлаў оның түрли өзгешеликлер ҳәм тәсирлерден қорғаныўы, қарсылық көрсетиўи, резистентлилиги. Жат факторларға бактерия ҳәм олардың токсинлери, вируслар замаррықлар, эпиўайы жәниўарлар, гельминтлер, көширип өткерилген ағзалар ҳәм тоқымалар, организмниң өзгерген өз клеткалары (мәс. өспесыпатлы клеткалар) ҳ.т.б киреди. Бул факторлар организм ушын жат болған химиялық агентлер - антигенлерди услап қалады.

Организмди инфекциялық агентлер ҳәм басқа жат денелерден қорғаў критериялары тәбияты бойынша үш түрге бөлинеди:

Биринсиси. Филогенетик иммунитет- анатомиялық ҳәм физиологиялық белгилер менен тәмийнленип, нәсилден-нәсилге өтетуғын өз алдына қорғаныў критериялары яки организмнинң өз алдына резистентлилиги. Бул критериялар патоген агентлер менен биринши болып байланыс жасайды, соның ушын олардың искерлиги есабына адам организминиң көп ғана жуқпалы кеселликлерге шыдамлылығы тәмийнленеди.

Екиншиси. Туўма иммунитет (түрге тән, тәбиийий)- бир биологиялық түрдиң белгили бир патоген агентке салыстырғанда шыдамлылығы болып, нәсилден-нәсилге өтеди.

Үшиншиси. Арттырылған иммунитет- жасаў даўамында организм иммун системасының жат антигенлер менен тәсирлесиўи есабынан жүзеге келетуғын қорғаныў болып, нәсилден-нәсилге өтпейди. Идеологиялық иммунитет руўхый-ағартыўшылық, сиясий, экономикалық билимлерди эпиўайы ғана қабыл қылып

[20] Фалсафа: комусий лугат.(тузувчи К.Назаров)

алыўын емес, бәлким оларды аңлы рәўиште түсинип жетиўин, бул билимлерден ҳәзирги дәўир жәмийетлик ўақыяларға идеологиялық гүреслер орталығынан келип шығып мүнәсебет билдириў көнликпелерин қәлиплестириў, айырым жат идеяларға жуўап бериў, оны қабыл қылмаў ҳалаты болып саналады.

«...Әне сонда жаўыз ақыйдапарастлықтың «ураны» ҳәм моральды мойынламайтуғын, биз ушын улыўма бийгана идеялар ҳәм өз тәсирин өткере алмайды»[21] . Идеологиялық иммунитет өз-өзинен пайда болмайды. Оның қәлиплесиўи ушын ишки яки сыртқы идеялық, пикирлик тәсир болыўы керек.

Инсан алдында жаңа, таныс емес идея, усыныс турғанында яки еки жолдан биреўин таңлаўға туўра келгенде оларды өз мәплери «сайлаўы»нан өткереди. Оның сол пайыттағы мәплерине көбирек сәйкес келген, басқа идеялар, усынысларды жеңген идея енди оның ҳәрекетлерин басқара баслайды.

Мәселен, Дауран кешқурын «Интернет классына» барып қәнигелиги бойынша жаңалықларды топламақшы еди. Сонда курслас досты Бахадыр оның ханасына кирип, оған дискотекаға барыўды, спиртли ишимликлер ишип дем алыўды усынды. Дәўран көнбеди. Бахадыр да бос келмей, оны асықпай көндириўге киристи, қызықтыра баслады. Дәўранның бүгинги гөзлеген нийети, кишкене идеясының әмелге асыўы қәўип астында қалды. Мине усы типик аўҳалда да өзине тән идеялар гүресиниң киши көриниси бар. Дәўранның интернет класында ислеў, билимин асырыў нийети, қарары, идеясы беккем болса, ол усы идеясын қорғайды. Нәтийжеде, Бахадыр усынып атырған дискотекаға барыў идеясы жеңиледи. Дәўран өзиниң кәсибий, илимий карьерасы жолында және бир қәдем алдыңға кетеди. Идеологиялық иммунитет белгили, анық идеялар гүрескен гезде жүзеге келеди.

Демек, идеологиялық иммунитет пикирлик процесс нәтийжеси болғанлығы себепли ол илимий дәлийлленген, дәлийллер системасына қурылады. Студент идеологиялық иммунитетиниң қурамын идеологиялық билим (бузғыншы ҳәм дөретиўши идеялардың мәниси, парқы ҳаққында) (С) сезим, (Е) ерк, (К) көнликпе ҳәм тәжрийбе (Т) дизими шөлкемлестиреди. Идеологиялық көнликпелер билим, искерлик ҳәм ҳәрекетлер бирлигинде пайда болады. Тәжрийбе деп жат идеялар тәсирине қарсы қаратылған автоматласқан мүнәсибет, адекват жол ҳәм усылларды айтамыз. Усы тақылетте идеологиялық иммунитеттиң формуласын төмендегише көрсетиўимиз мүмкин:

МИқБ+Ҳ+И+К+М

Идеологиялық көнликпе ҳәм тәжрийбелердиң пайда болыўында миллий идея негизлери әҳмийетли роль ойнайды. Егер идеологиялық қәўип сезилгенде, не қылыў кереклигин ойлап отырмай ҳәм айырым ҳәрекетлерге өз алдына дыққат қаратып отырмай идеяға идея менен жуўап бериў әмелде орынланса, идеологиялық иммунитет әмелий қәлиплести, деп есаплаў мүмкин.

*Өз миллетин, оның абройын, потенциалын ҳәм қәдириятларын аяқ асты қылған, оның дәртине мәлҳам бола алмайтуғын адам ҳайўан болыўы мүмкин, бирақ инсан емес. Сиз өзбексиз ҳәм, алды менен сол ушын бахытлысыз.*

**Ғайбулла Ас Салам.**

Миллий ғәрезсизлик идеяларына шахстың исеними, беккем ерки оның идеологиялық иммунитеттиң дереги есапланады. Бундай идеологиялық иммунитетке ийе болған шахс жат идеологиялар тәсирине берилмейди, себеби миллий ғәрезсизлик идеясы идеологиялық иммунитетти қәлиплестириўде өзине тән имканият ҳәм өзгешеликлерге ийе.

---

[21] Каримов И.А Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон хаёт- пировард максадимиз.8 том. Т., Узбекистон, 2000, 495-б

Идеологиялық иммунитет миллий ғәрезсизликтиң артықмашлықларына болған исенимине қурылады. Бул исеним болса исендириў, түсиндириў нәтийжесинде пайда болады. Мәселен, Өзбекстан- дүньяўий (цивилизациялық) мәмлекет. Дүньяуий мәмлекеттиң тийкарғы принциплери, артықмашлықлары оларды диний мәмлекет пенен салыстырғанда ғана кең ҳәм толық түсиниклерди береди. Бул дүньяўий миллий-демократиялық дүзимниң мәниси ҳәм абзаллықларын аңлап жетиўге алып келеди. Прогресстиң «өзбек модели» раўажланыўдың улыўма нызамлықларын ҳәм де басқа мәмлекетлерде жүз берип атырған процесслер, ўақыяларды салыстырып, аңлап жетиўге имкан береди.

Демек, идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў белгили жағдайда инсанның өзи, халқы, Ўатаны мәплери бирлигинен келип шығып, жат идеяларға қарсы тура алыў тәжрийбеси болып саналады.

**Идеологиялық манипуляция.** Инсан қандай да бир кеселликке шалынса, оны емлеў мүмкин. Миллет маьнауиятының әззилиги, оның характериндеги искерсизлик, бийпарықлық, ғайратсызлық, өз-ара ишки мүнәсебетлерде алдаўшылық, қопаллық, жаўызлық, жалқаўлық ҳәм басқа иллетлерде көринеди. Демек, ҳәзирги өзимизди өзимиз камалға жеткериўимизге тосқынлық қылып атырған маьнаўий жараларымызды емлеўимиз ушын мәселеге анық, яғный реал миллий характерди үйрениў ҳәм өзгертиў факторы сыпатында жантасыўымыз зәрүр.

Нәтийжеде, миллеттиң өз аўҳалына өзиниң мүнәсебети, унамлы тәреплерин асырыў ҳәм иллетлерди маьрифий жол менен даўалап, күшлендирип, жәҳәнниң алдыңғы миллетлери қатарына қосылыўы мүмкин.

Жәмийеттиң өз ертеңи ҳәм келешегине исеними өзинен-өзи пайда болмайды. Буның тамырында миллет бахыт- ығбалы жолында, демек, ҳәр бир пуқара мәпинен келип шығыўшы арнаўлы искерлик- идеялық тәрбия жатады. Идеологиялық тәрбия дегенде гәп, «адамлардың дүньяға көз-қарасын басқарыў ҳаққында емес, бәлким адамлардың пикирин байытыў, оны жаңа мәни ҳәм мазмун менен толтырыў»ды аңлатады.

Идеялық тартысыўларда қәўип салыўшы да, өзин қорғаўшы да -идеяны массаластырыў усылларынан пайдаланады. Бул- идеологиялық тәрбия усыллары. Демек, қайсы тәрептиң жеңиўин, нәтийжеде, илимге тийкарланған- үгит-нәсият шешеди. Усы тәризде идеологиялар тартысыўы- үгит-нәсият тартысыўына айланады деў мүмкин. Усы себепли «Миллий ғәрезсизлик идеологиясы шын мәниде миллий идеологияға айланыўы ушын бир қатар талапаларға жуўап бериўи керек. Әне, сондай талаплардың бири- ҳәр қандай жаўыз идеяға қарсы жуўап бере алыўыдур»[22]

Жәмийетке жат идеологиялық идеялар бирден кирип кете алмайды. Олар, алды менен, басып алыныўы керек болған миллеттиң алдын исенип келген нәрселерге исенимин, үмитин сөндиреди. Буның ушын миллет исенип келген нәрселер жаманланады, абыройсызландырылады. Нәтийжеде, идеологиялық иммунитетти сиңдириўдиң биринши басқышы әмелге асады- миллет өзи исенип келген идеялар, қәдириятларға бийпарық мүнәсебетте бола баслайды. Әзелий қәдириятларға әмел қылынбай басланады, адамларда оларға әмел қылмай атырғанларға бийпарық мүнәсебет әдет бола баслайды. Қәдириятлар, идеялар қәдирсизленеди әҳмийетсиз нәрселерге айланып қалады. Бослық әне сондай жаратылады, «ашып алынады».

Идеялық бослық ашып алынған соң, енди оның орнын толтырыў ушын өз идеясын сулыў, тәсирли қылып сүўретлей баслайды. Бузғыншы идеяға тән «жаңалық» ҳәм ол берип атырған ўәделер адамлар қулағы ҳәм көзи арқалы сана

---

[22] Миллий истиклол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар.- Т., Узбекистон, 2000, 45-46, 80 бетлер

ҳәм қәлбине кирип баслайды. Идеологиялық бослық усы тәризде толтырыла басланады. Жалған идея адамлар санасына кирсе, ол да үлкен күшке айланады.

Ҳәзирги илим ҳәм технологиялар раўажланыўы дәўиринде басқа адамлардың санасы ҳәм қәлбине жасырын, ғәрезли мақсет пенен тәсир көрсетиўди сүўретлеўде манипуляция (manus-қол) сөзи, яғный «обьект үстинде қандай да бир мақсетте ис алып барыў» мәнисинде ислетилмекте. Бунда шаққанлық, өнерлилик талап қылыныў көзде тутылады. Сол себепли, «манипуляция»ны көшпе мәниде «адамлар менен обьект сыпатында мүнәсебетке кирисиў» деп те түсиниўге болады. 1969- жылы Нью-Йоркта басып шығарылған «Заманагөй социология сөзлиги»нде бул ҳаққында «басқаларға билдирместен, тийкарғы мақсетти жасырын тутқан ҳалда басқалар үстинен ҳүкимранлық қылып, өзи қәлеген минез-қулықты қәлиплестириў» делинеди.

Биз ушын әҳмийетли тәрепи сонда, усы жағдайда шахс ҳәм оның идеологиялық иммунитетке тәсир көрсетиў процеси манипуляция түсинигинде сәўлеленеди. Бунда тийкарынан, «үгитши»ниң тәсири бириншиден шахсқа деген зорлық, күш ислетилмейди, бәлким маьнаўий, психологиялық өзгешеликке ийе; екиншиден, бул тәсирде тийкарғы мақсет жасырын қалады. Соның ушын ҳәм «ислам дини нықабында» деген ибара ислетиледи; үшиншиден, идеялық манипуляцияны идеологиялық гүрес, жат идеологиялар тәрепинен қолланылып атырған тәсир технологиясының структуралық бөлеги, деп атаў мүмкин. Яғный манипуляция адамды ол яки бул исти қылыўға емес (үгит-нәсият ислеринен парқы), бәлким усы исти қылыўға тилек, қәлеўди оятыўға хызмет қылады.

Идеялық манипуляция процесслери қандай кешеди? Алды менен, идеялық манипулятор (үгитши) тәсир өткермекши болған адам сезимлерин өзгертиўге алып келиўши билимлер бере баслайды. Нәтийжеде, обьект (шахс)тың дүньяға көз-қарасында, қәдириятлар үгитши-манипулятор күткен тәртип пайда болады ҳәм жетекшилик қыла баслайды. Бул болса шахстың минез-қулқына тәсир көрсетеди, шахс өз характериндеги өзгерислерди сезбейди ҳәм «мен туўры жол тутып атырман, себеби»...деген тийкарға ийе болып қалады.[ә]

Усы жерде Президент И.Каримовтың «80-жыллардың ақырында мәмлекетимизде өзин «дос», «динлес», миллетлес қылып көрсетип, ислам дининиң саплығы ушын гүреске шақырыўшы айырым кимселер кирип келди... Жүдә ширайлы «шақырықлар» менен шығып, айырым жасларды өзине қаратыўға еристи де... олар дин нықабы астында ҳәрекет қылып атырған халықаралық террорлық ҳәрекетиниң бир топары екени әшкара болды», деген пикирлерди еслеў орынлы. Бул үгитлер бизди тек ғана қырағылыққа емес, бәлким идеологиялық гүрес майданына шарламақта.

**Тарийхый битиклерде идеологиялық иммунитет ҳаққында.** Дүнья тәжрийбесине нәзер тасласақ, миллеттиң идеологиясы бир емес, ал бир неше әўладтың өмири даўамында ислеп шығылыўы ҳәм кәмилликке ерисиўине гүўа болыўымыз мүмкин. Пүткил халықты бирлестиретуғын байрақ болатуғын миллий идеяны қәлиплестириў әҳмийетин сәўлелендириўши пикирлер инсаният тарийхының түрли дәўирлеринде жазылған битиклеринде де өз көринисин тапқан, оның анық көринисин әййемги Шығыс ҳәм ислам философиясының уллы алымлары дөретпелеринде де ушыратыў мүмкин.

Инсаният тарийхында идеологиялық иммунитетти беккемлеў, егер буған ерисилмегенде бул қандай қайғылы трагедияларға алып келиўи мүмкинлиги ҳаққында битик тасларда қалдырылған миллетке деген үгит-шақырықлары бар. Мине солардан бири:

*Ҳақгөй, наҳақ па ажыратпайсаң, ким қатты сөйлесе, ҳақгөйди ҳәм танымайсаң. Сондайлығың ушын алдыңыздағы ҳақаныңның сөзин алмай нам-нышансыз кеттиң.*

**Кул тегин битиги.**

«Әзийзим, сен душпан сөзлерине дәрҳал исенип қалма, оның сөзлери алдаў ҳәм ҳийледен ибарат болып, ол өз мақсетине ерисиў ушын өзин жүдә мүлайым қылып көрсетеди. Ишки дүньясын сыртқы дүньясы менен бояп көрсетеди. Сени ғәплетте көрген соң, ол шара оғын мақсет нышанына урады. Ол пайытта сен ушын шара-илаж көриў пурсаты өткен болып, ҳәсирет ҳәм өкиниш жәрдем бермейди. Соның ушын айтады:

Душпан иси алдын ҳийле ҳәм алдаў,
Соң ҳүжим баслап қылады герең,
Бул селдиң жоллары тосылмас екен,
Жүзленер бийҳисап алдаў ҳәм зиян,
Алдаў жолын бүгин тоспасаң беккем,
Ертеңи күшейер болып ол бекем.

**Хожа Самандар Термизий**

Халықшыл талқылаўда идеологиялық қәўипти- шақырыўшының тыңлаўшыны өзине аўдырып алыў ушын қылынатуғын урыныўларына, идеологиялық иммунитетти болса шахстың «алжаспаўына», өзлигинде садық ҳәм анық тура алыўына уқсатыў мүмкин. Соның ушын өз көз-қарасына, жеке пикирине ийе болмаған, аўып кете беретуғын адамларды халқымыз «тутырықсыз», «турақсыз», «оған исенип болмайды», «еки жузлемеши», «сатқын» сияқлы сөзлер менен атайды.

Бул сыяқлы мысаллар идеологиялық иммунитетти сындырыў, бослық пайда қылып, өз идеясын сиңдирип, халықтың санасы ҳәм қәлбин ийелеў, идеяны массаластырыўдың жүдә көп үлгилери ушырасады. Себеби үгит-нәсиятшылар гүреси жүдә узақ тарийхқа ийе. Бул ҳаққында қытайлық философ ҳәм әскерий әрбаб Сун Цзы (э.а. VI әсир) сондай деген еди:

- Сиз қарсылас мәмлекеттеги барлық жақсы нәрселерди бузың, айнытың;
- Қарсылас мәмлекеттеги атақлы әрбабларды шерик қылып алып, жинаятқа баслаң;
- Қарсылас мәмлекет басшыларының абройын төгиң, қолай пайытта оларды жәмәәт алдында шермендесин шығарың;
- Бул исте сол мәмлекеттеги ең пәс, жаман адамлар менен шериклик қылың;
- Қарсылас мәмлекет адамлары арасында келиспеўшилик, жәнжел шығарың;
- Жасларды кекселерге қарсы қойың;
- Ҳүкиметти жақсы ис жүргизиўге ҳәр қандай жол менен қарсылық көрсетиң;
- Қарсылас әскерлердиң тәмийнлениўи, тәртибине тосықлар қойың, бузың;
- Әскерлерди қосық ҳәм намаға алдап үйретип, ерксиз қылың;
- Душпаныңыздың дәстүрлерин қәдирсизлендириң, қудайларға исенимди сындырың;
- Бузық ҳаялларды жиберип, оларды жәнеде күшлирек айнытың;
- Қарсылас тәреп ҳаққында мағлыўмат алыўға, бул исте олар арасынан шерик излеўге, оларға пул төлеўде жүдә сахый болың;
- Улыўма пулды ҳәм, ўәделерди ҳәм аямаң, себеби олар әжайып нәтийжелерди береди».

Өзбеклер бир-бири менен сәлемлескен соң, «Не гәплер?» яки «Жеген-ишкениң өзиңе, көрген еситкениңнен сөйле», дейди.

Әсиресе, өз жеке мәплерине тийисли машқалаларға дус келгенде адамлар оның себеплерин излей баслайды. Сол себепли, газеталарға шолыў, телевидениениң келеси ҳәптедеги көрсетиўлери ҳаққындағы хабарлары,

экономика, мәселен валюта курсы, сиясий турмыс жаңалықлары алдыннан таркатылады. Ҳәр бир адам, өзине керекли мағлыўматты таңлап еситеди ҳәм өз сораўларына жуўап табады. Өзиниң суўға шөллегенин қандырғаны киби «информациялық шөлин» қандырады.

Егерде рәсмий массалық ахборот қураллары адамларда туўылған сораўларға жуўап таўып бере алмаса, адамлар бул сораўларға жуўапларын өзлери «тоқыйды». Бул тарийхта көп болған.

Идеологиялық гүреслер тарийхында үгит-нәсият усылларынан, мәселен, мыш-мышлардың келип шығыў себеплери, мақсетлери ҳаққында уллы алламаларымыздан Абу Райхан Беруний буннан мың жыл бурын өз дәўири усылында былайынша жазған еди:

«Хабар бериўшилер себепли туўрылық та жалғанлыққа айналады. Себеби адамлардың мақсетлери ҳәр қыйлы; халықлар ортасында тартысыў ҳәм таласыў көп»[э],- деп жазады ҳәм мыш-мыш тарқатыўшылардың жалған сөйлеўи тамырында анық мақсет, ғәрезли мәплер жатыўы ҳаққында сондай дейди; «...бир адам өзин көрсетиў мақсетинде басқа бир жат жынысты айыплап, жалған гәп жаяды, себеби ол сол менен (жат жыныс үстинен) жеңген ҳәм өз қәлегенине ерискен болады.

Бул еки түр хабардың жаман тилек ҳәм ғәзеп себепли келип шыққаны мәлим. Екинши бир адам болса өзи жақсы көретуғын қатламға миннетдаршылық билдирмекши болып яки жаман көретуғын бир қатламды қапа қылмақшы болып, олар ортасында жалған хабар таратады. Бундай хабар тарқатыўшы алдыңғы хабар бериўши «корреспондентке» жақын болады. Себеби бул хабарды дослық яки душпанлық нәтийжесинде тарқатқан болады.

Үшинши бир адам өзиниң пәс тәбиятлылығы себепли қандай да бир жақсылыққа ерисиў яки өзиниң жүрексиз ҳәм қорқақлығы себепли жаманлықтан қутылыў ушын жаман хабар таратады.

Сондай адамлар да болады, олардың тәбиятына жаман хабар таратыў орналасып қалған, яғный оған сол ўазыйпа жүклетилгендей болады ҳәм жалған хабар таратпастан тынышланбайды. Бул жаман тилеклерден ҳәм тәбиятына бузық пикирлердиң жайласқанлығынан келип шығады.

Гей бир адамлар (жалған хабар таратыўшыларға) уқсайман деп, билместен жалған хабар таратады...

XIX әсирдиң екинши ярымынан өзбек халқы миллий мәденияты, маьнауияты раўажланыўында ғәрезлилик дәўири басланды. Ғәрезлилик сиясатында Түркистанды тек ғана сиясий, экономикалық емес, бәлким маьнауий ғәрезлиликке айландырыў режеси турар еди. Буны олардың өзлери де жасырмады. Бул ҳаққында М.А.Муропиев 1882-жылы 30-август күни Ташкент оқытыўшылар семинариясы жыйналысында «...мусулманларымыз тәлиминиң тийкарында оларды русластырыў... исламды бузыў... улыўма диний тәртиплерди бузыў...болыўы лазым (344-151) деген болса; Туркистан генерал-губернаторы И.А.Куропаткин күнделиклеринде; «Биз 50 жыл жергиликли халықты раўажланыўдан шетте туттық» деп айтқан еди (344-165)

Егер фашизм өз идеологиялық «енди басып алыныўы керек болған халықлар»ға қарсы шөлкемлестирилген болса, өткен дүзим ийелеп алынған халықлар ушын дүзди. Ленин идеологияны адамлар пикирлеўин өзгертиўде қаншелли күшли фактор екенлигин есапқа алып, «партия сиясий искерликте идеологияға сүйенген ҳәм сүйенеди», деп уқтырды. Өткен совет идеологиясы өзбек халқының «ески әдетлерин жоқ етиў» ураны астында миллий мақтанышты, ғәрезсизлик идеясы, оның гүресиўшилерин идеологиялық әззилетиў мақсетинде мектептен тысқары мыңлап маьрифий-сиясий ағартыў бөлимлерин ашты. Өзбек халқының пикирлеўин советлестириўге бундай жантасыў олардың ғәрезли мақсетлерине тез жеткерди: совет декретлери, партия дәстүри, Конститутция

үгитине бағышланған митинглер, митинг-концертлер, үгит-нәсият судлары, үгит-нәсият мәусимлери, ауыл-қышлақларда жүрип совет дүзими мәнисин түсиндириуге урынып, театр, концерт, көргизбе, лекциялар, кино, лекторларды шөлкемлестирди. Агитпоезд, агитпароход, клуб, «қызыл шайханалар», «сиясий гүрриңлесиўлер», «сиясий күн», диспут, кешелер, прокламациялар, «Шақмақ», кинолекторий, аўызеки журналлар сияқлы үгит-нәсияттың жүзлеп усылларынан пайдаланып, ҳийлекер совет халқымыздың санасына советтиң өтирик идеяларын сиңдирди.

Екинши жәҳән урысы алдында фашизм болса өзиниң «массалық психологиялық қырғын қуралын» жаратты. Оның нышаны- инсан санасы, сезимлери ҳәм оларға сүйениўши маьнауий, идеологиялық иммунитет еди. Геббелстиң «үгит-нәсият армиясы» әне усы сана ҳәм сезимлерди ҳәмде оларға таяныўшы иммунитетти басып алыўға киристи.

Нацистлердиң пропаганда ўәзирлиги үгитшилери сөзлеринде өтирик сулыўлық, жилўа ойнап турды. Жалған ҳәм алдаў нормасы асырылды. Әпиўайы, мөмин шығыслылардың қырағылығын пәсейтиў мақсет қылып қойылды. Усы мақсетте олар Шығыс халықларының «аўыр аҳўалына» «қайғырып» басып алыўшылықтан қутылыўлары (сол пайытта шығыс мәмлекетлериниң көпшилиги Англия колониясы еди) ушын өз бийғәрез жәрдемлерин усынды.

Ўатан сатқынларын жаллап олардан жазба ҳәм аўызеки үгитлеўлерде пайдаланды. Мақсет халықты өзлерине аўдырып, шерик қылып, оннан соң оларды қулға айландырып алыў еди. Егер буның илажы болмаса, бул ис ҳеш болмаса шығыс халықларының фашизмге қарсы бирлесиўиниң алдын алыўда жәрдем бериўи керек еди. Мәселен, фашистлер өзлериниң Берлин ҳәм Римде берилетуғын радиоберилиўилеринде миллий азатлық гүресин алып баратырған «дос Ҳиндистан халқына» жүректен ҳүрметлерин, бай ҳәм әййемги ҳинд мәдениятын жүдә жақсы көретуғынлығын, Ҳиндистанды Англия колонияллығынан азат етиў талабында екенлигин» ҳәр күни тәкирарлады.

Сондай ақ, фашист идеологлары да ислам динин нықап қылып, пайдаланыўға урынды. Олар сол пайытлары айырым Шығыс мәмлекетлеринде панисламизм идеялары көтерилгенлигин билип алды. Нәтийжеде, барлық Шығыс мәмлекетлерин бир панисламизм байрағы астында (Германия ҳәм Италия ғамхорлығында) бирлестириўге ҳәрекет қылды. Мақсет анық еди: я өзине шерикке айландырыў, я болмаса шығыс мәмлекетлериниң фашизмге қарсы бирлесиўине жол қоймаў, оларды тусаўлап услап турыў еди.

Пропаганда сондай әндийшесиз еди, олар нацистлерди әзелден мусылманлардың ғамхоры болып келгенин, сол себепли Муссолинидиң халифатлықты дүзип барлық мусылманлардың басшысы болыўға разы екенлигин дағазалады. Бул ҳаққында «Пополо д»Италия» газетасы өзиниң 1937 жыл 20 март санында: «Мусылман дүньясы әзел-әзелден бир көсем, ғамхорға мүтәж болып келмекте...босап қалған халифатлық- «ислам дининиң басшысы» лаўазымын дуче (Муссолини) өз жуўапкершилигине алыўға таяр», деп жазған еди. Бирақ Шығыс халықлары бул алдаўдан өзлерин қорғаўшы идеологиялық қорғаў системасын (ҳәзирги тил менен идеологиялық иммунитетти) жарата алды. Бул ҳаққында Сирияда шығатуғын «Ат Тариқ» (Жол) газетасы 1942-жыл 6-санында «Фашизмге қарсы гүресиў - ҳәр бир арабтың миллий парызыдур¨ Биз фашизмге қарсы гүресер екенбиз, бизиң турмысымызға аўыз салып атырған қәўипке қарсы гүресемиз», деген улыўма миллий уранды көтерип шықты. Шығыс мәмлекетлеринен фашист шақырыўшыларын избе-из айдап шыға баслады.

Бир логика, расмийлик, жабық жәмийет, қатламластырылғанлық, системалылық, қуўдалаў, массалылық принциплерине қурылған коммунистлик идеология дәўири өткен соң, айырым мәмлекетлерде идеологияға қосып үгит нәсият дизиминен ўаз кешилди. Себеби, ғәрезсизлик қолға кирген соң, жас

мәмлекетлер өз ғәрезсизликлерине қәўип туўдырып атырған ишки ҳәм сыртқы қәўиплерди дәслеп күтпеди, сол себепли оларға қарсы таярлықта көрмеди. Бундай жағдай, ўақыт ҳәм имканияттан пайдаланған сиясий топарлар өз идеяларын үгит-нәсият қылыўда бир қанша ислерди исреди. Нәтийжеде, тек адамлардың идеологиясында ғана емес, бәлким айырым мәмлекетлердиң информация майданында бослық пайда болды, бул тез өзиниң тәсирин көрсете баслады. Себеби, бир информация майданы тәмийнленбеген еди. Дин нықабында ҳәкимият ушын гүрес халықлар қәлби ҳәм санасын ийелеўге ҳәрекет те усындай жағдайда басланды.

«Тамшыда қуяш сәўлеленгени сыяқлы өз алдына алынған ҳәр бир шахста миллет жасайды...»

***Ғайбулла Ас Салам***

**<u>Қәўипсизлик ҳәм турақлылыққа қәўиплер ҳәм де идеологиялық иммунитет.</u>** Ҳәзирги ўақытта Миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм жат идеологиялар арасындағы мүнәсебетлер идеологиялық гүрес, идеологиялық қарсы турыў, психологиялық урыс формаларында кешпекте. Жат идеологиялар идеологиялық гүреслердиң мың жыллық усылларын, сондай ақ заманагөйлескен усыллары: ахборот майданын ийелеп алыў; идеологиялық диверсия, сиясий индоктринация, идеологиялық инфильтрация, дезориентация, идеологиялық қопарыўшылық ҳәрекетлерин қоллаў арқалы халқымызда Өзбекстанның уллы келешегине исенимсизлик оятыўға, мәмлекет сиясатын абройсызландырыўға, адамлардың өзин Ўатан, миллет қорғаўынан шетке тартыўға, бийпарықлыққа ерисиўге умтылды. Бунда олар жеке пикирди улыўмаластырыў (экстраполяция), жалғанды ҳақыйқатқа усатып сүўретлеў, киши машқаладан үлкен жалған жасаў, бир нәрсени тәкирарлай бериў, сезимди ақылдан үстем қойыў, тыңлаўшының жеке мәпин биринши орынға қойып (дос болып көринип) «ҳәсиретлесиў», ҳүкиметти халыққа жаман көрсетиў, миллет душпанларына рейимлилик, бир пикирлилик сезимлерин оятыў, адамларға таныс мағлыўматларды ислетип «пәлен жерде, мынандай ўақыя болды», деп ырасқа жалғанды қосып жибериў усылларынан идеологиялық гүрселерде пайдаланбақта.

Ҳәр қандай жәмийет бундай мәккар қәўиплерди жеңиў ушын өзинде қырағылық, идеологиялық қәўипсизлик, бирлик, жаўынгерлик, бағдарланғанлық, улыўма миллий бирлик сыяқлы жәмийетлик сыпатларға ийе болыўы лазым. Буның ушын Миллий ғәрезсизлик идеологиясының жат идеологияларға қарсы гүрес усыллары, мәселен, бузғыншы идеялар мәнисин ашып бериўге қаратылған үгит-нәсият, идеологиялық мониторинг ҳәм қәўиплер мәнисин халқымыз санасы ҳәм қәлбине жеткериў, жаўызлыққа қарсы маьрифат таратыў усылларынан бәрҳама ҳәм ҳәмме жерде пайдаланыў усынылады.

Өткен совет дүзими дәўиринде жас әўладлар санасын коммунистлик тәрбия өз искенжесинде тутты. Коммунистлик идеология инсанлар санасы ҳәм қәлбин ийелеген еди.

XXI әсир басында идеологиялық гүреслердиң Совет дәўиринде көрилмеген, жаңа қәўиплер менен ҳәм илимий-технологиялық тийкарға қурылған <u>пропаганда гүреси дәўири,</u> деп тәрийплеў мүмкин. Себеби Совет дәўиринде қолланылған үгит нәсият, идеологиялық гүрес усыллары ҳәзир ислемейди. Бизге қәўип салып турған идеологиялар «сулыў» көринсе де, ҳәм «массалық» болса да, пухта, илимий технологиялық тийкарға қурылғанлығы сыр емес. Себеби олардың үгит-нәсияты алдыңғы ҳәм ҳәзирги заманагөй идеологиялық гүрес усылларына ийе. Тек ғана идея, мақсеттиң формасы өзгерген. Мәселен, әне усындай идеялардан бири «халифатлық мәмлекетин дүзиў» идеясы. Бул идеяның мазмун мәниси тәрептен зиянлы екенлигин терең аңлаў зәрүр.

«Халифа» сөзиниң энциклопедиялық мәниси – «орынбасар», терминологиялық мәниси «мусылман жәмәәти ҳәм мусылман мәмлекетиниң диний ҳәм де дүньяуий баслығы» деп талқыланады. Халифалық мәмлекети абсолют монархия типиндеги мәмлекет болып, мәмлекетти халифа басқарады. Халифалық мәмлекетин басқарыў дизими ислам-шәрият нызамлары менен белгиленеди. «Хизбут тахрир» даўа қылған халифалық мәмлекети болса «Ислам Нызамы» атамасындағы китабында баян етилген нызамларға тийкарланып басқарылады. Пайғамбарымыз Мухаммед алайҳиссаламнан рәўаят қылынған усы ҳадисте анық айтылған: «Халифалық меннен соң, үмметим ишинде 30 жыл болады, оннан кейин патшалық болады». Бул ҳадис Имам Термизий ҳәм Әбу Даўытта да рәўаят қылынған. Ҳәзир «Хизбут тахрир» тәрепдарлары мыңлаған бийгүна адамлар қаны наҳақ төгилседе, халифалық қурылыўын мәжбүрий, деп шақырмақта. Олардың бундай ҳәрекетинен гөзленген мақсет конститутциялық дүзимди аўдарыўдан басқа нәрсе емес. Сол себепли олардан сап исламий қәдириятларымызды, өзбеклигимизди (себеби халифатлықта өзбек деген сөз өширип тасланады, мәмлекет тили араб тили, пайтахтта басқа жерлерде болады) ата-бабаларымыз дини ҳақыйқый исламды қорғаўға таяр турыў әҳмийетли. Сондай минутларда уллы патриот Шолпанның ўатанпарўар ураны еске түседи: «...Олардан бизге дос жоқ... Бизиң достымыз өзимиз¨ Бизиң достымыз миллет¨ Олар миллет душпанлары... Биз оларға душпан¨ Соны умытпаңызлар¨» (Кеше ҳәм күндиз). Миллетти, Ўатанды, ата-бабаларымыз ийманын, өзбеклигимизди, ғәрезсизлигимизди қорғаў ҳәр бир пуқараның парызыдур. Егер олардың руўхын шырқыратып, миллетти, Ўатанды дин нықабындағы жаўыз идеялардан қорғамасақ, не болады... Қайтып азат бола алмаймыз, өзбек те бола алмаймыз, Ўатанда бийгана боламыз. Себеби, халифаға, өз ата-бабасы дәстүрлерин умытқан манқуртлар керек. Олар халифаның пахтасын егиўи, териўи керек. Олардың мийнетинен халифалыққа алтынлар ағып барыўы керек. Халифа болса бул дүнья ләззетин сүреди. Қулларына болса ол дүнья ләззетлерин береди. Болмаса, халифалық идеясы буншелли сиясий мақсетлерди көзде тутпаған болар еди. Бул дүнья. өткинши дүнья саадатына қызықпас, гүреспес еди. Тоат-ибадат, бес ўақыт намазға шақырып қоя қояр еди солай емес пе ?¨

«Ҳизбут тахрир»- суннийлик шеңбериндеги диний-сиясий партия болып, 1952- жылы Қуддус қаласында шөлкемлестирилген. Бул партия палестиналық Тақийддин Набохоний (1909-1978) тәрепинен, «Ал Ихвон ал муслиман» басшысы Сайд Қутиб пенен келисе алмай қалған соң шөлкемлестирилди.

1952-жылы Тақийддин Набохоний тәрепинен жер жүзиниң мусылман мәмлекетлеринде бар болған дүзимди өзгертип, «халифатлық» мәмлекетин дүзип ҳәм бул мақсетти әмелге асырыў ушын «Ислам дини» нықабы астында «Хизбут таҳрир» (Азатлық) партиясына тийкар салынып, бул партияның идаралық топламлары ҳәм басқа нызамлары ислеп шығылған еди. Оның ағзалары жасларды диний фанатизм ҳәм экстремизм руўхында тәрбиялаўдың барлық усыллары- уран, исендириў, листок ҳәм де мыш-мышлар тарқатыў, сабақ усылларын қолланып, пуқаралар ортасындағы, мәмлекет ҳәм шахс ортасындағы мүнәсебетлерди кескинлестириўге ҳәрекет қылды. Олардың пикиринше тек «ҳақыйқый» мусылманлар ҳәкимиятқа келсе, «исламий тәртипти» орнатыў ушын кескин ҳәм агрессив ҳәрекетлерге имканият жаратылады, деп ойлайды.

Бул ҳәрекетлер мәниси ҳаққында Президент Ислам Каримов «Инсанияттарийхында диний сананың ажыралмас бөлеги болған адамлардағы исенимнен тек ғана жаратыўшы күш сыпатында емес бәлким, бузғыншы күш, ҳәтте фанатизм сыпатында пайдаланғанлығын көрсетиўши мысаллар көп. Әсиресе фанатизм иллетине жолыққан адамлар яки олардың топарлары жәмийетте турақсызлық толқынын келтирип шығарыўға қәдир болады»[9] деп өз алдына айтып өтеди.

Өзбекистанның Орайлық Азиядағы орнын есапқа алып, олар диний ағымлар Өзбекстанда раўажландырылса буның тәсири тез Орайлық Азияға жайылыўына үмит қылады. Себеби диний алламалар Мавереннахрдан шыққанлығы, бул үлке халқы миллий характери, маьнауиятының қәлиплесиўине сезилерли үлес қосқанлығын билдиреди. Усы тийкарда олар диний нықап астында жаслардың идеологиялық иммунитетин әззилетип, оларға мәмлекетимиздиң демократиялық сиясаты принциплерин қаралап, мәмлекет ҳәм халық ортасында қарама-қарсылық келтирип шығарыўға үмитленеди. Сол себепли «Хизбут тахрир» дәслеп жасларда жалған исламлық пикирлерге исенимди асырыўды өзиниң тийкарғы ўазыйпасы деп билди. Буны олар «сақофий» түсиникке тән әмеллер, яғный сиясий әмел-шаралардан ең әҳмийетлиси деп есаплайды. Басқаша қылып айтқанда, жаслардың идеологиялық иммунитетин әззилетип, жеңиў ҳәм өзлериниң жалған идеяларын сиңдириўди биринши ўазыйпа етип қойды.

Бундай жалған идеяның тәсирине түскен, алданған бир жастың хатын итибарыңызға усынамыз:

«Мен түрли алдаўларға ушып, «Ҳизбут Таҳрир»дай жаўыз ағымның қара гирдабына түсип қалғанман. Динди үйрениўге болған қызығыўым ҳәм бул жолда жаўыз нийетли «жалған моллалар» шақырығына көзсизлерше ергеним себепли, ақыр-ақыбет, қиянеткер кимсеге айландым. Пушайманлар болсын,  биз жаслар Алланың уллы сауғасы болған тынышлық ҳәм парахатшылықтың қәдирине жетпедик. Хатымды жоллаўдан мақсет, елеге шекем жасларды жолдан урып атырған кимселердиң қара қылмысынан қатарларымды ескертиў. Мениң тәғдирим ғәплетте қалған қатарларыма сабақ болса әжеп емес.

1999 -жылдың ақырларында Лазиз мени Саидкарим деген баланың үйине мирәт қылды. Ол жерде Саидкарим бес-алты балаға «Ислам нызамы» деген китаптан сабақ өтер еди. Сол күнги сабақ ақырында ол : «Мине усы балалар да ант етип «Ҳизб ут Таҳрирге ағза болды, сениң достың да ағза. Сен де ағза бол», деди. Еле илимим жоқлығын түсиндирсем, илимди кейин ала бериўим, ант ишип, «Ҳизб ут Таҳрирге» қанша ерте ағза болсам, саўабы соншелли көп болыўын, ҳәзир болса саўапсыз жүргендей, илимди ислеткен менен саўабым жоқлығы сияқлы гәплер менен басымды қалайынша айландырғанын сезбеппен. Соннан соң ҳәптеде бир мәртебе сабақларға қатнайтуғын болдым... Ҳәзир ойлап қарасам, қайсы бир адам жазған «Ислам нызамы» китабын Қуран менен теңлестирер екенбиз...

«Ҳизб ут Таҳрир»ге тийкарланып мектепте жақсы оқымаған, тәрбиясы бос шаңарақлардың перзентлерин шақырар еди. Себеби оларды басқарыў жүдә аңсат. Илимли адам «Ҳизб ут Таҳрир»шилердиң искерлиги жинаят екенлигин түсинеди. Илими жоқлар болса өзлери қылып атырған шақырықлардың мазмунын да аңлап жетпейди. Және қандай қылып базарларда, халық көп болған жерлерде ғалаўыт көтериў, өсек таратыў туўралы да айтып берилер еди. Бул ислер адамларда мәмлекет дүзимине деген наразылық туўылып, бизге көбирек қосылады, «Ҳизб ут Таҳрир» күшейеди, деген мақсетте қылынар еди.

*Жәмәәт транспортында халықты мәмлекет дүзимине деген наразылық келтирип шығарыў ушын «ашық шақырық»лар иследик. Енди ойлап көрсем «Ҳизб ут Таҳрир» баслықлары жүрегимизге қорқыў салып, жинаятқа ийтермелеген екен. Илимсизлигим мени әне усы жолға баслады...» дейди бул ҳаққында атын айтпаўды сораған, ҳақыйқат жолына қайтқан жаслардың бири.*[8]

Адамларды ол яки бул мақсетке бағдарлаў, тәрбиялаў еки тәреплеме процесс. Буған үгит-нәсият субьектлери (үгит-нәсиятшылар, ТВ, радио, баспа сөз) ҳәм үгит-нәсият обьектлери (шахс, халық) қатнасады. Үгит-нәсият ислериниң нәтийжелилигин анықлаў ҳәм жетилистириў мүмкин болады.

Идеологиялық тәрбия нәтийжелилиги, ең алды менен, жәмийетти идеологиялық тәрбиялаўдан нәтийже қандай болыўы керек екенлигин анық белгилениўине байланыслы.

XXI әсирде де идеялық тартысыўлар тоқтаған жоқ. Сол себепли халқымыздың ертеңги идеологиялық бирлигин тәмийнлеў идеялық тәрбияның избе из, үзликсиз тәмийнлениўге қойылыўын усынады.

Президент И.А.Каримов идеология тараўына тән әҳмийетли пикирлерди билдирип, төмендегилерди айтты. Мәселен, «Аймағымызда «Ҳизб ут Таҳрир» сияқлы экстремистлик шөлкеминиң искерлиги барған сайын қәўипли түс алмақта. Ол конститутциялық, дүньяўий мәмлекет дүзимине қарсы шығып, орта әсирлердеги ислам халифатлығын дүзиў туўралы утопиялық идеяларын үгитлемекте... Лекин, пушайман менен тән алыў керек, бул жаўыз күшке қарсы гүрестеги ҳәрекетлеримизде аўзыбирлик ҳәм избе излик көзге тасланбай атыр...»

Миллий идеологиялық иммунитет ҳәр бир жигит-қыз, пуқарадағы ғәрезсизликтиң сиясий мәниси, Президент Ислам Каримов шығармаларында көтерилген сиясий идеялар, реформалар жетискенликлери ҳәм машқалалары, ишки ҳәм сыртқы сиясатқа тән терең билимлерге сүйенеди. Ҳәр бир адам яки жәмәәт, жәмийеттиң идеологиялық иммунитеттин бес дәрежеге бөлип үйрениў, баҳалаў ҳәм усы тийкарда жетилистириў мүмкин: бунда:

Биринши, яғный идеологиялық иммунитеттиң төмендеги дәрежеси -шахс, жәмәәт, жәмийет жоқарыдағы билимлерден хабардар емес; бузғыншы идеологиялық идеяларға бийпарық, пәрўайы;

екинши дәрежеси- билимлер бар, лекин олар сезилмеген, системаласпаған, сол себепли оларды бузғыншы идеологиялық идеяларға қарсы ислетиўге таяр емес;

үшинши дәреже- идеологиялық билимлерге ийе, лекин олар теориялық, шахс, жәмийет оларды қолланыўға қыйналады;

төртинши дәреже- тийкарлы билимлерге ийе, жағдайды туўры баҳалай алады; ишки ҳәм сыртқы сиясий, идеологиялық тәсирлерге қарсы иммунитетти қәлиплескен ҳәм оны саналы рәўиште ислетеди;

бесинши -жоқары дәреже- жетик идеялық, сиясий, экономикалық билимлерге ийе ҳәм бул билимлерди мәлелсиз әмелде қоллап, бузғыншы идеологиялық, сиясий идеяларды мудамы ҳәмме жерде искерлик пенен ашып таслай алады.

Талқылаўлар соны көрсетеди, кейинги жыллары айырым жасларда миллетке, Ўатанға пайда келтириўди ойлаў, ғәрезсизликти беккемлеўде пайдалы инсан болып жетисиў сезими арнаўлы, илимий тийкарда қәлиплестирилмегенлиги себепли жеке мәпти ойлаў, жеңил жоллар менен жақсы турмысқа умтылыў сезимлери пайда болмақта. Соның менен бирге, айрым пуқаралар арасында маьнауий шекленгенлик, дүньяға көз-қарасының тарлығы, миллий әдеп-икрамлық нормаларын сақламаў, сөзи ҳәм иси арасында айырмашылық, миллий мақтанышының төменлиги сияқлы унамсыз көринислер ушырап турады, оларды бирлесип сапластырыў лазым.

*«Сениң қәўипсизлигиң, сениң рәҳәтиң, сениң пәраўанлығың ушын Ўатан керек болса, мүнәсип пуқара бол»*

**К.Гельвеций**

Шахстың идеологиялық иммунитетин, оның жәмийетлик сиясий искерлиги, позициясын мәмлекет, ҳүкимет ушын айрықша жағдайларда гүзетиў мүмкин.

1999- жыл 11-май.

Югославиядағы Қытай елшиханасы жанына бомба түсти.

Қытай қалаларында он мыңлап жаслардың наразылық демонстрациялары басланды. Адамлар көкиреклерине «Мен-нышанаман¨ мени ат» деген плакат-сүўретлерди жазып шықты. Басқа мәмлекетлердеги мүсәпир қытайлылар да усындай демонстрациялар шөлкемлестирди. Қытай жасларының миллий бирлиги, миллий ар-намысы, сиясий, идеологиялық бирлиги жүзеге келди. Миллий мәмлекетшилик, ўатанпәрўарлық, пидайылықты өзинде жәмлестирген Қытай миллий характери өзин көрсетеди. Бул бирликке ҳәўес қылыў керек. Өзбек характерин миллет, мәмлекет, Ўатан абройы ушын қәлеген пайытта жүзеге келетуғын исенимли пазыйлетлер менен қураллandырыў керек.

Идеологиялық иммунитет шахс тәрепинен Ўатан, миллет ушын кеўилли, идеялық тийкарланып әмелге асырылатуғын күнделикли ислерде көринеди. Бул искерлик миллий бирлик, маьнауий камалатқа кесент берип атырған сыпатлар, жат көз-қараслар, миллий қәўипсизлигимизге, ишки ҳәм сыртқы қәўиплерге ашық, мәрдана қарсы турыўын да өз ишине алады. Басқаша қылып айтқанда,- Елим, журтым деп жасаўдың ҳәр бир адамда, жәмәәтда, жәмийетте жүзеге келиўин айтады.. бул болса миллий идеяны әмелий күшке айландырыў ҳәм бузғыншы идеологиялық тәсийрлерден халықты, жасларымызды қорғаўдың шәртлеринен бири. Себеби «Пикир ҳәм сөз әмелиятқа бағдарланғанда олардың ҳәр екеўи де материалға-нәрсеге айланады».

Жат идеологиялар үгитиниң «мийриманлығы», «қалыс хызметлиги» ҳәм «бийтәреплиги», «жағымлылығы», «дослығы»ның артында не жатқанлығын ҳәр дайым билиў лазым. Яғный олардың тамырында Өзбекстанның раўажланыўына қарап үзликсиз тактикасын өзгертип турыўшы белсенди ақыйдапарастлық үгитлеўи нәтийжеси ҳәм әмелияты жатқанын, олардың дәстүрлик фундаменталистлик теория ҳәм идеяларын заманагөй усылларда «жанландырылып атырғанлығын» түсиниў зәрүр.

Соның менен бирге, айырым жаслар ҳәр қыйлы жат идеялардың қалыс информация дереги сыпатында қабыл алып атырғанлығын да айтып өтиў керек. Жат идеологияларды көзсиз қабыллаў зиянлы.

**Идеологиялық қорғаўдың шет ел тәжрийбеси үлгилери.** Жәҳәнниң демократиялық мәмлекетлери тәжрийбесинде идеологиялық тәрбияның бай имканиятлары, түрли үлгилери топланған. Жас әўладты, пүтин жәмийетти өз мәмлекети, мәмлекетиниң идеологиясы руўхында тәрбиялаў- социологиялық, педагогикалық, психологиялық машқала сыпатында искер үйренилип, жедел заманагөйлесип келмекте. Өткен әсирдиң 60-70 жыллары Батыс Европа ҳәм АҚШта идеологиясызланыўға, яғный жәмийетлик турмысты идеологиядан еркин қылыўға урынды. Лекин бул жол өзин ақламады. Себеби тәрбиядағы идеологиялық бослық өз нәтийжелерин көрсете баслады. Бундай ҳалат ҳаққында белгили немец баспа сөз бетлеринде: «Ҳәзирги жасларымыз ортасында бийпарықлық, руўхсызлық, бийғамлық, аңланбаған наразылық, бийқарарлық кейпиятлары тәризинде көрине баслаған «жаслар мәденияты» деп аталыўшы ҳәрекетлер күшеймекте. Бул жаслардың өз бабалары жәмийетлик ҳәм мәдений қәдириятларынан узақласып, жатласып баратырғанлығының белгиси»,-деген тәшўишли пикирлер билдириле баслады. Нәтийжеде, «идеологиялық жаңаланыў», «қайта идеологияласыў»ға күшли зәрүрият туўылды ҳәм идеологиясызлық қәтесин дүзетиўге кирисилди. Усы барыста, Батыс Европа ҳәм АҚШтың позитивистлик педагогикасы жәмийетлик қәдириятларға итибарын, идеологиялық тәрбияны өз ишине алыўшы «мектепте оқыўшыларды сиясий индоктринациялаўды әмелге асырыў» концепциясын ислеп шығып, әмелге асыра баслады.

Америка мектеплеринде идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў- өз миллий мәплерди қорғаўшы усыл сыпатында қарала баслады. Буны түсинсе болады, себеби, бүгини жас әўладтың идеялық, идеологиялық бирлиги- ертеңине

Америка халқының идеялық, идеологиялық бирлигин аңлатады-ғой ¨ Сол себепли АҚШтың «Миллет» (The Nation) журналы «Егер жәмийетлик пән оқытыўшысы мектеп класын өзиниң либерал көз-қарасларын билдиретуғын орын сыпатында пайдалана басласа, ол тез арада жумыссызға айланады» деп дыққат аўдарады.

Қулласы:

1. Диний ақыйдапарастлық ҳәм басқа жат идеологиялар, ең алды менен, айырым жаслардың идеялық-сиясий тәжирийбесизлигине таянады. Жат идеология ҳәм бузғыншы тәсирлер менен гүрес идеологиялық тәрбияда бийпәрўалық, арқайынлық кейпиятларының ҳәр қандай көринислерине келиспеўшиликти шәртли рәўиште қояды.

2. Қарсы үгит-нәсият нәтийжелилигиниң зәрүрли принциплеринен бирионың жеделлигинде болып, онда белгили аймақлық шәраятларды, адамлардың жас өзгешеликлерин, жоқары оқыў орнының ол яки бул мүддетте шеше алыўы мүмкин болған идеологиялық имканиятларын есапқа алыў көзде тутылады.

3. Шахстың мәмлекет ишинде ҳәм сыртында болып атырған ўақыяларды еркин анализ қыла алыўы, идеологиялық иммунитетти беккемлейди.

Себеби идеологиялық қәўип өзиниң мазмуны, принциплери, усыллары ҳәм формаларынан гөре қурамалы ҳәдийсе саналады. Бул ҳаққында мәмлекетимиз басшысының усы жылы 12-13 май күнлери Андижан қаласында жүз берген ўақыялар мүнәсебети менен Ақ сарай резиденциясында, 17-май күни Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасында мәмлекетимиз ҳәм шет ел журналистлери ҳәм де дипломатиялық корпус ўәкиллери ушын өткерилген баспа сөз конференцияларындағы баянатлары ҳәм корреспондентлериниң сораўларына жуўапларында түрли диний радикал топарларды бирлестирип турған нәрсе «биз ушын жат болған бир мақсетти- диний мәмлекет, мусылман халифатлығын орнатыўды үгитлемекте оларды бирлестирип турған- дүньяўий раўажланыўға деген жек көриўшилик, батыслық журналистлер ушын тағы бир мәрте айтпақшыман, конститутциялық, дүньяўий раўажланыў жолын қабыл қыла алмаў, оны көре алмаўшылық»[23]- деп айтқан еди. Оған ғәрезсиз Өзбекстанның турмыслық жеңислерин дәлил-себепсиз қаралаў, ғәрезсизликке ерискен мәмлекетлердиң ҳәммесинде бар болған улыўма машқалаларды «тек Өзбекстанға тән» деп анализлеў, ерисилип атырған жәмийетлик-экономикалық сиясат жеңислери мәнисин, ҳүкиметимиздиң сыртқы ҳәм ишки сиясатын бузып көрсетиў; айырым мәмлекетлер турмыс тәризи, сиясий дизимин бир жақлама көкке көтериў; миллий идеяларымызды абройсызландырыў; көп миллетли Өзбекстанда пуқаралар ортасында жәмийетлик бирге ислесиўди бузыўға қаратылған кейипятларды оятыў ҳәм келиспеўшиликлерди келтирип шығарыўға урыныў; адамлардың диний сезимлеринде қарсылық пайда етиў, диний зыянлы көз-қарасты пайда қылыўға қаратылған бағдарлар тән.

### II бөлим.

# Өзбекстан ғәрезсизлиги ҳәм миллий идеяның зәрүрлиги

## 5 тема. Өзбекстан ғәрезсизлигин беккемлеўде миллий идеяның зәрүрлиги ҳәм әҳмийети

**Ғәрезсизликти беккемлеўде миллий идеядан гөзленген мақсетлер.** Ғәрезсизлик жылларында ерисилген жеңислер, бар болған машқалаларды қалыс түрде шешиў, тийисли жуўмақ ҳәм де сабақлар шығарыў- миллий идеяның зәрүрлиги ҳәм әҳмийетиниң барған сайын артып барыўын көрсетпекте.

---

[23] Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам булмайди.- Т.Ўзбекистон, 2005, 53 бет.

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм идеологиясын қәлиплестириў зәрүрлиги ҳаққында ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан- ақ пикир жүргизиўи тосыннан болған емес. Себеби, «Миллий ғәрезсиз мәмлекет бар екен, оның ғәрезсизлигине ҳәм еркинлигине, дәстүр ҳәм үрп-әдетлерине қәўип салатуғын, оны өз тәсирине алыў, оның үстинен ҳүкимранлық қылыў, оның байлықларынан өз мәпи жолында пайдаланыўға қаратылған урыныўлар ҳәм ҳәрекетлер бәрҳама қәўип сыпатында сақланып қалыўы сөзсиз»[24].

Демек, миллий идеяның зәрүрлиги, ең алды менен, мәмлекетимиз ғәрезсизлигин беккемлеў ушын зәрүрли. Оның зәрүрлиги төмендеги мәселелерда әмелге асырыў менен байланыслы ҳалда көринеди.

-алдымызға қойылған жоқары мақсет-муддәаларымызға, яғный азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмысты қурыў;

-ески идеологиялық иллетлерден толық қутылыў;

-идеялық бослық пайда болыўына жол қоймаў;

-узақ дәўирлер даўамында адамлар санасына ҳүкимран болған өзге ҳәм жат идеялардың және де қайта тиклениўине жол қоймаў;

-халқымыз тәбиятына қайшы келетуғын өзге идеялардан, әсиресе, жас әўладты қорғаў;

-ҳәр қандай агрессив идеяларға қарсы тура алатуғын, ҳәр тәреплеме камалға жетискен әўладты тәрбиялаў зәрүрлигиниң ғәрезсизликти беккемлеўдеги орнын аңлаўы арқалы ҳәрекет дәстүрине ийе болыў;

-ғәрезсиз мәмлекетимиздиң ҳәр бир пуқарасында Ўатан тәғдири ушын жуўапкершилик сезими болыўы зәрүр.

Ғәрезсизликти беккемлеўде миллий идеядан гөзленген мақсетлердиң кең қамраўлы илимий-теориялық ҳәм әмелий бағдарлары Президент И.Каримовтың мийнетлеринде, баянат ҳәм лекцияларында өзиниң анық концептуал көринисин тапқан.

Ғәрезсизлик жылларында жәмийетимиз ағзаларының дүньяға көз-қарасы, пикирлеў тәризинде терең өзгерислер жүз бермекте. Әне, сондай шәраятта халқымызды бирлестиретуғын, дөретиўшилик искерлигине бағдарлайтуғын, оның уллы мақсетлерин өзинде жыйнаған миллий идея ҳәм идеологияны жаратыў жәмийетлик-сиясий ҳәм маьнаўий раўажланыўымыздың әҳмийетли шәрти сыпатында да зәрүриятқа айланды.

Ғәрезсизликти беккемлеўде миллий идеяның зәрүрлиги ҳәм оның әҳмийети де ишки ҳәм сыртқы сиясатымыз келешеги, нәтийжелилиги менен байланыслы. Усы көз-қарастан миллий идеяның зәрүрлиги жәмийетимизди раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги сыяқлы еркин ҳәм пәраўан турмысты пайда қылыў менен байланыслы. Демек, миллий идеяның негизиндеги әҳмийетли үстем мақсет- ғәрезсизликти буннан да бетер абайлап сақлаў, қорғаў ҳәм беккемлеў болып қала берер екен, оның зәрүрлиги ҳеш бир дәўирде өз әҳмийетин жоғалтпайды.

**Миллий идея- Өзбекстан халқының тийкарғы мақсет ҳәм мәплериниң көриниси.** Турмыслық бақлаўлар гейде зиялыларымыз ортасында да бизге миллий идея, миллий идеология не ушын, ким ушын керек, оның мәни-мазмуны неден ибарат, деген әҳмийетли мәселеге және бир мәрте айдынлық киргизиў зәрүрлигин жүзеге келтирмекте. Бунда, яғный миллий идеяда Өзбекстан халқының мәмлекетимиз раўажланыўында белгилеп алған тийкарғы мақсет ҳәм мәплердиң көриниси топланған.

---

[24] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар.- Т: Ўзбекистон, 2001, 3 бет

Биринשиден, өзиниң келешегин көрмекши ҳәм қурмақшы болған ҳәр қандай мәмлекет яки жәмийет, әлбетте. өз миллий идеясына таяныўы зәрүрлиги менен байланыслы;

Президент И.Каримов сөзи менен айтсақ «мәмлекет дизими, оны басқарыў ҳәм алып барыў ҳәм алып барылып атырған сиясат, алды менен, анық ҳәм раўшан сәўлеленген идеология тийкарына қурылыўы лазым. Яғный, алдын мәмлекет қурылысы ҳәм оннан кейин идея тийкарында идеология пайда болыўы тәбиийий ҳал. Буны жақсы билиўимиз лазым. Яғный алдын идея пайда болады, оннан кейин идея тийкарында идеология, идеология тийкарында дизим, сиясат пайда болады»[25]. Демек, өз миллий идеясына таянбаған жәмийет кризиске ушыраўы, өз жолын жоғалтыўы анық.

Екинשиден, миллий идея Өзбекстан халқының тийкарғы мақсет ҳәм мәплериниң көриниси сыпатында соның ушын да зәрүрли, адамлар санасын, пикирлеўин өзгертпестен турып, гөзленген жоқары мақсет- азат ҳәм абат жәмийетти, еркин ҳәм пәраўан турмысты қурып болмайды. Буның ушын болса, адамлар белгили идеяға исениўи ҳәм таяныўы зәрүр. Бул процесс өз-өзинен ҳәрекетке келмейди, әлбетте. Себеби, кең халық массасын қандай да бир идеяның алдыңғы ҳәм инсанпәрўар екенлигине исендириў ушын, алды менен, бул идеяның туўры, турмыслық ҳәм актуаль екенлигине исендириў зәрүр. Исендириў ушын оның илимий ҳәм турмыслығына өз алдына итибар қаратыў менен бирге миллий идеяның өзи мәмлекетимиз халқының тийкарғы мақсет ҳәм мәплерин сәўлелендириўи керек.

Үшинשиден, миллий идеяның зәрүрлиги миллеттиң өзлигин толық аңлаў процесси менен байланыслы. Себеби, миллет өзлигин толық аңламас екен, ҳеш бир уллы өзгерислер ислей алмайды. Миллий өзин-өзи аңлаў, ол яки бул миллетти өзге миллетлерден ажыралып кетиўине емес, бәлким өзлигин аңлаған миллетлердиң маьрифатласқан бирге ислесиўиниң беккемленип барыўына хызмет қылады. Әне, сондай жүдә қурамалы шәраятта, миллий өзликти аңлаўда миллий идеяға тийкарғы таяныш күш, илимий-теориялық ҳәм әмелий дәстүр сыпатында ҳәр бир инсанның руўхы, кейпияты, сезимлик кеширмелерине кирип барыў арқалы оның қәлбине ҳәм санасына тәсир көрсетеди. Бул миллий идеяның халық турмысына жақын, оған тиккелей байланыслы екенлигин белгилеў лазым.

Демек, Өзбекстан ғәрезсизлигин беккемлеўде миллий идеяда бүгинги турмыстың ең актуал машқалалары, оның стратегиялық мақсетлери менен диалектикалық байланысы ушын жасаў шәрти болып саналады.

Төртинשиден , мәмлекетимиз ғәрезсизлигин беккемлеўде миллий идеяның зәрүрлиги және бир әҳмийетли жағдай менен, яғный бүгин бизиң тарийхый өзгерислер даўиринде тоталитар дүзимнен еркин демократиялық дүзимге өтиў шәраятында жасап атырғанлығымыздан келип шықпақта.

«Бул өтиў дәўири өзине тән, жүдә үлкен ғаў ҳәм тосықларға дус келиўи, қатаң гүреслер арқалы кешиўи барлығымыз ушын аян болыўы дәркар. Халқымыз ҳәм жәмийетимизди мине усы дәўирде жаңа горизонтларға қарай баслаў, шақырықларда мақсетлеримиз анық болыўы керек. Бундай мақсетлерге болса, алды менен терең ойланған ҳәм пухта исленген идеология тийкарында жетисиў мүмкин». Демек, миллий идея ҳәм ғәрезсизликти беккемлеў идеясының өзеги болған- сайланған раўажланыў жолымыздың туўры ҳәм әдил ҳәм ҳақыйқый екенлигине, ол мине усы жерде жасаўшы ҳәр бир инсанның турмыслық мәплерине сай келиўине кең массаны исендириў арқалы оларды дөретиўшилик ислерине бағдарлаў ушын хызмет қылады.

Ғәрезсизликти абайлап сақлаў, қорғаўда миллий идеяның орнын басқа ҳеш бир фактор баса алмайды. Усы көз-қарастан мәмлекет сиясатының устем

---

[25] Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. 8 жилд. – Т: Узбекистон, 2000, 464-465 б.

бағдарлары, мақсет ҳәм ўазыйпаларын маьнауий тәрептен тәмийнлеў, бүгинги күни мәмлекетимиз тәғдири ушын ең актуаль мәселелерден. Бунын жарқын көриниси Президент И.Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң он төртинши сессиясы (2004-жыл 29-апрель)деги «Ўатанымыздың тынышлығы ҳәм қәўипсизлиги өз күш-қүдиретимизге, халқымыздың бирлиги ҳәм ийилмес еркине байланыслы»лығы ҳаққындағы сөзинде ҳәм де Олий Мажлистиң мәмлекетимиз пуқараларына мурәжатанамасында баян етти. Әсиресе, онда сондай делинген: «Бүгин цивилизация өзине тән ҳәм қарама-қарсылықлы бир дәўирде жасамақта. Бир тәрептен илим-пән ҳәм техника, жетик технологиялар раўажланып, инсанпәрўарлық идеялары, демократиялық қәдириятлар, өз-ара бирге ислесиўде дүнья бойлап қарар таппақта. Ҳәзирги ўақытта, жер жүзиниң түрли регионларында қураллы келиспеўшиликлер жүз берип атырған, халық-аралық терроризмниң жаңа-жаңа топылыслары ақыбетинде мың-мыңлап адамлардың өмирден көз жумып атырғаны усы заманның ашшы ҳақыйқатыдур»[26].

*«Идеология ҳәр қандай жәмийет турмысында зәрүр. идеология болмаса адам, жәмийет, мәмлекет өз жолын жоғалтады. Қай жерде, идеологиялық бослық пайда болса, сол жерде жат идеология ҳүкимранлық қылыўы сөзсиз»*

***«Жәмийетимиз идеологиясы халықты-халық, миллетти-миллет қылыўға хызмет қылсын».***

**И.А.Каримов**

**Миллий ғәрезсизлик идеясының ғәрезсизлигин беккемлеўде көриниўи.** Бизге мәлим, ғәрезсизлик себепли басқа халықлар қатары биз де өз миллий тәбиятымыз ҳәм мың жыллық дәстүрлеримизге қайшы келетуғын жалған коммунистлик идеядан ўаз кештик. Лекин, инсаният тарийхы сол нәрсени қатаң рәўиште дәлиллеген, идеология дүньясында бослыққа жол қойып болмайды екен. Қай жерде сондай ҳал жүз берген тәғдирде бос қалған идеология майданын бизге бийгана, арзыў-әрманларымызға улыўма жат идеялардың ийелеўге урыныўы ҳәм тарийхый дәлилленгенлиги гүмансыз. Егер де қоршаған этирапымыздағы болмысқа тереңирек нәзер таслайтуғын болсақ, тәбийий ресурсларға бай, геосиясий көз-қарастан жүдә қолай аймақта жайласқан журтымызға көз алартқан, бизге тәсирин өткериўди қәлейтуғын түрли сағлам болмаған күшлер барлығын инкар қыла алмаймыз. «Олар, -деп айтады И.Каримов- өз нийетлерин әмелге асырыў ушын хеш нәрседен қайтпайтуғынлығы бүгинги күни аян болып қалды. Бул күшлер көп қаржы ҳәм заманагөй курал-жарақларға ийе. Лекин олардың ең жаўыз- миллий қәдириятларымызға туўры келмейтуғын, ең жаманы, ертеңине орнымызды ийелейтуғын жас әўладтың қәлби ҳәм пикирлеўин зәҳәрлейтуғын бузғыншы идеология болып саналады.

Ҳәзирги пайытта жүз берип атырған айырым унамсыз ҳалатлар, қолайсыз ҳәрекетлер, жаўыз ислер, алды менен идеологиялық бослық себепли болмақта». Сол орында неге сол душпанларымыз еле турмыслық тәжирийбеге ийе болмаған, ақ-қараны танып үлгермеген жасларға қаратпақта, деген сораў туўылады. Себеби, тап сол жаслар мәмлекетимиз ғәрезсизлигин беккемлеўде тийкарғы таяныш күши. Ҳәзирги пайытта, жасларымыздың кеўили ашық, сада, исениўшең.

Миллий ғәрезсизлик идеясының ғәрезсизликти беккемлеўде жүзеге келетуғын процесси өзиниң бир қатар өзгешеликлерине ийе. Олар төмендегилерден ибарат:

-Бүгинги күнде адамзат белгили бир мәмлекетлер ҳәм сиясий күшлердиң мәплерине ғана хызмет қылатуғын, алыс-жақын дереклерден таралатуғын, түрли мәни-мазмундағы идеологиялық күшлердиң тәсирин бәрҳама сезип жасаўы.

[26] «Халқ сўзи», 2004 йил, 30 апрель

Ахборот әсири, электроника әсири деп атап атырған XXI әсирдиң бүгинги күни де бул тәсирлерден азат болды деп атаў қыйын. Демек, бүгинги күни «идеология полигонлары ядро полигонлары»на қарағанда да көбирек күшке ийе. Бул оның өзгешеликлеринен бири.

-Егер әскерий, экономикалық, сиясий агрессия болса, буны сезиў, көриў, алдын алыў мүмкин. Лекин, идеялық агрессияның, оның тәсирин ҳәм ақыбетлерин тез байқап алыў қыйын.

-Миллий идея- миллет пикирлеўи ҳәм санасының өними. Лекин, ҳәзирги пайытта, сиясий сана дәрежеси ҳәр бир миллеттиң раўажланыўын белгилеп беретуғын фактор болып есапланады. Демек, сананы, пикирлеўди өзгертпестен турып ҳеш бир жәмийет өзиниң уллы мақсетине ерисе алмайды. Биз ҳәм адамлар санасы ҳәм пикирлеўин өзгертпестен турып азат ҳәм абат жәмийет қура алмаймыз.

Миллий ғәрезсизлик идеясын беккемлеўди әмелге асырыў ушын ол өзинде нелерди топлаўы ҳәм қандай талапларға жуўап бериўи зәрүр.

Миллий идеология- алды менен, өзлигимизди, муқаддес дәстүрлеримизди аңлаўға жәрдем бериў, халқымыздың көп әсирлер даўамында қәлиплескен арзыў-әрманларын, жәмийетимиз алдына қойған уллы мақсет ҳәм ўазыйпаларды қамтып алыўы шәрт.

-Жәмийетимизде бүгинги күни бар болған ҳәр қыйлы пикирлер ҳәм идеялар, еркин көз-қараслардан, ҳәр қандай тайпалар ҳәм топарлардың умтылыўлары ҳәм үмитлеринен, ҳәр қандай инсанның исеними ҳәм дүнья қарасына қарамастан, олардың барлығын бириктирип миллий байрақ әтирапында бирлестиретуғын, халқымыз ҳәм мәмлекетимиздиң еркинлигин асырайтуғын, ел журтымызды ең уллы мақсетлерге қарай шақыратуғын миллий ғәрезсизлик идеясы- идеология болыўы шәрт.

-Миллий идеология ҳәр қандай агрессив миллетшилик ҳәм соған уқсаған элементлерден, басқа елат ҳәм халықларды менсинбеў, оларды кемситиў кейпияты ҳәм көз-қарасларынан абсолют азат болыўы, қоңсы мәмлекет ҳәм халықлар, улыўма дүнья жәмийетшилигинде, халық аралық аренада өзимизге мүнәсип ҳүрмет ҳәм иззетке ерисиўге тырнақ болыўы лазым.

-Миллий идея, биринши нәўбетте, жас әўладымызды ўатанпәрўарлық, ел-журтқа садықлық руўхында тәрбиялаў, олардың қәлбине миллий-маьнаўий қәдириятымызға сай инсанпәрўарлық ҳәм инсанийлық пазыйлетлерин сиңдириўдей жоқары ислеримизде мәдеткер бола алады.

Миллий идея Ўатанымыздың атақлы өтмиши ҳәм уллы келешегин тығыз байланыстырып турыўға, өзимизди уллы әждадларымыз мәңги мийрасының мүнәсип мийрасхорлары деп сезиў, соның менен бирге, жәҳән ҳәм заманның улыўма цивилизациялық жеңислерине ерисиўге жол ашып беретуғын ҳәм усы мақсетлерге үзликсиз шақырыўшы идеядур.

Демек, миллий идея, миллий мақтаныш күнделикли машақатлы ислеримизде ҳәм дөретиўшилик искерлигимизде күшимизге-күш, ғайратымызға-ғайрат қосып, ҳақыйқаттан да келешеги уллы мәмлекет қурып атырғанымызға беккем исеним бағышлайды.

Ғәрезсиз Өзбекстан ушын, оның раўажланыўы ҳәм уллы келешеги ушын енди бир қанша әҳмийетли ўазыйпа ҳәм машқалаларды шешиў тийкарғы ўазыйпалардан бири болып қалмақта. Әне, сондай ўазыйпалардан бири миллий ғәрезсизлик идеологиясына исенимди беккемлеўден ибарат. Миллий ғәрезсизлик идеологиясын беккемлеў зәрүрлиги, пикиримизше бир қатар шәрт-шараятлардан келип шығады. Олар төмендегилерден ибарат:

-Өзбекстан өзиниң ғәрезсиз раўажланыў жолына қәдем қойған дәслепки пайытларда- ески, жалғыз идеологиядан пүткиллей ўаз кешилетуғын, жаңа

идеология болса еле ислеп шығылмаған, илимий тийкарлап берилмегенлиги менен байланыслы еди.

-Улыўма цивилизациялық тарийхый раўажланыў анализи соны көрсетеди, ҳеш қандай жәмийет идеологиясыз жасай алмаған. Дүньядағы ҳәр бир жәмийеттиң, ҳәр бир мәмлекеттиң өзине тән, өзине сай келетуғын, оның ушын хызмет қылатуғын, түпкиликли мақсетлери ҳәм мәплерин қорғайтуғын идеологиясы болған. Демек, адамлар қайсы бир жәмийетте жасамасын негедур исениўи, сыйыныўы, қандай да бир сағлам идеяға, тәлиматқа тийкарланып ис көриўи, искерлик көрсетиўи тарийхый зәрүрлик болып саналады.

-Ғәрезсиз Өзбекстан ушын, миллий ғәрезсизлик идеологиясының тарийхый зәрүрлиги де сонда, демократиялық жәмийет қурыў ушын оның жәмийетлик-экономикалық, сиясий, ҳуқуқый, мәдений-маьнаўий фундаментин жаратыў ҳәм беккемлеў ушын өзимизге сай ҳәм тән миллий идеология суў ҳәм ҳаўадай зәрүр. Буны бизге ғәрезлигимиздиң турмыслық тәжрийбеси анық-рәўшан көрсетип турыпты. Демек, миллий идея- жәмийет турмысының барлық тараўларын өзинде қамтып алады ҳәм оның  маьнаўий негизиниң критериясына айланады. Сол көз-қарастан қаралса, адамларға маьнаўий тәсир етиўдиң тийкарғы усылы да болып саналады.

Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримов кең жәмәәтшиликти, алымлар, шайырлар, жазыўшыларды идеология мәселесине салмақлы итибар қаратыўға шақырып, 1993-жылы, яғный ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында-ақ «алдымызда турған ең әҳмийетли мәселе, бул миллий ғәрезсизлик идеологиясын жаратыў ҳәм турмысымызға енгизиў» деп уқтырған еди[27].

Ҳақыйқатында да, ғәрезсиз Өзбекстанның миллий ғәрезсизлик идеологиясы алдында уллы мақсет-муддаалар, күтә актуаль ўазыйпалар турыпты. Оның тийкарғы мақсетлеринен бири- Өзбекстан аймағында жасаўшы ҳәр бир пуқараны, ҳәр бир миллет ҳәм елат адамларын кәмил инсан етип тәрбиялаў, ғәрезсизликтиң саналы пидайысына айландырыўдур.  Неге десеңиз, жәмийет раўажланыўы ғәрезсизлик пенен байланыслы болған уллы ўазыйпаларда орынлаўға массаны бағдарлаўда миллий идеясыз елеслетиў мүмкин емес. Инсанның искерлиги оның алдыңғы, дөретиўши, өзимизге тән ҳәм сай миллий идеяға қатаң әмел қылыў ҳәм исениўине байланыслы. Демек, ғәрезсизлик идеологиясы пүткил Өзбекстан халқының миллий руўхын, мәдений мийрасын, сезимлерин, миллий мақтаныш ҳәм сезимлерин, күш-қудиретин, арзыў-әрманларын өзинде жәмлестиреди. Әне сондай қудиретли фактор болған идеологияның қәлиплесиўинде тарийхый билимлер, тарийхый еслеўлеринде әҳмийети теңсиздур. Сол орында Н.Остроумов өкиниш пенен айтқан жуўмағын келтириў мақсетке муўапық: «Ыхтыярсыз ойланып қаласаң, -деп жазады ол өз күнделиклеринде- қалақ, әззи, қуралланбаған басқа  халықларды басып алыўымыз мүмкин екен да, бирақ басқа  кемшиликлеримизди есапқа алмағанда, өзимизге артықша баҳа бериўимиз, бийпәрўа жалқаўлығымыз ҳәм де мәмлекет идара усылындағы қалақлығымыз себепли оларды басқарыўды билмейди екенбиз. Биз шет мәмлекетлерге қарағанда мәдениятымыз пәслигинше қалмақтамыз...Биз жергиликли халықтың я тилин, я үрп-әдетлерин, я динин болсада үйренбедик».

Ғәрезсизликти беккемлеўде Өзбекстан ушын миллий ғәрезсизлик идеологиясының тарийхый зәрүрлиги ҳәм оның демократиялық жәмийет қурыўдағы орны және бир қатар бар болған машқалаларды шешиў менен байланыслы. Олар төмендегилерден ибарат:

-бириншиден, миллий ғәрезсизлик идеологиясы адамларда миллий мәденияттың, миллий сананың, миллий мақтаныштың өсиўи ҳәм раўажланыўын тәмийнлеў факторы сыпатында ғәрезсизликти беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе;

---

[27] Каримов И.А. Буюк мақсад йулидан оғишмайлик.- Т: Ўзбекистон, 1993, 9 б.

-екиншиден, миллий ғәрезсизлик идеологиясы адамларда миллий бирлик ҳәм аўызбиршилик сезимлерин қәлиплестириў арқалы жасларда ўатанпәрўарлықты тәрбиялайды ҳәм ғәрезсизликти беккемлеўге хызмет қылады;

-үшиншиден, ғәрезсиз Өзбекстан ушын миллий ғәрезсизлик идеологиясы халықты, мийнетти сүйиў ҳәм қәдирлеўге шақырыў, мийнетсиз ырысқы-несийбе, материаллық-руўхый байлық ҳәм келешек жоқ екенлигин, ғәрезсизлигимиздиң турақлылығы ҳәм тәғдири ҳәм оған байланыслылығын адамлар санасы ҳәм қәлбине терең сиңдиреди.

Миллий ғәрезсизлик идеологиясы бир миллет- өзбеклердиң мәпи менен ғана байланыслы емеслигин өз алдына белгилеп өтиўимиз керек. Өзбекстанда жасап атырған өзбеклер, қарақалпақлар, қазақлар, қырғызлар, тәжиклер, түркменлер, руслар, украинлар, еврейлер, қулласы, Республикамызды өзиниң жанажан Ўатаны деп билген, оның менен мақтанышететуғын барлық миллет ҳәм елатлардың тең ҳуқуқлығын, миллий мақтаныштың мәплерин қорғаў идеологиямыз мәнисинде тийкарғы орынды ийелейди. Сондай-ақ, миллий ғәрезсизлик идеологиясы тийкарында жәҳәндеги барлық раўажланған мәмлекетлер, халықлар тәрепинен итибарға алынатуғын улыўма инсаный қәдириятларды, унамлы тәжирийбелерди де есапқа алады ҳәм таянады.

Ғәрезсиз Өзбекстан ушын миллий ғәрезсизлик идеологиясының тарийхый зәрүрлиги ҳәм оның демократиялық қурыўдағы орны- Президентимиз Ислам Каримов тәрепинен абсолют жаңа идеялардың ислеп шығылыўы менен бир қатарда, бир қанша мәмлекетлердиң тәжирийбелери үйренилмекте. Пикиримиздиң дәлили сыпатында бир ғана Өзбекстан Конституциясы жойбарын таярлаўда 30 ға жақын шет ел мәмлекетлериндеги нызамшылық тәжирийбелери үйренилгенлигин келтириў орынлы. Нәтийжеде, коммунистлик идеологиядан, қатламлықтан, партиялылықтан ғәрезсиз болған тийкарғы нызам жаратылды.

Ғәрезсизлик себепли биринши мәртебе Конституциямызда идеологиялар ҳәм пикирлердиң ҳәр қыйлылығы қарар табыўы ушын шәрт-шәраят жаратылды. Мәселен, Конституцияның 12-статьясында: «Өзбекстан Республикасында жәмийетлик турмыс сиясий институтлар, идеологиялар ҳәм пикирлердиң ҳәр қыйлылығы тийкарында раўажланады. Ҳеш қайсы идеология мәмлекет идеологиясы сыпатында орнатылыўы мүмкин емес», деп жазып қойылған. Бул қағыйда Республикада жәмийетлик-сиясий турақлылық ҳәм ғәрезсизлик идеологиясын ислеп шығыўда ҳәм де ғәрезсизликти беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

Инсаният тарийхый раўажланыўынан сол нәрсе бизге белгили, ҳәр қандай сағлам жаңа идея кең жәмәәтшиликтиң санасына терең сиңсе, турмыста тамыр атса, әмелиятта өзин толық ақласа сонда ғана реал барлыққа, үлкен жәмийетлик күшке айланады. Ҳәзирги пайытта, адамларымызда ғәрезсизлигимиз ҳаққында билим ҳәм идея, миллий ғәрезсизлик идеясы туўралы билим болсада, лекин әне усы билим ҳәм идея ийман ҳәм исенимге, дүнья қарасқа айланбаса, бундай идеологияның тырнағы бос болады, ғәрезсизликти беккемлеўде, қәстерлеп-абайлаўда әмелий әҳмийети болмайды. Сол көз-қарастан Президент И.Каримовтың «Өзбекстанның өз ғәрезсиз ҳәм раўажланыў жолы», «Өзбекстан келешеги уллы мәмлекет», «Жаңа үй қурмай турып ескисин бузбаң», «Уллы мақсет жолынан алжаспайық», «Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери», «Өзбекстан XXI әсирге умтылмақта», «Тарийхый еслеўсиз келешек жоқ», «Жәмийетимиз идеологиясы халықты халық, миллетти-миллет қылыўға хызмет қылсын», «Миллий ғәрезсизлик идеологиясы халық исеними ҳәм уллы келешекке исенимдур» ҳәм оның Олий Мажлис 2-шақырық 9 сессиясында қылған баянатында ҳәм де мийнетлериндеги бийбаха илимий-теориялық қағыйдалар, дәстүрий жол-жорықлар халқымыздың идеялық-сиясий, улыўма, пүткил руўхый

дүньясын миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында байытыўда, оған исеним ҳәм имманды беккемлеўде, әсиресе үлкен әҳмийетке ийе. Усы китапларда ғәрезсизлигимизди беккемлеўдиң ең актуал машқалалары, теориялық тийкарлары, илимий әмелий шешимлери терең ҳәм ҳәр тәреплеме сәўлелендирилип ғана қалмай, сол пайытта миллий ғәрезсизлик идеологиямызды адамлар санасы ҳәм қәлбине сиңдириўдиң жол жорықлары да көрсетилип берилген. Бирақ бул бир қанша қурамалы, жуўапкершиликли процесс. Асығыслық қылып, ойламастан ис тутып, өзи боларлық тийкарында ҳәрекет қылыў үлкен жуўапкершиликти умытып қойыў миллий ғәрезсизлик идеологиясын турмысқа енгизиў мәселесинде үлкен зыян жеткизеди. Буннан жүдә абайлы болыў лазым, себеби «Идеология-өтмиш ҳәм келешек ортасындағы көпир»[28]. Сол орында биз инсаният жәмийети өз раўажланыўында ерискен барлық жеңислер, ең алды менен улыўма миллий идеологияның ҳәммени бирлестириўши күш болғанлығын белгилемекшимиз. Президент И.Каримов бул мәселениң актуаллығын Олий Мажлистиң 2-шақырық I-сессиясында сөйлеген баянатында (22-январь 2000). «Бизиң бас стратегиялық мақсетимиз қатаң ҳәм өзгермес болып, базар экономикасына тийкарланған еркин демократиялық мәмлекетти қурыў, пуқаралық жәмийетиниң беккем фундаментин қәлиплестириўден ибарат. Бул-тоқ етерин айтқанда, раўажланған мәмлекетлердиң тәжирийбе ҳәм раўажланыў моделлеринен туўрыдан туўры көширмеген ҳалда, оларға тән жетик турмыс дәрежеси ҳәм сапасына ерисиў демекдур. Бул мәмлекетимизде миллети, тили ҳәм динине қарамастан ҳәр бир инсанның барлық ҳуқық ҳәм еркинликлери кепилленетуғын, пәраўан турмыс тәризи тәмийнленетуғын демократиялық раўажланыў жолын избе-из даўам еттириў демекдур». Бул барыста төмендеги мәселелерге өз алдына итибар қаратылды:

Мәмлекетимиз сиясий турмысының барлық тараўларын, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын еркинлестириў. Бунда жәмийетимизде бар болған түрли мәплер, қарама-қарсы күшлер ҳәм ҳәрекетлер ортасындағы тең салмақлылықты тәмийнлейтуғын нәтийжели механизмди қәлиплестирсек, турмысымыздың турақлы ҳәм беккем раўажланыўын жетик кепиллеген болар едик. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы ҳәм оның демократиялық жәмийет қурыўдағы орны, ең алды менен, мәмлекетимиз сиясий турмысында ҳақыйқый мәнидеги көппартиялылық орталығы қарар табыўы менен байланыслы. Бул барыста Президент И.Каримов екинши шақырық Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилистиң биринши сессиясында ислеген баянатында төмендеги ўазыйпаны қойды: «Ҳәр бир партия белгили жәмийетлик қатламға таянған ҳалда, әне усы тайпа мәплериниң қорғаўшысы сыпатында өзиниң анық, рәўшан ҳәрекет дәстүрине ийе болыўы керек. Онда ҳәр қайсы партияның мақсет ҳәм ўазыйпалары, жәмийет раўажланыўы барысындағы усыныслары өз көринисин таппағы лазым.

Әмелдеги көппартиялылық- бул ҳәр қыйлы көз-қарас ҳәм идеялар ортасындағы тартыс-гүрриң, түрли партиялар, мәселен, оппозиция партиялар ушын да сиясий конкуренция майданы демекдур»[29]. Бирақ, бизиң пикиримизше, өтиў дәўиринде, ҳәр қандай жәмийетте болғанындай, оппозиция, мейли ол жәмийетти жаңалаўдың шөлкемлестириўшиси болыўға умтылып атырса да, халықтың белгили жәмийетлик қатламлары ҳәм топарларының мәплери ҳәм умтылыўларының ҳақыйқый сәўлелендириўшиси ҳәм қорғаўшысы болыўы лазым

Оппозиция конституциялық нормалар шегарасында искерлик көрсетип, анық дәстүрий ҳүжжетке ийе болыўы керек. Әне, усы дәстүрий мақсетлеринен келип шығып, халықты, әсиресе, сайлаў дәўиринде, өзи усынып атырған

---

[28] Жамиятимиз мафкураси халқни-халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин.- Т: Ўзбекистон, 1998, 14 б

[29] Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон хает – пировард мақсад имиз. 8 жилд.- Т: Ўзбекистон, 2000, 333 бет.

реформалар ҳәм жаңаланыў жолы ҳәзирги шараятта жәмийет ушын ең туўры ҳәм ең мақул жол екенлигине исендириў лазым.

Ҳақыйқый оппозицияның жүзеге келиўи ушын, оның ҳәкимият пенен идеялық ҳәм әмелий усынıслар киргизе билетуғын, жәмийетимиздиң түрли сиясий қатламлары мәплериниң сүўретлеўшиси сыпатында аренаға шыға алатуғын оппозиция болыўы ушын сиясий жағдай ҳәм турақлылықты тәмийнлеўши механизм ҳәм системалар күшли болыўы керек. Бүгинги күни барлық сағлам пикир жүргизиўши, ғәрезсизлигимизди беккемлеў ҳәм Ўатанымыздың уллы келешеги ушын гүресип атырған адамлардың барлығы сиясий оппозицияны, тап усындай ҳалдағы оппозицияны көриўди қәлейди. Әлбетте, бунның ушын баспа сөз, хабар қураллары демократиялық принциплерге таянып ислеўи лазым.

Себеби ҳәр бир мәмлекет, жәмийет өзи орынлап атырған тарийхый ўазыйпаны тийкарлаўшы ҳәм барлық жәмийетлик қатламлар, миллетлер ҳәм елатлар, диний исенимлер ўәкиллерин усы ўазыйпа әтирапында бирлестириўши, бириктириўши улыўма миллий идеологияға ийе болған. Себеби сондай қылынғанда ғана, биринишиден, ҳеш бир идеология мәмлекет идеологиясы дәрежесине шықпайды. Екиншиден, бундай ис улыўма миллий идеологияны және де байытыўға хызмет қылады, оның ҳәр бир пуқараға жетип барыўын тәмийнлейди. Бундай пикирге келиўимиздиң илимий-теориялық тийкары, үшиншиден, ҳәзирги дәўирде раўажланған мәмлекетлерде барлық жәмийетлик қатламлар өз идеяларын демократия, инсанпәрўарлық, жәмийетлик әдалат қағыйдалары ҳәм де талаплары тийкарында жаратыўға умтылып атырғанлығында. Олардың арасындағы келиспеўшилик орнына ҳәр бир мәселеде *консенсус,* яғный келисим - компромисс принциплеринен келип шығыў барған сайын үстем келмекте.

Ғәрезсиз Өзбекстан тап усы жолдан бармақта. Бул идеология халқымыз тарийхый, мәдениятын, философиясын, моралын, сиясий санасын, көркем сезимин, диний дәстүрлерин ҳәм келешекти анық белгилеп бериўи менен де өз алдына ажыралып турады. «Өзбекстан Россиядан келтирилген коммунистлик идеологияны қабыл қылмайды, қабыл қыла алмайды ҳәм Европада тамыр атыў мүмкин болған нәрсе Шығыста өнип-өсе алмайды. Буны ҳәмийше есапқа алыў керек. Бул орында Шығыстың турмыс тәризин, руўхыйлығын, философиясын, оның уллы Ислам динин есапқа алыўы зәрүр. Тийкарғы ўазыйпамыз ҳеш қандай жәмийет жарылыўларысыз, ашлық, жарлылықсыз адамларға зиян жетпейтуғын тәризде жәмийетлик-экономикалық раўажланыўдың жаңа басқышына өтиўден ибарат. Бул мәниде де Өзбекстанның өз жолы бар»[30].

Бул ғәрезсизлигимиздиң өзине тән фундаменти болып саналады. Соған таянған ҳалда қурылып атырған жәмийет ғәрезсиз ҳәм беккем болады. Демек, ғәрезсизликти беккемлеўде Өзбекстан миллий ғәрезсизлик идеологиясының илимий-теориялық тәреплери төмендеги жуўмақларда өз көринисин таўады:

- Идеология Өзбекстан жәмийети турмыста жүдә зәрүр, себеби идеология болмаса адам, жәмийет, мәмлекет өз жолын жоғалтады;
- Өз өмириниң ақырына жеткен XX әсирде жасаған заманласларымыздың көп сынаўлар, азап-ақыретлер, қәтелер, трагедиялар, урыслар, қуўдалаўларды басынан кешириўдиң тийкарғы себеплеринен бири идеялық гүреслер, миллий-мәдений мийрас ҳәм қәдириятларды инкар етиў, өзге идеяларды зорлап киргизиў тийкарында жүз берди. Бул ҳақыйқатты ҳеш қашан ядымыздан шығармаўымыз керек.

---

[30] Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиесат, мафкура. 1 жилд- Т: Ўзбекистон 1996, 154-156- бет

- Инсаният тарийхында информация әсири деп тән алынып атырған, яғный XXI әсирде де, түрли идеологиялардың өз-ара гүреси ҳәр қашанғыдан да қатаң түс алмақта. Ҳақыйқатында да, ҳәзирги дәуирде дүньяда еки қарама-қарсы полюс өмирин тоқтатқан болса да, ҳәр қыйлы мақсет ҳәм мәплерди сәулелендириуши идеологиялар тартысыўы тоқтағаны жоқ. Нәтийжеде, бүгинги күни де базы да бир-бирине абсолют қарама-қарсы болған дүньяға көз-караслар, сиясий, миллий, диний ағымлар, мазхаб ҳәм секталар ортасындағы пикир таласыўлары, гейде тартыс-сәубетлесиўлер шегерасынан шығып қанлы соқлығысыўлар, массалық қырғынларға себеп болмақта. Бул ғәрезсизлик ушын үлкен қәуип-қәтердур. Әне усындай трагедиялардың алдын алыў, оларды тыныш жол менен шешиўдиң бирден-бир усылы идеологиялық қәуиплерден сақланыўдур, өз миллий ғәрезсизлик идеясына ийе болыўдур. Неге десеңиз, идеялық гүрес ҳәм тартысыўлардан гөзленген тийкарғы мақсет-инсан, ең алды менен, жаслар қәлбине ийелик қылыў, оларды өз дүнья қарасына бойсындырыў, маьнаўий тәрептен әззи ҳәм қуллыққа түсириў. президент И.Каримов сөзи менен айтқанда, «пикир қуллығы, пикирлеў қуллығы болса ҳәр қандай экономикалық ҳәм сиясий қуллықтан да көре қорқынышлыдур»[31] . Егер керек болса, айтыў мүмкин, информация ҳәм электроника әсири деп аталып атырған жаңа XXI әсирде инсан ҳәр қашанғыдан түрли мәни-мазмундағы идеологиялық күшлердиң тәсиринен азат болыўы дерлик имкансыздур. Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күни идеология полигонлары ядро полигонларына қарағанда да көбирек күшке ийе. Екиншиден, идеологиялық гүрестиң адамларды ҳәр дайым қырағы болыўына үндеўши тәрепи сонда, егер әскерий, экономикалық, сиясий агрессия болса, буны сезиў, көриў, алдын алыў мүмкин. Лекин идеялық агрессия, оның тәсири ҳәм ақыбетлерин тез билип алыў жүдә қыйынлығы менен ажыралып турады. Оның илимий-теориялық тийкарлары ҳаққындағы және бир жуўмақ бул тәбиятта да, жәмийетте де бослық пайда болыўына ҳеш қандай жол қоймаў керек. Бул ғәрезсизликти асырап абайлаў, беккемлеўдиң әҳмийетли шәртидур.

Жуўмақлап айтатауғын болсақ, миллий идеяның зәрүрлиги XXI әсир обасы болған халықаралық терроризм, экстремизм ҳәм радикализмге қарсы гүресте де үлкен әҳмийет пайда етеди. Мәмлекетимиз басшысының Олий Мажлис Нызамшылық Палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянатында белгиленгениндей, «ислам дини сиясатқа айландырып атырған, жаўызлық ҳәм терроризм идеологиясын жаратып атырған көплеп радикал ҳәм экстремистлик орайлардың биринши гезекте, жаслар санасын зәҳәрлеп, зомбиге айландырып, олардан терроршылар таярлаў бойынша конвейер пайда етип атырған, халифатлық дүзиўдей ҳәр қыйлы қам қыялларды әмелге асырыўға урынып атырған жаўыз күшлердиң тамырын қырқып таслаў керек»[32] . демек, миллий идеяға исеним ҳәм ийман қаншелли беккем болса, ол инсанлардың жеке, шаңарақ турмысында да, жәмийетлик турмыстың барлық тараўлары арқалы ғәрезсизликти беккемлеп бериўге хызмет қылады.

---

[31] Каримов И.А. Жамиятимиз мафкураси халқни – халқ, миллатни-миллат қилишга хизмат этсин. - Т; Ўзбекистон, 1998, 5 бет.

[32] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислох этишдир. – Т.Ўзбекистон, 2005, 64-65 бетлар.

# 6 тема. Миллий идея- халықтың исеними ҳәм ийманы.

**Миллий идеяның халық исеними ҳәм ийманына айланыў зәрүрлиги.** Миллий идея халықтың исеним ҳәм ийманына айланса, ол өзиниң күтилген нәтийжесин береди. Соның ушын да исеним ҳәм ийман мәселеси миллий идеяда әҳмийетли фактор есапланады. Мәмлекетимиз басшысы “FIDOKOR” газетасы корреспондентиниң сораўларына берген жуўапларында «идеоология тек бүгин ғана емес, бәлким барлық дәўирлерде де ең актуаль сиясий-жәмийетлик мәселе, ҳәр қандай жәмийетти саламат, уллы мақсетлерге қарай бирлестирип, оның өз мақсетине ерисиўи ушын маьнаўий руўхый күш-қуўат беретуғын фундамент болып келген» деп итибар қаратады. Өзбекстанның ҳәзирги мәмлекет аймағында жасаған халықлардың үш мың жыллық тарийхына нәзер таслайтуғын болсақ, көпшилик ҳалларда басқыншылар зулымы астында жасағанлығын көремиз. Ырасында да, эрамыздан алдыңғы VI әсирде- иранлық ахаменидлер, IV әсирде - грек басқыншысы А.Македонский, эрамыздың биринши әсирлеринде қытайлылар, VII әсирлерде - араб басқыншылары, XII әсирлерде - моңғол басқыншылары, XIX әсирден баслап, алдыңғы Патша Россиясы, кейин «Қызыл империя» искенжесинде езилип жасағанлығына тарийхымыз гүўа болған.

Солардан келип шығып пикир қылатуғын болсақ, тәбийий рәўиште, неге халқымыз буншелли езилип жасаған, себеби неде, деген сораў туўылады. Оның түрли себеплери философлар, тарийхшылар, сиясатшылар тәрепинен ол яки бул тәризде сүўретленген. Лекин узақ даўам еткен бул миллий трагедияның тийкарғы себеплери- миллеттиң идеялық шашырандылығы, аўзы бир емес екенлигинде. Бирақ, миллий тарийхымызда азатлық, ғәрезсизлик ушын гүресип жарқын из қалдырған: Ширак, Тумарис, Спитамен, Муқанна, Нажмиддин Кубро, Жалаладдин Мангуберди, Махмуд Тарабий, Темур Малик ҳәм басқа уллы миллий қаҳраманлар халықты азатлық, ғәрезсизлик идеяларына садық болып изине ертиўге ҳәрекет қылған. Миллий идеяның, жәмийет идеологиясының халық исеними, кәмил ийманына толық айланбағанлығы себепли жеңилген. Мәмлекет жаўлар аяғы астында қалған, миллет ар намысы, абыройы жер болған.

1991-жылы Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң өзбек халқы өз ғәрезсизлигин сақлап қала ала ма яки жәнe ғәрезлиликтиң жаңа көринислерине тән турмыс кешире ме, деген дилемманы күн тәртибине қатаң қойды.

Ғәрезсизликке ерискеннен соң тоталитар дүзимниң жеке ҳүкимран болған коммунистлик идеологиясынан безип, өзиниң миллий идеясы негизлери болған мәдений қәдириятлары, үрп-әдет ҳәм дәстүрлеринен бийганаластырылған халық жәмийетиниң барлық тараўларын «идеологиядан ғәрезсиз қылыўды» қоллап қуўатлады. Халықты бирлестириў, ғәрезсизликти беккемлеўдиң бирден-бир жолы- өзбек халқын уйымластырыўшы, жаңа жәмийет қурыўға бағдарлаўшы миллий идеяны, жәмийет идеологиясын қәлиплестирип, халық исеними ҳәм ийманына айландырыў менен байланыслы еди. И.Каримов 1993-жылы 6-май күни Олий Кенгаштиң XII сессиясында сөйлеген баянатында: «Алдымызда турған ең әҳмийетли мәселе, бул- миллий ғәрезсизлик идеологиясын жаратыў ҳәм турмысымызға енгизиўдур. Бизиң ең уллы мақсетимиз, ең уллы идеямыз, ең уллы уранымыз сол, Өзбекстанның бир жолы бар: ғәрезсизликти беккемлеп, келешекке қарай алға жүриў. идеологиямыз, тутқан жолымыз, бар ғайратымыз әне, усы уллы нийетке бағдарланыўы керек. Халқымызды, барлық сиясий күшлерди, жәмийет шөлкемлерин аўызбиршиликли, бир тән, бир жан қылатуғын идея да тийкарында усы»[33], деген еди.

---

[33] Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиклол, иктисод, сиесат, мафкура. 1 жилд, - Т.Узбекистон, 1996, 203, 217 б.

**Миллий идеяның исеним ҳәм ийманға айланыў шәрт шәраятлары.** Миллий ғәрезсизлик идеологиясы- халық исеними ҳәм уллы келешекке исенимин арттырыўдың илимий-теориялық бағдарлары ислеп шығылыўы менен бирге, оның шәрт шәраятлары, процесске тәсир көрсетиўши факторлардың ҳәр қыйлы екенлигин есапқа алыў әҳмийетке ийе. Ҳәзирги пайытта, бул процесстиң ең әҳмийетли тәрепи соннан ибарат, ҳәр қайсы пуқара, ҳәр қайсы инсан жәмийет раўажланыўының бағдарына салыстырмалы өз мүнәсебетин анықлап алыў зәрүр. инсанның мәнисин оның жәмийетлик талаплары дизими, нәрсе ҳәм ҳәдийселерге саналы мүнәсебети пайда етеди. Анығырақ қылып айтқанда, ишки исеними, арзыў-үмитлери жәмийетлик барлығының мәни мазмунын белгилейтуғын сапа көрсеткиши болып саналады. Оларды шәртли рәўиште илаҳий ҳәм дүньяўий бағдарларға ажыратыў дәстүри бар. Әсиресе, оларды миллий идеяларда көриниўи тәризинде алып қарасақ, бул сыпатлар инсаният барлығының зәрүрли шәрти болып, дүньяўий ҳәм де илаҳий идеялардың исенимге айланыўы, искерлик мотиви, ҳәрекетлендириўши механизми ҳәм усы мәни мазмунның характерин белгилейди. Бул дүнья дүзилисиниң сыр-сынаатлары, адамлардың санасы ҳәм пикирлеўинде диний исеним менен бирге ақыл тәжирийбе тийкарына қойылған дүньяўий билимлер жыйнағында өзиниң көринисин тапқан.

Инсанның индивидуал идеясы, бир тәрептен, жәмийетлик барлықтың шахс турмысы дәрежесинде көриниўи, екинши тәрептен, оның зәрүрли шәрти, компоненти, атрибуты есапланады. Басқаша айтқанда, шахстың индивидуал идеялары жәмийетлик бирликлериниң мақсети, арзыў-әрманлары, үмитлери, ийман-исеними шегарасында конкретлесип, улыўма инсаний идеялардың қурамлық бөлегине айланады. Яғный, шахс исенимине тийкарланған әмелий искерлиги: халық, миллет, жәмийетлик қатлам мәплери, зәрүрликлери тийкарында улыўмаласады.

Түрли жәмийетлик бирликлердиң өзине тән индивидуал исеними ийманына айланған идеялар- миллет мәплери, талаплары «кесиспесинде» тутасып, миллий идеяны ҳәм оларды әмелге асырыў усыллары ҳәм де қураллары болған идеологияларды пайда етеди.

Миллий идея- белгили аймақта жасап атырған түрли жәмийетлик топар ҳәм қатламлардың, миллет ҳәм елатлардың, ҳәр қыйлы диний исенимдеги адамлардың мәплериниң сәйкеслигинде, олардың дүньяўийлик ҳәм илаҳийлик өзгешеликлери улыўма ҳәм шәртли, ҳәм салыстырмалы. Анығырақ қылып айтқанда, миллий идея ҳалықтың исеними ҳәм ийманы сәўлеленгенлиги ушын, олардың барлығын ҳәм раўажланыў келешегин сәўлелендиреди. Сол көз-қарастан, миллий идея жәмийетти пайда ететуғын шахслар, индивидлер ҳәм жәмийетлик топарлардың сиясий партияларға тәнлигинен, қайсы динлерге сыйыныўынан, миллети ҳәм расасынан, жәмийетлик мақсетине қарамастан, олардың мәплерин интеграцияластырыўшы ҳәм де универсалластырыўшы жәмийетлик искерлик факторы есапланады.

Жәмийет идеологиясы, түрли жәмийетлик сана формалары ҳәм әмелият бағдарлары: тәлим-тәрбия, илимий мәкемелер, мәдeният ҳәм руўхый-ағартыўшылық, әдебият ҳәм искусство, дин, дене тәрбиясы ҳәм спорт тараўларында интеграцияласқан комплекс системалы искерликти усынады. Бул ўазыйпаның қурамалылығы:

Бириншиден, узақ тарийхый дәўирлерде даўам еткен ғәрезлилик сиясаты халықты тарийхый еслеўден, миллий қәдириятлардан айырыў шегерасына келтирип қойған еди.

Екиншиден, усы дәўирлерде тоталитаризм, волюнтаризм сиясатының шөлкемлескен-институтционал дизими халық санасында ғәрезлиликке деген «көнлигиў эффектин» пайда етип: бойсыныўшаңлық, қуллық стереотиплерин қәлиплестирген. Басқаша айтқанда, «узақ жыллар даўамында бул дүзим тек

жәмийет оған зорлап бойсындырылғаны ушын ғана емес, бәлким жәмийет зорлық жолы менен идеологиялық қәлипке сәйкеслестирилгени ушын тоталитар деп аталып келинди»[34].

Үшиншиден, жаңа пайда болған ғәрезсиз мәмлекетлер үстинен ҳүкимранлық қылыўдың анық идеологиялық усылларынан, қуралларынан пайдаланыўға тайын турған мәмлекетлердиң «идеялық эмансипациясы», «идеологиялық агрессиясы» кең аймақта ҳүжим баслаўы менен характерленеди.

Өзбекстан ғәрезсизликке ерискеннен соң, миллий идея ҳәм жәмийет идеологиясын қәлиплестириў, оларды халық исеними ҳәм ийманына айландырыўдың бир-бири менен байланыслы тек ўазыйпа күн тәртибине қойылды. Оларды, шәртли рәўиште, жәмийетлик-сиясий мәкан, тарийхый заман көз-қарасынан *ишки* ҳәм *сыртқы* бағдарларына ажыратыў мақсетке муўапық.

**Миллий идеяны халық исеними ҳәм де ийманына айландырыў ўазыйпалары.** Мәмлекетимиздиң базар экономикасы мүнәсебетлерине өтиўи, жәмийеттиң жәмийетлик-сиясий, маьнаўий турмысын еркинлестирмекте. Бизге, мәлим жәмийетти қурайтуғын жәмийетлик-сиясий қатламлардың мәплериндеги ҳәр қыйлылық нызамлы тәризде олар ортасында мәплер ҳәр қыйлылығын көрсетиў менен бирге еркин ҳәм бирликли мақсетлерди де келтирип шығарды. Дүньядағы раўажланған мәмлекетлердиң тарийхый тәжрийбелери усы мәплер бирлигин өз ўақтында, ақыл менен шешиўдиң жолларын, усылларын табыў жәмийеттиң турақлы раўажланыўы кепили екенлигин ҳәм керисинше, мәмлекетлердиң идеялық әззилиги, аўзы бир емеслиги миллий кризиске алып келип, халықты қуллыққа алып келиўин қайта-қайта дәлиллеп берген. Әне, усы ҳалаттың алдын алыўда мәмлекет ишинде халықтың миллий идеяға болған исеним ҳәм ийманы оларды улыўма миллий мақсет жолында бирлестиреди.

Соның ушын да Президентимиз И.А.Каримов ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан ақ, мәмлекетимизде жасап атырған барлық жәмийетлик-сиясий қатламларды, топарларды, миллет ҳәм елатларды Ўатан келешеги, журт тынышлығы-парахатшылығы, халық пәраўанлығы идеясы әтирапында бирлестириўге өз алдына кепиллик берип келмекте. Бул миллий раўажланыўдың келешегин кепиллейди. Буның тийкарғы факторы, улыўма тийкары-мәмлекетимизде жасап атырған барлық пуқараларды: миллетинен, расасынан, диний исениминен, экономикалық аҳўалынан, сиясий статусынан, қайсы партияларға тәнлигинен қарамастан, улыўма миллет мәплерин сәўлелендиретуғын ғәрезсизлик идеялары олардың исеним ҳәм ийманынан орын алыўы ҳәм де усы идея тийкарында бирлестириўден ибарат. Бул ўазыйпаны орынлаў, мәмлекетимизде демократиялық, әдил-ҳуқуқый мәмлекет, пуқаралық жәмийетин қурыўдың зәрүрли шәрти болып қалмақта.

Бул ўазыйпаларды орынланыўында өтмиш жәмийеттиң идеялық стереотиплеринен ўаз кешиў, қуллық дүзиминиң жалған теңлигине тийкарланған, «қайшылап тегислеў» сиясаты ақыбетлерин сапластырыў, әмелде идеологиялассызландырыўдан ибарат болған болған ҳүкимран сиясий идеология қуўдалаўының адамлар санасында гүман тәризинде сақланып қалыўын қысып шығарыў үлкен әҳмийетке ийе. Әсиресе, адамлардың жатып ишерлик кейпиятын толық жоқ етиў- идеялық-идеологиялық искерлигиниң қурамлық бөлегидур. Әне усы иллетлерден қутылыў миллий идеяға исеним ҳәм ийманды беккемлейтуғын ишки факторларынан есапланады. Тоталитаризм дүзиминиң: «Мәмлекет сени бағып атыр, сен мәмлекетке қул болыўың дәркар», деген принципин идеялық қуллық ҳәм идеологиялық ғәрезлиликке алып келген. Жатып ишер адамның еркинлиги, сиясий искерлиги шегараланған болып, ҳүкимран идеология нени

---

[34] Бжезинский З. Коммунизм талвасаси.// «Жахон адабиети». 1997, 6 сон, 161 бет

айтса, соны ислейтуғын пассив, бийпәрўа, идеялық келте пикирлеўши адамлар қылып тәрбиялаўға тийкарланған еди.

Миллий идея ҳәм жәмийет идеологиясын қәлиплестириўдиң әҳмийетли ишки ўазыйпаларынан бири- қурылып атырған жәмийеттиң мүнәсип идеялық-идеологиялық фундаментин жаратыўдур. Халқымызда: «Суў болмаған жерде қамыс өспейди», деген ҳикметли гәплер бар. Бизге мәлим, қамысты орып тасласаңыз да, жағып жиберсеңиз де, бәри бир өсип шыға береди. Оны жоқ етиўдиң бир шарасы- суўды қурғатыўдур. Соған қарай, миллий раўажланыўымыз процессине унамсыз тәсир көрсетиўи мүмкин болған идеялардың мәмлекетимиз аймағына өтиўи ҳәм тамыр атыўына имканият бермеў ушын миллий идеяға исеним ҳәм ийман өз алдына әҳмийетке ийе. Буның ушын миллий ғәрезсизлигимизге жат болған идеялардың журтымызға кирип келиўи, Ўатанға ийманы төмен, ерки бос адамлардың санасын тезирек басып алады. Себеби, идеялық тәрбия шара-илажлары- идеялық идеологиялық «инфекция»ға салыстырғанда иммунитеттиң жүзеге келтириў, оның унамсыз ақыбетлерине қарсы гүресиўине қарағанда нәтийжелирек. Буның ушын ҳәр бири салыстырмалы ғәрезсиз, лекин бир бири менен өз-ара байланыслы болған: жәмийетлик, экономикалық, сиясий, маьнаўий турмысын миллий маьнаўий негизлеримизге таянған ҳалда, оған сәйкес тәризде қурылыўы үлкен әҳмийетке ийе.

Өзбекстанның базар экономикасы мүнәсебетлерине өтиў дәўириндеги жәмийетлик шәраятты талқылайтуғын болсақ, бир тәрептен, этнографиялық, демографиялық структурасы, диний исенимлер ҳәр қыйлылығы оның халқының турмыс тәризи негизлериниң ҳәр қыйлылығы жеке миллий ғәрезсизлик идеялары шеңберинде бирлестириўге кесент қылмаў керек. Өзин Өзбекстан пуқарасы деп билген ҳәр бир инсанды улыўма Ўатан туйғысы, халық пәраўанлығы, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў, миллетлер ара татыўлық пенен тығыз байланыслы миллий идея бирлестиреди. Екинши тәрептен, егер сондай ийман ҳәм исеним болмаса, әне сондай жәмийетлик қоршаған орталық өзгешелиги ғайры инсаний, ғайры миллий идеялардың мәмлекетимизге кирип келиўине, белгили мәниде қолайлы имканиятлар жаратыў итималын қалдырады.

Мәмлекеттиң басқышпа басқыш жаңа жәмийетке, базар мүнәсебетлерине өтиўи, экономикадағы қурамлық өзгерислер менен байланыслы болған қыйыншылықлар, халықты, әсиресе, жасларды ис пенен тәмийнлеў машқалалары, аграр тараўдағы реформаларды ерисилип атырған жеңислер салыстырмалы төмен дәрежеде кешип атырғанлығы, айтыў мүмкин, жат идеяларға адамлардың руўхый турақлылығын келтирип шығарады. Соның ушын да миллий ғәрезсизлик идеясын адамлар санасына, турмыс тәризине сиңдириўде экономикалық турмыстағы унамлы өзгерислердиң салмағын асырыў зәрүр.

Мәмлекетимизде демократиялық жәмийет қурыў, сиясий тараўды еркинлестириў, оның нызамлы-ҳуқуқый тийкарларын ҳәм турмысқа енгизиўдиң жетик механизмлерин жаратыў бир тәрептен, миллий ғәрезсизлик идеясының жәмийетлик-сиясий турмыстағы көриниси болса, екинши тәрептен, усы тийкар-миллий идеяларды халық исеними ҳәм ийманына айландырыў ҳәм турмысқа енгизиўдиң имканияты есапланады. Сол себепли айтыў керек, мәмлекеттеги сиясий партиялар, түрли диний конфессиялар миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында адамларды улыўма халықлық мәплер жолында бирликли мақсетлерге бағдарлаў ушын имканиятлары бар.

Ғәрезсизликке ерискеннен соң миллий қәдириятлардың, муқаддес динимиздиң тиклениўи миллий раўажланыў ушын маьнаўий орталық жаратып бермекте. Уллы бабаларымыздың маьнаўий мийрасы идеялық кәмиллик ушын азық болмақта, лекин соны да айтып өтиўимиз керек, бизиң тарийхымызға байланып келешекти умытыўға ҳақымыз жоқ. тарийхый тәжрийбелерден сабақ алыў, оннан нәтийжелер шығарыў миллий идеяны, жәмийет идеологиясы

сыпатында халық исеними ҳәм ийманына айландырыў ушын зәрүрли. Соның ушын да И.А.Каримов: «Жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы өз өтмишин жақсы билсе, бундай адамларды жолдан урыў, ҳәр қыйлы ақыйдалар тәсирине алыў мүмкин емес. Тарийх сабақлары инсанды қырағылыққа үйретеди, еркин беккемлейди»[35] деп үйретеди. Бул ҳақыйқатты аңлаў әҳмийетли. Бул миллий идеяға исеним ҳәм ийманды беккемлейтуғын негиз-фундамент деп есаплаў керек.

**Миллий идеяның халық исеними ҳәм ийманына айландырыў критерийлери.** Миллий идеяны «тасыўшылардың» талаплары ҳәм мәплери улыўмалығына қарамастан олардың ҳәр бирине индивидуал ҳәм дифференциал жантасқан ҳалда, оны халықтың исеним ҳәм ийманына айландырылыўының өзине тән факторлары бар. Яғный:

-миллеттиң өзлигин, дүнья улыўма тарийхый раўажланыўына тәнлигин аңлаўы сол тарийхый процесске қосып атырған үлесин итибарға алыўы;

-миллеттиң жәмийетлик-сиясий, идеялық-идеологиялық ғәрезсизлиги ҳәм оны беккемлеў имканиятларының жаратылыўы, Ўатанға садықлығы;

-дүнья жәмийетшилигиндеги статусын беккемлениўи, өзине тән ҳәм сай болған абройға ийе болыўы;

-миллий раўажланыўдың келешегин белгилеп беретуғын искерлик стратегиясын ислеп шығыўда ҳәм оны әмелге асырыўдың тактикасын белгилеўде миллий-маьнаўий қәдириятларына ҳәм улыўма инсаний мәденияттың уйғынлығына миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарлары сыпатында қараў зәрүрлигин есапқа алыў.

Улыўма, инсанның исеним ҳәм ийманы өлшеми-жәмийет раўажланыўы дәрежесинен келип шығып, улыўма инсаният цивилизациясы мәплерине сай келиўи менен белгиленеди. Әсиресе, миллий идеяға исеним ҳәм ийман, белгили жәмийеттиң барлық ҳалаты ҳәм де раўажланыў келешегин аңлаў тийкарында әмелий искерлигин шөлкемлестириў, басқарыўдың мотиви, субьектив факторы тәризинде көринеди. «Бул мәселе ҳаққында тереңирек ойлап көретуғын болсақ, усы принциплерге сүйенген жәмийеттиң өзине тән жәмийетлик форма, көриниси, раўажланыў жоллары, үстем өзгешеликлери ҳаққындағы анық елеслетиў, түрли пикирлер, тартыс-сәўбетлесиўлер арқалы ғана көриниўин итибарға алыўымыз ҳәм буны өзимизге критерий етип алыўымыз зәрүр»[36].

Миллеттиң жәмийетлик маьнаўий талапларынан келип шыққан ҳәм мәплерин сәўлелендиретуғын идеяларға садықлық-исеним, ийман факторы есапланады. Сол көз-қарастан, миллий раўажланыў мәплерине қайшы келетуғын ғайры инсаний идеяларға исеним ҳәм ийманның улыўма инсаният исеними, ийманы менен ҳеш қандай байланысы жоқ. жалған исеним ҳәм ийманды парықлап билиў әҳмийетли.

*Миллий идея ҳәм идеологияны халық исеними ҳәм ийманына айландырыўдың сыртқы имканиятлары ҳәм келешегиндеги ўазыйпалар.* Мәмлекетиизде әмелге асырылып атырған реформалар, демократиялық, әдалатлы, ҳуқуқый мәмлекет, пуқаралық жәмийети қурылысының нәтийжеси сыртқы факторларға да байланыслы. Әсиресе, миллетти улыўма мәплер тийкарында байланыстырыўшы идеяларды халық исеними ҳәм ийманына айландырыўда, әмелге асырыўда халық аралық жәмийетлик, экономикалық, сиясий, маьнаўий мүнәсебетлерде ерисилген жеңислер өз алдына әҳмийетке ийе. Буны пән, техника, технологиялар, мәдeният тараўында ерисилген жеңислерде көриў мүмкин. Оларды турмыста қоллап қуўатлаў әҳмийетке ийе. Бул миллий идеяны, жәмийет идеологиясын халық исеними ҳәм ийманына айландырыў, мәмлекетимиздиң

---

[35] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йуқ, Биз ўз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. 7 жилд. – Т: Ўзбекистон, 1999, 137 б.

[36] Каримов И.А, Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон хает – пировард максадимиз. 8 жилд.-Т: Ўзбекистон, 2000, 489 бет.

халық аралық абройын, статусын беккемлеў ушын зәрүрли. Себеби, дүнья халықларының жеңислерине итибарлы миллет ҳәр дайым халықаралық ҳүрмет итибарға ылайық болған. Әсиресе, Өзбекстанның Орта Азиядағы стратегиялық тәрептен геосиясий орны, бай мәдений мийрасы биз бенен жәмийетлик, экономикалық, мәдений мүнәсебетлерин беккемлеў, дос тутыныўға умтылған мәмлекетлердиң, миллетлердиң мәплерине мас келиўин турмыс көрсетпекте.

Дүнья сиясий картасында «социалистлик» деп аталатуғын дүзим сапластырылыўы мүнәсебети менен белгили өзгерислер болып атырғанлығына қарамастан, идеялық-идеологиялық гүрес сапластырылғаны жоқ. Керисинше, постсоциалистлик дүзимнен кейин пайда болған жәмийетлик сиясий мәканға тәсир өткериўге урыныўлар күшеймекте, бундай сиясий ширениўлер халықаралық экстремистлик, фундаменталистлик, террористлик характер кәсип қылып, қанлы соқлығысыўларға, агрессив сиясий келиспеўшиликлерге алып келмекте. Бул улыўмаинсаний мәденияттың жеңислеринен пайдаланыўға, миллий раўажланыўға қарсы ҳалат.

Бизге мәлим, мәмлекетлер ортасындағы жәмийетлик, экономикалық, сиясий, мәдений мүнәсебетлердиң нәтийжелилиги, ең алды менен, идеялық көз қараслардың мүнәсиплигине байланыслы болады. Бунда еки тәреплеме мәпдарлық улыўма мүнәсебетлердиң нәтийжелилигин белгилейди. Яғный, Өзбекстан өз ғәрезсизлик идеяларын басқа мәмлекетлердиң идеялық-идеологиялық моделлерине механистик сәйкеслестирместен, оларды дөретиўшилик өзлестириўи, усы барыстан, басқа миллет ҳәм мәмлекетлердиң де бизиң идеялық-идеологиялық көз қарасларымызға ҳүрмет итибар менен мүнәсебетте болыўын усынады. Социалистлик дүзим жемирилиўи, әсиресе бул системада сиясий-идеологиялық гегемонлы ролин орынлап келген СССРдың бөлинип кетиўи менен дүнья идеологиялық процессинде төмендеги өзгешеликлер көринбекте:

Бириншиси- миллий ғәрезсизликке ерискен мәмлекетлердиң жәмийетлик, экономикалық, сиясий, мәдений, идеологиялық ҳәм басқа тараўларда бирге ислесиў мүмкин болған мәмлекетлерди сайлаўдағы белгили қыйыншылықлар (қәлиплескен стереотиплер, гүманланыў) менен байланыслы еди. Себеби, биз бенен жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында бирге ислесиўди қәлеген мәмлекетлердиң өз мәплери болып, олар ҳәмме ўақытта тәреплердиң мәпдарлығына, турақлылықты өзлери тәрепке аўдырып алыўына мәпдар екенлиги сыр емес.

Бундай шәраятта Өзбекстанның өз жолын таңлаўы, базар экономикасы мүнәсебетлерине өтиўи, демократиялық жәмийет қурыўдың «өзбек моделин» ислеп шығыўы, идеологиялық тараўда искерлик стратегиясы ҳәм тактикасын белгилеп алыўы қыйын кешеди. Сол көз-қарастан, Өзбекстан халықаралық жәмийетшиликке кирип барар екен: жәмийетлик-сиясий, маьнаўий-идеологиялық дүзими түрлише болған мәмлекетлер менен экономикалық-сиясий, мәдений мүнәсебетлерде халықаралық ҳуқуқ нызамлықларын, үрп-әдетлерди, миллий мәплерди ҳүрмет қылатуғын досларды табыўға ҳәрекет қылды.

Екиншиси- ҳәзирги дәўирде илимий-техникалық раўажланыў миллетлер аралық мүнәсебетлердиң техникалық-технологиялық тийкарларын, байланыс қуралларын, массалық ахборот инфраструктурасын ҳәм қурамалы коммуникациясын жүзеге келтириўи менен халықаралық идеологиялық мүнәсебетлерди интенсивлестирип, универсалластырып жиберди. Әсиресе, ахборот алмасыўдың компютерлестирилип: электрон почта, интернет, космик теле-радио байланыс дизимлериниң раўажланыўы, бул тараўларда интеллектуал потенциалдың муғдар ҳәм сапа өзгерислери менен идеологиялық мүнәсебетилердиң глобалласыў процесслери жүзеге келди. Бул процесстиң әҳмийетли өзгешеликлеринен және бири сонда, түрли мәмлекетлердиң инсанлар

санасын ҳәм қәлбине тәсир арқалы оны ийелеп алыў жүдә үлкен экономикалық мәплер менен шырмасып кеткенлигинде. Яғный жәмийетти идеологиясызландырыўға, идеясызландырыўға бағдарланған информациялар базарында маьнаўий-мәдений, идеялық-идеологиялық тәреплерден дәрежеси жүдә пәс болған аудио, видео кассеталар, моральсызлыққа, пәсликке алып келетуғын әдебиятлар ҳәм басқа «искусство дөретпелириниң» сатылыўы жүдә үлкен экономикалық пайда дереги болып қалып атырғанлығы, айырым адамлардың ийман-исенимине зыян жеткерип атырғанлығы ҳәммеге белгили.

Үшиншиси- биринши ҳәм екинши өзгешеликлерден келип шыққан болып, миллеттиң тарийхый яды, дәстүрлери, маьнаўий мийрасы тийкарында жәмийеттиң ҳәзирги дәўир раўажланыў дәрежесине, келешек тенденцияларына тән санасын, пикирлеўин қәлиплестириў ҳәм беккем исеним-ийманына айландырыў ўазыйпасыдур. Себеби жүдә ҳәр қыйлы «информация басымы» қурамынан миллий раўажланыў мәплерине сәйкеслерин сайлап алыў, исеним-ийманға айландырыў белгили теориялық-методологиялық билимлерди талап қылады. Соның ушын да массаның дүньяуий ҳәм диний билимлерин раўажландырыўға, интеллектуал потенциалын асырыўға бағдарланған миллий тәлим-тәрбия дизимин қәлиплестириў үлкен әҳмийетке ийе.

**Миллий идеяның исеним ҳәм ийманға айланыўында обьектив ҳәм субьектив факторлары.** Миллий идеяны халықтың исеним, ийманына айландырыў тийкарларын, шәртли рәўиште, *обектив шәрт шәраятлар* ҳәм *субьектив факторларға* ажыратыў мүмкин. Миллий идеяны халық исеними ҳәм ийманына айландырыўдың: обьектив шәрт шәраятлары сыпатында: жәмийетлик-экономикалық турмыс негизлери, мәдений турмысты раўажландырыў дереклери, инсан потенциалы, миллеттиң тарийхый мийрасы ҳәм оған болған мүнәсебет; халық жасап атырған аймақтың тәбийий географиялық жайласыўы ҳәм де тәбийий ресурслары; миллеттиң тарийхый қәлиплескен менталитетине тән өзгешеликлер; жәмийеттиң демографиялық ҳалаты, этникалық дүзилиси; халықаралық жәмийетлик, экономикалық, сиясий мүнәсебетлериндеги орны ҳәм статусы ҳәм басқа да усы сыяқлы шәрт шәраятларды көрсетиў мүмкин.

Субьектив факторлар қатарына болса, миллий идеяны халық исеними ҳәм ийманына айландырыўға бағдарланған инсанлар, түрли жәмийетлик топарлар, шаңарақ, мәҳәлле, миллий, мәдений орайлар, сиясий партиялар, жәмәәт бирлеспелери, халықтың интеллектуал потенциалын жоқарылатыўға бағдарланған тәлим тәрбия дизиминиң нызамлы ҳуқуқый тийкарлары ҳәм дәстүрлери; ғалаба хабар қураллары; улыўма, жәмийет миллий идеясын қәлиплестириў ҳәм оны халық исеними-ийманына айландырыўдың маьнаўий-ағартыўшылық комплекси менен байланыслы факторларды өз ишине алады.

Бул факторлардың ҳәр бири миллий идеяны кең жәмәәтшилик санасына сиңдириўде әҳмийетли орын тутады. Мәселен, ҳәзирги дәўир тәлим-тәрбия дизиминиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири түрли тәлим бағдарлары арқалы жаслар санасында Миллий ғәрезсизлик идеясын избе из қәлиплестириўден, халықтың исеним ҳәм ийманына айландырыўдан ибарат. Себеби, ҳәр қандай тәлим тәрбия тараўының орайында турыўшы: инсанпәрўарлық, ўатанпәрўарлық, миллетпәрўарлық, тынышлықсүйерлик, идеялары ең алды менен, Миллий ғәрезсизлик идеясы шегарасында өз мазмунын конкретлестиреди ҳәм көриниске ийе болады. Себеби, инсанның ҳәр қандай жақсы идеялары- Ана Ўатанға мухаббет, оның ғәрезсизлигин беккемлеў идеяларынан тысқары да жәмийетлик-маьнаўий әҳмийетке ийе болыўы мүмкин емес.

**Жасларда миллий идеяға исеним ҳәм ийманды қәлиплестириў.** Жасларда миллий идеяға исеним ҳәм ийманды қәлиплестириў ҳәм де тәрбиялаў процессинде бир ҳақыйқатты өзимиз жақсы аңлап алыўымыз керек, миллий идеологияны тек ғана жоқарыдан турып жаратып ҳәм турмысқа енгизип

болмайды. Бунығ үстине дүнья тәжирийбесине нәзер салсақ, миллет идеологиясы бир емес, бәлким бир неше әўладтың өмири даўамында ислеп шығылыўы ҳәм кәмиллигине ерисиўине гүўа болыўымыз мүмкин. Сол көз қарастан миллий идеяның әҳмийетли ўазыйпаларынан бири кәмил инсанды, бәркамал шахсты тәрбиялаўдан ибарат. Камил инсанды, баркамал шахсты тәрбиялаўдың әҳмийетли қураллары болған тәлим -тәрбия, пән, мәдeният ҳәм маьрифат, әдебият ҳәм искусство, дин, спорт тараўларының мазмунына Миллий ғәрезсизлик идеяларын сиңдириў өз алдына әҳмийетке ийе. Миллий идеяға исеним ҳәм иймaнлы болыўда жаслардың тарийхымызға, миллий қәдириятларымыз, үрп-әдет ҳәм дәстүрлеримизге, мийрасымызға тарийх ҳәм де ана тилимизге мүнәсебети әҳмийетли роль ойнайды. Бул бағдардың басқа тәлим-тәрбия тараўлары менен улыўмалығы ҳәм парқы, шөлкемлестириў тәрепинен алғанда, төмендегише өзгешеликлерге ийе:

-Жаслардың миллий өзлигин аңлаўы ҳәм минез қулқын қәлиплестиретуғын жәмийетлик-сиясий, маьнаўий-мәдений, админстративлик-ҳуқуқый, теориялық-методологиялық тийкарларын интеграцияластырыў ҳәм факторларының уйғын тәсирин шөлкемлестириўден ибарат.

-миллий мәплерди, мәмлекетимиз идеологиялық қәўипсизлигин тәмийнлеў мақсетине бағдарлаў, оның нәтийжелилигин асырыў ушын тәлим-тәрбия дизиминиң барлық бууынларында жәмийетлик-сиясий пәнлерин оқытыўдың үзликсиз, муўапықласқан искерлиги талап етиледи.

-тәлим-тәрбия дизиминде жаслар санасында Миллий ғәрезсизлик идеясын қәлиплестириў ҳәм исеним-иймaнға айландырыўда жәмийетлик-гуманитар ҳәм сиясий пәнлердиң салыстырмалы ғәрезсиз *тәлим* ҳәм *тәрбия* процессинде: бир тәрептен, интеграцияласыў, екинши тәрептен болса-дифференциялласыў өзгешеликлери ортасындағы тығыз байланыслылықты тәмийнлеў усынылады.

Жоқары тәлим дизиминде Миллий ғәрезсизлик идеясын қәлиплестириўге бағдарланған тәлим: студентлердиң миллий санасы ҳәм пикирлеўин раўажландырыўға, соған тийисли зәрүр теориялық билимлерди, әмелий көнликпелерди пайда қылыўға; миллий идеялық тәрбия болса- жасларға ана-Ўатанды қәстерлеп абайлаў барысындағы маьнаўий жуўапкершилик сезимин, пуқаралық парызын, мәжбүриятын аңлаў тараўындағы искер турмыслық статусын қәлиплестириўге көмеклеседи.

Жәмийетлик -сиясий пәнлерди оқытыў процессинде, тәлим-тәрбияның түрли усыл ҳәм қураллары жәрдеминде, студентлер санасында миллий идеяға тән түсиниклер қәлиплеседи. Басқаша айтқанда, Миллий ғәрезсизлик идеясын жаслар исеними ҳәм иймaнына айландырыўға қаратылған тәлим-тәрбияның нәтийжелилиги- пәнлердиң усы мақсет тийкарында өз ара байланыслылығына муўапық. Яғный, ҳәр қыйлы тараўларындағы билимлер жыйындысының Миллий ғәрезсизлик идеясы шегарасында интеграцияласыўы ҳәм дифференциялласыўы, муўапықласыўы жаслар билим дәрежесин, дүньяға көз-қарасларын мазмунын белгилеп турады.

Миллий ғәрезсизлик идеяларын сиңдириў- миллий мақтаныш, миллий сезим ҳәм маьнаўий мәдениятын қәлиплестириўдиң әдиўли нәтийжелеринен бири. Жас қәниге-кадрлардың оқыўын тамамлағаннан кейин орынларда Миллий ғәрезсизлик идеяларын, жәмийетлик-сиясий билимлерди, әмелий көнликпелерди кең халық массасына трансформация қылып, исеним-иймaнына айландырыўда, мәмлекетимиз идеологиялық қәўипсизлигин тәмийнлеўде «зиялы адам өз пикирлеў дәрежеси, пәк жүреги, ишки мәденияты менен улыўма айрықша болған инсан» идеялық-теориялық тәрептен билимдан, исбилермен басшылар, биринши нәўбетте, мәмлекеттиң миллий-идеологиялық қәўипсизлик сиясатына жуўапкершиликли шахслар болып саналады.

Миллий идеяның халық исеними ҳәм ийманына айланыў критериялары барлық шахслар, жәмийетлик топарлар ушын улыўма миллийлиги менен характерленеди ҳәм де миллий ғәрезсизликтиң Ўатан келешеги, журт тынышлығы ҳәм халық пәраўанлығын тәмийнлеўде ибарат бас идеясын әмелге асырыў щахс сыпатларын қарар таптырыў болып, булар төмендегилерден ибарат:

-ўатанпәрўарлық сезимин қәлиплестириў ҳәм оны шахс турмыс тәризине айландырыў;

-тынышлық ушын гүрестиң ҳәр бир шахстың жәмийетлик-сиясий, турмыслық талап-итияжы мазмунына айланыўы;

-ел-журт пәраўанлығы ушын пидайылық өзгешеликлериниң қәлиплесиўи ҳәм әмелий искерлик тийкарына қойылыўы;

-миллетлер аралық ҳәм динлер аралық баўрыкеңлик қәсийетлериниң жүзеге келиўи ҳәм әмелий искерлик дәстүрине айланыўы;

-жеке ҳәм жәмийетлик топар мәплери дизиминде халық, миллет мәплери үстемлигин тәмийнлеў;

-миллий идеяның тийкарғы ҳәм қурамлық бөлеги болған, тарийхый қәдириятларымызды сақлаў ҳәм жәмийет раўажланыўына сәйкес рәўиште раўажландырыў, оларды халық исеними ҳәм ийманына айландырыўдың шәртлери сыпатында жүзеге келеди. Миллий идеяға исеним ҳәм ийман тек ғана сулыў ҳәм өзине тартыўшы идеяларда сәўлеленбестен, бәлким олар әмелий искерлик дәстүрине айланғанда ғана мәни мазмунын пайда етеди.

**Миллий идеяға исеним ҳәм ийман жәмийетлик искерлик критериясы.** Миллий идеяның халық исеними ҳәм ийманына айланыўы олардың жәмийетлик искерлигиниң бағдарларына тән рәўиште дүркинлестириў мүмкин. Яғный, бириншиден миллий идеяның исеним ҳәм ийманға айланыўы семьялық мүнәсебет мәдениятында көринеди. Әсиресе, өзбек халқы семьялық мүнәсебетлерде турақлылығы, балажанлығы, үлкенлерге ҳүрмет, кишиге иззет, улыўма мийрим шәпәат көрсетиўге тән. Бул сыпатлардың көбирек семьяда көриниўи- миллеттиң менталитетин, тарийхый дәстүрлерге садықлығын көрсетиўши критерия десекте болады. Мәҳәлле, миллий жәмийетлик феномен сыпатында миллий ҳәм улыўма инсаний идеялардың халық исеними, ийманына айланыўында әҳмийетлик инситутлардан есапланады. Неге десеңиз, инсанлардың жасаў орталығы, жәмийетлик, экономикалық, сиясий, маьнаўий орталығы турақлылығы миллий идеяны халық исеними ҳәм ийманына айландырыўдың үлкен әҳмийетке ийелиги менен басқа жәмийетлик институтлардан ажыралып турады. Мәҳәлле, Президентимиз ибарасы менен айтқанда, «демократия сабағы» сыпатында миллий идеяны халық исеними ҳәм ийманына айландырыўда, бир тәрептен имканият, усыл ролин орынласа, екинши тәрептен, миллий ғәрезсизлик идеясының, миллий ғәрезсизлик идеясының халық исеними ҳәм ийманына айланыў дәрежесин көрсетиўши дәслепки жәмийетлик мәкан есапланады.. Әне, усы мәканды жүзеге келтириўде- -«... оны қәлиплестириў ушын ҳәр қайсы миллеттиң ең алдыңғы ўәкиллери, керек болса ойшыллары, халық ҳәм Ўатан келешеги ушын өмирин бағышлайтуғын пидайы зиялылары мийнет қылыўы лазым»[37]

Миллий ғәрезсизлик идеясының халық исеними, ийманына айланыўында мийнет жәмаалары, тәлим тәрбия дизими өзине тән искерлик критериясы екенлигин белгилеп өтиў лазым. Себеби, мийнет жәмаалары яки тәлим, тәрбия мәкемелери хызметкерлериниң белгили искерлиги, талаплары, мәплери улыўмалығы тийкарында шөлкемлескенлигинен белгили идеяға салыстырғанда мүнәсебетин муўапықластырыў имканияты үлкен.

Соның менен бирге, бул факторлар оларды шөлкемлестириў ҳәм бағдарлаў имканиятын кеңейтеди. Басқаша айтқанда, миллий идеяны халық исеними ҳәм

---

[37] Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эрк ин ва фаровон хает – пирвард максадимиз. 8 жилд. – Т: Ўзбекистон, 2000, 501 б.

ийманына айландырыўды шөлкемлестириўге үлкен имканият туўдырады. Сондай ақ, олардың барлығы ушын тән болған улыўма нызамшылықлар, талаплар да бар. Яғный;

-жәмийет маьнаўий мәдениятын раўажландырыўдың үстем мақсетлерин, ўазыйпаларын әмелге асырып, оның келешегин, шахс кәмиллигин тәмийнлейтуғын миллий ҳәм улыўма инсаний мәплер менен бирлиги;

-инсанлардың миллетинен, расасынан, диний исениминен, экономикалық аҳўалынан, сиясий партияларға тәнлигинен, мәдений статусы дәрежесине қарамастан, ҳуқуқы ҳәм жәммийетлик искерлик еркинликлериниң үстемлиги;

-улыўма инсаният цивилизациясының моральлық, ҳуқуқый, сиясий, маьнаўий қәдириятлары ҳәм тарийхый мийрасларына таяныўы ҳәм де миллий дәстүрлерди раўажландырыўы;

-миллеттиң тарийхый раўажланыў нызамшылықларына, менталитет өзгешеликлерине сәйкес тәризде мәдений тараўды еркинлестириў имканиятлары ҳәм шәраятлардың өзгериўи;

-бар болған дүзимниң жәмийетлик, экономикалық, сиясий, мәдений мүнәсебетлеринде кескин қарама қарсылыққа бармаў, идеялық, идеологиялық келисим (компромисс) өзгешеликлери;

-идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди еркинлестириў- жәмийет маьнаўий-мәдений турмысының динамикалық өзгерислерин демократиялық принциплерге, улыўма инсаний моральлық нормаларға муўапықластырып, басқышпа-басқыш әмелге асыратуғын сиясий күш имканиятларын асырыў процесслерине де тәндур.

Базар экономикасы мүнәсебетлерине тийкарланған жәмийетти идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди еркинлестириўдиң әҳмийетли демократиялық принциплеринен бири пикирлер ҳәм идеологиялар ҳәр қыйлылығын тәмийнлеў болып саналады. Себеби, демократиялық жәмийет, пикир, сөз, баспа сөз, исеним еркинлиги ушын шәрт шәраяат ҳәм иканият жаратады. Сол көз-қарастан, маьнаўий-мәдений тараўды еркинлестириўдиң демократиялық принциплери: бир тәрептен, инсан ҳуқуқлары ҳәм еркинликлери үстемлигин мойынлаў; екинши тәрептен, миллеттиң тарийхый қәлиплескен маьнаўий-моральлық нормалары ҳәм қәдириятларына тийкарланыўы, миллий идеяны халық исеними ҳәм ийманына айландырыў менен улыўмаинсаний мәнисин пайда етеди.

Жәмийет раўажланыўы менен барлық тараўларды еркинлестириўдиң жәмийетлик мәкан ҳәм де тарийхый замандағы өзгешеликлери өзгерип, олардың мақсетлеринде ҳәм ўазыйпаларында ишки бирлик жүзеге келип атыр. Әсиресе, республикамызда базар экономкасы мүнәсебетлерине өтиўдиң ҳәзирги басқышында, жәмийетлик сиясий тараўды еркинлестириў мазмунындағы өзгерислер- идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерге өтиўдиң ҳәзирги басқышында, жәмийетлик-сиясий тараўды еркинлестириў тараўындағы өзгерислер- идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерге улыўма инсаний демократиялық принциплер ҳәм моддельлерди кеңирек қоллаў менен характерленеди. Бул процесстиң нәтийжелилиги, мәмлекет дизиминдеги «нызамшылық, атқарыўшы ҳәм суд тармақларының тең салмақлылығы ҳәм турақлылығын, соның менен бирге, олардың ғәрезсизлигин тәмийнлеў, ҳәр қайсы тармақ өз ўазыйпа ҳәм парызын орынлаў ушын әмелий механизмлерди турмыста шөлкемлестирип бериў»[38] менен байланыслы.

Ҳәзирги дәўирде маьнаўий-мәдений тараўды еркинлестириўдиң идеялық-идеологиялық тийкарлары ҳәм принциплери, оның дәстүрий қәлиплескен тарийхый қәдириятлардан келип шыққан болып, демократиялық ҳуқуқый мәмлекеттиң түпкиликли сиясий мақсетлерин сүўретлейди. Яғный, шахс ҳәм

---

[38] Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмок керак. 10 жилд, - Т.Ўзбекистон, 2002, 322 б.

жәмийет еркинликлерин кеңейтиў; мәмлекеттиң орайлық ҳәм жоқары басқарыў органлары ўәкилликлерин басқышпа-басқыш төмендеги дизимлерге, жергиликли өзин-өзи басқарыў дүзилмелерине өткериў; мәмлекетлик емес, жәмаат шөлкемлери- пуқаралық институтларының идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди басқарыўшаңлық ролин асырыўдан ибарат. Жәмийет маьнаўий-мәдений раўажланыўын шөлкемлестириў, басқарыў ҳәм қадағалаўдың демократиялық өзгешеликлери, миллий идея ҳәм жәмийет идеологиясын халық исеними, иймanына айландырыў мәмлекет өз функцияларын қандай усыллар, методлар менен әмелге асырыўға байланыслы болады. Сол көз-қарастан, «мәмлекеттиң күш-қудирети- алды менен, демократиялық институтлардың ғәрезсиз искерлик көрсетиўи ушын шәрт шәраят жаратыў, пуқаралар ҳәм жәмийеттиң барлық сиясий, жәмийетлик потенциалын жүзеге шығарыў, исбилерменлик ҳәм экономикалық инициативалар еркинлиги ушын имканиятларды шөлкемлестириў қәбилийеты менен өлшенеди»[39]. Себеби, жәмийеттиң идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерин қайта қурыўда мәмлекеттиң бас реформаторлық роли тап усы ўазыйпаларды қандай орынлаўы менен белгиленеди.

Өзбекстанда миллий идеяны халық исеними ҳәм иймaнына айландырыўдың тийкарларын жаратыўда, мәмлекеттиң бас реформаторлық роли төмендеги өзгешеликлеринде көринбекте:

-маьнаўий-мәдений турмысты, идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди шөлкемлестириў, басқарыў ҳәм қадағалаўдың сиясий институтлары дизимин, қурамалы механизмлерин, усылларын пайда қылып, үзликсиз жетилистирмекте;

-демократиялық конститутционализмге тийкарланған әмелдеги нызамлы-ҳуқуқый тийкарлардың жетилистирилиўи, улыўма, маьнаўий-мәдений турмысты, әсиресе, миллий идеяны раўажландырыў мәплерине сәйкес келиўи, реформаторлық роли нәтийжелилигин белгилейтуғын факторларынан бири есапланады;

-мәмлекеттиң халықаралық маьнаўий-мәдений, идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерин еркинлестириў сиясаты миллий мәплерге ҳәм улыўмаинсаний демократиялық принциплерге сәйкес келмекте;

- идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерин еркинлестириў миллий мәмлекетшиликтиң бар болыўы ҳәм демократиялық раўажланыўын тәмийнлейтуғын факторлығы аңланып, сиясий искерликке тийкар болмақта. Лекин, соны да өз алдына белгилеў керек, маьнаўий-мәдений тараўды, идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди еркинлестириў процессине кең халық массасын тартыў, оның интеллектуал потенциалын, сиясий санасы ҳәм искерлигин асырыў менен мәмлекет функциялары үстинен қадағалаўды күшейтиў мүмкинлигин халық аралық дәрежеде ерисилген әмелий тәжирийбелер көрсетип бермекте. Себеби, «ҳәр қандай мәмлекет дизими, оның аппараты ҳәм админстративлик органлары демократиялық моделлерге қаншелли жуўап бермесин- бәри бир өз күшин, қала берсе, өз зорлығын өткериўге ҳәрекет қылатуғын дизим болып қала береди»[40].

Жуўмақлап айтқанда, улыўма, жәмийетлик-экономикалық мүнәсебетлер дизимине, әсиресе, идеялық-идеологиялық тараўға мәмлекет араласыўын шеклеўде демократиялық принциплердиң қарар табыўы:

---

[39] Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эрк ин ва фаровон хает – пирвард максадимиз. 8 жилд. – Т: Ўзбекистон, 2000, 13 б.

[40] Каримов И.А. Янгиланиш ва узгаришлар жараени ортга қайтмайди. Екинши шақырық Өзбекстан республикасының Олий Мажлисиниң сегизинши сессиясындағы баянаты. Исеним. 2002 ж. 5 апрель

-жәмийеттиң идеялық-идеологиялық қарама-қарсылықларын кескинлестириўши революциялық өзгерислерден, сиясий көз-қараслардағы радикализмнен ўаз кешиў ҳәм улыўма инсаният мәплери үстемлигин дыққатқа алыў арқалы;

-идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди демократияластырыў, бул тараўда инсан ҳуқуқ ҳәм еркинликлери ҳәм де нызам үстемлиги принципине әмел қылыўын тәмийнлеў, халықаралық ҳуқуқ нормаларына қатаң бойсыныў себепли;

-миллетлер аралық маьнаўий-мәдений, идеялық-идеологиялық мүнәсебетлер еркинлиги, мәдениятлар аралық толерантлық, жәмийет идеологиясы раўажланыўы ушын ҳәр бир шахс, жәмийетлик топар ҳәм миллетлердиң жуўапкершилик ҳәм имканиятлары теңлигин тәмийнлеў нәтийжесинде;

-идеялық-идеологиялық мүнәсебетлерди басқарыўды еркинлестириўге тийисли идеялардың дәрежесин дыққатқа алыў ҳәм ҳүрмет қылыў, халықаралық мүнәсебетлерде сиясий плюрализм, миллийлик ҳәм улыўма инсанийлық уйғынлығы принциплерине әмел қылыўда көринеди.

Өзбекстанда базар мүнәсебетлерине өтиў дәўиринде бул ўазыйпалардың избе из әмелге асырылыўы тарийхый раўажланыўдың шәрти болып, жәмийетлик турмыстың барлық тараўларындағы реформалар нәтийжесин ҳәм жәмийетти еркинлестириўдиң мазмунын белгилейди. Себеби, инсанның, жәмийеттиң маьнаўий еркинлиги, исеним ҳәм ийман еркинлиги миллий ғәрезсизлик идеясының демократиялық принциплерине тийкарланғанлығын көрсетиўши критерия болып саналады.

# 7-тема
# Миллий идея өзликти аңлаў ҳәм раўажланыў факторы

**Миллий идея өзликти аңлаў факторы.** Адамзаттың тарийхый раўажланыўы өзин-өзи аңлаў, ең әўеле инсаный барлықтың мәнисин мәнеўий ҳәдийсе, ҳүрмет, қәдир-қымбат, абырой-итибар, ар-намыс арқалы пайда болыўын көрсетеди. Турмыстың мәнис-мазмунын, мақсетин түсинип жетиў өзликти аңлаўдан басланады. Миллий идеяда оның негизлери жәмленген болғанлығы ушын ҳәм өзликти аңлаўға хызмет қылады ҳәм бир-бири менен тығыз байланыслы. «Өзликти аңлаў дегенде мен тарыйхый ядты тиклеў, тегимиздиң ким екенин, кимлердиң мийрасхорлары, екенлигимизди аңлап жетиўди, соннан келип шығып, өзимизге хас ҳәм мас жәмийет қурыўды түсинемен» дейди И.А.Каримов.

Өзбекстанда пухаралық жәмийет тийкарларын қәлиплестириў, мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының ҳәмме тәреплерин және де демократияластырыў, алды менен ҳәр бир пухараның ҳәм пүткил жәмийеттиң жоқары мақсетлерин өзинде жәмлеген миллий идея әтирапында бирлесе алыўы, өзин ҳалықтың, миллетиң ажыралмас бөлеги сыпатында аңлап жетиўине де байланыслы. Ақыры, уллы бабамыз Амир Темур нәсиятлағанындай, Бирликсиз күш болмас», Айта берсек Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм параўан турмыс» қурыўдай уллы ис, алды менен өзликти аңламаған жерде әмелге аспайды. Миллеттиң бирлигинде инсанның өзлигин аңлаў факторы айрықша орынға ийе. Президент И.А.Каримов тастыйықлағанындай, «шын инсаный пазийлетлерге ийе болған яки ийе болыўға умтылған адам демократия мийўелериниң әпиўайы тутыныўшысы емес, бәлки, олардың актив жаратыўшысы ҳәм қорғаўшысына айналады. Демократия, пухаралық жәмийет тийкарларын әмелде пайда етиў, инсан ҳуқықлары ҳәм

еркинликлерин тәмийнлеўи мүмкин болады. Сонда ғана инсан өз мәмлекетиниң шын мәнистеги мүнәсип пуқарасы бола алады».[41]

Бунда тилге алынған инсаный пазийлетлер инсанның мәнеўий дүньясын қурайды. Мәнеўият болса пикир, сөз ҳәм ис бирлигинде жүзеге келеди. Өзлигин аңламаған адамда ийман ҳәм инаным ҳәлсиз болады.

Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс» идеясында жәмленген миллий идея әпиўайы шақырық емес, жәмийеттиң ҳәрекетке келтириўши күшке айланыўы ушын, ол өзлигин аңлаған ҳәр бир пухараның санасынан терең орын алмағы ҳәм жасаў принципине айланбағы лазым.

Демек, ғәрезсизлик себепли бир системадан екинши системаға өтиў дәўиринде өзликти аңлаўдың өзине тән көринислерин аңламастан мәнеўий жоқарылаў ҳәм раўажланыў дәрежесин анықлап болмайды.

Жәмийет мәлим бир территорияда жәмленген адамлардың әпиўайы жыйындысы емес. Инсан мәртебесине тән болмаған өзлигинен маҳрум, тарийхый яды ҳәлсиз, өзиниң келип шығыўы ҳәм кимлердиң мийрасхорлары, әўладлары екенлигин аңламаған адамларды халқымыз «топар» «аламан» деп атайды.

Жоқары раўажланған жәмийет өзлигин аңлаған  жеке адамлардан қуралған. Инсан жәмийетлик мақлуқ сыпатында анализленгенде, оның ғәрезсиз ойға, исенимге дөретиўшилик құдиретине, өзгелер ҳәм пүткил болмыс алдындағы жуўапкершилик туйғысына ийе екенлиги нәзерде тутылады. Мен киммен?» Бул жақты дүньяға не ушын келдим?» Маған берилген уллы жемис - турмысымды нелерге бағдарламағым лазым?» Инсан бар екен, ерте ме-кеш пе мине бул саўалларға жуўап излей баслайды, кәмалатқа қарай жол алады. Бул жолды өзликти аңлаў деп айтыў мүмкин. Өзлигин аңлаған ямаса аңлай баслаған адам ғана инсан, жеке адам, шахс дәрежесине көтериледи. Демек, өзликти аңлаў, дәслеп, ҳәр бир адамның өзлиги, айрықша, мени» менен байланыслы. Кимде-ким өзлигин таныса, алланы таныйды». Бул хәдисте уллы ҳикмет жасырынған. Оны бүгинги күн проблемалары көз-қарасынан төмендегише анализ етиў мүмкин: ҳәр бир инсан өзи умтылмаса, мақсетлер қаншелли уллы болмасын, бирде-бир нәтийже бермейди. Соның ушын ҳәм ислам дининдегилер, мутасаввуф уламалар инсанды, «**Әлем меҳвари**» деп билген.

Миллий ғәрезсизлик идеологиясы ҳәм миллий идея жәҳән халықларының узақ раўажланыў процессинде жаратылған мийрасынан ҳәм азық алғанлығы тектен-тек емес. Ақыры, инсаният жәмийети пайда болған екен, түрли ҳалық уламалары инсанды өзликти аңлаўға шақырады. Өзликти аңлаў бойынша Шығыс ҳәм Батыс уламаларының пикирлери миллий идея ҳәм өзликти аңлаў менен тығыз байланыслы екенлигин тиккелей дәлиллейди.

Дельфадағы Аполлон ибадатханасының диўалларына ойып жазылған ҳәм дәстүр бойынша жети грек данышпанларыннан бири_спарталы Хилонға тийисли деп есапланған «Өзлигиңди аңла» фразасы әййемги грек философиясының өзек мәселеси болып қалды. Грек ойшылларын бул бойынша излениўге шақырады. Эрамыздан алдынғы V әсирде Протагор «инсан бәрше нәрселердиң өлшеми» деген пикирди алға сүрди. Сократ ушын «өзлигиңди аңла» ҳикмети данышпанлықтың қағыйдасына айланды. Өзлигин аңлаған инсан руўҳый раўажланыўға ериседи, ҳәр қандай шараятта жақсылыққа умтылады. Бул көз-қарастан, инсан руўҳый қуўаттың символына айланған Сократтың өмири ҳәм өлими ҳәммемизге сабақ бола алады. Шығыс, Батыс уламалары өзлерин ҳәм өз дәўирлерин аңлаўға ҳәрекет етер екен, қайта-қайта Сократқа мүрәжәт еткен. Сократ дәўири менен бүгинги күнди саррас 2,5 мың жыл ажыратып турған болса да, биз ҳәм және бир рет бул уллы данышпанды еслесек, тек пайда ғана, Сократ

---

[41] (Каримов И.А. Биз танлаган йўл демократик тараққиет ва маърифий дуне билан хамкорлик йўли II-жилд-Т: Ўзбекистон, 2003й 24-б.)

бир топар адамлардың жаласы себепли пухаралықтың шегарасын, жаслар тәрбиясын бузғанлықта айыпланып, өлим жазасына ҳүким етилген еди. Ҳүкимниң орынланыўын күтип атырған Сократқа шәкиртлери қамақтан қашыўды усыныс етеди. Бул ҳүким әдалатсыз болса да, Сократтың пикиринше, ҳәр қандай, ҳәтте ең жоқары ҳәм әдалатлы мақсет ҳәм оған ерисиў жолындағы пәс ҳәм жынаятлы қуралларды ақламайды. Бизди өлтириўге қадир болған көпшилик бул пикирге қосылама, қосылмайма, буннан биз көбирек ямаса кемирек азар шегемиз бе, бәри бир әдалатсыз ис оны қылған киси ушын ҳәр қандай шараятта шерменделик,»-дейди ол шәкиртине,- ямаса былай қарайық, егер биз бул жерден кетип қалыўға ҳәрекет қылсақ, Нызам ҳәм Мәмлекет алдымыздан шықса, сораса: Айтшы Сократ, не қылмақшысаң? Өзиңниң қылмақшы болған исиң менен бизди, Нызамлар ҳәм пүткил Мәмлекетти жоқ қылмақшымысаң?» Ямаса суд ҳүкимлери ҳеш қандай күшке ийе болмаған, бәлким олар айрықша адамлардың тилеги менен бийкар қылынатуғын болса, мәмлекет пүтин ҳәм зыянсыз қалыўы мүмкин деп ойлайсаң ба?» Өз журтын сүйген ҳәм ҳақыйқый ўатанпарўар Сократ ушын қамақтан қашыў пүткил өмири даўамында өзи мақуллаған қәделерге, өзиниң өмирлик исине ҳәм демек, Ўатанына қыянет болар еди. Афина мәмлекетиндеги ол який бул тәртиплер менен келиспеген болса да, ҳақыйқый ўатанпарўар Сократ өлимди абзал көрди.

«Өзин аңлаған инсан,-деген еди ол,-өзи ушын не пайдалылығы ҳәм нелерге қәдир екенлигин жақсы түсинеди. Ол қолынан келетуғын ис пенен шуғылланыў мақсетинде өз зәрүрлигин қанаатландырады ҳәм  саадатқа ериседи. Ҳәр қандай қәте ҳәм бахытсызлықлардан шетте болады. Буның нәтийжесинде, ол өзге адамларды қәдирлей алады ҳәм олардан жақсылық жолында пайдалана биледи. Ақыбетинде өзин күлпетлерден сақлайды».[42]

Ҳәзирети Наўайының «Эл нетиб топқай мениким, мен ўзимни топмамон»,- деген сөзлери бүгинги күнде ҳәм тереӊ мәниге ийе.

Жәмийеттиң таяныш-әпиўайы инсан. Соның ушын ҳәм журтбасымыз Тафаккур» журналы бас редакторы менен сәўбетте  «идеологияның қәлиплесиўинде кимниң мәплери ҳәм караслары жүзеге шығыўы керек» деген саўал қойып, мынадай жуўап берген еди: Алды менен Өзбекстанда жасап атырған, өз тағдири тымсалында мың-мыңлап адамлардың тағдирин бирлестирген ўатанласымыздың турмысын, оның арзыў-умтылысларын, бүгинги ҳәм ертеңги күнге болған үмитлениўин өзимше көз алдыма келтириўге урынып көрер едим. Өзимди сол адамның орнына қойып, оның көзи, саналылығы, ойы, жантасыўы менен келешекке қарар едим»[43]

«Өзликти аңлаў», «миллий өзликти аңлаў» түсиниклери ҳәм әсиресе «улыўмаинсаный өзликти аңлаў» түсиниклери бир-биринен  қашық емес, ал бир-бири менен тығыз байланыста, бирин-бири талап етип турады. Ақыры,  инсан ата-ана, шаңарақ миллет, жәмийет, ҳәмме пүткил барлық пенен мүнасебетлер тийкарында өзиниң ким екенлигин аңлап барады. Тап усы мүнасебетлер негизинде қәлиплескен миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятлар тийкарында миллий идея принциплери қәлиплескен ҳәм өз нәўбетинде миллий идея оларды заман талаплары тийкарында байытып барады.

**Өзликти аңлаўдың  түрлише талқыланыўлары.** Адамзат философиялық ойлаўы тарийхында өзликти аңлаў мәселеси түрлише түсиндирилген.

Инсан денесиниң өткиншилиги, рууҳының болса мәңгилиги (ширкеў атасы Августинниң, тән рууҳ ушын қәпес» пикирин еслең) мәселесин зоҳийрий

[42] Ҳақиқат манзаралари 96 мумтоз файласуф-Т: Янги аср авлоди 2002й 226-б.

[43] Каримов И.А Биз келажагимизни өз қулимиз билан қурамиз 7-жилд-Т: Ўзбекистон 1999 91-б

(дүньялық көз-қарастан) түсиндирме бергенлер инсан өзлигин дүньядан бет бурып, жалғызлықта ибадат пенен күн өткизгенде ғана, әпиўайы сөз бенен айтқанда, дүньяны тәрк қылғанда ғана табылыўы мүмкин деген пикирге келеди.

Ислам Шығысында дүньяны өткинши билип, социаллық активликтен қашыў, тек Алла зикри менен жасаў принципи айрықша орынға ийе. Олардың философиясында дүньяны тәрк етиў идеясын нәсиятлаўы, социаллық активликтен пүткиллей шетлескенлер, турақлы рәўиште тоат-ибодат пенен шуғылланған»[44].

«Тасаввуфтеги узлатқа шегиниў» идеясын базыда туўрыдан-туўры дүньяны тәрк етиў мәнисинде түсиндириўге урынған. Бирақ өзликти аңлаўдың» бас мақсети болған тасаввуф аҳли ҳәм тасаввуф идеяларынан қуўатқа ийе болған ойшылларымыз инсанға, Ўатанға, ҳалқына болған ҳәр қандай ғәрезден шетте, пәк меҳирди үгит-нәсият қылған.

Айрықша, уллы ойшыл улама Баҳауатдин Нақишбанд инсан өзин-өзи аңлап жетиўи арқалы Ҳақты, Ҳақыйқатты таныйды, Алла дийдарына жетиседи дейди. Бирақ турмыстың жуўмақлаўшы мақсети бул емес. Дилинде Алла («дилда ер») жәм болган адам иске кирисиўи («даст ба кор»), жақсы ислерге қол урыўы лазым. Ол ҳасла елден, халықтан өзин айырмаслығы, керисинше, «Ориф Адам» Ҳақты дилде тутқан ҳалда халық пенен бирге болыўы лазым («Хилват дар анжуман»).

Бул көз-қарастан Фаридиддин Аттор дүньяны қайнап турған қазанға мегзетип, инсанды әне сол қазанда» қайнаўға шақырған эди. Сонда ғана инсан писип жетилиседи, кәмилликке ериседи Нажиматдин Кубра, Алишер Наўайы, Бабур Мирзо ҳәм журт қайғысында жасаған жадид зыялылар және онлап, жүзлеп ата-бабаларымыз турмыс, өз тәғдирлерин халық, миллет, пүткил адамзат тағдири менен тығыз байланыста көрген. Инсан өзлигин аңлаўды социаллық мүнәсибетлер тийкарында көриўди арзыў қылған Алишер Наўайы анық қылып мынадай деген еди.

Одоме эрсанг демагил одаме-
Ониким йуқ халқ ғамидан ғами»

Адам десең, демегил қай адамды,
Ойламаған халықтың қайғысың, ғамын.

«Өзликти аңлаў», «Миллий өзликти аңлаў» ҳәм миллий ғәрезсизлик идеясы» бир-бири менен тығыз байланыслы. Ғәрезсизлик шараятында өзбек халқының өзин-өзи аңлаўын раўажландырыў мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилди. Негедур, шерек кем бир әсир даўамында хүкимлик қылған тоталитаризм теориясы ҳәм идеологиясы өзин-өзи аңлаў сезимин жоғалтып барды. Миллий өзлигин аңлаў мәселеси философияда исленбеди. Бунық себеби миллий өзликти аңлаў ғәрезсизлик идеясы менен байланыслы еди. Соған көре, миллий ғәрезсизлик идеясы тарийхый ядты оятыў, өтмиштен сабақ алыў ҳәм өзликти аңлаў өлшеми сыпатында халқымыздың түп мақсетлерин сәўлелендириўши ҳәм жәмийет ағзаларын бирлестириўши идеяға айланыўы мүмкин. Шығыс ҳәм Батыста, Азия ҳәм Европа халықлары турмысында ҳәм өзликти аңлаў туйғысының ояныўы, нәтийжеде, олардың жоқарылаўына, бирлесиўине, басқа халықлар менен унамлы, өз-ара мәплес бирге ислесиўге кирисиўине түртки болған. Бул көз-қарастан миллий идеяны-миллий өзликти аңлатыўшы фактор деў мүмкин. Демек, миллет өзин халық сыпатында, ел сыпатында аңламаса, ол өзиниң абройы, қәдир қымбаты, ар-намысы ҳаққында қайғырып, миллий мақтаныш ҳәм ифтихор туйғысын толық сезе алмайды.

Шығыс данышпанларының философиялық идеяларында синкретикалық (яғный түрли идеялардың бир пүтинликте жайласыўы) ҳәм синергетикалық (өзин-

---

[44] Комилов Н. Тасаввуф. Биринчи китоби-Т: Езувчи“, 1996-й 15-б

өзи орнықтырыўшы, кең, көп өлшеўли ҳәм ашық системалы) ойлаў усылының үстинлиги тиккелей көзге тасланады.

Ақыры, мәнеўий кәдириятларға, турмысты ҳүрметлеўге шақыратуғын жоқары факторларға итибар пәсейгенде, жәмийет, мәмлекет раўажланыўы тоқтайды, кризиске қарай бағдарланады. Бул ҳаққында Алишер Наўайы былай жазған еди:

**То ҳирсу ҳавас хирмани барбод ўлмас,**
**То нафсу ҳаво қасри бурафтод ўлмас,**
**То зулму ситам жонга бедод ўлмос,**
**Эл шод ўлмас, мамлакат обод ўлмас.**

Демек мамлекетимиз абат болыўы, раўажланыўы, халқымыз параўанлығы ушын мәнеўият ҳәм мәрипет саласында, айрықша шахсты камал таптырыў бойынша избе-из ис алып барыў керек. Бул турмыслық ҳақыйқат биз хәмийше әмел қылатуғын принципке, жәмийет раўажланыўының тийкары ҳәм шәртине айланбағы ҳәм де өзинде бирден-бир системаны бирлестириўи лазым. Бул система орайында мәнеўият, минез-қулық, мәрипет сияқлы өлмес қәдириятлар турмағы керек»[45]

Инсанның кәмиллик дәрежеси оның жәмийеттеги өз орнын қаншелли билгени, өзин жәмийеттиң ажыралмас бөлеги екенлигин қаншелли сезиўи менен белгиленеди. Сонда ғана инсан өзиниң қәдир-қымбаты халықтың, миллеттиң қәдир-қымбаты менен қаншелли байланыслы екенлигин, жәмийетте, журтында пайда болып атырған ўақыяларға қатнаслығын аңлайды. Журтымыз колониялық жағдайға түскен ХХ әсир басларында журт қайғысында жанған Фитрат үлкениң басына түскен бәлелерде, әўеле өзин айыпкер деп есаплағаны тектен-тек емес. Амир Темур руўҳына мүрәжет етип, ол былай жазған еди: Жоқарыда айтқан ислердиң ҳәммесине өзим себеп болдым, барлығын өзим қылдым.

Сенинг Туронингни ўзим толаттим,
Сенинг турклигингни ўзим эздирдим,
Сенинг оманатларинга хиенат ўзим қилдим»[46]

Сениң Тураныңды өзим талаттым,
Сениң түрклигиңди өзим ездирдим,
Сениң аманатыңа өзим қиянет қылдым.

Бул кәмилликтиң белгиси емес пе? Миллий өзлигин аңлаған инсан ғана, Фитрат сияқлы Тураным, сеннен айрылмақ - мениң ушын өлим, сениң ушын өлмек-мениң түрклигимдур[47] деп ашық айта алады. Нажиматдин Кубро сыяқлы жанын сақлаўды емес, жаў басқан журтты қорғап, жан тәслим қылыўды абзал көреди.

Бул өзликти аңлаўдың анық сәўлелениўи, журт, Ўатан ушын өзин бағышлаў да.

**Тарийхый яд ҳәм миллий өзликти аңлаў.** Президентимиз И.А.Каримов өзиниң Тарийхый ядсыз келешек жоқ» мийнетинде: Тарийхый яды бар инсан ерк-ықрарлы инсан. Тарийх сабақлары инсанды қырағылыққа үйретеди. Өзликти

---

[45] Каримов И.А. Биз танлаган йул-демократик тараққиет ва маърифий дуне билан ҳамкорлик йули. II-жилд-Т: Ўзбекистон, 2003 34-б

[46] Абдурауф Фитрат Танланган асарлар 1-жилд.-Т. Маънавият 2000 34-б

[47] Сонда 32-б.

аңлаў тарийхты билиўден басланады» деп айтқан. Демек, тарийхты билместен, жақсы билместен турып, жоқары мәнеўиятқа ерисиў мүмкин емес. Бурынғы Аўқам дәўиринде миллеттиң санасына сондай идея сиңдирилди, оның өз журтында басын жоқары көтерип жүриўи қыйын еди. Халқымыздың бундай аўхалға түсип қалыўына тийкарғы себеплердиң бири оның тарийхый ядтан жүдә болыўы еди.

Миллий идея халқымызда өз тарийхын әдил, объектив ҳәм қалыс үйрениў имканиятын жаратып қоймастан, бәлким, миллет сыпатында қәлиплесиў дәўириндеги қурамалы, қыйын шараятлардан келип шығыў себеплерин көрсетип береди. Себеби миллий идея халқымыздың әййемги ҳәм бай тарийхынан, уллы улама ата-бабаларымыздың ҳикметлери ҳәм турмыслық үгитлерин, жаратыўшы идеяларынан, жасаў ибратынан азық алған. Соның ушын ҳәм, тарийхты уллы устаз, тәрбия ҳәм ибарат дереги дейди.

Дана халқымыздың «Жети атаңды бил» деген нәсияты бийкарға келип шықпаған. Соның ушын ҳәм әйемги Шығыс данышпанлары инсанды геўдеси алдына, жүзи болса артқа қараған халда көз алдына келтирген. Яғный, олардың нәзеринде инсаният келешеке қарай умтылар екен, өтмишти мудамы ядта сақламағы шәрт. Бул ески ҳақыйқатты терең аңлаған Президент И.А.Каримов Өзбекистан XX-әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шартлери ҳәм раўажланыў кепилликлери» мийнетинде переспективадағы ўазыйпаларды белгилеп берер екен: Тарийх яды, халықтың, жанажан үлкениң, мәмлекетимиз территориясының қалыс ҳәм ҳақыйқый тарийхын тиклеў миллий өзликти аңлаўды, басқаша айтатуғын болсақ, миллий мақтанышты тиклеў ҳәм өсириў процессинде жүдә әҳмийетли орын тутады»[48] деп тастыйықлайды.

Бул журтымыздың узақ ҳәм жүдә қурамалы тарийхында қайта-қайта дәлилленген ҳақыйқат. Бир ғана Амир Темур ҳәм темурийлер дәўири тарийхы буның жарқын сыпаты бола алады. Инсанлық дүньясын қанатлары астына алған» (Фитрат) темурийлер салтанаты бир неше әсирлер бойы гүллеп жаснады, уллы уламаларды дүньяға келтирди, илим-пән мәдениятта жетекшиликке еристи. Буның себеби неде еди? Жуўап биреў: Амир Темур мәмлекет социаллық-сиясый тәртипсизлик искенжесине түсип қалған, феодаллық ыдыраў ҳәм өз ара келиспеўшилик хәўиж алған бир шараятта халықты өз идеялары әтирапына бирлестире алды. Мен өз салтанатымды дини ислам, туўрылық ҳәм үгит тийкарында беккемледим-деген еди Уллы Сақыпқыран. –Салтанатты басқарыўда ушыраған ҳәр қыйлы ўақыя ҳәм исти тузик тийкарында орынладым.»[49] Амир Темур пайтындағы тузик бизиң күндеги миллий идея»

Уллы бабакаланымыз пикиринше: Мәмлекет егер дини пикир тийкарында қурылмас екен. Бундай салтанаттың ҳуқуқы, қүдрети ҳәм қурамы жоғалады. Бундай салтанат жалаңаш адамға уқсайды, оны көрген ҳәр ким, нәзерини алып қашады. Яки пасу-нәкас тап тартпай кирип шығатуғын тамсыз, есиги-қапысы жоқ үйге уқсайды»[50] Амур Темур дини пикир» дегенде әдалатлы жәмийетти нәзерде тутқан. Тарийхый яд миллетке күш-күдирет бағышлайды, турмыстың аўыр сыпатларын мүнәсип жеңип өтеди, өзлигин сақлап қалыўына жәрдем береди. Соның ушын да өзге халықларды бағындырыўға урынған басқыншылар халықты әне усы қүдирет дәрежесинен айырыўға. шаҳар ҳәм тарийхый естеликлер, мәдений естеликлери ҳәм бабалдарының ҳақыйқый мийрасынын маҳрум етиў арқалы тарийхый ядты ҳәлсиретиўге ҳәрекет қылады.

---

[48] И.А.Каримов ҳафсизлик ва барқорар тараққиет йулида 6-жилд Т. Ўзб 1998 120-б

[49] Амир Темур угитлери Т. Навруз“ 1992 19-б

[50] Амир Темур тузиклари-Т. Науруз 1992 18-19

Демек, жәмийет турмысында дөретиўши идеяларға ғана таянылса раўажланыўға ериседи, мәнеўий тәрептен раўажланады. Дөретиўши идеялар мәдений мийрас ҳәм тарийхый ядқа сүйенеди. Жаўыз мақсетти гөзлеген идея тәрепдарлары болса керисинше жол тутқан. Мәселен. Түркистан үлкесин өз қол астына бағындырған генерал М.Т.Черняев патшаға жазған жасырын хатында билдирген пикири буның дәлийли: Бул жерде ҳәр қандай армияны тозғытып жиберетуғын бир күдиретли күш бар: бул туркистанлылардың өтмиши, яды… Демек, түрклердиң тек ғана өзин жеңиў жеткиликли емес, олардың ядларын тарийхын да жеңиў керек» деп жазады. Ҳақыйқатынан да патша Россиясы басқыншылары ҳәр бир үлкени ийелеўде усы халық тарийхына ҳүжиминиң тийкарғы мазмунын түсинген халда искерлик көрсеткенлиги, оның миллий раўажланыўының күшин аңлаўынан еди.

Идея халықтың өтмишин, бүгинин ҳәм келешегин, байланыстырып турыўшы пикир екен, ол әўеле миллий мәнеўиятымызға таянады. Халқымыздың мәнеўий мийрасынан азықланады. Миллий өзлигин сақлап турыўға, миллий мәплерин әмелге асырыўға ҳәм миллий раўажланыў жолларын белгилеўге хызмет қылады. Буған түрли мәмлекет ойшыллары айрықша итибар берген.

Мәселен Европа жәмийети турмысында үлкен илгерилеўлер болып атырған XVIII әсирде белгили француз мәрипетшиси Жан Жак Руссо миллийлик, миллий характер ҳаққында былай жазған еди». Биз таянышымыз керек болған биринши принцип – миллий характер, хәр бир халық миллий характерге ийе яки ийе болыўы лазым, халықта ол болмаған тәғдирде исти оған бундай характерди бериўден баслаў керек болар еди.»[51]

Бир қарағанда Руссоның пикиринде мәлим бөрттириў бардай түйиледи. Лекин оның ўатаны Франция тарийхына нәзер тасланса, бул пикир тарийхый тийкарға ийе екенлиги мәлим болады.

Дәслеп король Генрих IV Францияның миллий мәмлекет сыпатында бирден-бирлигин тикледи. Оның исин даўам еттирген ҳәм Францияны әмелде басқарған Людовиг XIII ниң биринши министри-кардинал Ришелье «Ўатан ҳәм миллет мәплери бәрше нәрседен үстин» деген идеяны алға сүрди. Мәмлекеттеги ишки қарама-қарсылықларға шек қойды. Сиясий, социаллық, мәдений реформаларды әмелге асырды.Соның ишинде, өзи тийкар салған француз Академиясына улыўма француз әдебий тили сөзлигин дүзиўди тапсырды, искусство ҳәм әдебиятқа қәўендерлик қылып мәмлекет бирден-бирлиги ҳәм халық бирлигин тәмийинлеўге қаратылған өзине тән миллий идеяны пропагандалаўға бағдарлады.Бул бойынша Ўатан ҳәм халық жолындағы пидайылықты жоқары мийнет дәрежесине көтерди. Исеним менен айтыў мүмкин, Францияның сол дәўирде күдиретли мәмлекетке айланғаны ҳәмде кейинги әсирлер барысында Европаның өзине тән мәдений орайы болып қалғанлағы әйне сол дәўирде қәлиплесе баслаған «миллий характер» менен байланыслы болды. Мине бул тарийхты терең билген Руссо «Ҳәр қандай жақсы өзгерислердиң ўлыўма мақсетлери ҳәр бир мәмлекетте жергиликли шәрт-шарайыт ҳәм халықтың өзине тән өзгешеликлери тийкарында қәлиплесетуғын мүнәсебетлерге муўапық формаға ийе болыўы керек»[52] деген пикирге келди. Журтбасымыз И Каримовтың «Биз халықты атамасы менен емес, бәлки мәденияты, мәнәуияты арқалы билемиз, тарийхтың түп тамырына шекем нәзер таслаймыз»[53] деген сөзлери ҳәм пикирдиң қаншелли дәрежеде терең тийкарға ийе екенлигин және бир мәртебе сыпатлайды. Бирақ бул миллий идея яки миллий өзликти аңлаўдың миллий қабығына оралыў, өзге халақлардан өзин үстин қойыў

---

[51] Руссо Ж.Ж Трактаты-М. 1969.с 268

[52] Руссо Ж.Ж Трактаты-М. 1969.с 480

[53] Каримов И.А. Биз келажагимизни уз қулимиз билан қурамиз 7-жилд-Т.Ўзбекистон, 1999 144-б

деген емес, әлбетте. Қала берсе, Орта Азия территориясында әзелден түрли елат ҳәм миллет ўәкиллери бирге инақлықта жасап келген. Баўрыкеңлик, миймандослық өзбек халқының қанына сиңип кеткен қәдириятқа айланған. «Мийман атаңнан уллы» дейди халқымыз ҳәм босағасынан атлап өткен бийгана адамды ҳәм үйиниң төрине алып шығады, өзи жемеседе миймmasды сыйлайды.

Өзлигин аңлаған адамда меҳр, мириўбет күшли болады. Менменлик киби унамсыз қәсийетлерди хош көрмейди.

«Менменлик- деген еди, атақлы мәрийпетпәрўар Абдулла Авлоний - наданлық киби мақтаныштан пайда болатуғын ең жаман қылықлардың бири адамды ҳәр жерде жерге урады»[54] Авлоний инсан менменлиги ҳаққында айтпақта. Егер менменлик кеселине миллет халық яки қандайда бир дин ўәкиллери ушыраса не ақыбетлерге алып келеди?. Мысаллар көп. Бир ғана өз халқы санасына «жоқары расаға» тәнлик идеясын сиңдириўге урынған фашизмниң пүткил инсаният басына жаўдырған бәлелерин яки уллы мәмлекетшилик шовинизм бурынғы аўқамда жасаған елат ҳәм халықларға келтирген азап-ақыретлерди еслеў жеткиликли. Айырым сиясатшылар бүгинги күнде ҳәм диний, расалық, миллий қарсылықларды ҳәўиж алдырыўға ҳәрекет қылып атырғаны ҳәм ақыбетында дүньяның түрли жерлеринде урыс отын лаўлатқаны бәршеге аян.

Атақлы француз гуманист жазыўшысы фашизмге қарсы урыста жанын пидә қылған Актуан де Сент –Экзюпери қайғы ҳәм ҳәсирет пенен адамларды бир-биринен айыратуғын зулым миллетшилик, расалық басып алыўшылық ҳәм урыслар ҳаққында пикир жүритип «Түрли цивилизациялардың бир-биринен парықланыўы жалған емес ... жаманы олардың бирин-бири жеўге ҳәрекет қылыўы» деген еди. Көпти көрген, ең аўыр ислерди жуўапкершилигине алыўдан қорықпаған Сент-Экзюпери инсанның өзлигин аңлаўды инсаният алдындағы жуўапкершилик сезими менен байланыстырады. «Инсан болыў –бул жуўапкершиликти сезиў деп жазады ол,-өзине байланыссыздай туйылса ҳәм камбағаллық алдында әндийше қылыўың. Өз жумысыңды қоя турып дүньядағы дөретиўшиликке көмеклескениңди сезиўиң»[55] Әпиўайы қылып айтқанда, өзи миллет ҳәм халықларды кемситкен миллет ҳеш қашан уллы бола алмайды.Уллы Алишер Наўайы бул ҳаққында былай дейди.

**« Нафъинг агар халққа бешак эрур,**
**Балки бу наф узингга купроқ эрур»**

Соның ушын ҳәм миллий идея, бир таманнан Өзбекстанда жасап атырған бәрше миллет ҳәм елатлардың қәдириятлары, дини, мәденияты диний инанымы, үрип-әдет ҳәм қәдириятын хүрмет қылыў, оларды асырап-абайлаў ҳәм раўажландырыўға көмеклесиўди нәзерде тутса, екинши таманнан «Өзбекистан өз сыртқы сиясатында бәрше мәмлекетлер менен кең ҳуқықлылық ҳәм өз-ара мәпдарлық тийкарында бирге ислесиў олардың ишки ислерине араласыў улыўмаинсаный қәдириятларға садықлық, тынышлық ҳәм қәўипсизликти асырап-абайлаў, халық аралық ҳуқық өлшемлериниң үстинлиги киби принциплерге әмел қылады»[56]

Демек, миллий ғәрезсизлик идеясы өзликти аңлаў миллий өзликти аңлаў ҳәм улыўма инсаный өзликти аңлаўда тығыз байланысыўға шақырып миллий ҳәм

[54] Абдулла Авлоний танланган 2-жилд Т. Маънавият. 1998 80 б

[55] Тафаккур гулшани Ватаннан ҳамда ҳорижий алломаларнинг афоризмларга ҳикматли сузлари. Т: Адабиет ва санъат нашриети 1989 24 б.

[56] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамоиллар. Т.: Узбекистон 2000 39 б.

улыўмаинсаний мәниске ийе болады. Бул бойынша мәрипетпәрўарлық идеясы, жадид бабаларымыз искерлиги ҳәм мәнеўий мийрасы үлкен орын тутады.

## Абдулла Авлоний



Жаңа дәўир өзбек мәденияты, әдебиятының тийкарын салыўшылардан бири, балалар әдебияты, өзбек миллий театры, драматургиясы, баспа сөз, өзбек миллий педагогикасының тийкарын қурған, халқымыздың шын перзенти Абдулла Авлоний болып есапланады.

Авлоний 1878 жыл 12 июльде Ташкент қаласының Мерганчи мәҳәллесинде тоқыўшы Миравлан шаңарағында дүньяға келди. Дәслеп Оқшыдағы басланғыш мектепте, соңынан қала медреселеринен биринде билим алды. Бирақ көбирек өзи мустақыл оқып-үйренди, тез арада өз дәўириниң саўатлы, ағартыўшы, билим ғайраткерине айланды. Авлоний әсиримиз басларында елимизде ҳәўиж алған жәдидшилик ҳәрекетиниң белсенди қатнасыўшысы сыпатында миллет жасларын саўатлы етип тәрбиялаў, олардан жетик илимпазлар, қәнигелер таярлаў, Ўатанды азат, абат етиў жолында пидайылық пенен мийнет етти. Әне усы мақсетте оғада көп тараўларда белсенди жумыс алып барды. 1907 жылы өз үйинде «Шуҳрат» газетасын баспаға шығарды.

Ол мәҳәллесинде жаңа усылдағы мектеп ашты. «Усылы жәдид» мектеплери ушын төрт бөлимнен ибарат «Әдебият ямаса миллий қосықлар», «Биринши мүғәллим», «Екинши мүғәллим», «Мектеп гүлистаны», «Түркий Гүлистан ямаса әдеп-икрамлылық» сияқлы сабақлық ҳәм оқыў китапларын дүзди. Мектеп билимлендирў жумысларына жәрдем көрсетиў мақсетинде қәўендерлик жәмийетлерин шөлкемлестирди. «Нашриет» ширкетин дүзип, Хадрада «Мектеп китапханасы» китап дүканын ашты.

Абдулла Авлоний өзбек театрының раўажланыўында да айырықша хызмет қылды. Оның «Туран» труппасы (1913) елимизде шөлкемлестирилген биринши профессионал театр труппасы еди. Ол драматургияда да өнимли жумыс алып барды. Татар, әзербайжан драматурглериниң шығармаларын өзбек тилине аўдарды, өзи де «Пинак» «Адвокатлық аңсатпа?» , «Биз ҳәм сиз» атлы пьесалар жазып сәхнаға қойды.

Февраль ҳәм октябрь ўақыяларынан соң Авлоний «Туран» атлы газета шығарып, онда жетекши көз қарасларын алға сүрди.

1919-1920 жылларда Аўғанстан елшиханасында бас консул ўазыйпасында жумыс алып барды. Хызметтен қайтқаннан соң ағартыўшылық искерлигин даўам еттирди. Әскерий билим журтында, Орта Азия мәмлекетлик университетинде өзбек тили ҳәм әдебиятынан сабақ берди, профессор дәрежесине көтерилди.

Ағартыўшы илимапаз, драматург, педагог, жәмийетлик ғайраткер Абдулла Авлоний 1934 жыл 25 августта Ташкентте дүньядан өтти. Ташкенттеги Боткина қойымгершилигине жерленген.

## Абдулла Қадирий



Абдулла Қадирий жаңа дәўир өзбек әдебиятының тийкарын салыўшылардан бири, өзбек миллий романшылық мектебиниң тийкарын салған уллы ғайраткер. Ол 1894 жыл 10 апрельде Ташкентте бағман шаңарағында дүньяға келди. 9-10 жасларында ески усылдағы мектепте билим алады. Соң рус-тузем мектебинде оқыйды. 17-18 жасларында бир саўдагерге приказшиликке жалланып, 3-4 жыл жумыс ислейди. Соң бағманшылық пенен тиришилик қылады.

Абдулла Қадирий дөретиўшилиги 1913-1914 жылларда басланды. Ол сол жыллары барлық алдынғы пикирли жаслар қатары жәдидшилик ҳәрекетине қосылған ҳәм өзиниң дәслепки шығармаларында ағартыўшылық, миллет раўажланыўы ҳәм еркинлиги идеяларын үгит-нәсият ете баслаған. Қадирий дәслеп ағартыўшылыққа тийисли қосықлар жазды. «Аўҳалымыз», «Миллетимиз», «Той» сыяқлы қосықлары жәдид баспаларында жәрияланды.

1915 жылы ол Беҳбудийдиң «Падарқуш» трагедиясы тәсиринде «Бахытсыз күйеў» пьесасын жазды. Соң өзи «Миллий румон» деп атаған «Жувонбоз» ҳикаясын жаратты. Бул шығармалар да дәслеп, ағартыўшылық көз қараслары миўеси болып, жәмийеттеги жаман иллетлер ҳәм кери тартпа үрип-әдетлерди кескин қаралаўға бағдарланған.

1916 жылы жазылған «Улоқда» ҳикаясы Абдулла Қадирий дөретиўшилигинде изертлениўлердиң раўажланыўын көрсететеғын зәрүр ҳәдийселерден болып есапланады.

1917 жылы февраль ҳәм октябрь ўақыяларынан кейин Абдулла Қадирий турмысындада, дөретиўшилининдеде өзгерислер жүз берди. Ол совет органларында жумыс иследи. «Иштирокиюн» ҳәм «Қызыл байрақ» газеталарында әдебий хызметкер, «Муштум» журналы шөлкемлестириўшилеринен бири болды. Москвада В.Брюсов атындағы журналистлер институтында оқып қайтты.

Абдулла Қадирий 1925-26 жылларда «Өткен күнлер» романын жәриялады. Бул толығы менен дәслепки реалистлик өзбек романы болып, Қадирийдиң жәдидшилик бағдардағы сиясий қараслары жоқары әдебий сәўлелениўин тапқан шығарма еди.

1928 жылы жазыўшы «Меҳробдан шаян» романын жәриялады. Бул романда оған үлкен абырай келтирди. Буннан тысқары Абдулла Қадирий «Обид кетмон» қыссасының, «Тошпўлат тажанг нима дейди?», «Калвак маҳзумнинг хотира дафтаридан» атлы сатиралық ҳикаяларының рус ҳәм батыс әдебиятынан аўдарылған бир қатар аўдармалардың да авторы болып есапланады.

Абдулла Қадирий 1937 жылы жыл ақырларында қамаққа алынып, 1938 жыл 4 октябрьде Бўзсув бойында өлтирилген.

## Абдурауф Фитрат



Ири мәмлекетлик ҳәм сиясий ғайраткер, шайыр ҳәм алым, насыр ҳәм драматург, ағартыўшы Фитрат 1886 жылы Бухарада зыялы семьяда дүньяға келди. Дәслеп ески мектепте оқыды, соң Мирараб медресесинде билим алды.

Әсиримиз басларында жүзеге келген «Тарбияи атфол» жәмийети жәрдеминде 1909-1913 жылларда Истамбулда билим алды. Ол жерде қызғын жумыс алып барды.

Соның нәтийжесинде 1911 жылы «Сайҳа» («Фаред») атлы қосықлар топламын баспадан шығарды. Туркиядан қайтқаннан соң, Бухарада оқытыўшылық пенен шуғылланады.

«Жас бухаралылар» ҳәрекетинде белсенди қатнасты, оның бас идеологы, идеологиялық жол көрсетиўшилеринен бирине айланады.

1917 жылы апрельден 1918 жыл марты аралығында Самарқандта шығып турған «Ҳуррият» газетасына редакторлық қылады. 1918 жылы Фитрат Ташкентке келеди.

Ол бул жерде тийкарынан илимий-дөретиўшилик, ағартыўшылық жумыслар пенен көбирек шуғылланады. Ол бир қатар сабақлықларды баспадан шығарады, «Чиғатай гүрунги» атлы жәмийетшилик-әдебий шөлкемде белсенди қатнасады. 1921 жылы Бухараға шақырылады. Ол халық хожалығының бир қатар тараўларын жақсылаўда, әсиресе билимлендириў тараўында сезилерли жумысларды әмелге асырады. Оның басламасы менен бир топар қәбилетли жаслар Истамбул, Берлин, Москва сияқлы қалаларға оқыўға жибериледи. Бухара мектеплери ушын оқыў қураллары, сабақлық ҳәм қолланбалар таярлаў жолға қойылады.

Фитрат 1921-1922 жылларда бир қатар жоқары лаўазымларда жумыс ислеп, өзиниң мәмлекетлик ғайраткер сыпатындағы қәбилетин көрсете алды.

Ол 1923-24 жылларда Москва ҳәм Ленинградта жасады, Шығыс тиллери институтында иследи. турк, араб, парсы тиллери ҳәм әдебиятынан жасларға сабақ берди. Ленинград университети профессорлығына сайланды. «Абулфайзхон», «Бедил», «Қиемат», «Шайтоннинг тангрига исени» киби шығармалар жазып, баспадан шығарды. Москвадан қайтқаннан соң республикамыздың илимий, мәдений, ағартыўшылық турмысында жумыс алып барады.

Фитрат филолог илимпаз сыпатында өзбек тилиниң қағыйдалары ҳаққында «Сарф», «Наҳф» шығармаларын жазды. Музыкатаныў илимпазы сыпатында «Шошмақом», «Өзбек классикалық музыкасы ҳәм оның тарийхы», «Шығыс музыкасы» сыяқлы шығармалар жаратты. 30-жылларда ол илимий-изертлеў орайларында, оқытыўшылар билимин жетилистириў институты ҳәм университетинде жумыс алып барды.

1937 жылы халық душпаны сыпатында қамаққа алынып, 1938 жылы Ташкент қаласының ҳәзирги Юнусабад районы Бўзсув бойында атып тасланды.

**Абдувоҳид Бурҳонов - Мунзим.**



Ағартыўшы шайыр, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер Мырза Абдувоҳид Бурҳонов 1875 жылы Бухарада туўылған. Дәслеп ески мектепте билим алады. XIX әсирдиң 90-жылларында Абдувоҳид Бурҳонов – Мунзим лақабы менен ағартыўшылық қосықларын жаза баслайды. Соңғы әмелий искерлигинде де ағартыўшылық пенен шуғылланады.

XX әсирдиң биринши он жыллығында Мунзим жаңа усылдағы мектеп ашыў ушын ҳәрекет ете баслайды. Бухарадағы дәслепки жәдид мектебиниң ашылыўы да оның аты менен байланыслы. Ол 1908 жылы Самарқандқа барып жәдид мектеплериндеги оқытыў усылын үйренеди ҳәм усы жылы өз үйинде жәдид мектеби, 1909 жылы үлкен жастағылар ушын кешки мектеп шөлкемлестиреди.

Бухарада 1909 жылдан қәлиплескен жәдидлер шөлкеми дәслеп ағартыўшылық жумысларын алып барды. Мунзим бул шөлкем жумысында белсене қатнасып, усы жылы бир қатар жолдаслары менен «Тарбияи атфол» жәмийетин дүзиўде қатнасады. Бул жәмийет бухаралы ағартыўшылар ҳәм еркин пикирли оқымыслы адамлар ортасында алдыңғы демократиялық идеяларды таратып, халықтың сиясий санасын оятыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

1917 жылы февраль революциясынан кейин Бухара жәдидлери А.Бурҳонов басшылығында ески жәдидлерге, Ф.Хўжаев ҳәм А.Фитрат басшылығында жаңа жәдидлерге бөлинеди. Биринши топардың тийкарғы искерлиги ағартыўшылық болса, екинши топар кең реформалар тәрепдары еди. Соңынан бул еки топардың бирлесиўи нәтийжесинде «Жас бухаралылар» партиясы дүзилип, Мунзим оған баслық болып сайланды.

1918 жылдан 1920 жылдың сентябрине шекем Мунзим Ташкент қаласында жасайды. Бухара Халық Совет Республикасы дүзилгеннен соң, ол дәслеп Орайлық Атқарыў комитети баслығының орынбасары, соң Халық билимлендириў бөлиминиң назири, Ден-саўлықты сақлаў назири лаўазымларында жумыс алып барды.

Халық билимлендириў назири лаўазымында ислеген Мунзим 1922 жыл июнында миллий кадрлар, атап айтқанда, инженерлер таярлаў мақсетинде бир топар бухаралы жасларды Германияға жибериў ҳаққындағы БХСР ҳүкимети қарарының қабыл етилиўине үлкен үлес қосады. Усы қарарға тийкарланып, ол усы исти шөлкемлестириў бойынша комиссия баслығы етип сайланған еди. 1922 жылдың жазында Мунзимниң өзи бухаралы 44 адамды Германияға алып барып, Берлиндеги оқыў дәргайына жайластырады.

1920 жылдың орталарынан баслап Мунзим өзин толығы менен дөретиўшилик ҳәм публицистлик искерликке бағышлайды.

Абдувоҳид Мунзим 1934 узақ даўам етпеген keselликтен соң қайтыс болған.

**Абдулҳамид Чўлпон**



Абдулҳамид Сулаймон ўғли Чўлпон жаңа өзбек поэязиясының тийкарын салыўшылардан есапланады.

Чўлпон 1897 жылы Әндижан қаласында зыялы семьяда дүньяға келген. Чўлпон дәслеп ески мектепте, соң медреседе оқыды. Әндижандағы рус-тузем мектебинде билим алады. Шығыс әдебияты, араб, парсы тиллерин өзлестиреди, рус

тили ҳәм әдебиятын үйренеди. Чўлпон 10-жыллардың орталарынан жәмийетлик ҳәм дөретиўшилик искерлик пенен шуғыллана баслайды. Ол ҒҚаландарҒ, ҒӘндижанлыҒ, «Чўлпон» лақаплары менен баспа сөз қуралларында мақала, қосық ҳәм түрли хабарлар менен шығып турады.

Оның «Дўхтир Муҳаммадер», «Ватанимиз Туркистонда темир йўллар» «Адабиет не?» сыяқлы дәслепки ҳикая ҳәм мақалаларында ҳәмде онлап қосықларында жәдидшилик идеяларының ашық сәўлеленгенлигин бақлаў мүмкин.

Шайырдың қысқа өмири даўамында «Тонг сирлари», «Уйғониш», «Булоқлар» сыяқлы қосықлар топламлары баспадан шыққан. Оның театр тараўында алып барған жумыслары да айырықша итибарға ылайық. Чўлпон өзбек мәмлекетлик драма театрында әдебий хызметкер ўазыпасында ис алып барыў менен бирге онға жақын пьесалар, театрға арналған мақалаларын жаратқан, оның «Ерқиной», «Ўрток Қаршибоев», «Чўрининг исени», «Муштумзор», «Замона хотуни» сыяқлы сахна шығармалары өзбек драматургиясының раўажланыўына зәрүр үлес болып қосылды.

Чўлпон «Кеча ва кундуз» атлы романды жәриялап, өзбек романшылығының раўажланыўына да үлкен тәсир етти. Бул мийнетинде халқымыздың әсир басларындағы турмысы көринислерин сәўлелендиреди, колонияллық ҳәм наданлық миллеттиң раўажланыўын ҳәм еркинлигин бузыўшы жаман ҳәдийселер екенлигин көркем сәўлелендиреди.

Өзбек әдебий аўдарма мектебиниң раўажланыўында да Чўлпонның үлкен үлеси бар. Ол М.Горкийдың «Анна», А.С.Пушкинниң «Дубровский», «Борис Годунов» ҳәмде Шекспирдиң «Гамлет» трагедиясын ҳәм онлаған шет ел шығармларын өзбек тилине аўдарды.

Чўлпон пүткил өмири даўамында өз Ўатанының азатлығы, ерки, келешеги ушын қайғырып қосықлар жазды, түрли жанрларда шығармалар жаратты. Ол 1928 жылдан баслап өмириниң ақырына шекем қысым астында жасады, себеби оның пүткил дөретиўшилигинде миллий идея қызыл жип болып өткен. Бул колония дүзими астында езилип атырған миллетти, халықты жырлар еди. Бирақ қысым жүдә күшейген бир шәраятта да өз исениминен қайтпады. Әне усы исеними себепли 1937 жылы репрессия қурбаны болды.

Чўлпон 1938 жылы 4 октябрьде Ташкенттеги Бўзсув бойында өлтирилген.

**Ашурали Зоҳирий**



Атақлы ағартыўшы, филолог, әдебияттаныў илимпазы, журналист ҳәм аўдармашы, Түркистанда жәдидшилик ҳәрекетиниң көзге көринген ўәкиллеринен бири Ашурали Зоҳирий 1885 жылы Қоқандта туўылған. Ол дәслеп Қоқандтағы Мадалихон медресесинде билим алды, араб ҳәм парсы тиллерин терең үйренеди, өзбек ҳәм парсы-тәжик классик әдебиятын үйренеди. Ҳәр тәреплеме билим ийеси болған Ашурали Зоҳирий 1907 жылдан баслап рус-тузем мектебинде, сондай-ақ жәдид мектебинде өзбек тили ҳәм әдебиятынан сабақ береди. 1912-1919 жылларда педагогикалық искерлик пенен бирге журналист сыпатында да қызғын жумыс алып барады. 1917-1918 жылларда Түркистан Мухтарияты ҳүкиметиниң пайда болыўы Ашурали Зоҳирий искерлигине жаңаша бағдар жасайды. Ол «Ел байрағы» газетасында редакторлық қылып, Мухтарият идеяларының кең халық ортасында таралыўына өзиниң мүнәсип үлесин қосты.

А.Зоҳирий искерлигиниң 1917 жылдан кейинги тийкарғы бағдары ағартыўшылық пенен байланыслы. Ол Қоқандағы биринши дорулмуаллимниң шөлкемлестириўшиси ҳәм дәслепки заманагөй мектеплердиң муғаллими сыпатында Фергана ойпаты ушын көплеген муғаллимлерди таярлап береди. Ол тийкар салған дорулмуаллими соңғылығында педагогикалық техникумға айландырылады. 1930 жылы усы техникум базасында Фергана мәмлекетлик педагогика институты шөлкемлестириледи.

Ашурали Зоҳирий еркинликти жақлаўшы идеялары ушын 1929 жыл қамаққа алынып, он жыл мүддетке азатлықтан маҳрум етиледи. Қамақ мүддетин өтегеннен соң, ол және ағартыўшылық пенен шуғыллана баслайды. Бирақ 1937 жылы репрессия ҳәўиж алып, ол және қамаққа алынады усы жылдың 4 декабринде атып тасланады.

А.Зоҳирий қәбриниң қай жерде екенлиги нәмәлим.

**Абдуқадир Шакурий**



Ағартыўшы, педагог алым Абдуқадир Шакурий 1875 жылы Самарқандта Ражабамин аўылында бағман шаңарағында дүньяға келген. Шакурий ески усылдағы мектепти тамамлағаннан кейин Самарқанд қаласындағы медресеге оқыўға киреди. Шакурий рус гимназиясына барып, оның ишки тәртип қағыйдалары ҳәм оқытыў усыллары менен танысады. Соннан кейин жас

муғаллимде өз халқының балалары ушын да усы тәртиптеги жаңа мектеп шөлкемлестириў мақсети пайда болады.

Абдуқадир Шакурий Самарқанд гимназиясында көрген ҳәм нийет еткен жаңаша оқытыў усыллары Россияның түрли жерлеринде жасап атырған түркий халықларда да бар екенлигин газеталардан билип алады.

Шакурий дослары жәрдеминде Қоқан қаласына барады ҳәм ол жерде жаңа мектептеги оқытыў усыллары менен танысады. Самарқандқа қайтып келгеннен соң, өз аўылы Ражабаминде 1901 жыл гүз айларында биринши жаңа усылдағы мектеп шөлкемлестиреди.

Шакурий мектебиниң абыройы кең тарқала баслайды. Орта Азиядағы басқа ағартыўшы адамлардың дыққатын өзине қаратады.

Шакурий дәслеп муғаллимлик пенен шекленип қалмаған, ол өз мектеби ушын сабақлықлар жазып, өзиниң есабынан баспадан шығарған. Мәселен, оның «Раҳнамои савод» (Саўат шығарыў қолланбасы) деп аталған китабы әне усылайынша баспадан шыққан.

Шакурий, дәслеп қызлар ушын да жаңа усылдағы мектеп ашқан. Оның өзиниң басшылығында ҳаялы да муғаллимлик кәсиби менен шуғылланған. Соңынан ул балалар менен қызлардың топарлары бирлестирилип оқытыла басланды.

1921 жылы Самарқанд қаласындағы 13-мектепке баслық етип сайланады. Ол балаларды тәрбиялаў, оқытыўға үлкен ғайрат пенен киристи, көп жыллар даўамында усы мектептиң баслығы ҳәмде ана тили ҳәм әдебияты оқытыўшысы болып иследи.

1925 жылы А.Шакурийдың басламасы менен аўыл халқы өз қаржылары есабынан төрт класслы жаңа мектеп қурып иске түсиреди.

Абдуқадир Шакурий 1943 жылы қайтыс болған.

## Бобоохун Салимов



Мәмлекетлик ҳәм сиясий ғайраткер, ағартыўшы Бобоохун Салимов 1874-жылы Гурлен беклигинде қазы Салимохун шаңарағында дүньяға келеди.

Негизги аты Мухаммед болып, оған хүрмет жүзесинен Бобоохун деп лақап берилген. Ол басланғыш билимди алғаннан соң, Хийўа қаласындағы Оллоқулихан медресесинде билим алыўды даўам еттиреди. Араб, парсы, орыс тиллерин үйренеди, қосықлар жазады. 1910-1918-жылларда Хийўа ханы Асфандиерхан сарайында әкеси орнында шайхулислом лаўазымында иследи. 1917-жыл Хийўадағы революциялық ўақыяларда қатнасып, парламент сыпатында дүзилген Мәжилис ағзалығына сайланады. 1918-1920-жылларда Төрткүлде жасап, «Жас хийўалылар» партиясына ағза болып киреди. 1920-жылы халық ўәкиллериниң Пүткилхорезм I қуралтайында Хорезм Халық Совет Республикасының Юстиция назири лаўазымына сайланады. Соңынан ол Хорезмдеги мектеп, билимлендириў ислеринде қатнасады. 1924-жылда Хорезм руўханыйларының 1-қуралтайы шақырылыўы ҳәм өткерилиўине басшылық етти.

Б.Салимов ислам идеялары тийкарында жаңалықларға умтылыўға, шәриятта теңликке ерисиў, хан әмелдарларының ҳуқықлары менен раўажланып киятырған саўдагерлер ҳәм санаатшылар, өнерментлер ҳәм оқымыслылар ҳуқықларын теңлестириўге умтылды. Дәслеп ол ханлықта киши ҳуқықый ҳәм экономикалық реформаларды әмелге асырыў менен раўажланыўға ерисиў мумкин деп есаплаған.

Б.Салимов 20-жыллар ақырында коммунистлик тоталитар дүзим тәрепинен оқымыслылардың қуўғынға ушыраўы нәтийжесинде мәмлекет ислеринен шетлестириледи. Оның қараслары, мақсет ҳәм идеялары большевистлик сиясатқа қарама-қарсы еди. Соның ушын ол 1929-жыл 10-май күни кеште совет ҳәкимияты тәрепинен суд қылынбай, тергеўсиз атып өлтириледи.

Б.Салимовтың қәбири қай жерде екенлиги мәлим емес.

## Исхоқхон Тўра Ибрат



Исхоқхон Ибрат ағартыўшы шайыр, күшли филолог, тарийхшы алым, дәслепки өзбек баспа сөз усталарынан болып, 1862-жылда Наманган жанындағы Тўрақўрғон аўылында туўылған.

Дәслепки мағлыўматты ески мектепте, соңынан анасының қолында алады. Соңынан Қоқанға барып медресеге оқыўға киреди.

Исхоқхон Ибрат 1887-жылда медресени тамамлап, Тўрақўрғонға қайтып келеди. Ол өз жумысын педагог сыпатында аўылда ағартыўшылық тарқатыў менен баслады. Усы жылы ески мәҳәлле мектеплеринен парқ қылыўшы жаңаша мектеп ашады.

Исхоқхон Ибрат 1887-жылда ҳажы сапарына атланады. Соңынан ол Шығыс мәмлекетлери бойлап саяхатты даўам еттиреди. Европаның Истамбул, София, Афина, Рим сыяқлы орайлық қалаларында болды, бирқанша ўақыт Жидда қаласында жасайды, Бомбей ҳәм Калькуттада жасайды. Исхоқхон ол жерлерде көп ислетилетуғын араб, парсы, ҳинд-урду ҳәм инглис тиллерин терең үйренди. Ол 1896-жылда өз Ўатанына қайтып келди. 1901-жылда «Луғати ситта-алсинаҒ шығармасын баспадан шығарады. Усы луғат жәдид мектеплеринде шығыс ҳәм рус тиллерин үйрениўде бирден-бир қолланба сыпатында пайдаланып келинди.

Исхоқхон Ибрат 1912-жылда жазыўлар тарийхына бағышланған «Жомеъ-ул-ҳутутҒ («Жазыўлар жыйындысы») шығармасын жаратты ҳәм өз баспаханасы «Матбааи Ишоқия»да баспадан шығарды.

Ибрат шын жүректен өз халқының илимли болыўын қәледи. Кейинги 20 жыл ишинде 14 илимий тарийхый, лингвистикалық шығарма жазды. 30 жыллық поэтикалық дөретиўшилигиниң жыйындысы болған «Девони Ибрат» қосықлар топламын дүзди. Тарийхтаныўға тийисли «Тарихи ФарғонаҒ, «Тарихи Маданият» ҳәм «Мезон уз-замон» илимий шығармаларын жаратты.

Ибраттың соңғы жылларындағы өмири бирқанша қәўипли өтти. 1935-жылда ол ҳәмме лаўазымлардан алып тасланды. 1937-жылдың апрель айында 75 жастағы шайыр ҳәм ағартыўшыны қамаққа алады. Ибрат Әндижан түрмесинде қайтыс болады.

Исхоқхон Ибрат қәбириниң қай жерде екенлиги мәлим емес.

**Маҳмудхўжа Беҳбудий**



Жәдидшилик ҳәрекетиниң баслықларынан бири, уллы ағартыўшы Маҳмудхўжа Беҳбудий 1875 жылы 19 январьда Самарқандта руўханый шаңарағында дүньяға келген. Дайысы Муҳаммад Сиддиқ жәрдеминде саўатын ашады. Ески мектеп-медреседе оқыды. Араб тилин үйренеди. Қазыханаларда мырзалық, қазылық ўазыйпаларында ислейди.

1893-1900 жылларда Меккеге ҳаж сапарына барып келеди. 1903-1904 жылларда Москва, Петербург, Казань, Уфа қалаларына барады. 1914 жылы Арабия, Египет, Туркия сыяқлы бир қанша мәмлекетлерде болады.

Ол өз дәўириниң исламтаныў алымларынан бири, муфтийлик дәрежесине ерискен адам еди. Беҳбудий соның менен бирге бәрқулла наданлыққа қарсы шықты ҳәм өз мийнетлеринде динди дурыс түсиниўге ҳәм үгит-нәсиятлаўға шақырды.

Ўақытлы баспа сөз қуралларында актуаль машқалаларға бағышланған социал-сиясий, тәрийхый-әдебий мақалалары менен белсенди қатнасты. Оның 10-жыллар Түркистан баспа сөз қуралларында 300 ден аслам мақалалары жәрияланғанлығы мәлим. Усы мақалалардың тийкарғы мазмуны мектеп, билимлендириўи, ағартыўшылық, мәденият идеяларын үгит-нәсиятлаў еди.

1913 жылда ол Самарқанд қаласында «Самарқанд» газетасы ҳәм «Ойина» журналын шөлкемлестиреди. Бул екеўиниң де тийкарын ағартыўшық-мәдeният, миллет ҳәм азатлық идеялары қурайды. Ол 1911 жылы «Падаркуш» драмасын жаратты.

Беҳбудий жаңа усылдағы мектеплердиң ең дәслепки үгит-нәсиятлаўшысы ҳәм тйикарын салыўшылардан еди, сондай-ақ усындай мектеплер ушын сабақлықлар да жаратқан ағартыўшы болып есапланады.

Беҳбудий 1917 жылы февраль ҳәм октябрь ўақыяларынан кейин Түркистанның ғәрезсиз, азат болыўы ушын тынбай гүрести ҳәм усы жолда жанын пидә қылды. Ол Түркистанның миллий мәмлекет қурылысы мәселесин ортаға таслады. Өз халқы раўажланыўын тек ғана ағартыўшылықта емес, ал оның сиясий статусының кескин өзгериўинде, өз ғәрезсизлигин қолға киргизиўинде деп билди. Оның «Ҳақ олинур, берилмас!» деген сөзлери жәдидшилердиң уранына айланды. Ол Түркистан Мухтариятын алғыслады. Оның ҳүкиметине ағза болып сайланды. Түркистан Мухтарияты қанға батырылғаннан кейин ол сиясаттан бас тартты ҳәм Самарқандта билимлендириў бөлими баслығы болып иследи. Бирақ ғәрезсизлик мақсетинен ўаз кешпеди.

Советлер ҳүкиметиниң қырғынлары, әдалатсызлықлары ҳәўиж алғанда, бул жағдайды дүньяға мәлим етиў ушын жолға атланған Беҳбудий Бухара әмири тәрепинен қолға алынып, 1919 жыл бәҳар айында Қарши қаласында өлтириледи.

М.Беҳбудий қәбири қай жерде екенлиги мәлим емес.

**Мунаввар Қори Абдурашидхонов**



Устаз, редактор, ағартыўшы, жәмийетлик ғайраткер Мунаввар Қори Абдурашидхон улы 1878 жылы Ташкент қаласының Шайх Ховандв Тоҳур гүзери дархон мәҳәлләсинде мударрис шаңарағында дүньяға келди. Ташкенттеги Юнусхан медресесинде оқыды, соң оқыўын Бухарада даўам еттирди, Ташкентке қайтқаннан соң Дархон мешитинде имамлық ўазыйпасын атқарады.

Мунаввар қори XIX әсир ақырынан баслап жәдидшилик ҳәрекетлеринде белсене қатнаса баслады. 1901 жылда өз үйинде, соң Ташкенттиң түрли жерлеринде жәдид мектеплерин ашады. Бул мектеплер ушын 1907 жылда «Адиби аввал», «Адибий соний» сабақлықларын жаратады.»Тажвид ал Қуръон», «Ер юзи» сыяқлы қолланбалар дүзип, баспадан шығарады. Балалар ушын бир қатар қосық ҳәм насрий ҳикаялар жазады.

Ол 1909 жылы Ташкентте «Жамияти ҳайрия» шөлкемин дүзеди ҳәм «Турон» атындағы жәмийетин ашады. Мунаввар қори 1906 жылы дәслепки өзбек баспа сөз қуралларынан болған «Хуршид» газетасын баспадан шығарады. Соң «Нажот», «Кенгаш» газеталарында бас редактор, «Садои Туркистон» да болса бөлим баслығы болып хызмет қылады.

Мунаввар қори 1917 жылы февраль революциясынан кейин Түркистанда миллий демократиялық мәмлекетшиликти дүзиў идеясын алға сүрди. Ол Қоқанда шөлкемлестирилген Түркистан Мухтариятын қоллап-қуўатлады.

Совет дүзими дәўиринде ол өзиниң ашық ағартыўшылық жумысларын ҳәм жасырын сиясий ҳәрекетлерин даўам еттирди. 1918 жылдың апрелинде Түркистан халық университетиниң тийкарын салыўшысы болып, оның ректорлығына сайланады. Оның алып барған жумыслары нәтийжесинде 1918 жылы 2 июнда бул дәргай жумыс баслайды. Ол 1918 жылы «Түрк ошағы» илимий-ағартыўшылық жәмийетин шөлкемлестиреди.

Мунаввар қори 20-жылларда өзбек елиниң ғәрезсизлиги ушын гүресті өз алдына ўазыйпа етип қойған «Миллий иттиҳод» ҳәм «Миллий истиқлол» жасырын шөлкемлерине басшылық еткен.

20-жыллардың орталарында миллий зыялы адамларды репрессия қылыў күшейиўи нәтийжесинде Мунаввар қори барлық лаўазымлардан шетлетиледи. Бирақ ҳәттеки қуўғын қылыныўлар да Мунаввар қорины ғәрезсизлик идеяларынан қайтара алмайды.

Ол 1929 жылы қамаққа алынады ҳәм 1931 жылы атып өлтириледи. Оның қәбири Москваның Ваганково қәбристанында жайласқан.

**Мусо Саиджонов**



Бухара жәдидшилигиниң танықлы ўәкиллеринен ҳәм раўажланыў жолында миллий ҳәрекеттиң белсенди қатнасыўшыларынан бири болған Мусо Саиджонов 1893 жылы Бухара қаласында саўдагер шаңарағында дүньяға келген. Мирараб медресесин питкерип, Когондағы рус-тузем мектебинде оқыған. Мусо Саиджонов илимге қызығып, араб, парсы, түркий тиллер, әдебият, тарийх ҳәм география менен шуғылланады. 1913 жылдан жәдидшилик ҳәрекетине қосылып, 1917 жылы «Жас бухаралылар» партиясының шөлкемлестириўшилеринен бирине айланады.

Ол партия орайлық комитетиниң ағзасы етип сайланған. Бирақ Мусо Саиджонов революциялық ҳәрекетлерге қарсы болып, реформаларды эволюциялық жол менен өткериў тәрепдары еди. Соның ушын да ол 1917 жылы Бухара жәдидшилери тәрепинен шөлкемлестирилген демонстррацияға қарсы болған. Әмир менен жәдидшилер ортасынағы сөйлесиўлерге қатнасқан. Мусо Саиджонов өзбек халқы өзгеше миллий раўажланыў жолынан барыўына исенген. Оның сиясий көз карaслары коммунистлик көз қарасқа қарама-қарсы болған, соның ушын да ол Жас бухаралылардың коммунистлик бағдардағы топарына қосылмаған. Соң ол сиятсаттан узақласып, билимлендириў тараўында хызмет алып барған.

Мусо Саиджонов өмириниң ақырына шекем илимге садықлығы менен қалған ҳәм Өзбекстанда тарийх пәни бойынша үлкен илимпаз ҳәм биринши профессорлардан еди. Оның дослары Мусо Саиджоновты күшли ақыл ийеси, мәдениятлы адам сыпатында билген.

Ол 1935 жылы өзбек илимпазларынан биринши болып шығыстаныўшылардың III конгрессине қатнасады. Оның илимий мийнетлери тарийхтың белгили дәўири – орта әсирлер архитектура естеликлери ҳәм қол жазбаларын изертлеўге бағышланған.

Өзбек миллий зыялыларының көзге көринге ўәкили сыпатында тоталитар дүзимниң жәдидшилик тарийхын бузып көрсеткенлигине қарсы шыққаны, өзбек мәмлекетшилиги тарийхына қалыс баҳа бергени ушын 1937 жылы қуўғынға ушыраған.

Мусо Саиджонов қәбири қай жерде жайласқаны мәлим емес.

**Муҳаммадшариф Сўфизода**



Ағартыўшы зыялы, шайыр Муҳаммадшариф Сўфизода өзбек мәденияты тарийхында жарық из қалдырған инсанлардан болып есапланады.

Муҳаммадшариф Эгамберди улы 1869 жылы 29 январьда Чустда туўылған, оның әкеси пышақ жасайтуғын өнермент еди. Ол мәҳәлләсиндеги қоңсысы Манзура қолында саўат ашқан. 1893-1898 жылларда ол Қоқанда жасады ҳәм

медреседе тәлим алды. Қоқан әдебий орайының белгили шайырлары Муқимий, Муҳий, Завқий, Нодим Намангоний менен жақын қатнаста болған. Болашақ шайыр сыпатында ол өзиниң дәслепки қосықларында Муқимийдиң усынысы менен «Ваҳший» лақабын қолланған.

Сўфизода 1893 жылы туўылған жери Чуст қаласында патша ҳүкимети әмелдарларының үстинен күлип жазған қосықлары ушын «батҳасыл», «бийәдеп», «даҳрий» деп айыпланады ҳәм өлимге ҳүким етиледи. Шайыр өз Ўатанын таслап кетиўге, 14 жыл даўамында басқа еллерде жасаўға мәжбүр болады.

Сўфизода 1900-1903 жылларда Орта Азияның түрли қалаларында, Тифлис, Баку, Арабия, Ҳиндистан, Туркияда болды. Ол қай жерде жасамасын, Ташкент, Кавказ, Крым, Оренбург, Туркиядағы газеталар менен байланысын үзбеди. Оның мақалалары, қосықлары «Түркистан ўәлаятының газети», «Садои Туркистон», «Садои Фарғона» газеталарында шығып турды.

1913 жыл Сўфизода шет ел сапарынан Чустқа келеди ҳәм усылы жәдид мектебин ашады. Камарсада аўылында жетим балалар ушын «Дорулайтом» (Жетимлер үйи) ҳәм үлкен жастағылар ушын кешки мектеп шөлкемлестиреди. Бул мектеплерде ол ана тили, геометрия сыяқлы сабақларды оқытады.

1914 жылы Сўфизода Түркистанда ҳүким сүрип атырған социал-сиясий, руўхый кризисти ашып бериўши «Чустилар бизлар» қосығын жәриялайды. Бул қосық басынан ақырына шекем «усылы қәдимшилер»ди – әмелдарларды күлки етиў, қаҳраманлардың өзин-өзи ашып бериўи усылында жазылған.

Бул ўақыядан кейин Сўфизода өз ўатаны Чустан қуўғын етиледи. Ол Тўрақўрғон жанындағы Шаҳанд аўылында усылы жәдид мектебин ашады. Сўфизоданың бул жумысында Тўрақўрғон қазысы, ағартыўшы, шайыр, педагог Ишоқҳон Тўра Ибрат жақыннан жәрдем береди.

Сўфизода советлер ҳүкимети дәўиринде де халқына шын кеўилден хызмет қылаберди ҳәмде әдебий-дөретиўшилик, педагогик искерлик пенен шуғылланды. 1937 жылы шайыр халық душпаны деп жәрияланып, қамаққа алынды.

М. Сўфизода қәбири қай жерделиги мәлим емес.

## Обиджон Маҳмудов



Мәмлекетлик, жәмийетлик ҳәм сиясий ғайраткер, Түркистандағы ири инвестиция ийелериниң бири Обиджон Абдулхолиқ ўғли Маҳмудов Фергана раўажланыў тәрепдарларының алдағы ўәкиллеринен бири. Ол Петербург университетин тамамлаған, халқымыз арасында жетисип шыққан биринши таў-кән инженери еди.

Оның басламасы ҳәм тиккелей басшылығы астында 1914-жылы Қоқанда баспахана ашылады ҳәм Фергана жәдидлериниң «Садои Туркистон» газетасы баспадан шыға баслайды. Усы баспаханада «Садои Фарғона» менен биргеликте орыс тилинде «Ферганское эхо» газетасы да шыға баслайды. «Садои Фарғона» газетасы тек ғана Түркистанда емес, ал Россия мусылманлары арасында да атақлы болған.

Обиджон Маҳмудов жәдид баспа сөз қуралларында актуаль мақалалары менен қатнасып, ағартыўшылық, азатлық, еркинлик идеяларын үгит-нәсиятлаўға, халықтың санасын көтериўге ҳәрекет қылды.

О. Маҳмудов Түркистанның ғәрезсиз республика болыўының тәрепдары ҳәм буған жетисиў ушын белсенди ҳәрекет қылған жәдидлерден бири еди.

1917 жыл Түркистан Мухтарияты шөлкемлестирилгеннен соң, О. Маҳмудов Азық-аўқат назири лаўазымына сайланады. Арадан көп өтпей, 1918 жыл февраль айында Түркистан Мухтарияты большевиклер тәрепинен күш пенен аўдарылады. Буннан кейин жәдидлердиң бир бөлеги өз мақсет ҳәм идеяларын совет ҳәкимияты органларына жайласқан ҳалда әмелге асырмақшы болады. О. Маҳмудов да усы ўақытларда совет ҳәкимияты органларында хызмет қылып, миллетсүйиўшилик искерлигин даўам еттирип келди.

Атақлы ағартыўшы Обиджон Маҳмудов 1936 жылы 21 ноябрьде қайтыс болған.

## Полвониез Ҳожи Юсупов



Өзбек халқының раўажланыўының тәрепдарларынан бири, Хиўйа жәдидлери ҳәмде «Жас хийўалылар» партиясының басшыларынан бири Полвониез Ҳожи Юсупов 1863 жылы Хийўа қаласында саўдагер шаңарағында туўылған. 1871 жылға шекем ата-анасының, олар қайтыс болғаннан кейин

әмекиси Юсуфбойдың қолында тәрбияланған. 13 жасында еski мектепте оқып, саўат ашқан. Мектепти питкерип саўда ислери менен шуғылланған.

Полвониез 1877 жылы әмекиси менен Москвада болады. Соң 1885 жылы жәдид мектебин тамамлайды. Ол араб, парсы, орыс тиллерин жақсы билген. 1904 жылы Туркия, Египет, Сурия мәмлекетлеринде ҳәм Меккеде болады. Полвониез 1917 жылы 4 апрельде Хийўа ханына усынылған мәмлекет басқарыўында реформалар өткериў ҳаққындағы манифестти дүзиўшилеринен бири еди. Хийўа ханының жәдидлерге қарсы сиясаты нәтийжесинде ол 1918-1920 жылларда Ташкентке өтип кетеди ҳәм ол жерде «Жас хийўалылар» партиясын дүзеди ҳәмде оған баслық етип сайланады. Хийўа ханлығы қулағаннан кейин 1920 жылы 30 апрельде Хорезм Халық Совет Республикасы Адлия кеңеси баслығы лаўазымына тайынланады. 1926 жылдан 10 январынан Атқарыў комитетиниң хожалық ислери бойынша орынбасары болып ислейди. Соң Ишанқала музейинде хызмет қылады.

Полвониез Юсупов 1936 жылы қайтыс болған.

## Саидахмадхўжа Сиддиқий – Ажзий



Миллий ояныў дәўириниң белгили ўәкиллеринен бири шайыр Саидахмадхўжа Сиддиқий – Ажзий 1864 жылы Самарқанд ўәлаяытының Жомбой районында Ҳалвойи аўылында өнермент шаңарағында дүньяға келеди. Жаслығында әкеси қайтыс болып, атасы қолында камалға жетти. Жеңгеси қолында саўат ашқан. Соң Самарқанд, Бухара медреселеринде оқыўды даўам еттирди. Шығыс классикалық әдебиятын терең үйренди, араб, парсы, әзербайжан соңынан орыс тиллерин өзлестирди.

1880-жыллардан өзи де қосық жазыў менен шуғыллана баслады. Бирақ заманының уллы адамлары қатарында тән алыныўына оның ағартыўшылық жолындағы искерлиги ҳәм дөретиўшилиги себеп болды.

1901 жылы ҳаж сапарына атланады. Бир қатар Шығыс мәмлекетлеринде болып, ислам дүньясындағы жаңалықлар менен танысады, бир неше мүддет Жиддадағы Россия елшиханасында дилмашлық қылады. Соң Москва, Петербург қалаларын айланып, Тифлиске өтеди. Соңынан Самарқандқа қайтып, 1903 жылы Ҳалвойи аўылында жаңа мектеп ашады.

Шайыр кейинги пүткил өмирин әне усы муқаддес жумысқа арнайды. Өзи ашқан мектеп тәбиийий пәнлер, араб ҳәм орыс тиллеринен сабақ берди, сабақлықлар дүзди.

Сиддиқий ўақытлы баспа сөз қуралларында да белсенди қатнасты.

Ўатан, илим-ағартыўшылыққа бағышланған мақалалары менен Казань, Оренбург ҳәм Кавказдағы газеталарда да қатнасты. 1914 жылы өз басламасы менен «Зарафшан» атлы китапхана ашады.

1910-жылларда шайыр «Айн-ул-адаб» («Адаб кўзи») ҳәм «Ганжинаи ҳикмат» («Ҳикматлар хазинаси») атлы өзбек ҳәм тәжик тиллериндеги еки қосық топламларын ҳәмде «Миръоти ибрат» («Ибрат ойнаси»), «Анжумани арвоҳ» («Руҳлар йиғини») атлы дәстанларды жаратты.

Сиддиқий 1917 жылы «Иттифоқ» шөлкеми арқалы қала думасына ўәкил етип сайланады. Самарқанд мусылман советиниң баслығының орынбасары, ўәлаят юстиция назири болып ислейди. Бирақ ол 1921 жыллардан баслап барлық ҳүкимет жумысларынан ўаз кешип, өзи ашқан мектепте муғаллимшилик кәсибин даўам еттиреди. 1926 жылы қатты аўырып, 1927 жылы июль айында Самарқандта қайтыс болады.

**Саидносир Миржалилов**



Атақлы ағартыўшы, Түркистанда миллий азатлық ҳәрекетиниң белгили ўәкиллеринен бири Саидносир Миржалилов 1884 жылы Түркистан қаласында дүньяға келди.

Жаслығынан жүдә зийрек, исбилермен ҳәм мийнеткеш болған Саидносир саўда искерлигин кишкене гезлеме дуканын ашыўдан баслаған. Көп өтпей, ол Түркистандағы биринши жәдид мектебин шөлкемлестирген.

1914 жылы пахта заводын ашып, Түркистанның ири байлары ҳәм саўдагерлеринен бири сыпатында белгили болады.

С.Миржалилов 1917 жыл сиясий искерликке өтеди. Февраль революциясынан соң ол Ташкентте шөлкемлестирилген «Шўрои исломия» шөлкеминиң белсенди ағзаларынан бирине айланды. Түркистанның ғәрезсизлигин аңсаған Саидносир Миржалилов саўдагерлик пенен тапқан қаржыларының үлкен бөлегин миллий бирлик ҳәм ғәрезсизлик ушын алып барылған гүреске сарыплады. Түркистан Мухтарияты ҳүкиметин шөлкемлестириўде белсене қатнасты ҳәм ҳүкимет ағзларынан бири болып сайланды. Мухтарият қанға батырылып, оның басшылары қуўғынға ушырағаннан соң, С.Миржалилов шет елге кетиўге мәжбүр болады ҳәм дәслеп Самараға барып барып, Түркистанда жүз берип атырған қырғынларға шек қойыўдың жолларын изледи, соң Туркия ҳәм Тифлисте жасады. Большевиклер жәриялаған улыўма амнистияға исенип, ол 1921 жылы Ўатанына қайтады. Ол «Түркистан» саўда-санаат ширкетин дүзип, оннан түскен пайда есабынан «Көмек» жәмийети арқалы жасларды Германия ҳәм басқа мәмлекетлерге оқыўға жибериў, «Нашри маориф» жәмийети искерлигин раўажландырыў ушын өз үлесин қосты. Бирақ большевиклер бақлаўынан азат болмаған С.Миржалилов 1925 жылы декабрь күни қамаққа алынып, Соловецк атаўына жиберилди. Ол үш жыллық қамақ мүддетин өтеп шыққаннан соң 1932 жылы және бес жыл мүддетке қамалады, 1937 жылы тәкирар қамаққа алынып, усы жылдың 25 октябринде атып тасланады.

Саидносир Миржалилов қәбири қай жерделиги мәлим емес.

**Тўлаган Хўжамеров – Тавалло**



Тўлаган Хўжамеров – Тавалло XX әсир баслары Ташкент әдебий орталығының көзге көринген ўәкиллеринен бири.

Ол 1882 жылы Ташкенттиң Көкше мәҳәлләсинде зыялы шаңарағында туўылған. Дәслеп ески мектепте, соң Беклербеги мәдресесинде тәлим алады. Беклербеги медресеси бул дәўирлерде Ташкент қаласының әдебий орталығының орайларынан бири еди. Тавалло усы жерде Каримбек Камий, Мискин, Хислат, Юсуф Саремий сыяқлы заманының таныңлы шайырлары менен танысады. Әсиресе, Юсуф Саремий менен жақын қатнаста болып, оны өзиниң пири, устазы есаплайды. «Тавалло» деген лақап алыўы да усы шахс аты менен байланыслы.

Тавалло өзи жасап турған ўақыялар мазмунын, Түркистанның патша ҳүкимети колонияллық сиясаты нәтийжесинде ҳуқықсыз, тилсиз бир тәғдирге жолыққанлығын аңлаған ўақытта, яғный 1905 жыллардан баслап жәдидшилик ҳәрекетине қосылады. Бул ҳәрекетлердың барлық тараўларында қатнасады. Атап айтқанда, миллий баспа сөз қуралларының ең дәслепкилери болған «Тараққий», «Шухрат», «Садои Туркистон», «Садои Фарғона» газеталарында оның қосықлары ҳәм мақалалары бәрқулла жәрияланып барады. 1914 жылдың августында ташкентли раўажланыў тәрепдарлары болған жаслар тәрепинен шөлкемлестирилген «Нашриет» ширкетин шөлкемлестириўшилер қатарында Тавалло аты да ушырасады. 1913 жыл орталарында Ташкентте биринши миллий театр труппасы жумыс баслайды. 1914 жылдың 27 февралында «Колизей» театр бинасында қойылған «Падаркуш» спектаклы усы труппаның дәслепки миллий театр тамашасы еди. Тавалло бул ҳәрекеттиң де шөлкемлестириўшилери ҳәм жанкүйерлери қатарында көринеди. Әне усы ўақыяға бағышлап арнаўлы қосықлар жазады.

1916 жылы Тавалло өзиниң баспа сөзде жәрияланған ҳәм жәрияланбаған қосықларын топлап, «Равнақ-ул-ислом» аты менен баспадан шығарады. Топламда жетпис беске жақын қосық жәмленген болып, олардың дерлик барлығы ағартыўшылық руўхы менен суўғарылған.

Тавалло 1917 жылы октябрь революциясынан кейин түрли уйымларда жумыс алып барды. «Муштум» журналында сатиралық қосықлар менен белсене қатнасты.

Шайыр 1937 жылы өзиниң пикирлеслери қатары наҳақлық қурбанына айланды. Қамаққа алынып, сол жерде қайтыс болды.

Тавалло қәбириниң қай жерделиги мәлим емес.

**Убайдулла Хўжаев**



Жәдидшилик ҳәрекетиниң белгили ўәкиллеринен бири, мәмлекет ҳәм сиясат ғайраткери Убайдуллахўжа Асадуллахўжа улы 1880 жылы Ташкент қаласында туўылған. Рус-тузем мектебин тамалағаннан соң, мәмлекет уйымларында дилмашлық пенен шуғылланды. Соңынан Саратов университетиниң юридика факультетин тамамлаған. Убайдулла Хўжаев дәслепки өзбек адвокатларынан бири. Оқыўды питкергеннен соң, ол Ташкент округ судында адвокат болып хызмет қылды. Өз әтирапына жасларды топлап, «Умид» жасырын жәмийетин дүзди. Соң бул шөлкем «Тарақкийпарвар» деп аталып, жәдидлердиң тийкарғы шөлкемлеринен бирине айланды.

Убайдулла Хўжаев 1914 жылы жергиликли мүлкдарлардың жәрдемине сүйенген ҳалда «Садои Туркистон» газетасын өз редакторлығы астында баспадан шығарды. Ол усы газетада миллий өзликти аңлаўға шақырыўшы, жергиликли халықтың сиясий санасын асырыўға хызмет қылыўшы көплеп мақалаларды жәриялайды. Газета жаўып қойылғаннан соң, Убайдулла Хўжаев Әндижанға келеди ҳәм орыс тилинде «Туркестанский голос» газетасын баспадан шығарады.

1917 жылы февраль революциясынан кейин ол Түркистандағы ғәрезсизлик ҳәм раўажланыў ушын миллий ҳәрекеттиң белсенди баслықларынан бирине айланады. Ташкент «Шўрои Исломия» шөлкеминде баслық, Пүткил Россия мусылманлар советине ағза етип сайланады. Ол 1917 жылы болып өткен барлық Түркистан ҳәм Пүткил Россия мусылманлары съездинде қатнасады. Қоқанда болып өткен айырықша үлке мусылманлардың съезди оны Түркистан Мухтариятының Әскерий басқарыўшысы етип сайлады. Түркистан Мухтарияты тарқатылғаннан соң, Убайдулла Хўжаев Оренбургқа барады ҳәм Башкирия Мухтарияты ҳүкиметин дүзиўде белсене қатнасады.

1920-1938 жыллары совет ҳәкимиятына қарама-қарсы болған сиясий қараслары ушын оны бир неше мәрте қысымға алады. 1938 жылы барлық раўажланыў тәрепдарлары болған өзбек зыялылары қатары олда репрессияға ушырайды ҳәм атып тасланады.

У. Хўжаев қәбириниң қай жерделиги мәлим емес.

**Файзулла Хўжаев**



Атақлы мәмлекет ҳәм сиясат ғайраткери, Бухара жәдидшилериниң белсенди қатнасыўшысы, «Жас бухаралылар» партиясының басшыларынан бири Файзулла Хўжаев 1896 жылы Бухара қаласында ири саўдагер шаңарағында туўылған. Ол жаслығында ески мектепти питкерип, Бухара медресесинде оқыған. 1907-1912 жылларда Файзулла Хўжаев Москвада жеке оқытыўшылардан билим алған. 1913 жылда жәдидлер қатарында болып, халық арасында ағартыўшылық жумысларын алып барған. 1917 жылдан ол «Жас бухаралылар» партиясы шөлкемлестириўшилеринен бири. Бухара жәдидлери сол қатарының революциялық руўхтағы ағзаларынан бири болып, 1920 жылы әмирди тахттан аўдарыўда қатнасады.

1920 жылы Түркистанда эмиграцияда болып, «Жас бухаралылар» партиясының Түркистан бюросын шөлкемлестиреди. Ф.Хўжаев тәрепинен дүзилген партияның дәстүри шәраят тийкарында, халықтың миллий үрип-әдетлери ҳәм өзине тән қәсийетлерин итибарға алған ҳалда Бухара Халық демократиялық республикасын дүзиўди мақсет етип қойған еди.

Бухара әмири тахттан аўдарылғаннан ҳәм ҳәкимият жас бухаралылар қолына өткеннен соң Ф.Хўжаев ҳүкимет баслығы етип сайланады. Бул лаўазымда ол бийғәрез сиясат алып барыўға, Россия ҳәм сырт ел мәмлекетлери менен тең қатнаста болыўға ҳәрекет қылған. 1922 жылы ол Германияға сырт ел мәмлекетлери саўда компаниялары ҳәм ири саўдагерлер менен шәртнама дүзиўге барған.

1925 жылы Ф.Хўжаев Өзбекстан Халық Назирлери кеңеси баслығы етип сайланады. Ол өз искерлиги даўамында өзбек халқының экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына хызмет қылыўшы илажларды әмелге асырыўға ҳәрекет қылды. Ф.Хўжаев совет ҳүкимети тәрепинен зыялылардың искерлигин шеклеў сиясатына қарсы шықты. Ол узақ жыллар даўамында орайдың қысымы астында жасаўға мәжбүр болды. 1926 жылы жәдидлер тарийхына бағышланған «Бухара революциясы тарийхынан материаллар» китабы ушын компартия тәрепинен қатты қысымға алынды.

Ф.Хўжаев ҳүкимет баслығы сыпатында Өзбекстанның халық хожалығын (пахташылық, ирригация, капитал қурылыс, шарўашылықты) раўажландырыўға, билимлендириў ҳәм мәдениятты раўажландырыўға ҳәрекет қылды, бирақ жаңа формадағы колония дүзими шәраятында бул умытылыўлардың бәри пайдасыз екенлигин кейинирек аңлап жетти.

Ф.Хўжаев 1937 жылы репрессия қурбаны болды.

Ф.Хўжаев қәбири қай жерделиги мәлим емес.

**Миллий мәденият тил ҳәм тарийхтан бийганаласыўдың зыянлы ақыбетлери.** Миллий ғәрезсизлик идеясы өз формасына ийе болған ҳәм адамзат раўажланыўына өзиниң үлкен үлесин қосқан халқымыздың бай ҳәм узақ тарийхый раўажланыў жолын басып өткен руўхыйлық булақларынан азық алған. Бир ўақыттың өзинде ол пүткил халқымыздың өзлигин аңлаў, руўхыйлық жетискенлик факторы болып хызмет қылмақта.

Бир қараста мәселениң бундай қойылыўының мәниси жоқтай болып қоринеди. Биз кеше ғана дуньяға келгенимиз жоқ , бәлки узақ тарийхқа ийе болған ҳәм ким екенлигимиз мәлим халық екенбиз, өзлигимизди аңлатыўға не зәрүрлик бар? Лекин мәселениң басқа бир тәрепи бар. Халқымыз узақ ўақыт ғәрезлиликте жасады. Дәслеп, Патша Россиясы, кейин Қызыл Империя дәўиринде көплеп мәденият дурданалары жоқ қылынды, динимиз ҳәм тилимизден бийганаластырыўға ҳәрекет қылынды, руўхыйлығымыз дереклеринен күш алыўымызға жол қойылмады, «миллийлик», «миллий мақтаныш» сөзлерин тилге алыў гүнә болып есапланды. «Ким едик?» деген сораўға «жазыўың, мәдениятың тилге алыўға арзыйтуғын тарийхың жоқ өзбексең» жуўабын алдық. «Ким

болдық?» -деген сораўға өзгелердиң «жәрдеми» менен мәдениятлы болған халықсаң» деген жуўапты еситтик.

Нәтийжеде, тарийхый сананы зор берип жоқ қылыўға, халықты мәңкүртлестириўге қаратылған сиясат себепли, өзлигимизди жоқ етиў дәрежесине келип қалдық. Буның тийкарғы себеплеринен бири миллий мәдениятымыз, тилимиз, үрп-әдетлеримизге балта урыўда, халқымыз арасынан да айырым «кимселер» табылды. Демек, өзимиз ҳәм «үлкен үлес» қостық.

Миллий өзликтен жат болыў ҳаққында сөз барар екен, буның ушын бир үлкениң ишки жағдайы менен байланыслы екенлигин де умытпаўымыз керек. Белгили, XVI әсирден баслап үлкедеги сиясий, экономикалық кризис бөлеклениў ҳәмде оның менен байланыслы рәўиште руўхыйлық-ағартыўшылық жемирилиў процесси барған сайын күшейип барды. Үлке жәҳән раўажланыў жолларынан шетте қалды. Россия мусылман үлкелери билимли алымларының устазы болған, жәдидшилик ҳәрекетиниң ирге тасын қойған Исмоилбек Гаспарали соңғы әсирлер даўамында Түркстан үлкесиниң кризиси себеплерин былай көрсетеди: «Шах Темир заманында ҳәр бири бир арыслан уғлан түркистаныйлар бул заманда тәсири зулым ҳәм колониаллық дүзим менен қандайда бир шашсыз ҳаял сияқлы әжизлер паясына кирер еди. Ески илим ҳәм уламадан хеш шығармалар қалмаған. Қалыс ҳәм ҳадал (киси) қалмай, узын шапанларға, хилъатларга оралған риякар көбейген еди. Залымлар жолын тосатуғын шәраят әҳли (халқы) тамам болып, залымларға пәтия берип, бес-он тиллә алтын ушын сабақтан ақшамға шекем «омин, омин» айтып, миллетти қарап еткенлер сансыз еди. Қандай бахытсызлық, бир ушы Саъди Шынға, бир ушы Орта жер теңизине шыққан салтанат баҳадырлардың әўлады жаслықта баччалик, соң баччабозлық ҳарамлықлары ишинде өмир кеширер еди. Қаҳраманлық майданында Шайбонийлар, Темурийлардың исми-шәриплери умытылғанлығы сияқлы илим майданында Ибн Синалар, Фарабийлер, билимлендириў майданында Али Қушчи, Улуғбеклер естен шығып, пүткил Мавереннахр аўыр жағдайға келип қалған еди. Илим, ҳәм билим, билимлендириў, иззет-нәпс, ҳүрмет-итибар жаўызлыққа айланған еди. Бул сөзлер бәлким ашшы сөзлер шығар, бирақ ҳақыйқат сөзлер. Тарийх жазатуғын тарийхшы қасида жазатуғын мырза емес[57]» «Ҳиндистанда бир француз бенен бухаралы мүдәрристиң жәдид мектеплери ҳаққында алып барған айтысы» шығармасында Фитрат елдиң аянышлы экономикалық қалақлығы, халықтың руўхый езилиўиниң сүўретин сызып береди. Бухаралық мүдәрристтиң елдиң аўҳалы ҳаққында айтқан сөзлерин еситкен француз ҳайран болып, жағасын услайды. «Бай, бай, бай. Бул қандай мусулманлик, бу қандай диянат. Мусулманлардың өз шариятларын соншелли қуўдалаўы алдында бизден қорқып, күтип атырған зияны (адасыў)лары ҳеш нарсе емес екан» деп айтады.

Соның ушын да наданлық ишинде қалған жәмийеттеги иллетлер, тәрбиясызлыққа қарсы гүрес XX әсир басларындағы жетекши зыялыларымыздың бас мақсетине айланған еди. Беҳбудий «Падаркуш» трагедиясында өз атасын өлтирген Ташмурат жынаяты ҳаққында Зиялы тили менен сондай дейди: «Илим ҳәм тәрбиясыз балалардың ақыбети солдур. Оҳ, ҳақыйқаттан да байды өлтирген ҳәм жигитлерди мәңги азапқа гирипдар қилған илимсизликдур. Бизлерди ўайрангершиликке ушыратқан, бийўатан ҳәм бенде қылған тәрбиясызлық ҳәм кеўли соқырлық. Ўатансызлық, дарбадарлық, жарақат, пақырлық ҳәм зәрүрлик ҳәм қорлықлар ҳәмме илимсизлик ҳәм тәрбиясызлықтың мийўеси, нәтижесидур»[58]

---

[57] Кучирма. Б.Қосимовнинг «Миллий уйғониш» китобидан олинди, 189-190 б.

[58] Беҳбудий М. Асарлар 2-жилд-Т. Ғ.Ғулом номидаги Адабиет ва санъат нашриети, 1994 271-272 б

Абдулла Авлоний да «Биз ҳәм Сиз» мийнетинде елиниң басына түскен бахытсызлықларын жәмийеттиң иллетлер батпағына батқанынлығында, тәрбиясызлық тамыр атқанлығында көреди. Өзин өлтириўге қарар еткен шығарма қаҳраманы Камалдың тилинен төмендегилерди айтады: «Сиз! ... Сиз, мени бу ҳалға салған, сиз, сиз – жәҳәлат қурбонлари, сиз! Сиз, ески турмыс тутқынлары. Сиз»[59]

«Өзиңнен шыққан бәлеге, қаяққа барасаң даўаға» дейди халқымыз. Соның ушын да тарийхый ҳалатты терең ҳәм дурыс аңлаған зыялылар адамлар санасын, дәслеп, наданлықтан халас етиўге, Чўлпон сөзи менен айтқанда «дәслеп миллий сезимди өстирип өз миллетин танытыў»ға, «өшкен, жарадар кеўилге рух бериўге» умтылыўды билдиреди.

Ғәрезсизлик бул жол қойылған қуўғын қылыўлар ҳәмде қәтелерди дүзетиў мүмкиншилигин берди. Ғәрезсизлик шәрапаты менен «ата-бабаларымыз тәрепинен көп әсирлер даўамында жаратып келинген оғада үлкен, теңи-тайы жоқ руўхый ҳәм мәдений мийрас тиклене баслады» ҳәм «халқымыз өзине тән миллий мәденияттың ийесине айланды»[60]. Бурыңғы совет аймағындағы республикалардың соңғы 10-15 жыллың тарийхы соны көрсетти, сиясый еркинликти әдеўир тез ҳәм қан төкпестен қолға киргизиў мүмкин. Инсан, миллет тәбийғый түрде раўажланыўға умтылар екен, оған тийкар жарататуғын экономикалық еркинликке ерисиў мүмкин, бирақ ойлаў еркинлигине ерисиў адам санасына зорлық пенен сиңдирилген жалған догмалардан, советлер дәўиринде ҳәр қыйлы ўақыт ишинде арттырылған иллетлерден, пикир қарамлығынан, руўхый қуллықтан қутылыў әдеўир қыйын кешеди. Әлбетте, узақ даўам еткен жеке идеологиялық зорлықларға қарамай, халқымыз тарийхы ҳәм қәдриятларын, өзине тән үрип-әдетлери, салт-дәстүрлерин сақлап қала алды. Бирақ миллий идея негизинде жатқан өзликти аңлаў ҳақыйқый тарийхымызды пүткил байлығы ҳәм қурамалығы менен билгенде ғана мүмкин болады. Болмаса ол қуры гәпке айланады, күннен-күнге сайызласып бара береди, әпиўайы менменликтен арыға өтпей қалады.

Соның ушын да Президент И.А.Каримов тарийхшы илимпазлар ҳәм журналистлер менен сәўбетлескенде: «Солай екен, өз тарийхын билген, оннан руўхый қуўат алатуғын халықты жеңип болмас екен, биз ҳақыйқый тарийхымызды тиклеўимиз, халқымызды, миллетимизди әне усы тарийх менен қуралландырыўымыз зәрүр. Тарийх бенен қуралландырыў, және бир мәртебе қуралландырыўымыз керек»[61] - деп айырықша атап өткен еди. Миллий ғәрезсизлик идеясы да беккем шын өмирлик тийкарға, халқымыздың терең тарийхый негизине таянады. «Ким едик?» деген сораўға жуўапты тынымсыз излеўге шақырып, миллий өзлигимизди терең аңлаўға жәрдем береди.

**Миллий ғәрезсизлик идеясы-миллий өзликти тәрбиялаў, қәдирлеў, сақлап қалыў факторы.** Адам «бир пәрше гөш» болып дүньяға келеди ҳәм ол дәслеп тәбийғый инстинктлер менен жасайды. Әсте-ақырын өзи жасайтуғын шаңарақ тәсири, соңынан мәҳәллә, оқыған билим дәргайы, жәмийет тәсиринде инсан дүнья қарасы қәлиплеседи, шахсқа айланып барады.

Жәмийеттен сыртта болса, ол ҳайўанат дүньясының басқа ўәкиллеринен парық қылмайтуғын, өзлигин аңлаўға қәдир емес жаныўарлығынша қалады. Жәмийеттен тысқарыда өзиниң инсаний қәсийетлерин сақлап қалған Робинзон Крузо ямаса Маугли сыяқлы әдебий қаҳраманлар тек сана, ой-қыял нәтийжеси.

---

[59] Абдулла Авлоний Танланган асарлар 2-жилд-Т. 1998 185-186 бетлер

[60] Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиет йулида 6-жилд-Т. Ўзбекистон 1998 125 б.

[61] Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қулимиз билан қурамиз 7-жилд-Т. Ўзбекистон 1999 159 б.

Атақлы инглис жазыўшысы Даниель Дефоны Робинзон Крузо образын жаратыўға түртки болған реал шахс – Александр Селькирк тарийхы буған айқын мысал бола алады. Өзи менен қарама-қарсылыққа барған бул матросты кеме капитаны кимсесиз атаўға таслап кетеди. Ол бар-жоғы төрт жылдан аслам ўақытты жалғызлықта өткереди. Бирақ усы ўақыт ишинде-ақ ол адамдай сөйлеўди, қатнаста болыўды умытып кетеди, бир сөз бенен айтқанда, пүткиллей адамға тән қәсийетлерин жойытады.

Демек, адамның Инсан мәртебесине ерисиўи, өзлигин таныўда, руўхый-социал орталық ҳәм жәмийетте арттырған тәжирийбеси, билимлери, тәрбиясы оғада зәрүр. Инсан санасына шаңарақ, жәмийеттеги тарийхый шәрт-шәраят, жәмийеттеги сиясий, экономикалық ҳәм идеологиялық жағдайлар өз тәсирин көрсетер екен, оның өзлигин – миллий өзлигин аңлаўда тәлим-тәрбияның әҳмийети оғада үлкен. «Тек ғана шын билимли, ағартыўшы адам инсан қәдрин, миллий қәдриятларды, бир сөз бенен айтқанда, өзликти аңлаў, еркин ҳәм азат жәмийетте жасаў, ғәрезсиз мәмлекетимиздиң дүнья жәмийетшилигинде өзине тән ҳәм мүнәсип орын ийелеўине пидәйылық пенен гүресиўи мүмкин»[62]

Соның ушын да, миллий идея ўақыялыққа айланыўы, раўажланыўға хызмет қылыў ушын миллий-руўхый тиклениў негизинде пуқараларымыз санасын өстириў зәрүр. Миллий өзлик сезимин, оны қәдирлеўди тәрбиялаў лазым. Абдулла Авлоний айтқан «тарбия бизлер ушын я өмир, я өлим, я жәрдем – я пәлекет мәселесидур» деген сөзлери бүгинги күнде жаңаша мазмунға ийе болып, өз актуалллығын жойытпаған. Авлоний және-дейди:

**«Худонинг раҳмату файзи ҳама инсонга яксардур,**
**Ва лекин тарбият бирла етушмак шарт акбардур.**
**Туғуб ташлов ила бўлмас бола бўлгай бало сизга,**
**Вужуди тарбият топса, бўлур ул раҳнома сизга.**
**Темурчининг боласи тарбият топса, бўлур олим,**
**Бузулса хулқи, Луқмон ўғли бўлса, бўлғуси золим.**
**«Ёмонларга қўшилди Нуҳнинг ўғли, бўлди беимон,**
**Юруди Кахф ити хўблар ила бўлди оти инсон»**[63]

«Руўхыйлық пенен қуўатланбаған билим жабайы адам қолындағы шоқмарға айланады» деген еди бир алым. Адамзат тарийхында өз билими, талантын жаман, бузғыншылық ислерине сарып етип, өз жақынлары, халқы, пүткил адамзат басына мүсийбет келтирген адамлар аз болған дейсизбе? Жазыўшымыз Ўлмас Умарбеков усы мәнисте «Одам болыў қыйын» деген мийнетин жазады ҳәм онда жәмийетимиздеги руўхый кәмбағаллық ҳалаты көрсетилген. Усы тәрептен жәдид зыялыларынан бири Муҳаммад Саъид «Ойина» журналындағы мақаласында (1914 жыл 31 сан) кәмил инсан тәрбиясы ҳаққында пикир жүритип, Ибн Маъсудниң сөзлерин келтирер екен, жәдидлердиң бул ҳаққындағы пикирлериниң бүгинги күнде де өз актуаллығын жойытпағанлығын көремиз: «Ҳәр кисиниң иймани илимине байланыслы, ҳәр истиң илими қаншелли болса, ҳәр адамның намысы қаншелли болса, оның әдеп ҳәм тәрбиясыда соншелли»[64].

«Жәмиет мәдениятсыз, руўхый-әдеп-икрамлылық қәдриятларысиз жасай алмайды. Оларды писент қылмаған жәмийет ахыр-ақыбетте – кризиске ушырайды». Президент И.Каримовтың ҳикметке айланған бул сөзлери адамзат

[62] Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиет йулида 6-жилд-Т. Ўзбекистон 1998 325 б.

[63] А.Авлоний. Танланган асарлар. 2жилд, -, Т, 1998, 35-36 б.

[64] «Ойина» (1914-1915 й) – Т: Академия, 2001, 22 б.

тарийхы, атап айтқанда халқымыздың мың жыллық әдеп-икрамлылық, руўхый раўажланыў тарийхы барысындағы терең билимлер нәтийжеси. Соның ушын да Президентимиз Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң I шақырық тоғызыншы сессиясында (1997 жыл 29 август) сөйлеген сөзлеринде тәлим-тәрбия тараўындағы реформалар мазмунын сондай белгилеп берген еди: «Бизге питкериўшилер емес, ал мектеп тәлими ҳәм тәрбиясын көрген шахслар керек»[65]

Әне усындай тәлим ҳәм тәрбия көрген шахслар ғана «Ким едик?», «Ким болдық?», «Ким болмақшымыз?» деген сораўларға тынымсыз жуўап излейди. Сонда адамларымыз миллий мәдениятымыз булақларына, дереклерине абайлы қатнаста болыўды үйренеди, жәҳан мәдениятын тереңирек билиўге, улыўма инсанийлық қәдриятларға сүйенип жасаўға үйренеди. Қәдриятларымызды ҳәзирги демократиялық жәмийеттиң қәдриятлары менен қатнаста көре биледи. Сонда ғана халқымыз миллий өзлигин күнден-күнге терең аңлап, руўхый раўажланыўға ериседи, келешекке реал көз бенен қарайды. Әне усында миллий идея социал турмыс тараўларына еңгизиледи ҳәм раўажланыў факторы болып хызмет қылады.

## 8-тема Миллий идея ҳәм миллий мәнеўий

**Миллий мәнеўий қәдриятлар түсиниги . Қәдириятлар оның тәрийпи ҳәм таўсифи.** Ҳәр қандай социаллық қубылыстың, соның ишинде миллий идеяны миллий мәнеўий қәдириятлардың мәнисин ашып бериў ушын төмендегилерге анықлық киритиў: түсиниктиң анықламасы (дефинициясы); түсиниктиң минезлемеси; миллий мәнеўий қәдириятлардың мазмуны; олардың келип шығыўы ҳәм раўажланыўы (эволюциясы); социаллық мақсети ҳәм ўазыйпалары (функциялары); дүзилиси (структурасы); әмел қылыў усылы ҳәм қураллары (технологиясы); формалары ҳәм көринислери классификациясы ҳәм әсиресе жәмийет турмысының басқа тараўларына тәсирин билиў керек.

«Қәдирият» түсиниги жүдә кең түсиник.Оның бир бөлеги-мәнеўий қәдириятлар. Миллий мәнеўий қәдириятлар –«миллийлик», «мәнеўият» ҳәм «қәдирият» түсиниклери кесискен точкада жәмленген социаллық қубылысларды өз ишине алады. «Миллий мәнеўий қәдириятлар» түсинигине төмендегише анықлама-бериў мүмкин. Белгили миллет ўәкиллери ушын зәрүр ҳәм әҳмийетли, әзийз ҳәм ардақлы болған, мәпи ҳәм мақсетлерине хызмет қылатуғын мәнеўий байлықлар, әмеллер ҳәм принциплер, идеялар ҳәм нызамлар миллий мәнеўий қәдириятлар есапланады. Ҳәр бир халықтың өзи ушын хүрметли, қымбатлы болған мәнеўий байлықлары болады.Олар әсирлер даўамында әўладтан әўладқа өтип келген, ҳәзирги күнде ҳәм өзиниң әҳмийети ҳәм қәдирин жоғалтпаған, сол халықтың мақтаныш дерегине айналған дүрданалары. Мәселен, қырғыз халқы «Манас» дәстаны менен, мысырлылар әййемги пирамидалар, французлар Париждеги Лувр сарайы, өзбеклер Самарқанд, Бухара ҳәм Хийўа менен ҳақылы рәўиште мақтана алады. Миллет ҳәм елатлардың өзине тән тарийхый мийрасы, искусствосы ҳәм әдебияты менен бир қатарда олардың үрип-әдет ҳәм мәресимлери, мәдений мүнәсебет ҳәм әдеп-икрамлық пазыйлетлери ҳәм мәнеўий қәдириятлар системасына киреди. Булар халықтың өзине тәнлигин сақлап қалыўда, жас әўладты тәрбиялаўда, жеке адамның социалласыўында үлкен роль ойнайды. Миллий мәнеўий қәдириятларда халықтың дүнья қарасы ҳәм турмысқа мүнәсибети ишки тәбияты ҳәм турмыс образы өз сәўлелениўин табады. Буларда миллеттиң руўхый дүньясы ҳәм ойлаў образы, арзыў-үмитлери ҳәм идеаллары, ҳүжданы ҳәм ар-намысы сәўлеленеди. Миллий қәдириятлар халықтың күнделик турмысы ҳәм турмыс образында өзине тән мезон ўазыйпасын атқарады. Усы қәдириятлар қатнасында түрли қубылыс ҳәм халатларға, жаңадан пайда болып

[65] Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиет йулида 6-жилд-Т. Ўзбекистон 1998 331 б.

атырған искерлик түрлери ҳәм үрп әдетлерге баҳа бериледи. Жас әўладтың турмыслық планлары «Заман қаҳарманы» туўралы көз алдына келтириўлери ҳәм мәнеўий қәдириятлардан келип шығып қәлиплеседи.

**Миллий идея ҳәм мәнеўий қәдириятлардың тығыз байланыслылығы.** Миллий мәнеўий қәдириятлар-унамлы әдеп-икрамлылық қәсийетлерди орнықтырыў, мәмлекет ҳәм миллет раўажланыўына тоғанақ болатуғын унамсыз иллетлерди сапластырыў факторы.

Миллий идея ҳәм мәнеўий қәдириятлар арасында тығыз байланыс, өз-ара тәсир бар болып, бул төмендегилерде өз сәўлелениўин табады.

Бириншиден, миллий қәдириятлар миллий идея ушын мәнеўий негиз, дерек болып хызмет қылады.

Екиншиден, миллий идея қәдириятларды байытыў, және де жоқарғы басқышқа көтериў, адамлар санасы ҳәм қәлбине миллий қәдириятларды сиңдириў факторы болып есапланады.

Үшиншиден миллий идея халықтың түп мәплери көз-қарасынан бар мәнеўий қәдириятларға баҳа береди, унамлы тәреплерди раўажландырыў унамсыз ҳалатларды бийкарлаўдың мәнеўий өлшеми болып майданға шығады.

**Жоқары манәўият- келешек тийкары**.
**Ислам Каримов.**

Мәнеўият, қәдириятлар ҳәм миллий идея-жәмийет турмысының жүдә қурамалы ҳәм көп қырлы өз-ара тығыз байланыслылықта болған тараўлары. Мәнеўият, миллий қәдириятлар ҳәм ғәрезсизлик жыллары айрықша алынған ҳәр бир жеке адам турмысында ҳәм жәмийеттеги түрли топар ҳәм қатламлар искерлигинде ҳәм улыўма инсаният раўажланыўында ҳәм үлкен әҳмийетке ийе. Миллет ҳәм мәмлекет раўажланыўының мәлим дәўирлеринде мәнеўият ҳәм миллий идея ең актуаль, ҳал қылыўшы фактор болып майданға шығады. Өзбекстан ғәрезсизлигиниң тийкарын салыўшы Ислам Каримов тәрепинен ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап раўажланыўдың өзине тән ҳәм өзине сәйкес жолын белгилеўши миллий мәнеўий қәдириятлар мәселесине жүдә үлкен итибар берилди. Халқымыз мәнеўиятын раўажландырыўдың илимий-теориялық, фундаменталь концепциясы ислеп шығылды.

Әйне пайытында, уллы келешекти жаратыў жолында халықты бирлестирип, бирликли қыла алатуғын, жаратыўшылық ислерине бағдарлап, руўхый таяныш бола алатуғын миллий идеяны қәлиплестириў проблемасы журтбасымыз Ислам Каримовтың дыққат орайынан бир минутта шетте қалған емес.

«Өзиниң өмирин алдына қойған мақсетлерин анық сезе алатуғын өз келешеги ҳаққында қайғыратуғын миллет ҳеш бир дәўирде миллий идея ҳәм идеологиясыз жасамаған ҳәм жасай алмайды да.[66]

**Ислам Каримов.**

Айта келсек, мәнеўият,қәдириятлар ҳәм миллий идея халықтың бүгинги турмысы ушын ҳәм ертеңгиси ушын шексиз әҳмийетке ийе болған мәнеўий-социаллық салалар.

Миллий өзликти аңлаў анық мәнеўий қәдириятларды өзлестириў, өз халқының тарийхы, мәдений мийрасын үйрениў, бүгинги ҳалатын ертеңги перспективасын анық сезиўден басланады. Ҳәр бир инсанның мийнети, искерлиги, турмыслық мақсетлери мәлим бир қәдириятларға ерисиў, материаллық ҳәм мәнеўий байлықларға ийе болыўға бағдарландырылған болады.

---

[66] Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. –Т.: Ўзбекистон, 2001, 5-6 бетлер.

Миллий мәнеўий қәдириятлар көп әсирлик тарийхқа ийе. Өзбекстандағы тарийхый естеликлер, мәдений ядгарлықлар я үрип-әдет ҳәм мәресимлерди анализлеў булардың пайда болыўы жүдә әййемги заманларға барып тақалыўын көрсетеди. Мысал ушын "Авестоны" алайық.Буннан 2700 жыл бурын он еки мың мал терисине алтын ҳәриплер менен жазылған бул шығарма пайда болыўы ушын оннан әўел ҳәм кеминде нешше мың жыллық дәўир өткенлигин, терең турмыслық тәжирийбе ҳәм ҳикметлер топланғанлығы шубҳасыз. Бул шығарма жоқары мәдений турмыс, философия ҳәм илим каллиграфия раўажланыўы нәтийжесинде жаратылғанлығы ушын ҳәм усы бүгинги күнге дейин өз қунын жоғалтпады.

Дәўирдиң өтиўи менен миллий мәнеўий қәдириятлар ҳәм өзгерип раўажланып жаңаланып, байып барады. Заман руўхына ҳәм раўажланыў талапларына сай келмей қалған норма ҳәм талаплар бийкарланады. Жаңа сезиў ҳәм жантасыўлар, пазыйлет ҳәм үрп-әдетлер турмысқа кирип келеди. Буған күнделик турмысымыздан, турмыс образы-кийиниў, аўқатланыў той әнжамларын өткизиў ҳәм басқалардан көплеп мысаллар келтириў мүмкин. Адамзаттың соңғы ярым мың жыллық өмири даўамында жәҳән базары пайда болды, экономика ҳәм мәдениятлардың өз-ара тәсири күшейди. XXI-әсир басына келип хабар технологиялары себепли глобалласыў процесси жаңа басқышқа көтерилди. Бул шараятта миллий қәдириятларға жәрдем болатуғын тәсир шексиз дәрежеде күшейди. Бул тәсир, бир таманнан миллий мәдениятлардың байыўы, қәдириятлардың қайта баҳаланыўы ҳәм раўажланыўына, екинши таманнан, миллеттиң руўхыяты ҳәм қәдириятына жат болған әдет ҳәм ҳәрекетлердиң кирип келиўине себеп болды.

И.Каримов ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап миллий мәнеўий қәдириятларды раўажландырыўға айрықша итибар берип келмекте. Бир дүзимнен басқасына өтиў дәўиринде халықтың руўхыяты ҳәм қәдириятларында әҳмийетли өзгерислер жүз береди. Өз өмирин жасап болған идеялар ҳәм идеологиялық догмалар заманға сай келмейтуғын мүнәсибет ҳәм пазыйлетлердиң орнын жаңалары менен толтырыў аңсатлық пенен болмайды. Соларды есапқа алып айтыў мүмкин, миллий өзликти аңлаў, тарийхый ядты тиклеў келешекке кәмил исеним сезимин оятыў ушын мәнәўият, миллий-мәнеўий қәдириятлар жүдә әҳмийетке ийе.

**Миллий мәнеўий мийрас, қәдириятлардың қурамы көринислери.**Миллий мәнеўий мийрас ҳәм қәдириятлар түсиниги кеңирек қамтыйтуғын түсиник болып, оның қурамы төмендегилерден ибарат:

-тарийхый мийрас ҳәм тарийхый яд;
-мәдений естеликлер, аўызеки дөретпелер,ески қол жазбалар;
-илим пән жетискенликлери ҳәм философиялық ойлаў дүрданалары;
-исскуство ҳәм миллий әдебият;
-әдеп-икрамлық пазыйлетлер;
-диний қәдриятлар;
-үрп-әдет, дәстүр ҳәм мәресимлер;
-мәрипет, тәлим-тәрбия ҳәм басқалар;

Миллий-мәнеўий қәдриятлар системасында тәрийхый мийрас ҳәм тарийхый яд әҳмийетли орын тутады. Мәнеўиятты раўажландырыў ҳәм халықтың руўхын көтериўде тәрийхый мийрас ҳәм тәрийхый ядтың жүдә үлкен әҳмийети бар. Тарийхты ҳақыйқый үйрениў, оннан сабақлар шығарыў лазым.

Өзбек халқы жәҳән мәденияты ғәзийнесине минәсип үлес қосқан миллетлер қатарынан ҳүрметли орын ийелейди. Мәдений естеликлер, скульптура искусствосы үлгилери әййемги қолжазбалар-миллий мәнеўияттың бийбаҳа дүрданалары, халқымыз ушын ең қәдирли ҳәм муқаддес болған байлықлар.

Буларды абайлап-асыраў келешек әўладларға жеткизиў мәнеўият тараўындағы ең актуаль ўазыйпа.

Илим-пән ҳәм оның жетискенликлери - миллий яки территориялық шегарадан шығатуғын пүткил жәҳән мақуллайтуғын, улыўма инсаниятқа хызмет қылатуғын байлық. Бирақ алымның дөретиўшилиги ҳәм оның илимий ойлап табыўы әўеле оның миллети ҳәм Ўатанын дүньяға танытады, миллий қәдириятлардың бәрин адамзаттың жетискенликлерине айналдырады.

Миллийлик, халықтың руўхыяты ҳәм мәнеўияты, айрықша, искусство ҳәм әдебият раўажланыўында жарқын сәўлеленеди. Жақсылық ҳәм пәкликти, инсаныйлық ҳәм ҳадаллықты жырлаған уллы шығармалар, қайсы жанрда який қайсы тилде жаратылғанына қарамастан, дүньяға танылады, тийкарынан және усы миллеттиң халық аралық абройын жоқарылатады.

Миллий-мәнеўий қәдириятлар системасында әдеп-икрамлылық сапалар, диний қәдириятлар мүнәсип орын ийелейди ҳәм миллий өзликти аңлаўдың әҳмийетли шәрти, факторы сыпатында пайда болады. Әдеп-икрамлылық ҳәм диний қәдириятлар көбинше өз-ара байланыслы болып, жәмийеттиң мәнеўий раўажланыўында, жас әўлад тәрбиясында бирдей жүдә әҳмийетке ийе.

Усыларды есапқа алып, Президент Ислам Каримов «Туркистан-пресс» агентлиги хабаршысының саўалларына жуўап берер екен, мәдений, мәнеўий, әдеп-икрамлылық қәдириятларды сақлап қалыў ҳәм әўладтан әўладқа жеткизиўде динниң үлкен хызмети барлығын түсиндиреди: «Диний қәдириятлар, исламлық түсиниклер турмысымызға соншелли сиңип кеткен, оларсыз биз өзлигимизди жоғалтамыз»[67] деп белгилейди.

Ҳәр бир халық, миллет жаратқан мәнеўий қәдириятлар, оның дүнья қарасы ҳәм турмысқа мүнәсибети, өзине тән бийтәкрар қәсийетлери айрықша үрп-әдет ҳәм мәресимлерде толығы менен көринис табады.

Тәрбия ҳәм тәлимниң миллий өзгешеликлери ҳәм мәнеўий қәдириятлар системасында өз орнына ийе. Халықтың келешеги жасларға байланыслы екенлиги қаншалық ҳақыйқат болса, булардың миллий руўхты тәрбиялаў зәрүрлиги де улыўма айтып өтилген. Миллий тәрбия халықтың өзин-өзи сақлаў ҳәм перспективасын тәминлеў факторы. Жуўмақлап айтқанда, миллий мәнеўий қәдириятлардың ҳәр бир составлық бөлеги халықтың ғәрезсизлигин беккемлеў ҳәм келешегин тәмийинлеўде үлкен әҳмийетке ийе.

**Миллий қәдириятлар-миллий идеяның мәнеўий негизи.** Миллий идея миллет саналылығының жемиси, социаллық сананың жоқары дәрежедеги формасы,халық философиясының өзеги. Түрли халықлардың миллий идеясы олардың мақсет-мүддәҳәлерин, арзыў-үмит ҳәм исеним инанымын сәўлелендиреди, әйне пайытта бул принцип ҳәм негизлерге тийкарланып раўажланады. Тарийх сабақларының гүўалық бериўинше, өткинши мәп ҳәм ғарез нийетлерге сүйенген, өзге халықлар ҳәм журтларға жаўызлық қылыўды, басқыншылықты гөзлеген жаўыз идея ҳәм идеологиялар миллет ҳәм мәмлекетлерди дағдарысқа дуўшар еткен. Тек жақсылық идеялар ҳәм жоқары қәдириятлар негизинде қәлиплескен миллий идеялары халықларды раўажланыўға ендирген.

Өзбекстан халқының миллий ғәрезсизлик идеясы улыўма инсаный ҳәм миллий қәдириятларға сүйенеди. Булардың биреўи екиншисин бийкарламайды.

«Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер» брошюрасында төмендеги миллий өзгешеликлер келтирилген:

-халқымыз турмысында әзелден жәмәә болып жасаў руўхының үстинлиги;

---

[67] Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз Билан қурамиз 7-жилд-Т.: Ўзбекистон 1999 349-355-б

-жәмәә тымсалы болған шаңарақ, мәҳәлле, ел-журт түсиниклериниң муқаддеслиги;

-ата-ана, мәҳәлле, улыўма жәмәәтке жоқары ҳүрмет-итибар;

-миллетлердиң өлмес руўҳы болған ана тилине муҳаббат;

-үлкенге –ҳүрмет кишиге иззет;

-меҳир-мухаббат, гөзаллық ҳәм нәзиклик-турмыс мәңгилигиниң тымсалы-ҳаял затына ҳүрмет;

-сабыр-тақат ҳәм мийнет сүйгишлик;

-ҳадаллық, меҳир-мүриўбет ҳәм басқалар”[68]

Өзбек миллий қәдриятлары инсан ҳәм миллет турмысының ҳәмме буўынларында пайда болады. Миллий тәрбиямызға тән болған меҳир-мируўбет, әндийше, ар-намыс, ийбелилик киби бийтәкирар пазыйлетлер халқымызды көп тәрептен ажыратып туратуғын баўыры кеңлик, миймандослық ҳақ кеўлилилик өзгешеликлерин сүўретлеў арқалы оларды пүткил қәдрият дәрежесинде орынға ийе екенлигин белгилеп өтиў лазым.

Адамзаттың көп мың жыллық тарийхы барысында шаңарақ, шаңарақлық мүнәсибетлер жүдә үлкен раўажланыў жолын басып өтти. Түрли дәўирлер буларға өз тәсирин өткизди. Мәниси бир болсада түрли халықларда шаңарақлық мүнәсебетлер түрли формаларда пайда болды.

Өзбек шаңарақларында үш-төрт ҳәтте бес әўлад ўәкиллери (яғный кемпир апа, аталар, ата-аналар, перзентлер, ақлықлар ҳәм шаўлықлар) өз-ара аўызбиршиликте жасады. Ҳәр бир буўынның өз ўазыйпасы ҳәм жуўапкершилиги, өз ерки ҳәм абройы бар.

Шаңарақ-муқаддес. Шаңарақ қурыў-жүдә жуўапкершиликли ис. «Шаңарақ – ескилик элементи емес». Ол муқаддес, шаңарақта миллет келешеги жәмленген. Жасларды тарбиялаў, камалатқа жеткизиў, илим-өнер бериў, үйли-жайлы қылыў- көпшилик шаңарақлардың ең жоқарғы мақсети. Өзбектиң турмыстан гөзлеген тийкарғы муддаҳәси – бала-шағалы болыў, булардың тойын, арзыў-ҳәўеслерин көриў. Жас әўладты турмысқа жолландырыў, булар ушын белгили басланғыш точка-старт позициясын жаратып бериўге байланыслы мүнәсибет түрли миллетлерде түрлише. Айырым халықлар менталитетинде перзентлер ер жетиўден ата-анасын таслап, тек өз күши менен бийғарез аяққа турыў ушын үйин тәрк етеди. Өзи ҳәм шаңарақ қурып, перзент көрип, оны үлкен еткенде ол ҳәм әўладлар мийраслығына шек қойып шаңарағын тәрк етеди.

Өзбеклерде жаслар ушын жүдә жоқары старт позициясы жаратылып, турмысқа жолланылады. Үйленип атырған жигитке railinde 1-2 өжирели үй, турмысқа шығып атырған қызға мебель буйымлар ҳәм үй әнжамлары сыйлық етиледи. Еки жас перзентли болыўдан өз нәўбетинде эстафетаны қабыл қылып, кейинги әўладты турмысқа таярлай баслайды. Бул миллий қәдрият шаңарақлық мүнәсибетлерде ҳәм жүзеге келиўи мүмкин болған бийганаласыў процессин сапластырады, әўладлар мийрасына уллы тийкар жаратады. Әйне пайытта бул қәдрият жаслардағы ийек артыўшылық, бийғамлық, өз турмысы ушын жуўапкершилигин тек үлкенлерге тапсырып қойыў киби иллетлерди бийкар қылады, өз келешегин өз қолы менен жаратыўға ықласын күшейтеди. Бирликли шаңарақларда көпшилик мәселелер өз-ара пикир алмасыў, мәсләҳәт ҳәм кеңес арқалы ҳал етиледи. Ер-ҳаял, қәйинене, келин, аға-инилер арасында пайда болатуғын базы қарама-қарсылықлар мәҳәлле ҳәм ағайин-туўысқанлардың қатнасларында сапластырылады.

Мәҳәлле өзин-өзи басқарыўдың өзбек халқы жаратқан ең үлкен жетискенлиги, ақылға сыйымлы формасы. Мәҳәлле–тарбия мәсканы, ҳәр бир шаңараққа таяныш ҳәм сүйениш екенлиги көпшиликке аян. Өзбек халқының

---

[68] Миллий истиқлол ғояси асосий тушунча ва тамоиллар 49-б.

турмысы, күнделик турмысы, қадриятлары менен танысқан қалыс пикирли сырт еллилер мәҳәллени сийрек қәдрият, уллы ойлап табыў сыпатында тастыйықлайды.

Қоңсы-қобашылық мүнәсибетлери узақ тарийхқа ийе болып, әсирлер даўамында бул бойынша белгили қәдриятлар қәлиплескен. Жәҳән тарийхының бирнеше әсиринде хүкимлик еткен жатласыў, узақласыў процеси бул тараўға ҳәм өз тәсирин өткизген. Айырым жерлерде қоңсыларға биротала бийпарықлық жүзеге келген. Бундай ҳалаттың алдын алыў зәрүрли.

Өзбек халқының қәдриятлары системасында қоңсыларға мүнәсибет үлкен орын ийелейди. Халық жаратқан мақал ҳәм нақыллар (мәселен, «жанымдағы қоңсым-жан қоңсым», «Узақтағы ағайиннен жақындағы қоңсы абзал», «Ҳәўли алма—қоңсы ал» ҳ.т.б.) оның бул мәселеде өзине тән философиясы барлығын дәлиллейди.

Жақсы қоңсышылық мүнәсебетлери бузылған, арзымас себеп пенен қоңсылар жүз көрмес болған ҳалларда қаншама терең миллий қәдрият аяқ асты болғанлығы, бауырыкеңлик ҳәм келисим принципи аңсағанлығы аян болады.

Үлкенлерге хүрмет – инсанның турмыслық тәжирийбеси даўамында қәлиплескен қәдрият. Жанлы тәбиятта турмыс ушын түрли нызамлар бар. Нәсил қалдырыў, жаңа әўладқа меҳир қойыў, оны аяққа турғызғанша жан пидә қылыў ҳалатлары көпшилик ҳайуанларда байқалады. Бирақ қәрияларды хүрметлеў, кекселерге ҳүрмет, меҳир-мүриўбет көрсетиў - инсаный пазыйлет. Буларсыз миллий идеямызды көз алдымызға келтире алмаймыз.

Рәуият қылыўларынша, бир қәўимде мынадай әдет болған екен: әкеси қартайып, күшинен қалыўдан, баласы арқалап, ҳешким жоқ таўға апарып таслайды екен. Бир перзент әкесине реҳми келип, жасырып аўқат алып барып берип, оны өлимнен аман алып қалыпты. Баласын ойланған түринде көрген ата бунық себебин сорағанда, журтта оба тарқалғаны, шарасы табылмай атырғанын билипти. Және бир тәбийи апаттан, кейинги сапар душпанның хүжиминен қарияның мәсләҳатлары қәўимди қутқарыпты. Жигиттиң «даналығының» себеплерин журтласлары сорағанда, ол өлим жазасы қәўип қылса да атасын сақлап қалғанлығын, оның үгит ҳәм мәсләҳатлары дәртке асқанын айтыпты. Сол-сол екен, кекселер ҳүрметин жайына қойыў әдет болыпты. «Кексени қапта сақла, өлигин ҳәпте сақла».

Үлкенлерге ҳүрмет қылыўдай миллий қәдирият, гейбир жасы ҳәм илими уллылар қалып, мәнсабы жоқарыларға қуллық қылыў сыяқлы унамсыз халатларды мойынламайды. Әйне пайтта, халық тәрепинен көрсетилетуғын жоқары сыйласық кекселерге ҳәм үлкен жуўапкершилик жүклейди.

Ҳаял затына хүрмет-инсанияттың ярымынан көбин тутатуғын ҳаял қызларға болған мүнәсибеттиң ең жоқары шоққысы. Тарийхта ҳаяллар экономикалық ҳәм социаллық тәрептен хүким жүргизген дәўир матриархат деп аталған. Ҳүкимлик ерлерге еткен дәўирлерде ҳаялдың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин кемситетуғын мүнәсибетлер жәрияланған. Демократияның ең әҳмийетли жетискенлиги - ҳәр еки жыныстың тең ҳуқықлы ҳәм еркин болыўын тәминлеў.

Өзбекстанда жасайтуғын бәрше миллет ҳәм халықлар ҳаял-қызларға мүнәсибетте тийкарғы нызамның халықаралық ҳуқыққа сай қәделерине әмел қылады. Өзбеклер ҳаялға, әўеле, Ана, меҳрибан апа-сиңли, ардақлы қыз деп қарайды. Шаңарақта ҳаялдың өзине тән абыройы ҳәм орыны бар. Халықтың бас мәдений мийрасы, әдебияты искусствосы ҳәм философиясы миллий идеясында сәўлеленди. Сондай-ақ, ҳаяллардың гөззаллығы ҳәм эстетикасы, олардың опа ҳәм садықлығы тымсалы сыпатында жүзеге келеди.

Анаға болған хүрмет ҳәм садықлық-ең жоқары қәдирят. Соның ушын Ўатанға, миллий тилге мәмлекетлик тил статусы берилгенде Ана аты қосылады.

Миллий ғәрезсизлик идеясы аналар ушын, жәмийеттеги бәрше ҳаяллар ушын параўан турмыс, гөззал турмыс жаратыўды мақсет қылып, ҳаял-қызлардың еркинлик ҳәм өз қәдир-қымбатын аңлап жетиўине, өз потенциал ҳәм имканиятларын жүзеге шығарыўға шараят жаратыўды бас идеясында жәмлеген. Миллий идеяға мәнеўий дерек болатуғын миллий қәдириятлар шеңберине үрип-әдет ҳәм мәресимлер, оларға тийкар болған инсаныйлық ҳәм жәмәәтшилик принциплери, әдеп-икрамлық пазийлетлери киреди. Оның таянышы, негизи болып ҳәм хызмет етеди. Себеби бул қәдирятларда миллеттиң, халықтың руўҳы бирлескен.

**Миллий мәдений қәдириятларды байытыўда миллий идеяның әҳмийети.** Миллий-мәнеўий қәдириятлар ҳәм миллий ғәрезсизлик идеясының тығыз байланыслығы олардың өз-ара тәсиринде көринис табады.

Миллий идея мәнеўиятқа таянышы, оннан тиришилик ҳәм азық алыўы менен бирге, мәнеўий-руўхый турмысқа ҳәм унамлы тәсир тийгизеди. Миллий идея қәдириятларды және де көшейтиў, оларды адамлардың санасы ҳәм қәлбине сиңдириў, ғәрезсизлик ҳәм перспективаға сәйкес келмейтуғын тәреплерин сапластырыў ўазыйпаларын ҳәм әмелге асырады. Мәнеўий турмыстағы есапсыз қубылысларды. қәдирят ҳәм сыйларды халық мәплери ҳәм инанымы көз-қарасынан баҳалаў миллий идея өлшемлери менен өлшенеди.

Миллий идея дәслеп, ҳәр бир инсан ушын ең жақын болған шаңарақлық мүнәсебетлер ата-ана ҳәм перзентлер, аға-ини ҳәм апа-сиңлилер, ағайин-туўысқанлар арасындағы байланысларды жоқары мәнеўий қәдириятлар тийкарында қурыўды усынады. Өзбек халқы жаратқан, жәҳан халқы мойынлаған қайталанбас ҳәм уллы қәдирият-мәҳәллениң ҳүрмети ҳәм итибарын, оның өзин-өзи басқарыўдағы ролин асырыў ҳәм миллий идеяның үлкен ўазыйпасы. Дүньяда өзи туўылған, ер жеткен журтты Ўатан деп билмейтуғын, қай жерде қарны тойып тиришилик етсе, сол журтта қалатуғын адамлар ҳәм бар. Бирақ Ўатан туйғысы, ўатанпарўарлық сезим тек жетик ҳәм пидайы, ҳақыйқый ўатанпарўар инсанларға тән болған үлкен қадрият. Миллий идеяға садықлық - жоқары ўатанпарўарлықта, ғәрезсизликти беккемлеў ҳәм Ўатанның гүллениўин тәмийнлеўге жеке үлес қосыў тилегинде көринеди.

Өз миллетиниң тили ҳәм мәдениятынан, сол миллетке тийислилигинен арланатуғын, оның мәдениятыи ҳәм мийрасынан өзин шетке алатуғын айырым адамлар да гейде табылады. Бирақ ҳақыйқый миллетпарўар инсан өз халқының басына аўырманлық түскенде оны таслап кетпейди, миллий мақтаныш ҳәм ар-намысты қорғаўды, қәдирлеўди ең уллы қәдрият деп биледи. Миллий идея бул қадриятты ҳәр бир ўатанласымыздың санасы ҳәм қәлбине сиңдириўге хызмет қылады.

Дүньядағы ҳәмме халықларда ҳәм буны аңлаў қәдирлеў туйғысы бар, оның түрли көринислер бар. Мәселен, миймандослық көлеми ҳәм өлшеми ҳәммеде бирдей емес. Бул бойынша ҳәм халқымыз өзине тән мәдeният ҳәм қәдриятлар системасын жаратқан. Ашна-ағайиншилик, дос, жора-жолдас тутыў инсанның руўхый талапларынан келип шығады. Оның манеуий дүньясын байытады. Бул қадрият ҳәр түрли халықларда өзине хас тәризде көринис табады. Бизиң елимизде шайыр Рудакийдиң

«Жәҳан шадлықлары жыйналса пүтин-

Дослар дийдарынан бола алмас үстин», деген бәйити ҳәм Эркин Воҳидовтың

«Дос пенен абад үйиң,

Барибир болса ҳам, ол ўайран» деген қатарлары да бирдей тәкирарланады.

Мәресимлер, үрип-әдет ҳәм дәстүрлер ҳәр бир халықтың қайталанбас мийрасы, байлығы. Инсанның турмысы ол туўылғаннан баслап өлгенше түрли

мәресимлер шеңберинде өтеди. Мәресимшилик миллеттиң өзине хаслығы ҳәм тарийхый тәжирийбесин сақлаў ҳәм дәстүрлерин келешекке жеткизиў қуралы. Әйне пайытта, миллий мәнеўий қәдриятқа айланған бундай үрип-әдетлер заман талаплары тийкарында, миллий идея руўҳында қайтадан баҳаланып барады. Келешек раўажланыўға әҳмийети болған қәдриятлар айрықша итибарды талап етеди. Миллий мәнеўий қәдриятлар қурамына кириўши бөлеклерди өзгермес ҳәм бир дәрежеде қатып қалған деп есаплаў мүмкин емес. Булар мудамы раўжланып, өз-ара тәсир нәтийжесинде өзгерип, дәўир руўхы ҳәм миллий идеяның талаплары тийкарында шақаланып, мағанасы байып, раўажланып барады.

Миллий мәнеўий қәдриятлар мың жыллар даўамында қалиплескен тәрийх сынаўларына шыдам берип, нешше-нешше әўладлардан өтип киятырған мәнеўий байлық екенлиги шубҳасыз. Бирақ бул байлықлар орнына өзинен-өзи ҳәм аңсатлық пенен қәдриятқа айланбайды. Олар жәмийет ағзалары, түрли топар ҳәм жәмаалар таманынан өзлестирилгенде турмыслық қолланба сыпатында қабыл қылынғанында ғана қәдриятқа айналады. Шын мәнисиндеги қәдрият аталыўы ушын булар адамлар ҳәм социаллық топарлардың ишки дүньясы ҳәм турмыс образына сиңиуи, искерлигин жолға салыў ҳәм баҳалаў критерийине айланыўы керек. Мәнеўий қадриятлардың халықтың кең қатламлары, айрықша жас әўлатың мүлкине айланыўы өз-өзинен болмайды. Буның ушын усы миллет тағдири ҳәм перспективасына бийпарық қарамайтуғын алдынғы ўәкиллердиң жедел ҳәрекети талап етиледи. Материаллық ҳәм мәнеўий байлықлар, егер миллий тәрбия туўры жолға қойылмаса екен, шаң басқан китаплар, унырап атырған естеликлер мазақ қылынатуғын үрип-әдетлер дәрежесине түсип қалады.

Жәмийеттеги түрли адамлардың ҳәр қыйлы топар ҳәм қатламларының мәнеўий байлықлар ҳәм мезонларға мүнәсибети түрлише болады. Ҳәр бир адам ҳәм топар өз мәплеринен келип шығып, қәдриятларды аңлайды, өз тәрбиясы ҳәм санасынан келип шығып, мәнеўиятты өзлестиреди. Жуўмақлап айтқанда, миллий-мәнеўий қәдриятлар социаллық турмыстың ҳәм мәнеўий байлығымыздың үлкен ҳәм көп қыйлы тараўы болып, инсан ҳәм жәмийет кәмалатында үлкен әҳмийетке ийе. Миллий қәдриятлар жүдә ҳәм раўажланып, орнығып барады. Булардың социаллық топарлар ҳәм айрықша жеке адамлар таманынан өзлестирилиўи тәлим ҳәм тәрбияны талап қылады.

**Миллий қәдриятларды бийкарлаўдың миллий идеяға қарама-қарсылығы.** Миллий қәдриятлардың гейбиреўлери өтмиш ғәрезлилик дүзим шараятында қысым ҳәм қорлыққа ушыраған, оларға «ескилик сарқыты», «өтмиштиң қалдығы» деген тамғалар басылған еди. Ҳәтте баланы бесикке бөлеў, әдираспан тутетиў, мәси-геўиш кийиў, аяқты сандалда жыллы тутыў киби әжайып әдетлер де усы қорлықтан шетте қалмаған.

Езиўшилик сиясаты бурмаланған қәдриятлар, бийгана таомилларни зорлап киргизиўге урынды. Халқымыздың руўхы ҳәм тәбиятына жат болған ишиўшилик ҳәм гиябентшилик, бийҳаялық ҳәм әндийшесизлиқ иллетлери тамыр ата баслады. Миллий мәнеўий қәдриятларды қорғаў миллетшилик деп баҳаланды.

Өзбекстанның ғәрезсизлиги мәнеўий қәдриятларды раўажландырыў ушын беккем тийкар жаратты. Миллий ғәрезсизлик идеясы бул қәдриятларды тиклеўди және де жоқары басқышқа көтериўге хызмет қылады.

И.Каримов: -«Ата-бабаларымыздан қалған үрп-әдет, дәстүрлерге муўапық кекселерге ҳүрмет, кишкенелерге иззет көрсетиўдей сийрек гезлесетуғын инсаный қәдриятты жаңа мазмун ҳәм әмелий ислер менен байытыў ҳәм беккемлеў зәрүр» деп тастыйықлайды. Нураный аталарымыз, әзиз аналарымызға мудамы ҳүрмет-иззет пенен мүнәсибетте болыў, олардың хызметин қылыў, дуўасын алыў, кишкене нәрестелерге, әзиз перзентлеримизге ғамхорлық қылыў, оларды ардақлаў халқымызға тән болған, әсирлер даўамында сақланып киятырған инсаний әдетке ҳәр биримиз садық болыўымыз, оны асырап-

абайлаўымыз, раўажландырыўымыз ҳәм парыз ҳәм қарыз. Бирақ бул ҳәммеге ҳәм бирдей хош келмей атыр. Бизди өзимизге хас қәдриятлардан маҳрум етиўге урыныўлар ҳәзир де даўам етпекте. «Дәстүрий қәдриятларды» жоқ қылып раўажланыўға ерисиў мүмкин деген идея қәўипли.

«Нур бар-сая бар» дегендей ақ, өз перзентлик яки ата-аналық ўазыйпаларын умытып атырған, муқаддес миллий қәдриятымызды аяқ-асты қылып атырған айырым кимселер гейде ушырасып турады. Өзлерин дүньяға келтирген ата-аналарын «Қариялар үйи»не жайластыратуғын, перзентлерин тири жетим қылып «Меҳрибанлық үйи»не таслап кететуғын кимселерде миллий ар-намыс, әпиўайы инсап ҳәм ҳүждан, улыўма адамгершилик жоқлығы миллий қәдриятларымызға жат болған ашынарлы жағдай.

Өзбекстан мәмлекети қарияларды қәдирлеў, жасларға ғамхорлық көрсетиўди өз раўажланыўының үстинликке ийе принципи қылып белгилеген. Сонда ҳәм, түрли себеплерге көре қараўсыз қалған кексе де, жас та ҳеш қашан меҳир-мириўбеттен шетте қалмаслығы анық. Әйне пайытта, миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәр бир ўатанласымыздың өз пухаралық ўазыйпаларын терең аңлап жетиўин, инсаныйлық ҳәм меҳрибанлықты ең жақсы қәдрият сыпатында сезиўин болдырады. Қыйыншылық урыс жылларында жүз мыңлап жетим балаларды асырап алған, миллий баўрыкеңлигимизди дүньяға таныткан инсанларға мүнәсип болыў-миллий идеяға садақаттың әмелий көриниси.

Миллий идея руўҳына жат болған унамсыз қәсийетлерден бири-ийек артыўшылық, бийпарўалық болып, бул мийнет адамларының ғайратын, инициативасын буўып келген өтмиш дүзимнен мийрас болып өтти ҳәм ҳәзир де айырым адамлардың искерлигине унамсыз тәсирин тийгизбекте.

Ғәрезсизлик дүзим шараятында халықтың күнделикли санасы, социаллық рухияты менен рәсмий идеологиясы арасында кескин парқ, қарсылық жүзеге келген. Мўнофиқликка тийкарланған, жеке ҳүкимликти даъво қылған рәсмий идеология реал турмысты, адамлардың сезим-туйғылары ҳәм арзыў-нийетлерин сәўлелендирмей қойған еди. Жәмийетлик санадағы бул үзилис нәтийжесинде адамларда ишки наразылық артып, жағдайдан шығыў жолы жоқлығы ушын түскинлик, үмитсизлик кейпияты күшейер еди. Айырымлар бул бурмалаған идеяға исенер еди.

Миллий идеологияның зәрүрли ўазыйпасы-келешекке камил исеним, еркин ҳәм параўан турмысқа үмит сезимин тәрбиялаў. Халқымыз әзелден үмитсизликти, руўхый түскинликти қаралап келген. Миллий қәдриятларымыз арасында бәрине шүкир қылыў, жоғына сабыр қылыў, жақсы күнлерди арзыў қылып, арманлар орынланыўына нийет қылыў үстинликке ийе болып келген. Қыйыншылықлар алдында шегиниў, ғайрат қылыў орнына ҳәсирет пенен күн өткизиў, пана-панада, жалған-өсек тарқатыў миллий идея руўҳына жат, қәдриятларымызға қарсы иллетлер.

Халқымызға хас миллий өзгешеликлер, айрықша, той-тәнтаналар ҳәм марҳумды ядқа алыў мәресимлериниң шөлкемлестирилиўинде жарқын көринис табады. Бундай мәресимлер туўысқан-туўғанлық, қоңсы-қобашылық ҳәм ярдослық мүнәсибетлерди жәнеде беккемлейди, адам ушын ең қыйын болған жалғызлықты сапластырады. Бурынғы колониаллық дүзим шағында қысым ҳәм қорлыққа ушыраған миллий үрип-әдет ҳәм салт-дәстүрлер ғәрезсизликтиң арқасында қайта тикленди. Руўхый таяныш ҳәм мәдет беретуғын бундай мәресимлерди ашық-айдын, емин-еркин өткериў имканияты пайда болды. Биз өзлигимизди миллий қәдриятларымызға садық болмай көз алдымызға келтире алмаймыз. Ол раўажланыўдың өзине тән ҳәм мас раўажланыўдың негизи.

«Еркинлик-жуўапкершилик» болғаны сыяқлы, миллий мәресимшиликти ҳәзирги заман руўҳына мас рәўиште талқылаў ҳәм қайта өзлестириў зәрүрлиги миллий идеяға муўапық тәризде раўажландырыў жуўапкершилиги жүзеге келди.

Мәселен, той ҳәм мерекелердеги артықша ысырапкершиликке, ким озарлыққа шек койыў, бул мәресимлерди мәнеуиятқа хызмет қылатуғын дәрежеде пайызлы, параўанлықты тәмийнлейтуғын дәрежеде кем қәрежет жумсап өткизиў, оның миллий қәдриятларымызға мас болыўы лазымлығы Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманындада айрықша айтылды.

Миллий ғәрезсизлик идеясы миллий ҳәм улыўма инсаный принциплерге тийкарланады. Улыўмаинсаный қәдриятлар-мәниси, итибары менен көпшилик халықлар инаным ҳәм ҳүрмет қылатуғын, бирақ генезисине (келип шығыўы) көре бир яки бирнеше миллетлер турмысынан алынған, улыўма мойынланған принциплер екенлиги шубҳасыз.

Белгили миллий орталықта әмел қылғанлығы ушын ҳәм улыўма инсаный қәдриятларда мәлим дәрежеде миллийлик липасы сақланып қалады. Мәселен, нызам үстинлиги миллий ғәрезсизлик идеясының улыўмаинсаный принципи деп мойынланған. Ҳуқықый демократиялық жәмийет қурып атырған Өзбекстан ушын бул принципти социаллық турмыстың бәрше тараўлары ҳәм халықтың бәрше қатламлары санасы ҳәм искерлигине тәсирли идеологиялық қураллар арқалы терең сиңдириў ҳәзирги дәўирдиң ең актуаль ўазыпаларының бири.

Өтмиш заманлардан мийрас болып қалған нызамды писент етпеў, оннан үстин турыўға умтылыў киби унамсыз ҳалатлар миллий идеялық тәрбия қатнасында сапластырылыўы зәрүр. Айырым жаслар санасындағы, нызамды менсинбеслик ҳәтте «зорлық» әламаты, ҳуқық қорғаўында турыўы лазым болған жеке адам ҳәм хызметкерлер нызамға бағынбаўы да ушырасады, бундай бурмаланған қарасларды тамамлаўда миллий тәрбия, ҳуқықый саўатлылық ҳәм сиясый мәденияттың әҳмийети үлкен.

Өзбекстанда жасап атырған көп миллетли халыққа тән болған миллий қәдрият-баўрыкеңлик, өз-ара түсиниўшилик, мәдений-мәрипий жақынлық. Халқымыз шовинизм ҳәм агрессив миллетшиликтиң, наданлық ҳәм ақыйдапарастлықтың ҳәр қандай көринислерин жүдә бийкар қылады, булардың раўажланыў ҳәм турақлылық, мәнеуият ҳәм мәрипет ушын қәўипти терең аңлайды.

XX әсирдиң 90-жылларында ядро полигонына байланыслы ҳәм көбирек күшке ийе болған идеологиялық майданда халықаралық терроризм ҳәм диний экстремизмге тийкар болған ақидапарастлық бас көтерди. Адамлардың санасын зәҳәрлеўге, оларды өз жеке мақсетлери жолында қурал қылып жәмийетте турақсызлық ҳәм қарама-қарсылықлар келтирип шығарыўға ҳәрекет қылды. Идеялық иммунитети толық қәлиплеспеген айырым жаслар жат ҳәм бурмаланған идеяларға берилгенде, Журтбасымыз, жынаятшылық көшесине адасып кирип қалған жасларға байланыслы халқымызға тән баўрыкеңлик ҳәм мириўбет қәдриятын үстин билип, олардың тәўбеге келиўин инибатқа алыўға шақырды. Бул көп ғана жасларымыз ушын еркин, параўан турмыс қурыўға актив қатнасыў имканиятын жаратып берди.

**Мәнеуиятты раўажландырыўда миллий идеяның әҳмийети.** Миллий идея халықтың кеўлиндеги арзыў-үмитлерди, мақсет ҳәм умтылысларды теориялық тәризде сәўлелендиреди.

Миллий идея темасы бәлентпарўаз бос арзыўлар емес. Ол ҳәр бир инсан, жәмийет алдында турған мақсетлердиң сәўлелениўи.

Миллеттиң түп мәплери, оның өз өтмишине берген баҳасы ҳәм келешекке исеними миллий идеяда өз сәўлелениўин табады. Жоқары мәнеуиятқа, пәкизе әдеп-икрамлыққа, демократия принциплерине сүйенген миллий идеялар жәмийетти раўажланыўға жетеклейди. Өзбекстан халқының миллий ғәрезсизлик идеясы терең тийкарға, тарийхый тамырларға ийе болса да, система сыпатында ғәресизлик шараятында қәлиплести ҳәм раўажланбақта. Атап айтқанымызда,

миллий идея ғәрезсизликти беккемлеў, қәдриятларды раўажландырыў факторы ҳәм өлшеми.

Миллий ғәрезсизлик идеясы жаңа дәўир қәдриятларын, еркин жәмийет әдеп-икрамлығын жаратыўға теориялық тийкар болып хызмет қылады. Мәлим, әдеп-икрамлық пазыйлетлер халықтың өзин-өзи басқарыў, жәмийеттиң раўажланыўын тәмийнлеў, ҳәртәреплеме раўажланған жеке адамды ер жеткериў факторы сыпатында қәлиплескен ҳәм әўладтан-әўладқа өтип келмекте. Ўатанға ҳәм миллетке, өз мәденияты ҳәм менталитетине өзине ҳәм әтирапындағыларға мүнәсибетлер әдеп-икрамлық шеңберине киреди. Ўатанпарўарлық ҳәм халықпарўарлық ең жоқары мәнеўий әдеп-икрамлық қәдриятлардан. Миллий идеяда Ўатан гүллениўине, оның азат ҳәм абат болыўына үстинлик берилген. Ўатан туйғысы, ўатанпарўарлық сезими мәдений мийрасымызда салмақлы орын ийелейди. Қайсы бир уллы ойшыл яки шайырды алмайық, оның дөретиўшилигинде Ана-журт, жанажан үлке, қәдирдан ўатан мақтаныш пенен жырланған. Алишер Наўайының төмендеги қатарлары Ўатанға болған күшли мухаббатының жарқын сәўлеси.

Қараңыз, бир тәреп Рус болса, бир тәрепи Шын,
Демеспен, Ҳинд яки Иранды артық,
Бирақ, Ўатан бола алмас яранлар бизге,
Муқаддес туўылған Тураннан артық.

Ҳәзирги дүньяда мийнетсиз пәраўанлыққа ерискен халық жоқ. Раўажланған дүзимлер, мәмлекетлер ҳәм миллетлер раўажланыў шоққысына тек нәтийжели дөретиўшилик, тынымсыз мийнети менен көтерилген. Мийнетсүйгишлик ҳәм жеке адамлық, ҳәм миллий, ҳәм улыўма инсаный қәдриятқа айланған. Миллий ғәрезсизлик идеясы бул қәдриятқа айрықша баҳа береди, оны уллы келешектиң исенимли гиреўи деп есаплайды.

Мийнет-инсан искерлигиниң ең зәрүрли түри, параўан турмыс кешириўдиң тийкарғы шәрти. Бирақ мийнетке мүнәсибет, оның роли ҳәм әҳмийети түрли дәўир ҳәм орынларда түрлише түсиндирилген. Көпшилик адамлар жақсы жасаўы ушын зәрүр байлықларды мийнеттен табыўға ҳәрекет қылады. Булар ушын мийнет турмыслық зәрүрликке айланған. Мийнет қылыўға зәрүрлиги ҳәм мейили бар қанша адамлар жумыссызлықтан азап шегеди. Айырымлары болса исжақпаслық ҳәм жатып ишерлик психологиясы менен жүреди.

Өзбекстанда мийнет қылыў ҳуқықы Конституция менен нызамластырылған. Ҳәр бир пухараның ҳадал мийнет қылыўы оның муқаддес ўазыйпасына айналған. Мийнеткеш адамды қәдирлеў мәнеўий билиўдиң сәўлелениўи деп тән алынған. Мийнет ҳәм оның жемислерин қәдирлеў, илимге, мәрипетке умтылыў, өнер-кәсип ийелеў киби пазыйлетлер ҳәмме миллетлерде, соның ишинде, өзбек халқында ҳәм жоқары исенимге айналған. Мийнетсүйгишликтиң кериси болған исжақпаслық, жалқаўлық, бийпарўалық өткир сын астына алынған. «Бийкаршыдан Қудай безер» деген-халқымыз. Бийкаршылық-ҳәмме иллеттиң негизи.

Тәлим-инсан тәрбиясында үлкен орынға ийе. Халқымыз бул бойынша ҳәм үлкен мийрасқа ийе. Зардуштийликтиң тийкарын салыўшы Спитама былай жазған: «Тәрбия турмыстың ең зәрүрли таянышы болып есапланыўы лазым. Ҳәр бир жасты сондай тәрбиялаў зәрүр, ол әўеле жақсы оқыўы ҳәм соңынан жазыўды үйрениўи менен ең жоқары дәрежеге көтерилсин».

Өзбек халқына тән әзелий қәдриятлардың бири сабырлылық. Абдулла Авлоний сөзи менен айтсақ, «Сабыр деп басымызға келген бәле ҳәм қадаларға шыдамлы болмақлық айтылады. Сабыр инсанлар ушын уллы бир пазыйлет». Қуръани каримде: «Аллоҳу ма ас-сабирийн» яғный Қудай сабырлылар менен

бирге делинген. Халқымыз «Сабыр қылсаң-жетерсең муратқа» деп әйтеуир айтпаған.

Сабыр менен байланыслы ҳәм оған жақын түсиниклер қәнәәт, тақат, шыдам кибилер. Сабыр қылыў- ҳәрекет ҳәм активликти пәсейтиў, нуқсанларга келисимли болыў деген мәнисти аңлатпайды. Сабыр-тақат миллий идея руўҳында түсиндирилсе, қатал ҳәм шыдам менен мийнет қылыў, қыйыншылықларды жеңиў, нәпсини жылаўлаў, ҳәсиреттен жырақласыў, илим-пән сырларын ийелеў.

Өзбек халқына тән болған, басқа тиллерге аўдарыў қыйын болған қәдриятлар-саўап, мириўбет, сақаўат, әндийше киби түсиниклерде инсаный мәнис жәмленген.

Саўап кең мәнис ҳәм дүньялыққа ийе, халықтың ийман-инанымынан терең орын алған түсиник. Саўап излеў, саўап ислер ҳәм биймиллет жақсылық қылыў-мириўбеттиң жоқары белгиси, ең халықшыл қәдрият. Президент И.Каримов халық фалсафасынан келип шығып, «саўап исти ҳәр ким ҳәр күни қылыўы керек» деп айтады.

Меҳир ҳәм муриўбет инсаныйлықтың ажыралмас белгилери. Меҳир түсинигине муҳаббат, садоқат, ақыбет киби түсиниклер уқсас болып, булардың ҳәр биринде халық данышпанлығы ҳәм миллий қәдриятлар өз сәўлелениўин тапқан.

Мириўбет болатуғын болса, сақаўат ҳәм рейимли, өзгелерге рейимли болыўды қолы ашықлық ҳәм баўры кеңлиги ҳәм аңлатады.

Өзбекстанда 2004 жылы «Меҳир-мириўбет жылы», 2005-жыл «Саў-саламатлық жылы» деп аталыўы, базар қатнасықлары раўажланып атырған ҳәзирги дәўирде бул әдеп-икрамлылық қәдриятлардың әҳмийети асып баратырғанын дәлиллейди.

Миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс, дәслеп, ҳәр бир инсан ушын зарүр болған уят, ар-намыс, әндийшеден басланады. Халқымыз уятты қаншалы ҳүрметлесе, артықша әндийшеликти, беттен шаларлық, бийҳаялықты соншелли қаралайды.

Ҳадаллық-адамзат жаратқан ең инсаний әдеп-икрамлылық пазыйлетлердиң бири. Әййемги рәўиятларда, ҳарамнан қашпаған, әдеп-икрамсызлық ҳәм жаўызлық демине түскен руў ҳәм қәўимлер болғанлығы, олар өлимге буйырылғанлығы баян етилген. Библиядаа Садом ҳәм Гаморраны Парўардигар харам ислери ушын жазалағаны айтылған. Ҳадаллық жәмийет турмысы ҳәм инсан турмысының ҳәмме сферасында өз орнын табады. Ўатанға ҳәм миллетке мүнасибетте ҳәм сиясат ҳәм экономикада, ҳәм мийнет ҳәм рәҳәтте, ҳәм ҳадаллық, туўрылық болыўы мәнеўияттан хабар береди. Аўқатланыў ҳәм кийиниўде, сөйлесиў ҳәм мүнасебетте пәклик, ҳадаллық, үстинликке ийе болыўы керек. Мәрипет бахыт саодатқа, параўанлыққа апарады. Мәрипатсызлық болса, наданлықты болдырады.

Әдиллик ҳәм ҳақыйқатшылық,раслық ҳәм туўры сөзлик жәмийетте «пүткил турмысымыз ҳәм искерлигимиздиң бас идеясы» болған әдалат ҳәм ҳақыйқатлықтың пайда болыўы.

Тарийхта әдалатсызлық, ҳақсызлық, ҳүким сүрген дәўирлер көп болған. Абдулла Авлоний: Әдалат деп басқалардың мүлкине ҳәм намысына тиймеўди айтады. Ҳәр бир миллеттиң раўажланыўы ҳәм тәғдири мәмлекет ҳәм ҳүкиметлердиң узақ жасаўы әдалатқа байланыслы. Әдалаттан айырылған патшалардың мәмлекетлери жоқ болып, тәрийх бетлеринде тек атлары қалғанлары ҳәм белгили, деп уқтырған. Инсанның жәмийеттеги орны қәдир-қымбаты, еркинлиги, мәплери-ҳәзирги жәмийетимизде әдалат критерийи болып есапланады. Әдалатқа умтылыў халқымыз руўхый дүньясына хас ең әҳмийетли өзгешелик. Әдалатпарўарлық идеясы пүткил экономикалық ҳәм социаллық қатнаслар системасына сиңип кетиўи лазым. Миллий идеология - идеялық тәсир

көрсетиў бағдарларының бири-әдалатты улығлаў, әдалатпарўарлық сезим туйғысын раўажландырыў болса, оның абырайы, қүдирети асқан болады.

Жуўмақлап айтқанда, әсирлер даўамында әўладтан әўладқа өтип келген миллий мәнеўий қәдриятлар миллий идеяға манеўий тийкар, негиз болып хызмет қылмақта. Оған халық, миллет, жәмийет әмел қылыўы ушын күшли, қүдиретли, тәсирли миллий идея керек.

## 9-тема
## Миллий идеяның улыўмаинсаный принциплери

**Миллий идеяның миллий принциплери.** Миллий ғәрезсизлик идеясының мәнис-мазмунын ҳәм оның миллет турмысындағы орнын жетик түсинип жетиў ушын ең әўеле, оған тийкар болатуғын миллий ҳәм әмелий негизди анықлап алыў үлкен әҳмийетке ийе. Бул көз-қарастан, миллий ғәрезсизлик идеясының тарийхый, философиялық тамырлары оның принциплери ҳәм бир-бири менен тығыз байланыслығында. Олардың тығыз байланыслығы негизинде улыўма инсаный қәдириятлар үстинлиги турады. Демек, оның тийкарғы принциплеринен бири ўатанпарўарлық идеясы менен байланыслы.

Ҳақыйқаттанда, бүгинги күнде бул сөзди жүдә көп ислетемиз. Бул бойынша неге инсанпарўарлық миллий идеяның тийкарғы принциплеринен бири бири болып қалмақта деген саўал туўылады. Буның биринши себеби ғәрезсизликтиң арқасында инсанпарўар ҳәм демократиялық жәмийет қурыў имканияты пайда болады.

Мине бул имканиятты реаллыққа айландырыўда еки әҳмийетли мәселени шешиў зәрүрлиги жүзеге келеди.

Олардан бириншиси адамлардың санасы ҳәм ойлаўындағы ғәрезлилик дүзим иллетлеринен, оның ғайыринсаный идеяларынан сондай-ақ, жеке бирден-бир идеологиялық принципинен тазалаў. Буған ерисиўдиң бир қатар бағдарлары бар. Ең әҳмийетлиси, жаңа жәмийетте инсанның түп мәнислерине сәйкес социаллық қатнасларды қәлиплестириўден ибарат. Бунда миллий идеяның инсанпарўарлық ҳәм демократиялық принциплери инсан ҳәм жәмийет мәплери бирлесиўин белгилеп бериўши таяныш точка ҳәм жәмлестириўши күш есапланады.

Екинши себеби - инсанпарўарлық принципинде улыўмаинсаный принциплер менен бир қатарда миллет ойы, руўхыяты ҳәм пикирлеў базасы, қараслар түрли-түрлиги өз-ара бирлестириледи. Бул процесс мәмлекетимиз раўажланыўында турақлылық, қәўипсизлик мәселелери менен бирликте тутасқан ҳалда көринис табады.

Миллий идеяның улыўма инсаный принциплери ҳаққында пикир жүриткенде ғәрезсизлик жылларында инсанпарўарлық, мәселесиниң үстин жөнелиске ийе болып атырғанлығы тосын жағдай емес. Мәлим, инсанпарўарлық ҳаққында жүдә көп ғана Шығыс ҳәм Батыс ойшыллары өз пикирлерин баян еткен. Мәселен, әййемги Қытайда дәслепки инсанпарўарлық идеясының социаллық пикирлери Конфуций (б.э.ш. 511-479 ж) тәлийматында, әййемги Орайлық Азияда «Авесто» китабында, буддизм growing, христиан динниң жат идеясында, яғный жапакешлер ҳәм бийшараларға иләҳий салтанатта бахыт ҳәм азатлық бериўди ўәде қылғанлығы, ислам дининде жети догмада өз сәўлелениўин тапқан. Сондай-ақ халықаралық ҳуқықта «Инсанпәрўарлық ҳуқықы» атамасы да бар екен, бул атама биринши мәртебе қураллы конфликт жүзеге келген ҳалатта мәдений қәдириятларды қорғаў туўралы конвенцияда ислетилген еди.[69]

---

[69] Қаран: Гаага 1954 жыл 14 май Сборник договоров ООН 249-б

Миллет тәғдирине тийисли болған идеялар әўеле, миллий тийкар менен байланыслы болады. Оған таянбаған, оннан бахра алмайтуғын ямаса оннан үзилип қалатуғын идеялар миллет мәплерине ҳәм хызмет қыла алмайды.

Бул процессте еки үлкен нызамлық әмел қылады.

Биринши нызамлық миллеттиң өзине тән өзгешеликлер ҳәм менталитетке ийе екенлиги. Олар миллет раўажланыўы ҳәм переспективасы ушын тийкарғы дерек есапланады. Өз негизлери тийкарында раўажланыў жолынан бармайтуғын миллет перспективада, өзлигин жоғалтады. Оны есапқа алыў әмел қылыўды миллеттиң өз негизлерине таянып раўажланыў нызамлылығы-деп айтыў мүмкин болады.

Екинши нызамлық. Ҳәр қандай процессте болғаны сыяқлы, миллий раўажланыўда да мийраслық нызамы әмел қылады. Оның мазмуны сонда, бәрше процесслер өз-өзинен пайда болмайды, бәлки олар бул жөнелисте пайда болған алдыңғылары менен байланыслы болады. Оның негизинде жүзеге келеди, оннан кейинги раўажланыў ушын ҳызмет қылыўы мүмкин болған элементлерди қабыл қылыў тийкарында жаңасы, қәлиплесе баслайды. Бул процесс мийраслық нызамы есапланады. Ол миллеттиң өз негизине тийкарланып раўажланыўы шәрт болғаны ушын ғана емес, ал бәрше процесслер ушын ҳәм әмел қылады. Бул мийраслық нызамлығының характерли өзгешелиги.

Оның миллий раўажланыў ушын әҳмийети сонда, ол миллеттиң өз негизлери тийкарында раўажланыўы ушын имканиятлар салмағының беккем болыўына хызмет етеди.

Миллий идея қәлиплесиўинде мине усы еки нызамлықтың бирлиги тийкарғы есапланады. Әлбетте миллий идея негизлери тек миллеттиң тар шеңбердеги тийкарлары менен шекленбейди. Соның менен бир қатарда, улыўма инсаният ерискен алдыңғы жетискенликлерге ҳәм таянады.

Соның ушын ҳәм Президент И.А.Каримов мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен кейин социаллық раўажланыўдың төмендеги төрт негизин белгилеп берген еди.

Олар:

-улыўмаинсаный қәдириятларға садықлық;

-халқымыздың мәнеўий мийрасын беккемлеў ҳәм раўажландырыў;

-инсанның өз имканиятларын еркин көрсете алыўы;

-ўатанпарўарлық[70]

Көринип турыпты, буларда миллий идея принциплери улыўмаинсаный қәдириятлар менен бирлесип кеткен.

Мине бул негизлер тийкарында миллий идеялардың тийкарғы принциплери қәлиплеседи: Хош бул принцип не? Принцип бирден-бир тәлимат, дүнья қарас яки искерликтиң қатаң әмел қылатуғын қағыйдасы ҳәм өлшемлерин аңлататуғын түсиник есапланады.

Усы мәнисте ҳәм миллий идеяның өзине тән принциплери пайда болып, олар тийкарында миллий раўажланыўдың актуаль ўазыйпалары әмелге асырылмақта.

Миллий идеяның тийкарғы принциплерин төмендегилер қурайды.

-миллий сана, миллий ойлаўдың ҳәм миллий өзликти қәлиплестириўге бағдарланғанлығы

-миллетти бирлестириўге қаратылғанлығы;

-миллет мәпин сәўлелендириўи;

-алдыңғы миллий үрип-әдетлер, дәстүрлер ҳәм қәдириятлардың беккемлениўи ҳәм раўажланыўына тийкар болыўы.

---

[70] Каримов И.А. Узбекистон миллий истиклол сиёсат, мафкура 1-жилд Т.: Узбекистон. 1996 й. 76 б.

-миллий мақтаныш, ар-намыс ҳәм жуўапкершиликтиң қәлиплесиўи ҳәм беккемлениўине тийкар болыўы.

-көп миллетли мәмлекетимиз халқында бирден-бир Ўатан руўхыятының қәлиплесиўине тийкар болыўы

-миллий мийрас, тарийхый ядты сақлаў, өзлестириў ҳәм кейинги әўладқа жеткизиўдиң мәнеўий-руўҳый дереги болыўы;

-жасларымызда Ўатанпарўарлық, миллетпарўарлық халықпарўарлық ҳәм улыўмаинсаныйлық, мәнеўий, руўхый потенциалды қәлиплестириўге қаратылғанлығы;

-миллетимиздиң ғәрезсиз субъект сыпатында статусын сәўлелендириў;

-миллетимиздиң азатлығы, ғәрезсизлиги ҳәм раўажланыўына мәнеўий-руўхый таяныш болыўы;

-миллетлердиң өзи менен бирге жасап атырған миллет ҳәм халық ўәкиллерин өз әтирапына жәмлеў, олар менен тыныш-татыў жасаў, оларға ҳүрмет дыққат пенен қараў, жәрдем көрсетиў, бирге ислесиўди беккемлеў ҳәм олар тийкарында бирден-бир Өзбекстан халқы сезимлериниң қәлиплесиўине орай, дерек болыўы;

-миллетимиздиң заманагөй цивилизацияларға мүнәсип үлес қосыўына мәнеўий-руўхый күш-күдирет ҳәм илхам бағышлаўы;

-Өзбекстан халқында миллий қәўипсизлик ҳәм миллет раўажланыў руўхыятын қәлиплестириў ҳәм беккемлеўдиң теориялық тийкары болыўы;

-кәмил инсан идеясы өзинде сәўлелендириў сыяқлыларды қурайды.

Миллий идея миллий сана ҳәм ойлаў жемиси есапланады. Олардың раўажланыўы нәтийжесинде миллий өзликти аңлаў жүзеге келеди. Миллий ойлаў миллий турмыс образы, өзгешеликлери ҳәм искерлиги, оның мақсетлери ҳәм мәплери негизлериниң миллий санада көринис табыўы.

Миллий сана миллеттиң өзине тәнлиги тийкарында раўажланып барыўындағы көрсеткиши болса, миллий өзин-өзи аңлаў мәплерди қорғаўдағы ҳәрекетке келтириўши ишки мәнеўий-руўхый потенциал.[71] Тийкарында, миллий сана, миллий ойлаў ҳәм миллий өзликти аңлаўдан ибарат болған үшликке әмел қылмаған, оны өзинде сәўлелендирмеген який оны раўажландырыўға ҳәм беккемлеўге бағдарланбаған идея өзине миллий идея статусын да ала алмайды. Себеби, мине бул үшлик миллет барлығының ҳәм реаль сәўлелениўи есапланады. Миллий идея, миллий сана ҳам миллий ойлаўдың жоқарғы көриниси, оның реаллыққа айналыўының белгиси есапланады. Олардың өз-ара тәсири нәтийжесинде ғана миллий өзликти аңлаў факторы қәлиплеседи ҳәм миллеттиң «мени» жүзеге келеди. Миллет өз-өзинен қәлиплеспейди, бәлки ол жәмийет тарийхый раўажланыўының жемиси. Оның толық ҳалында миллет статусына жетиўи ушын ҳәр бир этник бирлик, миллий тилдиң, мәдeният, үрп-әдет, дәстүрлер, қәдириятлардағы өзине хаслығын яғный миллий өзлигин аңлаўы лазым.[72]

Мине бул өзине тәнлик арқалы миллий идея пайда болады. Миллий идея өзине тәнликти беккемлейди ҳәм оның миллет ўәкиллери дүньяқарасына айналыўында тийкарғы фактор болып хызмет етеди. Бул процесс, өз нәўбетинде, миллий татыўлық, бирге ислесиўдиң жүзеге келиўине алып келеди. Усы мәнисте оның ең зәрүрли принципиниң миллетти бирлестириўге қаратылғанлығы есапланады. Бул мәнисте де миллий идеяның қүдирети мәлим мәплерди толық ҳалында сәўлелендириўи менен белгиленеди.

Миллий идеяның және бир принципи, оның миллий үрип-әдет, дәстүр ҳәм қәдириятларды беккемлеў ҳәм раўажландырыўына тийкар болыўы

---

[71] Отамуратов, Отамуратов С.С Ўзбекистон да маънавий-руўхий тикланиш-Т. Янги аср авлоди, 2003 27-б

[72] Сонда 163-б

есапланады. Олар миллеттиң өзине тәнлигин ең жоқары дәрежеде сәўлелендиреди. Оның беккемлениўи ҳәм раўажланыўы миллий идеяға байланыслы болады.

Миллий мақтаныш, ар-намыс ҳәм жуўапкершилик сыяқлы тийкарлардың қәлиплесиўи ҳәм миллий идея.

Миллий мақтаныш, ҳәр бир инсанның миллет ўәкили сыпатында өзи-өзи аңлаў нәтийжесинде пайда болатуғын ишки руўхый ҳалаты есапланады. Бул туйғы өз ана топрағы, ата-бабалары тәрепинен қалдырылған материаллық, мәнеўий мийрастан, өз миллетиниң жәҳән цивилизациясына қосқан үлесинен, өз Ўатанының раўажланыўда ерискен табысларынан, миллетиниң өзге миллетлер алдындағы қәдир-қымбаты, аброй-итибарынан руўхының көтерилиў сезими.

Миллий ар-намыс ҳәр бир миллет ўәкилиниң өз миллетиниң, раўажланыўының бәрше жөнелислеринде ерискен жетискенликлерин мақтаныш тутыў, шадланыў кейпияты есапланады.

Миллий жуўапкершилик болса ҳәр бир миллет ўәкилиниң өз миллетиниң бүгинги, ертеңги күни ҳәм перспективасы ушын өзиниң қатнаслы екенлигин сезе билиўи.

Бул туйғылар негизинде миллий идея турады. Оның тийкарғы ўазыйпасы ҳәм мине усы туйғыларды қәлиплестириўге бағдарланғаны менен белгиленеди. Себеби олар ҳәр бир миллеттиң раўажланыўға ерисиў ҳәм гүллениўинде тийкарғы фактор болады.

Инсаният ақыл-даналығы артып баратырған, оның алдында шешиў қурамалы болған глобаллық машқалалар көлеми кеңейип баратырған бүгинги күнде миллий идея тар мәплер емес, бәлки мәмлекетте жасап атырған бәрше халықлардың мәплерин сәўлелендирип, бирден-бир Ўатан туйғысын қәлиплестириўге хызмет етеди. Әлбетте, улыўма Ўатан туйғысын қәлиплестириў- бул ҳәр бир миллетке тән болған өзгешеликлердиң жоқ болыўына емес, бәлки улыўма халық руўхыятының қәлиплесиўине алып келеди. Бирден бир Ўатан руўхыяты тек мәмлекет аты менен аталыўшы миллет ўакилине емес, тап соның менен бирге онда жасап атырған өзге миллет ҳәм халық ўәкиллеринде ҳәм ўатанпаруарлық, оған ийелик қылыў, оның перспективасы алдында жуўапкершилик сыяқлы сезимлердиң қәлиплесиўине алып келеди. Соның ушын да миллий идея бүгинги күнде бир миллет шегарасынан улыўма халық шеңберине дейин болған мәплерди бирлестириўге тийкар болмақта.

Миллий мийрас, тарийхый ядты сақлаў, өзлестириў ҳәм оларды кейинги әўладқа жеткизиўде миллий идея мәнеўий-руўхый тийкар есапланады. Ол әне усы мәнеўий-руўҳый потенциалдағы миллийликти сақлаў, оларға күш-қуўат бағышлап турыў ўазыйпасын әмелге асырады. Соның менен бир қатарда, миллет ўәкиллерин миллий-мәнеўий байлықлар менен азықландырады, оларда өз мийрасын сақлаў ҳәм оны кейинги әўладқа жеткизиў руўҳыятын ҳәм қәлиплестиреди.

Бул процессте миллий идея бир таманнан миллий-мәнеўий байлықларды сақлаў факторы болса, екинши таманнан миллет әўладларын өз-ара байланыстырып турыў ўазыйпасын да атқарады. Ондағы миллийлик факторы әўладларды өз ара мәнеўий-руўҳый тәрептен байланыстырып турады ҳәм бул бойынша миллий мийрас ҳәм тарийхый ядқа өмир- бақыйлықтың бағыш етилиўинде миллий идея тийкарғы фактор.

Миллий идеяның миллий мийрас ҳәм тарийхый ядтың тийкары болыўы тек миллий өзине тәнликти ғана емес, сондай-ақ миллет ўәкилинде жоқары ерк-ықрар, инаным сыяқлы пазийлетлердиң қәлиплесиўинде дерек ролин атқарады. Президент И.А.Каримов айтқанындай-ақ, «Тәрийхый яды бар инсан ерк-ықрарлы инсан… Ким болыўына қарамастан жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы өз жемисинин жақсы билсе, бундай адамларды жолдан шығарыў, ҳәр қыйлы догмалар тәсирине

түсириў мүмкин емес. Тарийх сабақлары инсанды қырағылыққа үйретеди, ерк-ықрарын беккемлейди.»[73]

Мәмлекет жасларында ўатанпарўарлық, миллетпарўарлық, халықпаруарлық ҳәм улыўма инсаныйлық сыяқлы сезимлерди қәлиплестириў ҳәм миллий идеяның әҳмийетли принципинен есапланады. Себеби, басқа ҳәр қандай идеяларға қарағанда да онда өзин аңлаған ҳәр қандай инсан қәлби, жүреги ҳәм санасына тәсир етиўши нәзик туйғылар жәмленген. Айрықша, инсан өзин-өзи аңлап, мен киммен, мениң ата-бабаларым ким, қайсы миллетке тийислимен, мениң ана-топырағым қайжерде деген саўалларды өзине бериў ҳәм оған жуўап табыўды миллий идеядан, оның үлкен негизлеринен излейди. Ол саўалларға басқа бир идея жуўап бере алмайды.

Миллий идеяның және бир принципи, биринен екиншисине уқсамайтуғын өзгешеликлерине ийе екенлиги, өзгелердиң мәнеўий-руўҳый жағдайын тиккелей қабыл қыла алмаслығы менен байланыслылығы. Бир миллеттиң мәнеўий-руўҳый потенциалы форма ҳәм мазмуны жағынан екиншисинде тәкирарланбаслығы олардың ҳәр бирине өзине тән индивидуаллық бағыш етеди. Әне усы индивидуаллық миллий идеяда өз сәўлелениўин табады. Бул ҳәр бир миллеттиң бийғәрез субъект сыпатындағы статусын тәмийнлеп турады. Өзине тән индивидуаллық миллий-мәнеўий раўажланыў гөззаллығын сәўлелендиреди ҳәм олардың алдыңғы қырлары арқалы улыўма инсаныйлыққа тийисли болған мәнеўий байлық жүзеге келди.

Миллий идеяның тийкарғы принциплериниң және бири миллеттиң азатлығы, оның ғәрезсизлигин тәмийнлеўде мәнеўий-руўҳый дерек болыўы.

Миллеттиң ғәрезсиз болыўы, оның өз тәғдирин өзи ҳал қылыў имканиятына ийе болыўында миллий идея тийкарғы дерек болады. Себеби ол тек миллетке ғәрезсиз суъбект статусын бағыш етип қоймастан, соның менен бирге оның ғәрезсиз раўажланыўының зәрүрликке айналыўын ҳәм тәминлейди.

Шынында да миллий раўажланыў идеялары, ҳәрдайым өзинде әдалат, теңлик, шынлық ҳәм демократия принциплерин сәўлелендиреди. Олар ҳәр бир миллет ушын ең зәрүр талап есапланады. Себеби әдиллик бузылған жерде қарсылық, теңсизлик бар болған шараятта исенимсизлик, тынышлық болмаған жерде дағдарыс, демократия болмаған жерде инсанның еркин нәпес алыў имканиятын жүзеге шығарыў мүмкин болмайды.

Көринип турыпты, олардың ҳәр бири миллеттиң переспективасы ушын зәрүр болған факторлар. Миллий идея бул мәнисте ҳәм оларды өзинде жәмлестириўи ҳәм миллий раўажланыўдың тийкарғы көрсеткишлерине айланыўына хызмет қылыўы зәрүр.

Олар ҳәр қандай алдыңғы миллий идеяның улыўма инсаныйлыққа тийисли болған қырлары есапланады. Олардан маҳрум болған миллий идея, шын мәнисте улыўма миллий идея дәрежесине көтериле алмайды.

**Миллий идеяның улыўма инсаный принциплери.**Миллий идея миллеттиң мәплери ҳәм зәрүрликлерин улыўма инсаный принциплерди өзинде бирлескен халда сәўлелендириўи менен характерленеди. Ол улыўма инсаный принциплерге қарсы емес, бәлки оның тийкарында қәлиплеседи. Яғный, миллий идеяның принциплери улыўма инсаный принциплер негизинде қәлиплеспейди, керсинше, миллий принциплердиң алдыңғы, бәрше халықлар мәплери ҳәм зәрүрликлерине жуўап беретуғын тәреплери есабына улыўма инсаный принциплер қәлиплеседи.

Мине бул жуўмаққа муўапық миллий идеяның улыўма инсаный принциплерин төмендегилер қурайды:

[73] Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. 7-жилд Т: Ўзбекистон, 1999 137-б

-Миллий шеклениў, агрессив миллетшилик ҳәм шовинизмнен еркин болыў;

-урыс отын жағыў, өзге миллетлерге зулымлық өткизиўден еркин болыў, мәмлекетлер ара турақсызлықты жүзеге келтириў қуралына айланбаслық;

-әдалат, теңлик, тынышлық, дөретиўшилик ҳәм демократия идеяларын өзинде сәўлелендириў;

-жәҳән халықлары жаратқан цивилизация жетискеликлерин сақлаў ҳәм кейинги әўладқа жеткизиўде мәнеўий-руўҳый фактор болыўы;

-адамзатқа қәўип туўғызып атырған глобаллық машқалалардың қәўпин кең түсиндириў ҳәм оған қарсы гүресте жәҳән халықлары бирлигин жүзеге келтириўге хызмет қылыў;

-диний баўырыкеңлик идеясын өзинде сәўлелендириў,

-инсан ҳуқықлары, жеке адам еркинлиги ҳәм еркин пикирлиликти қорғаў;

-нызам үстинлиги, миллетлер ара бирге ислесиўди ҳәм сиясый турақлылықты жүзеге келтириў ҳәм беккемлеўге тийкар болыў;

-ҳәр бир миллеттиң үрп-әдетлери, дәстүрлерин ҳәм қәдириятларын ҳүрмет қылыў, алдыңғы тәжрийбелерди үйрениў ҳәм өз миллети ерискен жетискенликлерди оларға жеткизиў;

-бузғыншы ҳәм түрли ғәрезли идеяларға қарсы гүрес ҳәм дөретиўши идеялар раўажланыўының факторы болыў сыяқлылар. Олар өз мазмун ҳәм мәниси жағынан ҳәр бир миллий идея ушын тән болған улыўмаинсаный принциплер.

### III-бөлим

## Миллий ғәрезсизлик идеясы-Өзбекстанның өзине тән раўажланыў концепциясы ушын тийкар.

## 10-тема. Миллий ғәрезсизлик идеясының баслы мақсети-Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыў.

**Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў идеясының негизлери.** Халқымыз әсирлер даўамында Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәрәўан турмыс әрманында жасап келди. Бул идея халқымыз өз ғәрезсизлигинен ажыралған дәўирлерде ҳәм жоқ болған емес. Бүгинги күнде Өзбекстан халқының миллий раўажланыўы жолындағы тийкарғы мақсети-Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыў болып, бул идея миллетимиздиң әзелий арзыў-әрманларыын, умтылыўларын, дөретиўшилик ис-ҳәрекетлериниң мазмун-мәнисин сәўлелендиреди. Материаллық дүньяда инсан белгили мәканда туўылады ҳәм өмир кеширеди, шахс сыпатында қәлиплеседи. Әне сол мәкан оған Ўатан есапланады. Қалбинде Ўатан сезими қәлиплеспеген, киндик қаны тамған жерге мийрими болмаған адамды ҳақыйқый инсан деп болмайды. Сол менен бирге, инсан-бахыт ушын туўылады. Ол әне сол бахытқа өзи туўылып өскен ўатанында ерисиўди әрман етеди. Бул оған өзиниң бахытын елдиң раўажланыўы, оның азат ҳәм абатлығы менен бирликте қурыўын аңлатады.

«Азат Ўатан», «Абат Ўатан», «Еркин ҳәм пәраўан турмыс» түсиниклери сол тәрептен өзине тән мазмун ҳәм мәниске ийе. «Азат Ўатан»-өз тәғдирин өзи ғәрезсиз шешиў ҳуқықына ийе болған миллеттиң жасаў мәканы болып, жәҳән орталығында өз орны, абыройына ийе болған мәмлекет.

«Абат Ўатан»-пуқаралары еркин ҳәм азат, дөретиўшилик искерлиги менен ҳәм социал-сиясий қәўипсизликте пәрәўан өмирди қурыў талабында жасайтуғын орталық. «Еркин ҳәм пәрәўан турмыс»-адамлардың жоқары дәрежедеги материаллық ҳәм рууҳый жемислерге еркин көринисте, өзлериниң бар уқыбы ҳәм имканиятлары арқалы ерисиў.

Ғәрезсизлик миллий қәдириятлар, мәдeният ҳәм үрп-әдетлер, мәнеўиятты тиклеп, адамларымыз қәлбинде миллий мақтаныш ҳәм ўатанпәрўарлық сезимин қәлиплестириўге имкан жаратады. Сондай-ақ, ғәрезсизлигимиздиң өзине тән идеологиясына айланған Миллий ғәрезсизлик идеясы 1000 жыллар даўамында қәлиплесип, жетилисип, келген миллетимиз мәнеўиятының булақларынан, пүткил инсаният топлаған тәжирийбе ҳәм қәдириятлардан азықланады. Сол себепли бул идеяның миллий ҳәм улыўмаинсаный тәреплери ҳаққында кеңирек тоқталық өтиў тийкарғы ўазыйпамыз,-деп атап көрсетеди Президентимиз И.А.Каримов,-миллий қәдириятларымызды тиклеў, өзликти аңлаў, миллий идея ҳәм идеологияны қәлиплестириў, муқаддес динимиздиң рууҳый турмысымыздағы орнын ҳәм ҳүрметин тиклеў усаған ғәрезсизлик жылларында баслаған ийгиликли жумысларымызды избе-излик пенен даўам еттириў, оларды жаңа басқышқа көтериў ҳәм оның тәсиршеңлигин күшейттириўден ибарат. Бирақ ҳәр түрли пикир ҳәм көз-қарасларға ийе болған социаллық топарлар, сиясий күш ҳәм ҳәрекетлердиң өзине тән мақсетлерин бирлестириўши идея-ел тынышлығы Ўатан көрки, халық мәпи-барлығымыз ушын бирдей муқаддес болыўы шәрт.

Мине сондай сезимлер миллий идея ҳәм миллий идеологиямыздың мазмун-мәнисине, мине усы дәстүрине айланыўына ерисиўимиз тийис. Журтымызда жасап дөретиўшилик еткен ислам философиясы ғайраткерлери-имом Бухарий, ат-Термизий, Ахмад Яссаўий, Абулқасым Замахшарий, Абдухолиқ Ғиждивоний, уллы энциклопедист ойшыллар-Абу Насыр Фаробий, ал-Беруний,

Ибн Сино, Улығбек-шайырлардан Юсуф Хос Хожиб, А.Науайы, уллы әскербасшылардан Амир Темур, Бобур, Абдуллахон творчествасында ҳәм практикалық искерлигинде еркин, пәрәуан жәмийет идеялары сәулеленгени бийкар емес. Сол менен бирге, шығыс ойшыллары инсанпәруар жәмийет қурыў әдил патшаға байланыстырады. (Ф.Аттар, А. Жамий, А.Науайы, Ж.Румий, Б.Нақшбанд, Н.Қубра, Газалий, Бедил ҳ.т.б.)

Бундай ойшыллар ҳәким ҳәм халық, патша ҳәм империя қатнасларында әдалатлы ис тутыў, мәмлекетти нызам арқалы басқарыў, қабыл етилген нызамлардың халық тәрепинене қолланыўы усаған социаллық машқалаларды көтерип шығады.

Бул Азат Ўатан, халықшыл дүзим идеяларын тийкарлаў еди.

Көп ғана тасаввуфшыларда өзлериниң илимий ҳәм әмелий ис ҳәрекетлеринде еркин жәмийет идеясын алдынға сүреди. Ҳасан, Басрий, А.Ансарий, Б.Нақшбанд, А.Жомий, А.Науайы, Хожа Ахрар Валий, Махдум Аъзам Косоний, Әдалат, ҳақиқат жыршылары болып табылады.

Ҳақыйқатында да, барлық дәуирлер ҳәм халықлар ойшыллары бахыт келтиретуғын дүзим ҳаққында әрман етип келген. Бул ҳаққында көплеген ойшылларымыз көз-қараслары туўралы айтып өтиўимиз мүмкин. Бирақ тек ғана Фарабий қараслары мысалында бахыт-саадатқа, пәрәуанлыққа, жәмийет қандай ериседи деген идеяның миллий идеямызда сәулеленген тәреплерине тоқталып өтиўимиз орынлы. Фарабий пикиринше, ҳәр бир инсан өз тәбиятына көре сондай дүзилген, ол жасаў ҳәм жоқары дәрежедеги жетискенликлерге ерисиў ушын көп нәрселерге мүтәжлик сезеди, ол бир өзи бундай нәрселерди қолына кирите алмайды, оларға ийе болыў ушын инсанлар жәмәәтинде мүтәж болады сол себепли көп адамлардың бирлесиўи арқалы адам өз тәбиятына көре умтылған жетик инсан дәрежесине ерисиўи мәлим. Бундай жәмәәт ағзаларының ис-ҳәрекети пүткил жағдайда олардың ҳәр бирине жасаў ҳәм жетикликке ерисиў ушын зәрүр болған затларды жеткизип береди. Сол мәнисте,Фарабий пикирине көре, ҳақыйқый бахытқа жетисиў мақсетинде өз-ара жәрдем етиўши адамларды бирлестирген жәмийет есапланады. Фарабий өзиниң «Талхису Наволиси Афлутон» («Платон нызамлары маъниси») мийнетинде пазыл жәмийет концепциясын баян етиўди нызамлар ҳаққында пикир жүритиўден баслайды. Уллы ойшылдың пикирине көре, инсанның қәуипсиз жасаўы ушын тек ғана пәрәуанлықтың өзи жеткиликли емес. Инсан мәртлиги болса сыртқы урыстағы мәртлик емес, бәлким, адамлардың өз кемшиликлери үстинен үстем келип, тынышлықты тәмийнлеўи болып табылады. Демек, инсанлардың өз-ара мүнәсебетлерин жетилистириўге қаратылған ҳәрекетинен пәрәуан жәмийетке қарай умтылыўдың бирлемши басқышы келип шығып шығады.

Фарабийдиң көз-карасларына көре, «Ең қыйын жумыс-нызамды жариялаў болып, ал Нызамға гүмән менен қараў ҳәм нызам үстинен арыз етиў болса ең аңсат ис есапланады». Бүгинги ҳуқықый мәмлекет пайда етиў процессинде бул усаған үгит-нәсиятлардың өзине тән орны бар. Әсиресе, оның нызамға ҳүрмет пенен қараўдың әҳмийети ҳаққындағы пикирлери итибарға ылайықлы. Уллы ойшыл сондай деп жазады: «Нызамның өзи-өз ҳалынша уллы мәртебели болыўы керек ҳәм оның атынан ҳәм де ол (нызам) ҳаққында не айтылса муқаддес есапланыўы тийис… Халық нызамларға мүтәжлик сезиўи ҳәм оларды терең үйрениўи зәрүр, себеби олар кейин ала халықтың өзине пайда келтиреди. Керисинше болған жағдайда нызамнан гөзленген мақсетке ерисип болмайды».

Демек, Фарабий ҳәр қандай адамда ҳәм мақтаўға ылайықлы инсаный қуўат ҳәм ҳайўаный күш жасырынлығын атап көрсетеди. Нызам айтылғанындай мақтаўға турарлы инсаный потенциалды раўажландырыўға қаратылған болыўы зәрүрлигин уқтырады. Қаланың барлық адамларына келгенде, егер олар мақтаўға

ылайықлы қуўатқа ийе болыўға күшлери келмесе жол көрсетиўши нызам ийелериниң адалатларына бойсыныўы керек болады.

Пазыл жәмийет ҳаққындағы пикирлерди бүгинги күнде демократия деп айтылып атырған баҳалықлар системасына көп тәрептен мас екенлигин көремиз. Демократияның тийкарғы талапларынан бири нызамларды әмелге асырыў маıқаласы да буннан аўлақ емес. Оның пикирине көре, ҳақыйқый нызам орнатыўшы жаңа нызам қабыл қылып атырғанында мәмлекеттеги барлық қатламларда, әўладларға, ўәлаятлар халқына бахыт-саадат ўақты-хошлық, еркинлик ҳәм пәрәўанлықты пайда етиўди есапқа алады. Нызам ҳәр түрли характер ҳәмде қәсийетлерге ийе болған адамлар қоллап-қуўатлап күтип алыўға арзыйтуғын болыўы зәрүр.

Анықланғанындай, Фарабий пазыл жәмийеттиң тийкарғы қәсийети деп бахытқа умтылыўды түсинеди ҳәм бахытқа умтылмайтуғын жәмийетти жәҳил жәмийет деп баҳалайды. Бахыт болса жоқары дәрежедеги ийгиликли ис болып, оған саламатлық, гөззаллық, байлық усаған баҳалықлар жетеклейди. Жәҳил ҳәм адалатсыз адамлар ушын ийгиликли нәрсениң өзи жоқ ҳәм олар бахытқа ерисе алмайды. Олар ушын ҳәттеки өмирде бир тәшўиш ойшылдың пикирине көре, бахытқа ақыллылық ҳәм оған барқулла умтылып жасаў арқалы ерисиў мүмкин. Сондай екен, нызам беккем руўх ҳәм даналық тәрепке жетеклейди. Демек, басшы-халық, адамларды тарбиялаўға, оның руўхы ҳәм даналығын беккемлеўге ҳәрекет етиўи зәрүр.

Ҳәзирги ўақытта биз қурып атырған жәмийеттиң жоқары мақсетлеринен бири инсанлардың пәрәўан басқарыўда адамларды пәрәўанлықта жасаўға имкан бериўши, бирликке жетеклеўши тәртипти қәлиплестириўши нызамларды жаратыў биз гөзлеген мақсетке хызмет етеди. Соған байланыслы айтып өтиўимиз керек, XX әсир басларында еркин ел мәпинде жасаған Абдулла Авлоний бул ҳаққында сондай деген еди: «Тәртип деп, қылатуғын ибадатларымызды, жумысларымызды ҳәр бирин өз ўақтында, орны менен ислеўге айтылады. Егер жер жүзинде тәртип болмағанда инсанлар бир минутта жасай алмаған болар еди… Ҳәр бир миллеттиң раўажланыўы-жумыслардың ўақытында нызамлы түрде тәртип пенен алып барыўына байланыслы жумысларын тәртип пенен алып барған адамлардың ислери жүрисип, өзлери тыныш ҳәм рәҳәтте өмир өткереди.

Өз елин Азат ҳәм Абат көриўин әрман еткен жадидшилер ҳәм тәрбия мәселесине өзгеше итибар қылғанлары бийкарға емес еди. Тағы да бир бар Авланийдиң Фарабий пикирлерине уқсас тәреплерине итибар қаратсақ. «Ҳәр бир миллеттиң келешеги, мәмлекеттиң тыныш ҳәм татыўлығы-деп айтады. Авлоний,- жаслардың дурыс тәрбиясына байланыслы.»

Буннан көринеди, Фарабий ҳәм Авланий түрли дәўирлерде жасаған болыўына қарамастан адамларды еркин ҳәм пәрәўан жәмийетке тәрбия арқалы жетеклеўге шақырады.

Фарабий идеясына көре, пазыл жәмийет тек ғана адамлар жәмәәти бар болғаны ушын ғана пазыл деп айтылмайды, бәлким, адалатлы нызамларға ҳәм басқарыў қағыйдаларына әмел етиўи, дана басқарыўшыға ийе болыўы, адамлар алғысына ылайық үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлерди әмелге асырыўға шараят жаратқан жәмийет болғаны ушында пазыл есапланады.

Мәмлекеттеги системаның гөззал ҳәм жақсы болыўы патшаның билимли ҳәм басқа системадағы пәрәўанлық ҳәм басқа унамлы тәреплерден хабары бар болыўы менен байланыслы деген пикир ҳәм Фарабийдиң заманаўий демократия теоретиклери қатарына қойыўымызға имкан береди.

Буның үстине, пуқаралық жәмийетти ҳаққындағы ҳәзирде көп ғана билдирилген ой-пикирлер ҳәм ойшыллардың нәзеринен шетте қалмаған. Фарабий мәмлекет халқы унамлы характерге ийе болмаған тағдырде күшли ҳәкимшиликке мүтәжлик туўылады деп атап көрсетеди. «… Ҳәкимшилик өз еркинше қабыл

қылынғанда көбирек мақул ҳәм ҳәр тәреплеме қолай есапланады… Жәҳил адамлар үстинен үстемлик ҳәм оларды ҳәкимиятқа бойсындырыў ҳақыйқаттан туўры ис болыўы менен бирге, еркин ҳәм мийрим-шәпәәтлыларды бойсындырыў ақылсызлық». Ҳақыйқатында да, кәмил инсан үстинен үстемлик етиўге зәрүрлик жоқ. Кәмилликке умтылған инсанлар ис ҳәрекети пазыл жәмийетти қәлиплестириўши факторлардан бири.

Фарабий пазыллар қаласының қарсыласы болған қалалар (жәмийет) ҳаққында да пикир билдиреди. Бундай жағдайда ҳәзирги заман жәмийеттиң айрым тәреплерине критикалы қатнаста болыўды талап етеди. Фарабийдиң ескертиўи соннан ибарат, жәҳил қала халқы бахытқа умтылмайды, бахыт не екенлигин билмейди. Себеби, жәҳил адам ҳеш қашан бахыт таппаған ҳәм бахытқа исенбейди. Пәрәўанлыққа келсек, жәҳил адам айырымлар нәзеринде бахыт дәўлет болып көринетуғын өткинши нәрселерди, материаллық байлықты, тек ғана өз денесиниң қанаатланыўын, аброй, мәртебе, атақты ҳақыйқый бахыт, пәрәўанлық деп ойлайды. Сондай азықланыўдан ҳәр бири жәҳил адам нәзеринде өмирдеги мақсет, бахыт болып көринеди. Материаллық ҳәм руўхый азықлардың барлығы биргеликте бирлескен жағдайда ғана ҳақыйқый бахытқа ерисиў мүмкин. Бул азықлардың керисиншеси-дене каселликлери, жарлылық, ләззет ҳәм ҳәзлик ҳүрмет ҳәм абройдың жоқлығы-бахытсызлық. Тек ғана дене талапларын қанаатландрыў, нәпсин қандырыў. Ҳәзликке умтылыў бул бахыт емес. Нәпсиниң дизгинин қолға алмастан, жеке мақсетлерин қанаатландырыўға умтылыўлар да солар қатарында Фарабий соныңдай, бир-биреўин мақтаўды, әпсаналарға көтермелеў, бир-бириниң алдына ямаса бийтаныслар көзине уллы ҳәм көркем болып көриниўге өтирик урыныўларды да жәҳиллик көриниси деп баҳалаған.

*Пәрәўанлыққа умтылатуғын жәмийет ағзаларының өз идеялары, өз еркинше қабыл еткен қәдириятларына садықлығын талап етеди. Фарабий пикирине көре, пазыл жәмийет ағзаларының теориялық қараслары ҳәм әмелий ислерине салыстырғанда жат идеялар әсте ақырын кирип алып, олардың қарасларын өзгертип жибермеўи керек. Инсан, бахыт не екенлигин түсинген болса да, оған ерисиўди мақсет қылып алмаса, идея ҳәм умтылыўына айландырмаған болса, оған салыстырғанда азғана болса да, қуаныш сезими болмаса, ой-пикири, күш-қуўатын басқа нәрселерге жумсыйтуғын болса булар бири надурыс. Инсаныйлық мәниси ҳақыйқый бахытқа ерисиў екен, инсан бул мақсетти өзиниң жоқары идеясы ҳәм истегине айландырып, бул жолда барлық имканиятлардын пайдаланса, ол бахытқа ериседи. Инсан алды менен бахыттың не ҳәм нелерден ибарат екенлигин билиўи, оған ерисиўиди өзине идея ҳәм ең жоқарғы мақсет қылып алыўы, пүткил тәни менен оған умтылыўы тийис. Соңынан бул бахытқа алып баратуғын жол ҳәм қураллардың нелерден ибарат екенлигин билип алыўы зәрүр. Соңынан болса бахытқа алып баратуғын жумысларды жеке өзи әмелге асырыўға кирисиўи лазым болады. Фарабийдиң бул пикирлери ҳәзирги күнде өз миллий идеясының мақсети пуқаралық жәмийетти пайда етиўди гөзлеген жәмийетимиздиң мақсетине байланыслы екенлигин аңлаў қыйын емес. Жуўмақлап айтқанда, пәрәўан жәмийет идеясы ғәрезсиз ҳәм турақлы раўажланыў жолына кирген жәмийетлер ушын еки есе қәдирли. Сол мәнисте оның улыўмаинсаный тәреплерине, демократиялық мәнисине үлкен итибар берилип атырғанлығы табиий. Президент Ислам Каримовтың Миллий ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға таянып Азат ҳәм Абат Ўатан, демократик жәмийет қурыў процессине мәмлекет сиясаты дәрежесинде итибар қаратып атырғанлығы да соннан. Мәмлекетимизде пәрәўан, алдынғы жәмийет пайда етиў-мақсет, әмелге асырылып атырған реформалар-қурал бөлип, жәмийетимиздеги үстемлик етип турған социал-сиясий турақлылық, өз нәўбетинде реформалар ушын жай-жағдай туўдырады.*

**Миллий идея-еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыў факторы сыпатында.** Мәмлекетимизде демократик институтлар ҳәм пуқаралық жәмийетти тийкарларының қәлиплесиўи ҳаққында пикир жүритип, оның яғный жәмийет демократияласыўын узақ даўам ететуғын процесс сыпатында баҳалайтуғын-Президентимиз И.Каримов,-демократия идеяларын әпиўайы айтып өтиў, жоқарыдан түсириў менен оны халқымыз турмысына сиңдириўге болмайтуғынлығын атап көрсетеди. «Демократия-деп айтады Ислам Каримов-жәмийеттиң баҳалықларына, ҳәр бир инсанның байлығына айланыўы тийис. Бул тез болатуғын жумыс емес. Халықтың мәдениятынан жай алмаған демократия турмыс қәлпиниң бир бөлеги де бола алмайды. Бул таярлық көриў ҳәм демократия принциплерине өзлестириўден ибарат анағурлым узақ мүддетли процесс есапланады. Демократияны жәмийеттиң үстем баҳалығына, оның турақлы раўажланыў факторына айландырыў ушын әдалатлы жәмийет арзуы жолында инсанийат топлаған тәжирийбе ҳәм практиканы үзликсиз өзлестириў зәрүр. Бунда Шығыс демократиялық принцплери таяныш болып хызмет қылады.

Бирақ, инсан тәбияты қарама-қарсылыққа ийе. Ол басқалар умтылыўларға қайшы болған умылыўларға ийе болыўы ҳәм сол ўақыттың өзинде басқалар менен бирге ислесиўге ийкем болыўы мүмкин. Инсан тәбиятына тән әне сол қарама-қарсылық оның жәмийеттеги турмысы ҳәм ис ҳәрекетлерин де белгилейди.

Адамлар бир тәрептен жеке еркинликке умтылса, екинши тәрептен социаллық теңликти талап қылыўға ийкемлескен болады. Адамлар өз мәплерин гөзлеў менен бирге улыўма социал мәплерге де умтылады. Бирақ бул қарама-қарсы тенденцияларды, жеке мәп пенен жәмийетлик мәлерди қандай етип муўапықластырыў м-м? Жәмийет бул машқаланың шешимине демократия механизмлерин иске салыў арқалы ерисе алады. Сол демократия ҳәм улыўма мәплер бирлиги. Социал қатнасларды тең салмаққа келтириўге ҳызмет қылады.

Демократия турақлы полюс - «қарама-қарсылық»-«келисим»-«бирлик» арқалы өзине жол ашады, адамлардың өз-ара разылығы келисимге таянады. Гәп сонда, демократия-бул жалғыз өз мақсет ҳәм талапларын әмелге асырыў куралы болмай, бәлким өз-ара қатнасықлардың мақул қағыйдаларына әмел етиў болып табылады.

Улыўма адамзатлық, атап айтқанда, демократиялық баҳаларға таянған М.Ғ.И. әне сол қутбий умтылыўларды муўапықластырыў арқалы улыўма мәплерди өзинде сәўлелендиреди.

**Жәмийет турақлылығы-Еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыў факторы.** Өзбекстанның ғәрезсиз раўажланыўы жылларында сол нәрсе анық өз дәлийлин тапты,-Азат ҳәм абат пәрәўан турмысты пайда етиўдиң тийкарғы факторларынан бири бул турақлылық. Соңғы жыллары дүньяда турақлы раўажланыў концепциясы кең көлемде тарқалды. Атап айтқанда, БМШ ҳүжжетлеринде де турақлы раўажланыў ең жоқары баҳалық ретинде таллықланып, оның универсал қәсийетлери, түрли моделлериниң күшли ҳәм күшсиз тәреплери анализ етиледи.

Қәнийгелер арасында турақлылық дегенде демократиялық дүзилмелердиң тез өзгеретуғын социал процесслерге салыстырғанда кери тәсир көрсете алыў уқыплылығы түсиниледи. Бунда турақлылық демократияның ўазыйпасы деп қаралады, ол адамлардың пуқаралық жәмийети институтлары арқалы мәмлекетти басқарыўдағы қатнасыўын да өз қарамаўына алыўы тийис. «Күшли-мәмлекеттен-күшли жәмийетке қарай» қағыйдасы ҳәзирде жәмийеттеги социал-турақлылық жәмәәтшиликтиң, жәмәәтшылықтың активлигине тийкарланыўы зәрүрлигин көрсетпекте.

Өз орнында айтып өтиў керек, «Турақлылық» түсинигине ҳәр тәрептен жандасыўымыз мүмкин. Оларды төмендеги көринисте улыўмаластырып келтириў мүмкин:

а) жәмийетте нызамсыз зорлық ҳәм күш ислетиў қәўипиниң болмаўлығы;

б) анағурлым узақ ўақыт даўамында бир ҳүкиметтиң әмел етиўи оның өзгермели шәрәятларға үнемли көринисте сәйкеслесиўи.

в) конституцион тәртиптиң турақлылығы;

г) легитим ҳәкимияттың турақлы бар болыўы;

д) сиясий системада структуралық өзгерислерди басқарыў имканиятының бар болыўы;

е) сиясий күшлердиң теңсалмақлылығы ҳ.т.б.

пикиримизше, бундай қәсийетлер демократияласыў процессин бастан кеширип атырған жәмийетлерге тән улыўма өлшемлер бирақ, улыўмалық барлық ўақыт жекеликтен пайда болады. Бизиң мәмлекетимизде турақлы раўажланыў, оның тийкарғы факторлары ҳәм шәртлери И.Каримовтың «Өзбекстан ХХ1 әсир босағасында: …» китабында толық келтирилген. Мәмлекетимиздиң турақлы раўажланыўы бар шәрт-шараятлар менен байланыслы жағдайда анализ етилген ҳәм оның шәртлери, көрсетилген. Булар:

а) руўхый қәдириятлар ҳәм миллий өзликти аңлаўдың тиклениўи;

б) мәмлекетшиликти қәлиплестириў ҳәм қорғаныў уқыплылығын беккемлеў;

в) демократиялық институтларды ҳәм пуқаралық жәмийети тийкарларын қәлиплестириў;

г) базар қатнасықларының ҳәм мүликдарлар класының қәлиплесиўи

д) күшли социаллық сиясат ҳәм халықтың социаллық активлигиниң артыўы.

Бир соз бенен айтқанда, турақлылық белгили бир сиясий объект ямаса институттың жағдайына ғана емес, бәлким ишки ҳәм сыртқы қатнаслар системасын да сәўлелендириўи зәрүр.

Сондай етип, демократияны тәмийнлеў, басқарыўдың нызамлылығы ҳәм исенимлилигин сәўлелендириўши социал-сиясий турақлылық шәраятындағана әмелге асырылыўы мәлим. Өз нәўбетинде, демократиялық раўажланыў азат ҳәм абат Ўатан пайда етиў жолын тәмийнлейди.

Демократиялық процесслер нәтийжелилиги тек ғана сиясий институтларға емес, пуқаралардың сол процесслерде қатнасыўына да байланыслы. Сиясий өмирдеги қатнас демократиялық тәртип ҳәм процесстиң тийкарғы өлшеми болып, онда сиясий субъектлердиң сиясий қатнасықлар ҳәм ҳәкимият системасына тартылыўы дәрежеси, әсиресе, сайлаўлар проццессинде анық көзге тасланады.

Сол мәнисте, демократия жәмийетте сайлаўшылар даўысы ушын ашық, ҳәммениң көз-алдында ҳадал беллесиўге кирисиўди ҳәм халықтың кең топарларының сиясий процеске «қатнастырылыўы» талап етеди.

**Орта социал топардың қәлиплесиўи ҳәм пәрәўан турмыс қурыўдың өз-ара байланысы.** Азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыў идеясы либералластырыў, еркин мийнет искерлиги ҳәм исбилерменликти раўажландырыў процесслери менен тиккелей байланыслы. Боқиманда ямаса өтирик «улыўма теңлик» идеясына тийкарланып еркин ҳәм пәрәўан өмирге ерисе алмаған Еркин экономикалық ҳәрекетке тийкарланған базар экономикасы ушын тән болған еркин ҳәм саламат конкуренция орталығы орта мүликдарлар класы қәлиплесип барады. Бул болса, өз нәўбетинде, Азат ҳәм абат Ўатан Еркин ҳәм пәрәўан турмыс қурыўдың социал негизи есапланады.

Ал. орта социал класс-бул өз жеке мүлки, яғный турақ жайы, жеке транспортына ийе болған, өз шаңарағының турмысын мүнәсип көринисте тәмийн ете алатуғын, өзиниң ҳәм шаңарақ ағзаларының фундаментал мүтәжликлерин (билим алыў. Дем алыў, сапалы медицина қызметинен пайдаланыў) қанаатландырыў ушын жетерли материаллық имканиятлары бар болған бар

болған, руўхый өмири мазмунлы болған ҳәм ең тийкары-бул имканиятты өз ис ҳақысы ҳәм дәраматлары есабына тәмийн ете алатуғын ҳәм актив көринисте жәмийет социал-сиясий өмиринде қатнасатуғын пуқаралар есапланады.

Жәмийеттиң бул қатламы миллий байлықтың тийкарғы бөлегин дөретиўши, мәмлекетке қарамлықта бақыменделик пенен күн кеширмейтуғын, жәмийеттиң «Омыртқа сүегин» пайда етеди. Бундай класстың қәлиплесиўи, сондай, жәмийеттиң қатаң қатламласыўына–ҳәдден тыс байып кетиў ямаса камбағал-жарлыларға бөлинип кетиўине жол қоймайды. Жамийетте түрли социал топарлардың мәплерин бирлестириў, пуқаралар бирлигин тәмийнлеў тийкарында улыўма пәрәўанлықты орнатыўдың ең сыналған қуралларынан бири ҳәм жәмийетте.

Мәмлекетимизде базар қатнасықларының қәлиплесип барыўы процессинде дәраматлары, турмыс дәрежеси ҳәм сыпатына көре бир-биринен парқ ететуғын класслар қәлиплеспекте. Бул тәбиий жағдай. Бирақ, бундай жағдайды ҳәмме де дурыс баҳалай алмайды. Буған айрым шахслардың байлыққа өш болыўы, ашкөзлик, ысрапкершилик, өз-ара жәрдем ҳәм туўған-туўысқаншылықтың жақсы тәреплерин тән алмаслық, өз-өзин көз-көз етиў усаған иллетлер де себеп болмақта. Буған айырымлар ушын өмир қәлпине айланған дәмегөйлик, парахорлық, төрешилик усаған аянышла көриниске киретуғын жағдайларды қосатуғын болсақ, ҳадал мийнет адамының руўхый азапларды түсиниў кыйын емес. Сол мәнисте Президентимиздиң базар механизмлерин турмысқа асырыў менен бирге нызамшылықты беккемлеў ҳәм бунда руўхый тийкар болып хызмет ететуғын этикалық нормаларды ҳәм социал өмирде кең тарқатыў туўралы жаны ашып сөйлеўи бийкарға емес. Оның жүрек сөзлери әдалатлы жәмийет қурыўға салыстырғанда халқымыздың умтылыўын сәўлелендиреди.

Базар қатнасықларына тийкарланған ҳәзирги күнде айрымлар тек ғана жақсы жеп-ишиў, кийиниўди ғана өз өмириниң баслы мақсети деп биледи. Бундайлар ортасында көзге тасланып турыўшы тутыныўшылық жағдайы бир қарағанда «зиянсыз» болып көринсе де руўхыйлық ҳәм этиканы менсинбеўшиликтен басланып, ақыбетинде нызамды шетлеп өтиў, кейин ала оны бузыў усаған жәмийет ушын өте қәўипли ақыбетлерге алып келиўи анық.

Ҳәзирде мәмлекетимизде социал-сиясий раўажланыўды турақлы раўажланыў мәплери тийкарында жолға қойыўдың әмелий-териялық ҳәм илимий тийкарларын ислеп шығыў талап етиледи. Әсиресе, социал процесслер раўажын алдынан көрип билиў, оны болжаў, зәрүр өзгертиўлер киритип, олардың нәтийжелилигин көрип, тәжирийбелерди кең көлемде әмелге асырыў гөзленген мақсетке алып келиўи мәлим. Солай екен, ҳәзирги дәўирде социал процесслердиң раўажланыў тенденцияларын алдынан болжаў, реформалар ушын өте әҳмийетли бағдарларды проектлестириў, моделлестириў үлкен әҳмийетке ийе. Булардың нәтийжелери, жуўмақлары реформаны жүритиў сиясатында үлкен жәрдем береди.

Мәмлекетимизде еркинлик проинцплериниң ўақыт өтиўи менен кеңнен тамыр атыўы, еркин мийнет искерлиги, исбилерменликтиң раўажланыўында мүлк ийелери класының қәлиплесиўи ҳәм беккемлениўи ушын имкан жаратпақта.

Президент И.Каримов 2004-жыл, 7-февралда Өзбекстан Республикасы Ўәзирлер Кеңесиниң 2003 жыл жуўмақлары ҳәм де 2004 жыл экономиканы тағыда еркинлестириўдиң тийкарғы бағдарларына арналған мәжилисиндеги қылған баянатында жәмийетимизде исбилерменлик көз-қарасларын қәлиплестириў жолындағы, атап айтқанда, киши ҳәм орта бизнес раўажына тосқынлық ететуғын бюрократиялық иллетлерди орынлы критикалып өтти. Бул тараўдағы актуал ис-илажларды белгилеп көрсетти.

Улыўмаинсаный принциплерге тийкарланған пәрәўан өмир қурыў идеясы халық ҳүкиметке емес, ҳүкимет халыққа хызмет қылыўын талап етти.

Бирақ буған ерисиў ушын демократияны жаратыў, оны дөретиў, оған көнлигиў, ол менен жасаў көнликпелери, тәжирийбеси, бир сөз бенен айтқанда. Демократиялық мәдeният ҳәм зәрүр. Демократиялық процесслер тарийхы соннан гуўалық береди, оны үйрениўдеги ең аңсат жол- уқсатыў, ең исенимлиси-үйрениў ҳәм ең қыйыны-тәжирийбе.

Массаның сиясий-ҳуқықый мәдениятын жетилистириўде демократия мәденияты тийкарғы орын тутады.

Өзиниң жеке мәпинен келип шығып, өз ҳуқықларынан пайдалана алатуғын. өз тәғдири ушын жуўапкершиликти сезине алыў менен бирликте, өзи ҳәм перзентлери ушын еркинликти әмелге асырыўдың социал ҳәм сиясий қуралларын үйрениў уқыплылығы да зәрүр. Демократия илажы болғанынша көбирек адамлардың сиясий, ҳуқықый ҳәм улыўма мәденияты менен олардың жәмийет өмириндеги кең қатнасы менен байланыслы.

**Адамлардың турмыс дәрежеси ҳәм пәрәўан өмириниң байланыслылығы.** Биз умтылып атырған турақлы раўажланыўға ерисиўде инсанлардың турмысы жақсы болыўы, мағлаўматлы болыўы, хадал дарамат табыўлары, социаллық тәмийнатқа байланысып қалмаўы тийкарғы әҳмийетке ийе.

Ең кереклиси, пәрәўан турмысқа ерисиў ушын адамлардың еркин мийнет жемисиниң «мазасын» татып көриўи ҳадал жол менен көп дәрәмат табыўдың ҳәдисин алыўы зәрүр. Пуқаралардың экономикалық еркинлигиниң асыўы болса, олардың сиясий еркинлигин жетилистиреди, социал-сиясий тәрептен активлестиреди.

Мәмлекетимизде пәрәўан турмысты пайда етиў жолында алды менен, экономиканы турақластырыўға қаратылған ис-ҳәрекетлер дәўири, кейин ала практикада демократиялық институтларды пайда етиў, экономиканы сезилерли өсиў процесслери менен бирге кешеди. Жүзлеген заманагөй санаат кәрханалары ҳәм иншаатлары қурылды. Енди экономикалық өсиў дәўири басланып, бунда жәмийет өмириниң барлық тараўларын өз қарамаўына алатуғын процесслер тағыда күшейип, адамларымыздың турмысы жақсыланбақта. Бирақ, экономикалық пәрәўанлық ҳәм сиясий нәтийжелиликтиң өзи еркин ҳәм пәрәўан олар ушын жетерли ме? Бул тек ғана экономикалық ҳәм социал институтлар системасына да байланыслы болып қалмақта. Басқаша айтқанда, Өзбекстанда демократия беккем аяққа турыўы процессинде оны еркин ҳәм пәрәўан өмир қурыў қурамына айландырып барыў зәрүр.

Пуқараларымыз болса, экономикалық өмирде де адамлардың өз-ара қатнасларында да бир тәрептен еркинликти, екинши тәрептен тәртип-интизамды бирлестире алыў уқыплылығын есапқа алатуғын мәдениятты ислеўлери керек болады.

Әлбетте, өтиў дәўиринде экономикалық демократия тийкарғы роль атқарады. Ол халықтың өз дәрәматларына көре жоқары ҳәм төменги қатламлары ортасындағы теңсизлик дәрежеси тез өсип барыўының алдын алады. Өзбекстанда мүлкшиликтиң полюсланыўы, жәмийеттиң ҳәдден тыс байып ҳәм камбағал-жарлыларға ажралып қалыўына жол қоймаў сиясаттың белгилеп берилгенлиги енди раўажланып киятырған демократияны қорғаў мүтәжлигиненде келип шығады. Бул сиясаттың избе-из әмелге асырылыўы мәмлекетимизде демократияның келешегин көп тәрептен белгилейди.

**Еркинлик ҳәм раўажланыў идеяларының бирлиги.** Мәмлекетимизде еркинлестириў жәмийетти демократияластырыўдың тийкарғы бағдары деп есапланады. Бул да бизиң идеямыз, бирақ бул, өз нәўбетинде, еркинликти өзине тән социал-сиясий қәдирият сыпатында аңлаўды талап етеди.

Өз орнында жеке мазмунда еркинлик түсинигиниң унамлы ҳәм унамсыз көринислерге ийе екенлигин атап көрсетиў керек. Оның унамлы тәрепи шахстың өз мәплерине муўапық көринисте ис ҳәрекетлер етиў имканиятын

сәўлелендиреди. Бунда шахс белгили ис ҳәрекет етиўи мүмкин, оның бул умтылыўлары өз нәўбетинде басқалардың мәплерине қарсы келмеген жағдайда әдалат шегарасы еркинликлер кеңлиги бирлеседи. Керисинше шахс ис ҳәрекети сыртқы тәсирлерден пүткиллей азат болған тәғдирде ҳәм ол өз мақсетлерине ерисиўге умтылыўы ҳеш бир кери тәсирди тән алмаған жағдайда еркинликтиң унамсыз көриниси жүз береди.

Әлбетте, еркинликтиң ҳәр еки тәрепи ортасында қурамалы қарама-қарсы қатнаслар бар. Еркинликтиң унамлы ҳәм унамсыз қәсийетлери тең салмақлылығы шахс еркинлигин белгилейди. Шығыс ҳәм Батыс жәмийеттаныўшылар алдынан шахс еркинлигиниң руўхый-лирик (Наўайы, Бедил) социал-руўхый (Фарабий, Лебон, Тард, Ортега-И-Гассет), руўхый-индивидуал (Фрейд), контракцион (Дьюи, Мид) ис-ҳәрекетлер (Макс Вебер) социометрик (Морено) социаллық (Франкфурт мектеби) феноменологик (Шюц) бийганаласыў (Фромм) аномик (Дюркгейм, Мертон), мәпли (Рассел), қарама-қарсы (Дарендорф), экзистенциал (Хабермас), талқылаўларын сәўлелендирип келген. Бирақ ҳәзирде мәселениң тийкарғы мазмунын шахс еркинлигин тәмийнлеўде сиясий ҳәм ҳуқықый-юридикалық институтларын әдалатлы дүзилмесин қәлиплестириўге күшли итибар қаратылмақта.

Өз орнында тағыда соны атап көрсетиў зәрүр, сиясий көз-қараслар тарийхында еркинлик ҳәм кеңлик салыстырмалы машқалалары бәсекелерге себеп болмақта.

Тийкарынан ең баслы машқала-бул қәдириятлардан қай бирине көбирек дыққат қаратылыўында емес бәлким, оларды өз ара муўапықластырыўда. Ҳақыйқатында пуқаралардың өз пуқаралардың раўажланыўлары бойынша имканиятларға тең ҳуқықларын кепиллеўи зәрүр. Керисинше теңликке зиян етеди. Егер буннан көбиреги талап етилсе ерикнликке зыян етиледи. Басқаша айтқанда, шахс еркинлиги тең имканиятлар, ҳуқықлар ҳәм миннетлер системасына тийкарланған ҳәр қандай демократиялық жәмийет еркинликлер ҳәм теңлик қарама-қарсылығында шахс кәмиллигине таяныў зәрүр. Пәрәўан турмысты тәмийнлеў, алды менен шахстың активлигине байланыслы.

Өзбекстан пәрәўан турмыс қурыў жолында анық нәтийжелерге ериспекте. Сол мәнисте инсанның жәмийет өмиринде туткан орны ҳәм ролиниң миллий ҳәм улыўмаинсаный өлшемлерин аңлаўымыз керек. Бунық және бир тәрепи сонда, демократиялық раўажланыў жолына өткен ҳәм өтип атырған мәмлекетлерде инсанның жәмийеттеги орны мәселелерине көз-қараста түп өзгерислер пайда болмақта. Инсаният раўажланыўы туўралы сапа тәрептен жаңа концепциялар пайда болды. Бул дүнья мәмлекетлериниң дыққат итибарларын өзине қаратты.

Изертлеўшилердиң көрсетиўинше, экономикалық өсиў ҳәм инсаный раўажланыў ортысында тиккелей байланыс бар. Адамларға сарп етилетуғын инвестициялар адамлардың өзине керек.

Өзине тоқ, саламат халық, жақсы тәлим алған ҳәм жетик қәнийге жәмийет раўажланыўында тийкарғы фактор есапланады. Халықаралық экспертлер есабына көре, экономикалық нәтийжелиликтиң 60% и инсан факторы, тийкарында ҳәм қалған 40% и табиий капитал деп айтылатуғын запасларға (жер асты байлықлары х.т.б.) ҳәм техник капитал-машиналар, техника-технологиялар…ҳ.т.б. есабынан тәмийнленеди. ХХ1 әсирде инсан факторынан пайдаланбай турып социаллық өсиўге ерисиў мүмкин емес. Инсаният раўажланыўы машқалаларын сиясат орайына қойыў механизмлери ири қәнийгелерди ойландырмақта. Бул тараўда ири өзгерислер болыўы  жаңа әсир ушын раўажланыў стратегиясын таңлаўда инсан ушын, оның имканиятларын ашыў ушын, яғный инсанды раўажландырыўға мәмлекетимизде өзгеше итибар қаратылмақта.

Ҳақыйқатында, ҳәр бир инсан потенциалы алдыңғыдан көре көп әҳмийетке ийе болмақта. Дәрәматты халық жан басына есаплағанда ең жоқары дәрежеге ийе болған жәҳән мәмлекетлери арасында табийий запаслары өте аз мәмлекетлер баршылық (Япония, Швейцария, Дания). Соныңдай, өзине табиий запаслары өте көп болған мәмлекетлер (Россия, Бразилия, Аргентина) халық жан басына есаплағанда, төмен дәрежеге дөретиўшилик күшин дурыс сарып етиўге де көбирек байланыслы. Ҳәр бир жәмийет ағзасының үлеси есабына мәмлекеттиң раўажланыўы мүмкиншилигин Германия, Япония, түслик Корея, Қытай тәжирийбесинен көриўге болады.

Узақ мүддетли дәўирде экономикалық өсиў ҳәм инсан раўажланыў бағдарлары бир-бирине мас келсе де, бул байланыс ҳәр бир мәмлекет ушын мәмлекет сиясатына байланыслы болады. Айрым мәмлекетлер пухта ойланған мәмлекет сиясаты арқалы халықтың ден-саўлығын сақлаў, билимлендириў дәрежесин асырыў бойынша экономикалық өсиўден алынған пайдадан нәтийжели жеңислерге ерисилмекте. Өзбекстан хүкимети бул бағдардағы көп ғана дәстүрлерди дағаза қылды ҳәм оларды әмелге асырмақта. Бул ғәрезсизлик шәраятында инсан ушын емес, реформалар инсан ушын хызмет қылыўы, инсанның жәмийетке қатнасы оның жәмийетте өз орнын табыўға байланыслы екенлигин терең аңлаўға алып келеди. Демек, инсан факторы тийкарында пәрәўан турмысқа ерисиледи. Бүгинги күнде бул да миллий ғәрезсизлик идеясына сәўлеленген қәдириятларымыздан бири.

**Жаслар- еркин ҳәм пәрәўан турмыс дөретиўшилери.** Президентимиз И.А.Каримовтың «Биз хеш кимнен кем емеспиз ҳәм кем болмаймыз» деген уранында бай мазмун бар. Бунда бүгинги жетискеншиликлеримизден мақтаныш сезими ҳәм, еркин дөретиўшилик искерлигине шақырыў ҳәм мәмлекетимиздиң уллы келешегине исеним сәўлеленген. Бирақ бул алдыменен жасларымызға өсип киятырған әўладқа ғамхорлық, меҳир-мухаббат олардың күш ҳәм имканиятларына үлкен исенимди билдиреди. Ғәрезсизлик дәўиринде ҳәр бир жастың уқыплары ҳәм имканиятларын көрсете алыўлары ушын толық имканиятлар жаратыўы толығы менен мәмлекет сиясатына айланды. Бунда жасларды физикалық күшли, руўхый кәмил, ақылый жетик, мәнеўий пикирлеўши әўлад қылып тәрбиялаў миллет идеясы сыпатында илгери сүрилди.

Билимлендириў тараўын терең реформа қылыўдан, балалар ҳәм өсмирлер спортын раўажландырыўға шекем болған барлық кең көлемдеги реформалардың мақсети ҳәм соған қаратылған.

«Жасаў қай жерде жақсы болса, сол жер мен ушын Ўатан» деп жүргенлер табылады. Бундай көз-қараста, ҳақыйқый үатансүйиўшилик сезиминиң жоқ екенлигин көремиз. Себеби, бириншиден, жасаўдан мазмун ҳәм мақсет тек ғана жақсы жеп-ишиў, ҳәзликти ойлаў, өзи ушын «барлық қолайлықларға ийе болған «ҳәзликтен» ибарат емес. Тек ғана сол менен өмирдиң мазмун-мәниси, жасаўдан мақсет белгиленбейди. Екиншиден, бундай адамлар ҳақыйқый Ўатан мәплерин ҳәммеде ойлайды, бирақ оны тек ғана өз қабығында «жалаңаш» ҳалда сәўлелендирип, «Ўатан» сезимин билмеўи ақыр-ақыбетте бул адамды туўылған жер, оны өсирген ата-ана, жамаа, ел журт, халық, миллетиниң мақсети ҳәм истеклери, арзу-әрманларынан, тарийхый қәдириятларынан өин бийгана тутыўға алып келеди. Бундай адамда Уатанда жасап, ўатаннан тысқарыда өзин көриў менен байланыслы руўхый жағдай көзге тасланады.

Оны буған не мәжбүр етеди? Қандай себеплер соған алып келеди? Бунының себебин сондай қатлам «адамлардың өзлигинен» деп қарамастан, саўалға жуўап таўып болмайды. Адам өзлигин қандай аңласа, ўатанын да сондай аңлайды. Өзлигин аңламаған адам ўатанында аңламайды. Оны ўатан тарийхы қызықтырмайды. Ол өзи ушын жасаўдың мәнисин қай жерде болмасын жақсы жасаўда деп биледи. Ол өзиниң халқы, ата-анасы, миллети, мәмлекети алдында

ҳәм перзентлик пуқаралық миннетин сезбейди. Оның мақсети не қылып болсада «пул табыў», «жақсы жасаў». Сол қағыйда оның ушын «ата-анадан», ел-халықтан ҳәм жоқары, ўатанынан тысқары «Ўатан» болып көринеди.

Бундай адамлардың руўхый дүньясы өте «нәзик» ҳәм материаллық тийкарына қурылған. Бир тәреплеме, инсаный мәнистен узақ. Ўатанынан жат «менине» ийе. Ҳәр бир инсан өз «менине» әлбетте ийе болыўы табиийи ҳалат. Бирақ оның «мени» басқа инсанлар «мени» менен, халқының, миллеттиң «барлығы» менен бир жағдайда қәлиплеседи. Ҳақыйқый ўатансүйиўши инсанлар өзиниң «мени»н ўатанның тәғдийринен, миллети, халқының мәдений, қәдириятларынан, арзу-әрманларынан айра жағдайда көре алмайды. «мен» ниң өзине тәнлиги әне сол миллий руўхиятқа таянғанда, оған әмел қылып, улыўма инсаный мазмунға ийе болса ғана, адам өзиниң ҳақыйқый «мени»не ийе болады. Әлбетте, ҳәр бир инсан ушын Ўатанынанда әзиз, қәдирли, муқаддес мәкән жоқ.

Ўатан дегенимиз-киндик қаны тамған қандай да бир жер емес, бәлким ол оннанда көре әзиз болған халқының өтмиши, бүгини ҳәм келешеги есапланады. Соның ушын да «Ўатан» муқаддес, «Ўатан» ушын ҳәр бири инсан өзлигин пид етсе Ўатан абатлығы, азатлығы жолында, өзиниң перзентлик миннетин атқарған болады. «Ўатан ушын шала жумыс ислеп болмайды».

Ўатан ушын шала жумыс қылыў, бул ең үлкен гүнә ямаса оның ушын еш нәрсе қылмағанлықты билдиреди.

Соның ушында, Ўатанды аңламаў, оның ушын өзин бағышламаў мәрипеттен, мәнеўияттан узақ өзлигин аңламаған адамның иси. Бундай адамлар «бахыт»ты тек ғана материаллық затларда көреди. Материаллық байлыққа ийе болыўды бахыт деп түсинеди. Бирақ бахыттың тек ғана материаллық тәрепин көриўдиң өзи жетерли емес. Хақыйқый бахытты материаллық ҳәм руўхый байлықты бирликте деп билген адамғана анық ҳәм жетерли дәрежеде өзинде сәўлелендире алады.

Инсанның қарны тоқ, материаллық тәрептен тәмийнленген болса да бахытлы болмаўы мүмкин. Бахытты инсан өзинен, өз Ўатанынан излеўи ҳәм табыўы мүмкин. Оны сырттан излеў, ақыр ақыбетте пушайман болып руўхый қанаатландырмаўға алып келеди.

Инсан жаслық дәўиринде, оның өзине тән жоқары йошлы кейпияты, көтериңки ишки руўхый күш-қуўаты беккем болады. Оның Ўатан меҳри менен бирликте болыўына ерисиў, сондай сезимде жасаў, Ўатанға қызмет етиўге шақырады. Инсан Ўатанда жасап, оннан сыртта болып өзиниң Ўатанынан сыртта болып өзиниң ўатанынан ҳеш қашан айрылған жағдайда сезинбеўи мүмкин. Бунда оның қай жерде жасаўы туўрысында емес, бәлким, Ўатанға қатнасы, Ўатан ушын не қылып атырғанлығында. Ўатанға қатнасы, ўатан ушын не қылып атырғанлығында. Ўатанды ойласа, Ўатан ушын қайғырса халқының еркин ҳәм пәрәўан турмысқа ерисиўинде азғана болсада, өзиниң үлесин қоса алса, соның өзи ҳақыйқый ўатансүйиўшилик.

Бул ўатанның абройын, атагын жоқары қойыў, оны қәдирлеў ҳәм қәдирине жетип, қайғыра алыў менен байланыслы руўхый (жағдай) ҳәдисе есапланады.

Бул Ўатаны бар ҳәр бир адамға берилген уллы сыйлық дурыс пайдалана алыўы керек.

Еркин турмыс-бул инсанның өз қәлеўи, уқыбын еркин сәўлелендире алыўы. Өмир еркин болған жерде раўажланыў болады. Сонда адам өз имканиятларын жүзеге шығара алады.

Оның имканиятлары раўажланыўдың тийкарғы факторына айланады.

Еркин турмыс инсанға өз уқыбын, имканиятларын әмелге асырыўға, өзи сүйген кәсип, мийнет искерлигин еркин таңлаўға ҳәр бир адам ушын теңдей имканият жаратып берилген өмирге айтылады.

Бул пәрәўан турмысқа ерисиўдиң тийкарғы өлшеми. Әне сондай турмысты жаратыўды өзиниң алдына мақсет етип қойған мәмлекетте, пуқаралар азат ҳәм абат Ўатанға ийе болады. Бул оның Миллий ғәрезсиз идеясының баслы идеясы екенлиги гумансыз, терең философиялық мазмун ҳәм әҳмийетке ийе.

«Еркин турмыс» дегени бул қәлеген исти қылыў, ел, халық, ўатан алдында ҳеш қандай жуўапкершилик сезинбеў дегени емес. Бул инсанларға өз кәсибин еркин таңлаў, өзиниң уқыбына мас исти, биреўдиң тәсири көрсетпеси менен емес, өз қәлеўи менен әмелге асырыўы ушын имканият екенлигин билдиреди.

Инсан оны өз халқы, Ўатан көрки жолында пайдаланыўды кеўилине алып ислеўи керек. Оның қолы, ақылы, ой-өриси, уллы дөретиўшилик ислерине бағдарлаўы керек.

Өмир еркинлиги кең мәниске ийе. Оны жәмийет көлеминде көргенде: мүликшиликтиң көп түрлилиги, базар экономикасы менен байланыслы еркин бәсеке сиясий институтлар, пикирлер, ҳәр-түрлилиги ҳәм социал өмирдиң тийкарларын еркинлик принципине қойылғанлығын билдиреди. Еркин турмыс дегени бул бәсекиге кирисе алыў имканияты. Өз имканиятларын жүзеге шығара алыў ушын бәсекилесў, өзлигин көрсетиў, дөретиўшилик жолында арзу-мақсетине жетисиў ушын жасаў, соған умтылыў болып табылады.

Бүгин Өзбекстан жаслары ғәрезсизлик арқалы дүньяның түрли мәмлекетлеринде оқып ислеп атыр. Олар арасында хызмет ўазыйпасын атқарып жүргенлер менен бирге түрли тараўларда искерлик алып барып атырған исбилерменлерде көп. Сөзсиз, бул үлкен имканият. Бул имканияттан Өзбекстан ушын өз халқы, ўатанының келешеги ушын пайдаланыўды кеўилине түйген жасларымыз көп. Бирақ бул имканиятлардан басқа мақсетлер жолында пайдаланып жүрген айрым жасларда табылады. Жақында, Өзбекстан телевидениеси арқалы бир журналисттиң сырт елде болып, ол жерде оқып атырған Өзбекстанлы жаслар менен ушырасыў ҳаққындағы көрсетиў болды. Сонда, Ўатаннан сыртта оқып атырған жасларға қарата, хошласыў алдынан ертең Өзбекстанға қайтыўын Ўатанға қандай тилеклери бар екенлигин сорағанында көпшилиги бир-бирине қарап, «Ҳеш қандай гәп жоқ» дегендей мәниссиз бир көринисте өзлерин тутыўлары, адамды ойландырмастан қоймайды.

Бүгин қай жерде оқып ямаса ислескенде, қандай мийнет искерлиги менен бәнт болыўына қарамай, оның пайдасынан гөзленген мақсет Өзбекстанның келешеги ҳәм ғәрезсизлигине хызмет етиўи керек.

Оның ушын қәлбимизде әне сол Ўатан ҳәм халқымызға болған исеним ҳәм ийман қәншелли беккем болса, соншама оған қызмет қылған боламыз. Сонда биз «Қай жерде жасаў жақсы болса, сол жерди Ўатан» деп емес, туўылып өскен, халқымыздың тәғдийри тутас болған Ана Ўатан-Өзбекстанды Ўатан деп билемиз. Ўатан жалғыз ҳәм биреў болады.

Бүгинги күнде Президентимиздиң узақты гөзлеген жаслар сиясатының турмысқа сәйкеслиги өзиниң дурыс екенлигин көрсетпекте. Мәмлекетимиз пуқарасы Р.Қасымжановтың Ливия пайтахты Триполи қаласында өткерилген шахмат бойынша дүнья чемпионатында барлық қарсыласлары үстинен үстем болып, жәҳән тажына ийе болғанлығы буған мысал болады. Бундай үлкен жеңислер азат ўатанға мүнәсип перзент болатуғын ҳәр тәреплеме жетилискен әўладтың миллет абройын қорғай алатуғын интал, саламат, ақлый ҳәм физикалық имканиятлары менен өз мәмлекетиниң атағын тағыда жоқары көтериўге таяр болған жаслар өсип келатырғанынан дерек береди.

«Журтымыз-деп атап айтты Президентимиз И.А.Каримов Шахмат бойынша жәҳән чемпионы Р.Қасымжановқа жиберген қутлықлаўында,- ғәрезсизлик адымларымыз ушын алды менен, жас әўлад ушын, қәншелли үлкен

имканиятлар ашып бергенин бизиң ҳеш кимнен кем емеслигимиз ҳәм ҳеш кимнен кем болмаслығымыздың тағы бир әмелий дәлийли».

Дурысында да, келешекке бағдарланған миллий ғәрезсизлик идеясының турмысқа сәйкеслиги мине усындай нәтийжелер менен өз дәлийлин таўып барады. Кәмил инсан, бәркәмәл әўлад тарбиясы миллий ғәрезсизлик идеясының баслы мақсетлеринен есапланады.

Әлбетте, Өзбекстанда мийнетти ҳәр тәрепleme уллылаў, кәсип-өнерди раўажландырыў, ғәрезсиз пикирлеўди, исбилерменликти жетилистириў орталығын жаратыўға үлкен әҳмийет берилип атырғанлығы пәрәўан өмирди тәмийнлеўге улыўма миллий ўазыйпа сыпатында қаралып атырғанлығының дәлийли.

Сол менен бирге, пәрәўан өмир тек ғана материаллық жемислерге ийе болмай, бәлким кәсип-өнер, заманагөй технологияларды ислеп шығарыўға қаратыў ҳәм дөретиўшилик искерлигин қойыўды билдиреди.

Булардың барлығына инсан еркинлигисиз, жаслардың санасында миллий идеяның өмирге сай булақларын абайлап қәстерлеп өсирмей турып ерисип болмайды. Жасларымыз барлығы материаллық ҳәм руўхый жемислердиң бирлиги тийкарындағана ҳақыйқый пәрәўанлыққа ерисиў мүмкиншилигине исеним пайда етеди.

## 11-тема. Миллий идея ҳәм демократиялық раўажланыў.

**Демократиялық раўажланыўда миллий ғәрезсизлик идеясы.** Ғәрезсизлик, демократия ҳәм раўажланыў өз-ара байланыслы түсиник. Себеби, егер миллий ғәрезсизлик болмаса, еркинлик те, еркин раўажланыў да болмайды. Пуқара еркинлиги миллет еркинлигинен бөлек түсиник емес. Соның ушында, Өзбекстан өткен әсир басларында ғәрезсизликти қолға киритkenде бир-бири менен байланысып еки ўазыйпа күн тәртибинде турар еди: биринщиси-ғәрезсизликти беккемлеў болса, екиншиси-базар экономикасына тийкарланған демократиялық жәмийет қурыў.

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстанда бул еки процесс табыслы даўам етпекте ҳәм мәмлекетимиз раўажланған мәмлекетлер қатарына кирип бармақта. Және бир нәрсе анық болды, экономикалық раўажланыў гуманитар-сиясий ҳәм руўхый-ағартыўшылық раўажланыўы менен үзликсиз байланыста болыўы керек. Басқаша айтқанда, экономикалық раўажланыў аспаннан түсетуғын нәрсе емес, бәлким оны Өзбекстан халқының өзи әмелге асырады. Яғный халқымыздың руўхый-ағартыўшылық сапасы, билим ҳәм қәнигеси, потенциалы, улыўма мәдений дәрежеси қәншелли жоқары болса, экономикалық раўажланыўы да соншелли тезлесип, «еркин, пәрәўан омирди тәмийнлеўге шәраят жаратылады».[1] Халықтың ҳәр бир қатламы, ҳәр бир пуқара буны жақсы аңлап жетип, усыған қарап ис алып барыўы керек болады. Яғный демократия – еркин жасаў ҳәм еркин искерлигин алып барыў, пикир билдириў, өз еркин сүўретлеў, хақ-ҳуқықларынан биймәлел пайдаланыў ҳәм жәмийет ислерине актив қатнасыўын аңлатады. Өзбекстан Республикасы Конституциясы буған кепиллик береди. Бирақ, ҳәзирги ўақытта, демократия жоқары руўхыйлық ийеси болыў, жуўапкершиликти ҳәм жамийет алдындағы ўазыйпаны сезиўди талап етеди. Нызам, хуқық имканиятлар берсе, әдеп-икрамлылық, парыз, өзгелер мәпи менен есапласыў, инсаныйлық үрп-әдетлери, хүждан болса жуўапкершилик жүклейди, ҳәр бир индивидуал инсан мәпи менен жәмийет мәпи үзликсиз байланыслы екенлигин ҳәр саатта бизге билдирип турады. Усы себепли ҳуқық ҳәм парыз, еркинлик ҳәм жуўапкершилик

---

[1] Каримов И.А. Озод ва обод, эркин ва фаровон ҳаёт-пировард мақсадимиз. 8-жилд.-Т., Ўзбекистон, 2000, 19-бет.

ҳәмме ўақыт бирге, үзликсиз байланыста әмел қылатуғын түсиниклер болып есапланады. Өз-ара бәсеки, ақыл зәкаўат гүреси ҳәм исбилерменлик қәсийетлери де усы топырақта әдалат өзенине түседи, кисиниң киси тәрепинен ҳақтан-ҳақ езилиўи, зорланыўына жол коймайды.

Демократия ҳәмме тараўларда жеке қәбилетин таярлады, бәсеки ҳәм «ким озар»ға шыдаўын талап етеди. Бул үзликсиз рәўиште излениў, ислеп шығарыўды әмелге асырыў, ҳәр дайым алға илгерилеўди талап етеди. Жедел емес, жаңалық жаратыўға урынбаған адам раўажланыўдан арқада қалып кете береди. Буның ақыбетинде шахста жаўызлық, жеке мәпин үстин қойыўға тәнлик жүзеге келиўи мүмкин. Жаўызлықтың бир неше тәреплери бар: өз қәбилетин иске салып, пикири ҳәм режелерин өмирге енгизиў де жаўызлық болып табылады, яғный шахс сыпатында өзликти көрсетеди. Буны жақсы мәнидеги жаўызлық деп атаў мүмкин. Бундай жаўызлық, индивидуал ҳәрекетлер жәмийет раўажына жәрдем береди. Бирақ өзин ойлайтуғын, басқалар мийнети есабынан байыўға умтылыўшы шахслар да бар. Олар өзлериниң ең дана, ең күшли есаплап, әтирапындағыларға писентсиз қатнаста болады, жаман сезимлерге бериледи ҳәм жәмийет раўажланыўына пайда тийгизбейди. Мине бундай менменлик ҳәм ҳүкимранлыққа тийкарланған жаўызлық негизинен руўхый жарлылық ақыбетинде пайда болатуғын иллет. Яғный, «өзим болайын» философиясы миллий ўатанпәрўарлық сезимин жоқ қылады. «Өзим болайын» деп умтылатуғын адам ийман-исенимин де өлтиреди. Бундай адам ҳарам-хадал, жақсы-жаманды да парықлай алмайды, қандай болмасын, қай жерде болмасын өзлестирип алса болғаны, басқасы менен жумысы жоқ.

Сонысы мәлим, бизиң уллы шайырларымыз, алымларымыз, бабаларымыз, әўлие-шайхларымыз нәпис ҳәм көре алмаўшылыққа, шайтанлық нәписке берилиў, бул жолда адамларға жәбир-зулым қылыўға қарсы шыққанлар. Халқымыз әдеп-икрамлылығының ең жақсы тәреплери сол себепли ҳәзир де өз күшин көрсетпекте. Биз тарийхымыз, уллы мәдениятымыз естеликлери, руўхый қәдириятларын тикледик. Халқымыздың руўхы тикленди. Уллы руўхый мийрасымыз бенен мақтаныш етемиз, уллы Ўатан перзентлери екенлигимиз кеўлимизди мақтанышқа бөлейди. Буның өзи Ўатанымыздың бүгини ҳәм келешеги ушын қайғырыўға деген сезимин оятады. Биз шынында да ояў халық сыпатында дүньяға бет бурып атырмыз, дос-душпанды ажыратып, миллий мәплеримиз ушын гүреспектемиз.

**Миллий идея, демократия ҳәм миллий миллетшилик.** Сыр емес, демократия еркин пуқаралық жәмийет екен, онда ашық байланыслар, нызам негизиндеги мүнәсибетлер анық тийкарға қойылып, ол әшкәралықты жүзеге келтиреди ҳәм нызамға тийкарланған ҳалда жәмийетлик әдалат тиклениўге ерисилди. Инсан ҳуқықын тәмийнлеў ҳәм қорғаў биринши дәрежели әҳмийет пайда етеди.

Басқаша айтқанда, жәмийет ишинде турып активлесип, беккемлесип барады, өзин-өзи басқарыў анық қәдемлер қойылады. Бирақ, буннан демократия шәраятында мәмлекеттиң басқарыўшылық роли таўсылды деген жуўмақ шығармаў керек. Айрым Батыс философлары (соның ишинде Карл Поппер) өзиниң «Ашық жәмийет ҳәм оның душпанлары» китабында беккем миллий мәмлекет демократия раўажланыўға тосқынлық қылады деген пикирди алға қояды. Оның нәзеринде мәмлекеттиң күшейиўи «ашық жәмийет» кисилериниң еркин искерлик көрсетиўи, пикири, еркин сәўлелендириў қәбилетин иске салыўға кесент береди. Оның негизги себеби мәмлекет басқарыў абыройын ийелеп ҳәкимият, лаўазым идеалластырады. Нәтийжеде, мәмлекет баслығының пикири негизги пикир болып, қалған пикирлерди буўады. Оның пикиринше, бул авторитаризмди жүзеге келтиреди. Демек, шын демократияға әмел қылмай қалады, дейди. Оның нәзеринде, усылай етип, миллий идея ҳәм ақыр-ақыбетте

миллетшиликке алып барады ҳәм тоталитаризм қәўпин туўдырады. К.Поппер, Платон, Аристотель ҳәм Гегель философ көз-қарасларын критикалап, ҳәр бир шахстың индивидуал пикири, умтылыўы ҳәм дүнья қарасы итибарға алмай, бәлким айрықша қәлиптеги идеяларға ҳәмменің бойсыныўын талап етип келген. Адамларды «Жоқары шынлық» тәризинде бағышланатуғын идеялардан қутқарыў керек. Сонда шахс еркинлиги тәмийнленеди, деген еди К.Поппер. бундай пикирге толық қосылып болмайды. Идеялардың абсолютлестирилиўи мәмлекеттиң ҳәм мәмлекет баслығы болған жеке шахслардың абсолютлестирилиўине алып келеди. Нәтийжеде, бундай шахслар өзлерин кемшиликлерден тыс, критикадан жоқары деп сезе баслайды. Бул жәмийет ҳәм мәмлекет арасында жатласыўын жүзеге келтиреди. Нәтийжеде, тоталитар идея басқарыўшылық, турғынлық жүз береди. Этикасы пәс адамлар лаўазымларды ийелеп, саламат пикирлеўди буўады. Бундай шәраятта экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажланыў тоқтап қалады.

«Мәмлекетти иләҳийлестириў қуллық ҳәм басқыншылық ҳүкимран болған дәўирлерден қалған адамлар қарамлықларының ең жаман көриниси», деп жазады К.Поппер.

Улыўма, К.Поппер көп ғана пикирлери бирқанша бәсекели. Бирақ, демократиялық принциплерге әмел қылатуғын жәмийетте бундай иләҳийлестириўлерге орын қалмайды. Бирақ, демократия шәраятында да мәмлекет экономикалық-сиясий институт сыпатында сақлап қалынады ҳәм оның функциялары толық әмел қылады. Мәмлекеттиң абыройы жоқары болыўы жәмийет рўажланыўы ушын зәрүр. Күшли, әдалатлы жәмийет мәмлекетсиз жасай алмайды. Себеби, мәмлекет жәмийет турақлылығы, миллет тынышлығы ҳәм экономикалық раўажланыўдың бас реформаторы болып табылады.

Ҳәр бир халық өзиниң миллет ғәрезсиз мәмлекети менен өзлигин көрсете алады. Халық-аралық раўажланыў шараятында басқа мәмлекетлер менен бәсеке қыла алады. Қулласы, халық, миллет, мәмлекет түсиниклери ажыралмас бир пүтинлиги есапланады.

Өзбекстанның ғәрезсиз мәмлекет сыпатында барлығы оның миллий мәмлекетшилиги раўажланыўы менен биргеликте алып қарағанда мазмуны ҳәм әҳмийетине ийе болады. Тарийхый тәжирийбелер өтиў дәўиринде мәмлекеттиң реформаласыў роли шексиз үлкен болыўын тастыйықлап келмекте. Усы мәниде, ғәрезсиз Өзбекстан миллетти халқымыздың ерки ҳәм руўхын сүўретлейтуғын, оның бирлигин тәмийнлеўдеги орны айрықша болып есапланады..

Мәмлекетти тек бир ғана басқарыў аппараты деп қараў жетерли емес. Бул анықлама демократия шараятында да миллий бирлик ҳәм халықтың руўхый бир пүтинлиги, демек, уйысып, бирлесип, раўажланыў жолына шығыўына кесент береди. Қала берсе, раўажланыў да, демократия да өз-өзинен болмайды. Мәмлекет қәўипсизлигин, тынышлығын тәмийнлеў, сиясий мәп пенен соқлығысыўда миллий мәпти қорғаў мәмлекет жуўапкершилигинде есапланады.

Демократия шәраятында, әлбетте, мәмлекет ҳәм оның қурам бөлеги болған ҳәкимиятқа қатнас өзгереди. Себеби, ҳәкимият жәмийет қадағалаўы астында болады. Сайлаў ҳәм сайланыў механизминиң әмел қылыўы, мәмлекет басшыларының есап берип турыўы, жәмийет бирлеспелериниң активлиги-булардың ҳәммеси мәмлекеттиң улыўма идеяларға берилиўине жол қоймайды. Яғный шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет өз-ара жақынласып барады. Бир-бирине есап бериў күшейеди.

Усындай шәраятта миллий идея қандай әҳмийетке ийе болады, ол демократиялық қәдриятлардың халық санасына сиңиўи ҳәм әмелге асырылыўына тосқынлық қылама ямаса мәмлекеттиң иләҳийлесиўине себеп болама?

Буған тек ғана «жоқ» деп жуўап бериў мүмкин.

Биринshiden, миллий идея-бул ҳәр бир шахс ҳәм идеясы пикирлер ҳәм идеологиялар ҳәр түрлилигине тийкарланады; миллий идея-жәмийет идеологиясы мәмлекет идеологиясы емес;

Екиншиден, миллий идея негизинде ўатанпәрўарлық, миллетпәрўарлық сезими жатады. Демек, миллий идея ҳәм миллий раўажланыў, журт раўажы байланыслы. Усыдан келип шыққан ҳалда Президентимиз И.А.Каримовтың «Азат ҳәм Абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў-баслы мақсетимиз» деген даналық сөзинде терең мәнис бар. Бул сөзде ғәрезсизликтиң мәңгилиги, демократиялық еркинликлер, ўатан раўажланыўы, ҳәр бир пуқара өмириниң пәраўанласыўы көзде тутылады.

Үшиншиден, миллий идея ҳеш нәрсени, миллетти де, жеке адамларды да иләҳийлестириўин нәзерде тутпайды, бәлким халықтың ең ийгиликли сезимлерин, умтылыўларын сүўретлеп, дөретиўшилик ислеринде хошаметлеп турады.

Төртиншиден, миллий идея әлле қандай тоталитар қәсийетке ийе идеология емес, ол бир шахс ислеп түсирилген «бир идея» да емес. Ол халықтың өз ақыл-ойының жемиси болып, миллий ҳәм руўхый негизге таянады.

Бесиншиден, миллий идея улыўма инсаный пикирлер, илимий утысларды жыйып сиңдириўди де көзде тутады. Европа ойшылларының бири К.Гельвеций жазған еди: «Ўатанға мухаббат пүткил дүньяға мухаббат пенен муўапық келеди. Илим ҳәм ағартыўшылық нуры менен суўғарылған ҳәр бир халық усы менен өз қоңсыларына зыян келтирмейди. Керисинше, мәмлекетлерде қаншелли ағартыўшылық болса, олар өз-ара идеялар, билимлер алмасыўына сәйкес болады ҳәм ақыбетте пүткил дүнья жүзи раўажланып бара береди». Сол себепли, миллий идея мәмлекетти жекелеп қояды, раўажланыўды пәсейттиреди деўшилер қәте қылады.

Солай етип, миллий идея-миллий раўажланыўдың басқарыўшысы.

Гәп, бунда мәмлекетшилик идеясы, мәмлекет потенциалы менен мақтаныш етиў де әҳмийетли орын тутады. «бул-мениң халқым, бул-мениң Ўатаным», деп мақтаныш ете алған адам «бул мениң мәмлекетим» деп мақтана алыўы да керек. Мәмлекет бир организм сыпатында өзин қәлиплестирип демократиялық жәмийетти пайда етиўши күш сыпатында ҳәр қашан миллет раўажланыўына басшылық етип турады.

Өзбекстанның ғәрезсизлик дәўиринде раўажланыўы, өзине сай раўажланыў жолы буны дәлийллеп тур.

Данышпан Гегель былай деп жазған еди: «Халықтың түп мақсети мәмлекет болыў ҳәмде өзин усы ҳалда сақлаў болып есапланады. Халық мәмлекетсиз ҳеш қандай тарийхқа ийе болмайды… Мәмлекет халық өмириниң, яғный искусствосының әдеп-икрам, дин пәнниң тийкары ҳәм оларды әтирапына топлайтуғын халық руўхы есапланады».

Гегель пикиринше өзлигин аңлаўдың жоқары көриниси де миллий өзликти аңлаў есапланады. Себеби, адамлар өзлериниң бир тарийх, бир руўх, бир мәкан кисилери деп сезбесе ҳәм усылар негизинде бирлеспесе, тарийх сахнасына шыға алмайды, яғный тарийхтың өзи «миллетлер руўхының бәсекилесиўи болып табылады». (Гегель)

Демек, миллий раўажланыў принциплери төмендегилерден ибарат:

1. Миллий ғәрезсизлик идеясына тийкарланған раўажланыў, пидайылылық ҳәм ўатанпәрўарлық.

2. Миллий-руўхый жоқарылаў ҳәм илимий потенциал, мәдений дәрежениң жоқарылығы.

3. Миллий бир пүтинлик, сиясий турақлылығы

4. Беккем миллий мәмлекетшилик негизлериниң бар болыўы.

5. Миллий өзликти аңлаўдың жоқары дәрежеде болыўы ҳәм басқалар.

Миллий идея демократия ҳәм миллий мәмлекетшиликтиң негизлерин шөлкемлестиреди.

**Миллий идея, еркин пуқара ҳәм азат шахс.** Президент Ислам Каримов биринши шақырық Олий Мәжлистиң XIV-сессиясында шығып сөйлеген баянатында[1] қолға киритилген жетисенкликлерди көрип шығып анализлеп шығар екен, жақын жыллардағы тийкарғы үстем бағдарлардан бири сыпатында «жәмийет руўхыйлығын тағыда жетилистириў» деп дағазалады.

Буның ең жоқары бағдары есапланатуғын «мәмлекет сиясий, экономикалық, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын және де еркинлестириў» ўазыйпасы менен қандай байланысы бар? Айтыў керек, биймәлел байланыс бар. Себеби, сиясий ҳәм экономикалық өмирди еркинлестириў деген гәп жәмийет дизимин, пуқаралардың өзин-өзи басқарыўын раўажландырыў болып табылады. Буны ким әмелге асырады? Әлбетте, пуқаралардың өзи. Усылай екен, пуқаралар өз хуқық ҳәм еркинликлерин билместен, активлеспестен, сиясий санасы жоқарыламастан, шын мәнисте ўатапәрўар, пидайы болмастан усы ўазыйпаларды әмелге асыра алмайды.

Бул үлкен ўазыйпаны орынлаў ушын ҳәр бир пуқара шын мәнисте пуқаралық парызын аңлаған, гүресиўге бейим ҳәм актив болыўы лазым.

Еркин пуқара ҳәм азат шахс төмендеги төрт тәрепин, яғный:

1) өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин билетуғын ҳәм оның ушын гүресетуғын;

2) өз күши ҳәм имканиятларын иске салып оның нәтийжесин көретуғын;

3) әтирапында болып атырған ўақыя-ҳәдийселерге ғәрезсиз қарым-қатнас билдире алатуғын;

4) жеке мәпин мәмлекет ҳәм халық мәпи менен байланыслы искерлик жүргизиўи лазым.

Бул-Өзбекстан ул-қызлары пазыйлетлери ҳаққында заманагөй анық ҳәм толық тәрийп болып есапланады. Дыққат берсек, бунда сөз ҳәр күн бизге керек болатуғын, ҳәр биримизди пүткил жәмийетти безейтуғын сезимлер ҳаққында екенлиги мәлим болады. Усы студентлер өз-ара бир-бири менен байланыслы. Өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин билген адам, өз күшине таянып имканиятларын иске сала алады. Өзи де пайда көреди, жәмийетке де мәмлекетке де пайда келтире алады. Екиншиден, өз ҳуқық ҳәм еркинликлерин таныған адам өз журтында болып атырған ҳәм оның әтирапында болып атырған ўақыяларды талқын етиўди үйренеди, ақ-қараны ажыратып, жақсы, жаман деген не парқына барады. Ең баслысы, мәмлекет ҳәм миллет мәпин қорғай алады. Өз мәпин танымаған адам миллет ҳуқық ҳәм еркинликлерин де билмейди, халық-аралық майданда Өзбекстан мәпин қорғай алыўына қурбы жетпейди. Мысал усы тәризде алып қаралыўы керек. Пуқараның кәмалаты бул журт кәмалаты, пуқараның еркинлиги-бул журт еркинлиги, деп түсиниў зәрүр. Усындай еркин, азат пуқаралар жәмийетлик өмирди жаңалаў, реформаластырыўдың жылдам кисилери болады. Күйиншеклик, пикирий излениўшилик, жаңалық жаратыўға қызығыўшылық, раўажланыўдың жаңа әўладтың пазыйлети. Бундай адамлардың тынышсыз қәлби, тынымсыз ақыл-ойы, ийгиликли ислерге бағдарланған сана сезимлери менен халықты алға баслайды, миллет руўхын оятады, күшине күш қосады.

Миллий тәрбия бундай адамларды қаншелли көп тәрбиялап шығарса, алға илгерилеў имканияты соншелли жоқарылайды. Ислам Каримов мәмлекетимизде жасап атырған бәрше жаслар усындай бириншиликте, өз исинен, искерлигинен разы болатуғын адамлар болыўын қәлейди; талдырып таслаў, қарамлық, ақыбетсизликти инсанға тән болмаған иллет деп биледи. Президент өзиниң Өзбекстан миллий ахборот агентлиги хабаршысы саўалларына берген жуўапларында («Қырағылыққа шақырыў») буны анық түсиндирип береди: «Егер

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон ХХ1 асрга интилмоқда.-Т., Ўзбекистон, 1998, 18-бет.

биз өз күши, потенциалына исенетуғын, жатып ишерликти ар деп билетуғын, ең раўажланған мәмлекетлердиң алдыңғы қатардағы адамлар менен теппе тең қарым-қатнас қыла алатуғын, ақты қарадан, жақсыны жаманнан ажырата алатуғын бул қурамалы, аяусыз турмыстың ойлы-қырлы, шаңлы көшелеринен Алла инам еткен ақыл-ойы менен туўры жолды таба алып саламат әўлады тәрбиялап шығарсақ, мен ойлайман мақсетимизге толық ерискен боламыз»[2].

Демократияға тән болған әмелий бәсеки орталығы ҳәзирги ўақытта шахста күшли ақылый потенциал, илимий-изертлеўшилик қәбилет болыўын да талап етеди. Бунның нәтийжесинде илим-ағартыўшылықтың қәдири артып барады. Әсиресе, ахборот алмасыў тезлесип бараберeди. Илимий ой-өриси фундаментал изертлеўлерге талаб күшейеди. Кисиниң руўхый ағартыўшылық дәрежеси жоқары болса ғана, практикалық қәбилет пайда бериўи мүмкин. Интернетке, күнделик хабарларға талаптың артыўы менен бирге, китапқа муҳаббат та пәсеймеў керек. Себеби, китаптан алынатуғын билимди ҳеш нәрсе менен толтырып болмайды. Ахборот теориялық билимди емес, ал хабардарлықты асырады. Теориялық билим, салыстырмалы анализ қәнийгелик китап астында пайда болады. Буннан тысқары, китап қәлиб ҳәм кеўилге азық береди. Ақлый уқыплылық ҳәм руўхый тәрбия, қәлиб арқалы толысғанда жақсы, керисинше болса, ол жаўызлық тийкарына айланып қалыўы мумкин. Суўық, бийпәрўа ой-пикирлер адамды мийрим-шәпәәтсиз етеди. Сол себепли, ақыл қәлиб арқалы жетилискенде, мағлыўматлар инсан сезимлери менен қосылғанда кәмилликтиң жүзеге келиўи, кәмил инсан болып жетилисиўи мумкин. Ҳәзир соның ушында шахсды руўхый-этикалық тәрептен тәрбиялаўдың әҳмийети артып бармақта. Экономикалық өсиў руўхый өсиўден ажыралған жағдайда болмайды.

Өмир соны көрсетеди, инсан алды менен белгили бир идеология, дүньяға көз-қарас системасына, әсирлер даўамында қәлиплескен руўхый тәжирийбеге таянып жасайды. Адамды қәлиплескен көз-қарасынан ажыратып болмайди.Егер дуньяға көз-қарас дурыс жақсылық тийкарында қәлиплескен болса, инсан сол бағдарда ис-ҳәрекет жүритип билимин, уқыбын да соған сарп етеди. Егер керисинше болса, демек надурыс жолды таңлайды, адасады ямаса озын «ҳақ» деп бузғыншылық етеди. Дөретиўши шахс жақсы идеялар тийкарында тәрбияланған еркин шахс есапланады. Сол себептен, миллий идея ҳәр бир пукараның ҳәм пүткул халқымыздың қәлбине жайласыўы, оны руўхлантырыўы, шыдамлы ҳәм йошлы етип тәрбиялаўға хызмет етиўи керек. Миллий идея бизиң тарийхымыз, бүгинимизди ҳәм келешегимизди бирлестиреди.

**Азат шахс–демократия раўажланыўының өлшемлеринен бири.** Улыўма миллий идея, еркин пуқара ҳәм демократия – жоқары дәрежеде раўажланған кисилер жәмийети, инсаныят ерискен уллы жемис, көпшиликке мақул жасаў формасы. Бирақ оның әмелге асыўы барлық мәмлекетлерде бирдей емес. Ҳәр бир мәмлекет демократияның улыўма қәдрият ҳәм принциплерин өз миллий қәдриятлар зәмийнинде өз халқының узақ тарийхы даўамында қәлиплескен дәстүрлери менен қосып қабыл етилгенин билемиз. Мысалы, АҚШ ямаса Англия, Франция (басқа Европа мәмлекетлери де) демократиялық мәмлекетлер болса да, бирақ ҳәр бири өз миллий руўхы, үрп-әдетлери де сақланған. Япония, Корея, Малайзия сыяқлы мәмлекетлерде де демократиялық система миллий ҳәм диний дәстүрлер тийкарында әмелге асырылмақта.

Өзбекстанда да әне усындай болыўы ушын умтылмақтамыз. Президентимиздиң барлық шығармаларында буған айрықша итибар берилип, миллий қәдириятларды тиклеў, миллий әдеп-икрамлылықты беккемлеў ушын халық өзлигин жоғалтпаўы керек. Бул болса нағыз ўатанпәрўарлық негизинде, ҳәр бир пуқараның жоқары ойлылығы тийкарында қолға киреди.

---

[2] Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. 8-жилд.-Т., Ўзбекистон, 2000, 26-бет.

Солай етип, миллий идея өмирди ҳәм келешекке идея. Ол раўажланыў ҳәм мәмлекет пуқараларын бирликке, ағартыўшылыққа алып баратуғын инсаныйлық ҳәм раўажланыўшы идея.

Миллий идея ҳәр қандай «измлар» (коммунизм, панисломизм, пантуркизм киби) зыянлы ҳәм өмирин өтеп болған пикирлерди де бийкарлайды. Ўатанға, халқына тек ғана мухаббатлы инсан жетик мәнеўиятлы, мәрипетли бола алады. Мәрипетли адам өз еркин басқалар ерки менен бирге деп биледи, өзгелердиң жасаў тәризи, исеними ҳуқықын ҳүрмет қылады. Бизиң уллы бабаларымыз Фарабий, Баҳаўатдин Нақшбандий, Алишер Наўайы әне усындай жетик, кәмил инсанлар ушын гүрескен. «Нақшбанд ушын шаҳ пенен гедейлер барабар еди, ол қул сақламас ҳәм ҳеш қашан ҳеш кимге қул емеслигинен мақтаныш ететуғын еди», деб жазады Наўайы. Ҳәзрет Наўайы шығармаларында сәўлеленген идеялар бүгин де бизге үлги ҳәм сабақ болмақта.

Миллий тәрбия пүткил мәнеўий байлықты, инсаный жеңислерди өз ишине алады, еркин шахсқа қанат бағышлайды. Оны руўхлантырады.

XXI әсир ҳәр тәреплеме компромис ҳәм келисимлер әсири болады. Динлер, мазҳаблар, тәлийматлар арасында келиспеўшилик жүзеге келеди, инсан бахты ушын хызмет қылатуғын нәрселер ең әҳмийетли қәдрият деп қабыл қылыныўы лазым. Не нәрсе инсан ушын жарамлы болса, ол зәрүр, не нәрсе инсанлар өмирине қәўип салса, раўажланыўға, өз-ара жақынласыўына кесент етсе, ол зәрүрли емес ҳәм зыянлыдур. Инсаният тарийхы соған гуўа, дүнья илим-мәрипети жәмленген, синтезленген жайда жетик раўажланыў әмелге асады, инсан шахсы кәмал табады.

Ислам Каримов өзиниң «Ғәрезсизлик ҳәм мәнеўият»[1] атлы мийнетинде глобал идеяларды миллий мәнеўияттың негизлеринен бири деб көрсеткен еди. Себеби миллий мәнеўият қурғақ жерде пайда болмайды, ол халықтың тарийхый қәлиплескен үрп-әдетлери ҳәм улыўма инсаный қәдриятлар менен қосылып байып барады. Басқаша айтқанда, улыўма дүньялық, миллийлик руўхында санасына мазмун пайда етеди ҳәм раўажландырады. Сол руўхта тәрбияланған адам болса демократиялық принциплерге сай, азат руўхы күшли инсан болады.

Биз балаларымызда шын мәнисте дүнья менен тартыса алатуғын батыл, қәлби ҳәм тилинен адамлар азап шекпейтуғын, шығысқа тән әдеп-икрамлы, лекин ҳақын биреўге бермейтуғын ҳәр тәреплеме шыныққан, ақыллы, сағлам, беккем қылып тәрбиялаўымыз лазым. Олар Фарабий, Ибн Сино, Баҳаўатдин Нақшбандий, Мырза Улуғбек киби уллы бабаларымыз мийрасын да Шекспир ҳәм Данте, Л.Толстой ҳәм Гёте, Байрон ҳәм Гюго мийрасын да үйренсин, бөлиссин, халқына ҳәм заманға мүнәсип перзентлер болып жетиссин.

**Миллий тәрбияның бас мақсети дегенде:**

А) ески тоталитар идеологиядан азат;

Б) қуллық, қарамлықты тән алмайтуғын;

В) мәнеўий зулымнан азат;

Г) өз ҳуқықын таныған;

Д) өз күши имканыятларына исенген;

Е) өз пикири, көз-қарасына ийе болып, әтираптағы ҳәдийселерди әдалатлы түсине алатуғын;

Ж)өзин басқара алған, үлкен потенциалға ийе, пидайы жақсы нийетли адамлар, кәмил инсанды қәлиплестириў түсиниледи.

Шахслары әне сондай кәмил болған журт ҳәр тәрептен раўажланады. Халқы да пәраўан жасайды. Ғайратлы, уқыплы, билимли, исбилерменлик-мәмлекет раўажланыўының баслы факторы. Уллы француз жазыўшысы В.Гюго айтқан еди «Дүньяда киши халықлар болмайды…адамлардың уллылығы оның

---

[1] И.Каримов. Истиқлол ва маънавият.-Т:Ўзбекистон,1998, 64-бет.

геўдеси менен өлшенбейди, халықтың уллылығы да ҳеш қашан оның санының көплиги менен өлшенбейди». Бирақ өзликти аңлаў тийкарында оның өзине тән өзгешеликлерин сақлаў ҳәм жетилистириў үлкен әҳмийетке ийе. Руўхый қәдриятларды тиклеў арқалы өзбек халқы өзиниң ата-бабалары ким, дүнья картасында қандай абыройға ийе екенин билип алмақта. И.Каримов «Биз ҳеш кимнен кем емеспиз ҳәм ҳеш кимнен кем болмаймыз» дегенде еки тәрепти нәзерде тутады:

1) Жәҳән мәдениятына үлес қосқан, тарыйхымыз әне сол миллий мақтаныш, уқыплылық, умтылыў негизинде бирлесип бир мақсетке қарай ҳәрекет қылыўға имкан жаратады.

2) Ендиги ўазыйпа-әне сол имканиятты иске салыў, яғный оқып үйренип, билим ҳәм тәжирийбени пайда қылыў, дүнья көлемине кирип барыў ҳәм өз орнын ийелеп алыўдан ибарат.

Бирақ әне сол жолда өзликти жоғалтпаў өз миллий қәдриятларын ой өрисин, әжайып өзгешелигин сақлап қалыўы тийис. Бул оғада қурамалы ўазыйпа. Себеби, раўажланған мәмлекетлердиң барлығы да бизди қушақ ашып күтип алып атырғаны жоқ. Бул биринщиден.

Екиншиден, олар ҳәр бир жағдайда өз миллий мәплеринен келип шығып қатнаста болады. ҳәттеки демократияны «Экспорт» қылыўдан да мәп көретуғын айырым күшлер бар. Себеби, бул оларға мәмлекет байлықларын өзлестириў, арзан жумысшы күшинен пайдаланыў имканиятын жаратады. Демократияны бир ғана Европа турмыс өлшемлери менен баҳаламақшы болады. Әне соның ушын да миллий тәрбия мәселеси ҳәзир актуал болып турыпты. Кадрлар таярлаў миллий дәстүри сол мақсетте қабыл етилди. Балаларымыз жаңаша жасаўға таяр болыўы ҳәм ең тийкарғысы, Өзбекстанның раўажланыўына үлесин қосыўы керек. Заманагөй билим, заманагөй тәжирийбе, заманагөй уқыплылық ийелери болып жетиссин. Миллий идеяның бас мақсети де сол !

Лекин бул жерде гәп тек ғана тәлим-тәрбия системасы ҳаққында баратырғаны жоқ. Бул жерде гәп улыўма жәмийет системасы, улыўма алғанда, Өзбекстан халқын жетилистириў үстинде бармақта. Миллий өзликти аңлаў менен миллий өзликти сақлаў өз-ара байланыслы болып, бири екиншисин раўажлантырады. Анықрағы, миллий өзликти сақлаў ҳәзир зәрүрлирек болып қалды. Бул не дегени? Бул соннан ибарат, биз миллий қәдриятларды тиклеў менен шегараланбастан, олар жетилип киятырған әўлад тәрепинен қаншелли қабыл қылынбақта, сүйилмекте, даўам еттирилмекте, деген саўаллар үстинде де бас қатырыўымыз лазым. Ең үлкен қәўип ҳәм раўажаланған мәмлекетлер идеологиясында индивидуализм тәсирине түсип өзликти жоғалтыў болып табылады.

Мине усының ушын да миллий идея руўхындағы кең көлемдеги тәрбия жүдә әҳмийетли ҳәм биз ушын өмир ҳәм әжел мәселеси. Бунда әдеп-икрамлылық ҳәм ҳуқықый тәрбия бирге раўажлантырылыўы, миллий өз-өзин анализ ҳәм критика да белгили орын ийелеўи лазым. Себеби миллет өз өзин руўхый тазалап, пәклеп барыўы керек.

Миллий мәнеўий қәдриятлар миллий идеяның ең әҳмийетли тийкарларының бири. Миллий ўатанпәрўарлық руўхы қаншелли бәлент болса, бул қәдирятлар соншелли аңланады, қәлбимизге сиңип барады. Ақыбетте, қәдриятлар бизиң өзлигимиз, шахс сыпатындағы барлығымыз, пайда болыўының белгисине айланады.

Лекин бул ҳәдийсе ҳәзир пүткиллей жүз берип атырғаны жоқ. Еле миллий идея бизиң ҳәммемиздиң санамыз, ой-өрисимизди бәнт еткен емес. Әлбетте, ғәрезсизлик жылларымызда ой-өрисимизде өзгерислер жүз берди. Атап айтқанымыздай:

- мүлкшиликке мүнәсибет өзгерди, жеке мүлк ҳәм оны көбейтиў мүмкинлиги әдеттеги жағдай болмақта;

- өзбек миллетиниң уллы тарийхы, мәнеўий бай мийрасы барлығы айқынласты;

- жеке инициативасы менен ҳәрекет қылған адам өзин ҳәм, журтын ҳәм абат қыла алыўы сезилип атыр;

- шет ел мәмлекетлери менен биймәлел саўда-сатық қылыў, шәртнамалар дүзиў, пикирлесиўлер шөлкемлестириў тәжирийбеси өзлестирилмекте ҳәм т.б. Лекин, бәрибир, айырым адамлар жолында еле қарамлықтан толы қутылганы жоқ. Көплеген жағдайларда исбилерменликти тек ғана алып-сатарлық дәрежесинде аңлаў жүз бермекте. Әсиресе, дүнья базарын ийелейтуғын өним ислеп шығарыўы менен итибарды қазаныўы, сервис хызмет тараўлары жоқары дәрежеде болыўына ерисилгени жоқ. Буның себеплеринен бири ишки, саналы интизам қәлиплеспеген, ҳәр бир адам ўақыттан пайдаланыўы, өзгелер ўақтын бәнт етпеў, ҳәр бир нәрсени белгиленгендей анық ҳәм туўры орынлаў шәрт екенлигин сезбей атырғанлығы болып есапланады. Ески әдет болып қалған бийпәрўалығымыз, жуўапкершиликсизлигимиз көп нәрсени жоғалтыўымызға себеп болмақта. Айыпты басқаларға аўдарыў, жуўапкершиликти өз мойнына алмаў кеселинен қутылғанымыз жоқ. Еле ысырапгершилик бар, үнемлеўди үйренгенимиз жоқ ҳ..т.б.

Соның ушын кең мәнисте ой-өрисимизди, турмыс тәризимизди қайта қурыўымыз, сақ болыў, ақылл инсанлар киби жоқары дәрежели мийнет, искерлик ҳәм турмыс интизамына ерисиўимиз лазым. Қашанға шекем баслық көрсетпе яки бақырыс-шақырыс қылса ислеймиз? Не ушын ҳәр бир адам искер емес? Неге кимдур биз ушын биз ушын ойласын, биз ушын пикир қылсын, ҳүким шығарсын деген кейпиятта жүремиз?

Аўқам дәўиринде жергиликли басламалар есапға алынбаған. «Пикир бизден, буйрық бизден, атқарыў сизден» дегендей ис тутылады. Яғный, Кремль сиясатшыларының айтқанын орынлаў тийкарғы ўазыйпа деп қаралған. Миллий мәп, миллий раўажланыўға қаратылған пикир «Интернационализмге» қарсы деп қараланған. Енди болса, тәғдыйрымиз өз қолымызда, енди елимиз, уйимиз, қаламизды өзимиз абат етиўимиз, пәраўан турмысты жаратыўымиз ҳәр биримиздың қолымизда.

Президентимиз буның кең дәстүрин ислеп шығып, ҳәм теориялық, ҳәм практикалык тараўларда турмысда әмелге әсырылмақта. Бир ғана зейинли жаслар тәрбиясын алың. Бир неше фондлар дузылып, зейинлы жаслар ортасында конкурслар откезиледи. Бирақ зейинлилер тәрбиясы менен ҳәр бир устахана, кәрхана, оқыў орны жумыс алып барыўы керек. Зейинли жаслар – бизиң келешегимиз. Ҳәзир Өзбекстанға жузлеген инженерлер, ең жаңа пән тараўларында ислейтуғын, жаңалық қылатуғын адамлар керек. Мәмлекетти экономикалық тәрептен раўажлантыратуғын да солар. Миллий идея көркем әдебият ҳәм искусство арқалы адамлар қәлбине сиңеди. Бул тараўда машқала көп. Бириншиден, еликлеў кеселинен қутылыў керек. Жоқары профессионал искусство руўхында тәрбияланыў ҳәм тәрбиялаў тийис. Жеңил, масқарапазлық спектакллар, ҳәзиллер көбейип ҳақыйқый творчествоға итибар кем қаратылмақта. Әлбетте, юморда, ҳәзилде керек. Бирақ ҳақыйқый творчество умытылмаўы шәрт. Адамлардың таңлаў қәбилети, ишки сезимлери майдаласып бармаўы керек. Себеби, таңлаў қәбилети майдаласса оның ой-өриси де соған ийкемлеседи. Салмақлы ой-пикирлер тереӊ философиялық шығармаларды қабыл қылмай қояды. Бул болса өз нәўбетинде фундаменталь иззертлеўлерге итибарды күшсизлентиреди. Демек, миллий тәрбияда майда-шүйде нәрсе жоқ. Үрп-әдетлердеги иллетлерге қарсы кескин гүрес ўақыты келди. Биз инсан қәдири

ушын гүресиўимиз керек. Егер  өз балаң емес, қоңсының баласы зейинли болса соған жәрдем етип тәрбиясына үлес қосыў уллы саўап ис екенлигин аңлап жетиўимиз керек. Жуўмақлап айтқанда миллий идея демократиялық қәдириятларды ақыл ой менен турмысқа қоллаў факторы есапланады. Ҳәзир әмелиятшы исбилерменлер жәмийетимиздиң жетекши қатламына айланды. Олар арасында бир неше шет тиллерди билетуғын жаңаша пикирлейтуғын дүнья көрип тәжирийбе арттырғанлар, халық-аралық саўда-сатық жумысларында қатнасып банкир, бизнесменлер бар. Тән алыў керек олар арасында батыс турмыс образына шайда болғанлар да түни-күни тек ғана пул көбейтиўди ойлайтуғын әмелиятшылар жоқ емес. Бирақ мәселениң итибарлы тәрепи сонда, көпшилик бизнесменлер әзелий  әдетлеримизге дин ҳә диянатымызға садық қалыўға олар пүткил өзлиги менен Өзбекстан ушын да қайғырады. Сондай адамлар инсаныйлығын  нәсил -нәсебин умытпаған инсан ҳәр қандай шараятта өзлигин сақлай алады. Ҳәзир жасларымыз экономикалық, ҳуқықый билимлерди үйрениўге күш салмақта. Бул жақсы. Соның менен бирге тарийх, ана тили, әдебият, искусствоны да сүйип үйрениўи тийис. Адамның руўхый дүньясын кеңейтириўде музыка, театр, мүсиншилик искусствосын әсиресе, көркем әдебияттың роли оғада үлкен. Әдебият сезимлерди тәрбиялайды. Кеўил мулкин абат етеди. Ой-өрисин байытып барады. Әййемде медреселерде «Өспирим илими» өтилген. Бул тийкарынан әдебияттан ләззетлениў қосықтың, сөздиң күш қүдиретин аңлаў ҳәм түсиниў шеберлигин  үйретеди. Жетик адам тек ғана билиминиң көплиги менен емес, оның күшли, мазмунлы, ораторлығы, сөзге шеберлиги менен ажыралып турады. Ҳәр бир адамда  нелергедур мухаббат оянады. Қай тәрептен болмасын уқыбын көрсетеди. өз кәсибиниң маманы болады. Бирақ  ҳәммеден талап қылынатуғын нәрселер бар. Бул кәсиплик сападан тысқары инсаный көринислер. Яғный жоқары да айтып өтилген ўатанпәрўарлық, миллетпәрўарлық, пидайылық, ҳадаллық, ҳақгөйлик әне сондай пазыйлетлерге киреди. Базар экономикасы шараятында тағы да сақый сақаўатлы болыў көзге тасланатуғын, қәдирленетуғын пазыйлетлерден болып қалды. Руўхый өлшемлер ўақыт өтиўи менен толтырылыўы, жетилистирилиўи мүмкин. Бирақ улыўмаинсаный этикалық баҳалықлар барлық ўақытта инсаныйлықтың белгиси болып қалады. Себеби, өте ақыллы болған адамлардың барлығы да жоқәры руўхыйлық ийеси емес. Айырым әпиўайы  бағман, дийхан ҳәм өнерменттиң сақыйлығы адамды лал қалдырады. Есап саны жоқ мал-мүлки бола турып қызғаншақ болғанларда табылады. Илгериде болған ҳәзирде бундайлар бар. Халық тилиндеги жақсы адам, мәнили адам, азарсыз адам, кеўили таза адам уқсаған баҳалаўларда көп мәни бар. Халық көп сынап кейин бундай сыпатлаўларды қоллайды. Бундай түсиниклер адамлар ҳаққында алдын  мәҳәлледе қәлиплеседи. Мәҳәлле адамлардың жүрис турысы шаңарағы пейилине қарап баҳа береди. Яғный адамлар абыройды алдын мәҳәлледе қазанады. Оның келешеги  руўхый жетиклиги сол мәҳәлледен баслап қәлиплесип барады. Мине усы абырой кеңейип раўажланып пүткил жәмийет, мәмлекет көлемине көтерилиўи мүмкин.

**Миллий идея, демократия ҳәм миллий раўажланыўдың әҳмийети.** Шайыр Алишер Наўайы кәмил инсан сыпатлары ҳаққында пикир жүритип ийман, садықлық, билимлилик, әдалат, ағартыўшылықты тилге алады. Атап айтқанда ол «Маҳбуб-ул қулуб» мийнетинде сақаўат ҳаққында жазады. «Сақаўат инсаният бағының мийўели тереги ол теректиң мазалы мийўеси, инсаныйлық мәўижли теңизиниң гәўҳары десе арзыйды. Сақаўатсыз адам жаўынсыз булт, ямаса ийиси жоқ гүлдей гәп. сақаўат адамға дене ҳәм оған руўх , сақаўат  аҳлидан дүньяға жүз мың  саўап».

Яғный сақаўат арқалы жаңа қалалар пайда болады. Каналлар  қазылады. Бир адамның сақаўаты менен не бир уллы жеңислерге ерисиў мүмкин. Сақаўат адамды қолы ашық қылады. Уллы жумысларға бағдарлайды. Бундай адам

қаҳарманлықларға өзин таярлайды. Ең қыйын жағдайларда ел журтын қорғай алады. Уллы жумысларды атқара алатуғын адам кәмил инсан. Сақауатлы адамда ар-намыс күшли болып, дөретиўшилик ышқы менен жанады. Адамларды бахытлы етиўден кеўили толады. Өз бахтын ел-журт бахтында деп биледи. Барлық ўақытта уллы ислерге бас болыў жетилисиў тәшўиши менен жасайды. Ж.Румий айтқанындай;

Оқил ул бўлгайки, машъал бирла ул,
Неча карвон аҳлиға йўл кўрсатур.
Пайрави нури Худодир пешров,
Элни бошлаб ўзни этмишдир гаров.

Ақыл сол болғай, шыра болсын ол,
Неше кәрўан ҳәм халыққа көрсетеди жол
Қуданың нуры жаўсын сондай данаға,
Елди ертип, баслайды кең дүньяға.

Сондай әжайып инсаный пазыйлетлер журтбасымыз И.Каримовта сәўлеленгенин көремиз. Бул кәмил инсанның жалындай жанған қәлби, уллы ислерге бағдарлаўшы теориялық тәлийматы, пидайылығы барлығымызға да үлгили. Ўатанды сүйиў, ел-журт дәрти менен жанып мийнет етиўди ой-өриси тереңлигин сол инсаннан үйренсек арзыйды. Ойымызша кәмиллик жолы, шын инсаныйлық мине усындай болады.

## 12-тема: Миллетлер ара татыўлық миллий ҳәм диний баўыры кеңлик.

**Миллий идеяның миллетлер ара татыўлық миллий-диний баўрыкеңлик пенен бирлиги.** Миллий идея кең мазмунға ийе. Ол миллетлер аралық татыўлық ҳәм миллий, диний баўырыкеңлик идеялари менен өз ара бир. Сол көз-қарастан айтғанда, миллий идея бул тек бир миллет емес, бәлким, жәмийет раўажланыўына улыўма мақсет жолында улес қосатуғын мәмлекет пуқараларының миллети, расасы, диний исенимине қарамастан ҳамменең мақсет ҳәм мәплерин саўлелендыреди.

Миллий идея-барлық тараўларда бар миллетлер мәплерин өзинде сәўлелендирген жағдайда әрман еткен келешек жәмийеттиң тийкарын жаратыў, беккемлеў ҳәм раўажландырыў ушын болған улыўма мақсет бағдарындағы ҳарекетлер жыйындысын миллий ҳәм диний баўырыкеңликды оятыўшы пикирлер, көз-карасларды, идеяларды да өзынде сәўлелендыреды.

Бугунги кунде мәмлекетимизде 130 дан артиқ миллет ҳәм елат ўакыллери жасайди. Бул жәмийетимиздеги миллий өзгешеликды билдиреды. Миллетлер аралық татыўлық идеясы-улыўмаинсаный кадрият болип, турли халықлар бирликде жасайтуғын регион ҳәм мәмлекетлер миллий раўажланыўында баслы фактор.

Бул идея-бир жәмийетде жасап, бир мақсет жолында мийнет қилатуғын турли миллетлерге тән адамлар ортасында өз ара ҳурмет, достлықды беккемлеўдың руўхий тийкары.

Миллий идея-ҳар бир миллет ўакилиниң уқыбы ҳәм потенциалын толық әмелге асырыў ушын шараят жаратады. Ўатан көрки, ел тынышлығы ҳәм халық пәраўанлығы усаған ийгиликли мақсетлерге қарай бағдарлайды.

Белгили мәмлекетте статуслы миллет пенен онда жасайтуғын басқа халықлар ортасында бирликтиң болыўы социал раўажланыўдың ең тийкарғы

факторы. Керисинше, миллий идеяниң әҳмийетин түсинбеўшилик жәмийет өмирин, тынышлық ҳәм турақлылықты изден шығарыўы мумкин.

Миллетлер аралық татыўлық ҳәм бирликке қәўип салыўшы иллет, бул - бузғыншы миллетшилик ҳәм шовинизм. Бундай зыянлы идеялар тәсирине түскен жәмийет турақсызлық жағдайына түсип қалыўы мүмкин. XX әсирде Европа халықларды иллетке салған ҳәм айырым мәмлекетлердиң дағдарысына себеп болған фашизм яки миллий қәсийетлер менен есапласпаған ҳәм жасалма интернационаллық идеясына тийкарланған коммунизм идеясы буған жарқын мысал болады.

Өзбекстан территориясында бурыннан көплеп миллет ҳәм елат ўәкиллери биргеликте жасап келеди. Олар ортасында әсирлер даўамында миллий келиспеўшилик болмағаны халқымыздың әзелден баўрыкеңлигин көрсетеди.

Соның ушын, бүгинги күнде мәмлекетимизде жасап киятырған миллетлерди өз-ара бирлик руўхында тәрбиялаў мақсети ғәрезсизлик идеологиясының тийкарғы мақсетлеринен бири. Ол халқымызға болған жоқары пазыйлетли ҳәм инсанпәрўарлық пазыйлетлерине тийкарланады.

Ол дослық мүнәсибетлер үстин болған пайтта социал раўажланыўдың факторы сыпатында майданға шығады. Республика Президенти И.Каримов бул ҳаққында былай деп жазады: «Дүнья тәжирийбесинен миллетлер яки этник топарлар ортасындағы өз-ара мүнәсибетлерде дәстүрий бирлескен мәмлекетлерде көп елатшылық факторы мәмлекетлердиң сиясий-экономикалық раўажланыўына нәтийжели, хошаметлендириўши тәсир етиўин көрсетиўши мысалларды көплеп келтириў мүмкин. Бул мәмлекетлерде этник топарлар ҳәм расалар ортасында мәлим машқалалар бар. Соған қарамай, көп елатшылық факторы олардың социал-экономикалық раўажланыўы жолындағы тосыққа айланып қалмаған, керисинше, раўажланыўдың жеделлесиўине жәрдем берген миллетлердиң ҳәм мәдениятлардың бир-бирине тәсир көрсетиўи бул мәмлекетлерде жасайтуғын халықлардың социал ақлый байыўы ушын жақсы дерекке айланған. Солай етип мәмлекетлерде көп миллетлилик факторы демократиялық жеделлестириў ҳәм социал-экономикалық раўажланыўдың, пухаралар жәмийети қурылыўы тәсиршең қуралына айланып қалған».[1]

Өзбекстан Президенти бул пикирлерди тағы да тереңлестирип, көп миллетлик бизиң бийбаҳа байлығымыз екенлигин, ҳәмме нәрсе оннан пайдаланыўда екенлигин қайта- қайта атап көрсетеди. Ҳақыйқатында да ҳәр бир миллет өзиниң бийтәкрар мәдений руўхый қәдриятларына ийе. Бундай миллет ўәкиллериниң бир мәмлекет территориясында жасаўлары бирликте мийнет етиўлери социал өмирдиң барлық тараўларында өз-ара қарым-қатнаста болыўлары халықтың ҳәр тәрептен раўажланыўын тезлестиреди. Айрым миллетлер тарийхый раўажланыў даўамында өндиристиң белгили тараўында жоқары дәрежеде жетилистирилген қәлиплескен ой-өристиң тәсири бағдарына итибар қаратады. Миллий характерде, өмирде социал ҳәдийселерге қатнаста өзине тән өзгешеликлери бар. Этикалық, ҳуқықый, сиясий мәдений тараўларындағы ис ҳәрекетлерде белгили унамлы парықлар ушырайды. Буған уқсас ҳәр түрли байлығымыз раўажланыўымыз тезлигин асыратуғын фактор болыўы мүмкин. Әдалатлы миллий сиясат алып барылғанда көп миллетлилик мақсетимиз тәғдиримиз бирлигин түсиниўге жәрдем береди. Улыўмаинсаный идеялардың үстем болыўын жеке мәплерди дурыс аңлап алыўды аңсатластырады. Керисинше, миллий қатнасларға нәзиклик пенен жантасылмаса улыўма миллий принциплерге итибарсызлық тынышлық ҳәм турақлылыққа унамсыз тәсир көрсетиўи мүмкин. И.Каримов «Ҳәзирги ўақытта инсаният тарийхында бунның

[1] Каримов И. Озбекстан уллы келешекке қарай.Т.Ўзб. 1998, 70-бет.

keриси яғный көп елатлы мәмлекетлердеги миллет аралық қатнасларда бирликтиң жоқлығы, пүткил халықлар ҳәм мәмлекетлерди анағурлым арқаға ылақтырып таслаған социал-сиясий катастрофаларға алып барғанын көрсетиўши мысаллар аз емес. Көп елатлылық тек ғана айырым мәмлекетлердиң пүткил регионлардың ҳәм ишки сиясий турақлылығы ҳәм миллий қәўипсизлигинен қәўип туўдырыўы баслы факторға айланған».[1]

Миллетлер аралық бирлик болмаса бузғыншы миллетшилик ҳәм шовинизмниң унамсыз идеялары тарқалыўы ушын қолай жағдай жаратылады. Миллий ғәрезсизлик идеясының әмел етиўине адамлар қәлби ҳәм санасына сиңдирилиўине кери тәсир етеди. Соны есапқа алып мәмлекетимизде бул машқала илимий тийкарда әдиллик пенен шешилмекте. Миллетлер ортасында қарама-қарсылықларға жол қоймаў ушын: этник сиясатта шахс ҳуқықлары қорғалыўының үстем болыўын, мәмлекетлер арасында қарама-қарсылықларды әмелий көринисте шешетуғын усылларға тийкарланыўы бас жолымыз екенлигине, базар қатнасықларын экономикалық раўажланыўда барлық миллетлерге тән халықтың мәплерине сай келиўине, ҳәр бир миллет мәденияты, тили, үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, мәдений мийрасын раўажлантырыўға өз алдына әҳмийет берилмекте.

Мәмлекетимизде статистик мағлыўматларға қарағанда, 136 миллет, елат, халық ҳәм этник топарлардың ўәкиллери жасайды. Олардың ҳәр бири өз миллий мәдений үрп-әдетлери, дәстүрлери, тилине , конституциялық ҳуқықый теңликке ийе. Өзбекстанда бүгинги күнде 100 ден аслам миллий мәдений орайлар ислеп турыпты. Бул бағдарда орайлар дүзиў бойынша 15 шөлкемлестириў топарлары ис алып бармақта. Өзбекстанда барлық миллет ўәкиллериниң тең ҳуқықлы мүнәсибет мәмлекет нызамы менен беккемленген. Буның нәтийжеси мектеплеримизде 9 миллий тилде оқытылыўы, 20 тилде ғалаба хабарландырыў қураллары ис алып баратырғанлығында көринеди.[2]

Түрли миллет ўәкиллериниң творчестволық кешелери көркем көргизбелери бир тәрептен сол миллеттиң Өзбекстан пухарасы сыпатында өз орны барлығын көрсетсе, екинши тәрептен сол жерде жасайтуғын барлық миллетлердиң Өзбекстан халқы Өзбекстан пухарасы екенлигин көрсетип турыўшы миллий идея әтирапында бирлесиўине алып барады. Инсаният түсиниги ҳәр түрли миллет ҳәм елатлар түрли дин ҳәм рассаға тийисли адамларды өз қамтыўына алады. Демек, ҳәр бир инсан адамзат белгили бир ўақытта өз халқы, Ўатанының перзенти болып есапланады. Ҳәр бир адамда өз халқының тили, руўхыяты, үрп-әдетлери, қәдриятлары сәўлеленип турады. Миллий ғәрезсизлик идеясы өз мазмун мәнисине көре барлық миллетлердиң улыўма мәплерин әмелге асырады. Мәмлекетте пухаралар ҳәм миллетлер аралық татыўлық социал турақлылық орталығын тәмийн етиўге хызмет қылады. Ҳәр қандай полиэтник мәмлекетте түрли миллетлер ортасындағы қатнаслар мәмлекет ҳәм жәмийет раўажланыўына тийкар жаратыўшы фактор есапланады.

**Миллетлер аралық татыўлық ҳәм баўрыкеңликтиң тийкарлары.** Дүнья кең, дүньяда мәмлекетлер көп, бирақ бул дүньяда уқсасы жоқ Ана журтымыз Өзбекстан биреў. Өзбекстан деп аталған журттың тәкрарланбас тәбияты, бай тарийхы мийнеткеш инсанлары менен бир қатарда бул жерде түрли миллет ҳәм елат ўәкиллериниң бир шаңарақ ағзаларындай жасаўлары көзге тасланбақта. Бундай дослық ҳәм бирге ислесиўлик өзиниң терең тарийхый тамырларына ҳәм тийкарға ийе. Бул тийкарлар мамлекетимиз Конститутциясында беккемлеп қойылған. Конститутцияның 18-статьясында барлық пуқаралар бирдей ҳуқық ҳәм еркинликликлерге ийе болып, жинси, ирқи, миллети, дини, социал

[1] Сол дерек 70-71 бетлер

[2] Қараң Абилов О. Өзбекстан раўажланыўының оптимистик руўхы. Т.2003 184-бет

келип шығыўы, исеними, шахси, социал обрўйинан тысқары нызам алдында тең.- деген қағыйда беккемлеп қойылған.[1]

Бул нызамда миллий өмирге, пуқаралардың миллий сезимлерине тийислы тийкарғы аҳмийетге ийе бир қатар принциплер белгилеп қойылғанына исеним ҳасыл қылыўы мумкин.

1. Пуқаралардың миллетине қарамастан нызам алдында теңлиги беккемленген.
2. Пуқаралардың диний исенимине қарамастан бирдей ҳуқық еркинликлерге ийе екенлиги корсетилген. Диний қадриятлар миллет руўхыйлығының ажралмас бөлегы екенин есапға алсақ, бул нызамниң әмелий әҳмийети айдынласады.
3. Пуқаралардың расалық теңлиги айтилған. Расизмнен жаўыз идеология ҳәм әмелияттың тарийхымызда улыўма көрилмегенлигин атап корсетиўимиз керек. Бирақ айирим регионларда бузғыншы миллетшилик идеялари менен қуралланған айрым топарлар диний ақидапарастлық ҳәм расалық карaслардан өз мақсетлери жолында пайдаланыўға урынып атырғанлығын да умытпаў керек.

Демек, белгили жағдайларда олар аралас формада шығыўы мумкин. Информация глобалласыўы бақланып атырған бүгинги кунде турли идеялар ҳеш қандай шегараларды тан алмай кирип келыўын итибарға алатуғын болсақ, сол принциптиң аҳмийети тағида аниқ көзге тасланады.

Тарийхий тәжрийбе көп миллетли мамлекеттиң турақлылығы миллетлер аралық қатнасларға тийисли ҳуқық ҳәм еркинликлерди туўры белгилеп қойыў менен бир қатарда турмыста оған әмел етиў менен байланыслы екенлигин корсетеди.

Мағлыўматларға көре, 2000-жылда 36 мәмлекетде 40, 2001-жылда 30 мәмлекетте 36 әскерий қарама-қарсылықлар болған. Олардың 27 си 10 жыллар алдын басланған. Бул келиспеўшиликлердиң айырымлары бир мәмлекет ишинде болғанлығын есапқа алсақ, олардың миллий диний ҳәм рассалық тийкардан келип шыққан пухаралық урыслары екенин көрсетеди.

Дүньяның түрли точкаларында болып турған бундай келиспеўшиликлер көбинесе миллетлер аралық қатнасларда миллетлер аралық татыўлық баўрыкеңликтиң жоқлығы себеп болмақта. Республикамыз миллий сиясатының тийкарғы принциплери турмыста сәўлелениўин атап көрсетсек болады. миллетлер аралық қатнасықлар тараўында әмелият ҳаққында гәп кеткенде ғәрезсизлик елимиздеги түрли миллет ҳәм елат ўәкиллерине өзиниң тарийхый Ўатаны менен байланыслар орнатыўға имкан бергенин айтып өтиўимиз керек. Орнатылған байланыслар ана тилин оқытыў ҳәм үйрениўди жолға қойыў түрли қолланбалар ҳәм әдебиятларды өз ўақтында алыў жасларды билимлендириў ҳәм раўажланған мәмлекетлерге жибериў, олардың тарийхый ўатанына барып келиў имканиятларын жаратты. Солай етип, кең қамраўлы мәдений ағартыўшылық дәстүрлерин әмелге асырыў ушын шараят жүзеге келди.

Өзбекстан ҳәзир ҳәм буннан кейин өз ғәрезсизлигин қорғаўы ушын көп миллетли Өзбекстанлықлардың ҳәр бир әўлады миллий ғәрезсизлик идеялары руўхында тәрбияланып барылыўы турақлылық ҳәм улыўма миллий татыўлық ҳәм баўрыкеңликти тағы да беккемлеп барады. Миллий идея барлық Өзбекстанлықлардың мәплерин сәўлелендириўши идея. Республика жасайтуғын 130 дан артық миллеттиң ҳәр бири өзине тән мәдениятқа ҳәм әсирлик традицияға ийе. Өзбекстан Республикасы алып баратырған миллий сиясатының ең үстем бағдары барлық миллетлердиң раўажланыўы ушын тынышлық ҳәм имканият жаратыў, миллетлар аралық қатнасықларды бирлестириўден ибарат. Бул тараўда

[1] Өзбекстан Республикасы Конституциясы –Т., 2003жыл

кейинги жыллардағы ең үлкен жетискенликлеримиз улыўма үйимиздеги тынышлық ҳәм турақлылық, миллетлер аралық татыўлық болып табылады. Адамларымыз санасында әне сол қәдрият ҳәм оның өзгермес әҳмийети түсиниги күн сайын өсип баратырғанлығын айтыў мүмкин.[1]

Дүньяның барлық мәмлекетлери көп миллетли. Республикамызда әне сондай бай ҳәр түрли мәдениятлар гүллеп жаснаған мәмлекетлерден бири. Буннан ҳәр бир Өзбекстанлы мақтаныш етиўи мүмкин. Өзбекстанды өз Ўатаны деп билип оның раўажланыўы жолында аянбай мийнет қылатуғын түрли миллет ўәкиллери ўатанласларымыздан ҳәр бири буны шын қәлбинен сезеди. Алып барылып атырған миллий сиясат арқалы республикамызда тынышлық, социал татыўлық ҳәм өз-ара бирге ислесиў беккемленип барылмақта. Республика Интернационал Мәдeният Орайы ҳәм Миллий Мәдeният Орайлары ис ҳәрекетлери бул жасайтуғын халықлардың миллий үрп-әдетлери ҳәм мәресимлерин қайта тиклеў руўхый ҳәм мәдений раўажландырыў, миллетлер аралық қатнасықларды бирлестириўге қаратылған. Түрли миллетлерге тийисли пухараларымыздың үлкен улыўма халықлық байрамларына таярлық көриў ҳәм оларды өткериў, мәмлекет мәдений турмысындағы ўақыяларды белгилеўде белсене қатнасыўлары унамлы орталықты жаратпақта. Бул орталық бизге бир шаңарақ туйғысын қайта-қайта сезиў «Өзбекстан улыўма үйимиз» деген сөзлерде терең мәни бар екенлигин билдиреди.

Дәслепки миллий мәдeният орайлары корейслер, қазақлар, еврейлер, армянлар тәрепинен республика ўәлаятларында 1989-жылда дүзилди. Сол ўақытта олардың искерлигин муўапықластырып турыў мақсетинде Өзбекстан ҳүкиметиниң қарарына көре мәдeният ислери ўәзирлиги кәсында республика миллетлер аралық мәдeният орайы шөлкемлестирилди. Бирақ бул орайлардың ҳақыйқый раўажланыўы 1991-жылдан ғәрезсизликке ерискеннен кейин басланды. 1992-жылдың январында И.Каримовтың басламасы менен республика миллетлер аралық интернационал орай қасындағы мәдeният ислери ўәзирлиги республика интернационал мәдeният орайына айлантырылды. Сондай етип оның искерлиги негизинде миллетлер ҳәм елатларды бирлестириўге итибар қаратылды. Республика интернационал мәдeният орайы ҳаққындағы нызамда оның ғәрезсиз мекеме екенлиги белгилеп қойылды. Орай миллий мәдений орайлардың искерлигине басшылық етеди. Өзбекстанда жасайтуғын миллий топарлардың мәдений мүтәжликлерин қандырыўда мәмлекет мекемелерине ҳәм жәмәәт шөлкемлерине көмеклеседи. Республика интернационал мәдeният орайының материаллық техникалық база менен тәмийнлениўи РИМО ҳәм ММО ислерин активлестирди, олардың бирлесиўи ҳәм пайдалы бирге ислесиўи ушын кең имканиятлар жаратты.

**Миллий-диний баўрыкеңлик идеясы. Оның тарийхый ҳәм ҳуқықый тийкарлары.** Динлер аралық баўрыкеңлик идеясы- ҳәр түрли диний исенимге ийе болған адамлардың бир Ўатанда ийгиликли идея ҳәм нийетлер жолында бирликте жасаўын аңлатады.[1]

Дин әййемнен айырым руўхый қәдриятлардың өзинде сәўлелендирип келеди. Миллий ҳәм диний қәдриятлардың әсирлер даўамында жасап киятырғаны ҳәм оларды өз-ара бир мақсетке ийе екенлигинде. Себеби, дүньядағы барлық динлер ийгиликли идеяларға тийкрланады. Жақсылық, тынышлық, дослық усаған пазыйлетлерге таянады. Адамларды ҳалал ҳәм пәк, баўрыкеңликке шақырады. Ҳәзирги ўақытта бул идея дөретиўшилик жолында тек ғана дин уламалар емес бәлки пүткил жәмийет ағзаларының бирлигин нәзерде тутады, тынышлық ҳәм турақлылықты беккемлеўдиң тийкарғы шәрти есапланады. Мысалы, әзел-әзелден елимизде түрли диний тәлийматлар жасап келеди. Әсирлер даўамында ири

---

[1] И.Каримов. Өзбекстан XX1 әсирге умтылмақта. Т.Ўзб.1999 ж, 30-бет.

[1] Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийккарғы түсиник хәм принциплер.Т.2000 ж,60-бет.

қалаларымызда мешит, ширкеў бар болыўы түрли миллет ҳәм динге тийисли қәўимлердиң өз диний әмеллерин еркин әмелге асырыўын тәмийнлениўи буның дәлийли. Тарийхымыздың ең курамалы аўыр дәўирлеринде олар ортасында диний тийкарда келиспеўшиликлер болмады. Халқымыздың диний баўрыкеңлик идеясына әмел етип жасап келгенлигинен дәлалат береди. Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде 15 конфессияға тийисли диний шөлкемлер ис алып бармақта. Олардың өз искерлигин әмелге асырыўы ҳәм мәмлекет турмысында қатнасыўы ушын шәрт-шараятлар жаратылған. Бул тараўдағы ҳуқықый тийкарлар Өзбекстан Республикасының Конституциясында «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында» ғы нызамда сәўлеленген. Әне сол тийкарлар мәмлекетимиздеги барлық дин ўәкиллериниң бирликте болып уллы ийгиликли идеялар жолында ҳәрекет қылыўы ушын имкан жаратады.

**Өзбекстанда миллий-диний баўрыкеңлик ҳәм дүньялық.** Динлердиң улыўмаинсаный шеберлиги, мақсети бир болып, олар негизинде бир-бирлерине қарсы емес.

Диний баўрыкеңликтиң шеберлиги соннан келип шығады. Жәмийет тарийхынан түрли динге тийисли адамлардың жақын жасап келгенлигине көплеп мысаллар келтириў мүмкин. Бизиң мәмлекетимиз аймағында ҳәм ислом, ҳам христианлық, иудаизм киби динлер жанында жасап келген, диний әмеллер еркин орынланып келинген. Сол дәўирлерде де интеллигент, алымлар бир-биринен үйренген, устаз-шәкирт болған. Олардың түрли динлерге тийислилиги бундай мүнәсибетлерге кесент бермеген.

Айтыў мүмкин, диний сана раўажланып, динниң шеберлигин тереңирек аңлаў менен диний баўрыкеңлик ҳәм раўажлана берди. Бул ҳәзирги дәўирде диний баўрыкеңликти жәнеде күшейтирмекте. Ҳәзирги ўақытта Өзбекстандағы түрли конфессияға тийисли диний шөлкемлер өз жумысларын өз-ара тең ҳуқықлылық, жәмийетшилик ҳәм бирге ислесиў тийкарында әмелге асырмақта. Диний баўрыкеңлик түрли динлердиң түрли динлерге тийисли адамлардың жәмийетшилик мүнәсебетлерин ғана нәзерде тутпайды, бәлким исенимине қарамастан бәрше адамлардың теңлиги, улыўма ҳақ мақсет жолында бирге ислесиўди де өз қамтыўына алады. Диний қарасқа қарағанда да, мәдений, солардан, илимий қарасқа қарағанда ҳәм инсан ең жоқары болмыс. Ол өзине берилген өмири даўамында жасаўға, руўхый ақлый тәрептен жетилисип жердеги турмыс шараятларын жақсылаў ушын гүресиўге дөретиўшилик қылыўға ҳақылы. Руўхый кәмилликке ерисиў ушын инсан жасаўы жақсы шараятларға ийе болыўы керек. Демек, жердеги өмирди сақлап қалыў, раўажландырыў барлық адамлардың улыўма мақсети. Диний көз-қараслар дүньялық көз-қарасларды бийкарламайды. Ол менен бирликте жасайды айырым жағдайда өз-ара жақынласады. Дүньялықтың раўажланыўына хызмет етеди. Дүньялық, яғный сол материаллық турмысты раўажландырыўға бағдарланған диний көз-қарас ҳәм мақсетлер менен сай келеди. Диний көз-қараслар дүнялық көз-қарасларға хызмет қылыўы мүмкин дегенде, көз-қарастың ийгиликли жақсылық ҳадаллық, тынышлық, дослық уқсаған жоқары инсаный пазыйлетлерин тәрбиялаўды нәзерде тутамыз. Ҳақыйқаттан да диний тәлийматлар ол дүнья турмысын сәўлелендириў арқалы бул дүньяда жоқары пазыйлетлерге ийе болыўға шақырады. Диний баўрыкеңликтиң қарар табыўы беккемлениўи, раўажланыўы барлық адамларды исенимине қарамастан миллий идея ҳәм идеологияны әмелге асырыў жолында бирлестиреди. Ол идеологияны миллий идея ҳәм адамлар санасы ҳәм қәлбине жайластырыўға жәрдем береди.

Керисинше, диний баўрыкеңликти тар мәнисте түсиниў бир тәреплеме талқылаў улыўма мақсеттен шетлесип, адамларды өз-ара топарларға бөлип жибериўи мүмкин. Сондай-ақ, айырым топарларды ғәрезли мәплерине хызмет ететуғын диний нықапты жүзеге келтиреди. Бул ҳаққында Президентимиз былай

деп жазады: «Инсаният тарийхында диний сананың ажыралмас бөлеги болған адамлардағы исениминен тек ғана дөретиўши күш сыпатында емес, бәлким бузғыншы күш, ҳәттеки фанатизм сыпатында пайдаланылғанлығын көрсетиўши мысаллар көп. Фанатизмниң өзине тән өзгешеликлери ҳәм көринислери алды менен өз дининиң ҳақыйқылығына өте қатты исениўи, басқа диний исенимлерге келисимсиз қатнаста болыўдан ибарат. Фанатизмге жолыққан адамлар ямаса олардың топарлары жәмийетте турақсызлық толқынын келтирип шығарыўы мүмкин».[1]

Өзбекстанда жаңа демократиялық, пухаралық жәмийети тийкарларын жаратыўға кирисилген ҳәзирги өтиў дәўиринде диний баўрыкеңлик қаншелли зәрүр болса, диний баўрыкеңлик ушын миллий идеологияда соншелли зәрүр. Миллий идеологияның идеялары өз нәўбетинде динниң ҳақыйқый мазмунын жәмийет раўажланыўындағы орнын билип алыўға жәрдем береди. Диний баўрыкеңлик идеясын дурыс түсиниўге жәрдем берип, барлық адамларды исенимине қарамастан бирлестиреди. Миллий ғәрезсизлик идеясы адамлар санасы ҳәм қәлбине сиңгенде диний айырмашылыққа ҳеш қандай орын қалмайды. Республикамыз халқының миллий көриниси тек ғана Шығыста емес, бәлким Батыс цивилизациясына сай улыўма инсаный принциплер, ислам, христиан ҳәм басқа динлерге исенип ҳәм үрп-әдетлер ҳәр түрли турмыс образларынан ибарат руўхый өлшемлерди өзинде сәўлелендиреди. Бунда елимизде жасап атырған халықлардың өтмиши бүгинги өмири келешеги менен байланыслы арзыў-әрманлары әсирлер аса жасаў процессинде қәлиплескен бирлик, баўрыкеңлик туйғылары бирлескен көринисте сәўлеленеди. Ҳәзир республикамыз бойынша барлығы 2104 диний шөлкем, Өзбекстан мусылманлары мекемеси, Рус православ ширкеўи, Ташкент ҳәм Орта Азия епархиясы, евангель, христиан, баптистлар ширкеўлери аўқамы, Рим католик ширкеўи, толық инжил христианлар орайы, Өзбекстан Библия жәмийети, 1906 мешит, 163 ширкеўи 7 еврейлер жәмәәти, 7 бахаийлар жәмәәти, 2 Кришнаны аңлаў жәмәәти ҳәм 13 диний оқыў орны (1 ислам мешити, 10 медресе, 1 православ, 1 толық инжил христианлары семинариясы) мәмлекет дизиминен өткен.

Өзбекстанда диний ҳәм дүньялық ортасында үлги сыпатында қоллаў мүмкин болған жаңа салыстырманың қәлиплесиўи нәтийжесинде динлер аралық баўрыкеңлик ҳәм миллетлер аралық татыўлықтың тәмийинленгенлиги, мухаддес журтымыздың әзелден улыўмаинсаный цивилизация орайларынан бири болғаны ҳәммеге белгили. Бүгин Өзбекстан диний толерантлық ҳәм динлер аралық келисим барысында тек ғана ҒМА мәмлекетлеринде емес, бәлким пүткил дүньяға үлги болмақта. Бул ҳаққында Москва ҳәм пүткил рус патриархы Алексей II, АҚШ сенаторы Хиллари Клинтон, АҚШ тың алдыңғы мәмлекет секретары Мадлен Олбрайт ҳәм Иордания патшалығы шахзадасы Ҳасан бен Талол журтымызға келген ўақтында дыққат итибарға алып өткен еди. Әлбетте халықымызға әзелден тән болған бул пазыйлет өзиниң узақ тарийхына ийе.

Тарийхымыздың ҳәр қайсы дәўиринде дин барлық ўақытта адамларға жақсы пазыйлетлерди асырып жаманларынан қутылыўға шақырады. Жоқары улыўма инсаный қәдриятларға тийкарланған. Бүгинги күнде руўхый ҳәм диний тараўларда болып атырған қурамалы процессте барлық миллет ҳәм дин ўәкиллери бир-бирлерине салыстырмалы баўрыкеңлик ҳәм өз-ара ҳүрмет принциплерине әмел етиўлери турақлылықтың тийкарғы факторы болып табылады. Президентимиздиң "Ғәрезсизлик нәўшеси көгериўи ушын оған тынышлық, татыўлық, миллетлер аралық турақлылық уқсаған күшли тамырлар керек. Сонда ол ҳәр қандай самал, даўылларда ийилмейтуғын болып өседи", деген сөзлери турмыста избе-излик пенен әмелге аспақта. Бул идеяны әмелге асырыўда

[1] И.Каримов. Өзбекстан уллы келешекке қарай. Т.1998ж, 37-бет.

тийкарғы еки мәселе, бириншиден, тынышлық ҳәм дөретиўшилик, ислам динин жалған исламшылардан яғный ағартыўшы исламды сиясийласқан жаўынгер исламнан қорғаў, екиншиден, көп миллетли ҳәм көп динли жәмийетимизде исеним еркинлиги кепилленген шараятта айрым жәмәәтлердиң миссионерлик руўхында ис жүритиўиниң алдын алыў керек. Бул өз нәўбетинде журтымыздағы миллетлер аралық бирлик ҳәм диний баўрыкеңликти тағы да беккемлейди. Соңғы жылларда пүткил дүнья, соның ишинде регионымызда күшейип баратырған диний экстремизм ҳәм жаўынгер исламның мазмуны болған баўрыкеңликте қарама-қарсы болған ҳәрекетлерге себепши болмақта. Бул ҳәрекет ҳәм ғәрезли ағымлардың атлары ҳәм уранлары түрлише болыўына қарамай, мақсети бир-динди нықап қылып мәмлекет сиясатына араласыў ҳәкимиятты қолға киритиў. Өзбекстан Президенти И.Каримов “Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизлик қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери” китабында динниң жәмийет өмиринде тутқан орны ҳаққында былай дейди: “Биз дин буннан кейин де халықты жоқары руўхый, этикалық ҳәм руўхый қәдриятлардан, тарийхый ҳәм мәдений мийрастан азықланыўы тәрепдарымыз бирақ биз ҳеш қашан диний шақырықлар ҳәкимиятқа қарсы гүреске сиясат, экономика ҳәм нызамшылыққа араласыўы ушын байрақ болыўына жол қоймаймыз, себеби бул жағдайды мәмлекетимиздиң қәўипсизлиги, турақлылығы ушын қәўип туўдырады деп есаплаймыз”.

Ҳазирги заманда миллий ҳәм диний баўырыкеңлик дуньяда тынышлық ҳәм турақлылықды сақлаў ҳәм диний экстремизм, фундаментализмге қарсы гуресги, путкил дуньяның бирлигин назерде тутады. Сол принципге тийкарланған Өзбекстан турли динлерге тийисли қадриятларды сақлаўы, барлық пуқаралар өз исенимин әмелге асырыўы ушын зәрур шараятларды жаратып бериў, динлер ҳәм миллетлер аралық бирликти беккемлеў, олар ортасындағы әзелий традицияларды раўажландырыўға итибар қаратпақта.

Жуўмақлап айтқанда миллий баўыры кеңлик –турли миллетге тән адамлардың бир-бириниң тилин, динин, турмыс образын, урп-әдетин, миллий-мәдений мийрасын ҳүрмет етыўди олардың абройын, ар-намысын қәдирлеў арқалы әмелге асатуғын өзине тән руўхый баўырыкеңликти билдиреди. Миллий баўырыкеңлик оған қарама-қарсы болған, миллий мәпке зиян жеткериў есабынан тамийнленбейди.Ол турли миллет мәплерин бириктириў ҳәм тәмийнлеў тийкарында беккемленип барады.

Диний баўрыкеңлик ҳәм динлер аралық ҳәмде ҳар бир динниң ишиндеги турли бағдарлар ҳәм ағымлардың дөретиўши идеяларды қадирлеў, бир-бирлерин ҳурмет етиў тийкарында әмелге асады. Бул миллий идея әмел қылатуғын идеялар сыпатында миллий баўырыкеңлик ҳәм динлер аралық баўырыкеңликке тийкарланыў турли халықлар ҳәм миллетлер ортасында өз-ара бирлик, татыўликты тәмийнлеў арқалы еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыўға, инсанлардың турмыс мақсетлери менен бир.

## 13 тема. Миллий идея ҳәм жаслар. Миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс.

**Миллий идея ҳәм жаслардың өз-ара байланыслылығы.** Ҳәр қандай миллетиң раўажланыўы жәмийеттеги жаслар қатламының миллий идея ҳәм қәдириятларға мүнәсебети, оның жаслар санасына қандай тәсир етип атырғанлығына ҳәм де әмелий искерлигине қандай тәризде таяныўына байланыслы. Жаслар республикамыз халқының ярымынан көбин қурайды. Сондай ақ, жаслардың миллий идеяны аңлаўы, исеним ҳәм ийманға айланыўы,

қандай жаңа қәдириятлар қәлиплестирилгенлиги менен де байланыслы болады. Себеби миллий идея бир тәрептен, жасларды өзиниң обьекти сыпатында қараса, екинши тәрептен жаслар миллий идеяның алдыңғы раўажландырыўшылары ҳәм келешек әўладқа жеткерип бериўшилери есапланады. Үшиншиден, жаслар қаншелли миллий идея менен қуралланған ҳәм оны аңлап алған болса, жәмийет соншелли раўажланады. Бул ҳалат миллий идея менен жаслардың өз ара байланыслы екенлигин белгилейди. Басқаша айтқанда, миллий идея қаншелли мазмунлы, ҳәр бир адамның узаққа гөзлеген мақсет ҳәм мәплери, нәтийжеде, миллеттиң келешегин белгилеўге хызмет қылатуғын болса, оны жаслар соншелли тез қабыллайды ҳәм оған салыстырмалы өзиниң унамлы мүнәсебети қәлиплеседи. Демек, жәмийет миллий идеология арқалы жасларда қандай идея ҳәм пикирлерди усынса, соған сәйке рәўиште идеялық тәрептен шыныққан, ўатанпәрўар, заманагөй билимлерди ийелеген жасларға ийе болады. Ең әҳмийетлиси сонда, ҳәр бир жәмийетте қандай мақсетте болмасын жаңа идея ҳәм концепцияларға салыстырмалы түрде жаслар өзиниң мүнәсебетин билдиреди ҳәм халықтың басқа қатламына салыстырғанда тезирек қабыллайды. Себеби жаслар физиологиялық ҳәм психологиялық тәрептен еле қәлиплесиў басқышында болғаны ушын оларда жаңалықларға деген қызығыў күшли болады ҳәм оны исенимге айландырыў итияжы күшли болады. Сондай ақ, жаслар өзлериниң жәмийетлик-руўхый ҳәм басқа тәреплерине көре унамсыз ҳәдийселерге тез берилиўшеңлик, жәмийеттеги өзгериўшең шәраятқа масласыў қәдилийетиниң жоқары екенлиги менен ажралып турады. Олар жәмийеттиң сондай жәмийетлик топарына тийисли, олар өткир сезимлик билиў қәбилийетине ийе болып, сөз бенен әмелияттың гейде сәйкес емес ҳалатларын күшлирек сезеди. Үлкенлер ушын әдетли болған айрым «әдалатсызлық»лар жаслардың еле толық қәлиплеспеген санасына, дүньяға көз-қарасына күшли зиян жеткериўи мүмкин. Соның ушын ҳәзирги күнде жаслар арасында миллий идея, миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс пенен байланыслы маьнаўий-руўхый ҳалатлар үлкен әҳмийетке ийе.

Жаслардың алдында ҳақыйқатты айтыўдан қорықпаў, жалғанлықтан қашыў, бар қыйыншылықлар, машқалаларды ашық-айдын баян етиў лазым. Ҳәзирги ўақытта, мәмлекетимиз басшылары алып барып атырған унамлы ислер ҳәм бар болған машқалаларды шешиў ушын алып барылып атырған унамлы ислер ис ҳәрекетлер ҳәм ерисилген әмелий нәтийжелер ҳаққында үгит-нәсият ислерин алып барыўға өз алдына итибар қаратыў жаслардың жәмийетимиз, мәмлекетимиз, ғәрезсизлигимизге болған исенимин беккемлеў алымларымыз, алдыңғы зиялыларымыз, лекторларымыз, идеологиялық ислер менен шуғылланыўшы барлық үгит-нәсиятшылардың биринши дәрежели ўазыйпасы есапланады.

Миллий идеяның жасларды бағдарлаўшы, илҳамландырыў, уллы келешекке қарай бағдарлаў ушын әҳмийетли, тәлим ҳәм тәрбияда тутқан орны ҳәм роли оның өмир ҳақыйқатларына, реал барлыққа, халық турмысына қаншелли сай ҳәм муўапықлығына қарап белгиленеди.

Турмыс ҳақыйқатларына мас келмейтуғын, реал турмыстан, барлықтан, халық турмысынан, күнделик турмыстан ажралып қалған гүрриңлесиўлер, лекциялар, сәўбетлесиўлер, ушырасыўлар қаншелли сулыў, өзине тартар, абройлы болмасын, бәрибир, оның әмелий нәтийжеси болмайды. Жаслардың көз алдында, қәлбинде турған машқалаларды өзинде сәўлелендирмеген, оны қызықтырып келген сораўларға жетерли дәрежеде жуўап бермейтуғын, адамлардың жүрегине сезимлер салмайтуғын жыйналыслар ҳәм сәўбетлесиўлер, идеологиялық ислер пайдалы емес, зиян келтиреди, оның абройын түсиреди, бундай ушырасыўларға, үгит нәсиятларға жаслар исенбейди, ықлас коймайды.

Жасларда ҳақыйқатқа майыллық жоқары болады, жалғаншылық, көз боямашылық, сөз бенен әмелияты басқа болған адамлардан жеркенеди, жек көриўшилик руўхыяты күшли болады.

Миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс сезимлерин қәлиплестириўде халықтың мәдений мийрасы, миллий қәдириятлары, уллы ойшыллардың ибратлы өмири, бүгинги ерисилип атырған жеңислер әҳмийетли. Жас әўлад санасына миллий ғәрезсизлик идеологиясының жәмийетлик әдалат туўралы ҳаққындағы идеяларды сиңдириўде Абу Насыр Фарабийдиң «Пазыл адамлар қаласы», Юсуф Хас хажибтиң «Қутадғу билиг», Низамулмулктиң «Сиясатнама», Амир Темур «Тузуклери», Алишер Наўайының «Махбуб ул-қулуб» атамалы атақлы мийнетлери тарийхый-илимий дерек болып хызмет қылады.

**Жаслардың миллий қәдириятларға туўры бағдарлаў менен байланыслы ўазыйпалар.** Жаслардың миллий қәдириятларға мүнәсебети, миллий идея тийкарында еркин турмыс, абат ҳәм азат Ўатан қурыў жолындағы ҳәрекетлери, мақсет ҳәм мәплерин улыўмаластырады, анализлейтуғын, усы идеяларды байытыў ҳәм исеним, ийманға айландырыў менен байланыслы. Бул искерликти жолға қойыў ушын төрт әҳмийетли мәселеге итибар қаратыў лазым ҳәм зәрүрлиги көрсетилген:

Биринщиден, бар ҳалатта, жақын келешегимиздиң раўажланыў принциплерин керек болса, ондағы унамсыз ҳалатлардың жәмийетлик себеплерин қалыс үйренетуғын мәмлекетлик емес, ғәрезсиз шөлкемлер искерлигин жетилистириў, олардың имканиятларынан толық пайдаланыў зәрүр.

Екиншиден, тынымсыз дәрежеде өзгерип атырған, тоқтаўсыз жаңаланып атырған заман, турмысымызда жүз берип атырған ўақыя, ҳәдийсе, процесслер, Өзбекстан мәмлекет ғәрезсизлигиниң жәмийетлик-экономикалық, сиясий, ҳуқуқый, мәдений-маьнаўий, маьрифий-идеологиялық ислерди және де жеделлестириў, улыўма мақсет жолында сапарбар етиў;

Үшиншиден, миллий идеяның күши бир тәрептен маьрифат-үгит нәсият ислери, оның нәтийжелилигине байланыслы болса, екинши тәрептен жаслардың күнделикли турмыста дус келген машқалаларды түсиниўи, олардың мүнәсебетлерине пикирге қарсы пикир менен идеяға идея менен жуўап бере алыў, оны қандай шешип атырғанларына туўрыдан туўры байланыслы. Миллет келешеги, Ўатанға керек болған жанын жаббарға берип искерлик көрсететуғын жаслар болмаса, миллий ғәрезсизлик идеясында көзде тутылған мақсетлерге ерисип болмайды. Бул жасларда миллий мақтныштың бәлент болыўын тәмийнлейди.

Биз улыўма инсаний қәдириятлар, Шығыс философиясы, жетик моральлық-эстетикалық идеаллар, миллий дәстүрлер тийкарында тәрбия мектебин жаратқан ойшылларымыз болғанынан мақтанамыз.

Бизге бабаларымыздан динимиз, турмыс тәризимиз мийрас қалған. Әне соның ушын маьнаўий қәдириятларға итибар бериў, жаслардың мақсети ҳәм арзыў-үмитлерине мүнәсип гөззал турмысты қурыў жүдә үлкен жәмийетлик әҳмийет кәсип қылады. Себеби «Келешеги уллы мәмлекет, ең биринши гезекте, болажақ пуқаралардың мәденияты, мағлыўматы ҳәм маьнүияты ҳаққында ғамхорлық қылыўы зәрүр. Жас әўладқа азат ҳәм абат Ўатанды мийрас қалдырар екенбиз, олар ойшылларымыздың, мәмлекет басшыларының уллы ислерин даўам еттириўди нийет қылар екенбиз, жаслардың маьнаўий ояныўшылығына әҳмийет бериў лазым. Ғәплет уйқысынан оянып, айқын нәзер менен келешеке нәзер таслайтуғын заман келди».

Миллет раўажланыўы, маьнауияты ҳәм мағлыўмаы жетик билимге ийе жасларға байланыслы. Болмаса жаслардың манкуртлик ҳәм тек ғана пулға сәжде қылыўшы арзан исши күшине айланып қалыў қәўип туўылады. Миллеттиң келешеги арзан-гиреўге өз күшин сататуғынлар орнына емес, керисинше материаллық ҳәм маьнаўий мийнети, потенциалы жоқары қәдирленетуғын адамлар, өз турмысын дөретиўшилик ҳәм жәмийет раўажланыўында унамлы роль ойнайтуғын мийнет тийкарында қурған жасларға байланыслы. Келешегимизге

үмит ҳәм исеним үлкен. Өзбекстанның келешегинде уллы мәмлекет болыўы ушын барлық шәрт шәраятлар бар: уллы тарийх ҳәм бай маьнаўий мийрасымыз бар. Жәҳән әҳмийетине ийе мәденияттың мийрасхорларымыз: ўатанымыздың ықлымы, тәбияты, әжайып жер асты ҳәм жер үсти байлықларымыз есапсыз; халқымыз мийнеткеш, ғайратлы ҳәм сабырлы; мәмлекетимиз зор интеллектуал потенциалға, бай ақлый мийрасқа ийе. Бул маьнаўий жемислер мәмлекетимиздиң тарийхый тамырлары сыпатында келешекте мол-мол маьнаўий ҳасыл бериўине гүман жоқ. буны жаслар қәдирлеўи, оны раўажландырып, мудамы байытып барыўы өзлеринен кейинги әўладларға қалдырыў сезимлери бәлент болыўы, сондай миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс оларды жаңа-жаңа жеңислерге, илим-пән сырларын ийелеўге шақырады.

**Өзбекстан жасларының пикирлеў тәризи.** Ғәрезсизлик мәниси ҳәм әҳмийетин айтатуғын болсақ, бул жәмийетлик өзгерислерде жаслардың орны әҳмийетли. Ғәрезсизлик себепли жаслардың дүньяға көз-қарасы өзгерди. Олардың мақтаныш, ар-намыс, аброй, жуўапкершилик сезимлери күшеймекте. Өмирге ҳәм мийнетке мүнәсебети, Ўатанға, ана жерге мийрими, ийелик ҳәм жуўапкершилик сезими күшейди. Бир сөз бенен айтқанда жаслар өзлигин аңлай баслады. Қандай жерде жасап атырғанлығымызды сезиў, улыўма инсаний қәдириятларғы умтылыў менен бирге, Шығыс философиясы, пикирлеў нуры ҳәммениң кеўлинен орын алды. Миллий дәстүрлеримиз ҳәм урп әдетлеримизди тиклеў ҳәм раўажландырыў принципи күшейди. Ислам динимизди қәдирлеў маьнауиятымызды жаңа мәнилер менен толтырыўға алып келди. Уллы бабаларымыз мәдений ғәзийнесине ҳақыйқый мийраслық қыла басладық. Олардан мақтаныў имканиятына ийе болдық. Журтымызды жасап атырған барлық миллет, елат ўәкиллериниң тыныш-инақ жасаўы ушын шәраят жаратылды.

Жаңа жәмийеттиң мақсет ҳәм идеалларына бинаан жаңа әўлад дүньяға көз қарасы қәлиплеспекте. Жаңа жәмийеттиң қарар табыўы ҳәм раўажланыўы, өз нәўбетинде, маьнаўий жаңаланған ҳәм қәлиплескен әўладлар руўхының пәклениўинде усынбақта. Жаңа жәмийет алдын миллет әрманында, қәлбинде писип жетилиседи. Соңын ала ол обьектив реаллыққа айланған, кең жәмәәтшиликтиң турмыс ҳәм раўажланыў тәризин сәўлелендириўши идея сыпатында қарар тапты. Усы жәмийет жетистирген адамлар, кең жәмәәтшиликтиң алдыңғы дүньяқарасы ҳәм пикирлеўине зәрүрлик сезеди. Бир бириниң раўажланыўын белгилеўши идеялық факторлар бирлиги жәмийет ҳәм мәмлекеттиң миллий мәплери ҳәм келешегин кепиллеўши күшлер болып саналады. Әне усы мәниде республикамызды қарар таўып атырған пуқаралық жәмийетин ҳәм усы жәмийетте жасаўшы жаслардың санасы, дүньяға көз қарасын өзгертиў ҳәм инсанийластырыў мақсетинде жүдә көп шаралар көрилмекте. Инсан еркинлиги ҳәм азатлығын кепилеўши Өзбекстан Республикасының Конституциясы қабыл етилди. Қатар университетлер шөлкемлестирилди, оқыў тизиминде дүнья модельлери, тәрбия бағдарында маьнаўий мийрасымыздың ең алдыңғы ҳәм инсанпәрўар принциплери тийкар етип алынды. Мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы мәселелерин үйрениў, жетик тәжрийбели басшы кадрлар таярлаў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы Академиясы шөлкемлестирилди. Ўатанымыздың Қураллы Күшлери ҳәм қәўипсизлигин беккемлеў, пуқаралардың өз үйи ҳәм ис орынларында тыныш қәтиржам болыўы бойынша шара илажлар белгиленди; тәлим тизимимиздеги реформалар заманагөй лицейлер ҳәм коллежлер белгиленди; жаслардың билим ҳәм потенциалларын жетилистириў мақсетинде «Улуғбек», «Умид», «Устаз», кейинала «Истеьдод» фондлары дүзилди; Өзбекстан республикасында кадрлар таярлаўдың Миллий дәстүри тийкарында улыўма орта тәлим, орта арнаўлы, кәсип өнер тәлимин шөлкемлестириў шара илажлары ислеп шығылды. Көркем Академияның шөлкемлестирилиўи, Имам Исмаил Бухарий,

Амир Темур, Бабур, Улуғбек, Бахауаддин Накшбандий, аль Фарғоний, Мотрудий, Хужа Ахрор Балий сияқлы миллий мәдениятымыз дарғаларына бағышланған салтанатлар, қурылған естеликлер жаңа жәмийеттиң әмелге асырып атырған реал маьнауий ислери. Олар жаңа жәмийеттиң күш құдиретинен үлги болып ғана қалмай, миллий сана ҳәм жаңа дүнья қарасты қәлиплестириуде, жасларда миллий мақтанышты беккемлеўде жүдә үлкен әҳмийет кәсип етпекте.

Жаслардың санасы ҳәм пикирлеўи өзгерип, жаңаланып бармақта. Пикирлеў ҳәм санамызда ғәрезсизлик идеялары беккемленбекте. Дүньяны, өзимизди ҳәм өзлигимизди аңлаў имканияты қолғ киритилди. Бул жаслар пикирлеўди ғәрезсизлик пикирлеўи талапларына сай қәлиплестирмекте.

**Жаслар маьнаўиятына қәўип ҳәм миллий идея.** Ғәрезсизликтиң дәслепки ҳәм ең уллы жемиси өзлигимизди аңлап жетиў болды. Өзлигимизди аңлап жеткен пикирлеўдиң ең биринши белгиси миллий идея, миллий идеологиядан хабардар болыў. Мәмлекетимиздеги тынышлық ҳәм турақлылық миллий идеология шеңберинде ушырасыўы мүмкин болған ишки келиспеўшиликлердиң алдын алыў ҳәм оны кең дәрежеде жаслар қәлбине кирип барыўына имкан жаратты. Жаслар санасы ҳәм пикирлеўинде өзгерис күшейген екен, олар өз өмири ҳәм келешегин миллет ҳәм де мәмлекет келешеги менен байланыслы екенлигин терең сезе баслағанын аңлатады. Ҳәр бир тараўда өзгерислер, жеңис ҳәм жетискенликлер күн сайын көбейип, кеңейип барар екен, идеология тараўында енди ис қалмайды, ҳәмме нәрсе ойлағанымыздай бола береди деў туўрыма, әлбетте жоқ. Себеби, дүньяда абсолют бир аймақта жасамай атырғанымыз, әтирапымызда түрли дизим ҳәм дүзимдеги халықлар ҳәм мәмлекетлер барлығы, идеологиядай нәзик маьнаўий процесстиң үзликсиз өсиў ҳәм өзгеристе болыўын белгилейди. «Дүньяда жаслар санасы ҳәм қәлбин ийелеўге» урыныўлар еле сақланып қалмақта. Әсиресе, жасларымыз пикирлеўи, дүньяға көз қарасын қәлиплестириў мәселелерине бийпарық болмаўымыз керек екенлигин нәзерде тутыўымыз шәрт. Демек, идеологиялық қәўиптиң сақланып қалыўы жасларды ҳәм ойлаўға шақырады.

Идеялық қәўип жүзеки қарағанда бирден ҳәм туўры көзге тасланбаўы мүмкин. Соған бинаан, сананы, пикирлеўди қозғалысқа салыўшы ҳәр қандай қәўиплердиң алдын алыў, оларға жол қоймаў лазым.

Тыныш ҳәм парахат мийнет етиўге шақырыўшы миллий идеяға қәўип салыўы мүмкин болған орта әсирлерде пайда болған мусылман халифатлығын тиклеўди өз алдына мақсет қылып қойған белгили шөлкемлер бар, олар көп қаржы ҳәм идеологиялық тәсир усыллары жәрдеминде бир идеологиялық мәкан қурып, ислам динин сиясийластырыў ҳәм усы тийкарда ҳүкимранлық қылыў, ҳәкимиятты қолға киритиўге ҳәрекет қылмақта. Олар мусылманлар жасайтуғын мәмлекетлер ортасында ҳеш қандай админстративлик шегералар болмаўы керек. Бул мәмлекетлердиң барлығы жеке халифатлық орайы тәрепинен басқарылыўы лазым, деген идеяларды жаслар санасына сиңдириўге ҳәрекет қылмақта. Бундай экстремистлик ҳәрекетлер арқалы мусулман шаңарақлардың жас перзентлери санасы, дүньяға көз қарасын басып алыўға, нәтийжесинде миллий идея, миллий идеология түсинклери орнын орта әсир рууҳындағы ислам ақыйдалары менен толтырыўға ҳәрекет қылмақта. Ҳәзирги пайытта, диний экстремизм, ваххабийлик ҳәм «Хизби тахрири исломия» көз карасларын инкар етиў ислам философиясы, ислам дини ҳәм оның инсан маьнауиятын пәклендириў жолындағы идеяларға қарсы шығыў деген гәп емес. Халқымыздың исенген, тынышлық ҳәм парахатшылықты терең қәдирлеўши ҳақыйқый ислам тәлийматына ҳеш қандай қарсылығы жоқ. Бирақ диннен сиясий мақсетлерде пайдаланыўға умтылыў бул басқа мәселе. Сиясий мақсетлер, демократиялық принциплер ҳәм процесслердиң өз жолы, нызам қағыйдалары бар.

Дүньяўий пуқаралық жәмийетинде хәр ким өз исин қылыўы, шуғылланыўы, сондай ақ «дин динниң исин, мәмлекет мәмлекеттиң исин қылыўы керек». Мәмлекет диний мәселелерге араласпағанындай, дин хәм мәмлекет ислерине араласпаўы керек. Егер жасларымыз арасында өз мәмлекетинде диний қәдириятлардың раўажланыўы, маьнаўий жетикликтиң жамалын көриўди қәлер екен, олар биринши гезекте, заман перзенти, миллий идея хәм миллий идеология ийеси болған билимдан хәм маьрифатлы инсан болыўы лазым. Олар әзелий хәм мәңги маьнауий қәдириятларымыздан үзилмеген халда заманагөй пикирлеў дәрежесиндеги билим хәм санаға ийе болыўы керек.

Миллий идея, миллий пикирлеў хәм миллий идеология жолында жаслар қаншелли бириксе, байланысса дүнья халықлары көз алдында күшимиз, статусымыз хәм орнымыз соншелли бәлент көтериледи. Биз басқа мәмлекетлерге сүйенип, басқа мәмлекетлерди пана тутып, олардың етегинен услап жүретуғын мәмлекет, халық емеспиз, ғәрезсиз сиясат, ғәрезсиз пикирлеў хәм ғәрезсиз хәрекетлер ғана хәр дайым басқаларда хүрмет хәм итибар оятқан. Ғәрезлилик, қуллық хәр қандай шәраятта миллеттиң раўажланыўына жол бермейди. Өзимиздиң күшимиз, қүдиретимиз, өзимиздиң санамыз себепли биз уллы мәмлекетке ерисемиз. Хәзирги шәраятта кимде ким өз ғәрезсиз Ўатаны, өз ғәрезсиз пикири, беккем ийманлы болса ғана теңлер ишинде тең болады.

Хәзирги дәўир ушын актуаль хәм тийкарғы есапланған миллий идея принциплери миллет тарийхы хәм оны аңлаў дәрежесине байланыслы болады. Себеби миллий идея аспаннан түспейди, ол жерде жүрген адамлардың қәлбинде жетилип, усы жер, усы топырақ, усы Ўатан хызмети ушын қаратылғанда ғана оның әхмийети хәм абройы асып барады.

Миллий идеяның жаслар санасынан терең орын алғанын анықлаўдың тийкарғы критериясы усы азиз ўатанымыз, усы азиз халқымыз қәдириятлары бәршемиздики, бул Ўатан, бул миллет ушын жасаў хәм оның келешеги ушын хадал хәм пәк мийнет қылыў бахыт екенлигин қаншелли сезиўимизде.

**Миллий мақтаныш хәм миллий ар-намыс.** Белгили дәўирдеги миллий идея, миллий идеология, яғный жәмийеттиң тийкарғы мақсетин идеаллар, демократиялық принциплер менен уйғынластырыў мәселеси жүдә әхмийетли. Бул процесс миллетти өз қабығында оралып қалыў қәўпинен азат етеди, оған жәхән дәрежесинде пикирлеў имканын береди. Инсаният үшинши мың жыллық цивилизациясынд сондай раўажланыў жолын қолға киритти. Хәр бир миллет хәм мәмлекет тәғдири инсаният келешегине байланыслы болып қалады. Дәўримиздиң бундай өзине тән хәм қурамалы жәмийетлик-тарийхый процесслерди умытыў хеш қандай мүмкин емес. Инсанның өз миллети хәм де Ўатаны, сондай ақ, инсаният алдындағы жуўапкершилиги хәм парызын хәр бир жас әўладқа сиңдириў, жасларда ўатанпәрўарлық сезимлерин инсанпәрўарлық принциплери менен уйғын кәмал таптырыў зәрүрлигин және де күшейттирмекте.

XXI әсирде жасап атырған бүгинги жасларымыздың маьнаўияты әне усындай кең хәм терең, сап хәм таза болыўы дәркар. Туўры, инсан хәм жәмийет турмысының барлық тараўларын қамрап алыўшы маьнауият түсинигиниң анық хәм абсолют философиялық критериясын белгилеў қыйын. Лекин, бул деген сөз маьнауияттың қәлиплесиў хәм жетилисиў нормаларын көриўге болмайды деген гәп емес. Пүткил жәмийет дәрежесинде алып барылып атырған, инсан руўхыйлығын пәклендириў хәм батылластырыў менен байланыслы барлық ислер оның қаншелли үлкен нәтийжелер беретуғынын дәлийллейди. Ғәрезсизликке шекем болған түсиник, елеслетиў хәм де кеширмелеримизден бүгинги руўхымыз, маьнауиятымыз үлкен парық қылады. Буны хәр ким өзине өзи беретуғын «Кеше ким едик, бүгин ким болдық» деген жуўаптан аңлап алса болады.

Жаслар маьнауиятын асырыў мәселелердиң биринши яки екинши ўазыйпалары жоқ. олардың хәммеси бир жола хәм де хәр дайым диққат итибар

орайында турыўы керек. Соның ушын тәлим-тәрбия, билим ҳәм дүньяға көз қарасқа үлкен әҳмийет берилмекте. Бала тәрбиясы бесиктен басланғанындай, маьнауий камалат ҳәм шаңарақ, бақша, мектеп, жоқары оқыў орынлары ҳ.т.б мәсканлардан басланады. Ол кешиктирилсе, қыйсық нәўшени сындырмастан туўрылаў қаншелли қыйын болса, маьнауий камалатқа ерисиў ҳәм соншелли кешигеди, яки аўыр кешеди.

Биз бүгин пуқаралардың еркинлиги ҳәм ғәрезсиз пикирлеўге тийкарланған жәмийет қурып атыр екенбиз, жасларымызға жәмийетте абсолют еркинлик болмаслығын, еркин пикирлеў жуўапкерсизлик ҳәм парызды умытыў емесликти түсиндирип барыўымыз зәрүр. Пуқара еркинлиги жаңа жәмийетлик дүзим тәрепинен кепилленсе де, пуқаралардың жәмийет мәплерине сай келмейтуғын улыўма еркин ис ҳәрекетлердиң кепиллиги емес. «Мен улыўма еркин пуқараман, ғәрезсиз пикирли инсанман, билгенимди қыламан» деп, жасаў тәризин өзгертиў инсанның жәмийетлик ҳәм миллий мәнисине қайшы келиўши ақыйда.

Сол орында Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2004 жыл 25 майдағы «Өзбекстан ҳаял-қызлар комитети искерлигин қоллап қуўатлаў барысындағы қосымша шара-илажлар ҳаққында»ғы Пәрманы ҳәм 21 июнь күни Ақсарайда усы Пәрманы белгиленген ўазыйпаларды шешиў жолларына бағышланған мәжлисте белгиленгениндей, «Жаслар ортасында диний экстремизм, ақыйдапарстлық, наркомания сияқлы иллеетлердиң алдын алыўда, перзентлеримизди бундай бәле қазалардан асыраў ушын гүресте, ҳәр дайым сезгир ҳәм қырағы болып жасаўда ҳәкимликлер, ўәзирлик ҳәм идаралар, әсиресе, Жоқары ҳәм орта арнаўлы, Халық тәлими ўәзирликлери, Дин ислери бойынша комитет, «Камолот» жаслар жәмийетлик ҳәрекети, «Оила» орайы, кең жәмәәтшилик, ҳәммемиз жуўапкермиз»[74].

Соның ушын жаслар тәрбиясы ҳәм бул тәрбия тамырында олардың манауиятын ҳәрекетке келтириўши ғәрезсизлик идеясы, миллий қәдириятларды асырап абайлаў ҳәм раўажландырыў сезими, Ўатан келешеги жолында ҳадал ҳәм пәк мийнет етиў сияқлы миллий идеологияның өзек тамырларын сиңдириў жатады.

Ғәрезсизлик дәўири жаслары әне сондай халқымыздың XXI әсирдеги уллы дөретиўшилик ислерине өзлерин бағдарлайтуғын пидайы инсан болып жетисип атырғанын өмирдиң өзи дәлийллеп бермекте. Олар улыўма инсаний қәдириятларды дөретиўшилик тәризде үйренип, заманымызға енгизиўде, миллий өзине тәнлигимизди, әсирлер сынаўынан өткен дәстүрлеримизди, ҳәмме ўақыт ийман исеним менен жасаў сыяқлы турмыслық принциплеримизди де сақлап, жетилистирип барған ҳалда бундай шараплы ислерди орынлаўға ҳәрекет қылмақта.

Бүгин жаслар ғәрезсизлик себепли «ар», «әндийше», «намыс», «ҳүждан», «инсап», «мақтаныш» сияқлы түсиниклердиң ҳақыйқый мәнисин аңламақта.

**Ар.** Ар-бул мүнәсип емес яки еп көрилмеген истен, нәрседен уялыў, қысыныў, уят ҳәм намыс қылыў сезимидур. Буннан тысқары, аброй-итибар, мақтаныш сезимлеринде билдириўи мүмкин.

**Әндийше.** Әндийше бул ақыбетти ойлап жүргизилген пикирлеў, абайлап ис тутыў сезими. Әндийшели адам дегенде, ақыбетти ойлап ис тутатуғын, жүз-қәтерди билетуғын ар-намыслы, ийбели инсанды түсинемиз. Әдетте әндийшели адам бетке шаппайды, парасатлылық пенен ис тутады.

**Намыс.** Намыс- бул уятлылық, сап тазалық мәнилеринен тысқары адамның өз статусын сақлаў, улығлаў ҳәм ардақлаў, уялыў сезимлерин, шаңарақ ҳәм бабалар атына дақ түсирмеў мәнисин сәўлелендиреди. Әдетте намыслы адам

---

[74] Хаял-кызлар комитетлери хаяллар мапин хакыйкый суретлеуши хам коргаушысына айланыуы ккрек. «Халык сози», 2004 жыл 23 июнь.

маьнауий қәдириятын материаллық байлыққа алмастырмайды. Нызам қадаған қыла алмаған нәрселерди гейде намыс қадаған қыла алады деген нақыл ҳәм бар халқымызда.

**Ҳүждан.** Ҳүждан- бул адамның күнделик искерлиги, қылмысы, пейили ушын шаңарақ, жәмәәт, жәмийет ҳәм Уатан, миллет алдында маьнауий жуўапкершиликти сезиў. Усы жетик моральлық түсиник шахсты дөретиўшилик ҳәрекетлерине умтылдырып ҳәм соған сәйкеслестирип, өз искерлигине өзи баҳа бериўге алып келеди; өз искерлигиниң жақсы тәреплеринен қанаатланып, қуўанса, жаман тәреплеринен наразы болып, руўхый езиледи, яғный ҳүждан азабына ушырайды

Ҳүждан туўма қәсийет деўшилер ҳәм бар. Ҳүждан- адамлардың жасап турған шәраятына, алған тәлим-тәрбиясына байланыслы деп есаплаўшылар ҳәм бар. Ҳүждан көп яки аз билимлиликке, бай яки кәмбағал болыўға, әпиўайылық яки атақлылық менен ғана байланыслы емес.

**Инсап.** Инсап- бул әдалат ҳәм ҳүждан әмири менен ис тутыў сезими ҳәм қәбилиети, исте, адамларға мүнәсебетте ҳадаллық, туўрылық, барабарлық, теңлик, сапдиллик ҳәм ҳақыйқатгөйлик. Өзгени өз орнына ҳәм сондай ақ, өз орнына ҳәм өзгени қиялый қойып көриў ҳәм инсапқа киреди. Тоқ ашты, бай кәмбағалды, бахытлы бахытсызды, әўметли әўметсизди, сағлам кеселди өз орнына қойып көре алса, ҳәм керисинше де сондай болса, инсаплылар қатары көбейип брады.

**Инсап түсиниги Шығыс философиясында сондай түсиниледи. Инсап- бул адамның жәмийетлик мораль көз қарасынан өз минез қулқын тәртипке салыўы ҳәм моральлық баҳалаўы. Инсап ҳүжданлы адамның яки белгили жәмәәттиң жәмийетке яки басқа адамларға салыстырмалы өз минез қулқы ушын маьнауий жуўапкершилик сезими. Егер адам қандай да бир исти туўры орынласа, онда ишки қанаатланыў сезими пайда болады, ҳүжданы пәк болады, егер биле тура натуўры орынласа, инсаптан шыққан болады. Инсап адамды қандай да бир исти қылыўға шақырса яки қылыўдан тартса, бунда ол қәлиб әмири тәризинде болады.**

Белгили адамның яки жеке, яки жәмийетлик минез қулқында ушырайтуғын ҳәр қандай жалған, өтирикшиликти жәмәә инсапсызлық сыпатында қаралайды. Қулласы, инсап адамның жәмийет алдында, дөгерек әтираптағы адамлар алдында өз ис ҳәрекети менен маьнаўий жуўапкершиликти сезиўиниң сәўлелениўи.

**Мақтаныш.** Ана тилимиз әсирлер бойы халқымыз тәрепинен зергерлик сайқал берилип, сондай жетик қылып жаратылған, ол арқалы ҳәр қандай мәни ҳәм түсиниклерди, олардың ең нәзик тәреплерине шекем анық ҳәм тынық сүўретлеў мүмкин. Яғный неше мың жыллар даўамында халқымыз санасы толысып бара берген, онда ҳасыл болған түсиниклерди өз түпкиликли сөзлеримиз бенен ҳәм, жаңа-жаңа сөзлер жаратыў усыллары менен ҳәм сүўретлеген. Сол барыста тил байлығымыз раўажланып келген.

Шахс мақтанышы- бул статусқа ийе болыў. Ҳәр бир шахс өзиниң жеңислеринен мақтаныш сезимине ийе болады. Ата ана қабыл перзентлеринен, устаз қәбилийетле шәкиртинен, жазыўшы жақсы шығармасынан, бағбан пайызлы бағынан, миллет өз мийрасы, талантлы перзентлери менен мақтанады ҳ.т.б

Инсан өз күшине исенген ҳәм усының менен парықлана алған тәғдирде ғана қандай да бир нәрсеге ериседи. Өз қәдир қымбатын аңлаў ақыллы адамды және де кемтар, және де саўлатлы қылады. Адам ушын өз қәбилийетинен артық дәрежеде мақтаныўы да, өзин өзи жерге урыўы да жарамайды. Өз өзлигинше қала билген адамның мақтанышы путин.

Өзине артық баҳа бериў, кеккейиў, бәленттен келиў- булар менменликке киреди. Ҳәдийси Шарифлерде айтылыўынша, Алла ең жаман көрген нәрселерден бири менменликдур. Ҳәтте мешитке мардыйып кирген адамның намазы қабыл

болмайды екен. «Менменлик заўалға, кемтарлық кәмалға жетеклейди», деген нақыл соған ишара болса керек. Адам сондай жасаўы лазым, оның жеңислеринен өзи ҳәм мақтансын, лекин оннан көре көбирек шаңарақ ағзалары, қоңсылары, мәҳәллеси, оннан қала берсе, пүткил мәмлекети, миллети мақтансын, мақтанышым деп сыйласын.

Әлбетте, бул түсиниклер өз алдына мазмунға ийе болыў менен бирге, олар нормаға әмел қылады. Бундай инсан қәлби менен байланыслы болған сыпатлар инсанды, жасларды миллий идеяға исеним ҳәм ийманды беккемлейди, жақсылыққа хызмет қылады.

**Жаслар руўхыйлығында миллий мақтаныш пазыйлетлериниң зәрүрлиги.** Миллий мақтаныш- бул миллий статусты беккемлеў. Миллий статус миллет өзин бир жәмийетлик бирлик екенлигин саналы рәўиште сезиў болып саналады. Бул сондай бир күшли руўхый ҳалат, ол себепли тарийхый бирлик, қан қарындаслық, тил мәдeният, маьнаўият, экономикалық турмыс ҳәм келешек бирлиги миллет ўәкиллериниң қәлбинен тереӊ орын алады.

**Миллий бирлик сезими миллий сананың негизидур. Миллий бирлик жетик ҳәм толық маьнауий пазыйлет сыпатында, миллий сананы раўажланған миллетлерде толықлаў сәўлеленеди. Жергиликшилик ҳәм топаршылық миллий бирдемлик сезиминиң күшсизлениўине алып келеди. Миллий статус миллет маьнаўий кәмалатының барлық тәреплериниң мийрасы ҳәм бүгинги қәдириятларын өз ишине алады. Миллий ғәрезсизлик нәтийжесинде ерисилген ҳәм енди ерисилетуғын экономикалық ҳәм маьнаўий жеңислер көбейген сайын Өзбекстан менен мақтаныш етиў сезими күшейип бара береди. Миллий мақтаныш мәмлекетимиздиң барлық пуқаралары ушын бирдей тийисли ҳәм жетилисе барыўы ушын барлық пуқаралар жуўапкер.**

Жуўмақлап айтқанда, ийманлы адам усы айтылған пуқаралар. Бул Өзбекстан Республикасының Конституциясының, Парламентимиз тәрепинен қабыл қылынған пуқаралыққа тийисли нызам-қағыйдаларға да сай келеди. Биз келешегимиз тәғдирин әне сондай пидайы инсанлар, өз итияжларын пикирлеў тәрезисинде, ийман айнасында пикирлейтуғын, нәпси бәлесинен азат жаслар қолына тапсырыўымыз керек. Бул жаслар ҳәр қанша мақтанса арзыйтуғын тарийхы ҳәм қәдириятлары бар халқына, миллетке, Ўатанына хызмет қылыўды өзлериниң парызы деп қараўы, сондай исенимге ийе болыўы зәрүр. соның ушын жасларымызда миллий мақтанышты тәрбиялаў ислерин ҳәр күни ҳәм системалы алып барыў олар маьнаўияты жетилисиўиниң кепили. Жасларымыздың ҳәр бири миллий мақтаныш сезимлерин өзлеринде қәлиплестире алады.

Миллий мақтаныштың өтмиш бабаларымыз мийрасын спекуляция етип, көкирекке урып мақтаныўдан парқы бар, әлбетте. Миллий мақтаныш қурғақ, мен пәленши әўладыман, мен писманшының мийрасхорыман, деп бақырыў яки қурғақ мақтаныўды емес, миллет, ўатан, тарийх, ҳәм келешек ушын қайғырыўды, шахсий бағдарланғанлықты, халық, Ўатан дәртлерине дәрман болыўды, яғный маьнаўий баркамаллықты талап етеди.

Миллий мақтаныш, алды менен, ҳәр бир миллет ўәкилиниң өз халқы тарийхын, маьнауий мораллық қәдириятлары, келешегин билиўи ҳәм қәдирлеўи, соның менен бирге, басқа халықлар ҳәм миллетлердиң де миллий қәдир қымбатын, дәстүрлери, тарийхы, әдебияты, көркем өнери ҳәм мәдениятын әдалатлы рәўиште қорғаў, тереӊ сезиў ҳәм үйрениў, ҳүрмет етиў менен байланыслы болған мақтаныш сезими болған миллеттиң инсаний пазыйлетидур.

Ҳәр бир миллет өзиниң жеңислеринен қанаатланыў ҳәм қуўаныш сезимин пайда етеди. Ата-ана қабыл перзентлеринен, устаз талантлы шәкиртлеринен, жазыўшы жақсы шығармаларынан, журт өз халқының уллы

аллама ҳәм қаҳраманлары, пидайы ҳәм заҳметкеш мийнет сүйгиш халқынан мақтанады.

Миллий мақтаныш жасларды өз күши, қәбилийети ҳәм талантын миллий ҳәм улыўмаинсаний мәплер жолында бағдарлаўға шақырады. Өзбек халқының жетик миллий қәдир қымбаты, ар намысы ҳәм шараплылығы оның жүдә мийримлилиги ҳәм сап ҳүжданлығына тийкарланғанлығында.

Соның ушын да мәмлекетимиздиң қаншелли тез үлкейиўи жәмийетлик-экономикалық, мәдений-маьнаўий ҳәм сиясий фундаментиниң барған сайын беккемлениўи, алды менен, жаслар миллий санасының өсиўи, өзин-өзи аңлаўы, маьнүуий дәрежеси, миллий мақтанышы қаншелли жоқары болыўына байланыслы. Оның негизинде маьрифатлы болыў жатады.

Өзбекстанлылар әзелден мийнеткеш, уллы жаратыўшылық қуўатына ийе екенлиги, ҳәмийше жақсылыққа умтылып жасаўы, инсанға тән ибратлы пазыйлетлери менен ажралып турады. Өз тәғдирине ҳәм өзгелер тәғдирине бийпарық қарай алмайтуғын халқымыз бир бирине сүйенип, дәртин бөлисип ҳәм бирадар болып жасайды. Өз халқы менен бирге қоңсы халықлар жеңислери менен мақтанады. Миллий өзлигин аңлап алыўда, миллий мақтанышты өсириўде ҳәм тәрбиялаўда, миллетимиз тарийхын терең ҳәм илимий тийкарда үйрениў үлкен әҳмийетке ийе. Миллий мақтаныш сезими сияқлы миллий сана мазмунның әҳмийетли факторы. Миллий мақтаныш, ең алды менен өзлигин аңлаў, миллий келешегин тәмийнлеў жолындағы ҳәрекет, өз миллети келешеги алдында жуўапкершиликтиң сөзсиз үлгиси. Миллий өтмишин жақсы билген, оны қәдирлей алатуғын ҳәм ҳәзирги пайытта оны жаңаша шәраятлар ҳәм ҳалатларда байытып баратуғын кәмил инсан. Болмаса, милиий мақтаныш сезими соншелли мақтаншақлық усылына айланып қалыўы мүмкин. Дүньяда 200 ден артық миллетлер болса, ҳәр бир миллет өзине тән минез-қулқына ийе. Соның ушын ҳәм ҳәр қыйлы регионларда жасап атырған халықлар түрлише жасаў тәризине, бир бирине уқсамайтуғын үрп әдетлерине ийе болады. Мәселен, өзбеклер ар-намыс, тәрбия, ийбелиликти жәмийетлик турмыстың ҳәмме тараўларында әҳмийетли пазыйлет деп қабыл қылынған. Сондай қәсийетлерге ийе, базыда бул тек «өзбекке тән пазыйлет» деп те жүритиледи.

Миллетке тәнлилик жүдә нәзик ҳәм ҳәзирги пайытта жүдә қурамалы ҳалат. Адам зәрүр болғанда өмириндеги барлық жемислерден, ҳеш қыйланбастан ўаз кешиўи мүмкин. Бирақ ҳеш ким, ҳеш қашан миллий тәнлиликтен ўаз кеше алмайды. Оны қәлеген пайытта қәлегенинше өзгерте алмайды. Себеби миллетке тәнлилик сезимлери инсанның қан қанына, мың бир клеткасына сиңип кеткен. Буны сезбегенлер қәлби соқыр, маьнаўий кемтик адамлар. Лекин миллетке тәнлиги менен мақтаныў басқа, миллетшилик басқа.

Өзине артық баҳа бериў ҳәмме ўақыт шахс өмирин ҳәм, миллет келешегин де кризиске алып келеди. Миллий менменлик, өзге миллетлерди менсинбеў, кемситиў, ақыр ақыбетинде, миллетлер аралық татыўлыққа қәўип салмақта. Өзбекстанда бар турақлылықтың тийкары усы ўатан пуқарасы болған барлық миллетлер ушын мәмлекетлер тарийхы, оның әсирлер даўамында топлаған қәдириятлары улыўма мақтанышқа айланғанлығында. «Усы әзиз Ўатан ҳәммемиздики», «Бизден азат ҳәм абат Ўатан қалсын» деген шақырықлардың маьнауий қүдирети, үлкен улыўмаинсаний мазмунлы әне сонда.

Миллий мақтаныш сезиминиң және бир тәрепи сонда, ол жаслардың, ең алды менен, қайсыдур миллетке тәнлиги, оның кең имканиятларынан қуўана алыў пазыйлети ғана емес, бәлким жасап турған орталыққа, пуқаралығына байланыслы болған мәмлекетке мүнәсебет белгиси де саналады. Миллий мақтанышы күшли болған жаслар өз мәмлекети менен мақтаныш ете алады ҳәм оның тәғдирине бийпәрўа қарай алмайды. Демек, бундай халық өз келешегин терең аңлайды ҳәм оған садықлық пенен хызмет етеди. Миллий мақтаныш, миллий өзлигин аңлаў

мазмун ҳәм мәнилик тәрептен өз ара байланыста болып бирин бири байытады толтырады.

Сол көз-қарастан қарағанда, мәмлекетимизде әмелге асырылатуғын реформалардың нәтийжелилиги сөзсиз миллети ҳәм этносына қарамастан, халықтың турли тайпасының улыўма мәплерине сай келетуғын мақсетлер бирлиги.

Миллий мақтаныш өсып, раўажланып барыўы қурамалы процесс. Хәзирги дәўирде жасларда миллий мақтаныштың өсып барыўы ушын, биринши нәўбетте, миллетимиз мәденияти ҳәм әййемги мийрасы, тили, үрп-әдетлери, миллетимиз баҳалықларын, оның ҳәзирги бас мақсетлерин түсиниўлери ҳәм билип алыўы керек.

«Биз шығыс перзенти екенлигимизден, өзимиздиң үрп әдетлеримизден мақтаныш сезимин пайда етемиз. Миллий қәдириятларымызды асыраў ҳәм ҳеш қашан умытпаў ҳаққында ата бабаларымыздан тәрбия алғанбыз. Енди болса буны балаларымызға ҳәм үйретип атырмыз». [75]

Өтмишин билмеген ҳәм қәдирлемеген халықтың келешеги жоқ. Өтмиш бизлер ушын ҳәм, басқа халықлар ушын ҳәм әлле қашан қайтпас болып кеткен, көз алдымыздан алыслаған, тарийх мүлкине айланған дәўирден ғана ибарат емес, бәлким әҳмийети ҳеш қашан жоғалмайтуғын тийкарғы фундаментимиз, оқ тамырымыз. Өтмиш бизиң таяныш тийкарымыз екенлигине ҳеш қандай гүман жоқ. егер усы таяныш точкасына, маьнаўий тырнаққа сүйенбесек, өтмишимизден күш қуўат, руўхый-маьнаўий азық ала алмасақ, алға раўажлана алмаймыз.

Өзбек халқы өзиниң өтмиши менен ҳәр қанша мақтанса арзыйды. Ол жәҳән илими ҳәм мәденияты раўажланыўына жүдә ҳәм үлкен үлес қосқан, буны пүткил дүнья әлле қашан тән алған. Халқымыздың уллы ойшыллары Имам Бухарий, Имам Термизий, Бахауддин Нақшбанд, Хожа Ахмад Яссавий, Ал-Хоразмий, Беруний, Ибн Сино, Амир Темур, Мырза Улуғбек, Алишер Наўайы, Захриддин Мухаммед Бабур ҳәм басқа көплеп уллы бабаларымыз миллий мәдениятымызды раўажландырыўға үлкен үлес қосқан, халқымыздың миллий мақтанышы болып келмекте.

Инсан мазмуны ақылда, ақылдың мазмуны болса характерде көринеди, деген еди уллы ойшыллардан бири. Демек инсанның инсанлығын сүўретлеўши жалғыз өлшем ақыл-сана, пикирлеў дәрежеси болса, олардың мәнисин ашып бериўши, дәрежесине тән, көлемине баҳа бериўши бас өлшем ҳәрекети, өмирге ҳәм әтирап орталыққа мүнәсебети, өзин өзи басқарыўдағы ишки қүдирети. Әне усы ишки қүдиретке таянған халық Шығыс халықларының диянат, ар-намыс, ийбе сияқлы пазыйлетлерин әсирлер даўамында жоқары қәдирият сыпатында асырап-абайлап келмекте. Оларды миллий ғәрезсизлик идеясы арқалы жаслар санасы ҳәм қәлбине сиңдириўдиң әҳмийети қаншелли екенлигин аңлаў әҳмийетли. Бул ҳәр бир жасқа өзине тән жуўапкершилик жүклейди ҳәм де соларға уқсаған ҳәм соған ҳәрекет қылып атырған жаслардың жаңа әўлады жетисип шығыўына алып келеди.

---

[75] Каримов И.А. Узбек халкы хеч качон хеч кимга карам булмайди.-Т.: Узбекистон, 2005, 153-бет.

## 14 тема. Миллий ғәрезсизлик идеясының инсан санасы ҳәм қәлбине сиңиуйи: жаңаша усыллар, жантасыўлар ҳәм технологиялар.

**Әлбетте, идеологияны бир күн яки бир жылда жаратып болмайды. Себеби идеология- қәлиплеседи, қәлиплестирилип барылады. Оның тийкаарғы принциплерин ислеп шығыў мүмкин. Лекин бул принциплер реал турмыста өз орнын таппаса, бундай идеология тек қағазда ғана болады.**

**Миллий ғәрезсизлик идеясын халқымыз санасы ҳәм қәлбине сиңдириў зәрүрлиги ҳәм үстем бағдарлары.** Не ушын миллий ғәрезсизлик идеясын халқымыз санасы ҳәм қәлбине сиңдириў зәрүрли ҳәм әҳмийетли ? Миллий ғәрезсизлик идеясының пропагандаланыўы неге хызмет қылады ҳәм бул процесс қандай шөлкемлестирилиўи керек? Улыўма, миллий идеяның пропагандланыўы менен кимлер ҳәм қандай дүзилмелер шуғылланыўы керек? Бул теманы үйрениў усы сияқлы сораўларға жуўап табыў имканиятын береди. XXI әсирди информация әсири, информациялық технологиялар әсири деп атаў барған сайын дәстүр болып бармақта. Себеби әсиримизде кең қамраўлы ҳәм жедел темпте тарқалып атырған информациялар инсанның тилеклерин, талғамын өзгертиўге, пикирге тәсир қылыў мүмкин. Тән алыў керек, тамаша қылып атырған сериаллардан тартып кишкене балаларға айтып берилетуғын ертекке шекем, ҳәм де оқып атырған китапларымыз да қандайда бир идеологиялық тәсир нәтийжесине ийе. Бул жағдай «ең тийкарғы нәрсени көз бенен көрип болмайды» деген пикирди және бир мәрте тастыйқлайды. Бундай көзге көринбейтуғын қүдиретли үгитлеўши күшлери адамды ҳәмме жерде ҳәм ҳәр күни қоршап турады. Бул күшлердиң тийкарғы мақсети- инсанды негедур исендириў, негедур үгитлеў, негедур аўдырыў. исбилермен өнимин реклама қылып, оны сатып алыўға үгитлейди. Диний әрбаблар өз динине исениўге шақырады. Халықаралық майданда гейбир мәмлекетлер өзиниң «үлкен аға» екенин уқтырыўға ҳәрекет қылады. Лекин теңгениң арқа тәрепи болатуғынлығы анық. егер сол товарын мақтап атырған исбилермен темеки сатып атырған болса? Оның зияны ҳаққында адамларға ким атйады? Егер сол диндар, дин шетте қалып мәмлекетлик дүзимди аўдарыўға шақырып атырған болса ше? Бундай бузғыншылықлардан халықты ким қайтарады? Яки жәҳәнде «үлкен аға»лардың қолынан тутып емес, ғәрезсиз қәдем таслаў керек екенлигин ким түсиндиреди? Бул сиқлы үгитилеўди яки антиүгитлеўди ким шөлкемлестириўи керек?

Бүгинги күни раўажланған мәмлекетлер үгитлеў дизимине ийе болыўға умтылып атырғанлығын өз алдына белгилеў лазым. Мәселен, өз искерлигиниң пропагандасына АҚШ ҳүкимети жылына 2,5 миллиард доллар сарыплайды. Франция да өз сиясатын халыққа түсиндириў ушын жылына 100 миллион франкты бийкарға сарыпламайды. Бул мағлыўматлар пропаганда тек динде бизнесте ғана емес, ал сиясатта да, маьнауий-маьрифий ислерде де әҳмийетлилигин көрсетеди. Демек раўажланған демократиялық мәмлекетлер де идеологиялық искерликтен ҳеш қандай ўаз кешпеген.

Пухта ислеп шығылған стратегиялық бағдар мәмлекеттиң келешегин белгилейди. Өзбекстанның стратегиялық мақсетлери И.Каримовтың бир қатар мийнетлеринде, мәселен «Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери» ҳәм де «Өзбекстан XXI әсирге умтылмақта» мийнетлеринде белгилеп берилген. Усы мақсетлерге қарай инсанларды бағдарлаў оларды идеялар формасында сиңдириў зәрүрлигин келтирип шығарады.

Өзбекстанда әмелге асырылып атырған түп өзгерислердиң тәғдийри сөзсиз, ҳәр бир пуқара, анықрағы инсанның искерлигине байланыслы. Бул болса реформалардың мәнисин халыққа түсиндириўди талап қылады. Соның ушын

раўажланған мәмлекетлерде идеологияның пропагандасы «ҳүкимет сиясатының үгитлениўи» көринисинде әмелге асырылады. Мәмлекеттиң бас реформатор екенлиги де Өзбекстан ҳүкиметиниң сиясатын арнаўлы үгитлеўда талап етеди. Бундай үгитлеў реформаларды «идеологиялық  тийкарда тәмийнлеў»ге хызмет қылады.

Өзбекстан турмысындағы өзгерислер инсанлар санасында да үлкен өзгерислерди талап етеди. Өтиў дәўирин басынан кеширип атырған ҳәр қандай мәмлекет жаңа заман адамын тәрбиялаў ҳаққында қайғырыўы керек екенлиги тәбийий. Демек, Өзбекстанда да «кәмил инсан» идеясында итибарға алынған шахсқа сай сыпатларын пуқараларда қарар таптырыў керек екенлиги ўазыйпасы турыпты Пуқаралық минез қулқын бундай тәрбиялаў идеологиялық сиясаттың негизин қурайды. Ҳәзирги дәўирде инсан санасы ҳәм қәлбин ийелеў ушын гүрес болып атырғанлығы ҳеш кимге сыр емес. Соның ушын жат идеялық тәсирлерге қарсы гүресте үзилислерге жол қойып боолмайды. Бундай шәраятта жат идеялардың зиянлы тәсирине қарсы ҳәр дайым ҳәм үзликсиз қарсы үгитлеўди шөлкемлестириў әҳмийетли саналады. Себеби бундай идеологиялық гүрести тек ғана мәмлекетимиз ишинде емес, бәлким халықаралық аренада алып барыў талап етиледи.

Буннан тысқары, Өзбекстан философлары миллий жәмийетиниң исшең группасы тәрепинен Миллий ғәрезсизлик идеясының тийкарғы түсиниклери ҳәм принциплери ислеп шығылды. Өзбекстанда миллий ғәрезсизлик идеясының үгит-нәсият жумыслары әне усы тийкарғы идеялар, түсиниклер ҳәм принциплерге таянған ҳалда алып барылмақта.

Миллий идея ҳәм пропаганда, үгит-нәсият түсиниклери, миллий ғәрезсизлик идеясының үгитлениўи ҳаққында тоқталыўдан алдын «үгит» ҳәм «пропаганда» түсиниклериниң өзегине тоқталып өтиўимиз зәрүр. Үгит нәсият инсанның санасы ҳә қәлбин ийелеўге қаратылған. Үгитшилерди бийкарға «инсан қәлбин сазлаўшылар» деп атамайды.  Демек, агитация-пропагандадан мақсет – билим артырыў емес, бәлким адамды белгили ҳарекетке шақырыўдан ибарат. Мәселеге ане сол тәрепден қарағанымызда, Миллий идея ҳаққында мағлыўмат бериў менен шекленбестен, идеологиялық мақсетлерды анық ўазыйпалар формасына келтириўимиз, Миллий идеядағы тийкарғы идеялардың әмелий ҳәрекетлерге айланыўына ерисиўимиз зәрур.Себеби, миллий идея терең исенимге айланған тағдийрде ғана ол улкен күш ҳәм қүдиретке ийе болады. Буның ушын болса, халықта идеологиядан орын алған идеяларға кушли исеним ҳәм оған әмел етиў керек. Миллий идеяны сиңдириў усыллары, технологиялары үстем бағдарлары XXI әсирде инсаният өз раўажланыўының сапа тәрепинен жаңа басқышына қәдем қойды. Дүньяда үлкен өзгерислер болып турған ҳәзирги күнде социал орталықты өзлестириўдиң жаңа методлары, жаңа технологиялар кең қолланылмақта. Технологиялар әсири деп айтылып атырған XXI әсирде өндиристе жәрияланған жаңа технологиялар мийнет нәтийжелилигин жоқары дәрежеде өстирип жиберди. Бирақ жаңа технологиялар тек ғана санаат ҳәм аўыл хожалығында қолланылмастан, бәлким руўхый, идеологиялық процесслерде өз тәсирин корсетпекте. Мәмлекетимиздеги идеологиялық процесске де сол көз-қарастан жантасыў миллий идеяни үгитлеўде заманагөй технологиялардан пайдаланыў зәрурлигин көрсетеди. Миллий идеяни халық қәлбине сиңдириў белгили технология тийкарында алып барылғанда шаралардың избе-излиги, көлеми, өлшеми даўамлылығы ҳәм принциплери уқсаған тәреплери қамтып алынады.Олардың зәрүрлиги сонда көринеди, мысали, үгитлеўде өлшемниң бузылыўы, миллий идея ҳаққында орынсыз сөйлеў, кери тәсир бериўи мүмкин. Үгитлеў технологиясы миллий идея мазмунына сай болған тәғдирде кутилген нәтийжени береди. Өзбекстанда идеологиялық процесслерды шөлкемлестириўдиң үстем бағдарлары төмендегилерден ибарат:

1.Белгиленген кешелердиң жоқары дәрежеде шөлкемлестирилиўин тәмийнлеў.

2.Миллий идеяниң агитациясының сапасын үзликсиз асырып барыў.

3.Заман талабынан келип шығып идеологиялық ислерди шөлкемлестириўдиң жаңа нәтийжели жолларын излеў.

4.Бул тараўда ески методлардың абсолютлестирилиўине жол қоймаў.

5.Идеологиялық процесслерди шөлкемлестириўде социаллық орталықты есапқа алыў.

6.Идеологиялық процесслерди шөлкемлестириўде ушырасатуғын формализм ҳәм мәжилиспазлыққа жол қоймаў.

7.Идеологиялық искерликтиң қаншелли нәтийжелилигин билиў мақсетинде оның мониторингин ислеп шығыў керек.

Миллий идеяниң агитациясын шөлкемлестириўде төмендеги принциплерге әмел қылыныўы мақсетке муўапық:

-Кең көлемлилик-бунда жәмийеттиң барлық ағзаларына идеялар ҳәр түрли болыўы тийкарында идеяни сиңдириў.бул процессте халықтың барлық қатламын қамтып алыўы нәзерде тутылады. Нәтийжеде, жәмийеттиң барлық қатламы идеялық тәсир  көлеминде қамтып алынады. Улыўма мақсетке бағдарланады. Актив инсанды тәрбиялаў ҳәм инсан потенциалын жузеге шығарыў идеологияның баслы мақсеты қылып алынады.

-Үзликсизлик-миллий идея агитациясында мәкан ҳәм заман бирлигин, оның бир система формасына келтирилиўин аңлатади. Үзликсизлик принципи миллий идеяни халық санасына ҳәм қәлбине сиңдириў ушын мәмлекетте белгили идеологиялық орталықты жаратыўды талап етеды. Бул орталықта ҳар бир жағдай, ҳәрекет, яғный, билимлендириў тараўындағы оқыў режелери, дәстүрлер, оқыўлықлар, оқыў қолланбалары, класс ҳәм аудиториялар, көргизбели қураллар миллий идеяға сай болыўы керек.

-Избе-излик - ҳәр бир басқыш ушын раўажланыў ҳәм инсан кәмиллигине хызмет ететуғын қадриятларды сиңдириў мақсетинде идеологиялық үгитлеў жобаластырылады.

-Басқышпа-басқыш - Миллий идеяни агитация қылыўдың руўхый тәреплери менен байланыслы болып, ҳәм үгитлеўши ҳәм қабыл етиўшиниң белгили таярланыў басқышынан өтиўин билдиреди. Баслаўыш класс оқыўшысына миллий идеяниң философиялық тамырлары ҳаққында сөйлеў орынсыз болыў менен бирге пайдасыз болады. Соның ушын бақшада, баслаўыш класста, орта мектеп, жоқары класста, лицей ҳәм коллежлерде, жоқары оқыў орны ҳәм мийнет жәмәәтларинде идеологиялық жумысларды тыңлаўшы ҳәм оқыўшылардың жасы, билими, мағлыўматы усаған тәреплерин есапқа алып белгиленген реже тийкарында алып барылыўы керек.

-Өлшемлилик - антиагитацияни келтирип шығаратуғын, турмыстан үзилип қалыўға алып келетуғын сөзлер, формализм, тәкирарланыўларға жол қоймайди.

-Жеке үлги – Миллий идеяни агитация қылыўда жетискенликти тәмийнлейтуғын  зәрур факторлардан бири. Мектеп оқытыўшысы сабақта оқыўшыларға миллет мәпи, әрманы, умтылыўлари ҳаққында сөйлеп турып, өзи өмирде сол мәплерге қарсы ислерди қылса, бул үгиттиң нәтийжеси нолге тең болади. Мәмлекет ҳәм миллет раўажланыўы ҳаққында сөйлейтуғын баслық босап қалған лаўазымға уқыплы қәнийге орнына, өзине тийисли, бирақ уқыпсиз адамды тайынласа, ол миллеттиң жузине аяқ қойған болады. Ол миллий идеяни антиагитация қылған болады. Оның ушын миллий идеяни халық санасына сиңдириўде үгитлеўшилер искерлигинде ис пенен сөз бирлигин тәмийнлеў үлкен әҳмийетке ийе. Кәрхана, шөлкем басшысы  олар мәмлекет секторы ямаса жеке

секторға тийисли болыўына қарамастан өз жәмәәтындағы руўхый идеялық процесслерге жуўапкер болыўы керек.

-Алдынғы агитация-пропаганда технологияларынан пайдаланыў- бунда идеялық үгитлеўге инсанларды шеберлик менен басқарыў методы сыпатында қаралады. Миллий идеяның агитациясы қатып қалған емес, актив процесс. Соның ушын оны әйемнен қалған баянат оқыў уқсаған үгитлеў формалары менен халық санасына сиңдирип болмайды. Мақсетке ерисиў ушын үгитлеўдиң актив формаларынан, заманагөй технология усылларынан пайдаланыў мақсетке муўапық. Жаслар арасында үгитлеў жумыслары алып барылғанда бәсеке, диспут, сәўбетлесиўлер уқсаған формалардан пайдаланылса мақсетке муўапық болады. Жаслардиң физиологиялық ҳәм руўхый өзгешеликлери баянатлардан көре, интерактив усыллар ҳәм санап өтилген үгитлеў формаларынан пайдаланыўды талап етеди. Бул үгитлеў принциплери миллий идеяны инсан санасына сиңдириўдиң барлық басқышлары ушын улыўма ҳәм бир түрли болып, түрли басқышларда, түрли формалардан пайдаланғанда адамлардың жасы, кәсиби, мағлыўматы уқсаған өзгешеликлери есапқа алынады. Агитация алып барыўда санап өтилген принциплердиң белгили аудитория өзгешеликлерине сәйкеслигин тәмийнлеў үгитлеў нәтийжелилигин тәмийнлейтуғын ең тийкарғы фактор.

Агитация қылынған идеялардың инсан санасында хабар формасында орнаўы жеткиликлы емес. Олар инсанның журек-баўырына жетип барғанында ғана олар инсан қалбине терең орнасади. Буның ушын аудитория үгитлеўшиниң миллий идеяға терең исеним сезимлери болыўы керек. Бирақ үгитлеўде идеяларға итибарды тартыў менен қанаатланыў мүмкин емес. Себеби итибарды қаратыў - үгитлеўдиң биринши басқышы есапланады. Үгитлеўдиң кейинги басқышы идеяның дурыс түсиндириўди, идеология менен байланыслы барлық сораўларға жуўап таўып бериўди талап етеди. Себеби миллий идеяны түсиниў оған исениў деген. Әне сол жерде бир сораў пайда болады: Көбирек не исеним оятады: терең дәлиллер менен тийкарланған хабар ма? ямаса сезимлерди оятыўшы баянат па? Үгитлеў даўамында инсанның сезимлерине, қәлбине мүражат қылыў жақсы нәтийже береди. Бирақ исенимли дәлиллер, қарсылық оятпайтуғын турмыстағы мағлыўматлардың келтирилиўи бул идеяларды өмирде қолланыўдан барлығымыз мәп көриўимиз ҳаққындағы пикирди оятады. Агитация процесси сол жерде тоқтайды деп ойлайтуғынлар қәтелеседи. Идеология жаңа ислерге илҳамландырады, ҳәрекетке баслайды. Ҳәрекетсиз идеология болса қуры сөзден басқа нәрсе емес. Демек инсанлар миллий идеологиядан орын алған идеяларды сай ҳәрекет қыла баслағанларында ғана миллий идея халықтың исенимине айланғанлығы ҳаққында жуўмақ шығарыўы мүмкин.

**«Тарбия биз ушын я өмир-я өлим, я үмит- я трагедия, я садаат-я пәлекет мәселеси»**
**Абдулла Авлоний**

**Пуқара тәрбиясын шөлкемлестириў: Дүнья тәжирийбеси ҳәм машқалалар.** Пуқара тәрбияға мүтәжбе? Тәрбияға итибарсызлық айырымларға пәнт бериўи мүмкин ? Улыўма, ойшыл бул пикири менен перзент тәрбиясын нәзерде тутты ма? әўлад тәрбиясын ба? ямаса миллет тәрбиясы ҳаққында айттыма? Сондай-ақ жас ўақтынан баланың «тәрбиясын дүзетиў» зәрүрлигин айтқанында А.Авлоний пикир тәрбиясын нәзерде тутқан көринеди. Бул тәбиийий , бундай тәрбия орайында бир ғана бала емес, бир шаңарақтың перзентлери емес, бәлким пүткил миллет, пүткил халық турады. Тәрбияны миллет тәғдирин шешиўши дәрежеге көтериўдиң мәниси де сонда.

Әўладты ким тәрбиялайды, миллет қайсы классларда тәрбия табады, пикир қайсы китаплар жәрдеминде тәрбияланады ? Булардың барлығы ҳаққында

ким қайғырыўы керек ? Бул саўалларға жуўап таяр: ата-ана, муғаллим, мектеп, билимлендириў ўәзирлиги ҳәм мәмлекет, жәмийет.

Дурысында да ҳәр бир мәмлекет өз пухарасын билимли, ҳуқықын таныған, руўхый жетик бир сөз бенен айтқанда кәмил инсан етип тәрбиялаў ушын қайғырады. Президентимиз бул ҳаққында: «Биз кәмил инсан тәрбиясын мәмлекет сиясатының үстем тараўы деп жәриялағанбыз. Кәмил инсан дегенде жетик саналы ғәрезсиз пикирлей алатуғын характери менен басқаларға өрнек болатуғын билимли, зыялы адамларды түсинемиз»[1] деп айтқан.

Түрли мәмлекетлерде кәмил инсан түсинигине түрли анықламалар бериледи. Ҳәр бир мәмлекет өз пухараларында заман талабына сай пазыйлетлерди ҳәм жәмийет мақсетине сай қәдриятларды қарар таптырыўға ҳәрекет етеди. Турақлы өсиў ҳаққында қайғыратуғын лидер мәмлекетлердиң бул тараўдағы тәжирийбеси менен танысыў зыян етпейди. Дүньяның лидер мәмлекети есапланған АҚШ та пухара тәрбиясы қандай жолға қойылған? Америкалықларға қандай идея сиңдириледи? Бул саўалларға жуўап табыў ушын пухара тәрбиясы қандай идеялық принциплерге таяныўын анықлаў жеткиликли. АҚШ пухаралары Конституцияны, Америка мәмлекетиниң тийкарлары ҳәм демократиялық принциплерди муқәддес деп биледи. Бул туйғыны жаслар санасына сиңдириў ҳаққында тынымсыз қайғырады. Жасларда еркин жасаўға умтылыў, ғәрезсизликти қәдирлеў сезимлери қәлиплестириледи. АҚШ нениң есабынан пән ҳәм технологиялар тараўында басқалардан озып кетти ? Америкада еркин творчестволық пикир қәдирленеди ҳәм еркин, рәңбе рәң пикирлейтуғынларға баўрыкеңлик қарар таптырылған. Бирақ Америкалық пухараны тәрбиялаўдың ең тийкарғы тәрепи басқа бир идеяда жасырынған. Ол да болса ҳәр бир инсанды талант ийеси деп билиў, ҳәр бир шахсқа ҳәзрети инсан сыпатында көз-қараста болыў қәлиплескен. Инсанға бундай мүнәсибет сөзсиз оның имканиятларын жүзеге шығарыўға қолайлық туўдырады. Сол идея тәсиринде Америкалықлар ортасында өзин «орташа адам» ямаса «мен бир әпиўайы адам» деп айтатуғын адамлар аз ушырасады. Америка пухаралары әдалатты өзине тән көринисте түсинеди. Шахс неге ериссе, қандай дәрежеде болса, буған тек ғана өз ақылы ҳәм уқыбы менен ериседи. Сондай етип ҳәр бир Америкалы бала ўақтынан кимгедур арқа қылыўға емес, бәлким өз күшине таяныўға үйретиледи. Бирақ ең тийкарғысы ҳәр бир Америкалыда келешекке исеним оятылады. Әне сол «Америка әрманы» адамларды жаңа мақсетке қарай хошаметлейди, жаңа идеяларды әмелге асырыўға шақырады. Жуўмақлап атйқанда демократия қағыйдалары ҳәм еркинлик Америка идеологиясының фундаментин пайда етеди. Бундай тәрбия нәтийжесинде тек ғана өз күшине исениў руўхый азатлық ҳәм еркин пикирлеў уқсаған пазыйлетлер Америкалылардың қан-қанына сиңип кеткен. Жоқары да келтирилген пикирлер «Америкада бул тараўда машқала жоқ екен» деген жуўмақ ушын тийкар болмайды. Соңғы ўақытларда еркинликке дыққат аўдарыў күшейиўи ақыбетинде Америкалықлар еркинликти жәмийет алдындағы миннетлерден ҳәм азатлық сыпатында тән ала басладылар. Сол себеп ҳәзирги күнде Американың зыялылары тәрепинен жаңа идеология «либерал-национализм» идеологиясын жаратыў зәрүрлиги ҳаққында пикирди ортаға тасламақта. Бул идея миллий ҳәм рассалық тәрептен бөлинип кеткен көп санлы социал топарларды «АҚШ-миллетлер бирлиги» идеясы әтирапында бирлестириўди нәзерде тутады. Итибар беретугын болсақ жаңа идеологияда миллий фактордың үстемлиги көзге тасланады. Демек, гәп АҚШ та әсте ақырынлық пенен бир миллий көринисти қәлиплестириў, халықтың бирдемлигин күшейтириўде хызмет ететуғын идеологияны жаратыў ҳаққында баратыр. Мысал көринисинде Шығысты аламыз. Шығыстың ең жетекши мәмлекетлеринен бири Японияда пухараны тәрбиялаўдың ең тәсиршең

---

[1] Каримов И. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Т.1998 й,81-бет.

усылынан пайдаланылады. Бундай тәрбияның тийкарғы мәскени сыпатында мектеп алынған. Мектепте бала билим алыўдан тысқары шахс сыпатында қәлиплеседи. Күн шығар мәмлекетте пухара тәрбиясы этикалық тәрбия системасы көринисинде әмелге асырылады. Формал ҳүжжетлерде этикалық тәрбия системасы төмендегише айтылады: «характерди қәлиплестириўге бағдарланған билимлендириў», «мәмлекет ушын унамлы этикалық сыпатларды тәрбиялаўға қаратылған искерлик», «пухаралық этикасы тийкарларын тәрбиялаў». Негизинде, бул система миллетти тәрбиялаў системасы ўазыйпасын атқарады. Оннан қүдиретли идеялық тәсир қуралы сыпатында да пайдаланылады. Көпшилик алымлардың пикиринше, тап «этикалық тәрбия» системасы мәмлекет экономикалык раўажланыўының идеялық тийкарын пайда етеди. Себеби, бул система өндириске руўхый потенциалдан үнемли пайдаланыўға бағдарланған.

Екинши дүнья жүзлик урыстан аўыр аўҳалда шыққан мәмлекеттиң 30-40 жылда өндирис көлеми бойынша дүньяда 2-орынға шығып алыўы көпшиликти таң қалдырады. «Кишкене бир атаўлардың бундай қысқа ўақытта өнерментшилик устаханаларынан автоматласқан санаатқа шекем болған жолды басып өткенлигин қандай түсиндириў мүмкин ?» бул саўалға жуўапты японлар төмендегише береди. Потенциал инсанларда жасырын, Япония менежментиниң алтын қағыйдасына көре - инсаннан қымбатырақ байлық жоқ.

Мәмлекет япон пухарасында қандай қәдрият ҳәм пазыйлетлерди қарар таптырыўға ҳәрекет етеди ? Мийнет сүйиўшилик, интизамлылық ҳәм жәмәәтшилик япон миллий характерине тән қәсийетлерден есапланады. Бирақ мәмлекет бул менен қанаатланбай өз пухараларында сол пазыйлетлерди беккемлеў ҳәм күшейтириў ўазыпасын билимлендириў тараўына жүклейди. Нәтийжеде мектеплерде топарлық бирликти тәрбиялаўға арнаўлы итибар қаратылған. Бунда жәмәәттиң жетискеншилиги ҳәм кемшиликлери ҳәр бир ағзасына байланыслы екенлиги ҳаққындағы идея сиңдириледи. Баладан улыўма исте өз ролин анық билиў ҳәм соған сай жуўапкершиликти сезиниў талап етиледи. Бундай тәрбия көрген пухара жәмәәт машқаласын өзиниң жеке машқаласы сыпатында қабыл етеди. Алымлардың пикирине көре, бундай топарлық бирлик (японшада «айдагарасюги») арқалы мәмлекет үлкен экономикалық жетискеншиликлерге еристи. Мийнет япон адамы ушын этикалық қәдрият есапланады. Оның қәдрият дәрежесине көтерилиўинде «этикалық тәрбия» дизиминиң роли үлкен. Япон пухарасына мектепте төмендеги идеялар сиңдириледи: «тек ғана ҳәрекетшеңлик ҳәм мийнет пенен жетискенликлерге ерисиў мүмкин», «өз үстиңде тынымсыз исле-сонда биреўден кем болмайсаң» бул уқсаған идеялар тәсиринде өскен япон пухарасы өзиниң барлық ҳәрекетлерин төмендеги логикаға бойсындырады: «бар имканиятларыңды иске сал» сондай етип мәмлекет өз пухараларында бундай пазыйлетлерди мақсетли көринисте қарар таптырады. Интизамнан жәмийет мәплерине пайдаланыў барысында японлар басқаларға үлги бола алады. «Этикалық тәрбия» нәтийжесинде Японияда пухаралар мийнет интизамының бузылыўын әпиўайы, унамсыз иллет деп есапламастан бәлким оны Ўатанға қыянет деп қабыл қылады. Японияда пухара тәрбиясы заман мүтәжликлери ҳәм жәмийет мәплерине сәйкеслестирип барылады. Сол арқалы япон пухаралары жәмийет раўажланыўын ҳәрекетлендириўши күш есапланады. Миллет келешегин ойлайтуғын ҳеш бир мәмлекет пухара тәрбиясы мәселесин итибарсыз қалдырмайды. Миллий идея ҳәм Өзбекстан тәжирийбеси көтерилген мәселениң зәрүрлиги Өзбекстанда бул тараўда әмелге асырылып атырған жумысларды анализ қылыўға шақырады. Итибар бергенимизде бизде пухара тәрбиясы ҳаққында аз сөз жүритиледи.Бирақ бизде бул ўазыйпа өз ҳалына таслап қойылған емес. Өзбекстанда пуқара тарбиясы мәмлекет сиясатының үстем тараўы болып, тийкарынан еки бағдарда: кадрлар таярлаў миллий дәстүри көлеминде ҳәм миллий ғәрезсизлик идеясын сиңдириў

арқалы әмелге асырылмақта. Бизде пухара тәрбиясын әмелге асырыў ушын мәскен сыпатында мектеп алынған. Мектепте бала билим алыўдан тысқары шахс сыпатында қәлиплеседи. Демек, билимлендириўге миллетти тәрбиялаўдай жуўапкерли ўазыйпа тапсырылды. Бирақ, билимлендириў системасында агитация пропагандадан мақсет-тек билим бериў емес, бәлким адамды белгили ҳәрекетке баслаўдан ибарат екенлигин умытпаўымыз керек. Мәселеге бул тәрептен қарайтуғын болсақ миллий ғәрезсизлик идеясы оқытылыўы еле идеология сиңдирилди дегени емес. Идеологиялық мақсетлерди анық оқыў ўазыйпалары формасына келтириўимиз, миллий ғәрезсизлик идеологиясындағы тийкарғы идеялардың әмелий ҳәрекетлерге айланыўына ерисиўимиз зәрүр.

Мәселениң басқа тәрепи де бар. Айтайық, идеологияға тийкар болған идеяның мазмунын, дүньяның идеологиялық көринисин жақсы билетуғын жаслар буны билмейтуғын тең қатарларынан ўатанпәрўар, пидайы ҳәм елине садық болама? Ўатанпәрўарлық миллий идеяның анықламасын ядтан билиў менен белгиленбейди. Сол орында миллий идеяны оқытыўдан гөзленген мақсет не бул саўалға жуўап излеў керек. Тийкарғы мақсет заман талабына сай инсанды тәрбиялаўдан ибарат. Солай екен пухараларда қайсы пазыйлетлерди қәлиплестириў есабынан мәмлекетти жетилистириў мүмкинлиги ҳаққында ойлап көриўимиз керек. Буның ушын пухараның қәлеген модели ҳаққында ойлап көриў, кәмил инсан көринисин дөретиў зәрүр. Қайсы идеялар мәмлекетимиздиң жетилисиўине түртки береди. Биз жас әўладқа қайсы қәдриятларды сиңдириўимиз керек? Олар қайсы пазыйлетлерде тәрбияланыўы керек? Бунда ҳәр тәрептен актив инсанды тәрбиялаўға итибар қаратыў, идеялық тәрбия арқалы шахстың потенциалын максимал дәрежеде жүзеге шығарыўға ерисиў, ҳәр бир баланың уқыбын раўажландырыўға итибар қаратыў керек. Буның ушын инсан пассив атқарыўшы емес, бәлким актив инициатор болыўы керек. Оқыў процессинде бул ўазыйпаны ядлаўдан қутқарып оны машқалаларды шешиўге бағдарлаў керек. Шахстың творчетсволық пикирлеўин раўажландырыў сол мақсетке хызмет етеди. идеялық тәрбияны шөлкемлестириўде теориялық пикирлерге әмелий формалар бериў, билимлерди ҳәрекетке айландырыў үлкен әҳмийетке ийе. Буның ушын прагматик пикирлейтуғын шахсты тәрбиялаў зәрүр. Жасларға мийнетке сүйиспеншилик оятыў, шахсты тәрбиялаўда оны өз үстинде ислеўге үйретиў, онда өзине исенимди қарар таптырыўдан мәп көремиз. Миллий мақтанышы жоқары жуўапкершилик ҳәм миннет сезмине ийе интизамлы демократияны турмыс образына айлантырған келешеги өз қолында екенине исенген еркин шахсты тәрбиялаўға үлкен әҳмийет бериў керек. Инсан идеяны турмыстан үзилип қалған, бийгана ҳәм абстракт зат сыпатында түсинбеўи керек. Миллий ғәрезсизлик идеологиясын әпиўайы ҳәм жүреке жақын идеялар арқалы сиңдириў, яғный миллий идеяның инсан санасынан орын алыўы менен қанаатланбай, бәлким оның қәлбине жайластырыў зәрүр. Бул тараўда әмелге асырылатуғын жумыслар өзиниң нәтийжесин бериўи сөзсиз.

## Ғалаба хабар қураллары ҳәм идеялық тәсир көрсетиў механизмлери.

Ғалаба хабар қураллары-ең тийкарғы, құдиретли ҳәм тәсиршең идеология қуралы. Себеби ғалаба хабар қураллары ғалабаның өзине тән тәрбияшысы, зәрүрли кешелердиң шөлкемлестириўшиси, актуал мәселелерди шешиўдиң тәсиршең қуралы болып хызмет қылады. Тек ғалаба хабар қураллары арқалы миллий қәдриятларымыз ҳәм улыўмаинсаный қәдриятлар, миллий идея ҳәм демократиялық принциплерди пропагандалайды. Ғалаба хабар қураллары барлық ўақытта демократия ҳәм сөз еркинлигиниң өзине тән өлшеми, көрсеткиши болып келген. Еркин ҳәм ғәрезсиз ғалаба хабар қураллары демократиялық раўажланыўды хошаметлейди ҳәм беккемлейди.

Тоталитар дүзимде ғалаба хабар қураллары хабар жеткерип бериў қуралы ҳәм жекке ҳүкмдар идеяны сиңдириў қуралы болып хызмет қылғанлығын ҳәммемиз жақсы билемиз. «Мәжбүрий жекке пикирлеў» дәўири деп атаў мүмкин болған бул барада ғалаба хабар қуралларында өмир тек жарқын бояўларда сүўретленип, машқалалар ҳаққында айтылмаған еди. Себеби сол ўақытта машқалалар ҳәм иллетлер ҳаққында айтыў – коммунизм сыяқлы «минсиз» ҳәм «жетик» дүзимге халықтың исенимин пәсейтирип жибериўи мүмкин еди. Тек бир ғана партия, бир ғана идеология ҳәм жекке пикирлеў сиясаты ҳәр қандай плюрализмди, пикирлеў ҳәр қыйлылығын ҳәм, әсиресе, идеялар ҳәр түрлилигин улыўма бийкарламаған еди. Барлық журналистлер өткен Орайдағы «буйрықпаз баслықлар» дың аўзына қарап, буйрығын күтип, олардың көрсетпесине бойсынған ҳалда жумыс алып барып атыр. Сол дәўирлерди бастан кеширгенбиз, лекин ашынарлысы, айырым адамлар жумысқа сондай жантасыўдан елеге шекем ўаз кеше алмай атыр, сол дәўирлерден қалған айырым ески сарқытлардан қутыла алмай атыр.

Заманагөйлик-бүгинги күнде ғалаба хабар қураллары искерлигине қойылатуғын тийкарғы талап. Берилип атырған хабарлардың жетискенликлерин көрсетиў, мақтаўлардан ибарат болыў агитацияға қаншелли пайдалы ямаса зыянлы екенин көрип шығыў керек. Өмир бар екен, машқалалар, кемшиликлер болыўы анық. Бул дәлийл талап қылмайтуғын аксиома. Сондай екен, машқалалардың барлығына трагедия сыпатында емес, әдеттеги нәрсе деп қараўға үйрениў керек. Олардың барлығын көрип өзин көрмегенге алыў менен тек ғана зыян келтириў мүмкин. Демек, машқалаларды өз ўақтында тән алыў, оларды шешиўге кирисиў тийис. Агитацияның генизинде тек ғана идеяға исеним емес, идеяны пропаганда етип атырған инсанға исеним киреди. Сол себеп мақтаў агитацияның бир ҳәттеки ең дурыс усылы емес. Демек, идеологияны өмирди мақтаў оны кемшиликсиз көрсетиў арқалы агитация қылыў мүмкин емес. Бир ўақытлары АҚШ пухараларында демократиялық принциплердиң қәдирсизлениўи гүзетилген еди. Қәнийгелер тәрепинен бул машқаланы түрли шешимлери усыныс етилди. Бирақ агитацияның бираз дәстүрий емес усылы таңлап алынды: демократияның кемшиликлери ашық айтылды. Оның айырым ислемей атырғанлығы ашық критикаланды ҳәм оған альтернатив сыпатында коммунизм, монархия агитация етилди. Агитацияның бул усылы күтилген нәтийжени берди. Адамлар жаман болса да демократиядан қоймасын деген жуўмаққа келди ҳәм демократияның қорғаўшысына айланды. Бүгинги күнде хабарландырыў қуралларын ҳақыйқый «Төртинши ҳәкимиятқа» айландырыў машқаласы актуал болып қалмақта. Оларды ғәрезсиз социал күшке сиясий системаның бир буўынына ҳәм жәмәәтшилик пикирин қәлиплестириўши тәсиршең қуралға айлантырыў ўазыйпасы соны талап етпекте. Хабарландырыў қуралларының еркин ҳәм ғәрезсиз ис алып барыўы ушын беккем ҳуқықый тийкар жаратылған, журналистлерди таярлаў мәселесине мәмлекет дәрежесинде итибар қаратылған. Журналист кадрларды өзимизде таярлаў менен қанаатланбастан оларды сырт еллерде оқытыў ушын қаржылар ажыратылған. Хабарландырыў қуралларының раўажланыўы ушын қолай имканият жаратылған. Батыста хабарландырыў қуралларына қопал болса да жәмийет мәплерин «қорықлайтуғын итлер» деп баҳа береди. Жетик демократиялық мәмлекетлерде олар жәмийеттиң «көзи», «қулақлары» ўазыйпасын атқарады. Ескертиўши дизим сыпатында олар жәмийеттеги иллетлерден хабар бериўши, машқалаларды көтерип шығып, олардың түрли шешимлерин усыныс етиўши қүдиретли күшке айланған.

Ғалаба хабар қураллары искерлигиниң плюрализм принципи тийкарына қурылыўы демократияның раўажланыўына хызмет етеди. Буның ушын қарама-қарсы көз-қараслардан ибарат болған дәстүрлерди дөретиў, альтернатив пикирлер гүрсеине ерисиўи керек. Сонда ғана хабарландырыў қураллары

жәмәәтшилик пикирин қәлиплестириў ҳәм хошаметлеў имканиятына ийе болады. Көплеген мәмлекетлерде хабарландырыў қуралларының реформалары идеялар базарында еле айтылмаған жаңа пикирлерди узатыўға қаратылады. Бирақ орынлы бир саўал туўылады. Бул базар ҳәр қандай идеялар ушын да ашық болыўы керек пе ? Яқ, әлбетте. Экстремистик көз-қараслар, адамзатқа қарсы жаўыз пикирлерге шақырыўшы идеяларға бул базарда орын жоқ. Бирақ жәмийетимиз раўажланыўына хызмет ететуғын дөретиўши идеялар турмысымызды пәраўан етиўге бағдарланған жаңа идеялар, усыныслар бул базарда биймәлел бәсеке қыла алыўлары керек. Биз демократияны қандай түсинсек, хабарландырыў қуралларына сондай ўазыйпаны жүклеймиз. Биз демократияны ғәрезсизлик, еркинлик ҳәм жуўапкершилик деп түсинемиз. Хабарландырыў қуралларынан да соны күтемиз. Демек, журналистлер бул түсиниклерди аңлаўы оларға мүтәжлик сезиўи, оларды қәдирлеўи, олардан пайдалана билиўи ҳәм олар ушын гүресиўи тийис. Хабарландырыў қураллары арқалы миллий ғәрезсизлик идеясын сиңдириўдиң тағы да бир тәрепи бар. Бул-хабарландырыў террорына, идеологиялық қәўиплерге мүнәсип жуўап бериў, руўхый идеологиялық тәрептен халқымызды қарам етиўге умтылыўлардың тамырын кесиў ҳәм Өзбекстан пухараларында идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў менен байланыслы. Ғалаба хабар қуралларының тәсир күшин көрсететуғын бир гәп бар: «Ҳәр қандай пуш идея, жала ҳәптесине үш мәртеден 4 жыл даўамында тәкирарланса-ҳақыйқат таяр болады адамлар оған исенеди». Ақырғы ўақытларда информацион топылыслардың тез-тез шөлкемлетирилип атырғанлығы урысқа мүнәсебеттиң өзгергенлигинен, қуралдың жаңа түри ойлап табылғанлығынан дерек береди. Бул қурал хабарландырыў. Бул қурал жәрдеминде алып барылатуғын информацион урысларда инсанның санасы ҳәм қәлби гөзленеди. Ол оққа уқсап инсанды физикалық тәрептен жоқ ете алмасада, оның күши келтиретуғын зыянлары ҳәр қандай массалық қырғын қуралларынан кем емес. Себеби, бул қурал жәрдеминде санаға берилген соққылар адамды алжастырады, оны өз мәпине қарсы ҳәрекет етиўге баслайды. Адамды басқарыў оның үстинен үстемлик етиў имканын жаратады. Ғалаба хабар қураллары мақсетке ерисиўдиң ең арзан қуралы болып табылады. Ҳақыйқатында да информацион урыслар шөлкемлестириў ушын оғада көп мийнет, оғада көп ҳәрекет ҳәм қәрежет талап етпейди. Бундай идеологиялық экспансия атыспалар ҳәм қан төгиўлерди келтирип шығармаса да миллий өзликти аңлаў күшсизлендириў есабынан дағдарысқа алып келеди. Президентимиз «Бундай информацион қопарыўшылықтан мақсет мәмлекетимиз халқына хабарландырыў арқалы идеологиялық жол менен зорлық өткериў, дүнья халықларында Өзбекстан ҳаққында надурыс көз-карасларды пайда етиўге умтылыўдан ибарат» деген еди. «Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер» мийнетиндеги айырым пикирлер бундай урыслардың мақсетин айдынластырады. Сол китапта, геополитик мақсетлер-мәмлекеттиң басқа территорияларда өз абыройын ҳәм тәсирин күшейтиўге қаратылған сиясат. Бул анықлама айырым ғалаба хабар қуралларының искерлиги неге бағдарланғанлығын ашық айдын көрсетеди. Сиясатшылардан бири Уллы Британияның бас ўәзири Маргарет Тэтчер: «Ғалаба хабар қураллары-терроршылар ушын кислород ўазыйпасын өтейди» деген. Бул гәптиң мәнисин шаққан адам «Ғалаба хабар қураллары терроршылар ушын ҳаўадай зәрүр екен» деген жуўмаққа келеди. Бир қарағанда бул пикир мәниссиздей түйиледи. Тереңирек ойлап көрилгенде, терроршылар бир неше инсанларды жаўызлық пенен өлтириў арқалы миллионларда қорқыў оятыўға умтылады. Демек, олардың мақсети өлтириў емес, жәмәәтшиликке күшли тәсир көрсетиў. Айрым ғалаба хабар қураллары өзлери билмеген ҳалда терроризмниң бузғыншылық тәсирин тағы да асырыў ушын хызмет етеди. Олардың террор ақыбетлери ҳаққындағы қорқынышлы хабарларын инсанлардағы қорқыўды тағы да күшейтирип

жибереди. Буған уқсаған информацияларға қарсы анти агитацияны шөлкемлестириў зәрур болады. Антиагитация «идеяға қарсы идея менен гүресиў» приципине сай алып барылыўы керек. Бунда мәмлекетимиз сиясатына қарсы күшлердиң идеялық ҳүжимлерин қайтарыў талап етиледи. Атап айтқанда;

- Сырт ел журналистлериниң ҳүкимет сиясатын бузып талқылаўшы шығыўларына;
- Диний экстремистлердиң таңлаған жолымызға қарсы идеологиялық қопарыўшылық ҳәрекетлерине;
- Раўажланған мәмлекетлердиң өз идеологиясы үстемлигин орнатыў жолындағы умтылыўлар;
- Хабарландырыў ҳәр түрли шарайыттағы информацион басқыншылықларға;
- Адамлар санасында сақланып қалған коммунистик идеологияның иллетлерине қарсы актив гүресиў зәрүр.

Анти агитацияны шөлкемлестириўде тезлик, турақлы келисимсизлик талап етиледи. Бул барыста таярланған материаллар дәлийилленген ҳақыйқый массалық ҳәмме ушын түсиникли болыўы тийис. Анти агитация унамсыз тәсирдиң алдын алыўшы ҳәм ашық көрсетиўши формаларда әмелге асырылады. Алдын алыўшы бағдар тийкарынан тәрбиялық характерге ийе болады. Бунда:

- Пухаралардың позициясын қәлиплестириўде идеологиялық душпанларынан озып кетиў;
- Инсанларды жат идеялардың надурыслығын ашып көрсетиўге хәм олардың дәлийиллерин бийкарлаўға үйретиў;
- Жасырын көринистеги идеологиялық бузғыншыларға қырағылықты асырыў;
- Жат идеологиялық тәсирлерге қарсы иммунитетти қәлиплестириў тийкарғы мақсет қылып қойылады.

Анти агитацияның ашып көрсетиўши бағдарында:

- Идеялық душпанлар тәрепинен дағазаланған пикирлерди бийкарлаў;
- «Идеологиялық урыс» алып барып атырған тәреп агитациясының мазмунын ашып көрсетиў;
- Идеологиялық зорлық көрсетиўши топар лидерлерин абыройсызландарыў;
- Душпанлардың руўхын пәсейтириў арқалы олардың ҳәрекетлерин әззилетиў тийкаргы мақсет қылып қойылады.

Анти агитацияның ҳәр еки көриниси өз-ара байланыста алып барылады. Инсанның санасы ҳәм қәлби ушын гүрес баратырған ҳәзирги ўақытта антиагитация менен арнаўлы шуғылланыў керек.

**Идеологиялық тәрбияны нәтийжели шөлкемлестириў имканиятлары.** Бүгинги күни миллий ғәрезсизлик идеясын агитациялаў мәселесине үлкен итибар қаратыўды талап етпекте. Ҳәзирги кунде мәмлекетимизде идея агитациясы ең актуал маселелерден бирине айланғанлығын есапқа алатуғын болсақ, оның агитация - пропогандасына ҳәм жаңа технологиялар, методлар, қуралларды қаратыў пайда береди. Миллий ғәрезсизлик идеясы агитациясының тәсиршеңлигин асырыў ўазыйпасында бул процессте жаңа технологияларды кең қолланыў зәрурлиги кушейеди. Идеологиялық агитацияда жаңа технологияларды қоллаўда дуньяның қатар мәмлекетлеринде бул тараўда топланған тәжрийбелерден пайдаланыў мақсетке муўапық болады.

Мысалы, дүньяда кең тарқалған «төрт қәдемли» универсал моделден ҳәм идеология агитациясында пайдаланыў мүмкин. Сол себепли, оның мазмунын толық ашып көрсетиўге ҳәрекет етемиз:

1-қәдем: Машқаланың қойылыўы. Идеология агитациясында сиңдирилиўи зәрүр болған идеялар белгилеп алынады. Буннан тысқары, «Не ушын бул идеяларды сиңдириўге мүтәжлик туўылды», «Бул идеяны сиңдириў жумысларына қайсы дизимлер қаратылыўы тийис», «Бул идеяларды сиңдириў процессинде қайсы социал топарлар қамтып алынады» сияқлы сораўлларға жуўап табыў керек.Топланған мағлыўматлар тийкарында сиңдирилиўи зәрүр идеяларға жәмийеттеги мүтәжлик, жәмийетшиликтиң пикири, ғалаба хабар қуралларында бул мәселелердиң қай дәрежеде жаратылғанлығы ҳәм улыўма сол күнге шекем қылынған жумыслар анықлап алынады.

2-қәдем: Жойбарластырыў ҳәм дәстүрлестириў. Бул басқыш узақ мүддетке мөлшерленген коммуникатив ўазыйпалар стратегиясын ислеп шығыўды нәзерде тутады. Идея агитациясында адамлардың миллий идеяға қатнаслары, оны қай дәрежеде түсиниўлери олардың қәдриятлары үйренилип шығылады. Адамларды миллий ғәрезсизлик идеологиясының белгили идеясы ҳаққында хабарландырыўшы информация дереги жаратылады. Сиңдирип барылатуғын идеяларға адамлардың қатнасы үйренилип бул хабарлар терең анализ етиледи. Мәмлекет мекемелери ҳәм пухаралар ортасындағы байланыслы системалы көринисте муўпықластырылып барылады. Улыўма бул басқышта дәстурдиң мақсети тәсир көрсетиў аудиториясы, күтилип атырған нәтийжелер белгилеп алынады. Миллий ғәрезсизлик идеясы агитациясында аудиторияны сегментлеў яғный, оны бир неше топарларға ажыратып үйрениў сол топарға тәсир көрсетиў нәтийжели методларды ислеп шығыў тийис. Бул топарларға қәдриятлары ҳәм мәплери бир-биринен парық ететуғын қатламларды мысалы, студентлерди, әскерлерди, исбилерменлерди, напақадағыларды, зыялыйларды, еркеклерди, ҳаялларды, жасларды, қарияларды киритиў мүмкин. Миллий идеяны сиңдириўде зыялыларға мөлшерленген информациялар менен исбилерменлердиң кейпиятларына тәсир көрсетип болмайды. Соның ушын ўатанпәрўарлық туйғыларын сиңдириўде студентлерге, әскерий хызметтегилерге, зыялы ҳәм дийханларға бир түрли мүнәсебетте болыў, бир түрли методтан пайдаланыў күтилген нәтийжени бермейди. Себеби, түрли социаллық топар ўәкиллериниң көз-карaслары, мәплери ҳәм қадириятлары бир-биринен парық етеди. Идеология агитациясында мине усы қәдриятларға, мәплерге сай идеяларды қолланыў көбирек унамлы нәтийже береди. Улыўма алғанда бул басқышта адамлардың санасында олардың ҳәрекетлеринде өзгерислер жасаў ушын нелер ислеў керeклиги анықлап алыныўы тийис.

3-қәдем: Гүрриңлесиўге кирисиў. Миллий ғәрезсизлик идеологиясы агитациясын нәтийжели шөлкемлестириў ушын тийкарғы коммуникатив ўазыйпалар жобаластырылған ҳәм анық мақсетке қарай бағдарланған болыўы тийис. Оның ушын, биринши наўбетте, коммуникатор ҳәм аудиторияның көз-карaслары бир-бирине жақынластырылыўы керек. Бул бағдардағы жумысларда төмендеги факторларға итибар қаратылыўы тийис:

1. Аудитория пикирин ең көп сәўлелендиретуғын ғалаба хабар қураллары түрине итибар қаратыў;
2. Аудитория исенимин ең ийелеген хабарландырыў түринен кең пайдаланыў;
3. Белгили бир машқала ҳаққындағы коммуникатор ҳәм аудиторияның көз-карaсларындағы парықларды азырақ көрсетиў ушын (бар машқалаларды әдалатлы ашып көрсетиў ҳәм аудиторияның исенимин қазаныў);
4. Ҳәдийселерди сәўлелендириўде аудиторияның мәплеринен келип шығып жантасыў;
5. Коммуникатордың позициясын көпшиликтиң позициясы сыпатында талқылаў;

6. Жәмийеттеги социал топарлардың мәплерине сай жағдайда жантасыў.

Хабарды жеткизиўдиң итибарлы тәрепи сонда, ол жаңалықлар көринисинде болса да тек ғана бир тәреплеме мақтаў формасында емес, бәлким көпшиликти қыйнап атырған машқалалардың шешими сыпатында, ҳәммеге түсиникли тилде баян етиўи тийис. Солай етип, 3-басқыш өз ишине төмендеги элементлерди алады: ҳәрекет стратегиясы, коммуникатив стратегия, дәстүрди әмелге асырыў жобасы.

4-қәдем: Жуўмақлаўшы нәтийжелерди шығарыў. Жуўмақлаўшы нәтийжелер шығарыў еки бағдарда: баҳалаў өлшемин ислеп шығыў ҳәм қайтадан байланыс каналынан алынған мағлыўматларды үйрениў формасында әмелге асырылады. Баҳалаў өлшемин ислеп шығыўда адамларға сиңдирилген идея оларға қай дәрежеде тәсир еткенлигин анықлаўдың объектив өлшеми белгиленсе, қайта байланыс каналынан алынған материалларды үйрениўде берилген хабарлар саны, оған салыстырмалы жуўап реакциясы сиңдирилген идея нәтийжесинде адамлар өз ҳәрекетлерин қай дәрежеде өзгерттиргенликлери анализ етиледи. Олардың идеологиялық тәсирге жуўап реакциясы үйрениледи. Миллий ғәрезсизлик идеологиясын сиңдириўдиң нәтийжелилигин тәмийнлеўде бул басқыш үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, адамлардың пикирлери ўақыяларға беретуғын баҳалары, мүнәсебетлериндеги өзгерислерди үзликсиз үйренип барыў идеялық тәсирдиң нәтийжелилигин өлшеў имканын береди. Инсанларды тәшўишке қоятуғын машқалалар ҳаққында үзликсиз информация топланып, соған сай агитация бағытын өзгертиў ҳәм белгили идеялардың агитациясын активлестириў бойынша усынослар бериледи. Жәмәәтшилик пикирлериндеги буған уқсаған өзгерислерди системалы көринисте үйренип барыў идеологияны сиңдириўдеги алдағы жумыслар ушын қолайлықлар жаратады.

Жоқарыда атап көрсеткенимиздей, миллий ғәрезсизлик идеологиясын сиңдириўде жаңа технологиялардан пайдаланыў аудиторияны сегментлеўди талап етеди. Аудиторияны сегментлеў төмендеги факторлар тийкарында әмелге асырылады:

- Географиялық мәкәнға көре адамлардың жасаў орны, регионда жайласқан орны бир-биринен парық етиўи арқалы миллий ғәрезсизлик идеясын синдириўде олардың жасаў орнына итибарды қаратыў керек, мысалы, Сурхандәрья ҳәм Қашқадәрья ўәлаятлары халқының көз-қараслары, үрп-әдетлери Ташкент ямаса Қарақалпақстан Республикасы халқының көз-қараслары ҳәм үрп-әдетлеринен парық етеди;
- Демографиялық факторға көре. Адамлардың жасы, жынысы, семьялық жағдайы бир-биринен парық қылғаны ушын олардың көз-қараслары да, баҳалықлары да белгили көринисте парық етеди. Миллий идея агитациясының нәтийжелилигин асырыўда бул факторларды нәзерден қашырып болмайды;
- Психологиялық факторға көре. Адамлардың психикалық жағдайы өзгериўшең болса да бул фактор идея агитациясында үлкен әҳмийетке ийе. Миллий идеяны инсанлар санасы ҳәм қәлбине сиңдириўде олардың психик жағдайы жәмийетимизде болып атырған реформаларға мүнәсибети, қолап-қуўатлаў дәрежесине ҳәдийселерге мүнәсибети ҳәм кейпиятларын есапқа алыў керек;
- Социаллық дәрежеге көре. Адамлардың жәмийетте тутқан социаллық дәрежеси олардың информацияны қай дәрежеде қабыл қылыўларына, бул хабар қандай мүнәсибет билдирилиўине сезилерли тәсир көрсетеди;
- Абырой итибарына көре. Агитацияда жаңа технологияларды қоллаўда пикир лидерлеринен пайдаланыў хабар жеткизиўдиң ең нәтийжели усылларынан бири есапланады. Сол себепли адамларға тәсир көрсетиўде

олардың итибарлы адамларына болған исениминен усталық пенен пайдаланыў талап етиледи. Белгили топардың мәплерин сәўлелендириўде лидерлерди анықлаў ҳәм ол арқалы хабар жеткизиў агитацияның нәтийжелилигин асырыўға хызмет етеди;

- Ағзалыққа көре.Адамлар белгили партияниң, жәмәәт бирлеспесиниң ағзасы екенлиги идеология агитациясында қол келиўши фактор есапланады. Бир топарға тән адамлардың көз-қарасларында улыўмалық болады. Бул идеология агитациясын анағурлым жеңиллестириўге хызмет етеди;
- Қарарлар қабыл қылыўдағы қатнасына көре. Адамлардың социал-сиясий өмирдеги қатнаслары ҳәм активликлери олардың информацияны қабыл етиўлерине тәсир көрсеткени себепли бул фактор миллий идея агитациясында есапқа алыныўы керек. Қарар қабыл етиўде белсене қатнасыўды қәлеўшилер ямаса өзин ҳеш нәрсени шеше аламайтуғын «Кишкене адам» деп есаплайтуғын адамлар бир түрдеги хабарды қабыл етиўде түрли көз-қараслар менен жантасады.

Миллий ғәрезсизлик агитациясында аудиторияны сегментлеў адамларды топарларға бөлип тәсир көрсетиў үлкен әҳмийетке ийе. Керисинше, бир ўақыттың өзинде тең аудиторияны ҳәм көп объектлерди қамтып алыўға умтылыўдың нәтийжеси кем болады. Идеология агитациясының бизде кең қолланылатуғын түри ораторды искерлиги менен байланыслы. Агитацияның бул формасы нәтийжесин асырыў үлкен итибарды талап етеди. Себеби, баянатшы өз сөйлейтуғын аудиториясына адамларды топлаўда мәжбүрийлик жағдайлары болады. Аудиторияға ыхтыярына қарсы баслап келинген адамда еле баянатты еситпей ишки қарсылық пайда болады. Демек, еле агитация басланбастан-ақ ол керисинше нәтийже бериўи күтиледи. Бундай наразылық аудиторияны өзи тәрепке аўдырыў, оған тәсир көрсетиў, оны йошландырыў баянатшыдан үлкен шеберликти талап етеди. Барлық ораторларда да бундай талант бар деп болмайды. Миллий ғәрезсизлик идеясы агитациясының тәсиршеңлигин асырыўдағы ең тийкарғы шәртлерден бири жасырын агитация жүргизиў. Инсан оған тәсир өткизилиўин сезбеўи керек. Агитация даўамында идеология сөзи ислетилиўи шәрт емес. Жуўмақлап айтқанда, агитация пропаганда жумысларында мәселениң төмендеги тәреплерине итибар қаратыў керек:

- Алдымызға қойылған мақсетке ерисиўден ҳәр биримиз жеке мәпли екенлигимизге адамларды исендириў;
- Келешегимизди көз алдымызға келтириў имканын беретуғын ертеңги күнимиз қандай болыўын көрсететуғын материаллар таярлаў;
- Актуал қәдриятларды сиңдириў мақсетинде жәмәәтшилик пикирине сол қәдриятларды мазмунлы қылып жеткизиў;
- Ғалаба хабар қуралларынан билимлендириўди системасынан инсанларды ақлый тәрептен байытыў қуралы сыпатында шеберлик пенен пайдаланыў;
- Адамлардың еркин пикирлеўин хошаметлеў, оларды өз пикирин қорғаўға үйретиў арқалы ғәрезсиз пикирлейтуғын инсанды тәрбиялаў;
- Раўажланыўымыз жолында ғаў болып атырған иллетлерди ашып көрсетиў жолы менен оларды унамлы «даўалаў»;
- Ғалаба хабар қуралларынан ҳақыйқат айнасы сыпатында пайдаланыў арқалы адамлардың олаға исенимин күшейтириў;
- Жақын тарийхымызда болған ўақыяларға бағышланған хроникалы фильмлерди дөретиў жолы менен жақсы ҳәм жаман күнлеримизди еслетип турыў;
- Адамларда терең тәсир қалдырыў мақсетинде көркем образлар арқалы миллий идеяны сиңдириў. Бунда агитация пропаганда жумысларын пухта жобаластырыў, сезимлерге күшли тәсир етиў, дәстүрий емес усылларды қоллаў, әшкаралық, қәдриятлар көлеминен шықпаў, массалық ҳәм түсиникли болыў менен адамлардың «жанына тиймеслик» талап етиледи.

Идеологияның агитациясынан сондай жантасыў көбирек нәтийже береди. Сонда ғана адамлардың потенциалы, мийнети, ўақыты, мүлки ҳәм қаржыларын таңлаған мақсетке қарай бағдарлаў мүмкин. Бул идеологиялық сиясаттың нәтийжесин материаллық затларда-жоқары сапалы өнимлерде бай турмысымызда дөретиўши жумысларда еркин ҳәм пәраўан турмыста  экономикалық өсиўде «өлшеў» имканын береди.

## Жуўмақ.

Миллий ғәрезсизлик идеясын пән сыпатында үйрениў, оның басқа жәмийетлик гуманитар пәнлерден парклы, өзине тән тәреплери барлығын көрсетеди. Ол пән әмел қылатуғын нызамлықларға барып таянады. Ҳәзирги пайытта инсан руўхыяты, мақсет ҳәм талпыныўлары исеним ҳәм ийманның қәлиплесиўине тәсир етиўши факторларға да байланыслы. Оның көриниске ийе болыўы тек бир шахсқа емес, сол ўақытта басқа инсанлар, белгили топарлар ҳәм қатламлар, елат, миллет, халықтың бирлестириўши мақсетлери жүзеге шығыўының әҳмийетли факторыда саналады.

Миллий идеяны аңлаў улыўма мақсет жолында бирлесиў, уйымласыў, өзин бағдарлаў, бирлик ҳәм бирге ислесиў, татыўлық ҳәм де баўрыкеңлик пазыйлетлери сыпатында көриниўин билдиреди. Сондай фактордың барлығы мәмлекеттиң, халықтың, миллеттиң маьнаўий, руўхый күш құдиретиниң беккем екенлигин көрсетеди. Оның негизинде өзликти аңлаў, миллет ҳәм халықты, жәмийеттиң адында турған бирликли мақсетлерди аңлаў жатады. Бирлестириўши тәғдир, Ўатан, тарийх, миллий-мәдений мийрас, тил, мәдений қәдирияттлар бир тәрептен, екинши тәрептен, мәмлекеттиң, халықтың, миллеттиң дүнья, цивилизация ерискен жеңислеринен пайдаланыўға болған итияжды сезиў әне усы процессте миллий ғәрезсизлик идеясы раўажланыўының әҳмийетли гилти сыпатында көринеди. Оның тийкарғы идеялары ҳәм пуқаралық жуўапкершилиги ҳәм де мәмлекеттиң, миллеттиң келешеги, оның өзине тән раўажланыў жолын әмелге асырыў, өзлигин сақлап қалыў ушын Ўатан алдында, миллет ҳәм келешек әўладлар алдында жуўапкершилик руўхын сиңдиреди.

Миллий ғәрезсизлик идеясын үйрениўдиң пуқаралық жуўапкершилиги ҳәм парызы да, оған исеним ҳәм ийманның беккем болыўын сезиўди усынады. Сонда ғана ол халықты, миллетти бирлестириўге, ғәрезсизликти беккемлеўге ҳәм раўажландырыўға хызмет қыла алатуғын әҳмийетли ўазыйпаны бежереди. Инсан искерлигинде жаратыўшылық яки бузғыншылық күшиниң жүзеге келиўине себеп болады. Соның ушын ҳәм ҳәр қандай пикир, идея, идеология ҳәм халықлар тәғдирине бир қыйлы тәсир қылмаған. Олар арасында дөретиўши идеялар менен бирге, бузғынша ҳәм агрессивлери де болғанлығы тарийхтан белгили. Бул ҳәм түрли жәмийетлик күшлердиң «ишки маьнаўий дүньясы» мақсет, мүддәәлери менен байланыслы болған өзине тән нызамлық. Оларды ҳәм үйрениў, билиў зәрүр. Бул инсанда жақсы идеялардан жаўыз идеяларды парықлаў қәбилийетин қәлиплестиреди ҳәм идеяны идеядан, идеологияны идеологиядан парқын аңлаўға жәрдем береди.

Бүгинги глобалласыў процесси өтмиште ҳәм, ҳәзир ҳәм келешекте ҳәм миллий идеяға болған зәрүрликти асырып барады. Соның ушын ҳәм бул дүнья қаншелли маьрифий раўажланыў нызамлықларынаәмел қылмасын, инсан қәлби, санасы ҳәм исеними, ийманын өзгертиўге болған ҳәрекет, урыныў ҳәр дайым сақланып қалады. Бундай урыныў жоғалған дәўирди, инсан санасы ҳәм қәлбин өз ҳалынша еркин ҳәм ҳәр қыйлы «идеологиялық қуўдалаўлардан азат ҳалда раўажланыў деп ойлаўды» тек әрман қылыў мүмкин. Түрли мақсетлер, мәплер бар екен ол түрли дәўирлерде, түрли көринисте пайда болыўы тәбийий.

Бул нызамлықларды пән жолы менен үйренип, алдыннан оны болжаў жүдә қыйын ҳәм қурамалы процесс. Себеби, идея ҳәм идеология тараўы исеним ҳәм ийман. Дүньяға көз қарас, мәплер дизими менен байланыслы. Соған көре, тек оның өзгериўшеңлигин алдыннан айтыў ғана мүмкин. Оны халықтың өзлигине болған мүнәсебети, өзлигин аңлаў дәрежеси, миллий мәдений мийрасына, қәдирияттларына болған мүнәсебетте ҳәр бир әўладқа не берип атырғанлығы ҳәм нени мийрас қылып қалдыра алыўы менен байланыслы нызамлық жыйнақластырылған. Соның ушын ҳәм миллий идеяны пән сыпатында үйрениўди оншелли туўры емес деп есаплайтуғынлар пикирине қосылыў қыйын. Мәселен,

инсан санасы ҳәм пикирлеўинде идеялық бослық пайда болыўы менен оның дүньяға көз қарасында ғәрезсиз пикирден көре ғәрезлилик, бағынышлылық идеялары үстем бола баслайды. Демек, оны көбирек үйрениўге болған итияж зәрүрлигин аңлаў сезимин дәлийллеўши факторлар, оны үзликсиз, ҳәр дайым, эволюцион рәўиште ҳәмме ўақыт өз алдына итибар беретуғын, қала берсе, ҳәр бир халық ямаса миллеттиң, мәмлекеттиң ертеңги келешеги, дүнья жәмийетшилигинде өзине тан орнына ийе болыўы, өзлигин сақлап қалыўға болган итияждаң өмирлик философсфиясы.

Миллий идеяда өзликти сақлап қалыў мақсети дүньядан ажыралып жасаўды, тек ғана өз қабығына оранып қалыўды билдирмейди. Керисинше, дүнья менен бирге болыўға шақырады. Тек ғана миллий маьнаўий қәдириятларға, мийрасына таянған ҳалда оған ҳүрмет пенен қараўға, өз миллий маьнаўий негизлери не таянып, оннан үзилмеўди үйретеди. Себеби оннан узақласыў, миллий өзликтен узақластырады, тарийхынан, қәдириятларынан айырған ҳалда раўажланыўына себеп болады. Бул миллий раўажланыў нызамлыққа ҳәм мәплер уйғынлығына ҳәм туўры келмейди.

Миллий идея бул ғәрезсизликти беккемлеў ҳәм оны асырап абайлаў, қорғаў факторы. Соның ушын ҳәм инсан санасын басқарыўды емес, керисинше оны жаратыўшы идеяларға бағдарлаўға хызмет қылатуғын жоқары қәдирият. Миллий идея әне усы ең жоқары қәдирият – инсан, халық, миллет, мәмлекет абройы, қәдир қымбатын, өзлигин ҳүрмет қылыўына таянған ҳалда түрли цивилизациялар раўажланыўы талапларына жуўап береди. Миллий идеяны үйрениў шахста миллий мақтанышты оятады ҳәм ҳәр дайым өзлигин билип жасаўға умтылдырады. Соның ушын ҳәм миллий идея басқа жәмийетлик философиялық пәнлерден парқы Ўатан, миллеттиң дәрти, арзыў-әрманларын, мақсетлерин, абройын бәленд тутып, оны ҳәр дайым қәлбинде сақлаған ҳалда өзлигин байытып барыўда раўажланыў факторы болып хызмет етеди. Бул процесс азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў сыяқлы миллий идеяның бас мақсети менен бирлигинде көриниўиниң себеби де сонда. Ол демократиялық раўажланыў, пуқаралық жәмийети қурылысына бағдарланған, пуқараларды милеттинен, дини ҳәм инсенимине қарамастан, бағдарлаўшылық пенен байланыслы маьнаўий- руўхый күш қүдирет дереги де болады. Халықтың, миллеттиң, ҳәр бир пуқараның тек ғана өтмиш менен емес, бүгинги күн ҳәм келешеги менен де байланысқан. Миллий ғәрезсизлик идеяс исеним ҳәм ийманға айландырыў бир адамның жумысы емес. Ол ҳәр бир миллет пидайысы, ойшылының ўазыйпасы саналады. Себеби, халықтың, миллеттиң бирлесип, өз ара бирге болып, азат ҳәм абат Ўатанда еркин ҳәм де пәраўан турмыста жасаўының кепили. Миллий ғәрезсизлик идеясы – анық болып, ҳәр бир адамның күнделикли турмыс тәризи, дүньяға көз қарасы, сана ҳәм пикирлеўи, исеним ҳәм ийманы, оның искерлиги арқалы жәмийетлик турмыс өзгерислерине тәсир көрсетеди. Бул тараўдағы ҳәр бир жеңис инсанның өзине, шаңарақ ағзалары, мәҳәллеси, ел журты, халқы ҳәм миллетиниң, Ўатаны, мәмлекетиниң раўажланыўына әҳмийетли үлес болып қосылады.

«Барлығымыздың таянышымыз ҳәм сүйенишимиз болған перзентлеримиздиң қуўанышлылығын, керек болса, ашық келбети, бахтиярлылығын көриў, ертеңги күнге исенимди өзимизге елеслетиў – соның өзи үлкен бахыт емеспе?»[76] деп айтады Президентимиз И.А.Каримов. Ырасында да миллий ғәрезсизлик идеясына әмел қылған, оны исеним ҳәм ийманына саналы рәўише айландырған адам - жүдә үлкен маьнаўий-руўхый күш қуўат дерегине ийе болады. Бул оны жаңа жеңислерге, уллы мақсетлерге жетелейди. Турмыстың, жасаўдың мәни-мазмунын инсанлар менен бирге болыўында, оларға саўап

---

[76] Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. – Т.: Ўзбекистон, 2005, 153-154 -бетлар

ислерди қылыў, жақсылық жолында мәмлекет келешеги ушын илим алыўына, кәсип-өнер ийелеўге жетелейди. Инсан турмысында суў ҳәм ҳаўа қаншелли зәрүр, нан қаншелли азиз болса, миллий идея ҳәм сондай. Олсыз, инсан өзлигин, келешегин анық елеслете алмайды. Миллий идея соны үйретеди.. Бул болса ҳәр бир  инсанның өзине тән маьнаўий дүньясы арқалы әмелге асады. Бундай бирлик маьнаўий күш құдирет дереги болып раўажланыўға хызмет етеди.

Заман, дәўир ҳәм әўладлар өзгереди, лекин миллий идеяға зәрүрликтиң қалыўы анық. Миллий идеяға байып, раўажланып барыўы тәбийий. Дүньядағы өзгерислер миллий идея алдында да жаңа-жаңа ўазыйпаларды, усыл ҳәм қураллардан пайдаланыўды талап қылады. Оны есапқа алыў, «идеология майданында» жақсылық ҳәм дөретиўшилик идеяларының ҳәр дайым үстемлик етиўин, маьрифий раўажланыўдың келешегин белгилейди. Соның ушын да Өзбекстан халқы миллий идеяға өз алдына итибар қаратып, оны жәмийет идеологиясы сыпатында үйрениўи әне усы уллы мақсетлер менен байланыслы болғанлығы ушын ҳәм өзиниң нәтийжесин бермекте.

**МИЛЛИЙ ИДЕЯ: ЗӘРҮРЛИГИ, МӘНИ-МАЗМУНЫ**

МИЛЛИЙ ИДЕЯ- инсан ҳәм жәмийет турмысына мәни мазмун бағышлайтуғын, оны уллы мақсетлерге қарай жетеклейтуғын пикирлер жыйындысыдур

ИДЕОЛОГИЯ-белгили жәмийетлик топар, жәмийетлик қатлам, миллет, мәмлекет, халық, жәмийеттиң итияжлары, мақсет ҳәм мәплери, арзыў-талпынyслары ҳәм де оларды әмелге асырыў принцилерин өзинде жыйнақластырған идеялар дизимидур

ӨЗБЕКСТАННЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ЖОЛЫ

МӘМЛЕКЕТ АЛДЫНДА ТУРҒАН МАҚСЕТЛЕР

РАЎАЖЛАНЫЎ СТРАТЕГИЯСЫ


МИЛЛИЙ ИДЕОЛОГИЯҒА ҚОЙЫЛАТУҒЫН ТАЛАПЛАР
I. Миллет, халық ҳәм жәмийетти бирлести-риўши күш ҳәм де итибар дереги болыўы
II.Ҳәр қандай алдыңғы идеян өзине сиңдириўи ҳәм ҳәр қандай жат, жаўыз идеяға қарсы тура
III. Дәўир өзгерислерине мас тәризде, миллий, улыўмаинсаний қәдириятларға таяныўы, өз мәп ҳәм мақсетлерин әмелге асырыўдың жаңа усылларын усына алыўы.


БИЛИЎ
ТӘРБИЯЛЫҚ
РЕГУЛЯТИВ
КОММУНИКАТИВ
МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ ФУНКЦИЯСЫ
НОРМАТИВ ҚӘДИРИЯТЛАР
БАҒДАРЛАЎ, ЖӨНЕЛТИЎ
ҚОРҒАНЫЎ
ИДЕЯЛЫҚ БӘНТЛИК


МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ ТИЙКАРҒЫ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ
Пуқараларды уйымластырыў
Инсанларды идеялық тәрбиялаў
Дөретиўшиликти бағдарлаў
Пуқараларды зиянлы жат идеяларға қарсы зәрүр иммунитетти қәлиплестириў
Жәмийетти реформа қылыўдың ҳәрекет дәстүрине айланыўы
Жәмийет ағзаларын жаңа жеңислерге ерисиўинде маьнаўий хошаметлеў
Түрли халықлар ҳәм миллетлерди еркин демократиялық жәмийет қурыў ислерине бағдарлаў, азат ҳәм абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыўға ерисиўге таярлаў

*е*

*ҒӘРЕЗСИЗЛИК КӨЗ ҚАРАСЫ*

*-Өзбекстанның ғәрезсизлиги ҳәм келешеги ҳаққында жан күйдириң;*
*-өзиниң, өз халқының, Ўатанының қәдир қымбаты, ар-намысын аңлап, оны қорғаў;*
*-уллы идеялар, жаңа пикирлик ойлап табыўлар, нийетлер ағымында мийнет қылып қәбилийетин, бар имканиятын керек болса, жанын журт келешегине, елине бағышлаў*




МИЛЛИЙ ИДЕЯ- РАЎАЖЛАНЫЎ КОНЦЕПЦИЯСЫ
НЕГИЗЛЕРИ
БАҒДАРЛАРЫ
Милиий маьнаўий қәдириятлар
Улыўма инсаний қәдириятлар
МАЬНАЎИЙ
Экономикалык
сиясий
социал
хукукый
Илимий технология
Халық аралық абройы
Дүньяда өзине тән орынға иие болыуы


МИЛЛИЙ ИДЕЯДА ХАЛҚЫМЫЗ МӘПЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ
Мәмлекеттиң аймақлық бирлиги, шегераларымызға қол қатылмаслық
Ҳәр бир инсан, шаңарақ ҳәм халықтың пәраўанлығы
Жәмийетлик-сиясий турақлылық идеясы
Раўажланыў идеясы
Мәмлекеттиң әскерий, экономикалық, экологиялық, информациялық ҳәм идеялық қәўиплерден қорғалғанлығы
Жәмийетте әдалат, демократия өзин-өзи басқарыў принциплериниң әмел қылыныўы

# XXI ӘСИР БАСЫНДА МӘМЛЕКЕТИМИЗДИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ СТРАТЕГИЯСЫ

| *БИРИНШИ ҮСТЕМ* | ЕКИНШИ *ҮСТЕМ* | ҮШИНШИ *ҮСТЕМ* | ТӨРТИНШИ ҮСТЕМ | БЕСИНШИ ҮСТЕМ | АЛТЫНШЫ ҮСТЕМ |
|---|---|---|---|---|---|
| *Мәмлекет сиясий, экономикалық турмысын, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын жәнеде еркинлестириў; -сиясий тараўды еркинлестириў; мәмлекет қурылысы ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў процесслерин еркинлестириў; экономика тараўын және де еркинлестириў* | *Жәмийет маьнаўиятын жәнеде жетилистириў; -еркин пуқара маьнаўиятын, азат шахсты қәлиплестириў; -халық маьнаўиятының тиклениўи; -бай тарийхый мийрастың кең үйрениливи; дәстүрлеримиздиң сақланыўы; -мәдениятт, илим ҳәм тәлим раўажланыўы* | *Кадрлар мәселеси;-кадрлар таярлаў бойынша Миллий дәстүрди әмелге асырыў* | *Халық турмыс дәрежесиниң избе из ҳәм турақлы өсиўин тәмийнлеў; Күшли жәмийетлик қорғаныс* | *Экономикада қурамлық өзгерислерди тәмийнлеў; -кәрханаларды жаңалаў ҳәм техникалық қайта тәмийнлеў; -тәбийий ҳәм минерал шийки зат ресурсларынан толық ҳәм нәтийжели пайдаланыў; Экспортқа масласқан ҳәм импорт орнын басыўшы өнимлерди ислеп шығаратуғын күшлерди пайда етиў* | *Жамийетте турақлылық, тынышлық, миллетлер ҳәм пуқаралар аралық татыўлықты. Шегераларымызға кол қатылмаслығын, мәмлекетимиз аймақлық бирлигин тәмийнлеў* |


МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ТИЙКАРЛАРЫ
Өз миллий идеясына таянбаған жәмийет кризиске дуўшар болады, өз жолын жоғалтады
Миллий идея
Миллий идеология
Жәмийеттиң раўажланыў стратегиясы
Сиясат
Демократиялық, әдил жәмийет қурыў максетине миллий ғәрезсизлик идеологиясысыз ерисип болмайды
Жәмийет турмысында ҳеш қандай идеялық бослыққа жол қойып болмайды
Миллий идея миллеттиң өзлигин аңлатып турады



ИНСАНҒА ИДЕЯЛЫҚ ТӘСИР КӨРСЕТИЎ ФАКТОРЛАРЫ
Идеялық тәсирде ўақыт факторы
Идеялық тәсир бағдарлары
Идеялық тасир формалары
Идеялық тәсир усыллары
Ис ўақты
Бос ўақыт
Ақылый
Моральлық
Мийнет
Эстетикалық
Дене тәрбиялық
Индивидуал
Жәмәатлық
Массалық
Түсиндириў
Исендириў


Шаңарақ
Мәҳәлле
Жәмийет
ҒХҚ
Миллий идеяны әмелге асырыўшы субьектлер
АРМИЯ
ДЕМОКРАТИЯЛЫҚ ҲӘРЕКЕТЛЕР


ИДЕОЛОГИЯЛЫҚ ПРОЦЕССЛЕРДИ МУЎАПЫҚЛАСТЫРЫЎ
Идеялық тәсир
Маьнаўий-маьрифий, идеялық
Социал институтлардың идеологиялық тәрбия имканиятлары
Идеологиялық тәсир
Үзликсизлик
Дизимлилик
Комплекс жантасыў
Тәсиршеңлик
Ораторлық
Конкретлилик
Шаңарақ
Мектепке шекемги тәрбия мәкемелери
Улыўма тәлим мектеплери
Орта арнаўлы ҳәм жоқары оқыў
Мийнет жәмаатлары
Жәмаат шөлкемлери
Мәдений-маьрифий шөлкемлер

**МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎДА ҮЗЛИКСИЗ ТӘЛИМ ДИЗИМИ ҲӘМ ТҮРЛЕРИ**

*МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ТӘЛИМ*

*УЛЫЎМА ОРТА ТӘЛИМ*

*ОРТА АРНАЎЛЫ, КӘСИП ӨНЕР ТӘЛИМИ*

*ЖОҚАРЫ ТӘЛИМ*

ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРНЫНАН КЕЙИНГИ ТӘЛИМ

*КАДРЛАР ҚӘНИГЕЛИГИН АСЫРЫЎ ҲӘМ ОЛАРДЫ ҚАЙТА ТАЯРЛАЎ*

*МЕКТЕПТЕН ТЫСҚАРЫ ТӘЛИМ*


ҒАЙРИНСАНИЙ ЖАТ ИДЕЯЛАРДЫҢ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ
Идеялық жекке ҳүкимранлыққа умтылыў
Пикирлер плюрализмин мойынламаў
Демократиялық ҳәм миллий қәдириятларды тән алмаў
Абсолют ҳақыйқатқа даўа қылыў
Жәмийетте жәмийетлик сиясий турақсызлыққа берилиўшеңлик
Жеке, ҳүкимран идеологияға айланыўға
Жәмийетлик кескинликлерди қуўатлаў
Ақыйдапапарстлық ҳәм сиясий экстьремизм


ҒАЙРЫИНСАНИЙ ЖАТ ИДЕЯЛАРДЫҢ КӨРИНИСЛЕРИ
Комунистлик идея
Космополитизм идеясы
Уллы мәмлекетшилик Шовинизм идеясы
Расизм идеясы
Фашизм, неофашизм идеялары
Агрессив миллетшилик идеясы
Панславянизм идеясы
Паниранизм идеясы
Панисламизм идеясы
Пантуркизм идеясы
Панамерканизм идеясы ҳәм ҳ.т.б


ҒАЙРЫИНСАНИЙ , ЖАТ ИДЕЯЛАРДЫ ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ
ТИЙКАРЛАР
ДИНИЙ ЭКСТРЕМИЗМ
ХАЛЫҚАРАЛЫҚ ТЕРРОРИЗМ
ЖАТ, ЖАЛҒАН ДИНИЙ АҚЫЙДАЛАР
НАРКОБИЗНЕС
УРЫСҚУМАРЛЫҚТЫ ҮГИТЛЕЎ
НЫЗАМСЫЗ ҚУРАЛ-ЖАРАҚ САЎДАСЫ
АҚЫЙДАПАРАСЛЫҚ

**ЗИЯНЛЫ ИДЕЯЛАРДЫҢ АЛДЫН АЛЫЎ ЖОЛЛАРЫ**

- ***ШАҢАРАҚТА ЖАСЛАРҒА САҒЛАМ ТӘРБИЯ БЕРИЎ***
- ***ПУҚРАЛАРДЫҢ ИЙМАН-ИСЕНИМИН БЕККЕМЛЕЎ***
- ***МИЛЛИЙ АР-НАМЫС ҲӘМ МАҚЬАНЫШ ПЕНЕН ЖАСАЎҒА ЕРИСИЎ***
- ***ҲӘР ТӘРЕПЛЕМЕ КАМИЛ ШАХСЛАР ЕТИП ТӘРБИЯЛАЎ***
- ***ИДЕОЛОГИЯЛЫҚ ИММУНИТЕТТИ КҮШЕЙТИЎ***
- ***ИДЕОЛОГИЯЛЫҚ ИММУНИТЕТТИ КҮШЕЙТИЎ***


МИЛЛИЙ ИДЕЯҒА ҚАРСЫ, УНАМСЫЗ ҲАЛАТЛАР
Бийпарықлық,, итибарсызлық
Менменлик
Мақтаншақлық
Ҳақыйқатты менсинбеўшилик
Жарамсақланыў
Таныс-билисшилик, ағайиншилик
Көре алмаслық, қызганыш
Ҳәмелпаразлық
ОЛАРДЫ САПЛАСТЫРЫЎ ЖОЛЛАРЫ
Жәмийетте еркин пикир ҳәм пикирлер, идеялар ҳәр қыйлылығы, критика, өзин-өзи критикалаў орталығын жаратыў
Демократия ҳәм әшкаралық орталығын күшейтиў
Демократия ҳәм әшкаралық орталығын күшейтиў
Жәмийетте илим-маърифеттиң статусын асырыў


МИЛЛИЙ ИДЕЯ ДИЗИМИ
Өзгешеликлери
Концепциясы
Шөлкемлестириў тийкарлары
Миллий ҳәм улыўма инсаний қәдириятлардың уйғынлығы
И.А.Каримов шығармалары
Инсанпәрўарлық
Өзбекстан Республикасы Конституциясы
Жәмийетлик әдалат принциплерине тийкарланыўы
Жәмийетлик-гуманитар пәнлер
Миллеттиң ең муқаддес сезимлери, арзыў-үмитлерин өзинде жыйнақластырған лығы
Илимий-теориялық шөлкемлер


ДҮНЬЯҒА КӨЗ ҚАРАС НЕГИЗЛЕРИ
ФИЛОСОФИЯЛЫҚ
МОРАЛЬЛЫҚ
ДИНИЙ
ЭСТЕТИКАЛЫҚ
ИЛИМИЙ
МАЬНАЎИЙ-МАЬРИФИЙ
СИЯСИЙ
ҲУҚУҚЫЙ
ЖӘМИЙЕТЛИК


МИЛЛИЙ ПИКИРЛЕЎ ТӘРИЗИ, ТИЙКАРҒЫ ТАЯНЫШЛАРЫ ҲӘМ НЕГИЗЛЕРИ
Миллий пикирлеў тәризи
Улыўма цивилизациялық қәдириятла
Ана тили
Миллеттиң дүньяға көз-қарасы
Улыўма инсаний қәдириятлар
Халықтың алдыңғы үрп-әдетлери, дәстүрлери
Миллеттиң характери
Заманагөй қәдириятлар
Халықтың диний исеними
Миллий қәдириятлары
Халықтың мәденияты
Миллеттиң тарийхы ҳәм тарийхый өтмиши


ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ МИЛЛИЙ ТӘБИЯТЫНА ТӘН ӨЗГЕШЕЛИКЛЕР
МИЙНЕТСҮЙГИШЛИК
БАСЛАҒАН ИСИН АҚЫРЫНА ЖЕТКЕ-РИЎ
ТАЗАЛЫҚ
ҲАҚЫЙҚАТГӨЙЛИК
КЕМТАРЛЫҚ
ТӘРТИП-ИНТИЗАМ
ЎАҚЫТТЫҢ ҚӘДИРИН БИЛИЎ
ЖАҢАЛЫҚҚА ТАЛПЫНЫЎ
ӨЗИН ҲӘМ ӨЗГЕЛЕРДИ ҚӘДИРЛЕЎ
МИЙМАНДОСЛЫҚ
ҮЛКЕНГЕ ҲҮРМЕТ, КИШИГЕ ИЗЗЕТ

## ӨЗБЕКСТАНДА НЫШАНЛАНАТУҒЫН БАЙРАМЛАРДА МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

### *БАЙРАМЛАР*

- *Ғәрезсизлик күни 1 сентябрь*
- *Конституция күни- 8 декабрь*
- *Ўатан қорғаўшылары күни 14 январь*
- *Оқытыўшылар ҳәм тәрбияшылар күни 1 октябрь*
- *Наўрыз 21 март*
- *Ораза ҳайыт*
- *Қурбан ҳайыт*
- *Еслеў ҳәм қәдирлеў күни 9 май*
- *Жаңа жыл 1 январь*
- *Халықаралық ҳаял-қызлар күни 8 март*
- *Халықаралық балалар күни 1 июнь*

- *миллий бирлик*
- *миллий көтериңкилик*
- *миллий ҳәм улыўмаинсаний қәдириятлар уйғынлығы*
- *журтқа садықлық*
- *Ўатанпәрўарлық*
- *Пидайылық*
- *Меҳир-мухаббет*
- *Өз ара ҳүрмет, инсаний сыйласық ҳәм қәдир қымбат*
- *Үрип әдетлер, дәстүрлерди қәдирлеў тарийхый еслеў*


МИЛЛИЙ ИДЕЯДА ҚӘДИРИЯТЛАРДЫҢ ОРНЫ
Қәдириятлар дизими
Миллий қәдириятлар
Регионаллық қәдириятлар
Минез-қулық, үрп-әдет көринисиндеги қәдириятлар
Улыўмаинсаний, улыўма цивилизациялық қәдириятлар
Инсан әмелий искерлиги менен байланыслы
Қоршаған орталық, турар жеримиздиң тазалығына хызмет қылатуғын қәдириятлар
Инсанлар аралық бирге ислесиўге тийкарланған қәдириятлар
Адамлар жасы, кәсиби, жынысы, расалық өзгешеликлери менен
Диний қәдириятлар
Ҳуқуқый, демократиялық қәдириятлар
Жеке қәдириятлар
Шаңарақ қәдириятлары


ОРАЙЛЫҚ АЗИЯ ОЙШЫЛЛАРЫНЫҢ МАЬНАЎИЙ МИЙРАСЫ ҲӘМ МИЛЛИЙ ИДЕЯ
ФИЛОСОФ ОЙШЫЛЛАР
ТАСАВВУФ ФИЛОСОФИЯСЫ ҮЛГИЛЕРИ
ИСЛАМ ҲӘМ ФИКХ ИЛИМИ
МУХАДДИС-ЛЕР
Хорезмий
Ал Фарабий
Ал Фарғоний
Беруний
Абу Али Ибн Сино
Амир Темур
Мырза Улуғбек
Алишер Наўайы
Захриддин Мухаммед Бабур
Ахмад Яссавий
Нажмиддин Кубра
Бахауаддин Накшбандий
Марғилоний
Мотуридий
Ал Бухорий
Ат Термизий
ШЫҒЫС ҲӘМ БАТЫС ОЙШЫЛЛАРЫ КӨЗ-ҚАРАСЛАРЫ ҲӘМ ТӘЛИЙМАТЛАРЫ

Таблица 27


АМИР ТЕМУР ИСКЕРЛИГИНДЕ МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ
Миллий ар намысты жоқары қәдирлеў
Шет ел басқыншыларына ғәзеп
Миллий мәмлекетшилик идеясын садықлық
Миллий мақтаныш
Азатлықты жоқары қәдирлеў
Миллий қәдириятларды ҳүрметлеў
Ийман-исенимлилик
Миллеттиң абройы, намысы ушын қайғырыў
Әдиллик

**МИЛЛИЙ ИДЕЯ ҲӘМ XX ӘСИР БАСЫНДАҒЫ АҒАРТЫЎШЫЛЫҚ ҲӘРЕКЕТИ ИСКЕРЛЕРИ**

| ИСКЕРЛЕР | ШЫҒАРМАЛАРЫ АТАМАСЫ |
|---|---|
| *Абдулла Авлоний (1878-1934)* | *«Туркий Гулистан яки мораль», «Әдебият яки миллий қосықлар» ҳ.т.б* |
| *Абдулла Қадирий (1894-1938)* | *«Өткен күнлер», «Мехрабдан шаян» ҳ.т.б* |
| *Абдулвахид Бурханов Мунзим (1785-1934)* | *Маьрифатпәрўар шайыр* |
| *Абдулхамид Шолпан (1879-1938)* | *«Кеше ҳәм күндиз», «Жарқынай», «Шорының көтерилиси», «Замана хатыны» ҳ.б* |
| *Абдурауф Фитрат (1844-1938)* | *«Абдулфайзхон», «Бедил», «Қиямет» ҳ.б* |
| *Ашурали Захирий (1885-1937)* | *Әдебиятшы алым, журналист* |
| *Абдиқадир Шакирий* | *«Рахнамоий савод» ҳ.б* |
| *Бабахун Салимов (1874-1929)* | *Мәмлекет ҳәм сиясат әрбабы* |
| *Исхақхан Тура Ибрат (1862-1937)* | *«Луғат сина алсина», «Тарихи маданият» ҳ.б* |
| *Махмудхужа Бехбудий (1785-1919)* | *«Падаркуш» ҳ.б* |
| *Мунаввар Қори (1878-1931)* | *«Адиби аввал», «Адиби соний», «Тавжид ал Қурьон», «Жер жүзи» ҳ.б* |
| *Муса Сайджанов (1893-1937)* | *Тарийхшы алым* |
| *Мухаммадшариф Суўпызада (1869-1937)* | *Маьрифатшы шайыр* |

| | |
|---|---|
| *Обиджон Махмудов (1858-1936)* | *Мәмлекет ҳәм сиясат әрбабы* |
| *Палўанияз хажы Юсупов (1863-1936)* | |
| *Саидахмедхожа Сиддиқий-Ажизий (1864-1927)* | *«Айн ул-адаб»(Әдеп көзи), «Ганжинаи хикмат» (Ҳикметлер ғәзийнеси) ҳ.б* |
| *Саиднасыр Миржалилов (1884-1937)* | *«Равнат ул-ислам»* |
| *Тулаган Хожамяров Тавалло (1882-1937)* | |
| *Убайдулла Хужаев (1880-1938)* | *Мәмлекет ҳәм сиясат әрбабы* |
| *Файзулла Хужаев (1896-1937)* | *Мәмлекет ҳәм сиясат әрбабы* |

# ЎАТАН ПӘРАЎАНЛЫҒЫ ИДЕЯСЫ

*ЎАТАН- инсанның киндик қаны тамған топырақ, оны кәмал таптыратуғын, турмысына мәни мазмун бағышлайтуғын теберик мәскандур. Ол бабалардан әўладларға қалатуғын уллы мийрас, ең әзийз естелик. Ўатан- ата-бабаларымыздың сүйеги қойылған, ўақты сааты жетип ҳәр биримиздиң бас қоятуғын муқаддес топырақ.*

**Жәмийетлик факторлар**
- Инсанның Ўатанды сезиўи, оның ушын қайғырыў сезими
- *Еркин шахс*
- *Жәмийетлик сиясий турақлылық*
- *Жәмийетлик әдалат*

**Сиясий - ҳуқуқый факторлар**
- *Нызам үстемлиги*
- *Мүлк ҳәр қыйлылығының кепилилениўи*
- *демократия*

**Экономикалық факторлар**
- *Мүлк ҳәр қыйлылығы*
- *Еркин исбилерменлик искерлиги*
- *Жеке мүлктиң қол қатылмаслығы*
- *Тәбийий байлықлардан ақыллылық пенен пайдаланыў*

**Маьнаўий факторлар**
- *Жаңа технологиялар*
- *Илим-пән*
- *Мәдeният*
- *Маьрифат*


ЖУРТ ТЫНЫШЛЫҒЫ ИДЕЯСЫ
ЖУРТ ТЫНЫШЛЫҒЫ – бийбаҳа байлық, уллы жетискенликдур. Инсаният өз раўажланыўының барлық басқышларында, алды менен тынышлық татыўлыққа талпынып келген. Журт тынышылығы турақлы раўажланыў кепиллиги
Шегаралар қол катылмаслығы
Пуқаралардың Ўатанға садықлығы
Заманагөй қураллы күшлер
Ўатанпәрўарлық
Пидайылық


ХАЛЫҚ ПӘРАЎАНЛЫҒЫ ИДЕЯСЫ
ХАЛЫҚ ПӘРАЎАНЛЫҒЫ - мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған реформалардың жоқарғы мақсети – халқымызға мүнәсип турмыс шәраятын жаратыўдан ибарат. Ягный, реформалар – реформа ушын емес, инсан ушын, оның пәраўан турмысы ушын хызмет қылыўы керек. Жәмийетимиздеги ҳәр қандай жаңаланыў, ҳәр қандай өзгерислер мәнилик тәрептен әне усы уллы нийетлердиң жыйындысы болып саналады.
Пәраўан турмыс дәрежеси
Күшли жәмийетлик қорғаў сиясаты
Инсанға мунәсип пәраўан, материаллық ҳәм мәнаўий турмыс тәризи
Инсан факторының жоқары орынға қойылғанлығы


КӘМИЛ ИНСАН ИДЕЯСЫ
КӘМИЛ ИНСАН - хәм миллий, ҳәм улыўма инсаний мәниге ийе болган, адамзатқа тән ең уллы, маьнауий ҳәм физикалық кәмилликти өзинде жыйнаған, оны ҳәмийше жақсылыққа умтылдыратуғын уллы идея
Физикалық жетиклик
Маьнаўий жетиклик
Ақлый жетиклик
Миллий қәдриятларға садықлық
Улыўма инсаний қәдриятларды ҳүрмет қылыў


МИЛЛИЙ ҒӘРЕЗСИЗЛИК ИДЕЯСЫ - КӘМИЛ ШАХС МАЬНАЎИЯТЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ
ИНСАН
АДАМ
ИНДИВИД
ШАХС
Баркамал шахстың
Обьектив шәрт шәраятлар
Субьектив факторлар
Пазыйлетлер
Қәсийетлер
Өзине тәнлик
Тәжрийбелер
Минез қулық
Ис ҳәрекет
Азат шахс компонентле
Еркин пикир
Еркин искерлик
Пәраўан жасаў
Шахс көриниси
Руўхый
Маьнаўий
Физикалық
Профессионал
Идеялық
Моральлық

**ЖӘМИЙЕТЛИК БИРГЕ ИСЛЕСИЎ ИДЕЯСЫ**

***ЖӘМИЙЕТЛИК БИРГЕ ИСЛЕСИЎ -** келисимлилик философиясы болып, ҳәр қыйлы пикир ҳәм көз-қарасларға ийе болған, түрли миллет, раса ҳәм динге тән болған шахс ҳәм топарлардың улыўма мақсет жолындағы бирге ислесиўди тәмийнлейди. Нәтийжеде, жәмийетте тынышлық ҳәм татыўлықтың, турақлы раўажланыўдың беккем кепиллиги жүзеге келеди*

***Түрли жәмийетлик топарлар ҳәм қатламлар пикирлери ҳәм көз-қараслары, мақсетлери, умтылыўлардың өз ара муўапықлылығы***

***Түрли миллет, раса ҳәм динге тән шахс ҳәм топарлар бирге ислесиўи***

***Жәмийеттиң улыўма мақсетиниң ҳәр қыйлы жәмийетлик топарлар ҳәм қатламлар пикирлери, көз қараслары, мақсетлери, талпыныўлары менен өз ара***

***Тынышлық ҳәм татыўлық***


МИЛЛЕТЛЕР АРАЛЫҚ ТАТЫЎЛЫҚ ИДЕЯСЫ
МИЛЛЕТЛЕРАРАЛЫҚ ТАТЫЎЛЫҚ – улыўмаинсаний қәдрият болып, ҳәр қыйлы халықлар бирлигинде жасайтуғын аймақлар ҳәм мәмлекетлер миллий раўажланыўын белгилейди, усы орындағы тынышлық ҳәм тураклылықтың кепили болып хызмет етеди
МИЛЛЕТЛЕРДИҢ ӨЗ-АРА ТЕҢ ҲУҚУҚЛЫЛЫҒЫ
МИЛЛЕТЛЕРАРАЛЫҚ БИРГЕ ИСЛЕСИЎ
МИЛЛИЙ-МАЬНАЎИЙ, МАЬРИФИЙ РАЎАЖЛАНЫЎ
МИЛЛИЙ-МАЬНАЎИЙ. МӘДЕНИЙ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРДИ ЕСАПҚА АЛЫЎ
ҲӘР ҚЫЙЛЫ ХАЛЫҚ ҲӘМ МИЛЛЕТЛЕР МӘДЕНИЯТЫНА АШЫҚЛЫҚ
БАСҚА МИЛЛЕТЛЕРГЕ ҲҮРМЕТ ПЕНЕН ҚАРАЎ
МИЛЛИЙ ҲӘМ УЛЫЎМА ИНСАНИЙ ҚӘДРИЯТЛАРДЫҢ УЙҒЫНЛЫҒЫ


БАЎРЫКЕҢЛИК ИДЕЯСЫ
БАЎРЫКЕҢЛИК ҲӘМ ОНЫҢ КӨРИНИСЛЕРИ
Инсаний баўрыкеңлик
Баўрыкеңликтиң жүзеге келиўи
Баўрыкеңликтин бағдарлары
Шаңарақлық баўрыкеңлик
Миллий баўрыкеңлик
Улыўмаинсаний баўрыкеңлик
Өзин-өзи ҳүрметлеў ҳәм қадирлеў
Келисимлилик
Өз ара ҳүрмет
Қәдирлеў
Сабыр тақаат
Шыдамлылық
Қанаат
Шүкираналық
Диний баўрыкеңлик
Жәмийетлик баўрыкеңлик
Экономикалық баўрыкеңлик
Сиясий баўрыкеңлик
Халықаралық ҳәм мәмлекетлерара-лық баўрыкеңлик

**ДИНЛЕРАРАЛЫҚ БАЎРЫКЕҢЛИК ИДЕЯСЫ**

*ДИНЛЕРАРА БАЎРЫКЕҢЛИК - ҳәр қыйлы диний исенимге ийе болған адамлардың бир жер, бир Ўатанда, уллы идея ҳәм ниетлер жолында бирге ислесиў ҳәм аўзыбирликте жасаўын аңлатады. Әйем-әйемнен дин көпшилик маьнаўий қәдриятларды өзинде жәмлеген. Миллий қәдриятлардың әсирлер аса жасап келгени де динниң әне усы тәбияты менен байланыслы*

***Түрли конфессиялардың тең ҳуқуқлығы***

***Түрли конфессияларға ҳүрмет пенен қараў***

***Диний исеним еркинлиги***

***Ҳүждан еркинлиги***

***Диний қәдриятларды ҳүрметлеў***



ТИЙКАРҒЫ ДИНИЙ БАҒДАРЛАР
ЖӘҲӘН ДИНЛЕРИ
МИЛЛИЙ ДИНЛЕР
Буддизм
Хрис-тианлық
Ислам
Зардуштийлик
Хинаяна
Католик
Сунний-лик
Индуизм
Махаяна
Протес-тант
Шиа
Иудаизм
Ламаизм
Право-слав
Мури-дизм
Жайнизм


МИЛЛИЙ МӘДЕНИЯТ ҲӘМ БАЙРАМЛАРДА МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ
Миллий көркем өнер
Миллий ойынлар (танца)
Фольклор, халық аўызеки дөретиўшилиги
Миллий кийимлер
Миллий музыка
Миллий тағамлар
Миллий байрамлар
Наўрыз байрамы
Ғәрезсизлик күни
Еслеў ҳәм қәдирлеў күни
Ўатан қорғаўшылары күни


ТАРИЙХЫЙ-МӘДЕНИЙ ЕСТЕЛИКЛЕРДЕ МИЛЛИЙ ИДЕЯНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ
Тарийхый естеликлер
Заманагөй мәдений иматратлар
Муқаддес орынлар
Миллий архитектура
Археологиялық естеликлер
Ғәрезсизлик жылларында жаратылған маьнаўий байлықлар
Әййемги көркем өнер шығармалары
Жаңа қурылаған музейлер
Жазба дереклер

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Т.: Ўзбекистон, 2003.
2. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат мафкура. 1-жилд.-Т.: Ўзбекистон, 1996
3. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. 2-жилд.-Т.: Ўзбекистон,1996
4. Каримов И.А.Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. 3-жилд,-Т.: Ўзбекистон, 1996
5. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. 4-жилд.-Т.: Ўзбекистон,1996
6. Каримов И.А.Янгича фикрлаш ва ишлаш-давр талаби.5-жилд.-Т.: Ўзбекистон,1997
7. Каримов И.А.Ҳавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-жилд.-Т.: Ўзбекистон. 1998
8. Каримов И.А.Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз.7-жилд.-Т.: Ўзбекистон.1998
9. Каримов И.А.Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. 8-жилд.-Т.: Ўзбекистон.2000
10. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз.9-жилд.-Т.: Ўзбекистон.2001
11. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак.10-жилд.-Т.: Ўзбекистон.2002
12. Каримов И.А.Биз танлаган йўл –демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли.11-жилд.-Т.: Ўзбекистон.2003
13. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлик ўз куч-қудратимиз, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ.12-жилд.-Т.: Ўзбекистон.2004
14. Каримов И.А. Империя даврида бизни иккинчи даражали одамлар, деб ҳисоблашар эди. (Президент Ислом Каримовнинг «Независимая газета» мухбирининг саволларига жавоблари).-Т.: Ўзбекистон, НМИУ,2005,64-б
15. Каримов И.А.Бизнинг бош мақсадимиз –жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир.-Т.: Ўзбекистон.2005.96-б.
16. Каримов И.А.Ўзбек халқи ҳеч қачон ҳеч кимга қарам бўлмайди.-Т.: Ўзбекистон.2005.160-б.
17. Азизхўжаев А.А. Мустақиллик, курашлар, изтироблар ва қувончлар.-Т.:2001
18. Азизхўжаев А.А. Чин ўзбек иши.-Т.: Академия.2003
19. Абилов Ў.Миллий ғоя, маънавий омиллар.-Т.: Маънавият.1999
20. Алимова Д. Инсоният тарихи-ғоя ва мафкуралар тарихидир.-Т.: Янги аср авлоди.2001
21. Амир Темур жаҳон тарихида.ЮНЕСКО.Париж-1996
22. Афлотун. Қонунлар.-Т.: Янги аср авлоди 2002
23. Бойқобулов Б. Ўзбекнома.-Т.: Шарқ.1999
24. Бобоев Ҳ.Ғофуров З Миллий истиқлол мафкураси ва тараққиёт.-Т.: Янги аср авлоди.2001
25. Буюк сиймолар, алломалар.-Т.: Маънавият,1995
26. Бухоро шарқ дурдонаси.ЮНЕСКО.-Т.: Шарқ.1997
27. Жалолиддин Мангуберди.-Т.: Шарқ.1999
28. Жакбаров М.Комил инсон ғояси: тарихий-фалсафий таҳлил.-Т.: «Абу Али ибн Сино» нашриёти.2000
29. Жакбаров М.Комил инсон ғояси.-Т.: Янги аср авлоди.2002

30. Жўраев Н.Мафкуравий  иммунитет.-Т.: Маънавият.2001
31. Ислом: бағрикенглик ва мутаасисиблик.-Т.:1998
32. Исломов З, Исхоқов Б, Юсупов О, Мухаммадиев Д, Минаваров С. Бунёдкор ғоялар. –Т: Янги аср авлоди 2001.
33. Каримова В. Тарғиботнинг психологик усуллари. - Т: «Маьнавият», 2001
34. Каримова В. Умаров А, Қурьонов М, Миллий истиқлол ғоясини халқимиз онгига сингдириш омиллари ва воситалари. – Т: Янги аср авлоди. 2001.
35. Каримов Н. Истиклолни уйғотган шоир. – Т: Маьнавият 2000
36. Каримов Н, Чулпон. Маьрифий роман – Т.Шарқ, 2003
37. Комилов Н. Тасаввуф. Биринчи китоб – Т; Ёзувчи, 1996
38. Комилов Н. Тафаккур карвонлари –Т Маьнавият. 1999.
39. Конфуций. Уроки мудрости – М; Наука 1998
40. Левитин Л. Ўзбекистон тарихий бурилиш палласида. – Т: Ўзбекистон. 2001
41. Машрик замин – хикмат бўстони – Т: Шарқ, 1997
42. «Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар» фани буйича укув дастурини таёрлаш ва талим тизимига жорий этиш тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2001 йил, 18 январидаги фармойиши.
43. Миллий истиқлол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар – Т:Ўзбекистон, 2001.
44. Миллий истиқлол ғояси в мафкураси: фалсафий ва ҳуқуқий жихатлар – Т: 2001
45. Миллий истиқлол ғояси тарғиботининг илимий асослари. – Т; 2002
46. Миллий ғоя – бизнинг ғоя. _ Т; 2001
47. Миллатлараро хамжихатлик – барқарорлик омили – 1999
48. Муртазо Қаршибой. Бунёдкор халқ ғояси – Т: Маьнавият. 2001
49. Муртазо Қаршибой. Янгиланишдан буюк узгариш сари. – Т: Гафур Ғулом номидаги адабие ва саньат нашриети. 2001
50. Мустақиллик изохли илмий-оммабоп луғат. – Шарқ, 2000
51. Назаров Қ. Миллий истиқлол ғоясининг асосий мақсад ва вазифалари. – Янги аср авлоди 2001
52. Норбоев Т. Мустакил ривожланиш жараёнида миллий ғоян демократик томонлар билан уйғунлашитиришнинг ижтимоий-фалсафий асослари. ЖДИУ- 2001
53. Ортиқов М, Усмонов М.Ғоя ва мафкура. – Т: Янги аср авлоди, 2001.
54. Отамуротов С. Мамашокиров С, Холбеков А. Марказий Осиё: ғоявий жараёнлар ва мафкуравий тахдидлар. –Т:Янги аср авлоди, 2001
55. Олимов С.Миллий мафкура- халқ таянадиган куч. – Т:2000
56. Пахрутдинов Ш. Тахдид – ҳалокатли куч. – Т: академия, 2001.
57. Ризаев Ш.Саҳна маънавияти.-Т: Маънавият, 2000.
58. Садулла Отамуратов, Сарвар Отамуратов. Ўзбекистонда маънавий-руҳий тикланиш-Т: Янги аср авлоди, 2003.
59. Сулайманова Фозилова. Шарқ ва Ғарб.-Т: Ўзбекистон, 1997.
60. Тарих, мустақиллик, миллий ғоя.-Т: Академия, 2001.
61. Уамарова Н. Миллий истиқлол ғоясини умумий таълим тизимида сингдириш технологиси. 2003.
62. Қорабоев У.Ўзбек халқи байрамлари.-Т: Шарқ, 2002.
63. Холбеков А. Идиров У. Социология: изоҳли луғот-маълумотнома.-Т: Ибн Сино, 1998. 160-б.

64. Христиан-Ислам мулоқоти Германия-Ўзбекистон. (Халқаро семинар материаллари). Тўплам.- Т: Академия, 2003.
65. Хива город тысячи куполов. ЮНЕСКО.- Т: Шарқ, 1997.
66. Чориев А, Мансуров А. Ғоя, тарих ва миллий тафаккур.-Т: Янги аср авлоди, 2002.
67. Шарафуддин Али Яздий. Зафарнома.-Т: Шарқ, 1997.
68. Шарафиддинов О. Истиқлол фидоийлари: Мустафо Чўқай, Чўлпон, Отажон Хошим.-Т: 1993.
69. Шарафиддинов О.Сардафтар саҳифалари: мақолалар, хотиралар.- Т: Езувчи, 1998.
70. Шарафиддинов О. Чўлпонни англаш. – Т:Ёзувчи, 1994.
71. Шопенгауэр А. «Свобода воли и нравственность».- М: Республика, 1992.
72. Эргашев И.Тараққиёт фалсафаси.-Т: Академия, 2000.
73. Эргашев Ф, Эргашев И.Фидойилик-ҳаёт мазмуни.-Т: Ўзбекистон,2001.
74. Эргашев И, Шарипов Б, Жакбаров М. Жамиятни эркинлаш тириш ва маънавият.-Т: Академия,2002.
75. Эргашев И. Сиёсат фалсафаси.-Т: Акдемия,2004.
76. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда (шарҳлар).- Т: Ўзбекистон, 2000.
77. Ўзбекиситон юксалиш йўлида.-Т: Ўзбекистон, 2001.
78. Ўзбекитоннинг янги тарихи. 1-китоб. Туркистон чор Россияси мустамлакачилиги даврида.-Т: Шарқ. 2000.
79. Ўзбекистоннинг янги тарихи. 2-китоб. Ўзбекистон совет мустамлакачилиги даврида.- Т: Шарқ,2000.
80. Ўзбекистоннинг янги тарихи. 3-китоб. Мустақил Ўзбекистон тарихи.- Т: Шарқ,2000.
81. Қодирова М.Ёшлар онгида ғоявий дунёқарашни шакллантириш.-Т: Янги аср авлоди, 2002.
82. Қосимов Б. Миллий уйғониш.-Т: Маънавият, 2003.
83. Ғайбуллоҳ ас-Салом, Неъматуллоҳ Отажон. Жаҳонгашта «Бобурнома».-Т: А.Қодирий номидаги ҳалқ мероси нашриёти.1996.
84. Ғайбуллоҳ ас-Салом. Эй умри азиз. Биринчи китоб.- Т:Шарқ, 1997.
85. Ғайбуллоҳ ас-салом.Эзгуликка чоғлан одамзод. Иккинчи китоб.-Т: Шарқ, 1997.
86. Ҳусниддинов З. Ислом- йўнолишлар, масҳаблар, оқимлар.-Т: Мовароуннаҳр, 2000.

**Миллий ғәрезсизлик идеясы пәнин оқытыўда пайдаланылатуғын арнаўлы әдебиятлар дизими**

1. Миллий истиклол ғояси: асосий хусусиятлари, фалсафий ва тарихий илдизлари. Масьул мухаррир. Қ.Назаров. Тошкент – 2001 й.
2. Ғоя ва мафкура. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
3. Миллий истиклол ғоясини халқимиз онгига сингдириш омиллари ва воситалари. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
4. Марказий Осиё : ғоявий жараёнлар ва мафкуравий таҳдид. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
5. Миллий исткло ғоясининг амал қ илиш тамойиллари. Тошкент – 2001 й

6. Миллий истиклол ғояси: асосий тушунча ва тамойиллар. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
7. Миллий ғоя инсон ва замон. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
8. Миллий истиклоло ғояси: назария ва амалиёт. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
9. Ўзбекистоннинг мустақил тараққиёти ва мафкуравий жараёнлар.Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
10. Инсоният тарихи ғоя ва мафкуралар тарихидир. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
11. Қ.Назаров. Миллий истиклол ғоясининг ас осий мақсад ва вазифалари. Тошкент – 2001 й.
12. Бунёдкор ғоя. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
13. Бугунги дунёнинг мафкуравий манзараси. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
14. Ғоя, тарих ва миллий тафаккур. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2002 й.
15. Тараккиетнинг ўзбек модели. Масьул мухаррир Қ.Назаров Тошкент – 2001 й.
16. Л.Левитин. Ўзбекистоннинг тарихий бурилиш палласида. – Т.: Ўзбекистон, 2001.
17. М.Шарифхужаев. Ўзбекистон янги ғоялар, янги ютуқлар – Т.: 2002 й
18. М.Шарифхужаев. Ф.Рахимов. Даврни белгилаб берган инсон. – Т.:2004 й.

# МАЗМУНЫ

**Кирисиў-**
**…………………………………………………………………………………3**
**I бөлим. Жәмийет раўажланыўының идеялық тийкарлары**
**ҳәм ҳәзирги заман……………………………………………………………...5**
1 тема. «Миллий ғәрезсизлик идеясы» пәнининң предмети, мақсет
ҳәм ўазыйпалары…………………………………………………………………**5**
2 тема. Жәмийет раўажланыўының идея ҳәм идеология менен өз-
ара байланыслылығы……………………………………………………………...**19**
3 тема. Глобалласыў процесслеринде миллий идеяға
зәрүрликтиң артып барыўы………………………………………………………**48**
4 тема. Идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў –
қәўипсизлик ҳәм турақлылық критериялары………………………………………**55**
**II бөлим. Өзбекстан ғәрезсизлиги ҳәм миллий идеяның зәрүрлиги………70**
5 тема.Өзбекстан ғәрезсизлигин беккемлеўде миллий идеяның
зәрүрлиги ҳәм әҳмийети……………………………………………………………**70**
6 тема. Миллий идея-халықтың исеними ҳәм ийманы…………………………...**79**
7 тема. Миллий идея өзликти аңлаў ҳәм раўажланыў факторы…………………**90**
8 тема. Миллий идея ҳәм мәнеўий қәдириятлар……………………………….**119**
9 тема. Миллий идеяның улыўмаинсаный принциплери……………………….**131**
**III-бөлим.Миллий ғәрезсизлик идеясы-Өзбекстанның өзине**
**тән раўажланыў концепциясы ушын тийкар……………………………….137**
10-тема. Миллий ғәрезсизлик идеясының баслы мақсети-Азат ҳәм
абат Ўатан, еркин ҳәм пәраўан турмыс қурыў………………………………….**137**
11-тема. Миллий идея ҳәм демократиялық раўажланыў………………………..**149**
12-тема: Миллетлер ара татыўлық миллий ҳәм диний баўыры кеңлик……….**159**
13-тема. Миллий идея ҳәм жаслар.Миллий мақтаныш ҳәм ар-намыс…………**167**
14- тема.Миллий ғәрезсизлик идеясының инсан санасы ҳәм
қәлбине сиңиўи: жаңаша усыллар, жантасыўлар ҳәм технологиялар………...**177**
Жуўмақ……………………………………………………………………………..**191**
Слайдлар……………………………………………………………………………**194**